

SAKRÉMAN INISIASION KRÉTIÈN YO

**SAKRÉMAN
INISIASION
KRÉTIÈN YO**

Pro manuscripto
Port-au-Prince
14 septembre 2015
Exaltation de la Sainte Croix

© Conférence des Évêques d’Haiti (CEH)

Rituèl Batèm timoun piti yo	5
<i>Ordo Baptismi parvulorum</i> (dézièm édisiòn 1973)	
Rituèl Konfirmasiòn-an	97
<i>Ordo Confirmationis</i> (1973)	
Rituèl inisiatiòn krétièn adult yo	143
<i>Ordo initiationis christianae adultorum</i> (1972)	

Yo inprimé tèks *pro-manuscripto* tradiksiòn kréyòl sa-a ak
otorizasiòn

S. Em. Chibly Card. Langlois
Évèk o Kay
Prézidan Konférans Évèk Ayiti yo

22 out 2015

S. Vièj Mari, rènn

RITUÈL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO

DÉZIÈM ÉDISION TIPIK

1973





Gian Luigi Uboldi



SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 50/69

DÉKRÈ

Òrdo Batèm timoun piti yo ki nan Rituèl Romin-an, Trè Sin Konsil Vatikan II-a té pasé lòd pou yo révizé-l pou yo kapab ranjé rit yo dapré kondision ti bébé yo ; pou ròl ak fonksion paran yo ak parinn yo parèt plis ; pou yo établi adaptasion ki konvnab pou sélébré lè sé yon gran kantité k-ap résévoua Batèm oubyin lè, nan tè Mision yo, katéchist yo fè Batèm nan oubyin dòt moun, antan minis òdinè-a absan ; épi pou élabore yon Òrdo koté yo indiké ti bébé-a, ki batizé ak rit kout la, yo déja résévoua-l nan Égliz la (Const. de sacra Liturgia, artt. 67-69).

Révizion sa-a, Konsèy pou égzékité Konstitision osijè sakré Litiji-a fi-n fè-l. Souvèrin Pontif la minm PÒL VI, ak otorité apostolik li, li aprouvé nouvo Òrdo Batèm timoun piti yo nan plas Òrdo ki té nan Rituèl Romin-an épi li pasé lòd pou yo pibliyé-l.

Sé poutèt sa, Sakré Kongrégasion sa-a, dapré lòd spésial minm Souvèrin Pontif la, promilgé-l, antan-l établi pou yo sèvi avèk li apati 8 séptanm 1969.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa.

Nan kay Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, jou 15 mé 1969, nan solanité Asansion Granmèt la.

BENNO Card. GUT

Préfè

A. BUGNINI

Sékrète

OSIJÈ DÉZIÈM ÉDISION TIPIK LA

Prot. N. 516/73

Kòm li nésèsè pou *Òrdo Batèm timoun piti yo*, ki té antré nan doua piblik la nan ané 1969, yo inprimé modèl li yon lòt foua, yo té ouè sa konvnab pou préparé yon dézièm édision minm Òrdo-a antan yo mété kèk chanjman ak ogmantasion. Sa-k pi inpòtan yo sé sa-k suiv yo :

1) pag. 7, n. 2 :

nan plas « sot nan kondision moun nan fèt ladan-l nan », yo di : « yo raché yo sot anba pouvoua ténèb yo » ;

2) pag. 8, n. 5 :

aprè paròl « moun yo », yo ajouté : « li lavé yo anba tout tach péché-a, ni orijinèl la ni pèsonèl la, épi ... » ;

3) pag. 15, n. 1 :

yo éfasé paròl « ginyin épi » ;

4) pag. 85, n. 221 :

nan plas « anba pouvoua ténèb yo » ; yo di : « anba tach péché orijinèl la koulié-a ».

Yo mété kèk lòt chanjman ki mouins inpòtan nan tit yo épi nan rubrik yo, ki korésponn pi byin ak paròl oubyin ékspréssion ki rivé nan liv litijik yo édité apati ané 1969 la.

Dézièm édision *Òrdo Batèm timoun piti yo* sa-a, sa Souvèrin Pontif la PÒL VI té aprouvé ak otorité-l, Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an voyé-l épi déklaré-l sé modèl tipik.

Min yo rinnèt bay souin Konfèrans Épiskopal yo pou chanjman ak ogmantasion yo fè nan *Òrdo Batèm timoun piti yo*, yo fè yo antré nan édision minm Òrdo-a y-ap préparé nan lang pèp yo.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa.

Nan kay Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, jou 29 out 1973, nan Soufrans sin Jan-Batis.

ARTURUS Card. TABERA

Préfè

+ A. BUGNINI
Achévèk tit. Diokléssyin
Sékrètè

INISIASION KRÉTIÈN NAN

RÉMAK JÉNÉRAL

1. Palintèmediè sakréman inisiasion krétièn yo moun yo ki libéré anba pouvoua tènèb yo, ki mouri ansanm ak Kris la, ki antéré avèk li épi résisité avèk li, yo résévoua Éspri pitit adopsion yo épi yo sélébré mémorial lanmò ak rézireksion Granmèt la ansanm ak tout pèp Bondié-a.¹
2. Palintèmediè Batèm nan, réyéلمان, yo fè pati kò Kris la, yo fè yo tounin pèp Bondié-a, épi antan yo résévoua padon tout péché yo, yo raché yo sot anba pouvoua tènèb yo, yo transféré yo nan kondisyon pitit adopsion yo,² yo vi-n tounin nouvo créatu nan dlo ak Éspri-Sin-an : sé poua yo rélé yo pitit Bondié épi sé sa yo yé.³ Konsa lè yo maké ak kado minm Éspri-a nan Konfirmasion-an, yo vi-n pran fòm Granmèt la ak plis pèfeksion épi yo ranpli ak Éspri-Sin-an yon fason pou, antan y-ap poté témouagnaj li-a dévan moun sou tè-a, yo minnin kò Kris la nan plénitud pi vit yo kapab.⁴ Apré sa, antan yo patisipé nan bankè ékaristik la, yo manjé chè Pitit moun nan épi yo bouè san-l, pou yo kapab résévoua lavi tout tan-an⁵ épi montré inité pèp Bondié-a ; antan yo ofri pròp tèt yo ansanm ak Kris la, yo patisipé nan sakrifis inivèsèl la, sa-k sé totalité vil ki rachté-a minm⁶ yo ofri Bondié palintèmediè gran prèt la ; épi yo rivé jouinn pou, antan vidé yo vidé Éspri-Sin-an fèt pi an plin, tout ras moun nan rivé nan inité fanmi Bondié-a.⁷ Sé poutèt sa toua sakréman inisiasion krétièn yo tèلمان fonn youn nan lòt, sa fè yo minnin fidèl krétyin yo nan plénitud rotè-a, yo minm k-ap égzèsé mision tout pèp krétyin-an nan Égliz la ak sou tè-a.⁸

¹ Conc. Vat. II, Decr. de activitate missionali Ecclesiae, *Ad gentes*, n. 14.

² Col 1, 13; Rom 8, 15; Gal 4, 5; cf. Conc. Trid., Sess. VI, Decr. de iustificatione, cap. 4: *Denz.* 796 (1524).

³ Cf. 1 Io 3, 1.

⁴ Cf. Conc. Vat. II, Decr. de activitate missionali Ecclesiae, *Ad gentes*, n. 36.

⁵ Cf. Io 6, 55.

⁶ S. Augustinus, *De Civitate Dei*, X, 6: PL 41, 284; Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 11: Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 2.

⁷ Cf. Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 28.

⁸ Cf. *ibid.*, n. 31.

I. DIGNITÉ BATÈM NAN

3. Batèm nan, pòt lavi-a ak péyi-roua-a, sé premié sakréman nouvo laloua-a, sa Kris la propozé tout moun pou yo gin lavi tout tan-an⁹ épi sa li konfié apré sa bay Égliz li-a ansanm ak Bòn Nouvèl la, lè li té pasé Apot yo lòd : « Alé, anségné tout nasion yo, antan nou batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ».¹⁰ Sé poutèt sa Batèm nan toudabò sé sakréman lafoua sa-a ki fè moun yo bay Bòn Nouvèl Kris la répons, antan gras Éspri-Sin-an kléré yo. Sé poutèt sa, Égliz la pa gin anyin ki pi anyin ni anyin ki pi pròp pou li pasé pousé tout moun, soua katékumèn yo, soua paran ti bébé yo gin pou batizé yo, soua parinn yo, pou yo rivé nan vrè lafoua aktif sa-a k-ap fè, antan yo rété kolé sou Kris la, yo antré nan kontra nouvo aliens la oubyin yo konfirmé-l. Sé sa réyèlman y-ap vizé, ki sé fòmasyon pastoral katékumèn yo ak préparasion paran yo, kit sé sélébrasion paròl Bondié-a ak déklarasion lafoua Batèm nan.

4. Batèm nan, an plis, sé sakréman ki fè moun yo vi-n fè pati kò Égliz la, antan yo bati yo ansanm kòm kay koté Bondié rété nan Éspri-a¹¹ épi prèt péyi-roua-a ak nasion sin,¹² épitou chinn sakramantèl inité ki gin fòs ant tout moun ki maké ak li-a.¹³ Poutèt éfè li-a ki pa kapab chanjé-a, sa sélébrasion Batèm nan li minm montré klè nan litiji latin-an lè dévan pèp Bondié-a ki kanpé yo maké sa-k batizé yo ak krèm nan, sé ak gran onè pou tout krétyin yo konsidéré rit Batèm nan, épi pèsòn pa gin doua bay li yon lòt foua, lè sé validman, minm sot nan frè séparé yo, yo té sélébré-l.

5. Bingn dlo-a minm, nan paròl lavi-a,¹⁴ li minm ki Batèm nan, li lavé moun yo sot anba tout tach péché-a, ni orijinèl ni pèsònèl épi li fè yo patisipé nan natu divi-n nan¹⁵ ak adopsion pitit yo.¹⁶ Batèm nan, réyèlman, jan yo proklamé nan priyè yo pou bénédiksyon dlo-a, sé bingn nouvo nésans¹⁷ pitit Bondié yo épi nésans sot anro-a. Lè yo rélé Trè Sint Trinité-a sou sa y-ap batizé yo, sa fè yo minm antan yo maké ak non-l, yo konsakré ba li épi yo antré nan aliens avèk Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. Léktu bibliik yo,

⁹ Cf. Io 3, 5.

¹⁰ Mt 28, 19.

¹¹ Cf. Eph 2, 22.

¹² Cf. 1 Pt 2, 9.

¹³ Cf. Conc. Vat. II, Decr. de OEcuménisme, *Unitatis redintegratio*, n. 22.

¹⁴ Cf. Eph 5, 26.

¹⁵ Cf. 2 Pt 1, 4.

¹⁶ Cf. Rom 8, 15; Gal 4, 5.

¹⁷ Cf. Tit 3, 5.

priyé kominoté-a épi toua déklarasion lafoua-a ap préparé épi fè rivé nan pouint tèt sa-a.

6. Min antan li dépasé byin louin purifikasion ansyin laloua-a, Batèm nan réalizé efè sa yo pa pouvoua mistè soufrans ak réziréksion Granmèt la. Réyéلمان, sa yo batizé yo, antan yo planté yo nan résanblans lanmò Kris la, yo antéré ansanm avèk li nan lanmò-a,¹⁸ yo jouinn lavi ansanm avèk li tou nan li minm épi yo résisité ansanm avèk li.¹⁹ Batèm nan réyéلمان pa raplé épi réalizé anyin dôt pasé mistè paskal la, jous nan pouin pou nan li moun yo travèsé sot nan lanmò péché-a al nan lavi-a. Sé poutèt sa nan sélébrasion-l, sitou si-l fèt nan Vijil paskal la oubyin jou dimanch, sé pou kè kontan réziréksion-an byin parèt.

II. FONKSION YO AK MINISTÈ YO NAN SÉLÉBRASION BATÈM NAN

7. Préparasion Batèm nan épi fòmasyon krétièn nan konséné pèp Bondié-a toudabò, sètadi Égliz la k-ap transmèt épi k-ap nourri lafoua li résévoua sot nan Apot yo. Palantrémiz ministè Égliz la, Éspri-Sin-an rélé adult yo vi-n nan Bòn Nouvèl la épi yo batizé yo ti bébé yo nan lafoua-l la épi yo édiké yo. Sé poutèt sa li inpòtan anpil pou déja nan préparasion Batèm nan, katéchist yo épi lòt layik ofri kolaborasion yo bay prèt yo ak diak yo. Li bon an plis pou nan sélébrasion Batèm nan, pèp Bondié-a ki pa réprésanté sèلمان ak parinn yo, paran yo épi pròch yo, min tou, nan mézi sa posib, ak zanmi épi fanmiy, vouazin épitou manb Égliz lokal la, li patisipé aktivman, pou manifésté lafoua komin-an épi éksprimé kè kontan-an ansanm poutèt y-ap résévoua yon nouvo batizé nan Égliz la.

8. Daprè koutim Égliz la dépi lontan lontan, yo pa admèt yon adult nan Batèm san yon parinn, yo pran sot nan kominoté krétièn nan, k-ap édé-l déja omouin nan dènié préparasion pou résévoua sakrèman-an épi, apré Batèm nan, k-ap travay pou pèsévérans li nan lafoua-a ak nan lavi krétièn nan.

Nan Batèm timoun piti yo tou, sé pou parinn nan prézan, li minm k-ap ni agrandi spirituèلمان fanmiy sa y-ap batizé-a, ni réprésanté ròl Égliz la ki manman-an, épi, jan sa konvab, k-ap édé paran yo pou ti bébé-a rivé grandi nan lafoua-a épi éksprimé-l antan l-ap viv li.

9. Omouin nan dènié rit katékuména-a épi nan sélébrasion Batèm nan minm, parinn nan vi-n antré soua pou témouagné lafoua adult ki gin pou batizé-a, soua pou déklaré ansanm ak paran yo lafoua Égliz la ti bébé-a pral batizé ladan-l nan.

¹⁸ Cf. Rom 6, 5. 4.

¹⁹ Cf. Eph 2, 5. 6.

10. Sé sa-k fè, dapré jijman pastè nanm yo, parinn nan, sa katékumèn nan oubyin fanmi-an chouazi-a, li doué gin kalité sa yo, pou-l kapab réalizé akt litijik ki pròp pou li yo, sa yo di nan n. 9 la :

1) pou-l gin asé maturité pou-l okipé fonksion sa-a ;

2) pou-l inisié nan toua sakréman Batèm, Konfirmasion épi Ékaristi-a ;

3) pou-l fè pati Égliz katolik la, épi pou jiridikman anyin pa anpéché-l gin fonksion sa-a. Min yo kapab admèt yon batizé ki soti nan yon égliz oubyin kominoté séparé épi ki ranpli ak lafoua Kris la, ansanm ak parinn katolik la (oubyin avèk marin katolik la) kòm parinn oubyin témouin krétyin Batèm nan, si paran yo souété sa, antan yo suiv règléman yo établi pou diféran ka yo nan afè ékuménik yo.

11. Minis òdinè Batèm nan sé Évèk yo, prèt yo épi diak yo. Nan ninpòt sélébrasion sakréman sa-a, sé pou yo sonjé yo minm y-ap aji nan Égliz la onon Kris la ak puisans Éspri-Sin-an. Sé pou yo égzakt donk nan bay paròl Bondié-a épi nan réalizé mistè-a. Sé pou yo fè atansyon tou parapò a tout aksion fidèl yo t-a kapab konsidéré avèk rézon kòm achté figi moun.²⁰

12. Évèk yo, antan sé yo minm ki prinsipal résponsab pou bay mistè Bondié yo, konsa tou sé yo k-ap réglé tout lavi litijik la nan Égliz yo konfié yo-a ;²¹ yo dirijé administrasion Batèm nan koté yo bay patisipasion nan sasèrdòs rouayal Kris la,²² yo pa doué néglijé, sitou nan Vijil paskal la, pou sé yo minm ki sélébré Batèm nan. An patikilié yo rékòmandé yo souin Batèm adult yo ak préparasion yo.

13. Pastè yo doué poté konkou yo bay Évèk la nan fòmé épi batizé adult yo konfié yo-a, sof si isit la bagay sa-a réglé yon lòt jan. Sa sou kont yo an plis ni pou yo préparé mouayin pastoral ki adapté pou paran ak parinn timoun piti yo gin pou batizé yo épi édé yo ak konkou katéchist yo ak lòt layik ki gin kapasité, ni, apré sa, pou bay timoun piti yo sakréman-an.

14. Lòt prèt yo épi ni diak yo tou, paské yo sé kolaboratè ministè Évèk yo ak kuré parouas yo, yo préparé pou Batèm nan épi, lè Évèk la oubyin kuré parouas la rélé yo oubyin dakò, yo bay Batèm nan tou.

15. Lòt prèt yo oubyin diak yo, épitou layik yo nan pati sa yo ki konsènè yo-a, sitou si gin anpil moun ki pou résévoua Batèm nan, kapab édé sélébran-an, jan yo prévoua sa nan diféran pati rit la.

16. Si prèt la oubyin diak la pa la, si gin yon danjé ki prèské rivé épi sitou lè moun nan ap antré nan lanmò-a, ninpòt ki fidèl, plis toujou ninpòt ki moun ki

²⁰ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 32; Const. past. de Ecclesia in mundo huius temporis, *Gaudium et spes*, n. 29.

²¹ Conc. Vat. II, Decr. de pastorali Episcoporum munere, *Christus Dominus*, n. 15.

²² Conc. Vat. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 26.

motivé ak intansion li doué ginyin-an, kapab, épi kèk foua minm doué, administré Batèm nan. Min si sé nan ka danjé lanmò sèlman, nan mézi sa kapab fèt, sé yon fidèl ki pou administré sakréman-an, épi dapré Òrdo pi kout la ki pi louin-an (nn. 157-164). Li pi bon minm pou, minm nan ka sa-a, yon ti kominoté t-a rasanblé ; oubyin t-a gin omouin, nan mézi sa kapab fèt, youn oubyin dé témouin.

17. Sé pou tout layik yo pran sa ak kè, poutèt yo sé manb pèp sasèrdotal la, min sitou paran yo, épi, poutèt fonksion yo, katéchist yo, saj-fam yo, médam yo nan travay asistans familial épi sosyal la oubyin infirmié yo k-ap pran souin yo, épitou médsin yo ak chirurjyin yo, pou yo byin konnin pou prop tèt pa yo fason korèk pou batizé nan ka nésésité. Sé pou kuré parouas yo, diak yo épi katéchist yo anségné yo, épi anndan diosèz la sé pou Èvèk la prévoua mouyain ki adapté pou fòmasyon yo.

III. SA KI NÉSÉSÈ POU SÉLÉBRÉ BATÈM NAN

18. Sé pou dlo Batèm nan natirèl épi pròp, soua pou montré vérité sign nan, soua pou rézon santé.

19. Fontèn batistè-a oubyin véso koté, dapré avantaj, yo préparé dlo-a pou sélébrasion k-ap fèt nan koté ki rézèvé pou prèt yo, sé pou li parèt byin pròp épi respéktab.

20. Sé pou yo prévoua an plis pou, dapré bézouin réjion yo, yo kapab chofé dlo-a jan sa konvnab.

21. An déyò ka nésésité, prèt la oubyin diak la pa doué batizé si sé pa ak dlo ki béni pou sa. Si yo té fè konsékration dlo-a nan Vijil paskal la, sé pou yo konsèvé dlo béni la pandan tout tan paskal la, nan mézi sa kapab fèt, épi pou yo sèvi avèk li pou montré pi byin rapò ant sakréman-an ak mistè paskal la. Min yo souété pou, andéyò tan Pak la, yo bay dlo-a bénédiktion nan chak sélébrasion, yon fason pou, avèk paròl konsékration yo minm, yo indiké klèman mistè ki sovè nou-an, sa Égliz la résévoua-a épi proklamé-a. Si batistè-a konstoui yon fason pou dlo-a ap koulé, y-a béni sous k-ap koulé-a.

22. Yo kapab sèvi nòmalmman soua ak rit plonjé nan dlo-a ki pi adapté pou signifé patispasion nan lanmò ak réziréksion Kris la, soua rit vidé dlo-a.

23. Paròl yo ki sèvi pou bay Batèm nan, nan Égliz lati-n nan, sé sa yo : **MOUIN BATIZÉ-OU O NON PAPA-A, AK PITIT LA, AK ÈSPRI-SIN-AN.**

24. Pou sélébrasion parol Bondié-a, sé pou yo préparé yon koté ki adapté nan batistè-a oubyin nan légliz la.

25. Batistè-a, sètadi koté fontèn batèm nan ap koulé-a oubyin koté yo mété-l la, sé pou yo rézèvé-l pou sakréman Batèm nan épi sé pou-l byin dign pou sé la krétyin yo jouinn nouvo nésans nan dlo ak Èspri-Sin-an. Kit li nan yon

chapèl ki anndan oubyin an déyò légliz la, kit li nan yon pati légliz la an fas fidèl yo, li konvnan pou yo konstoui-l yon fason pou pèmèt anpil moun patisipé. Lè tan Pak la fini, yo doué konsèvé sièj paskal la anndan batistè-a, pou apati li, antan yo limin-l nan sélébrasion Batèm nan, yo kapab limin fasilman chandèl sa k-ap batizé yo.

26. Antan y-ap sélébré Batèm nan, rit yo doué fè andéyò batistè-a, sé pou yo fè yo nan diféran koté nan légliz la, ki koréponn pi byin soua ak kantité moun ki prézan yo soua ak diféran pati litiji Batèm nan. Pou pati sa yo, yo abitué réalizé nan batistè-a, yo pèmèt chouazi yon lòt koté tou ki pi adapté nan légliz la, si chapèl batistè-a pa kapab kinbé tout katékumèn yo oubyin tout moun ki prézan yo.

27. Pou tout timoun ki fèk fèt yo sé pou yo fè sélébrasion Batèm nan an komin minm jou-a, nan mézi sa posib. Min nan minm légliz la yo pa doué sélébré sakréman-an dé foua minm jou-a, sof pou yon rézon valab.

28. Osijè tan pou Batèm soua adult yo soua timoun piti yo, yo di sa ak plis présizyon nan koté yo palé sa. Anfin, sélébrasion sakréman-an toujou prézan-té yon karaktè paskal.

29. Kuré parouas yo doué anréjistré non moun yo batizé yo san réta épi avèk souin nan liv Batèm yo antan li mété tou non minis la, paran yo ak parinn yo, koté-a ak jou yo té bay Batèm nan.

IV. ADAPTASION KI KONSÈNÉ KONFÉRANS ÉPISKOPAL YO

30. Sé konpétans Konférans Épiskopal yo, dapré Konstitision osijè sakré Litiji-a (art. 63 b), pou yo préparé tit nan Rituèl patikilié yo ki koréponn ak tit Rituèl Romin sa-a, antan yo adapté yo ak nésésité chak réjion, pou, apré Sièj Apostolik la fi-n révizé désizyon yo, yo kapab sèvi ak yo nan réjion koté sa koréponn.

Poutèt sa, sé dévoua Konférans Épiskopal yo :

1) Pou yo détèminé adaptasion yo, sa yo di nan art. 39 Konstitision osijè sakré Litiji-a.

2) Pou yo konsidéré avèk souin épi prudans kisa yo kapab admèt yon fason konvnan apati tradision ak mantalité chak pèp yo ; yon fason pou lòt adaptasion yo éstimé ki itil oubyin nésésè yo, yo propozé yo bay Sièj Apostolik la, épi yo introdui yo avèk konsantman minm Sièj Apostolik sa-a.

3) Pou, si t-a ginyin, yo konsèvé oubyin yo adapté kèk éléman pròp ki déjà nan Rituèl patikilié yo, nan mézi yo kapab alé avèk Konsitision osijè sakré Litiji-a oubyin nésésité aktuèl yo.

4) Pou yo préparé tradiksyon tèks yo, yon fason pou yo vrèman korèsponn ak karaktè diféran langaj yo épi mantalite kilti yo, antan yo ajouté, chak foua sa t-a nésésè, mèlodi ki adapté pou chan-an.

5) Pou yo adapté *Sa pou yo noté avan* ki nan Rituèl Romin-an, si sa nésésè, épi konplété-l pou fè patisipasyon fidèl yo vi-n pi konsyan épi aktif.

6) Pou, nan édition liv litijik Konfèrans Épiskopal yo doué pran souin préparé yo, yo ranjé éléman yo nan fason yo ouè ki pi adapté pou itilizasyon pastoral la.

31. Antan yo fè atansyon sitou règléman ki nan nn. 37-40 épi 65 Konstitisyon osijè sakré Litiji-a, nan tè Mision yo, Konfèrans Épiskopal yo gin pou yo jijé si éléman inisiasyon yo jouinn k-ap sèvi nan kèk pèp, kapab adapté pou rit Batèm krétyin-an, épi disèné si yo t-a doué admèt yo nan li.

32. Lè Rituèl Romin Batèm nan prezanté pliziè fòmul o choua, Rituèl patikilié yo kapab ajouté lòt fòmul ki nan minm fason-an.

33. Kòm sélébrasyon Batèm nan résévoua pliziè avantaj nan chan-an, soua pou ankourajé moun ki la yo fè yon sèl nanm, soua pou chofé priyé y-ap fè ansanm nan, soua anfin pou manifésté kè kontan paskal la ki doué rézoné nan rit la, sé pou Konfèrans Épiskopal yo fè éfò pou ankourajé épi édé mizisyin ki gin ékspérians pou yo dékoré tèks litijik yo avèk mèlodi, sa y-a konsidéré ki mérité pou fidèl yo chanté yo.

V. ADAPTASION MINIS LA GIN DOUA FÈ

34. Minis la, antan-l konsidéré sikonstans yo ak lòt nésésité épitou sa fidèl yo souété, gin libètè pou-l sèvi ak divès posibilite yo ofri nan rit la.

35. An plis adaptasyon sa yo, sa Rituèl Romin-an minm prévoua nan dialòg yo ak bénédiksyon yo, sa korèsponn minis la, antan-l fè atansyon diféran sikontans yo, pou-l introdui kèk aranjam yo indiké ak plis présizyon nan *Sa pou yo noté avan* pou Batèm soua adult yo soua timoun piti yo.

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I. INPÒTANS BATÈM TIMOUN PITI YO

1. Ak non ‘timoun piti yo’ oubyin ‘ti bébé yo’ sé pou yo konprann sa yo ki, kòm yo poko rivé nan laj disènman-an, yo pa kapab déklaré pròp lafoua yo.
2. Égliz la, li minm yo bay mision pou évanjélizé épi batizé, déja nan premié sièk yo, té batizé non sèlman adult yo min tou ti bébé yo. Réyèlman nan paròl Granmèt la : « Si yon moun pa réfèt sot nan dlo ak Èspri-Sin-an, li pa kapab antré nan péyi-roua Bondié-a », ¹ li té toujou konprann yo pa-t doué réfizé timoun piti yo Batèm nan, paské sé nan pròp lafoua Égliz la yo batizé yo, sa paran yo épi parinn yo épi tout lòt moun ki prézan yo proklamé-a. Apati yo minm réyèlman sé ni Égliz lokal la ni tout kominoté sin yo ak fidèl yo ki réprézanté : Égliz la ki manman ki anfanté tout moun yo totalman épi yo chak toutantié. ²
3. Min pou konplété vérité sakrèman-an, li nésèsè pou timoun piti-a, apré sa, yo instoui li nan lafoua sa-a, sa yo batizé ladan-l nan : fondman bagay sa-a sé sakrèman-an li minm yo té résévoua anvan-an. Fòmasyon krétièn nan réyèlman, sa yo doué timoun piti yo éféktivman-an, li pa gin okinn lòt intansyon pasé kondui yo ofiamézi pou yo aprann volonté Bondié nan Kris la pou yo minm tou alafin yo kapab ratifié lafoua yo batizé yo nan li-a.

II. MINISTÈ YO AK FONKSION YO NAN SÉLÉBRASION BATÈM NAN

4. Pèp Bondié-a, sètadi Égliz la, kominoté lokal la réprézanté-a, joué yon gran ròl nan Batèm nan, nan pa timoun piti yo tankou nan pa adult yo.

Ti bébé-a réyèlman, soua anvan soua apré sélébrasion sakrèman-an, li gin doua pou kominoté-a rinmin-l épi édé-l. Anndan rit la minm, an plis lis bagay asanblé ki réyini-an gin pou fè-a, sa yo mété nan n. 7 *Rémak jénéral yo*, kominoté-a égzèsè ròl li, apré déklarasion lafoua paran yo ak parinn yo, antan li déklaré akò li ansanm ak sélébran-an. Nan fason sa-a yo montré

¹ Io 3, 5.

² S. Augustinus, Epist. 98, 5 : PL 33, 362.

lafoua-a, sa yo batizé timoun piti yo nan li-a, sé yon trézò pa sèlman pou fanmi-an min pou Ègliz la toutantié.

5. Apati lòd kréasion-an minm, ministè ak fonksion paran yo gin pi gran plas anlè fonksion parinn yo nan Batèm ti bébé yo.

1) Anvan sélébrasion sakréman-an li inpòtan anpil pou paran yo, soua antan pròp lafoua yo kondui yo, soua antan konkou zanmi yo oubyin lòt manb kominoté-a édé yo, yo préparé tèt yo pou yon sélébrasion yo konprann, antan yo sèvi ak mouayin ki adapté, tankou liv, lèt, katéchism yo déstiné pou fanmi yo. Sé pou kuré parouas yo minm fè éfò, pèsònèlman oubyin palantrémiz lòt, pou vizité yo, pi plis toujou pou li réyini pliziè fanmi an minm tan épi ak konsèy épi priyé an komin pou-l préparé yo pou prochèn sélébrasion-an.

2) Li inpòtan anpil pou paran timoun piti yo pral batizé yo prézan nan sélébrasion-an koté pitit yo-a pral fèt yon lòt foua nan dlo ak Èspri-Sin-an.

3) Paran timoun piti yo égzèsé ròl vrèman patikilié nan sélébrasion Batèm nan. Réyéyman, anplis avètisman sélébran-an y-ap kouté, épi priyé y-ap fè ak tout asanblé fidèl yo, yo égzèsé yon vrè ministè, lè : a) yo mandé piblikman pou yo batizé timoun piti-a ; b) yo maké fron-l apré sélébran-an ; c) yo déklaré rénonisman a Satan-an épi yo proklamé lafoua-a ; d) yo poté ti bébé-a nan fontèn nan (manman-an minm, toudabò) ; e) yo kinbé chandèl ki limin-an ; f) yo béni yo ak fòmul ki déstiné yon fason spésial pou manman yo ak papa yo.

4) Si pétèt youn nan yo pa kapab fè profèsion lafoua-a, parégzanp paské li pa katolik, li kapab pé bouch li : yo mandé-l sèlman pou, lè li mandé Batèm timoun piti-a, li véyé oubyin omouin pèmèt pou yo instoui-l nan lafoua Batèm sa-a.

5) Apré yo fi-n bay Batèm nan, paran yo, antan yo gin rékonésans pou Bondié épi yo fidèl nan fonksion yo résévoua-a, yo gin obligasion pou yo kondui timoun piti-a pou-l konnin Bondié, li minm yo vi-n tounin pitit adoptif li-a, épi préparé yo pou yo résévoua Konfirmasion-an épi patisipé nan Trè Sint Ékaristi-a. Nan ròl sa-a tou kuré parouas la ap édé yo ak mouayin ki adapté.

6. Pou chak ti bébé yo pèmèt admèt yon parinn ak yon marinn : min toulèdé, nan Òrdo rit la minm, yo indiké yo ak non « parinn yo ».

7. Anplis sa yo di nan *Rémak jénéral* yo osijè minis òdinè-a (nn. 11-15), yo doué noté sa ki suiv yo :

1) Sé dévoua pastè yo pou yo préparé fanmi yo pou Batèm timoun piti yo épi édé yo nan ranpli ròl édikasion-an yo aksépté apati sa. Évèk la minm gin ròl pou-l koòdoné mòd inisiativ pastoral sa yo nan diosèz li-a, minm avèk konkou diak yo ak layik yo.

2) Sé dévoua pastè yo, anplis, pou travay pou ninpòt sélébrasion Batèm fèt ak dignité ki koréponn li-an épi adapté, nan mézi sa kapab fèt, ak kondision fanmi yo épi sa yo souété. Ninpòt moun k-ap batizé, sé pou-l égzékité rit la ak présizyon épi santiman rélijyon ; sé pou-l fè éfò anplis pou-l montré li jantiy épi akéyan pou tout moun.

III. TAN ÉPI KOTÉ POU BATÈM TIMOUN PITI YO

8. Pou sa ki konsèné tan pou bay Batèm nan, sé pou yo konsidéré toudabò sovè timoun piti yo gin pou sovè-a, pou yo pa rété san byinfè sakréman-an ; apré sa sé santé manman-an, pou, nan mézi sa kapab fèt, li minm tou li kapab la : anfin, nan mézi sa pa anpéché byin ti bébé-a ki pi inpòtan-an, nésésité pastoral la, sètadi tan sifizan pou préparé paran yo épi pou òganizé sélébrasion-an li minm yon fason konvnyab pou byin montré karaktè rit la.

Sé poutèt sa :

1) Si timoun piti-a panché nan danjé lanmò-a, san réta sé pou yo batizé-l nan fason yo établi pi louin-an (n. 21).

2) Nan lòt ka yo, paran yo pi vit yo kapab, plis toujou, si ka-a prezanté, minm anvan nésans timoun nan, sé pou yo avèti kuré parouas la osijè Batèm ki pral vini-an pou li kapab byin préparé sélébrasion sakréman-an.

3) Sélébrasion Batèm nan minm sé pou yo fè-l anndan premié sémèn apré nésans timoun piti-a. Konfèrans Épiskopal la poutan poutèt rézon pi grav nan domèn pastoral la, kapab établi yon intèval tan ki pi long.

4) Sé dévoua kuré parouas la, an konsidèran règléman Konfèrans Épiskopal la, pou-l établi tan koté yo gin pou batizé timoun piti yo, sa paran yo poko préparé pou profésé lafoua-a ni pou pran fonksion édiké pròp pitit yo nan lafoua krétièn-nan.

9. Pou montré karaktè paskal Batèm nan, yo rékòmandé pou yo sélébré sakréman-an nan Vijil paskal la oubyin jou dimanch koté Égliz la ap fè sonjé réziréksion Granmèt la. Jou dimanch la minm yo t-a kapab sélébré Batèm nan minm anndan Mès la, pou tout kominoté-a kapab prézan nan rit la épi pou montré pi klè rapò ant Batèm nan ak Trè Sint Ékaristi-a. Min sé pa pou sa fèt trò souvan. Yo propozé pi louin lòt règléman pou sélébré Batèm nan nan Vijil paskal la oubyin nan Mès dominikal la.

10. Pou Batèm nan kapab parèt pi klè kòm sakréman lafoua Égliz la épi kòm antré nan pèp Bondié-a, abituèlman sé pou yo sélébré-l nan légliz parouasial la, ki doué gin yon fontèn pou Batèm.

11. Évèk la minm, sé dévoua-l pou, antan li kouté kuré parouas koté-a, li pèmèt oubyin bay lòd pou fontèn batismal la yo ginyin-l minm nan yon lòt

légliz oubyin chapèl piblik anndan limit minm parouas la. Abituèlman sé kuré parouas la tou ki pou sélébré Batèm nan nan koté sa-a.

12. Nan kay privé, andéyò danjé lanmò, yo pa doué sélébré Batèm.

13. Nan lopital minm, sof si Évèk la désidé otréman (cf. n. 11), yo pa doué sélébré Batèm, sof nan ka nésésité oubyin yon lòt rézon pastoral ki oblijé. Min sé pou yo toujou pran souin avèti kuré parouas la épi mété anvan yon préparasion konvnan pou paran yo.

14. Pandan y-ap sélébré litiji paròl la, li bon pou yo poté timoun piti yo nan yon koté ki séparé. Min yo doué véyé pou manman yo oubyin marinn yo patispé nan litiji paròl la ; poutèt sa sé pou yo konfié timoun yo bay lòt médam.

IV. ARANJMAN RIT POU BATIZÉ TIMOUN PITI YO

A. Òrdo Batèm yon minis òdinè sélébré

15. Kit sé youn, kit sé pliziè, kit minm sé anpil moun yo t-a gin pou batizé épi danjé lanmò pa toupré, sélébran-an égzékité rit la an antié jan yo dékri-la-a.

16. Li kòmansé ak rit akèy timoun piti yo, koté yo montré volonté paran yo ak parinn yo épi propozision Égliz la nan sélébrasion sakréman-an, épi paran yo ak sélébran-an éksprimé sa nan maké timoun yo sou fron-an.

17. Sélébrasion sakré paròl Bondié-a fèt pou, anvan aksion mistè-a, yo révéyé lafoua paran yo ak parinn yo épi moun ki la yo, épi pou yo mandé frui sakréman-an nan priyè an komin-an. Nan sélébrasion paròl Bondié sa-a gin yon sèl oubyin pliziè léktu yo pran nan Ékriti sint la ; oméli-a, antan yo ajouté yon tan silans ; priyè fidèl yo, konklizyon priyè-a ki fèt nan fason yon égzòsism, k-ap introdui onksion ak luil katékumèn yo oubyin inpozision min-an.

18. Sélébrasion sakréman-an minm

1) yo préparé-l tousuit :

a) ni ak priyè solanèl sélébran-an koté, antan l-ap rélé Bondié épi l-ap raplé projè sovè li-a, li béni dlo Batèm nan oubyin li fè sonjé bénédiksion-l ;

b) ni ak rénonzman Satan épi ak profésion lafoua paran yo ak parinn yo, koté yo ajouté konsantman sélébran-an ak kominoté-a ; épi dènié intèrogasion paran yo ak parinn yo ;

2) yo fi-n fè-l minm ak bingn dlo-a, sa yo kapab fè antan yo plonjé nan dlo-a oubyin antan yo vidé dlo-a, dapré koutim lokal yo, épi invokasion Trè Sint Trinité-a ;

3) li konplété alafin sitou ak onksion krèm nan ki indiké sasèrdòs rouayal batizé-a épi inskripsion-l nan fanmi pèp Bondié-a ; li fini nèt, apré sa, ak rit vètman blan-an, chandèl ki limin-an épi « Éféta »-a (yo propozé an dènié ochoua).

19. Apré avètisman sélébran-an, pou indiké davans patisipasion nan Ékaristi-a ki gin pou vini-an, dévan otèl la, yo di priyè Granmèt la, sé avèk li piti Bondié yo priyé Papa-a ki nan sièl yo. Apré sa, pou gras Bondié-a débòdé, yo béni manman yo ak papa yo épitou tout moun ki la yo.

B. Òrdo pi kout pou Batèm nan

20. Nan Òrdo ki pi kout pou Batèm nan pou katéchist yo,³ yo fè rit akèy timoun piti yo, sélébrasion paròl Bondié-a, oubyin avètisman minis la, épi priyé fidèl yo. Dévan fontèn nan, minis la di priyé pou rélé Bondié-a épi raplé istoua sovè nou sovè-a ki konsèné Batèm nan. Lè yo fi-n fè bingn Batèm nan, antan yo soté krismasion-an, yo di fòmül adapté-a épi tout rit la fini fèt ak konklizyon òdinè-a. Donk antan yo soté égzòsism nan épi onksion ak luil katékumèn yo, krismasion-an ak « Éféta-a ».

21. Òrdo ki pi kout la minm pou batizé timoun piti ki panché nan danjé lanmò-a, antan minis òdinè-a absan, li prezanté yon doub aranjman :

1) Lè moun nan ap antré nan lanmò-a sètadi antan lanmò-a pral rivé, lè tan-an présé, minis la,⁴ antan-l soté lòt bagay yo, li vidé dlo, minm si-l pa béni, min-l natirèl, sou tèt timoun piti-a, antan l-ap di fòmül abituèl la.⁵

2) Min si, dapré yon jijman prudan, gin asé tan, antan kèk fidèl rasanblé, si gin youn nan yo ki kapab pou-l dirijé yon lapriyé kout, yo sèvi ak rit ki suiv la : yo fè avètisman minis la épi yon priyé inivèsèl kout, profèsion lafoua paran yo oubyin yon parinn, vidé dlo-a ak paròl abituèl yo. Min si moun ki la yo pi ignoran, minis la, apré li fi-n résité sinbòl lafoua-a ak voua fò, li batizé dapré rit yo anplouayé lè moun nan ap antré nan lanmò-a.

22. Minm prèt la épi diak la, lè danjé lanmò-a présé, kapab sèvi, dapré nésésité, ak òrdo pi kout la. Kuré parouas la minm oubyin lòt prèt ki joui minm fakulté-a, si-l gin sin-krèm nan toupré min-l épi gin tan ki rété, li pa doué néglijé, apré Batèm nan, pou-l bay Konfirmasion-an, antan li soté nan ka sa-a krismasion apré Batèm nan.

³ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 68.

⁴ Cf. *Praenotanda generalia*, n. 16.

⁵ Cf. *ibid.*, n. 13.

V. ADAPTASION
KONFÉRANS ÉPISKOPAL YO AK ÉVÈK YO KAPAB FÈ

23. Anplis adaptasion yo prévoua nan *Rémak jénéral* yo (nn. 30-33), rit pou batizé ti bébé yo admèt dèt aranjman Konférans Épiskopal yo doué detèminé.

24. Jan yo indiké nan Rituèl Romin-an minm, dapré désizion Konférans sa-yo, yo kapab établi sa yo :

1) Dapré koutim lokal yo, yo kapab ranjé intèrogasion osijè non timoun piti ki pou batizé-a yon lòt jan, nan mézi sé osijè minm non-an yo déjà bay la oubyin y-ap bay pandan y-ap fè Batèm nan.

2) Onksion katékumèn yo, yo kapab soté-l (nn. 50, 87).

3) Fòmul rénonisman-an, yo kapab fè-l vi-n pi séré épi pi rich (nn. 57, 94, 121).

4) Si yo batizé anpil an minm tan, yo kapab soté onksion avèk krèm nan (n. 125).

5) Rit « Éféta »-a yo kapab konsèvé-l (nn. 65, 101).

25. Kòm nan pliziè réjion pafoua paran yo pako préparé pou sélébrasion Batèm nan, oubyin minm yo mandé pou yo batizé pròp pitit yo, apré sa yo pa édiké yo krétiènman, pi plis toujou yo pèdi lafoua, épi li pa sifizan pou nan rit la li minm yo avèti paran yo épi yo intèrojé yo osijè lafoua yo, Konférans Épiskopal yo, pou édé kuré parouas yo, kapab bay règléman pastoral koté yo établi yon intèval tan ki pi long anvan sélébrasion sakrémán-an.

26. Sé responsabilité Évèk la anplis, pou diosèz li, pou-l jijé si katéchist yo kapab fè oméli-a yon fason lib oubyin antan yo li yon tèks ki ékri.

V. ARANJMAN KI POU MINIS YO

27. Nan réyinion koté yo préparé paran yo pou Batèm timoun piti yo, li inpòtan anpil pou ansègnman-an apuiyé sou priyè yo ak rit yo. Pou sa yo kapab sèvi ak divès éléman yo prévoua pou sélébrasion paròl Bondié-a nan Òrdo Batèm nan.

28. Lè y-ap sélébré Batèm timoun piti yo anndan Vijil paskal la, sé pou yo òganizé rit la konsa :

1) Anvan sélébrasion Vijil paskal la, nan yon tan ak yon koté ki konvnan, yo fè rit akèy timoun piti yo, koté alafin, antan yo soté litiji paròl la dapré avantaj, y-a gin priyè égzòsism nan épi onksion ak luil katékumèn yo.

2) Sélébrasion sakréman-an li minm (nn. 56-58, 60-63) gin plas li apré bénédiksion dlo-a, jan yo indiké nan Òrdo Vijil paskal la.

3) Yo soté konsantman sélébran-an ak kominoté-a (n. 59), transmision chandèl ki limin-an (n. 64) épi rit « Éféta »-a (n. 65).

4) Yo pa fè konklizyon rit la (nn. 67-71).

29. Chak foua yo déplasé Batèm nan pou bay li anndan Mès dimanch la, yo di Mès jou-a oubyin, nan dimanch tan Nésans Granmèt la épi « nan kouran ané-a », Mès pou lè y-ap bay timoun piti yo Batèm. Yo ranjé sélébrasion-an nan fason sa-a :

1) Rit pou résévoua timoun piti-a (nn. 33-43) yo fè-l nan kòmansman Mès la, koté apré sa yo soté salutation-an épi akt pénitansièl la.

2) Nan litiji paròl la :

a) Léktu yo, yo pran yo nan Mès dimanch la. Nan tan Nésans Granmèt la minm épi « nan kouran ané-a » yo kapab pran yo tou nan pami sa yo propozé nan Léksionè Mès la (III, pp. 474-489) oubyin nan Òrdo sa-a (nn. 44, 186-215).

Lè yo intèdi Mès rituèl yo, yo kapab pran youn nan léktu yo nan tèks yo prévoua pou sélébrasion Batèm timoun piti yo, antan yo fè atansyon byin pastoral fidèl yo épitou karaktè jou litijik la.

b) Oméli-a, y-a fè-l apati tèks sakré-a ; min antan yo konsidéré Batèm yo gin pou sélébré-a.

c) Yo pa di sinbòl la, poutèt nan plas li gin profésion lafoua-a, sa tout kominoté-a fè anvan Batèm nan.

d) Priyè inivèsèl la yo pran-l nan pami sa yo mété nan Òrdo Batèm nan (nn. 47-48, 217-220). Min alafin, anvan yo invoké Sin yo, yo ajouté priyè pou Égliz inivèsèl la épi pou nésésité tè-a.

3) Sélébrasion Batèm nan kontinué ak priyè égzòsism nan épi onksion-an ak lòt rit yo dékri nan Òrdo-a (nn. 49-66).

4) Lè yo fini sélébrasion Batèm nan, Mès la kontinué nòmalmman ak ofètoua-a.

5) Antan l-ap bay bénédiksion-an nan fin Mès la, prèt la kapab sèvi ak youn nan fòmul yo propozé pou rit Batèm nan (nn. 70, 247-249).

30. Nan jou anndan sémèn nan, si yo sélébré Batèm nan anndan Mès la, sé minm òrdo-a an jénéral ak nan dimanch ; min nan litiji paròl la yo pèmèt pran léktu yo nan sa yo propozé pou rit Batèm nan (nn. 44, 186-215).

31. Dapré règléman sa yo di nan n. 34 *Rémak jénéral* yo, minis la gin kèk aranjanman li kapab introdui nan rit la, sa sikonstans yo minm égzijé, tankou :

1) si manman timoun piti-a té mouri nan akouchman-an, sé pou yo konsidéré bagay sa-a nan avètisman pou kòmansé-a (n. 36), nan priyè an komin-an (nn. 47, 217-220) épi nan dènié bénédiksion-an (nn. 70, 247-248) ;

2) nan dialòg ak paran yo (nn. 37-38, 76-66) sé pou yo konsidéré répons yo-a : si yo pa-t di **Batèm**, min **Lafoua** oubyin **Gras Kris la** oubyin **Antré nan Égliz la** oubyin **Lavi tout tan-an**, minis la pap kòmansé ak paròl **Batèm pou ti bébé yo**, min jan sa konv nab : **Lafoua-a** oubyin **Gras Kris la**, etc. ;

3) Òrdo pou minnin ti bébé ki déjà batizé-a nan légliz la (nn. 165-185), sa yo ranjé sèlman pou ka timoun piti yo batizé nan danjé lanmò-a, yo kapab ranjé-l tou pou lòt nésésité, parégzanp si yo batizé timoun piti yo nan tan pèsékision kont rélijjon-an oubyin nan tan dézakò ant paran yo.

N. B. 1. Tèks Psòm yo épi Nouvo Téstaman-an sé nan édisión Bib « Nova Vulgata »-a yo pran yo.

2. Tèks litijik yo, sa yo mété pou yon gason, yo kapab adapté yo pou yon fi, antan yo chanjé janr nan, oubyin pou pliziè antan yo chanjé nonb la.

CHAPIT I

ÒRDO BATÈM NAN POU ANPIL TIMOUN PITI

RIT POU RÉSÉVOUA TIMOUN PITI YO

32. Sé pou yo sélébré Batèm nan, nan mézi sa kapab fèt, jou dimanch la koté Égliz la sonjé mistè paskal la, nan yon sélébrasion an komin pou tout sa-k fèk fèt yo, avèk asistans fidèl yo, omouin pròch yo, zanmi yo ak vouazin yo, épi ak patisipasion aktif yo.

33. Sé papa ak manman yo ki pou prézan té timoun piti yo bay Égliz la pou Batèm nan, antan parinn yo akonpagné yo.

34. Si timoun y-ap batizé yo anpil épi gin pliziè prèt oubyin diak ki prézan, yo kapab édé sélébran-an nan réalizé rit sa yo ki indiké nan koté pou yo yé-a.

35. Antan fidèl yo ap chanté yon psòm oubyin yon imn adapté jan sa konvab, prèt la oubyin diak la k-ap sélébré-a, antan-l abiyé ak ob la oubyin surpli-a épi étòl la, oubyin minm chap la, ki gin koulè fèt, li alé avèk minis yo nan pòt légliz la, oubyin nan pati légliz la koté paran yo ak parinn yo rasanblé ansanm ak sa-k pral résévoua batèm yo.

36. Sélébran-an salué moun ki prézan yo, min sitou paran yo ak parinn yo, antan ak kèk paròl li raplé kè kontan-an, sa paran yo té résévoua ti bébé yo avè-l la tankou yon kado Bondié, li minm ki sous tout lavi épi ki vlé koulié-a ofri yo pròp lavi pa-l la minm.

37. Sélébran-an toudabò intèrojé paran chak ti bébé :

Ki non nou vlé bay pitit nou-an (oubyin nou té ba li) ?

Paran yo : **N.**

Sélébran-an : **Sa nou mandé Égliz Bondié-a pou N. ?**

Paran yo : **Batèm.**

Sélébran-an kapab anplouyé dèt paròl nan dialòg la.

Prémié répons la, dèt moun kapab bay li, si dapré koutim koté-a, yo gin doua sa-a pou yo bay non-an.

Nan dézièm répons la, paran yo kapab sèvi ak lòt paròl tou : parérganp, Lafoua, oubyin Gras Kris la, oubyin Antré nan Égliz la, oubyin Lavi tout tan.

38. Si timoun ki gin pou résévoua Batèm yo anpil, sélébran-an intèrojé tout paran yo an minm tan osijè non ti bébé yo :

Ki non nou vlé bay pitit nou yo (oubyin nou té ba yo) ?

Chak fanmiy youn apré lòt réponn. Lòt késion-an yo kapab propozé-l bay tout an minm tan o plirièl.

Sélébran-an : **Sa nou mandé Égliz Bondié-a pou pitit nou yo ?**

Tout moun : **Batèm.**

39. Lè sa-a atò, sélébran-an, avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo, li palé ak paran yo :

Antan nou mandé Batèm nan pou pitit nou yo, èské nou konsian réponsabilité nou pran-an pou nou édiké yo nan lafoua-a yon fason pou antan yo kinbé kòmandman Bondié yo, yo rinmin Grammèt la ak prochin yo jan Kris la té aprann nou-an ?

Paran yo :

Nou konsian.

Répons sa-a sé chak fanmiy ki bay li ; min si timoun piti ki gin pou résévoua Batèm yo anpil, yo tout kapab di répons la an minm tan.

40. Apré sa, antan-l viré kot parinn yo, sélébran-an mandé yo avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Èské nou paré pou édé paran timoun sa yo nan fonksion yo-a ?

Parinn yo tout ansanm :

Nou paré.

41. Apré sa sélébran-an kontinué antan-l di :

N. avèk N. (oubyin Ti pitit mouin yo), ak anpil kè kontan kominoté krétièn nan akéyi nou. Nan non li mouin maké nou ak sign koua-a ; épi paran nou yo (ak parinn yo) pral maké nou apré mouin ak minm sign Kris Sovè-a.

Épi li maké chak timoun piti yo nan fron, san-l pa di anyin. Apré sa li invité paran yo épi, si yo ouè sa gin avantaj, parinn yo, pou yo fè minm bagay.

42. Sélébran-an invité paran yo, parinn yo ak rès moun ki la yo pou yo patisipé nan sélébrasion paròl Bondié-a. Si sikonstans yo pèmèt sa, yo fè prosésion-an al nan koté yo prévoua-a avèk yon chan, parégzanp Ps 84, 7. 8. 9 ab [p. 392].

43. Yo kapab poté timoun k-ap résévoua Batèm yo nan yon koté séparé, joutan sélébrasion paròl Bondié-a fini nèt.

SÉLÉBRASION SAKRÉ PARÒL BONDIÉ-A

Léktu bibliik yo épi oméli-a

44. Yo li youn oubyin minm dé nan moso ki suiv yo, antan tout moun chita, si yo ouè sa konv nab.

Matié 28, 18-20 : « Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ». [p. 404]

Mark 1, 9-11 : « Lè Jézu fi-n batizé, li ouè Éspri-a k-ap désann nan li ». [p. 404]

Mark 10, 13-16 : « Kité timoun yo vi-n jouinn mouin ». [p. 405]

Jan 3, 1-6 : « Si yon moun pa réfèt, li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a ». [p. 406]

Yo kapab chouazi tou moso yo jouinn nan nn. 186-194 épi 204-215, oubyin lòt ki korésponn ak sa paran yo souété oubyin ki itil yo.

45. Apré léktu-a, sélébran-an fè yon oméli tou kout ki ékspliké sa yo sot li yo, épi moun ki prézan yo li kondui yo pou yo konprann mistè Batèm nan pi afon épi pou yo anbrasé réponsabilité yo ak plis élan, sitou sa-k soti nan ròl paran yo ak parinn yo.

46. Apré oméli-a, oubyin apré litani-an, oubyin anndan litani-an li minm, yo rékòmandé yon tan silans koté, lè sélébran-an invité yo, tout moun priyé nan kè yo. Tousuit, si ka-a prezanté, yon chan adapté suiv, parégzanp yo chouazi pami sa yo mété nan nn. 225-245.

Priyé fidèl yo

47. Apré sa, yo fè priyé fidèl yo :

Sélébran-an : Frè yo nou rinmin anpil la, pou timoun sa yo ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo ak parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizérikòd Granmèt nou Jézu-Kri.

Léktè : Pou, antan mistè lanmò ak rézireksion-ou nan ki nan Bondié ap kléré byin fò, ou aksépté bay timoun sa yo nouvo nésans palintèmediè Batèm nan épi fè yo antré nan sint Égliz la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou yo minm, palintèmediè Batèm nan ak Konfirmasion-an, ou aksépté fè yo tounin disip ki fidèl épi témoun Bòn Nouvèl ou-a :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou yo minm ou aksépté kondui yo gras a sinteté lavi-a nan kè kontan péyi roua sièl la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou paran yo ak parinn yo ou aksépté fè yo tounin modèl lafoua k-ap kléré pou timoun sa yo :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou fanmi timoun sa yo ou aksépté toujou protéjé yo nan rinmin-ou nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou nan nou tout, ou aksépté rénouvle gras Batèm nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Dòt fòmul ochoua, nn. 217-220.

48. Apré sa, sélébran-an invité moun ki prézan yo pou invoké Sin yo (lè sa-a atò, si ka-a prezanté, yo tounin ak timoun piti yo nan légliz la) :

Sint Mari Manman Bondié, lapriyé pou nou.

Sin Jan-Batis, lapriyé pou nou.

Sin Jozèf, lapriyé pou nou.

Sin Piè é Pòl, lapriyé pou nou.

Li bon pou yo ajouté non dòt Sin, sitou sa ki patron timoun piti yo épi légliz la oubyin koté-a. Apré sa yo fini :

Tout sin ak sint Bondié yo, lapriyé pou nou.

Priyé égzòsism nan ak onksion anvan Batèm nan

49. Lè yo fini invokasion yo, sélébran-an di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, ki la dépi tout tan é pou tout tan,
ou minm ki té voyé Pítit ou-a sou tè-a,
pou-l té chasé sot nan nou pouvoua Satan, éspri méchansté-a
épi moun-nan li ouété sot nan fènoua yo,
pou-l té fè-l travèsé nan péyi-roua limiè-ou la ki ékstraòdinè-a :
antan n-ap sipliyé n-ap priyé-ou,
pou timoun piti sa yo ki dégajé anba fot orijinèl la,
ou fè yo vi-n tounin tanp grandè-ou
épi ou aksépté fè Éspri-Sin-an abité nan yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun : Amèn.

Yon lòt fòmul priyé égzòsism ochoua, n. 221.

50. Sélébran-an, kontinué :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifíé nou,
li minm, nan sign li-a nou maké nou avèk luil k-ap sové nou-an.
Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun : Amèn.

Chak timoun piti ki gin pou résévoua Batèm nan, yo maké yo nan pouatri-n avèk luil katékumèn yo. Si timoun piti yo anpil, yo kapab anplouayé pliziè minis.

51. Min si Konférans Évèk yo, poutèt kèk rézon grav, t-a désidé sa, yo kapab soté onksion anvan batèm nan. Nan ka sa-a, sélébran-an di yon sèl foua sèlman :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifíé ou,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun : Amèn.

Épi minm lè-a li pozé min sou chak ti bébé, san-l pa di anyin.

52. Apré sa, si yo mété batistè-a andéyò légliz la oubyin andéyò koté fidèl yo kapab ouè, yo fè prosésion pou al ladan-l.

Min si yo plasé-l an fas asanblé-a li minm, sélébran-an ak paran yo ak parinn yo alé la avèk timoun piti yo, antan lòt yo rété nan plas yo.

Si batistè-a pa kapab kinbé tout moun ki prézan yo, yo pèmèt sélébré Batèm nan nan yon koté ki pi adapté nan légliz la, antan paran yo ak parinn yo al ladan-l nan moman ki korésponn nan.

Antrétan, si yo kapab fè-l yon fason dign, yo chanté yon kantik adapté, parégzanp Ps. 22. [p. 401]

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

53. Lè yo rivé kot fontèn nan, yon fason tou kout, sélébran-an raplé moun ki prézan yo mèvèy projè Bondié-a ki té vlé sanktifié ni kò ni nanm moun nan palintèmédiè dlo-a. Li kapab fè sa ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

An nou priyé, frè yo nou rinmin anpil la, pou Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a bay timoun sa yo nouvo lavi-a nan dlo ak Éspri-Sin-an.

Oubyin :

Nou konnin, frè yo nou rinmin anpil la, kijan Bondié té aksépté bay moun ki kouè yo lavi li-a an abondans palintèmédiè sakrèman dlo-a. Sé poutèt sa, an nou dirijé léspri nou bò koté-l épi ak yon sèl kè an nou lapriyé, pou apati fontèn sa-a sa fè-l plézi vidé gras li-a nan sa yo chouazi yo.

Bénédikcion épi invokasion Bondié sou dlo-a

54. Apré sa, antan-l viré nan diréksion fontèn nan, an déyò tan paskal la, sélébran-an di bénédikcion ki suiv la :

**Bondié, ki réalizé rézilta ékstraòdinè
pa lantrémiz sign sakrèman yo
gras a pouvoua yo pa kapab ouè,
épi ki té préparé kréatu dlo-a anpil fason,
pou-l té kapab montré gras batèm nan ;**

**Bondié, ou minm Éspri-ou t-ap plané sou dlo yo
nan pami premié bagay yo ki té parèt sou tè-a,
pou sa dlo yo yé natirèlman-an té déjà kapab produi
pouvoua pou fè moun vi-n sin ;**

**Bondié, ki té montré pòtré nouvo nésans la
nan dlo délij la ki té vidé-a,
pou gras a mistè yon sèl ak minm matiè-a,
sé finisman pou mové kalité yo ak sous bon kalité yo ;**

**Bondié, ki té fè pitit Abraam yo
travèsé nan lanmè Rouj la ak tras pié yo sèk,
pou pèp la, ki délivré anba ésklavaj Faraon-an,
té kapab sèvi davans kòm modèl pèp batizé yo ;**

**Bondié, ou minm Pitit ou-a té maké nan Éspri-Sin-an
lè-l té batizé nan dlo Joudin-an nan min Jan-an,
épi, lè-l té pandié sou koua-a,
li té fè san ak dlo soti bò kòt li,
aprè sa, lè-l té fi-n résisité-a, li té pasé disip li yo lòd :
« Alé, bay tout nasion yo ansègnman, batizé yo
o non Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an » :**

**Voyé jé-ou sou fas Égliz ou-a,
épi aksépté louvri fontèn batèm nan pou li.**

**Sé pou dlo sa-a résévoua gras Sèl Pitit ou-a
ki sot nan Éspri-Sin-an,
pou moun nan, ki kréyé dapré pòtré-ou la,
li lavé sot nan tou sa-k té sal li lontan,
gras a sakréman batèm nan,
pou-l mérité résisité nan yon nouvo nésans
pa pouvoua dlo-a ak Éspri-Sin-an.**

Sélébran-an ak min douat li, li touché dlo-a épi-l kontinué :

**Sé pou-l désann, tanpri, Granmèt,
nan tout profondè fontèn sa-a,
pa pouvoua Pitit ou-a, puisans Éspri-Sin-an,
pou tout moun, ki antéré avèk Kris la
pa lantrémiz batèm nan, nan lanmò-a,
yo résisité avèk li pou lavi-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun : Amèn.

Dòt fòmul ochoua, nn. 223-224.

55. Min nan tan paskal la, si dlo batèm nan déjà fi-n béni nan Vyéé Paskal la, pou Batèm nan pa manké éléman aksion-d-gras avèk priyé-a, sé pou yo fè bénédikcion avèk invokasion Bondié sou dlo-a dapré fòmul yo y-a jouinn nan nn. 223-224, antan yo konsidéyé divèsité tèks yo nan finisman minm fòmul yo.

Rénonzman-an épi profésion lafoua-a

56. Sélébran-an bay paran yo ak parinn yo avètisman ak paròl sa yo :

Nou minm paran yo ak parinn yo nou rinmin anpil la : palintèmediè sakréman Batèm nan pitit nou yo nou prezanté yo pral résévoua yon nouvo lavi nan charité Bondié-a apati dlo-a ak Èspri-Sin-an. Nou minm minm nou doué fè éfò pou nou édiké yo nan lafoua, pou lavi sa-a ki sot nan Bondié-a li kapab prezèvé anba kontaminasion péché-a épi li ogmanté jou apré jou nan yo.

Si donk, antan lafoua nou kondui nou, nou paré pou nou pran responsabilité sa-a, antan nou sonjé Batèm pa nou, rénonse péché-a épi déklaré lafoua nan Kris Jézu-a, ki lafoua Égliz la, sa timoun yo pral batizé ladan-l nan.

57. Apré sa, li intèrojé yo :

Èské nou rénonse Satan ?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : É tout travay li yo

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : É tout atirans li yo?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Oubyin :

Sélébran-an : Èské nou rénonse péché-a, pou nou viv nan libète pitit Bondié-yo?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : Èské nou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou nou?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : Èské nou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Si ka-a prezanté, Konfèrans Épiskopal yo kapab adapté dézièm fòm sa-a pi byin, sitou koté li nésèsè pou paran yo ak parinn yo rénonse sipèstision, divination avèk pratik majik yo fè sou timoun yo.

58. Apré sa, sélébran-an, mandé paran yo ak parinn yo toua déklarasion lafoua-a, antan-l di :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Sélébran-an : **Èské nou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Sélébran-an : **Èské nou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

59. Nan profésion sa-a, ansanm ak kominoté-a sélébran-an bay akò li antan-l di :

Sa-a sé lafoua nou-an. Sa-a sé lafoua Égliz la, sa nou gin gloua pou nou déklaré-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : **Amèn.**

Fòmül sa-a, yo pèmèt mété yon lòt nan plas li, dapré avantaj. Yo kapab minm fè yon chan adapté, koté kominoté-a éksprimé lafoua li ak yon sèl voua.

Batèm nan

60. Sélébran-an invité fanmi-an anvan pou li vi-n koté fontèn nan. Antan yo di non ti bébé-a, li înterójé paran yo ak parinn yo :

Èské nou vlé pou nan lafoua Égliz la, sa nou tout sot déklaré ansanm avèk nou-an, N. résévoua Batèm ?

Paran yo ak parinn yo : **Nou vlé.**

Épi tousuit sélébran-an batizé ti bébé-a, antan-l di :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li plonjé ti bébé-a oubyin vidé dlo sou li yon premié foua

ak Pitit la

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon dézièm foua

ak Éspri-Sin-an

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon touazièm foua.

Li întèrojé minm jan-an épi li fè minm jan-an pou chak timoun k-ap résévoua Batèm nan.

Apré batèm chak ti bébé, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (nn. 225-245).

Si Batèm nan sélébré antan yo vidé dlo-a, li pi bon pou sé manman-an (oubyin papa-a) ki poté ti bébé-a ; poutan, koté gin koutim sa-a ki gin fòs épi yo ouè yo doué konsèvé-l, marinn nan (oubyin parinn nan) kapab soutni ti bébé-a. Sé yo minm ki lévé-l sot nan fontèn sakré-a, si Batèm fèt antan yo plonjé timoun nan.

61. Si timoun yo anpil, épi gin pliziè prèt oubyin diak ki prézan, yo chak kapab batizé kèk timoun yo, antan yo konsèvé fason épi fòmul yo dékri pi ro-a.

RIT POU ÉKSPLIKÉ**Onksion apré Batèm nan**

62. Apré sa sélébran-an di :

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an, épi ki té ba nou padon tout péché yo, sé pou-l maké nou avèk krèm ki sovè nou-an, pou, antan nou antré nan pèp li-a, nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt, profèt avèk roua.

Tout moun : Amèn.

Apré sa, sélébran-an maké chak batizé avèk sin krèm nan sou fron yo, san-l pa di anyin.

Min si moun ki batizé yo anpil épi gin pliziè prèt oubyin diak ki prézan, yo chak kapab maké kèk timoun piti avèk krèm nan.

Abiyman avèk rad blan-an

63. Sélébran-an di :

(N. ak N.), nou vi-n tounin yon nouvo kréatu épi nou abiyé ak Kris la. Sé pou rad blan sa-a tounin sign dignité-a, sa, antan moun ki pròch nou yo ap édé nou ak paròl yo épi égzanp yo, n-a poté-l san tach dévan tribinal Granmèt nou-an Jézu-Kri pou nou gin lavi tout tan-an.

Tout moun : Amèn.

Épi yo mété yon rad blan sou yo chak ; yo pa admèt lòt koulè, sof si koutim lokal la t-a mandé sa. Li souétab pou sé fanmi-an minm ki prezanté rad sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

64. Apré sa, sélébran-an résévoua sièrj paskal la épi li di :

Résévoua limiè Kris la.

Yon moun nan chak fanmi (parégzanp papa-a oubyin parinn nan) limin chandèl chak ti bébé yo nan sièrj paskal la.

Apré sa sélébran-an di :

Sé nou minm, paran yo ak parinn yo, yo konfié limiè sa-a pou nou kinbé-l, pou pitit nou yo, sa Kris la kléré yo, maché san rété tankou pitit limiè, épi, antan yo pèsévéré nan lafoua-a, yo réyisi al rankontré Granmèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palè sièl la.

« Éféta »

65. Si Konférans Évèk yo té désidé pou konsèvé-l, yo fè rit « Éféta »-a. Sélébran-an touché zòrèy épi bouch chak ti bébé yo, antan-l di :

Granmèt Jézu, ki té fè soud yo tandé épi bèbè yo palé, sé pou-l ba ou pou byin vit ou kapab résévoua paròl li-a ak zòrèy ou épi déklaré lafoua-a pou louanj avèk gloua Bondié Papa-a.

Tout moun : Amèn.

66. Si ti bébé yo anpil, sélébran-an di fòmul la yon sèl foua oplirièl, antan-l soté touché zòrèy yo ak bouch la.

KONKLIZION RIT LA

67. Apré sa, sof si Batèm nan fèt nan éspas ki rézèvé pou prèt yo, yo fè prosésion pou al bò otèl la, koté paran batizé yo poté chandèl ki limin-an.

Li souétab pou antrétan yo chanté yon kantik Batèm, parégzanp :

**Nou minm ki batizé nan Kris la,
nou abiyé ak Kris la,
alélouya, alélouya.**

Dòt kantik ochoua, nn. 225-245.

Priyè Granmèt la

68. Sélébran-an, antan-l kanpé dévan otèl la, li palé ak paran yo, ak parinn yo épi tout moun ki prézan yo ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Frè yo nou rinmin anpil yo : timoun sa yo, yo minm ki jouinn nouvo nésans palintèmediè Batèm nan, yo rélé yo pitit Bondié é sé sa yo yé, y-ap résevoua plénitud Éspri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an, épi antan yo proché kot otèl Granmèt la, y-ap patisipé nan tab sakrifis li-a é nan mitan Égliz la y-ap rélé Bondié : Papa. Koulié-a, nan non yo, nan éspri pitit adoptif yo, sa nou tout nou té résevoua-a, an nou priyé ansanm jan Granmèt la té aprann nou priyé-a.

69. Épi tout moun di ansanm ak sélébran-an :

**Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.**

**Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.**

**Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

Bénédictions-an ak ranvoua-a

70. Apré sa sélébran-an béni manman yo ki kinbé timoun yo nan bra yo, papa yo épi tout moun ki prézan yo, antan-l di :

Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki gras a Pitit li-a ki fèt sot nan Mari ki Vièj, réjouï kè manman krétyin yo ak éspérans lavi tout tan-an, sa l-ap vlopé ti bébé yo ladan-l nan, sé pou-l aksépté béni manman timoun sa yo, pou antan y-ap rann gras kounié-a pou pitit yo résévoua-a, you rété tout tan nan aksion-d-gras ansanm ak li, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki ba nou lavi tè-a ak lavi sièl la sé pou-l béni papa timoun sa yo, pou, ansanm ak madanm yo, yo montré, nan paròl ak nan égzanp, yo sé premié témouin lafoua-a pou pitit yo, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ba nou nouvo nésans pou lavi tout tan-an, sé pou-l béni fidèl li sa yo an kantité, pou yo toujou manb vivan pèp li-a tout tan é tout koté, épi sé pou-l bay tout moun ki prézan la-a lapè li-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni, Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

71. Apré bénédiksion-an, jan sa konvnan, tout moun chanté yon kantik adapté, k-ap éksprimé kè kontan paskal la épi aksion-d-gras la, oubyin chan Trè Sint Vièj Mari-a, Magnificat la.

Koté yo abitué poté ti bébé ki batizé yo dévan otèl Trè Sint Vièj Mari-a, li bon pou yo konsèvé koutim sa-a.

CHAPIT II

ÒRDO BATÈM NAN POU YON SÈL TIMOUN PITI

RIT POU RÉSÉVOUA TIMOUN PITI-A

72. Sé pou yo sélébré Batèm nan, nan mézi sa kapab fèt, jou dimanch la koté Égliz la sonjé mistè paskal la, avèk asistans fidèl yo, omouin pròch yo, zanmi yo ak vouazin yo, épi ak patisipasyon aktif yo.

73. Sé papa-a ak manman-an ki pou prezanté timoun piti-a bay Égliz la pou Batèm nan, antan parinn nan akonpagné yo.

74. Antan fidèl yo ap chanté yon psòm oubyin yon imn adapté jan sa konvab, prèt la oubyin diak la k-ap sélébré-a, antan-l abiyé ak ob la oubyin surpli-a épi étòl la, oubyin minm chap la, ki gin koulè fèt, li alé avèk minis yo nan pòt légliz la, oubyin nan pati légliz la koté paran yo ak parinn nan rasanblé ansanm ak ti bébé-a.

75. Sélébran-an salué moun ki prézan yo, min sitou paran yo ak parinn nan, antan ak kèk paròl li raplé kè kontan-an, sa paran yo té résévoua ti bébé-a avè-l la tankou yon kado Bondié, li minm ki sous tout lavi épi ki vlé koulié-a ofri-l pròp lavi pa-l la minm.

76. Sélébran-an toudabò intèrojé paran yo :

Ki non nou vlé bay pitit nou-an (oubyin nou té ba li) ?

Paran yo : **N.**

Sélébran-an : **Sa nou mandé Égliz Bondié-a pou N. ?**

Paran yo : **Batèm.**

Sélébran-an kapab anplouayé dèt paròl nan dialòg la.

Prémié répons la, dèt moun kapab bay li, si dapré koutim koté-a, yo gin doua sa-a pou yo bay non-an.

Nan dézièm répons la, paran yo kapab sèvi ak lòt paròl tou : parégzanp, Lafoua, oubyin Gras Kris la, oubyin Antré nan Égliz la, oubyin Lavi tout tan.

77. Lè sa-a atò, sélébran-an, avèk paròl sa yo oubyin dèt ki sanblé ak yo, li palé ak paran yo :

Antan nou mandé Batèm nan pou pitit nou-an, èské nou konsian réponsabilité nou pran-an pou nou édiké-l nan lafoua-a yon fason pou antan li kinbé kòmandman Bondié yo, li rinmin Granmèt la ak prochin li jan Kris la té aprann nou-an ?

Paran yo : **Nou konsian.**

78. Apré sa, antan-l viré kot parinn nan, sélébran-an mandé-l avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Èské ou paré pou édé paran timoun sa-a nan fonksion yo-a ?

Parinn nan : **Mouin paré.**

79. Apré sa sélébran-an kontinué, antan-l di :

N., ak anpil kè kontan kominoté krétièn nan akéyi ou. Nan non li mouin maké ou ak sign koua-a ; épi paran-ou yo (ak parinn nan oubyin marinann nan) pral maké ou apré mouin ak minm sign Kris Sovè-a.

Épi li maké timoun piti-a nan fron, san-l pa di anyin ; apré sa li invité paran yo épi, si yo ouè sa gin avantaj, parinn nan (marinn nan), pou yo fè minm bagay.

80. Sélébran-an invité paran yo, parinn nan ak rèss moun ki la yo pou yo patisipé nan sélébrasyon paròl Bondié-a. Si sikonstans yo pèmèt sa, yo fè prosésion-an al nan koté yo prévoua-a avèk yon chan, parérganp Ps 84, 7. 8. 9 ab. [p. 392]

SÉLÉBRASION SAKRÉ PARÒL BONDIÉ-A

Léktu bibliik yo épi oméli-a

81. Yo li youn oubyin minm dé nan moso ki suiv yo, antan tout moun chita, si yo ouè sa konvnab.

Matié 28, 18-20 : « Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ». [p. 404]

Mark 1, 9-11 : « Lè Jézu fi-n batizé, li ouè Éspri-a k-ap désann nan li ». [p. 404]

Mark 10, 13-16 : « Kité timoun yo vi-n jouinn mouin ». [p. 405]

Jan 3, 1-6 : « Si yon moun pa réfèt, li pa kapab antré nan péyi-roua Bondié-a ». [p. 406]

Yo kapab chouazi tou moso yo jouinn nan nn. 186-194 épi 204-215, oubyin lòt ki korésponn ak sa paran yo souété oubyin ki itil yo.

Ant léktu yo, yo kapab chanté psòm répons yo propozé nan nn. 195-203.

82. Apré léktu-a, sélébran-an fè yon oméli tou kout ki ékspliké sa yo sot li yo, épi moun ki prézan yo li kondui yo pou yo konprann mistè Batèm nan

pi afon épi pou yo anbrasé responsabilité yo ak plis élan, sitou sa-k soti nan ròl paran yo ak parinn yo.

83. Apré oméli-a, oubyin apré litani-an, oubyin anndan litani-an li minm, yo rekòmandé yon tan silans koté, lè sélébran-an invité yo, tout moun priyé nan kè yo. Tousuit, si ka-a prezanté, yon chan adapté suiv, parégzanp yo chouazi pami sa yo mété nan nn. 225-245.

Priyé fidèl yo

84. Apré sa yo fè priyé fidèl yo :

Sélébran-an : Frè yo nou rinmin anpil la, pou timoun sa-a ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo ak parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizérikòd Granmèt nou Jézu-Kri.

Léktè : Pou, antan mistè lanmò ak réziréksion-ou nan ki nan Bondié ap kléré byin fò, ou aksépté bay timoun sa-a nouvo nésans palintèmediè Batèm nan épi fè-l antré nan sint Égliz la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou li minm, palintèmediè Batèm nan ak Konfirmasion-an, ou aksépté fè-l tounin disip ki fidèl épi témouin Bòn Nouvèl ou-a :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou li minm ou aksépté kondui-l gras a sinteté lavi-a nan kè kontan péyi roua sièl la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou paran yo ak parinn yo ou aksépté fè yo tounin modèl lafoua k-ap kléré pou timoun sa-a :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou fanmi timoun sa-a ou aksépté toujou protéjé-l nan rinmin-ou nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou nan nou tout, ou aksépté rénovlé gras Batèm nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

85. **Apré sa, sélébran-an invité moun ki prézan yo pou invoké Sin yo :**

Sint Mari, Manman Bondié, lapriyè pou nou.

Sin Jan-Batis, lapriyè pou nou.

Sin Jozèf, lapriyè pou nou.

Sin Piè é Pòl, lapriyè pou nou.

Li bon pou yo ajouté non dòt Sin, sitou sa ki patron timoun piti-a épi légliz la oubyin koté-a. Apré sa yo fini :

Tout sin ak sint Bondié yo, lapriyè pou nou.

Priyè égzòsism nan ak onksion anvan Batèm nan

86. **Lè yo fini invokasion yo, sélébran-an di :**

Bondié ki gin tout pouvoua, ki la dépi tout tan é pou tout tan,

ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a,

pou-l té chasé sot nan nou pouvoua Satan, éspri méchansté-a

épi moun-nan li ouété sot nan fènoua yo,

pou-l té fè-l travèsé nan péyi-roua limiè-ou la ki ékstraòdinè-a :

antan n-ap sipliyé n-ap priyé-ou,

pou timoun piti sa-a ki dégajé anba fot orijinèl la,

ou fè li vi-n tounin tanp grandè-ou

épi ou aksépté fè Éspri-Sin-an abité nan li.

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Yon lòt fòmul priyè égzòsism ochoua, n. 221.

87. **Sélébran-an, kontinué :**

Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifié ou,

li minm, nan sign li-a nou maké ou avèk luil k-ap sovè nou-an.

Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,

li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an maké ti bébé-a nan pouatri-n avèk luil katékumèn yo.

88. **Min si Konfèrans Évèk yo, poutèt kèk rézon grav, t-a désidé sa, yo kapab soté onksion anvan batèm nan. Nan ka sa-a, sélébran-an di :**

Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifié ou,

li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

Tout moun : **Amèn.**

Épi minm lè-a li pozé min sou ti bébé-a, san-l pa di anyin.

89. Apré sa, si yo mété batistè-a andéyò légliz la oubyin andéyò koté fidèl yo kapab ouè, yo fè prosésion pou al ladan-l.

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

90. Lè yo rivé kot fontèn nan, yon fason tou kout, sélébran-an raplé moun ki prézan yo mèvèy projè Bondié-a ki té vlé sanktifié ni kò ni nanm moun nan palintèmediè dlo-a. Li kapab fè sa ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

An nou priyé, frè yo nou rinmin anpil la, pou Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a bay timoun sa-a nouvo lavi-a nan dlo ak Éspri-Sin-an.

Oubyin :

Nou konnin, frè yo nou rinmin anpil la, kijan Bondié té aksépté bay moun ki kouè yo lavi li-a an abondans palintèmediè sakréman dlo-a. Sé poutèt sa, an nou dirijé léspri nou bò koté-l épi ak yon sèl kè an nou lapriyé, pou apati fontèn sa-a sa fè-l plézi vidé gras li-a nan sa yo chouazi-a.

Bénédiksjon épi invokasion Bondié sou dlo-a

54. Apré sa, antan-l viré nan diréksion fontèn nan, an déyò tan paskal la, sélébran-an di bénédiksjon ki suiv la :

**Bondié, ki réalizé rézilta ékstraòdinè
palantrémiz sign sakréman yo
gras a pouvoua yo pa kapab ouè,
épi ki té préparé kréatu dlo-a anpil fason,
pou-l té kapab montré gras batèm nan ;**

**Bondié, ou minm Éspri-ou t-ap plané sou dlo yo
nan pami premié bagay yo ki té parèt sou tè-a,
pou sa dlo yo yé natirèlman-an
té déjà kapab produi pouvoua pou fè moun vi-n sin ;**

Bondié, ki té montré pòtré nouvo nésans la
 nan dlo délij la ki té vidé-a,
 pou gras a mistè yon sèl ak minm matiè-a,
 sé finisman pou mové kalité yo ak sous bon kalité yo ;

Bondié, ki té fè pitit Abraam yo
 travèsé nan lanmè Rouj la ak tras pié yo sèk,
 pou pèp la, ki délivré anba ésklavaj Faraon-an,
 té kapab sèvi davans kòm modèl pèp batizé yo ;

Bondié, ou minm Pitit ou-a té maké nan Éspri-Sin-an
 lè-l té batizé nan dlo Joudin-an nan min Jan-an,
 épi, lè-l té pandié sou koua-a,
 li té fè san ak dlo soti bò kòt li,
 aprè sa, lè-l té fi-n résisité-a, li té pasé disip li yo lòd :
 « Alé, bay tout nasion yo ansègnman, batizé yo
 o non Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an » :

Voyé jé-ou sou fas Égliz ou-a,
 épi aksépté louvri fontèn batèm nan pou li.

Sé pou dlo sa-a résevoua gras Sèl Pitit ou-a
 ki sot nan Éspri-Sin-an,
 pou moun nan, ki kréyé dapré pòtré-ou la,
 li lavé sot nan tou sa-k té sal li lontan,
 gras a sakréman batèm nan,
 pou-l mérité résisité nan yon nouvo nésans
 pa pouvoua dlo-a ak Éspri-Sin-an.

Sélébran-an ak min douat li, li touché dlo-a épi-l kontinué :

Sé pou-l désann, tanpri, Granmèt,
 nan tout profondè fontèn sa-a,
 pa pouvoua Pitit ou-a, puisans Éspri-Sin-an,
 pou tout moun, ki antéré avèk Kris la
 pa lantrémiz batèm nan, nan lanmò-a,
 yo résisité avèk li pou lavi-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Dèt fòmül ochoua, nn. 223-224.

92. Min nan tan paskal la, si dlo batèm nan déjà fi-n béni nan Vyéyé Paskal la, pou Batèm nan pa manké éléman aksion-d-gras avèk priyè-a, sé pou yo fè bènédiksyon avèk invokasyon Bondié sou dlo-a dapré fòmul yo y-a jouinn nan nn. 223-224, antan yo konsidéré divèsité tèks yo nan finisman minm fòmul yo.

Rénonzman-an épi profésion lafoua-a

93. Sélébran-an bay paran yo ak parinn yo avètisman ak paròl sa yo :

Nou minm paran yo ak parinn yo nou rinmin anpil la : palintèmediè sakrèman Batèm nan pitit nou-an nou prezanté-a pral résévoua yon nouvo lavi nan charité Bondié-a apati dlo-a ak Èspri-Sin-an. Nou minm minm nou doué fè éfò pou nou édiké-l nan lafoua, pou lavi sa-a ki sot nan Bondié-a li kapab prezèvé anba kontaminasyon péché-a épi li ogmanté jou apré jou nan li.

Si donk, antan lafoua nou kondui nou, nou paré pou nou pran responsabilité sa-a, antan nou sonjé Batèm pa nou-an, rénonse péché-a épi déklaré lafoua nan Kris Jézu-a, ki lafoua Égliz la, sa timoun nan pral batizé ladan-l nan.

94. Apré sa, li intèrojé yo :

Èské nou rénonse Satan ?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : É tout travay li yo

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : É tout atirans li yo?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Oubyin :

Sélébran-an : Èské nou rénonse péché-a, pou nou viv nan libète pitit Bondié-yo?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : Èské nou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou nou?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Sélébran-an : Èské nou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Si ka-a prezanté, Konférans Èvèk yo kapab adapté dézièm fòm sa-a pi byin, sitou koté li nésésè pou paran yo ak parinn yo rénonse sipèstision, divinasion avèk pratik majik yo fè sou timoun yo.

95. Apré sa, sélébran-an, mandé paran yo ak parinn yo toua déklarasion lafoua-a, antan-l di :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Sélébran-an : **Èské nou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Sélébran-an : **Èské nou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

96. Nan profésion sa-a, ansanm ak kominoté-a sélébran-an bay akò li antan-l di :

Sa-a sé lafoua nou-an. Sa-a sé lafoua Égliz la, sa nou gin gloua pou nou déklaré-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : **Amèn.**

Fòmul sa-a, yo pèmèt mété yon lòt nan plas li, dapré avantaj. Yo kapab minm fè yon chan adapté, koté kominoté-a éksprimé lafoua li ak yon sèl voua.

Batèm nan

97. Sélébran-an invité fanmi-an pou li vi-n koté fontèn nan. Antan yo di non ti bébé-a, li intèrojé paran yo ak parinn yo :

Èské nou vlé donk pou nan lafoua Égliz la, sa nou tout sot déklaré ansanm avèk nou-an, N. résévoua Batèm ?

Paran yo ak parinn yo : **Nou vlé.**

Épi tousuit sélébran-an batizé ti bébé-a, antan-l di :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li plonjé ti bébé-a oubyin vidé dlo sou li yon premié fousa

ak Pitit la

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon dézièm fousa

ak Éspri-Sin-an

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon touazièm fousa.

Apré batèm ti bébé-a, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (nn. 225-245).

Si Batèm nan sélébré antan yo vidé dlo-a, li pi bon pou sé manman-an (oubyin papa-a) ki poté ti bébé-a ; poutan, koté gin koutim sa-a ki gin fòs épi yo ouè yo doué konsèvé-l, marinn nan (oubyin parinn nan) kapab soutni ti bébé-a. Sé yo minm ki lévé-l sot nan fontèn sakré-a, si Batèm fèt antan yo plonjé timoun nan.

RIT POU ÉKSPLIKÉ

Onksyon apré Batèm nan

98. Apré sa sélébran-an di :

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té fè-ou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an, épi ki té ba-ou padon tout péché yo, sé pou-l maké-ou avèk krèm ki sovè nou-an, pou, antan ou antré nan pèp li-a, ou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt, profèt avèk roua.

Tout moun : **Amèn.**

Apré sa, sélébran-an maké ti bébé-a avèk sin krèm nan sou fron-l, san-l pa di anyin.

Abiyman avèk rad blan-an

99. Sélébran-an di :

N., ou vi-n tounin yon nouvo kréatu épi ou abiyé ak Kris la. Sé pou rad blan sa-a tounin sign dignité-a, sa, antan moun ki pròch ou yo ap édé-ou ak paròl yo épi égzanp yo, ou-a poté-l san tach dévan tribinal Granmèt nou-an Jézu-Kri pou-ou gin lavi tout tan-an.

Tout moun : **Amèn.**

Épi yo mété yon rad blan sou ti bébé-a ; yo pa admèt lòt koulè, sof si koutim lokal la t-a mandé sa. Li souétab pou sé fanmi-an minm ki prezanté rad sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

100. Apré sa, sélébran-an résévoua sièrj paskal la épi li di :

Résévoua limiè Kris la.

Yon moun (parégzanp papa-a oubyin parinn nan) limin chandèl chak ti bébé yo nan sièrj paskal la.

Apré sa sélébran-an di :

Sé nou minm, paran yo ak parinn yo, yo konfié limiè sa-a pou nou kinbé-l, pou pitit nou sa-a, sa Kris la kléré-a, maché san rété tankou pitit limiè, épi, antan-l pèsévéré nan lafoua-a, li réyisi al rankontré Grammèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palè sièl la.

« Éféta »

101. Si Konférans Évèk yo té désidé pou konsèvé-l, yo fè rit « Éféta »-a. Sélébran-an touché zòrèy épi bouch ti bébé-a, antan-l di :

Grammèt Jézu, ki té fè soud yo tandé épi bèbè yo palé, sé pou-l ba ou pou byin vit ou kapab résévoua paròl li-a ak zòrèy ou épi déklaré lafoua-a pou louanj avèk gloua Bondié Papa-a.

Tout moun : Amèn.

KONKLIZION RIT LA

102. Apré sa, sof si Batèm nan fèt nan éspas ki rézèvé pou prèt yo, yo fè prosésion pou al bò otèl la, koté yo poté chandèl batizé-a ki limin-an.

Li souétab pou antrétan yo chanté yon kantik Batèm, parégzanp :

**Nou minm ki batizé nan Kris la,
nou abiyé ak Kris la,
alélouya, alélouya.**

Dòt kantik ochoua, nn. 225-245.

Priyè Granmèt la

103. Sélébran-an, antan-l kanpé dévan otèl la, li palé ak paran yo, ak parinn yo épi tout moun ki prézan yo ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Frè yo nou rinmin anpil yo : timoun sa-a, li minm ki jouinn nouvo nésans palintèmediè Batèm nan, yo rélé-l pitit Bondié é sé sa-l yé, l-ap résévoua plénitud Éspri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an, épi antan-l proche kot otèl Granmèt la, l-ap patisipé nan tab sakrifis li-a é nan mitan Égliz la l-ap rélé Bondié : Papa. Koulié-a, nan non li, nan éspri pitit adoptif yo, sa nou tout nou té résévoua-a, an nou priyé ansanm jan Granmèt la té aprann nou priyé-a.

104. Épi tout moun di ansanm ak sélébran-an :

Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.

Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.

Bénédikcion-an ak ranvoua-a

105. Apré sa sélébran-an béni manman-an ki kinbé timoun li-an nan bra-l, papa-a épi tout moun ki prézan yo, antan-l di :

Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki, gras a Pitit li-a ki fèt sot nan Mari ki Vièj réjouï kè manman krétyin yo ak éspérans lavi tout tan-an, sa l-ap vlopé ti bébé yo ladan-l nan, sé pou-l aksépté béni manman timoun sa-a, pou antan l-ap rann gras kounié-a pou pitit li résévoua-a, li rété tout tan nan aksion-d-gras ansanm ak li, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki ba nou lavi tè-a ak lavi sièl la sé pou-l béni papa timoun sa-a, pou, ansanm ak madanm li, li montré, nan paròl ak nan égzanp, li sé premié témouin lafoua-a pou pitit li-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ba nou nouvo nésans pou lavi tout tan-an, sé pou-l béni fidèl li sa yo an kantité, pou yo toujou manb vivan pèp li-a tout tan é tout koté, épi sé pou-l bay tout moun ki prézan la-a lapè li-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

Dot fomul bénédiksjon ochoua, nn. 247-249.

106. Apré bénédiksjon-an, jan sa konvnab, tout moun chanté yon kantik adapté, k-ap éksprimé kè kontan paskal la épi aksion-d-gras la, oubyin chan Trè Sint Vièj Mari-a, Magnificat la.

Koté yo abitué poté ti bébé ki batizé-a dévan otèl Trè Sint Vièj Mari-a, li bon pou yo konsèvé koutim sa-a.

CHAPIT III

ÒRDO BATÈM NAN POU YON GRAN KANTITÉ TIMOUN PITI

RIT POU RÉSÉVOUA TIMOUN PITI YO

107. Antan fidèl yo ap chanté yon psòm oubyin yon imn adapté jan sa konvnan, prèt la oubyin diak la k-ap sélébré-a, antan-l abiyé ak ob la oubyin surpli-a épi étòl la, oubyin minm chap la, ki gin koulè fèt, li alé avèk minis yo nan pòt légliz la, oubyin nan pati légliz la koté paran yo ak parinn yo rasanblé ansanm ak sa-k pral résévoua batèm yo.

108. Sélébran-an salué moun ki prézan yo, min sitou paran yo ak parinn yo, antan ak kèk paròl li raplé kè kontan-an, sa paran yo té résévoua ti bébé yo avè-l la tankou yon kado Bondié, li minm ki sous tout lavi épi ki vlé koulié-a ofri yo minm minm pròp lavi pa-l la minm.

Apré sa li intèrojé paran yo ak parinn yo an minm tan :

Ki non nou vlé bay pitit nou yo (oubyin nou té ba yo) ?

Chak fanmi réponn youn apré lòt antan yo di non timoun piti yo.

Sélébran-an : Sa nou mandé Égliz Bondié-a pou pitit nou yo ?

Tout fanmi yo an minm tan : **Batèm.**

Min si kantité timoun ki pou résévoua Batèm nan tròp, antan yo soté premié kèsion-an, sélébran-an mandé tousuit :

Paran yo épi parinn yo, ki la-a ansanm ak timoun yo, kisa nou mandé Égliz Bondié-a pou yo ?

Tout fanmi yo an minm tan : **Batèm.**

109. Lè sa-a atò, sélébran-an palé ak paran yo anvan :

Nou minm paran yo, antan nou mandé Batèm nan pou pitit nou yo, èské nou konsian responsabilité nou pran-an pou nou édiké yo nan lafoua-a yon fason pou antan yo kinbé kòmandman Bondié yo, yo rinmin Granmèt la ak prochin yo jan Kris la té aprann nou-an ?

Tout paran yo an minm tan : **Nou konsian.**

110. Apré sa, antan-l viré kot parinn yo, sélébran-an mandé :

É nou minm, parinn, èské nou paré pou édé paran timoun sa yo nan fonksion yo-a ?

Parinn yo tout an minm tan : **Nou paré.**

111. Sélébran-an kontinué antan-l di :

Ti pitit mouin yo, ak anpil kè kontan kominoté krétièn nan akéyi nou. Nan non li mouin maké nou ak sign koua-a.

Épi li fè sign koua-a sou tout ti bébé yo an minm tan, épi li di :

É nou minm, paran yo (oubyin parinn yo) maké timoun yo nan fron ak sign Kris Sovè-a.

Lè sa-a paran yo (oubyin parinn yo) maké timoun piti yo nan fron.

SÉLÉBRASION SAKRÉ PARÒL BONDIÉ-A

Léktu-a ak oméli-a

112. Sélébran-an invité paran yo ak parinn yo épi tout lòt moun ki prézan yo pou yo patisipé nan sélébrasion paròl Bondié-a. Yo li vèsè 18-20 nan chapit 28 Évanjil dapré Matié-a, osijè mision Apot yo pou yo évanjélizé épi batizé. Yo kapab chouazi tou moso yo jouinn nan nn. 44 oubyin 186-194 épi 204-215.

113. Apré léktu-a, sélébran-an fè yon oméli tou kout ki ékspliké sa yo sot li yo, épi moun ki prézan yo li kondui yo pou yo konprann mistè Batèm nan pi afon épi pou yo anbrasé responsabilité yo ak plis élan, sitou sa ki soti nan ròl paran yo ak parinn yo.

Priyè fidèl yo

114. Apré sa, yo fè priyè fidèl yo :

Sélébran-an : Frè yo nou rinmin anpil la, pou timoun sa yo ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo ak parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizérikòd Granmèt nou Jézu-Kri.

Léktè : Pou, antan mistè lanmò ak rézéréksion-ou nan ki nan Bondié-a ap kléré byin fò, ou aksépté bay timoun sa yo nouvo nésans palintèmediè Batèm nan épi fè yo antré nan sint Égliz la :

⚡ N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou yo minm, palintèmediè Batèm nan ak Konfirmasion-an, ou aksépté fè yo tounin disip ki fidèl épi témoun Bòn Nouvèl ou-a :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou yo minm ou aksépté kondui yo gras a sinteté lavi-a nan kè kontan péyi roua sièl la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou paran yo ak parinn yo ou aksépté fè yo tounin modèl lafoua k-ap kléré pou timoun sa yo :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou fanmi timoun sa yo ou aksépté toujou protéjé yo nan rinmin-ou nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou nan nou tout, ou aksépté rénouvle gras Batèm nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Dòt fòmul ochoua, nn. 217-220.

Yo kapab soté invokasion Sin yo (cf. n. 48).

Priyè égzòsism nan

115. Yo fini priyè fidèl yo ak priyè égzòsism nan :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki la dépi tout tan é pou tout tan, ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a, pou-l té chasé sot nan nou pouvoua Satan, éspri méchansté-a épi moun-nan li ouété sot nan fènoua yo, pou-l té fè-l travèsé nan péyi-roua limiè-ou la ki ékstraòdinè-a : antan n-ap sipliyé n-ap priyé-ou, pou timoun piti sa yo ki dégajé anba fot orijinèl la, ou fè yo vi-n tounin tanp grandè-ou épi ou aksépté fè Éspri-Sin-an abité nan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Dòt fòmul priyè égzòsism ochoua, n. 221.

Épi sélébran-an, antan-l soté onksion anvan batèm nan poutèt kantité timoun pou-l batizé-a, li pozé min-l sou tout ti bébé yo an minm tan, antan-l di :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifé nou,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun : **Amèn.**

116. Apré sa, yo alé koté y-ap sélébré Batèm nan.

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

Bénédiksion épi invokasion Bondié sou dlo-a

117. Antan-l kanpé bò fontèn nan, sélébran-an raplé yon fason tou kout nan léspri moun ki prézan yo mèvèy projè Bondié-a ki té vlé sanktifé ni kò ni nanm moun nan palintèmédiè dlo-a. Li kapab fè sa ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Bondié bay moun ki kouè yo lavi li-a palintèmédiè sakréman dlo-a. Sé poutèt sa, an nou dirijé lafoua nou antan n-ap priyé ak yon sèl nanm, pou apati dlo-a ak Éspri-Sin-an, timoun sa yo jouinn nouvo nésans.

118. Apré sa, antan-l viré nan diréksion fontèn nan, sélébran-an di bénédiksion ki suiv la :

Papa ki bon anpil, ou minm ki apati sous Batèm nan té fè nouvo lavi pitit ou yo jayi nan nou.

Tout moun : **Konpliman pou Bondié.** (Oubyin yon lòt aklamasyon pèp la ki adapté).

Sélébran-an : Ou minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ou aksépté rasanblé tout sa ki batizé nan Pitit ou Jézu-Kri-a nan yon sèl pèp.

Tout moun : **Konpliman pou Bondié.**

Sélébran-an : Ou minm ki gras a Éspri rinmin-ou nan, li minm ou té vidé nan kè yo, ou libéré nou, pou nou joui lapè-ou la.

Tout moun : **Konpliman pou Bondié.**

Sélébran-an : Ou minm ki té chouazi batizé yo pou nan tout nasion yo, yo anonsé Évanjil Kris la ak kè kontan.

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an : * Dlo sa-a, koulié-a aksépté béni-l ✠ li minm sèvitè-ou yo épi sèvant ou yo gin pou batizé ladan-l nan, yo minm ou té rélé pou bingn nouvo nésans la, pou yo gin lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

119. * Min lè, nan tan paskal, gin dlo Batèm nan ki déjà béni, ki paré, sélébran-an soté dènié pati bédiksion-an ki vi-n anvan Dlo sa-a koulié-a aksépté béni-l, épi konsa li fini :

Gras a mistè dlo sa-a ki béni-an, aksépté fè sèvitè-ou yo ak sèvant ou yo antré nan nouvo nésans spirituèl la, yo minm ou té rélé vi-n nan bingn sa-a nan lafoua Égliz la, pou yo gin lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Dot fòmul ochoua, nn. 223-224.

Rénonzman-an épi profésion lafoua-a

120. Sélébran-an bay paran yo ak parinn yo avètisman ak paròl sa yo :

Nou minm paran yo ak parinn yo nou rinmin anpil la : palintèmediè sakrèman Batèm nan pitit nou yo nou prezanté yo pral résévoua yon nouvo lavi nan charité Bondié-a apati dlo-a ak Éspri-Sin-an. Nou minm minm nou doué fè éfò pou nou édiké yo nan lafoua, pou lavi sa-a ki sot nan Bondié-a li kapab prezèvé anba kontaminasion péché-a épi li ogmanté jou apré jou nan yo.

Si donk, antan lafoua nou kondui nou, nou paré pou nou pran responsabilité sa-a, antan nou sonjé Batèm pa nou, rénonse péché-a épi déklaré lafoua nan Kris Jézu-a, ki lafoua Égliz la, sa timoun yo pral batizé ladan-l nan.

121. Apré sa, li intèrojé yo :

Èské nou rénonse Satan ?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin rénonse.**

Sélébran-an : **É tout travay li yo**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin rénonse.**

Sélébran-an : **É tout atirans li yo?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin rénonse.**

Oubyin :

Sélébran-an : **Èské nou rénonse péché-a, pou nou viv nan libète pitit Bondié-yo?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin rénonse.**

Sélébran-an : **Èské nou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou nou?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin rénonse.**

Sélébran-an : **Èské nou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin rénonse.**

Si ka-a prezanté, Konfèrans Episkopal yo kapab adapté dézièm fòm sa-a pi byin, sitou koté li nésèsè pou paran yo ak parinn yo rénonse sipèstision, divinasion avèk pratik majik yo fè sou timoun yo.

122. Apré sa, sélébran-an, mandé paran yo ak parinn yo toua déklarasion lafoua-a, antan-l di :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Sélébran-an : **Èské nou kouè nan Jezu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?**

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Sélébran-an : Èské nou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan rézirkéksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

123. Nan profésion sa-a, ansanm ak kominoté-a sélébran-an bay akò li antan-l di :

Sa-a sé lafoua nou-an. Sa-a sé lafoua Égliz la, sa nou gin gloua pou nou déklaré-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : **Amèn.**

Fòmul sa-a, yo pèmèt mété yon lòt nan plas li, dapré avantaj. Yo kapab minm fè yon chan adapté, koté kominoté-a éksprimé lafoua li ak yon sèl voua.

Batèm nan

124. Lè poutèt kantité sa yo gin pou batizé yo gin pliziè minis, yo chak, antan yo di-l non sa-k pral batizé-a, li intèrojé paran yo ak parinn yo antan-l di :

Èské donk nou vlé pou nan lafoua Égliz la, sa nou tout sot déklaré ansanm avèk nou-an, N. résévoua Batèm ?

Paran yo ak parinn yo : **Nou vlé.**

Épi tousuit sélébran-an batizé ti bébé-a, antan-l di :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li plonjé ti bébé-a oubyin vidé dlo sou li yon premié foua

ak Pitit la

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon dézièm foua

ak Éspri-Sin-an

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon touazièm foua.

Si Batèm nan sélébré antan yo vidé dlo-a, li pi bon pou sé manman-an (oubyin papa-a) ki poté ti bébé-a ; poutan, koté gin koutim sa-a ki gin fòs épi yo ouè yo doué konsèvé-l, marinn nan (oubyin parinn nan) kapab soutni ti bébé-a. Sé yo minm ki lévé-l sot nan fontèn sakré-a, si Batèm fèt antan yo plonjé timoun nan.

Pandan y-ap batizé timoun piti yo, kominoté-a kapab di yon aklamasyon oubyin chanté yon chan (cf. nn. 225-245). Yo kapab tou fè léktu, oubyin konsèvé silans sakré-a.

RIT POU ÉKSPLIKÉ

Onksion apré Batèm nan

125. Apré sa sélébran prinsipal la di fòmul onksion-an yon sèl foua pou yo tout :

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an, épi ki té ba nou padon tout péché yo, sé pou-l maké nou avèk krèm ki sovè nou-an, pou, antan nou antré nan pèp li-a, nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt, profèt avèk roua.

Tout moun : Amèn.

Apré sa, minis yo maké chak batizé avèk sin krèm nan sou fron yo, san yo pa di anyin.

Min si kantité yo-a gran anpil, dapré jijman Konfèrans Évèk yo, yo kapab soté krismasyon-an. Nan ka sa-a, yo di fòmul la yon sèl foua pou tout timoun yo antan yo adapté-l konsa :

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an, sé pou-l ba nou an abondans, pou, antan nou vi-n krétyin koulié-a épi nou antré nan pèp yo chouazi-a, nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt, profèt avèk roua.

Tout moun : Amèn.

Abiyman avèk rad blan-an

126. Sélébran prinsipal la di :

Ti pitit mouin yo, nou vi-n tounin yon nouvo créatu épi nou abiyé ak Kris la. Sé pou rad blan sa-a tounin sign dignité-a, sa, antan moun ki pròch nou yo ap édé nou ak paròl yo épi égzanp yo, n-a poté-l san tach dévan tribinal Granmèt nou-an Jézu-Kri pou nou gin lavi tout tan-an.

Tout moun : Amèn.

Épi yo mété yon rad blan sou yo chak ; yo pa admèt lòt koulè, sof si koutim lokal la t-a mandé sa. Li souétab pou sé fanmi-an minm ki prezanté rad sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

127. Apré sa, sélébran prinsipal la résévoua sièrj paskal la épi li di :

Résévoua limiè Kris la. Sé nou minm, paran yo ak parinn yo, yo konfié limiè sa-a pou nou kinbé-l, pou timoun sa yo, sa Kris la kléré yo, maché san rété tankou pitit limiè, épi, antan yo pèsévéré nan lafoua-a, yo réyisi al rankontré Granmèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palè sièl la.

Yo distribiyé bay chak fanmi chandèl ki limin nan flanm sièrj paskal la, sa youn nan pè-d-famiy yo résévoua difé-l la épi kominiké-l bay tout moun. Antrétan, kominoté-a ap chanté yon kantik Batèm, parégzanp :

**Nou minm ki batizé nan Kris la,
nou abiyé ak Kris la,
alélouya, alélouya.**

Dòt kantik ochoua, nn. 225-245.

Antrétan, sof si Batèm nan fèt nan éspas ki rézèvé pou prèt yo, yo fè prosésion pou al bò otèl la, koté yo poté chandèl batizé yo ki limin-an.

KONKLIZION RIT LA

Priyè Granmèt la

128. Sélébran-an, antan-l kanpé dévan otèl la, li palé ak paran yo, ak parinn yo épi tout moun ki prézan yo ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Frè yo nou rinmin anpil yo : timoun sa yo, yo minm ki jouinn nouvo nésans palintèmediè Batèm nan, yo rélé yo pitit Bondié é sé sa yo yé, y-ap résevoua plénitud Éspri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an, épi antan yo proche kot otèl Granmèt la, y-ap patisipé nan tab sakrifis li-a é nan mitan Égliz la y-ap rélé Bondié : Papa. Koulié-a, nan non yo, nan éspri pitit adoptif yo, sa nou tout nou té résevoua-a, an nou priyé ansanm jan Granmèt la té aprann nou priyé-a.

129. Épi tout moun di ansanm ak sélébran-an :

Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.

Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.

Bénédikcion-an ak ranvoua-a

130. Sélébran-an béni épi ranvouayé moun ki prézan yo, antan-l di :

Frè-m yo, nou rékòmandé nou bay pitié avèk gras Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, sèl Pitit li-a ak Sint-Éspri-a. Li minm sé pou-l kondui lavi nou, pou, antan n-ap maché nan limiè lafoua-a, nou rivé nan byin yo té promèt yo épi nou minm tou ansanm avèk nou.

Tout moun : Amèn.

**Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a
béni nou byin béni
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

131. Apré bénédiksyon-an, jan sa konvnan, tout moun chanté yon kantik adapté, k-ap ékspriyé kè kontan paskal la épi aksyon-d-gras la, oubyin chan Trè Sint Vièj Mari-a, Magnificat la.

Koté yo abitué poté ti bébé ki batizé yo dévan otèl Trè Sint Vièj Mari-a, li bon pou yo konsèvé koutim sa-a.

CHAPIT IV

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO ANTAN PRÈT LA OUBYIN DIAK LA ABSAN POU KATÉCHIST LA SÈVI AVÈ-L

RIT POU RÉSÉVOUA TIMOUN PITI YO

132. Antan fidèl yo ap chanté yon psòm oubyin yon imn adapté jan sa konvnan, katéchist la alé avèk minis yo nan pòt légliz la, oubyin nan pati légliz la koté paran yo ak parinn yo rasanblé ansanm ak sa-k pral résévoa Batèm yo.

Si sa k-ap résévoa Batèm yo anpil, lòt moun kapab édé katéchist la nan réalizé bingn Batèm nan, jan yo fè rémaké lè yo rivé la.

133. Katéchist la salué moun ki prézan yo, min sitou paran yo ak parinn yo, antan ak kèk paròl li raplé kè kontan-an, sa paran yo té résévoa ti bébé yo avè-l la tankou yon kado Bondié, li minm ki sous tout lavi épi ki vlé koulié-a ofri yo minm minm pròp lavi pa-l la minm.

Apré sa li intèrojé paran yo ak parinn yo an minm tan ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Ki non nou vlé bay pitit nou yo (oubyin nou té ba yo) ?

Chak fanmi réponn youn apré lòt, antan yo di non timoun piti yo.

Katéchist la : Sa nou mandé Égliz Bondié-a pou yo ?

Tout fanmi yo an minm tan : **Batèm.**

Min si kantité timoun ki pou résévoa Batèm nan tròp, antan-l soté premié kèsion-an, katéchist la mandé tousuit :

Paran yo épi parinn yo, ki la-a ansanm ak timoun yo, kisa nou mandé Égliz Bondié-a pou yo ?

Tout fanmi yo an minm tan : **Batèm.**

134. Lè sa-a atò, sélébran-an palé ak paran yo anvan :

Nou minm paran yo, antan nou mandé Batèm nan pou pitit nou yo, èské nou konsian responsabilité nou pran-an pou nou édiké yo nan lafoua-a yon fason pou antan yo kinbé kòmandman Bondié yo, yo rinmin Granmèt la ak prochin yo jan Kris la té aprann nou-an ?

Tout paran yo an minm tan : **Nou konsian.**

135. **Apré sa, antan-l viré kot parinn yo, katéchist la mandé :**

É nou minm, parinn, èské nou paré pou édé paran timoun sa yo nan fonksion yo-a ?

Tout parinn yo an minm tan : Nou paré.

136. **Katéchist la kontinué antan-l di :**

Ti pitit mouin yo, ak anpil kè kontan kominoté krétièn nan akéyi nou. Nan non li mouin maké nou ak sign koua-a.

Épi li fè sign koua-a sou tout ti bébé yo an minm tan, épi li di :

É nou minm, paran yo (oubyin parinn yo) maké timoun yo nan fron ak sign Kris Sovè-a.

Lè sa-a paran yo (oubyin parinn yo) maké timoun piti yo nan fron.

SÉLÉBRASION SAKRÉ PARÒL BONDIÉ-A

Léktu-a ak oméli-a oubyin avètisman-an

137. **Katéchist la invité paran yo ak parinn yo épi tout lòt moun ki prézan yo pou yo patispé nan sélébrasion paròl Bondié-a. Yo li vèsè 18-20 nan chapit 28 Évanjil dapré Matié-a, osijè mision Apot yo pou yo évanjélizé épi batizé [p. 404], oubyin moso yo jouinn nan nn. 44 oubyin 186-194 épi 204-215. Psòm yo ak chan yo, si y-ap fè yo, yo jouinn yo nan nn. 195-203. Apré léktu-a katéchist la kapab fè yon oméli tou kout, an fonksion sa Évèk la détèminé.**

138. **Nan plas léktu bibliik yo ak oméli-a, sa yo palé osijè yo pi ro-a, katéchist la, dapré nésésité, kapab minm di avètisman sa-a :**

Batèm nan, sa palintèmediè-l la Kris la ap vi-n rankontré timoun piti sa yo, sé li minm ki té rinmèt li bay Égliz li-a, antan li t-ap voyé Apot yo avèk paròl sa yo : « Antan nou alé, anségné tout nasion yo, antan nou batizé yo onon Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ». Nan yon si gran sakréman, ti bébé yo ki libéré anba péché-a, yo vi-n tounin manb Égliz la épi Pitit Bondié, y-ap ba yo kado yo pa kapab konté yo, jan nou konnin-an. Kado sa yo, kòm lèzòm pa kapab rivé ditou nan yo, asanblé nou-an, antan l-ap sipliyé, doué mandé yo nan lafoua. Épi Papa nou, Bondié, antan l-ap kouté voua Kris la nan priyè komin sa-a épi antan li konnin lafoua Égliz la, koulié-a, nan puisans Éspri-Sin-l nan, sa yo li rinmin-an sé pou-l ba yo sa li té promèt lè Pitit li-a té vini-an.

Priyè fidèl yo

139. **Apré sa yo fè priyè fidèl yo :**

Katéchist la : Frè yo nou rinmin anpil la, pou timoun sa yo ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo ak parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizèrikòd Granmèt nou Jézu-Kri.

Léktè : Pou, antan mistè lanmò ak réziréksion-ou nan ki nan Bondié-a ap kléré byin fò, ou aksépté bay timoun sa yo nouvo nésans palintèmediè Batèm nan épi fè yo antré nan sint Égliz la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou yo minm, palintèmediè Batèm nan ak Konfirmasion-an, ou aksépté fè yo tounin disip ki fidèl épi témouin Bòn Nouvèl ou-a :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou yo minm ou aksépté kondui yo gras a sinteté lavi-a nan kè kontan péyi roua sièl la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou paran yo ak parinn yo ou aksépté fè yo tounin modèl lafoua k-ap kléré pou timoun sa yo :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou fanmi timoun sa yo ou aksépté toujou protéjé yo nan rinmin-ou nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou nan nou tout, ou aksépté rénovlé gras Batèm nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Dòt fòmoulochoua, nn. 217-220.

140. **Apré sa, sélébran-an invité moun ki prézan yo pou invoké Sin yo :**

Sint Mari Manman Bondié, lapriyè pou nou.

Sin Jan-Batis, lapriyè pou nou.

Sin Jozèf, lapriyè pou nou.

Sin Piè é Pòl, lapriyè pou nou.

Li bon pou yo ajouté non dèt Sin, sitou sa ki patron timoun piti yo épi légliz la oubyin koté-a. Apré sa yo fini :

Tout sin ak sint Bondié yo, lapriyè pou nou.

140 bis. Yo soté priyè égzòsism nan ak onksion anvan Batèm nan ak luil katékumèn yo.

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

Bénédikcion épi invokasion Bondié sou dlo-a

141. Katéchist la al nan fontèn Batèm nan ak paran yo épi parinn yo, antan y-ap poté ti bébé yo.

Apré sa, ak paròl sa yo, li invité moun ki prézan yo pou yo lapriyè :

An nou lapriyè, frè yo nou rinmin anpil la, pou Granmèt la Bondié ki gin tout pouvoua-a bay timoun sa yo nouvo nésans la apati dlo-a ak Éspri-Sin-an.

142. Si pa gin dlo bénit ki paré, katéchist la, antan-l kanpé dévan fontèn nan, li di invokasion sa-a :

Papa ki bon anpil, ou minm ki apati sous Batèm nan té fè nouvo lavi pitit ou yo jayi nan nou.

Tout moun : Konpliman pou Bondié. (Oubyin yon lòt aklamasyon pèp la ki adapté).

Katéchist la : Ou minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ou aksépté rasanblé tout sa ki batizé nan Pitit ou Jézu-Kri-a nan yon sèl pèp.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Katéchist la : Ou minm ki gras a Éspri rinmin-ou nan, li minm ou té vidé nan kè yo, ou libéré nou, pou nou joui lapè-ou la.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Katéchist la : Ou minm ki té chouazi batizé yo pou nan tout nasion yo, yo anonsé Évanjil Kris la ak kè kontan.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Katéchist la : Dlo sa-a, koulié-a aksépté béni-l, li minm sèvitè-ou yo épi sèvant ou yo gin pou batizé ladan-l nan, yo minm ou té rélé pou bingn nouvo nésans la, pou yo gin lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt la.

Tout moun : Amèn.

143. Min si dlo ki déjà béni-an paré, li di invokasion ki suiv la :

Sous tout vi ak rinmin, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
 ou minm ki jouinn gloua-ou nan kontantman
 ak nan kè séré paran yo ;
 ou minm ki montré davans, nan nésans timoun yo
 nouvo té mèvèy ou yo,
 épi, nan Pitit ou-a, ou révéle frui ki donnin yo pa kapab palé
 nan nouvo nésans timoun sa yo pou tout tan-an :
 sé pou prézan ak bon kè nan siplikasion paran yo-a avèk Égliz la,
 épi timoun sa yo, vlopé yo ak rinmin-ou nan :
 pa pèmèt yo rété anba dominasion péché-a,
 min paské sé pou ou yo yé-a, pran yo ak bon kè-ou
 nan péyi-roua Pitit ou-a ;
 épi fè yo favè pou, antan puisans Éspri-Sin-an ap aji,
 apati dlo-a, sa-ou té préparé pou pròpté, pou lavi
 ak pou rafréchisman créatu yo,
 épi ou té aksépté sanktifé gras a Batèm Kris la
 pou nésans moun yo sot anro-a,
 timoun sa yo, ki batizé nan mistè soufrans
 ak rézéréksion Kris ou-a,
 yo kapab résévoua adopsion pitit yo ak pèsion Égliz la,
 épi joui konpagni-ou san rété avèk Pitit ou-a ak Éspri-Sin-an
 pou tout tan gin tan.

Tout moun : Amèn.

Rénonzman-an épi profésion lafoua-a

144. **Katéchist la bay paran yo ak parinn yo avètisman ak paròl sa yo :**

Nou minm paran yo ak parinn yo nou rinmin anpil la : palintèmediè sakréman Batèm nan pitit nou yo nou prezanté yo pral résévoua yon nouvo lavi nan charité Bondié-a apati dlo-a ak Èspri-Sin-an. Nou minm minm nou doué fè éfò pou nou édiké yo nan lafoua, pou lavi sa-a ki sot nan Bondié-a li kapab prezèvé anba kontaminasion péché-a épi li ogmanté jou apré jou nan yo.

Si donk, antan lafoua nou kondui nou, nou paré pou nou pran responsabilité sa-a, antan nou sonjé Batèm pa nou, rénonse péché-a épi déklaré lafoua nan Kris Jézu-a, ki lafoua Égliz la, sa timoun yo pral batizé ladan-l nan.

145. **Apré sa, li intèrojé yo :**

Èské nou rénonse Satan ?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Katéchist la : É tout travay li yo

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Katéchist la : É tout atirans li yo?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Oubyin :

Katéchist la : Èské nou rénonse péché-a, pou nou viv nan libète pitit Bondié-yo?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Katéchist la : Èské nou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou nou?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Katéchist la : Èské nou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?

Paran yo ak parinn yo : Mouin rénonse.

Si ka-a prezanté, Konfèrans Épiskopal yo kapab adapté dézièm fòm sa-a pi byin, sitou koté li nésèsè pou paran yo ak parinn yo réponsé sipèstision, divinasion avèk pratik majik yo fè sou timoun yo.

146. Apré sa, katéchist la mandé paran yo ak parinn yo toua déklarasion lafoua-a, antan-l di :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Katéchist la : Èské nou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

Katéchist la : Èské nou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

Paran yo ak parinn yo : **Mouin kouè.**

147. Nan profésion sa-a, ansanm ak kominoté-a katéchist la bay akò li antan-l di :

Sa-a sé lafoua nou-an. Sa-a sé lafoua Égliz la, sa nou gin gloua pou nou déklaré-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : **Amèn.**

Fòmul sa-a, yo pèmèt mété yon lòt nan plas li, dapré avantaj. Yo kapab minm fè yon chan adapté, koté kominoté-a éksprimé lafoua li ak yon sèl voua.

Batèm nan

148. Katéchist la invité fanmi-an toudabò pou li proché kot fontèn nan. Antan yo di-l non ti bébé-a, li înterójé paran yo ak parinn yo antan-l di :

Èské donk nou vlé pou nan lafoua Égliz la, sa nou tout sot déklaré ansanm avèk nou-an, N. résévoua Batèm ?

Paran yo ak parinn yo : **Nou vlé.**

Épi tousuit minis la batizé ti bébé-a, antan-l di :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li plonjé ti bébé-a oubyin vidé dlo sou li yon premié foua

ak Pitit la

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon dézièm foua

ak Éspri-Sin-an

li plonjé-l oubyin vidé dlo yon touazièm foua.

Si Batèm nan sélébré antan yo vidé dlo-a, li pi bon pou sé manman-an (oubyin papa-a) ki poté ti bébé-a ; poutan, koté gin koutim sa-a ki gin fòs épi yo ouè yo doué konsèvé-l, marinn nan (oubyin parinn nan) kapab soutni ti bébé-a. Sé yo minm ki lévé-l sot nan fontèn sakré-a, si Batèm fèt antan yo plonjé timoun nan.

149. Si poutèt kantité sa k-ap résévoua Batèm yo, gin pliziè katéchist ki prézan, yo chak kapab batizé kèk timoun, antan yo konsèvé fason épi fòmul yo dékri pi ro-a (n. 148).

150. Pandan y-ap batizé timoun piti yo, kominoté-a kapab di yon aklamasyon oubyin chanté yon chan (cf. nn. 225-245). Yo kapab fè léktu tou, oubyin kinbé silans sakré-a.

RIT POU ÉKSPLIKÉ

151. Yo pa fè onksion sin krèm nan. Min katéchist la di yon sèl foua pou tout batizé yo :

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an, sé pou-l ba nou an abondans, pou, antan nou vi-n krétyin koulié-a épi nou antré nan pèp yo chouazi-a, nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt, profèt avèk roua.

Tout moun : Amèn.

Abiymen avèk rad blan-an

152. Katéchist la di :

Ti pitit mouin yo, nou vi-n tounin yon nouvo kréatu épi nou abiyé ak Kris la. Sé pou rad blan sa-a tounin sign dignité-a, sa, antan moun ki pròch nou yo ap édé nou ak paròl yo épi égzanp yo, n-a poté-l san tach pou lavi tout tan-an.

Tout moun : **Amèn.**

Épi yo mété yon rad blan sou yo chak ; yo pa admèt lòt koulè, sof si koutim lokal la t-a mandé sa. Li souétab pou sé fanmi-an minm ki prezanté rad sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

153. *Apré sa, katéchist la résévoua sièrj paskal la épi li di :*

Résévoua limiè Kris la. Sé nou minm, paran yo ak parinn yo, yo konfié limiè sa-a pou nou kinbé-l, pou pitit nou yo, sa Kris la kléré yo, maché san rété tankou pitit limiè, épi, antan yo pèsévéré nan lafoua-a, yo réyisi al rankontré Granmèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palé sièl la.

Yo distribiyé bay chak fanmi chandèl ki limin nan flanm sièrj paskal la, sa youn nan pè-d-famiy yo résévoua difé-l la épi kominiké-l bay tout moun. Antrétan, kominoté-a ap chanté yon kantik Batèm, parégzanp :

**Nou minm ki batizé nan Kris la,
nou abiyé ak Kris la,
alélouya, alélouya.**

Dòt kantik ochoua, nn. 225-245.

Antrétan, sof si Batèm nan fèt nan éspas ki rézèvé pou prèt yo, yo fè prosésion pou al bò otèl la, koté yo poté chandèl batizé yo ki limin-an.

KONKLIZION RIT LA

Priyé Granmèt la

154. *Katéchist la, antan-l kanpé dévan otèl la, li palé ak paran yo, ak parinn yo épi tout moun ki prézan yo ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :*

Frè yo nou rinmin anpil yo : timoun sa yo, yo minm ki jouinn nouvo nésans palintèmediè Batèm nan, yo rélé yo pitit Bondié é sé sa yo yé, y-ap résévoua plénitud Espri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an, épi antan yo proché kot otèl Granmèt la, y-ap patisipé nan tab sakrifis li-a é nan mitan Égliz la y-ap rélé Bondié : Papa. Koulié-a, nan non yo, nan espri pitit adoptif yo, sa nou tout nou té résévoua-a, an nou priyé ansanm jan Granmèt la té aprann nou priyé-a.

155. Épi tout moun di ansanm :

**Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

Bénédiksion-an ak ranvoua-a

156. Katéchist la invoké bénédiksion Bondié épi ranvouayé moun ki prézan yo, antan-l di :

**Frè-m yo, nou rékòmandé nou bay pitie avèk gras Bondié
Papa-a ki gin tout pouvoua-a, sèl Pitit li-a ak Sint-Éspri-a. Li
minm sé pou-l kondui lavi nou, pou, antan n-ap maché nan limié
lafoua-a, nou rivé nan byin yo té promèt yo épi nou minm tou
ansanm avèk nou.**

Tout moun : Amèn.

Katéchist la : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

156 bis. Apré bénédiksion-an, jan sa konvnab, tout moun chanté yon kantik adapté, k-ap éksprimé kè kontan paskal la épi aksion-d-gras la, oubyin chan Trè Sint Vièj Mari-a, Magnificat la.

CHAPIT V

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO KI NAN DANJÉ LANMÒ OUBYIN K-AP ANTRÉ NAN LANMÒ-A POU YO ANPLOUAYÉ LÈ PRÈT LA OUBYIN DIAK LA ABSAN

157. Antan yo préparé dlo-a, minm si-l pa béni, épi antan yo rasanblé paran yo, parinn yo épi, si sa kapab fèt, kèk vouazin ak zanmi, alantou timoun piti ki malad la, minis la oubyin kèk fidèl ki kapab kòmansé yon priyè fidèl yo ki tou kout :

Pou timoun sa-a ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo ak parinn yo, pou tout batizé yo, an nou invoké mizérikòd Granmèt nou Jézu-Kri.

Pou, palintèmediè Batèm nan, ou aksépté fè timoun sa-a antré nan Égliz la :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Pou, palintèmediè Batèm nan, ou aksépté ba li adopsion pami pitit yo :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Pou li minm, antan-l antéré ak Kris la nan lanmò-a palintèmediè Batèm nan, ou aksépté fè-l patisipé nan rézirkéksion li-an :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Pou nan nou tout ki kanpé la-a ou aksépté rénovlé gras Batèm nan :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

Pou tout disip Kris la, ki batizé nan yon sèl kò, ou aksépté toujou konsèvé yo nan yon sèl lafoua-a ak charité-a :

R: N-ap priyé ou kouté nou.

158. Priyè fidèl yo fini ak démann ki suiv la :

Sous tout vi ak rinmin, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki, antan-ou soulajé préokipasion paran yo
épi antan-ou voyé jé sou danjé timoun yo,

ou révéle projè rinmin-ou nan
 nan nouvo nésans timoun yo pou tout tan-an,
 sé pou prézan ak bon kè nan siplikasion nou yo,
 pa pèmèt pou timoun sa-a rété anba dominasion péché-a,
 min pran-l ak bon kè-ou nan péyi-roua Pitit ou-a.
 Fè-l favè, donk, pou apati dlo-a,
 antan puisans Éspri-Sin-an ap aji,
 li minm, nou bay non **N.** la,
 antan li vi-n konfòmé ak mistè lanmò Kris la,
 épi li konfigiré ak réziréksion-l nan,
 li vi-n tounin pitit adopsion,
 li résévoua éritaj Kris la,
 épi, nan Égliz la, li joui konpagni-ou
 ansanm ak sèl Pitit ou-a ak Éspri-Sin-an
 pou tout tan gin tan.

R: Amèn.

159. **Apré sa yo fè profésion lafoua-a. Minis la invité moun ki prézan yo ak paròl sa yo :**

Antan nou sonjé Batèm pa nou, an nou déklaré lafoua nan Jézu-Kri-a, ki lafoua Égliz la, sa timoun sa-a pral batizé ladan-l nan.

Apré sa, li mandé :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

R: Mouin kouè.

Èské nou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

R: Mouin kouè.

Èské nou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

R: Mouin kouè.

Profésion lafoua-a kapab fèt, dapré avantaj, minm avèk récitation sinbòl la :

Mouin kouè nan Bondié
 Papa-a ki gin tout Pouvoua.
 Li kréyé sièl la ak tè-a.
 Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a.
 Li sé Granmèt nou-an.
 Sé pa pouvoua Léspri Sin-an kò li vi-n fèt nan vant Mari ki vièj
 é li tounin yon moun.
 Li soufri sou ringn Pons Pilat, yo klouré-l sou koua-a,
 Li mouri é yo antéré li.
 Li désann koté mò yo té yé-a.
 Sou touazièm jou li lévé byin vivan sot nan pami mò yo.
 Li monté nan sièl la é li chita adouat Papa-a ki gin tout pouvoua.
 Li gin pou-l rétounin pou jijé ni moun k-ap viv, ni moun ki mouri.
 Mouin kouè nan Léspri Sin-an.
 Mouin kouè Légliz la Sin é li la pou tout moun.
 Mouin kouè tout byin zanmi Bondié yo fè sèvi lòt yo.
 Mouin kouè péché yo jouinn padon.
 Mouin kouè kò moun ki mouri yo va lévé byin vivan.
 Mouin kouè nan lavi ki p-ap janm fini-an.
 Amèn.

160. Apré sa minis la batizé ti bébé-a, antan-l di :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li vidé dlo yon prémié foua

ak Pitit la

li vidé dlo yon dézièm foua

ak Éspri-Sin-an

li vidé dlo yon touazièm foua.

161. Antan yo soté tout lòt rit yo, yo kapab fè abiyman ak rad blan-an.
 Minis la di :

N., ou vi-n tounin yon nouvo kréatu épi ou abiyé ak Kris la. Sé pou rad blan sa-a tounin sign dignité-a, sa ou-a poté san tach pou lavi tout tan-an.

R: Amèn.

162. Sélébrasion-an fini ak résitasion priyè Granmèt la :

**Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.**

**Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

163. Si nan pami moun ki prézan yo pa gin okinn ki kapab dirijé priyè-a, ninpòt fidèl kapab batizé antan-l résité sinbòl lafoua-a épi apré sa antan-l vidé dlo sou sa k-ap résevoua Batèm nan avèk paròl abituèl yo (cf. pi ro-a, n. 160). Poutan minm résitasion sinbòl la, dapré sikonstans, yo kapab soté-l.

164. Lè timoun nan déjà antré nan lanmò-a, antan yo soté tout lòt rit yo, sa sifi pou minis la vidé dlo sou ti bébé-a antan-l di paròl abituèl yo (cf. pi ro-a n. 160). Li bon, nan mézi sa kapab fèt, pou minis la gin youn oubyin minm dé témouin.

CHAPIT VI

ÒRDO POU POTÉ TIMOUN KI DÉJA BATIZÉ-A NAN ÉGLIZ LA

RIT POU RÉSÉVOUA TIMOUN PITI-A

165. Antan fidèl yo ap chanté yon psòm oubyin yon imn adapté jan sa konvnan, prèt la oubyin diak la k-ap sélébré-a, antan-l abiyé ak ob la oubyin surpli-a épi étòl la, oubyin minm chap la, ki gin koulè fèt, li alé avèk minis yo nan pòt légliz la, oubyin nan pati légliz la koté paran yo ak parinn nan rasanblé ansanm ak ti bébé-a.

166. Sélébran-an salué moun ki prézan yo, toudabò paran yo ak parinn nan, li fè louanj yo pou Batèm yo té bay san réta-a, li rann Bondié gras poutèt ti bébé-a tounin an santé-a épi li fè paran yo konpliman.

167. Sélébran-an toudabò intèrojé paran yo :

Ki non nou té bay pitit nou-an ?

Paran yo : **N.**

Sélébran-an : Sa nou mandé Égliz Bondié-a kounié-a pou N., kòm li déja batizé ?

Paran yo : Pou dévan kominoté-a sa parèt klè yo résévoua-l nan Égliz la.

Prémié répons la, dèt moun kapab bay li, si dapré koutim koté-a, yo gin doua sa-a pou yo bay non-an.

Nan dézièm répons la, paran yo kapab sèvi ak lòt paròl tou : parégzanp, Pou li kapab krétyin, oubyin Pou yo ouè li té batizé, etc.

168. Lè sa-a atò, sélébran-an, avèk paròl sa yo oubyin dèt ki sanblé ak yo, li palé ak paran yo :

Antan nou poté timoun nan légliz la koulié-a, èské nou konsian responsabilité nou pran-an aléga batizé sa-a, pou nou édiké-l nan lafoua-a yon fason pou antan li kinbé kòmandman Bondié yo, li rinmin Granmèt la ak prochin li jan Kris la té aprann nou-an ?

Paran yo : **Nou konsian.**

169. Apré sa, antan-l viré kot parinn nan, sélébran-an mandé-l avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

É ou minm, parinn, èské ou paré pou édé paran timoun sa-a nan fonksion yo-a ?

Parinn nan : Mouin paré.

170. *Apré sa sélébran-an kontinué, antan-l di :*

N., ak anpil kè kontan kominoté krétièn nan, antan l-ap rann gras ansanm ak paran-ou yo, li akéyi ou épi li témouagné yo té déjà résévoua-ou nan Égliz la. Nan non li mouin maké ou ak sign Kris la, ki té ba-ou lavi nan Batèm nan épi ki té déjà mété-ou nan Égliz li-a. Épi paran-ou yo (ak parinn nan *oubyin marinn nan*) pral maké ou apré mouin ak minm sign Kris Sovè-a.

Épi li maké timoun piti-a nan fron, san-l pa di anyin ; apré sa li invité paran yo épi, si yo ouè sa gin avantaj, parinn nan pou-l fè minm bagay.

171. *Apré sa sélébran-an invité paran yo, parinn nan ak rèss moun ki la yo pou yo patisipé nan sélébrasion paròl Bondié-a. Si sikonstans yo pèmèt sa, yo fè prosèsion-an al nan koté yo prévoua-a avèk yon chan, parégzanp Ps 84, 7. 8. 9 ab [p. 392].*

SÉLÉBRASION SAKRÉ PARÒL BONDIÉ-A

Léktu bibliik yo épi oméli-a

172. *Yo li youn oubyin minm dé nan moso ki suiv yo, antan tout moun chita, si yo ouè sa konvnab.*

Matié 28, 18-20 : « Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ». [p. 404]

Mark 1, 9-11 : « Lè Jézu fi-n batizé, li ouè Éspri-a k-ap désann nan li ». [p. 404]

Mark 10, 13-16 : « Kité timoun yo vi-n jouinn mouin ». [p. 405]

Jan 3, 1-6 : « Si yon moun pa réfèt, li pa kapab antré nan péyi-roua Bondié-a ». [p. 406]

Yo kapab chouazi tou moso yo jouinn nan nn. 186-194 épi 204-215, oubyin lòt ki korésponn ak sa paran yo souété oubyin ki itil yo (parégzanp 1 Roua 17, 17-24 [p. 410] ; 2 Roua 4, 8-37 [p. 410]).

Ant léktu yo, yo kapab chanté psòm répons épi vèsè yo propozé nan nn. 195-203.

173. Apré léktu-a, sélébran-an fè yon oméli tou kout ki ékspliké sa yo sot li yo, épi moun ki prézan yo li kondui yo pou yo konprann mistè Batèm nan pi afon épi pou yo anbrasé rèsponsabilité yo ak plis élan, sitou sa-k soti nan ròl paran yo ak parinn yo.

174. Apré oméli-a, oubyin apré litani-an, oubyin anndan litani-an li minm, yo rékòmandé yon tan silans koté, lè sélébran-an invité yo, tout moun priyé nan kè yo. Tousuit, si ka-a prezanté, yon chan adapté suiv, parérganp yo chouazi pami sa yo mété nan nn. 225-245.

Priyé fidèl yo

175. Apré sa yo fè priyé fidèl yo :

Sélébran-an : Pou timoun sa-a, pou paran-l yo ak pou parinn li (marinn li), épi pou tout batizé yo, an nou priyé Kris la ki gin mizérikòd ak bon kè.

Léktè : Pou antan li rèsévoua batèm nan épi li rétrouvé santé-a, li montré li sonjé Bondié :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou li rété manb vivan Égliz ou-a :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou li kapab kouté Évanjil ou-a, kinbé-l épi rann li témouagnaj :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou li rivé nan tab sakrifis ou-a ak kè kontan :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou li rinmin Granmèt Bondié-a épi prochin-l jan ou té anségné-a :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou antan li jouinn ansègnman nan paròl avèk érganp krétyin yo, li grandi nan sinteté avèk sajes :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

Léktè : Pou tout disip ou yo, yo viv tout tan nan yon sèl lafoua ak lacharité :

Tout moun : N-ap priyé ou kouté nou.

176. **Apré sa, sélébran-an invité moun ki prézan yo pou invoké Sin yo :**

Sint Mari, Manman Bondié, lapriyè pou nou.

Sin Jan-Batis, lapriyè pou nou.

Sin Jozèf, lapriyè pou nou.

Sin Piè é Pòl, lapriyè pou nou.

Li bon pou yo ajouté non dòt Sin, sitou sa ki patron timoun piti-a épi légliz la oubyin koté-a. Apré sa yo fini :

Tout sin ak sint Bondié yo, lapriyè pou nou.

177. **Lè yo fini invokasion yo, sélébran-an di :**

Sous tout vi ak rinmin, Bondié,

Papa Granmèt nou Jézu-Kri,

ou minm ki jouinn gloua-ou nan préokipasion paran yo,

ou montré providans ou nan danjé timoun yo,

épi ou révéle ou sovè nan Batèm yo-a :

pou sèvitè-ou N., antan Égliz la ap rann gras,

l-ap sipliyé-ou,

pou sa-a ou fè travèsé sot nan péyi-roua fènoua yo

al nan bèl limiè-ou la

ou fè li tounin pitit adopsion-ou ak tanp Éspri-Sin-an

gras a sakréman Batèm nan,

ou toujou édé li nan danjé lavi sa-a,

épi nan batay la pou rivé antré nan péyi-roua-ou la

ou toujou fòtifié li ak puisans Kris Sovè-a.

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

RIT POU ÉKSPLIKÉ

Onksion apré Batèm nan

178. **Apré sa sélébran-an di :**

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té fè-ou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an, épi ki té ba-ou padon tout péché yo, sé pou-l maké-ou avèk krèm ki sovè nou-an, pou, antan ou antré nan pèp li-a, ou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prêt, profèt avèk roua.

Tout moun : **Amèn.**

Apré sa, sélébran-an maké ti bébé-a avèk sin krèm nan sou fron-l, san-l pa di anyin.

Abiyman avèk rad blan-an

179. Sélébran-an di :

N., ou vi-n tounin yon nouvo kréatu épi ou abiyé ak Kris la. Sé pou rad blan sa-a tounin sign dignité-a, sa, antan moun ki pròch ou yo ap édé-ou ak paròl yo épi égzanp yo, ou-a poté-l san tach nan lavi tout tan-an.

Tout moun : **Amèn.**

Rémiz chandèl ki limin-an

180. Apré sa, sélébran-an résévoua sièrj paskal la épi li di :

Résévoua limiè Kris la.

Yon moun (parégzanp papa-a oubyin parinn nan) limin chandèl ti bébé-a nan sièrj paskal la.

Apré sa sélébran-an di :

Sé nou minm, paran yo ak parinn yo, yo konfié limiè sa-a pou nou kinbé-l, pou pitit nou sa-a, sa Kris la kléré-a, maché san rété tankou pitit limiè, épi, antan li pèsévéré nan lafoua-a, li réyisi al rankontré Granmèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palè sièl la.

Daprè avantaj, yo chanté kantik Batèm nan Nou minm ki batizé nan Kris la (n. 36) oubyin yon lòt nan pami sa yo jouinn nan nn. 225-245.

KONKLIZION RIT LA

Priyè Granmèt la

181. Sélébran-an, antan-l kanpé dévan otèl la, li palé ak paran yo, ak parinn yo épi tout moun ki prèzan yo ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Frè yo nou rinmin anpil yo : timoun sa-a, li minm ki jouinn nouvo nésans palintèmediè Batèm nan, yo rélé-l pitit Bondié é sé sa-l yé, l-ap résévoua plénitud Éspri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an, épi antan-l proché kot otèl Granmèt la, l-ap patisipé nan tab sakrifis li-a é nan mitan Égliz la l-ap rélé Bondié : Papa.

Koulié-a, nan non li, nan éspri pitit adoptif yo, sa nou tout nou té résévoua-a, an nou priyé ansanm jan Granmèt la té aprann nou priyé-a.

182. Épi tout moun di ansanm ak sélébran-an :

**Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.**

**Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.**

**Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal.**

Bénédiksion-an ak ranvoua-a

183. Apré sa sélébran-an béni manman-an ki kinbé timoun li-an nan bra-l, papa-a épi tout moun ki prézan yo, antan-l di :

Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki gras a Pitit li-a ki fèt sot nan Mari ki Vièj réjouï kè manman krétyin yo ak éspérans lavi tout tan-an, sa l-ap vlopé ti bébé yo ladan-l nan, sé pou-l aksépté béni manman timoun sa-a, pou antan l-ap rann gras kounié-a pou pitit li résévoua-a, li rété tout tan nan aksion-d-gras ansanm ak li, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki ba nou lavi tè-a ak lavi sièl la, sé pou-l béni papa timoun sa-a, pou, ansanm ak madanm li, li montré, nan paròl ak nan égzanp, li sé premié témouin lafoua-a pou pitit li-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ba nou nouvo nésans pou lavi tout tan-an, sé pou-l béni fidèl li sa yo an kantité, pou yo toujou

manb vivan pèp li-a tout tan é tout koté, épi sé pou-l bay tout moun ki prézan la-a lapè li-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

**Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.**

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

Dòt fomul bénédiksyon ochoua, nn. 247-249.

184. Apré bénédiksyon-an, jan sa konvnan, tout moun chanté yon kantik adapté, k-ap ékspriyé kè kontan paskal la épi aksyon-d-gras la, oubyin chan Trè Sint Vièj Mari-a, Magnificat la.

Koté yo abitué poté ti bébé ki batizé-a dévan otèl Trè Sint Vièj Mari-a, li bon pou yo konsèvé koutim sa-a.

185. Òrdo yo dékri pi ro-a yo kapab konsèvé-l tou lè ti bébé ki batizé-a yo minnin-l nan légliz la apré lòt difikilté (parégzanp pèsékision, dézakò ant paran yo, etc.), ki té anpéché sélébrasyon Batèm nan nan légliz la. Nan ka sa yo, sé dévoua sélébran-an pou dapré kondision ti bébé yo, li ranjé avètisman yo, léktu yo, intansyon priyé fidèl yo, etc.

CHAPIT VI
DIVÈS TÈKS
YO KAPAB SÈVI AVÈK YO
NAN SÉLÉBRASION BATÈM TIMOUN PITI YO

I. LÉKTU BIBLIK YO

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

- 186.** Égzòd 17, 3-7 : « Ba nou dlo pou nou bouè ».
Jou sa yo : Pèp la té souaf poutèt pa-t gin dlo... [p. 397]
- 187.** Ézékièl 36, 24-28 : « M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap pròpté sot nan tou sa-k sal nou ».
Min paròl Granmèt la : M-ap pran nou sot nan nasion yo... [p. 397]
- 188.** Ézékièl 47, 1-9. 12 : « Mouin ouè yon dlo k-ap soti nan tanp la, tout moun li rivé sou yo, dlo sa-a sové yo. »
Jou sa yo : Anj la fè-m viré jous nan pòt kay Granmèt la, min dlo... [p. 398]

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

- 189.** Romin 6, 3-5 : « Nou antéré réyèlman ansanm avèk li gras a batèm nan, pou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a ».
Frè-m yo : Nou tout ki batizé nan Kris Jézu... [p. 398]
- 190.** Romin 8, 28-32 : « Pou nou pran fòm pòtré Pitit li-a ».
Frè-m yo : Nou konnin pou moun yo Bondié rinmin yo... [p. 399]
- 191.** 1 Korintyin 12, 12-13 : « Sé nan yon sèl Éspri nou tout nou batizé nan yon sèl kò ».
Frè-m yo : Minm jan kò-a fè yon sèl... [p. 399]
- 192.** Galat 3, 26-28 : « Nou tout ki batizé, nou abiyé ak Kris la ».
Frè-m yo : Nou tout nou sé pitit Bondié... [p. 400]

- 193.** Éfézyin 4, 1-6 : « Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ». Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la... [p. 400]
- 194.** 1 Piè 2, 4-5. 9-10 : « Nou minm nou sé yon ras ki chouazi, yon péyi-roua prèt ». Nou minm mouin rinmin anpil la : Sé pou nou proché kot Kris la... [p. 400]

PSÒM RÉPONS YO

- 195.** Ps 22, 1-3. 4. 5. 6
R: (1) : Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin. [p. 401]
- 196.** Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14
R: (1 a) : Granmèt la sé klèté-m, épi li sové-m, kilès pou-m pè ?
oubyin (Éfézyin 5, 14) : Lévé, ou minm k-ap dòmi, lévé sot nan pami mò yo, Jézu-Kri ap kléré-ou. [p. 401]
- 197.** Ps 33, 2-3. 6-7. 8-9. 14-15. 16-17
R: (6 a) : Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré.
oubyin (9 a) : Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la dou. [p. 402]

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

- 198.** Jan 3, 16 : Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ; pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. [p. 403]
- 199.** Jan 8, 12 : Mouin sé limiè tè-a, sé sa Granmèt la di ; moun k-ap suiv mouin, l-ap gin limiè lavi-a. [p. 403]
- 200.** Jan 14, 6 : Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ; pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé palintèmediè mouin. [p. 403]
- 201.** Éfézyin 4, 5-6 a : Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun. [p. 403]
- 202.** Cf. 2 Tim 1, 10 : Sovè nou Jézu-Kri, détoui lanmò-a, épi li kléré lavi-a gras a Bòn Nouvèl la. [p. 403]

203. 1 Piè 2, 9 : Nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt, yon nasion ki sin ; sé pou nou anonsé pouvoua sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo pou nou vi-n nan bèl limiè-l la. [p. 403]

ÉVANJIL YO

204. Matié 22, 35-40 : « Sa-a sé pi gran, sé prémié kòmandman-an ». Lè sa-a : Youn nan Farizyin yo ki té savan nan laloua-a pozé Jézu késion... [p. 404]

205. Matié 28, 18-20 : « Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo onon Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ». Lè sa-a : Jézu minm antan-l proché, li palé avèk onz disip yo, li di... [p. 404]

206. Mark 1, 9-11 : « Li résévoua batèm nan min Jan nan Joudin-an ». Jou sa yo, Jézu vini sot Nazarèt Galilé-a... [p. 404]

207. Mark 10, 13-16 : « Kité timoun yo vi-n jouinn mouin ». Lè sa-a : Yo té prezanté timoun piti bay Jézu... [p. 405]

208. Mark 12, 28 b-34 (pi long) oubyin 28 b-31 (pi kout) : « Kouté, Israèl, rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou ». Lè sa-a : Youn nan skrib yo té proché kot Jézu, épi li té pozé-l késion... [p. 405, 406]

209. Jan 3, 1-6 : « Si yon moun pa réfèt, li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a ». Té gin yon mésié nan pami Farizyin yo... [p. 406]

210. Jan 4, 5-14 : « Sous dlo k-ap jayi pou lavi ki pap janm fini-an ». Lè sa-a : Jézu rivé nan vil Samari-a... [p. 406]

211. Jan 6, 44-47 : « Moun ki kouè nan mouin, li gin lavi tout tan-an ». Lè sa-a : Jézu di foul yo : « Pèsòn pa kapab vi-n jouinn mouin... [p. 407]

212. Jan 7, 37 b-39 a : « Rivière dlo lavi ap koulé ». Lè sa-a : Jézu kanpé, li rélé byin fò, li di : « Si yon moun souaf... 39 jous moun ki kouè nan li yo té gin pou yo résévoua-a. [p. 407]

213. Jan 9, 1-7 : « L-alé, li lavé kò-l, li vini, li ouè ». Lè sa-a : Pandan Jézu ap pasé, li ouè yon moun ki avèg... [p. 408]

214. Jan 15, 1-11 : « Moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Mouin sé véritab pié rézin-an... [p. 408]

215. Jan 19, 31-35 : « Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé ».

Juif yo, kòm sé té préparasion Pak la... [p. 409]

II. FÒMUL PRIYÈ FIDÈL YO

Nan pami tout fòmul yo propozé nan Òrdo Batèm nan oubyin la-a, yo kapab sèvi ak youn oubyin lòt. Min yo pèmèt pou yo chouazi nan diféran éleman yo, pi plis toujou pou yo mété nouvo ki fè priyè-a pi adapté, sitou pou fè atansion nésésité spésial fanmi yo. Min yo toujou fini ak invokasion Sin yo.

1

216. Cf. pi ro-a, nan Òrdo Batèm pou pliziè timoun piti, n. 47.

2

217. Nou minm Granmèt la rélé kòm sasèrdòs rouayal, nasion sin épi pèp li pran pou li-a, pou timoun piti sa yo, ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo avèk parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizérikòd Bondié ki gin tout pouvoua-a.

Pou palintèmediè Batèm nan ou aksépté fè timoun piti sa yo antré nan Égliz ou-a :

R: N-ap priyé-ou kouté nou.

Pou antan yo maké ak sign koua-a, yo déklaré klèman atravè tout santié lavi yo Kris la sé Pitit Bondié-a :

R: N-ap priyé-ou kouté nou.

Pou antan yo antéré avèk li, palintèmediè Batèm nan, nan lanmò-l la, yo rivé patisipé tou minm jan-an nan réziréksion-l nan :

R: N-ap priyé-ou kouté nou.

Pou antan yo jouinn anségnman nan paròl avèk égzanp parinn yo, yo mérité grandi kòm manb vivan Égliz la :

R: N-ap priyé-ou kouté nou.

Pou tout moun ki prézan isit la, gras Batèm nan rénovlé nan yo :

R: N-ap priyé-ou kouté nou.

Pou tout disip Kris yo ki batizé nan yon sèl kò-a, yo rété tout tan nan yon sèl lafoua-a ak rinmin-an :

R: N-ap priyé-ou kouté nou.

Invokasion Sin yo suiv.

3

218. Frè-m yo nou rinmin anpil la, pou timoun piti sa yo ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo épi parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizérikòd Granmèt nou Jézu-Kri :

Pou timoun piti sa yo, pou palintèmediè Batèm nan yo résévoua adopsion pitit yo, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou antan yo gréfé kòm vrè branch sou pié rézin-an, yo vi-n tounin disip Kris la nèt gras a lafoua-a, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou antan y-ap obsèvé kòmandman Kris la, yo toujou rété nan rinmin li-an épi yo anonsé bòn nouvèl la avèk asirans bay moun yo, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou antan yo kòrèk nèt palintèmediè gras Kris Sovè-a, yo résévoua éritaj tout tan-an, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou paran yo ak parinn yo fòmé timoun sa yo ki pral résévoua Batèm nan, nan konnin Bondié épi rinmin-l, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou tout moun patisipé nan nouvo nésans Batèm nan, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Invokasion Sin yo suiv.

4

219. Nou minm Granmèt la rélé kòm sasèrdòs rouayal, nasyon sin épi pèp li pran pou li-a, pou timoun piti sa yo, ki pral résévoua gras Batèm nan, pou paran yo avèk parinn yo, pou tout batizé yo, an nou rélé mizérikòd Bondié ki gin tout pouvoua-a.

Pou palintèmediè Batèm nan, timoun piti sa yo vi-n tounin pitit adoptif, yo minm koté Bondié jouinn plézi-l la, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou yo minm ki jouinn nouvo nésans apati dlo-a ak Éspri-Sin-an, antan y-ap viv tout tan nan minm Éspri-a, yo montré moun yo nouvo lavi-a, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou yo rivé dépasé pièj djab la avèk atirans vis yo, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou yo rinmin Granmèt la ak tout kè yo, nanm yo, éspri yo ak fòs yo épi prochin yo tankou yo minm, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou nou minm ki la-a, nou ofri timoun piti sa yo témouagnaj lafoua nou, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou tout fidèl Kris yo, sign koua-a yo té résévoua nan Batèm nan, yo montré-l nan conduit yo tout tan ak tout koté, an nou priyé Granmèt la.

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Invokasion Sin yo suiv.

5

220. Pou timoun piti sa yo, pou paran yo épi parinn yo épi pou tout batizé yo, an nou priyé mizérikòd Kris la.

Pou apati dlo-a ak Éspri-Sin-an, yo jouinn yon nouvo nésans nan lavi tout tan-an :

R: N-ap lapriyé-ou kouté nou.

Pou yo vi-n tounin manb vivan Égliz ou-a ki sin-an :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou Évanjil ou-a ki sin-an yo kapab kouté-l, konsèvé-l épi sèvi-l témouin :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou yo rivé ak kè kontan nan tab sakrifis ou-a :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou yo rinmin Granmèt Bondié yo-a avèk prochin-an jan ou té anségné-a :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou antan yo pran ansègnman nan paròl avèk égzanp krétyin yo, yo grandi nan sinteté avèk sajes :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou tout disip ou yo, yo toujou viv nan yon sèl lafoua ak charité :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Invokasion Sin yo suiv.

III. YON LÒT PRIYÈ ÉGZÒSISM

221. Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki té voyé sèl Pitit ou-a
pou moun nan ki prizonié nan ésklavaj péché-a
ou té padoné yo palintèmediè libèté pitit ou yo,
antan nou rabésé tèt nou, n-ap priyé-ou pou timoun piti sa yo,
pou yo minm ou konnin ki gin pou fè ékspérians atirans tè sa-a
épi pou yo batay kont pièj djab la,
gras a puisans soufrans ak réziréksion Pitit ou-a,
ou délivré yo koulié-a anba tach péché orijinèl la
ou kinbé yo san rété nan chémin lavi yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

R: Amèn.

IV. BÉNÉDIKSION ÉPI INVOKASION BONDIE SOU DLO-A

1

222. Cf. fòmul ki nan Òrdo Batèm pou pliziè timoun piti, n. 54.

2

223. **Sélébran-an** : Konpliman pou ou Bondié, Papa ki gin tout pouvoua, ou minm ki té kréyé dlo-a pou nétouayé épi pou bay lavi.

Tout moun : Konpliman pou Bondié (oubyin yon lòt aklamasyon pèp la ki adapté).

Sélébran-an : Konpliman pou ou Bondié, sèl Pitit la, Jezu-Kri, ou minm ki té fè dlo ak san koulé sot nan kòt la, pou apati lanmò-ou ak réziréksion-ou Égliz la té kapab jouinn nésans.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an : Konpliman pou ou Bondié Éspri-Sin, ou minm ki té sakré Kris la ki té batizé nan dlo Joudin-an, pou nou tout nou té batizé nan ou.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an : * Sé pou prézan koté nou, Granmèt, sèl Papa, épi sanktifié créatu dlo-a, pou, antan yo batizé nan li, moun yo lavé sot nan péché yo épi yo jouinn yon nouvo nésans nan lavi pitit adoptif ou yo.

Tout moun : Kouté nou Granmèt (oubyin lòt invokasyon ki adapté).

Sélébran-an : Sanktifié créatu dlo-a, pou, sa yo ki batizé palintèmediè-l la nan lanmò ak réziréksion Kris la, yo vi-n pran fòm nan pròp pòtré Pitit ou-a.

Tout moun : Kouté nou Granmèt.

Sélébran-an avèk min douat touché dlo-a épi li kontinué :

Sanktifié créatu dlo sa-a, pou, gras a Éspri-Sin-an, sa yo ou té chouazi yo, yo jouinn yon lòt nésans épi yo jouinn pòsion nan pèp ou-a ki sin-an.

Tout moun : Kouté nou Granmèt.

* Chak foua gin dlo Batèm nan ki déjà béni, yo soté invokasion Sé pou prézan koté nou épi sa yo ki suiv la. Sélébran-an di :

Gras a mistè dlo béni sa-a, aksépté fè sèvitè-ou yo (N. ak N.) épi sèvant ou yo (N. ak N.) yo minm ou té rélé vi-n nan bingn sa-a, antré nan nouvo nésans spirituèl la, pou yo gin lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

3

224. Sélébran-an : Papa ki bon anpil, ou minm ki apati sous Batèm nan té fè nouvo lavi pitit ou yo jayi nan nou.

Tout moun : Konpliman pou Bondié (oubyin yon lòt aklamasyon pèp la ki adapté).

Sélébran-an : Ou minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ou aksépté rasanblé tout sa ki batizé nan Pitit ou Jézu-Kri-a nan yon sèl pèp.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an : Ou minm ki gras a Éspri rinmin-ou nan, li minm ou té vidé nan kè yo, ou libéré nou, pou nou joui lapè-ou la.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an : Ou minm ki té chouazi batizé yo pou nan tout nasion yo, yo anonsé Évanjil Kris la ak kè kontan.

Tout moun : Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an : * Dlo sa-a, koulié-a aksépté béni-l ✠ li minm sèvitè-ou yo (N. ak N.) épi sèvant ou yo (N. ak N.) gin pou batizé ladan-l nan, yo minm ou té rélé pou bingn nouvo nésans la, pou yo gin lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt la.

Tout moun : Amèn.

* Chak foua gin dlo Batèm nan ki déjà béni, yo soté invokasion Dlo sa-a koulié-a aksépté béni-l, sélébran-an di :

Gras a mistè dlo sa-a ki béni-an, aksépté fè sèvitè-ou yo (**N. ak N.**) antré nan nouvo nésans spirituèl la, yo minm ou té rélé vi-nan bingn sa-a pou yo gin lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri, Grammèt nou-an.

Tout moun : Amèn.

V. AKLAMASION, IMN AK TROPÈR

Aklamasion yo pran nan liv sakré yo

225. Kilès ki sanblé avèk ou nan pami sa-k fò yo, Grammèt ? Kilès ki sanblé avèk ou, ki fè bagay ékstraòdinè nan sinteté, ki fè tranblé épi ki mérité louanj, ki fè mèvèy ? (*Égzòd 15,11*).

226. Bondié sé limiè : fènoua yo nan li pa gin okinn (*1 Jan 1, 5*).

227. Bondié sé rinmin : épi moun ki rété nan rinmin-an sé nan Bondié li rété (*1 Jan 4, 16*).

228. Yon sèl Bondié épi Papa tout moun, ki anlè tout moun épi ki atravè tout bagay épi ki nan nou tout (*Éfézyin 4, 6*).

229. Gadé nan diréksion-l épi n-a kléré (*Psòm 33, 6*).

230. Konpliman pou Bondié, li minm ki té chouazi nou nan Kris la (*cf. Éfézyin 1, 3-4*).

231. Nou sé bagay Bondié fè, kréyé nan Kris Jézu (*Éfézyin 2, 10*).

232. Nou minm nou rinmin anpil la, koulié-a sé Pitit Bondié nou yé : épi li pako parèt klè sa n-ap yé-a (*1 Jan 3, 2*).

233. Bondié té ba nou yon rinmin sitèlman gran : Sé pitit Bondié yo rélé nou é sé sa nou yé (*1 Jan 3, 1*).

234. Ala kontantman pou sa yo ki lavé rad yo nan san Mouton-an (Apokalips 22, 14).

235. Nou tout sé yon sèl nou yé nan Kris Jézu (Galat 3, 28).

236. Sé pou nou imité Bondié, sé pou nou maché nan rinmin-an minm jan Kris la té rinmin nou-an (Éfézyin 5, 1-2).

Imn dapré stil Nouvo Téstaman-an

237. Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki dapré gran mizérikòd li-a té ba nou yon lòt nésans nan éspérans ki vivan-an, gras a réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, nan éritaj ki pap gaté, ki konsèvé nan sièl yo poutèt nou minm pou sovè y-ap sovè nou-an ki gin pou yo révéle-l nan dènié tan-an (1 Piè 1, 3-5).

238. Li gran sakréman piété-a, sa yo té konnin davans la anvan tè-a fèt la, sa ki parèt klè nan dènié tan yo :
 Kris Jézu,
 ki soufri épi ki mouri nan chè-a,
 ki jouinn lavi nan Éspri-a,
 li minm yo préché bay nasion yo,
 li minm yo kouè sou tè-a,
 li minm ki pati nan sièl la,
 li minm k-ap bay moun yo kado yo,
 li minm yo pran nan gloua-a anlè tout sièl yo,
 pou-l té kapab ranpli tout bagay, alélouya (cf. 1 Timoté 3, 16).

Tropèr yo chouazi sot nan sa ki la lontan yo épi nan litiji yo

239. Nan ou nou kouè Kris :
 limiè-ou la vidé-l nan kè yo, pou nou vi-n tounin pitit limiè.

240. Koté-ou nou vini, Granmèt :
 lavi-ou la vidé-l nan nanm yo,
 pou nou vi-n tounin pitit adoptif nan ou.

241. Nan kòt ou-a, Kris, sous dlo té éklaté,
koté tach tè-a té lavé épi lavi-a té rénouvé.
242. Anlè dlo yo voua Papa-a palé, gloua Pitit la kléré,
épi rinmin Éspri-Sin-an bay lavi.
243. Égliz la ki sin-an, lonjé min épi résévoua sa-k pran nésans
yo, yo minm Éspri-Sin Bondié-a fè réviv la sot nan dlo yo.
244. Sé pou kè nou kontan, nou minm batizé yo,
véso yo chouazi nan péyi-roua-a,
nou ki antéré avèk li nan lanmò-a,
ki jouinn nouvo nésans gras a lafoua Kris la.
245. Sa-a sé fontèn lavi-a ki té lavé tout tè-a
antan-l résévoua kòmansman sot nan blès Kris la.
Éspéré péyi-roua sièl yo,
antan nou jouinn nouvo nésans nan fontèn sa-a.

VI. FÒMUL BÉNÉDIKSION FINAL

1

246. Cf. nan Òrdo Batèm pou pliziè timoun piti, n. 70.

2

247. **Sélébran-an** : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm
ki, gras a nésans Pitit li-a nan tan-an, plin tè-a nèt ak kè
kontan-an, sé pou-l béni nouvo batizé sa yo, pou yo rivé sanblé
an plin ak Kris la.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki ba
nou lavi tè-a ak lavi sièl la, sé pou-l béni papa ak manman
timoun sa yo, pou, yo minm k-ap rann gras koulié-a pou pitit
yo résévoua-a, yo rété tout tan avèk li nan aksion-d-gras la.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ba nou nouvo nésans pou lavi tout tan-an, sé pou-l béni fidèl li sa yo an kantité, pou yo toujou manb vivan pèp li-a tout tan é tout koté, épi sé pou-l bay tout moun ki prézan la-a lapè li-a.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

3

248. **Sélébran-an :** Bondié, otè lavi-a ak charité-a, li minm ki élaï kè manman yo nan pitit yo, antan li voyé jé sou manman timoun sa yo ki batizé-a, sé pou-l béni yo, pou, yo minm k-ap rann gras pou pitit yo té résévoua-a, yo kontan poutèt rinmin, progrè avèk bon kalité pitit yo.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Bondié sous ak modèl tout patènitè, sé pou-l rapousuiv papa timoun sa yo tou avèk bon kè-l pou, gras a modèl konduit yo, yo minnin pitit yo jous nan laj adult lavi krétyin-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Bondié ki rinmin tout moun, tout moun ki rasanblé koulié-a, pròch yo avèk zanmi yo, sé pou-l voyé jé sou yo ak bon kè pou li présèvé yo anba mal, pou li ba yo lapè an kantité.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

4

249. Sélébran-an : Frè-m yo, nou rimmèt nou bay pitié avèk gras Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, sèl Pitit li-a ak Sint-Éspri-a. Li minm sé pou-l protéjé lavi nou, pou, antan n-ap maché nan limiè lafoua-a, nou rivé nan byin yo li promèt la, épi nou minm tou ansanm avèk nou.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm ki ba nou lavi tè-a ak lavi sièl la sé pou-l béni papa ak manman timoun sa yo, pou, yo minm k-ap rann gras koulié-a pou pitit yo résévoua-a, yo rété tout tan avèk li nan aksion-d-gras la.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Espri-Sin-an.

Tout moun : Amèn.

Sélébran-an : Alé ak kè pozé.

Tout moun : Mèsi Bondié, mèsi.

GID

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an	7
Osijè dézièm édisyon tipik la	8

OSIJÈ INISIASION KRÉTIÈN NAN

Rémak jénéral	9
---------------------	---

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO

Sa pou yo noté anvan	16
----------------------------	----

CHAPIT I Òrdo Batèm nan pou pliziè timoun piti	24
---	----

CHAPIT II Òrdo Batèm nan pou yon sèl timoun piti	37
---	----

CHAPIT III Òrdo Batèm nan pou yon gran kantité timoun piti	49
---	----

CHAPIT IV Òrdo Batèm timoun piti yo, antan prèt la ak diak la absan, pou katéchist la sèvi avèk li	60
--	----

CHAPIT V Òrdo Batèm timoun piti yo ki nan danjé lanmò oubyin k-ap antré nan lanmò-a, pou yo anplouayé lè prèt la ak diak la absan	70
--	----

CHAPIT VI Òrdo pou poté timoun ki déjà batizé-a nan légliz la	74
--	----

CHAPIT VII Diféran tèks yo kapab sèvi ak yo nan sélébrasion Batèm timoun piti yo	81
--	----



RITUÈL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

ÒRDO KONFIRMASION-AN

ÉDISION TIPIK

1973





SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 800/71

DÉKRÈ

Kado spésial Éspri-Sin-an, sa Kris Granmèt la té promèt la épi té vidé sou Apot yo jou Pantkot la, Apot yo minm ak siksésè yo, Èvèk yo, té transmèt li bay moun ki batizé yo palintèmédiè Sakréman Konfirmasion-an. Sé gras a li inisiasion vi krétièn nan tèlman fi-n fèt, sa fè fidèl yo, antan fòs ki sot anro-a rafèmi yo, vi-n kapab montré sé témouin sinsè Kris la yo yé ni ak paròl yo ni ak égzanp yo, épi minm jan-an tou yo vi-n rataché ak Égliz la nan yon chinn ki pi séré.

Min pou « rapò séré Sakréman sa-a ginyin ak tout inisasion krétièn nan » t-a kléré pi klè, Konsil ÉkuménikVatikan II-a té bay dékrè pou yo révizé rit Konfirmasion-an.¹

Koulié-a minm, antan travay sa-a fi-n fèt épi Souvèrin Pontif la PÒL VI aprouvé-l palintèmédiè Konstitision Apostolik *Divinae consortium naturae*-a, li signin nan jou 15 out 1971 la, Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, pran souin pibliyé nouvo Òrdo Konfirmasion-an, ki doué pran plas Òrdo yo té anplouayé anvan-an nan Pontifikal ak nan Rituèl Romin-an, épi édision nouvo Òrdo sa-a l-ap fè soti koulié-a li déklaré sé modèl tipik la.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa.

Nan kay Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, nan jou 22 out ané 1971.

ARTURUS Card. TABERA

Préfè

A. BUGNINI

Sékrète

¹ Cf. Const. *Sacrosanctum Concilium*, n. 71, A.A.S. 56 (1964), p. 118.



KONSTITISION APOSTOLIK
SOU SAKRÉMAN KONFIRMASION-AN

PÒL ÉVÈK

SÈVITÈ SÈVITÈ BONDIÉ YO
POU SOUVNI TOUT TAN BAGAY LA

PATISIPASION NAN NATU BONDIÉ-A (*DIVINAE CONSORTIUM NATURAE*), sa yo bay moun yo palintèmediè gras Kris la, li gin yon résanblans ak nésans lavi natirèl la, kouasans li épi konsèvasion li. Réyéلمان, antan moun yo jouinn nouvo nésans nan Batèm nan, yo vin rafèmi nan Sakréman Konfirmasion-an épi, anfin, nan Ékaristi-a, yo fòtifié ak manjé lavi tout tan-an, yon fason pou, gras a Sakréman inisiasion krétièn yo, yo résévoua trézò lavi Bondié-a chak foua pi plis épitou yo progrèsé nan pèfeksion charité-a. Sa sètin paròl sa y osé kòrèktéman yo té ékri yo : *chè-a lavé, pou nanm nan pròpté ; chè-a grésé, pou nanm nan konsakré ; chè-a maké, pou nanm nan fòtifié ; chè-a kouvri ak inpozision min-an, pou nanm nan ak éspri-a kléré anndan ; chè-a manjé kò ak san Kris la, pou nanm nan tou nouré*.¹

Konsil Ékuménik Vatikan II-a minm, antan-l konsian fonksion pastoral li-a, té pran souin an patikilié pou Sakréman inisiasion sa yo, antan li té préskri pou yo ré révizé rit yo yon fason konvnyab épi pou yo té ajisté yo pi byin ak kapasité léspri fidèl yo. Sé poutèt sa, kòm *Ordo Batèm timoun piti yo*, sa yo rédiyé nan yon nouvo fòm dapré lòd minm Sinòd inivèsèl sa-a épi yo té édité dapré lòd nou-an, yo déja ap itilizé-l, li bon kounié-a pou yo pibliyé rit Konfirmasion-an, pou yo kapab mété inité inisiasion krétièn nan nan limiè-l.

¹ TERTULLIANUS, *De resurrectione mortuorum*, VIII, 3; CCL, 2, p. 931.

Sé tout bon vré antan y-ap révizé fason pou yo t-a sélébré Sakréman sa-a, pandan ané sa yo, yo té mété min avèk souin nan travay ak étid ; sètadi intansion-an sé té *pou rapò séré Sakréman sa-a gin yin ak tout inisiasion krétièn nan t-a kléré pi klè*.² Chinn nan minm ki maré Konfirmasion-an ak lòt mòd Sakréman sa yo, non sèlman yo vi-n fè konnin-l pi klè poutèt rit yo vi-n dispozé nan yon konéksion pi séré, min li parèt tou minm apati jès ak paròl yo, sa yo bay Konfirmasion-an minm nan avèk yo-a. Konsa, réyèlman, yo fè yon jan pou rit ak paròl Sakréman sa-a minm *éksprimé pi klè bagay sin yo vlé di yo, épi pèp krétyin-an, nan mézi sa kapab fèt, kapté yo fasilman épitou kapab patisipé plènman, aktivman nan sélébrasion-an épi nan fason ki pròp pou kominoté-a*.³

Pou rivé nan sa, Nou minm, nan révizion sa-a nou té vlé mété tou sa ki fè pati ésans rit pou konfirmé-a minm, sa palintèmédiè-l fidèl krétyin yo résévoua Éspri-Sin-an kòm Kado-a.

Nan Nouvo Téstaman-an yo montré klè kijan Éspri-Sin-an té prézan pou Kris la té akonpli fonksion mésianik la. Jézu, réyèlman, apré-l fi-n résévoua batèm Jan-an, té ouè Éspri-a k-ap désann nan li (cfr. *Mark* 1,10), ki rété sou li (cfr. *Jan* 1, 32). Sé nan minm Éspri-a réyèlman fòs ki pousé-l la soti, pou, antan-l apuiyé sou prézans li ak konkou li, li abòdé ministè Mési-a piblikman. Lè li t-ap instoui pèp Nazarèt la pou-l té sovè-l, li té fè konprann paròl profèt Izayi-a *Éspri Granmèt la sou mouin-an sé osijè-l sa té di yon fason voualé* (cfr. *Luk* 4, 17-21).

Apré sa, li té promèt disip li yo Éspri-Sin-an t-ap édé yo-minm tou, pou, minm dévan pèsékitè yo, yo té témouagné lafoua-a avèk odas (cfr. *Luk* 12, 12). Lavèy jou li tapral soufri-a minm, li bay Apot yo asirans li t-ap voyé, sot kot Papa-a, Éspri vérité-a (cfr. *Jan* 15, 26) k-ap rété avèk yo *pou tout tan* (*Jan* 14, 16) épi k-ap édé yo pou yo rivé bay témouagnaj osijè-l (cfr. *Jan* 15, 26). Anfin, apré li résisité, Kris la promèt Éspri-Sin-an pral désann prochènman : *N-ap résévoua fòs Éspri-Sin-an k-ap vini sou nou, n-ap sèvi-m témouin* (*Travay Apot yo* 1, 8 ; cfr. *Luk* 24, 49).

Réyèlman vré, nan jou fèt Pantkot la, Éspri-Sin-an té désann yon fason ékstraòdinè nèt sou Apot yo ki té réyini avèk Mari, Manman

² Cfr. CONC. VAT. II, Const. *Sacrosanctum Concilium*, 71, A. A. S. 56 (1964), p. 118.

³ *Ibid.*, n. 21, p. 106.

Jézu épi group disip yo ; lè sa-a yo té *ranpli* avèk li (*Travay Apot yo 2, 4*), yon fason pou, antan souf Bondié-a ap pousé yo, yo té anonsé *mèvèy Bondié yo*. Piè tou té gin Éspri-a, ki té désann konsa tou sou Apot yo, kado tan mésonianik la (cfr. *Travay Apot yo 2, 17-18*). Lè sa-a yo té batizé sa yo ki té kouè nan prédikasyon Apot yo, épi sa yo tou té résévoua *kado Éspri-Sin-an* (*Travay Apot yo, 2, 38*). Apati tan sa-a, Apot yo, antan y-ap fè volonté Kris la, kado Éspri-a, sa ki konplété gras Batèm nan, yo té bay nouvo batizé yo li ak inpozision min yo (cfr. *Travay Apot yo 8, 15-17 ; 19, 5 s.*). Sitèlman nan Lèt pou Ébré yo, nan pami premié éléman fòmasyon krétièn nan, yo mété ansègnman sou batèm yo ak inpozision min yo tou (cfr. *Ébré 6, 2*). Nan inpozision min sa-a apati tradision katolik la yo gin rézon rékonèt kòmansman Sakréman Konfirmasion-an ki fè gras Pantkot la kontinué rété yon sètèn fason nan Égliz la.

Sé la yo montré inpòtans spésial Konfirmasion-an pou inisiasion sakramantèl la, koté fidèl yo *tankou manb vivan Kris la, yo vi-n fè pati kò li épi gin résanblans li palintèmediè Batèm nan épitou palintèmediè Konfirmasion-an ak Ékaristi-a*.⁴ Nan Batèm nan, nouvo batizé yo résévoua padon péché yo, adopsion pitit Bondié yo épi mak karaktè Kris la, ki fè yo antré nan Égliz la épi toudabò yo vi-n patisipé nan sasèrdòs Sovè yo-a (cfr. *1 Piè 2, 5 é 9*). Palintèmediè Sakréman Konfirmasion-an, sa-k jouinn nouvo nésans nan Batèm nan résévoua Kado yo pa kapab palé-a, Éspri-Sin-an li minm, ki *anrichi yo ak yon fòs spésial*,⁵ épi antan yo maké ak karaktè minm Sakréman sa-a, *yo vi-n gin rapò ki pi apouin ak Égliz la*⁶ épi yo *vi-n gin obligasion pi séré pou fè konnin lafoua-a épi défann li an minm tan kòm vrè témouin Kris la nan paròl ak nan aksion*.⁷ Anfin Konfirmasion-an tèlman fè youn ak Sint Ékaristi-a,⁸ sa fè fidèl yo, ki déjà maké ak Batèm ki sakré-a épi Konfirmasion-an, yo fè yo vi-n antré nèt nan Kò Kris la palintèmediè patispasyon nan Ékaristi-a.⁹

⁴ Cfr. CONC. VAT. II, Decr. *Ad Gentes divinitus*, n. 36, A. A. S. 58 (1966), p. 983.

⁵ CONC. VAT. II, Const. dogm. *Lumen Gentium*, n. 11, A. A. S. 57 (1965), p. 15.

⁶ *Ibid.*

⁷ *Ibid.*, cfr. Decr. *Ad Gentes divinitus*, n. 11, A. A. S. 58 (1966), pp. 959-960.

⁸ Cfr. CONC. VAT. II, Decr. *Presbyterorum Ordinis*, n. 5, A. A. S. 58 (1966), p. 997.

⁹ Cfr. *Ibid.*, pp. 997-998.

Kominikasion don Éspri-Sin-an déja nan tan lontan sé avèk diféran rit yo té réalizé-l nan Égliz la. Poutan an Orian kòm an Oksidan yo té gin anpil chanjman, min yon fason pou yo konsèvé signifikasion kominikasion Éspri-Sin-an.

Nan pliziè rit an Orian déja dépi lontan pou kominiké Éspri-Sin-an yo ouè sé sitou ak rit krismasion-an ki pa-t ko distingé klèman ak Batèm nan.¹⁰ Rit sa-a jous jodi-a gin fòs kot pliziè nan Égliz Oriental yo.

An Oksidan yo jouinn témouagnaj ki ansyin anpil osijè pati inisiasion krètièn nan, koté, an apré, yo té kapab rékonèt Sakréman Konfirmasion-an yon fason byin distingé. Réyèlman apré bingn Batèm nan épi anvan répa ékaristik la, yo indiké pliziè bagay yo gin pou fè, tankou onksion-an, inpozision min-an épi maké ak sign nan,¹¹ sa yo jouinn ni nan dokiman litijik yo¹² ni nan anpil témouagnaj Pèr yo. Apati la, nan déroulman sièk yo, gin késion ak dout ki soti osijè sa-k t-a fè pati ésans rit pou konfirmé-a yon fason ki sètèn. Min li bon pou fè sonjé omouin sa yo ki, dépi trèzièm sièk la nan Konsil Ékuménik yo épitou nan Dokiman Souvèrin Pontif yo, té kontribiyé anpil pou montré inpòtans krismasion-an, min yon fason, pou yo pa bliyé inpozision min yo.

¹⁰ Cfr. ORIGENES, *De Principiis*, I, 3, 2; GCS 22, p. 49 sq.; *Comm. in Ep. ad Rom.*, V, 8; PG 14, 1038; CYRILLUS HIEROSOLYMITANUS, *Catech.* XVI, 26; XXI, 1-7; PG 33, 956; 1088-1093.

¹¹ Cfr. TERTULLIANUS, *De Baptismo*, VII-VIII: CCL 1, p. 282 sq.; B. BOTTE, *La tradition apostolique de Saint Hippolyte*: Liturgiewissenschaftliche Quellen und Forschungen, 39, Münster in W., 1963, pp. 52-54; AMBROSIIUS, *De Sacramentis*, II, 24; III, 2, 8; VI, 2, 9: CSEL 73, pp. 36, 42, 74-75; *De Mysteriis*, VII, 42: *ibid.*, p. 106.

¹² *Liber Sacramentorum Romanae Aeclesiae Ordinis Anni circuli*, ed. L. C. MOHLBERG (*Rerum Ecclesiasticarum Documenta, Fontes, IV*), Roma 1960, p. 75; *Das Sacramentarium Gregorianum nach dem Aachener Ur exemplar*, ed. H. Lietzmann (Liturgiegeschichtliche Quellen, 3), Münster in W., 1921, p. 53 sq.; *Missale Gallicanum Vetus*, ed. L. C. MOHLBERG (*Rerum Ecclesiasticarum Documenta, Fontes, III*), Roma 1958, p. 42; *Missale Gothicum*, ed. L. C. MOHLBERG (*Rerum Ecclesiasticarum Documenta, V*), Roma, 1961, p. 67; C. VOGEL-R. ELZE, *Le Pontifical Romano-Germanique du dixième siècle, Le Texte, II (Studi e Testi, 227)*, Città del Vaticano, 1963, p. 109; M. ANDRIEU, *Le Pontifical Romain au Moyen-Age*, t. 1, *Le Pontifical Romain du XIIe siècle (Studi e Testi, 86)*, Città del Vaticano, 1938, pp. 247 sq et 289; t. 2, *Le Pontifical de la Curie Romaine au XIIIe siècle (Studi e Testi, 87)*, Città del Vaticano, 1940, pp. 452 sq.

Inosan III, Prédésésè Nou-an, té ékri sa-a : *Palintèmediè krismasion fron-an sé inpozision min-an yo dézigné, sa yo di ak lòt non konfirmasion-an, paské palintèmediè-l yo ogmanté épi yo rafèmi Éspri-Sin-an.*¹³ Inosan IV minm, li minm tou Prédésésè Nou-an, fè sonjé Apot yo té bay Éspri-Sin-an *palintèmediè inpozision min-an, sa konfirmasion-an oubyin krismasion sou fron-an réprézanté-a.*¹⁴ Nan profésion lafoua anpèrè Michèl Paléològ la, sa yo té li nan Konsil Lion II-a, yo mansioné Sakréman Konfirmasion-an, sa yo bay *palintèmediè inpozision min Évèk yo, antan yo pasé krèm nan sou sak réfèt yo.*¹⁵ Dékrè pou Arményin yo, sa Konsil Florans-la té bay la, déklaré *matiè Sakréman Konfirmasion-an sé krèm nan yo fè ak luil... épi pafin (balsamo),*¹⁶ épitou, apré li fi-n rapòtè paròl Travay Apot yo osijè Piè ak Jan ki té bay Éspri-Sin-an ak inpozision min yo (cfr. *Travay Apot yo 8, 17*), li ajouté : *Min nan plas inpozision min sa-a nan Égliz la yo bay konfirmasion-an.*¹⁷ Konsil Trant la, minmsi li pa-t gin intansion ditou détèminé rit ésansièl Konfirmasion-an, poutan li dézigné-l sèlman ak non ‘sakré konfirmasion ak krèm-nan’.¹⁸ Benoua XIV té désidé sa-a : *Konsa, sa yo kapab di ki andéyò tout diskision, sèkè : sa sètin nan Égliz lati-n nan yo bay Sakréman Konfirmasion-an, antan yo anplouayé Sin Krèm sètadi Luil Oliv ki mélanjé ak Pafin (Balsamo) épi Évèk la béni, antan yo trasé sign Koua-a palintèmediè Minis Sakréman-an nan fron sa k-ap résévoua-l la, antan minm Minis la prononsé paròl fòmul la.*¹⁹

Anpil savan nan sakré téoloji-a, antan yo konsidé déklarasion ak tradision sa yo, té prêtann pou bay Konfirmasion-an validman sé sèlman onksion krèm nan sou fron-an apré yo fè inpozision min-an ki

¹³ Ep. « *Cum venisset* » : PL 215, 285. *Professio fidei ab eodem Pontifice Waldensibus imposita haec habet : Confirmationem ab episcopo factam, id est impositionem manuum, sanctam et venerande accipiendam esse censemus* : PL 215, 1511.

¹⁴ Ep. « *Sub Catholicae professione* » : MANSI, *Conc. Coll.*, t. 23, 579.

¹⁵ MANSI, *Conc. Coll.*, t. 24, 71.

¹⁶ *Epistolae Pontificiae ad Concilium Florientinum spectantes*, ed. G. HOFMANN, *Concilium Florentinum*, vol. I, ser. A., pars II, Roma 1944, p. 128.

¹⁷ *Ibid.*, p. 129.

¹⁸ *Concilii Tridentini Actorum pars altera*, ed. S. EHSSES, *Concilium Tridentinum*, V. Act. II, Friburgi Br., 1911, p. 996.

¹⁹ Ep. « *Ex quo primum tempore* », 52 : *Benedicti XIV... Bullarium*, t. III, Prati, 1847, p. 320.

té nésèsè ; poutan nan Égliz Lati-n nan yo té toujou préskri rit inpozision min yo anvan krismasion-an sou sa y-ap konfirmé yo.

Min pou sa ki konséné paròl rit pou kominiké Éspri-Sin-an, sé pou yo rémaké déja lè Égliz la t-ap pran nésans, Piè ak Jan, pou konplété inisiasion sa yo té batizé nan Samari-a, yo té priyé pou yo, pou yo té résévoua Éspri-Sin-an épi lè sa-a yo té inpozé min sou yo (cfr. *Travay Apot yo 8, 15-17*). An Orian nan katriyèm ak sinkiyèm sièk nan rit krismasion-an premié tras paròl sa yo parèt : *sign kado Éspri-Sin-an*.²⁰ Paròl sa yo tousuit yo résévoua yo nan égliz Konstantinòpl la, épitou jous kounié-a yo anplouayé yo nan égliz rit Bizantin yo.

An Oksidan minm, paròl rit k-ap konplété Batèm nan, yo mouins détèminé jous nan douzièm ak trèzièm sièk. Min nan Pontifikal Romin douzièm sièk la premié foua yo jouinn fòmul la ki pral vi-n komin apré sa-a : *Mouin maké-ou ak sign koua-a épi mouin konfirmé-ou ak krèm k-ap sové nou-an. O non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an*.²¹

Apati sa yo nou raplé pou souvni-an, li klè nan aksion pou konfirmé-a nan Orian ak nan Oksidan, pou diféran rézon valab, premié plas la sé krismasion-an ki té kinbé-l, sa ki réprézanté inpozision min Apot yo nan yon sètèn fason. Kòm donk onksion krèm sa-a indiké kòrèktéman onksion spirituèl Éspri-Sin-an yo bay fidèl yo, Nou minm nou vlé konfirmé égzistans li ak inpòtans li.

Pou sa ki konséné paròl yo, sa yo prononsé nan krismasion-an, nou kinbé nan minm konsidérasion-an dignité fòmul vénérab yo anplouayé nan Égliz Lati-n nan ; min nou désidé préféré fòmul ki ansyin anpil ki pròp pou rit Bizantin-an, sa-k éksprimé Kado Éspri-Sin-an li-minm nan, épi ki raplé vidé Éspri-a té vidé jou Pantkot la (cfr. *Travay Apot yo 2, 1-4 é 38*). Fòmul sa-a donk, antan yo rann li préské mo pou mo, nou aksépté-l.

²⁰ Cfr. CYRILLUS HIEROSOLYMITANUS, *Catech. XVIII*, 33: PG 33, 1056; ASTERIUS, Episcopus Amasenus, *In parabolam de filio prodigo*, in « Photii Bibliotheca », Cod. 271: PG 104, 213. Cfr. etiam *Epistola cuiusdam Patriarchae Constantinopolitani ad Martyrium Episcopum Antiochenum*: PG 119, 900.

²¹ M. ANDRIEU, *Le Pontifical Romain au Moyen-Age*, t. 1. *Le Pontifical Romain du XIIIe siècle: (Studi e Testi, 86)*, Città del Vaticano, 1938, p. 247.

Sé poutèt sa, pou révizion rit Konfirmasion-an kapab konsèné yon fason konvnyab minm ésans rit sakramantèl la, ak Suprèm Otorité Apostolik Nou, nou désidé épi nou établi pou sa ki suiv yo, nan Égliz Lati-n nan an apré yo konsèvé yo :

SAKRÉMAN KONFIRMASION-AN YO BAY LI PALINTÈMÉDIÈ ONKSION KRÈM NAN SOU FRON-AN, KI FÈT AK INPOZISION MIN-AN ÉPI PALINTÈMÉDIÈ PARÒL : « RÉSÉVOUA SIGN KADO ÉSPRI-SIN-AN ».

Kanta inpozision min yo sou sa yo chouazi yo, sa yo fè avèk priyé yo préskri-a anvan krismasion-an, minmsi li pa fè pati ésans rit sakramantèl la, poutan yo doué konsidéré-l anpil, paské éféktivman li poté sa-k fè minm rit la vi-n apouin an antié épi konpréansion Sakréman-an pi afon. Sa klè inpozision min yo sa-a, ki vini anvan, li diféran parapò a inpozision yon min-an, sa-k fè onksion krèm nan sou fron-an.

Antan tout bagay sa yo osijè rit ésansièl Sakréman Konfirmasion-an fi-n établi épi déklaré, *Ordo* minm Sakréman sa-a tou Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an révizé - antan-l pran konsèy ak Sakré Kongrégasion pou Doktri-n Lafoua-a, pou Disipli-n Sakréman yo ak pou Évanjélizasion Pèp yo pou késion ki anba konpétans yo, - Nou minm ak Otorité Apostolik Nou, nou aprouvé-l. Édision latin *Ordo* sa-a ki gin nouvo fòm nan, tousuit lè-l soti l-ap antré an vigè, kanta édision nan lang pèp yo antan Konférans Épiskopal yo préparé yo épi Sièj Apostolik la aprouvé yo, y-ap kòmansé antré an vigè jou chak Konférans Épiskopal établi-a, ; kanta ansyin *Ordo*-a jouskalafin ané 1972 la yo kapab sèvi avèk li. Sèlman apati jou prémié mé 1973 sé ak nouvo *Ordo*-a sèlman pou tout moun sa konsèné yo sèvi.

Sa nou établi épi nou préskri nan Égliz Lati-n nan, nou vlé pou koulié-a épi apré li solid épi pou yo mété-l an pratik, san anyin pa anpéché, nan mézi sa t-a kapab fèt, nan Konstitision ak Règléman Apostolik Prédésésè Nou yo té fè, épi nan lòt préskripsion, minm sa ki t-a mérité mansion spésial.

Yo bay li a-Ròm, bò kot Sin Piè, jou 15 moua out la, nan Asonpsion Trè Sint Vièj Mari, ané 1971, névièm nan Pontifika nou.

Pap PÒL VI

ÒRDO KONFIRMASION-AN

SA POU YO NOTÉ ANVAN

I. DIGNITÉ KONFIRMASION-AN

1. Batizé yo kontinué rout inisiasion krétièn yo gras a sakrèman Konfirmasion-an koté yo résévoua Éspri-Sin-an yo té vidé-a, sa Granmèt la té voyé sou Apot yo jou Pantkot la.
2. Kado Éspri-Sin sa-a fè fidèl yo vi-n sanblé pi byin ak Kris la épi yo rafèmi ak fòs pou yo kapab rann Kris la témouagnaj pou konstoui Kò li-a nan lafoua-a ak rinmin-an. Nan yo réyèlman karaktè-a, sètadi mak sign Granmèt la, maké yon tèl fason pou li pa posib pou yo bay sakrèman Konfirmasion-an yon lòt foua.

II. FONKSION YO AK MINISTÈ YO NAN SÉLÉBRASION KONFIRMASION-AN

3. Sé pèp Bondié-a nan pi ro pouin ki responsab préparasion moun ki batizé yo pou yo résévoua sakrèman Konfirmasion-an. Pastè yo minm sé yo ki pou pran souin pou tout batizé yo rivé nan inisiasion krétièn nan an plin, épi poutèt sa yo préparé yo pou Konfirmasion-an avèk gran souin.

Katékumèn adult yo, ki doué résévoua Konfirmasion-an tousuit apré Batèm nan, profité konkou kominoté krétièn nan sitou ak fòmasyon-an, sa yo ba yo pandan tan katékuména-a, travay koté katéchist yo patisipé ni parinn yo ak manb Égliz lokal la, nan katéchèz ak sélébrasion rituèl an komin yo. Mòd òganizasion katékuména sa-a li konvnan pou yo adapté-l pou sa yo ki té batizé antan yo ti bébé épi sé sèlman nan laj adult la yo rivé nan Konfirmasion-an.

Min sé paran krétyin yo ki doué jénéralman bay tèt yo pou pran souin inisiasion pitit yo nan vi sakramantèl la, soua antan yo fòmé éspri lafoua-a nan yo épi yo fè-l grandi ofiamézi, soua kèk foua avèk èd fòmètè yo k-ap pran souin fòmasyon katéchètik la, antan yo préparé yo pou résévoua sakrèman Konfirmasion-an ak Ékaristi-a avèk frui. Yo montré fonksion paran yo ginyin-an tou palintèmediè patisipasion aktif yo nan sélébrasion sakrèman yo.

4. Sé pou yo pran souin pou yo bay aksion sakré-a yon karaktè fèt épi solanité, sa signifikasion-l pou Égliz lokal la gin ladan-l nan ; yo rivé jouinn sa sitou si yo rasanblé tout kandida yo nan yon sélébrasion an komin. Sé tout pèp Bondié-a, fanmi sa-k gin pou konfirmé yo ak zanmi yo épi réprézantan manb kominoté lokal la pou yo invité vi-n patisipé nan sélébrasion sa-a ; épitou k-ap fè èfò manifésté lafoua li gras ak frui yo, sa Èspri-Sin-an produi nan li-a.

5. Nòmalmán sé pou parinn chak moun k-ap konfirmé prézan, sé li minm ki pou kondui yo al résevoua sakréman-an épi ki pou prézanté yo bay minis Konfirmasion-an pou onksion sakré-a, épitou, apré sa édé yo pou yo suiv fidèlman jous nan bout promès yo té fè nan Batèm nan, dapré Èspri-Sin-an yo té résevoua-a.

Antan yo fè atansyon sikonstans pastoral jodi-a, li bon pou parinn Batèm nan, si li prézan, pou-l t-a parinn Konfirmasion-an tou, antan yo abrojé kanon 796, 1. Konsa réyèlman y-ap montré pi klè konéksion ant Batèm nan ak Konfirmasion-an, antan yo fè fonksion ak ròl parinn nan vi-n pi éfikas.

Min sa pa doué anpéché nan anyin posibilite pou chouazi yon parinn pròp pou Konfirmasion-an. Sa kapab fèt tou pou sé paran yo minm ki prézanté pròp pitit yo. Òrdinè koté-a minm, antan-l fè atansyon bagay yo ak sikonstans koté yo, li doué établi ki fason pou aji yo doué kinbé nan diosèz li.

6. Pastè nanm yo doué pran souin pou parinn nan, sa k-ap konfirmé-a oubyin fanmi li chouazi-a, li gin kapasité spirituèlman pou ròl li aksépté joué-a épi li gin kalité sa yo :

a) li gin asé maturité pou-l ranpli fonksion-an ;

b) li fè pati Égliz katolik la, épi li inisié nan toua sakréman Batèm, Konfirmasion ak Ékaristi-a ;

c) okinn rézon nan doua-a pa anpéché-l ranpli ròl parinn nan.

7. Minis Konfirmasion-an dapré oriji-n nan sé Évèk la. Sakréman-an nòmalmán sé li minm minm ki pou administré-l, konsa l-ap ranvouayé pi klèman nan premié vidé yo té vidé Èspri-Sin-an nan jou Pantkot la. Réyèlman apré yo té fi-n ranpli ak Èspri-Sin-an, Apot yo pèsonèlman, palintèmediè inpozision min yo, té transmèt Li bay fidèl yo. Konsa résépsion Èspri-Sin-an palintèmediè ministè Évèk yo montré rapò séré-a ki fè konfirmé yo fè youn ak Égliz la, épitou lòd yo résevoua sot nan Kris la pou yo rann témouagnaj pami lèzòm.

An plis Évèk la, doua-a minm bay moun sa yo kapasité pou konfirmé-a :

a) Administratè Apostolik la, ki pa Évèk, Préla oubyin Abé « nullius » la, Vikè ak Préfè Apostolik la, Vikè Kapitulè-a, anndan limit téritoua yo-a épi nan tan fonksion-an diré ;

b) prèt la ki gin yon fonksion yo ba li yon fason léjitim, k-ap batizé yon adult oubyin yon timoun ki rivé nan laj katéchèz, oubyin k-ap admèt yon adult ki déja batizé validman nan plèn kominion Égliz la ;

c) Nan danjé lanmò, nan mézi Évèk-la pa kapab vini ak fasilite oubyin gin yon anpèchman léjitim, moun sa yo ki suiv la : kuré parouas la ak vikè parouasial la, lè yo absan, vikè kooperatè yo ; prèt yo k-ap dirijé yon parouas patikilié ki établi jan sa doué fèt ; vikè ékonòm nan ; vikè ranplasan-an épi vikè oksiliè-a.¹ Min lè tout moun yo sot di yo absan, tout prèt ki pa maré ak okinn sanksion (sansur) oubyin pèn kanonik.

8. Pou yon vrè nésésité ak pou yon kòz spésial, tankou sa rivé pafoua poutèt gran kantité moun ki pou konfirmé yo, minis Konfirmasion-an, sa yo di nan n. 7 la, épi minis ékstraòdinè ki gin yon privilèj patikilié Sièj Apostolik la oubyin doua-a établi, kapab asosyé kèk prèt avèk li pou-l administré sakrèman-an.

Sa nésésè pou prèt sa yo :

a) soua yo gin yon fonksion oubyin yon ròl spésial y-ap ranpli nan diosèz la, sètadi yo sé soua Vikè jénéral, soua Vikè oubyin délégé épiskopal, soua Vikè distrikt oubyin réjion,² soua moun Òdinè-a mandaté ki égal moun ki ginyin-l apati fonksion yo-a ;

b) soua yo kuré parouas koté y-ap bay Konfirmasion-an, oubyin kuré parouas koté sa y-ap konfirmé yo soti, oubyin prèt ki té travay yon fason spésial nan préparasion katéchetik sa y-ap konfirmé yo.

III. SÉLÉBRASION SAKRÉMAN-AN

9. Sakrèman Konfirmasion-an yo bay li palintèmediè onksion krèm nan sou fron-an, ki fèt ak inpozision min-an épi palintèmediè paròl : **Résévoua sign kado Éspri-Sin-an.**

Kanta inpozision min yo, sa yo fè sou sa-k pou konfirmé yo avèk priyé **Deus omnipotens** la (**Bondié ki gin tout pouvoua-a**), minmsi li pa fè pati kominikasion valid sakrèman-an, poutan li édé anpil pou rivé jouinn sa-k fè rit la vi-n apouin an antié épi konpréansion sakrèman-an pi afon.

Prèt yo, sa-k asosyé pafoua ak minis prinsipal la pou bay sakrèman-an, yo fè inpozision min yo ansanm avèk li sou tout kandida yo an minm tan, min antan yo pa di anyin.

¹ Cf. *Canones* 451, 471, 476, 216 § 4, 472, 474, 475.

² Cf. *Can.* 217, § 1.

Tout rit la prezanté dé signifikasion. Palintèmediè inpozision min yo sou sa-k pral konfirmé yo, sa Èvèk la ak prèt konsélébran yo fè-a, yo éksprimé jès biblik la koté yo rélé kado Èspri-Sin-an, nan yon fason ki byin adapté pou konpréansion pèp krétyin-an. Nan onksion krèm nan ak nan paròl yo ki akonpagné-l la, yo signifié klèman éfè kado Èspri-Sin-an. Ak luil bon lodè-a ki maké-l palintèmediè min Èvèk la, batizé-a réservoua karaktè ki pap éfasé-a, mak sign Granmèt la, ansanm ak kado Èspri-a ki fè li vi-n sanblé ak Kris la ak plis pèfèksion, épi ki ba li gras pou-l gayé « bon lodè »-a pami moun yo.

10. Sin Krèm nan, Èvèk la konsakré-l nòmalmman nan Mès yo sélébré pou sa jédi Sémèn sint la.

11. Katékumèn adult yo ak timoun y-ap batizé ki rivé nan laj katéchèz, lè yo réservoua Batèm nan, abituèlman sé pou yo admèt yo an minm tan tou pou Konfirmasion-an ak Ékaristi-a. Si sa pa kapab fèt, y-a réservoua Konfirmasion-an nan yon lòt sélébrasion an komin (cf. n. 4). Sé nan yon sélébrasion an komin tou pou, adult ki té batizé lè yo ti bébé, yo réservoua yo nan Konfirmasion ak Ékaristi-a, apré yo préparé yo yon fason konvnb.

Pou sa ki konsèné timoun yo, nan Égliz lati-n nan yo ranvouayé administrasion Konfirmasion-an an jénéral pou lè yo gin alantou sèt ané. Min pou rézon pastoral, sitou pou rivé byin gravé ak plis fòs nan lavi fidèl yo obéyisans pou Kris Granmèt la épi témouagnaj solid li-a, Konfèrans Èvèk yo kapab désidé laj yo konsidéré ki pi kòrèk la, yon fason pou yo bay sakréman sa-a nan yon laj ki gin plis maturité apré yon fòmasion konvnb.

Nan ka sa-a, sé pou yo pran prékosion yo doué pran yo pou, si danj lanmò oubyin kèk lòt difikilté grav t-a rivé, yo konfirmé timoun yo nan yon tan ki konvnb, minm anvan yo sèvi ak rézon yo, pou yo pa manké byinfè sakréman-an.

12. Pou réservoua Konfirmasion-an yo mandé pou moun nan batizé. An plis, si fidèl la sèvi ak rézon li, yo mandé, pou-l kapab nan kondision lagras, pou yo instoui-l yon fason konvnb pou-l kapab rénouvlé promès Batèm li yo.

Konfèrans Èvèk yo gin dévoua pou détèminé pi an détay mouayin pastoral yo pou kandida yo, sitou timoun yo, yo byin préparé yo pou Konfirmasion-an.

Pou sa ki konsèné adult yo minm, sé pou yo obsèvé, antan yo adapté yo dapré avantaj, prinsip yo ki an vigè nan chak diosèz pou admèt katékumèn yo nan Batèm nan ak Ékaristi-a. Sé pou yo prévoua sitou pou gin yon katéchèz adapté ki vini anvan épi pou kontak kandida yo avèk kominoté krétyèn nan é avèk chak fidèl bay bon rézilta ki sifizan pou kapab ofri yo konkou ki konvnb, pou yo suiv fòmasion kandida yo minm épi pou yo kapab rann yo témouagnaj osijè vi krétyèn nan ak égzèsis apostola-a, épitou

pou sé tout bon vré yo anvi patisipé nan Ékaristi-a (cf. *Sa pou yo noté anvan* osijè Inisiasion krétièn adult yo, n. 19).

Préparasion adult ki batizé yo pou Konfirmasion-an, kèk fouda li koincidé ak préparasion yo pou Mariaj la. Chak fouda, nan ka sa yo, yo t-a prévoua kondision yo mandé pou résévoua Konfirmasion-an avèk frui pa kapab ranpli, Òrdinè koté-a va jijé si sa bay plis avantaj pou Konfirmasion-an li minm yo répoté-l pou yon tan apré Mariaj la.

Konsa tou si Konfirmasion-an yo bay fidèl ki joui izaj rézon yo épi ki panché nan danjé lanmò, sé pou anvan yo mété préparasion spirituèl ki konvnab pou chak ka, jan sa kapab fèt.

13. Konfirmasion-an, abituèlman, sé nan Mès pou yo fè-l, pou montré ak plis limiè konéksion fondamantal sakrèman sa-a ak tout inisiasion krétièn nan, ki rivé nan pouint tèt li nan Kominion kò ak san Kris la. Pou rézon sa-a, sa yo konfirmé yo patisipé nan Ékaristi-a, ki fè inisiasion krétièn yo-a fi-n apouin nèt.

Min si sa y-ap konfirmé yo sé timoun ki poko résévoua Trè Sint Ékaristi-a ni yo pap admèt yo pou premié Kominion-an nan aksion litijik la, oubyin si kèk sikonstans patikilié konséyé sa, y-ap fè li andéyò Mès la. Chak fouda minm y-ap fè Konfirmasion-an san Mès la, sé pou yo mété sélébrasion paròl Bondié-a anvan.

Chak fouda y-ap fè Konfirmasion-an anndan Mès la li bon pou sé minis Konfirmasion-an li minm ki sélébré Mès la, plis toujou ki konsélébré-l, sitou avèk prèt ki pétèt asosié avèk li nan administré sakrèman-an.

Si sé yon lòt k-ap sélébré Mès la, li konvnab pou Évèk la prezidé litiji paròl la, koté li fè tout bagay ki konsènè sélébran-an abituèlman, épi nan fin Mès la li bay bénédikcion-an.

Sé pou yo insisté anpil sou sélébrasion paròl Bondié-a, sé la rit Konfirmasion-an kòmansé. Réyèlman sé apati paròl Bondié-a yo kouté-a diféran aksion Éspri-Sin-an vi-n koulé nan Égliz la épi nan chak moun ki batizé yo sètadi ki pral konfirmé yo, sé li tou ki manifésté volonté Bondié nan vi krétièn nan.

Sé yon gran inpòtans tou pou yo bay résitasion priyé Granmèt la, sa moun ki pral konfirmé yo fè ansanm ak pèp la, soua nan Mès la anvan Kominion-an soua andéyò Mès la anvan bénédikcion-an, paské sé Éspri-a li minm k-ap priyé nan nou, épi krétyin-an di nan Éspri-a : « Abba, Papa ».

14. Non minis la, konfirmé yo, paran yo ak parinn yo, jou-a ak koté yo fè Konfirmasion-an, sé pou kuré parouas la inskri yo nan yon liv spésial, an plis rémak nan liv batizé yo ki doué fèt dapré règlèman doua-a.

15. Si pròp kuré parouas moun ki konfirmé-a pa prézan, sé pou minis la oubyin li minm pèsoneleman oubyin palintèmediè yon lòt pi vit li kapab sètifié-l osijè Konfirmasion yo té bay la.

IV. ADAPTASION YO KAPAB FÈ NAN RIT KONFIRMASION-AN

16. Konfèrans Évèk yo gin konpétans, dapré Konsititision osijè sakré Litiji-a (art. 63 b), pou yo préparé nan Rituèl patikilié yo tit ki korésponn ak tit osijè Konfirmasion-an nan Pontifikal Romin-an, ki ranjé dapré nésésité chak réjion yo, pou, apré Sièj Apostolik la fi-n révizé désizyon yo, yo kapab sèvi ak yo nan réjion koté sa korésponn.³

17. Konfèrans Évèk yo doué konsidéré nan ki mézi, antan yo fè atansyon koté yo ak sikonstans yo épitou mantalité ak tradisyon pèp yo, sa bay avantaj pou :

a) adapté fòmul yo yon fason konvnan, sa ki sèvi pou rénovlé promès ak profésion Batèm yo, soua antan yo kinbé tèks la minm ki nan Òrdo Batèm nan, soua antan yo akomodé fòmul la li minm pou li kapab korésponn pi byin ak kondisyon sa yo pral konfirmé yo ;

b) introdui yon lòt fason pou bay lapè-a, sa minis la bay apré onksion-an, soua pou chak konfirmé soua pou yo tout an minm tan.

18. Minis la minm, dapré chak ka épi antan-l fè atansyon kondisyon sa y-ap konfirmé yo, kapab introdui kèk avètisman nan rit la, épitou ranjé sa ki déja la yo yon fason konvnan, parérganp antan li propozé yo sou fòm dialòg, sitou avèk timoun yo, etc.

Lè Konfirmasion-an sé yon minis ékstraòdinè ki bay li, soua dapré yon konsésion doua jénéral la oubyin poutèt yon privilèj Sièj Apostolik la, li konvnan pou li minm nan oméli-a li mansioné Évèk la ki minis sakréman-an dapré oriji-n nan, épitou pou li montré rézon ki fè yo kapab bay prêt yo tou fakilté pou yo konfirmé dapré doua-a oubyin dapré privilèj Sièj Apostolik la.

V. SA YO DOUÉ PRÉPARÉ

19. Pou administré Konfirmasion-an sé pou yo préparé :

a) vètman sakré, sa yo doué ginyin pou sélébrasion Mès la soua pou Évèk la, soua, si yo prézan, pou prêt yo k-ap édé-l la, lè yo bay Konfirmasion-an anndan Mès la, sa yo minm y-ap konsélébré-a ; si sé yon

³ Cf. *Ordo Baptismi parvulorum*, (Typis Polyglottis Vaticanis 1969), Praenotanda generalia de Initiatione christiana, nn. 30-33, pp. 12-13.

lòt ki sélébré Mès la, li konvnab pou minis Konfirmasion-an épi prèt ki asosié avè-l nan administré sakréman-an, yo patisipé nan Mès la antan yo abiyé ak vètman sakré yo préskri pou bay Konfirmasion-an, sètadi ob, étòl épi, pou minis Konfirmasion-an, chap la ; vètman sa yo, yo mété yo minm lè sé andéyò Mès la y-ap bay Konfirmasion-an.

b) chèz pou Évèk la, épi pou prèt k-ap édé-l yo ;

c) véso (youn oubyin pliziè) pou sin Krèm nan ;

d) Pontifikal Romin-an oubyin Rituèl la ;

e) sa ki nésésè pou sélébrasion Mès la épi, si y-ap distribiyé Kominion sakré-a sou fòm sa-a, pou Kominon sou toulèdé éspès yo, lè yo bay Konfirmasion-an anndan Mès la ;

f) sa ki nésésè pou lavé min yo apré onksion sa y-ap konfirmé yo.

CHAPIT I

ÒRDO POU BAY KONFIRMASION-AN ANNDAN MÈS LA

20. Yo fè litiji paròl la dapré règléman rubrik yo. Léktu yo minm yo kapab pran yo, soua tout soua yon pati, oubyin nan Mès jou-a oubyin nan tèks yo propozé nan Òrdo léktu Mès yo (nn. 763-767) épi yo noté pi louin-an (nn. 61-65).

21. Apré yo fi-n di Évanjil la, Évèk la (épi prèt ki asosié avèk li yo) chita nan chèz ki préparé pou yo-a. Sa yo pral konfirmé yo, kuré parouas la prezanté yo oubyin yon lòt prèt oubyin diak la oubyin minm katéchist la, dapré abitud chak réjion, nan fason sa-a : chak moun ki pral résévoua konfirmasion-an, si sa kapab fèt, yo rélé non-l, épi yo chak avansé koté ki rézèvé pou prèt yo ; min si sé timoun, sé youn nan parinn yo oubyin youn nan paran yo ki minnin yo, épi yo kanpé dévan sélébran-an.

Si sa yo pral konfirmé yo anpil, yo pa rélé yo ak non yo ; min yo dispozé yo nan plas konvnanb dévan Évèk la.

Oméli-a sètadi konvèsasion-an

22. Lè sa-a atò Évèk la fè yon oméli tou kout koté, antan li ékspliké sa yo sot li yo, sa yo pral konfirmé yo ak parinn yo, paran yo épi tout asanblé fidèl yo, li kòm pran min yo kondui yo pou yo konprann mistè Konfirmasion-an pi afon.

Li kapab fè sa ak paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Apot yo, yo minm ki jou Pantkot la, dapré promès Granmèt la, té résévoua Éspri-Sin-an, yo té gin pouvoua fè travay Batèm nan vi-n apouin nèt antan yo bay Éspri-Sin-an, jan nou li nan Travay Apot yo. Lè sin Pòl té pozé min sou kèk batizé, Éspri-Sin-an té vini sou yo épi yo t-ap palé an lang épi yo t-ap profétizé.

Évèk yo, siksèsé Apot yo, yo joui minm pouvoua sa-a épi soua yo minm pèsònèlman, soua palintèmediè prèt yo établi yon fason léjitim pou akonpli ministè sa-a, yo transmèt Éspri-Sin-an bay sa yo ki déjà jouinn nouvo nésans la palintèmediè Batèm nan.

Minm si jodi-a, lè Éspri-Sin-an rivé-a, sa pa manifesté ankò ak kado lang yo, sèlman nou konnin nan lafoua-a, li minm, palintè-médiè-l amou Bondié-a vidé nan kè nou épi nou rasanblé nan yon

sèl lafoua-a épi nan divès vokasion, nou résévoua-l épi l-ap travay yon fason yo pa ouè pou Égliz la kapab vi-n sin épi vi-n fè yon sèl.

Kado yo fè nou-an, Éspri-Sin-an, li minm nou pral résévoua-a, nou minm nou rinmin anpil la, l-ap yon sign spirituèl ki fè nou konfòm ak Kris la épi manb Égliz la yon fason pi konplè. Antan Éspri-Sin-an réyèlman té maké-l nan Batèm nan, sa-l té résévoua nan min Jan-an, Kris la li minm minm, yo voyé-l nan travay ministè-l la pou difé minm Éspri sa-a, li té vidé-l sou tè-a.

Kanta nou minm ki té déjà batizé, koulié-a n-ap résévoua puisans Éspri-l la épi avèk sign koua li-a m-ap maké nou nan fron nou. Nou doué montré témouagnaj soufrans li avèk réziréksion li dévan tè-a, yon fason pou konduit nou, jan Apot la di-a, vi-n tounin, tout koté, bon lodè Kris la. Li minm kò mistik li-a, ki Égliz la, pèp Bondié-a, résévoua nan min-l divès gras, gras sa yo minm Éspri-Sin-an séparé bay chak moun pou bati kò-a nan inité-a avèk charité-a.

Sé pou nou vi-n tounin manb vivan Égliz sa-a épi anba konduit Éspri-Sin-an, sé pou nou chèché sèvi tout moun tankou Kris la ki pa vini pou fè sèvi-l min pou sèvi.

Koulié-a donk anvan nou résévoua Éspri-a, sonjé lafoua-a, sa nou té déklaré nan Batèm nou, oubyin paran nou épi parinn nou té déklaré avèk Égliz la.

Rénouvèlman promès Batèm yo

23. Apré sa, Évèk la intèrojé sa yo pral konfirmé yo, ki kanpé yo tout ansanm, antan-l di :

Èské nou rénoncé Satan ak tout travay li yo ak tout atirans li yo ?

Tout sa yo pral konfirmé yo réponn an minm tan : **Mouin rénoncé.**

Évèk la :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Sa yo pral konfirmé yo : **Mouin kouè.**

Évèk la :

Èské nou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Sa yo pral konfirmé yo : Mouin kouè.

Évèk la :

Èské nou kouè nan Éspri-Sin-an, ki Granmèt é ki bay lavi, li minm jodi-a y-ap ba nou yon fason spésial gra a sakréman Konfirmasion-an, tankou Apot yo jou Pantkot la ?

Sa yo pral konfirmé yo : Mouin kouè.

Évèk la :

Èské nou kouè nan sint Égliz katolik la, nan kominion Sin yo, padon péché yo, réziréksion chè-a ak lavi tout tan-an ?

Sa yo pral konfirmé yo : Mouin kouè.

Nan profésion sa-a, Évèk la bay akò li antan-l proklamé lafoua Égliz la :

Sa-a sé lafoua nou-an. Sa-a sé lafoua Égliz la, sa nou gin gloua pou nou déklaré-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Épi tout asanblé fidèl yo bay konsantman yo antan yo réponn : Amèn.

Nan plas fòmül Haec est fides nostra (Sa-a sé lafoua nou-an), yo pèmèt mété yon lòt dapré avantaj oubyin minm yon chan adapté, koté kominoté-a kapab éksprimé lafoua li ak yon sèl voua.

Inpozision min yo

23. Apré sa, Évèk la (antan li gin bò koté-l prêt yo ki té asosié avèk li yo) antan-l kanpé, dé min-l kontré, li di antan-l viré nan diréksion pèp la :

An nou lapriyé, nou minm nou rinmin anpil la,

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,

pou sou pitit adopsion-l yo,

ki déjà réfèt pou lavi tout tan-an nan Batèm nan,

li vidé Éspri-Sin-an ak bon kè,

li minm k-ap fòtifé yo avèk kantité kado-l yo k-ap débodé-a,

épi avèk onksion li-an k-ap fè yo fi-n konfòm nèt ak Kris la,

Pitit Bondié-a.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan yo lapriyé an silans.

25. Apré sa, Èvèk la (avèk prèt yo ki asosyé avèk li-a) pozé min sou tout sa k-ap résévoua Konfirmasion yo. Poutan sé Èvèk la sèl ki di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-yo résévoua yon nouvo nésans
nan dlo ak Èspri-Sin-an,
antan-ou libéré yo sot nan péché-a,
ou minm, Granmèt, voyé Èspri-Sin Paraklè-a nan yo
ba yo èspri sajès ak intèlijans,
èspri konsèy ak fòs,
èspri sians ak piété ;
ranpli yo ak èspri krint ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

R. Amèn.

Krismasion-an

26. Lè sa-a atò, minis la prezanté sin Krèm nan bay Èvèk la. Chak moun ki gin pou konfirmé yo proché kot Èvèk la oubyin dapré nésésité Èvèk la li minm proché kot chak moun ki gin pou konfirmé yo. Moun nan minm ki té prezanté sa yo pral konfirmé-a, li mété min douat li sou zépòl li épi li di non li bay Èvèk la, oubyin sa-k gin pou résévoua Konfirmasion-an li minm pou kont li déklaré non-an.

27. Èvèk la, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa k-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., résévoua sign Kado Èspri-Sin-an.

Épi konfirmé-a réponn :

Amèn.

Èvèk la ajouté :

Lapè avèk ou.

Konfirmé-a :

É avèk èspri-ou tou.

28. Min si dèt prèt ap édé avèk Èvèk la pou bay Sakrèman-an, tout véso sin Krèm yo diak la oubyin minis la poté yo bay Èvèk la, li minm li prezanté yo bay chak prèt ki avansé vi-n jouinn li.

Sa k-ap konfirmé yo, yo proché kot Évèk la oubyin kot prèt yo ; oubyin dapré sikonstans, Évèk la avèk prèt yo proché kot moun k-ap konfirmé yo, yo maké yo nan fason yo dékri pi ro-a (n. 27).

29. Pandan onksion-an yo kapab chanté kèk kantik ki adapté. Apré onksion-an Évèk la (épi prèt yo) lavé min.

Priyè inivèsèl

30. Priyè inivèsèl la suiv, y-a fè sa-a oubyin yon fòm ki sanblé ak li otorité ki gin konpétans la établi :

Évèk la :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, frè-m yo mouin rinmin anpil la, an nou priyé-l avèk siplikasion ; sé pou nou fè priyè sa-a ak yon sèl kè, minm jan lafoua-a, éspérans la ak charité-a yo fè yon sèl la, yo minm ki vi-n soti nan Éspri-Sin-an.

Diak la oubyin minis la :

**Pou sèvitè-l sa yo,
yo minm bay yo ba yo Éspri-Sin-an fè yo vi-n pi solid,
pou : antan yo anrasiné nan lafoua-a
épi yo jouinn fondasion nan charité-a,
yo rann Kris Granmèt la témouagnaj nan konduit yo,
an nou priyé Granmèt.**

℟. N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Diak la oubyin minis la :

**Pou paran yo avèk parinn yo :
yo minm ki té ofri tèt yo kòm garan lafoua-a pou yo,
yo pa sispann ankourajé yo avèk paròl yo ak égzanp yo
pou yo suiv tras Kris la,
an nou priyé Granmèt.**

℟. N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Diak la oubyin minis la :

**Pou Égliz Bondié-a ki sin-an, ansanm ak Pap nou-an N.,
Évèk nou-an N.**

épi tout Évèk yo :

**pou, antan li rasanblé nan Éspri-Sin-an,
antan-l fè youn nan lafoua-a ak nan charité-a,**

li éljaji épi grandi jous Granmèt la vini,
an nou priyé Granmèt.

R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Diak la oubyin minis la :

Pou tout tè-a :

pou tout moun yo ki gin yon sèl Kréatè avèk Papa,
yo rékonèt sé frè yo yé san distinksiyon ras
oubyin nasion

épi péyi-roua Bondié-a ki lapè avèk lajoua nan Éspri-Sin-an,
yo chèché-l avèk yon kè sinsè,
an nou priyé Granmèt.

R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Évèk la :

Bondié, ou minm ki té bay Apot ou yo Sint-Éspri-a,
épi palintèmediè yo ak siksésè yo
ou té vlé yo transmèt li bay lòt fidèl yo,
kouté priyè nou-an ak bon kè-ou épi fè nou favè
pou sa-ou té aksépté réalizé

nan kòmansman prédikasion Bòn Nouvèl la,
koulié-a tou ou vidé-l nan kè moun yo ki koué yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Litiji ékaristik la

31. Antan yo fini priyè inivèsèl la, yo avansé nan litiji ékaristik la, dapré
Òrdo Mès la, sof sa yo noté pi ba-a :

- a) yo soté Sinbòl la, paské yo déjà fè profésion lafoua-a ;
- b) kèk nan konfirmé yo kapab mété yo ansanm ak sa k-ap poté ofrann yo ;
- c) lè yo sèvi ak Kanon Romin-an yo di Hanc igitur pròp (Granmèt,
tanpri, aksépté sa nou ofri-ou la).

32. Li bon pou konfirmé adult yo épi, si sa konvnab, parinn yo, paran yo,
madanm ak mari yo épi katéchist yo résévoua Kominion-an sou toulèdé
éspès.

Bénédiksion-an

33. Nan plas bénédiksion abituèl la, alafin Mès la, yo anplouayé bénédiksion ki suiv la oubyin priyè sou pèp la.

Sé pou Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a béni nou,
li minm ki té fè nou vi-n tounin pitit adoptif li
antan nou réfèt nan dlo ak Éspri-Sin-an,
épi sé pou-l konsèvé nou kòrèk
gras a rinmin li gin pou nou kòm Papa-a.

R: Amèn.

Sé pou Sèl Pitit li-a béni nou,
li minm ki té promèt Éspri vérité-a t-ap rété nan Égliz la,
épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion vré lafoua-a
gras a pouvoua li.

R: Amèn.

Sé pou Éspri-Sin-an béni nou,
li minm ki té limin difé charité-a nan kè disip yo,
épi sé pou-l kondui nou, rasanblé nan yon sèl,
nan kè kontan péyi-roua Bondié-a, san kontrariété.

R: Amèn.

Épi tousuit li ajoué :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

R: Amèn.

Priyè sou pèp la.

Nan plas fòmul bénédiksion yo di anvan-an, yo kapab anplouayé priyè sou pèp la.

Diak la oubyin minis la di invtasion-an : Bésé tèt nou pou bénédiksion-an, oubyin yon lòt.

Aprè sa, Évèk la, antan min-l lonjé sou pèp la, li di :

Asiré bagay sa-a, Bondié, sa-ou réalisé nan nou-an,
épi kado Èspri-Sin yo
konsèvé yo nan kè fidèl ou yo,
pou Kris la ki klouré sou koua-a,
yo pa ront déklaré-l dévan tè-a,
épi pou yo réalisé kòmandman-l yo nèt avèk charité ki dévoué.

R: Amèn.

Épi tousuit li ajouté :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Èspri-Sin-an.

R: Amèn.

CHAPIT II

ÒRDO POU BAY KONFIRMASION-AN SAN MÈS LA

Rit antré

34. Lè sa-k pral résevoua konfirmasion yo avèk parinn yo, paran yo épi tout asanblé fidèl yo réyini, Évèk la avèk (prèt ki asosyé avèk li yo épi) youn oubyin pliziè diak ak minis avansé nan plas ki rézèvé pou prèt yo, antan tout moun ap chanté, jan sa konvnab, yon psòm oubyin yon kantik adapté.

35. Apré li fi-n fè ansanm ak minis yo révérans li doué fè pou otèl la, Évèk la salué asanblé ki réyini-an :

Lapè avèk nou tout.

Tout moun :

É avèk éspri-ou tou.

Apré sa li di priyè-a :

An nou lapriyè.

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua

épi ki gin mizérikòd,

pou, antan Éspri Sin-an vini,

li fè nou fi-n tounin tanp gloua li-a nèt,

pou-l aksépté abité ladan-l.

Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

✠ Amèn.

Dòt priyè ochoua, nn. 58, 59, 60.

Sélébrasion paròl Bondié-a

36. Apré sa yo fè sélébrasion sakré paròl Bondié-a, koté yo li omouin youn nan moso yo propozé pou Mès Konfirmasion-an (cf. n. 61-65).

37. Si yo chouazi dé oubyin toua léktu, sé pou yo konsèvé lòd léktu yo transmèt la, sètadi apati Ansyin Téstaman-an, apati Apot la, apati Évanjil la. Apré prémié ak dézièm léktu-a sé pou yo mété yon psòm oubyin yon lòt chan, min nan plas la yo kapab obsèvé yon silans sakré tou.

38. Apré yo fi-n di Évanjil la, Évèk la (épi prèt ki asosié avèk li yo) chita nan chèz ki préparé pou yo-a. Sa yo pral konfirmé yo, kuré parouas la prezanté yo oubyin yon lòt prèt oubyin diak la oubyin minm katéchist la, dapré abitud chak réjion, nan fason sa-a : chak moun ki pral résévoua Konfirmasion-an, si sa kapab fèt, yo rélé non-l, épi yo chak avansé koté prèt yo yé-a ; min si sé timoun, sé youn nan parinn yo oubyin youn nan paran yo ki minnin yo, épi yo kanpé dévan sélébran-an.

Si sa yo pral konfirmé yo anpil, yo pa rélé yo ak non yo ; min yo dispozé yo nan plas konvnab dévan Évèk la.

Oméli-a sètadi konvèsasion-an

39. Lè sa-a atò Évèk la fè yon oméli tou kout koté, antan li ékspliké sa yo sot li yo, sa yo pral konfirmé yo ak parinn yo, paran yo épi tout asanblé fidèl yo, li kòm pran min yo kondui yo pou yo konprann mistè Konfirmasion-an pi afon.

Li kapab fè sa ak paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Apot yo, yo minm ki jou Pantkot la, dapré promès Granmèt la, té résévoua Éspri-Sin-an, yo té gin pouvoua fè travay Batèm nan vi-n apouin nèt antan yo bay Éspri-Sin-an, jan nou li nan Travay Apot yo. Lè sin Pòl té pozé min sou kèk batizé, Éspri-Sin-an té vini sou yo épi yo t-ap palé an lang épi yo t-ap profétizé.

Évèk yo, siksèsé Apot yo, yo joui minm pouvoua sa-a épi soua yo minm pèsònèlman, soua palintèmédiè prèt yo établi yon fason léjitim pou akonpli ministè sa-a, yo transmèt Éspri-Sin-an bay sa yo ki déjà jouinn nouvo nésans la palintèmédiè Batèm nan.

Minm si jodi-a, lè Éspri-Sin-an rivé-a, sa pa manifesté ankò ak kado lang yo, sèlman nou konnin nan lafoua-a, li minm, palintèmédiè-l amou Bondié-a vidé nan kè nou épi nou rasanblé nan yon sèl lafoua-a épi nan divès vokasion, nou résévoua-l épi l-ap travay yon fason yo pa ouè pou Égliz la kapab vi-n sin épi vi-n fè yon sèl.

Kado yo fè nou-an, Éspri-Sin-an, li minm nou pral résévoua-a, nou minm nou rinmin anpil la, l-ap yon sign spirituèl ki fè nou konfòm ak Kris la épi manb Égliz la yon fason pi konplè. Antan Éspri-Sin-an réyèlman té maké-l nan Batèm nan, sa-l té résévoua nan min Jan-an, Kris la li minm minm, yo voyé-l nan travay ministè-l la pou difé minm Éspri sa-a, li té vidé-l sou tè-a.

Kanta nou minm ki té déjà batizé, koulié-a n-ap résévoua puisans Éspri-l la épi avèk sign koua li-a m-ap maké nou nan fron nou. Nou doué montré témouagnaj soufrans li avèk rézirkéksion li dévan tè-a, yon fason pou konduit nou, jan Apot la di-a, vi-n tounin, tout koté, bon lodè Kris la. Li minm kò mistik li-a, ki Égliz la, pèp Bondié-a, résévoua nan min-l divès gras, gras sa yo minm Éspri-Sin-an séparé bay chak moun pou bati kò-a nan inité-a avèk charité-a.

Sé pou nou vi-n tounin manb vivan Égliz sa-a épi anba konduit Éspri-Sin-an, sé pou nou chèché sèvi tout moun tankou Kris la ki pa vini pou fè sèvi-l min pou sèvi.

Koulié-a donk anvan nou résévoua Éspri-a, sonjé lafoua-a, sa nou té déklaré nan Batèm nou, oubyin paran nou épi parinn nou té déklaré avèk Égliz la.

Rénouvèlman promès Batèm yo

40. Apré sa, Évèk la intèrojé sa yo pral konfirmé yo, ki kanpé yo tout ansanm, antan-l di :

Èské nou rénonse Satan ak tout travay li yo ak tout atirans li yo ?

Tout sa yo pral konfirmé yo réponn an minm tan : **Mouin rénonse.**

Évèk la :

Èské nou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Sa yo pral konfirmé yo : **Mouin kouè.**

Évèk la :

Èské nou kouè nan Jezu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Sa yo pral konfirmé yo : **Mouin kouè.**

Évèk la :

Èské nou kouè nan Èspri-Sin-an, ki Granmèt é ki bay lavi, li minm jodi-a y-ap ba nou yon fason spésial gras a sakréman Konfirmasion-an, tankou Apot yo jou Pantkot la ?

Sa yo pral konfirmé yo : **Mouin kouè.**

Évèk la :

Èské nou kouè nan sint Égliz katolik la, nan kominion Sin yo, nan padon péché yo, nan rézireksion chè-a ak nan lavi tout tan-an ?

Sa yo pral konfirmé yo : **Mouin kouè.**

Nan profésion sa-a, Évèk la bay akò li antan-l proklamé lafoua Égliz la :

Sa-a sé lafoua nou-an. Sa-a sé lafoua Égliz la, sa nou gin gloua pou nou déklaré-a, nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Épi tout asanblé fidèl yo bay konsantman yo antan yo réponn :

Amèn.

Nan plas fòmül Haec est fides nostra (Sa-a sé lafoua nou-an), yo pèmèt mété yon lòt dapré avantaj oubyin minm yon chan adapté, koté kominoté-a kapab éksprimé lafoua li ak yon sèl voua.

41. Apré sa, Évèk la (antan li gin bò koté-l prèt yo ki té asosié avèk li yo) antan-l kanpé, dé min-l kontré, li di antan-l viré nan diréksion pèp la :

An nou lapriyè, nou minm nou rinmin anpil la,

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,

pou sou pitit adopsion-l sa yo,

ki déjà réfèt pou lavi tout tan-an nan Batèm nan,

li vidé Èspri-Sin-an ak bon kè,

li minm k-ap fòtifé yo avèk kantité kado-l yo k-ap débòdé-a,

épi avèk onksion li-an k-ap fè yo fi-n konfòm nèt ak Kris la,

Pitit Bondié-a.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan yo lapriyè an silans.

Inpozision min yo

42. Apré sa, Évèk la (avèk prèt yo ki asosié avèk li-a) pozé min sou tout sa k-ap rèsévoua Konfirmasion yo. Poutan sé Évèk la sèl ki di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-yo rèsévoua yon nouvo nésans
nan dlo ak Éspri-Sin-an,
antan-ou libéré yo sot nan péché-a,
ou minm, Granmèt, voyé Éspri-Sin Paraklè-a nan yo
ba yo éspri sajès ak intèlijans,
éspri konsèy ak fòs,
éspri sians ak piété ;
ranpli yo ak éspri krint ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

R. Amèn.

Krismasion-an

43. Lè sa-a atò, diak la prezanté sin Krèm nan bay Évèk la. Chak moun ki gin pou konfirmé yo proché kot Évèk la oubyin dapré nésésité Évèk la li minm proché kot chak moun ki gin pou konfirmé yo. Moun nan minm ki té prezanté sa yo pral konfirmé-a, li mété min douat li sou zépòl li épi li di non li bay Évèk la, oubyin sa-k gin pou rèsévoua Konfirmasion-an li minm pou kont li déklaré non-an.

44. Évèk la, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa l-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., rèsévoua sign Kado Éspri-Sin-an.

Épi konfirmé-a réponn :

Amèn.

Évèk la ajouté :

Lapè avèk ou.

Konfirmé-a :

É avèk éspri-ou tou.

45. Min si dèt prèt ap édé avèk Èvèk la pou bay Sakréman-an, tout véso sin Krèm yo diak la oubyin minis la poté yo bay Èvèk la, li minm li prezanté yo bay chak prèt ki avansé vi-n jouinn li.

Sa k-ap konfirmé yo, yo proché kot Èvèk la oubyin kot prèt yo ; oubyin dapré sikonstans, Èvèk la avèk prèt yo proché kot moun k-ap konfirmé yo, yo maké yo nan fason yo dékri pi ro-a (n. 44).

46. Pandan onksion-an yo kapab chanté kèk kantik ki adapté. Apré onksion-an Èvèk la (épi prèt yo) lavé min.

Priyè inivèsèl

47. Priyè inivèsèl la suiv, y-a fè sa-a oubyin yon fòm ki sanblé ak li otorité ki gin konpétans la établi :

Èvèk la :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, frè-m yo mouin rinmin anpil la, an nou priyé-l avèk siplikasion ; sé pou nou fè priyé sa-a ak yon sèl kè, minm jan lafoua-a, éspérans la ak charité-a yo fè yon sèl la, yo minm ki vi-n soti nan Éspri-Sin-an.

Diak la oubyin minis la :

**Pou sèvitè-l sa yo,
yo minm bay yo ba yo Éspri-Sin-an fè yo vi-n pi solid,
pou : antan yo anrasiné nan lafoua-a
épi yo jouinn fondasion nan charité-a,
yo rann Kris Granmèt la témouagnaj nan konduit yo,
an nou priyé Granmèt.**

℟. N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Diak la oubyin minis la :

**Pou paran yo avèk parinn yo :
yo minm ki té ofri tèt yo kòm garan lafoua-a pou yo,
yo pa sispann ankourajé yo avèk paròl yo ak égzanp yo
pou yo suiv tras Kris la,
an nou priyé Granmèt.**

℟. N-ap lapriyé-ou, kouté nou.

Diak la oubyin minis la :

**Pou Égliz Bondié-a ki sin-an, ansanm ak Pap nou-an N.,
Èvèk nou-an N.**

épi tout Évèk yo :
 pou, antan li rasanblé nan Èspri-Sin-an,
 antan-l fè youn nan lafoua-a ak nan charité-a,
 li éljaji épi grandi jous Granmèt la vini,
 an nou priyé Granmèt.

R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Diak la oubyin minis la :

Pou tout tè-a :
 pou tout moun yo ki gin yon sèl Kréatè avèk Papa,
 yo rékonèt sé frè yo yé san distinksiyon ras
 oubyin nasion,
 épi péyi-roua Bondié-a ki lapè avèk lajoua nan Èspri-Sin-an,
 yo chèché-l avèk yon kè sinsè,
 an nou priyé Granmèt.

R: N-ap lapriyè-ou, kouté nou.

Évèk la :

Bondié, ou minm ki té bay Apot ou yo Sint-Èspri-a,
 épi palintèmediè yo ak siksésè yo
 ou té vlé yo transmèt li bay lòt fidèl yo,
 kouté priyé nou-an ak bon kè-ou épi fè nou favè
 pou sa-ou té aksépté réalizé
 nan kòmansman prédikasyon Bòn Nouvèl la,
 koulié-a tou ou vidé-l nan kè moun yo ki koué yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Résitasion priyé Granmèt la

48. Apré sa, tout moun di priyé Granmèt la, sa Évèk la kapab introdui ak paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

An nou ranmasé priyé nou yo, nou minm nou rinmin anpil la,
 antan nou lapriyé ansanm,
 jan Granmèt nou-an Jézu-Kri té montré nou priyé-a.

Tout moun :

Papa nou, etc.

Bénédiksion-an

49. Apré sa, Évèk la béni tout moun. Nan plas benédiksion abituèl la, li anplouayé benédiksion ki suiv la oubyin priyè sou pèp la.

Sé pou Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a béni nou,
li minm ki té fè nou vi-n tounin pitit adoptif li
antan nou réfèt nan dlo ak Éspri Sin-an,
épi sé pou-l konsèvé nou kòrèk
gras a rinmin li gin pou nou kòm Papa-a.

R: Amèn.

Sé pou Sèl Pitit li-a béni nou,
li minm ki té promèt Éspri vérité-a t-ap rété nan Égliz la,
épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion vré lafoua-a
gras a pouvoua li.

R: Amèn.

Sé pou Éspri-Sin-an béni nou,
li minm ki té limin difé charité-a nan kè disip yo,
épi sé pou-l kondui nou, rasanblé nan yon sèl,
nan kè kontan péyi-roua Bondié-a, san kontrariété.

R: Amèn.

Épi tousuit li ajoué :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

R: Amèn.

Priyè sou pèp la.

Nan plas fòmul benédiksion yo di anvan-an, yo kapab anplouayé priyè sou pèp la.

Diak la oubyin minis la di invitasion-an : Bésé tèt nou pou benédiksion-an, oubyin yon lòt.

Apré sa, Évèk la, antan min-l lonjé sou pèp la, li di :

Asiré bagay sa-a, Bondié, sa-ou réalisé nan nou-an,
épi kado Éspri-Sin yo
konsèvé yo nan kè fidèl ou yo,
pou Kris la ki klouré sou koua-a,
yo pa ront déklaré-l dévan tè-a,
épi pou yo réalisé kòmandman-l yo nèt avèk charité ki dévoué.

R: Amèn.

Épi tousuit li ajouté :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou byin béni,
Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an.

R: Amèn.

CHAPIT III

SA YO DOUÉ OBSÈVÉ CHAK FOUA SÉ YON MINIS ÉKSTRAÒDINÈ KI BAY KONFIRMASION-AN

50. Minis ékstraòdinè k-ap bay Konfirmasion-an, soua poutèt sa doua jénéral la pèmèt li, soua poutèt yon privilèj patikilié Sièj Apostolik la, sé minm rit yo dékri pi ro-a pou-l obsèvé.

51. Min si poutèt kantité sa-k pral konfirmé yo, li asosié kèk prèt avèk li pou administré sakréman-an, sé pou-l chouazi yo antan-l obsèvé sa yo établi pi ro-a, n. 8. Li bon pou prèt sa yo, si y-ap bay Konfirmasion-an anndan Mès la, yo konsélébré Mès la tou ansanm avèk li.

CHAPIT IV

FASON POU ADMINISTRÉ KONFIRMASION-AN POU MALAD KI NAN DANJÉ LANMÒ

52. Kòm sa konv nab nèt, pou inisiasion krétièn ninpòt batizé fi-n apouin nèt ak sakréman Konfirmasion-an épi Ékaristi-a, fidèl ki malad la ki nan danjé lanmò-a, si li kapab sèvi ak rézon li, yo konséyé pou anvan li résévoua Viatik la, yo rafèmi-l ak sakréman Konfirmasion-an tou, antan yo mété katéchèz ki posib la anvan jan sa nésésè-a.

Min nòmalmàn yo pa doué bay Konfirmasion nan danjé lanmò-a épi Onksion malad yo nan rit ki ginyin yo ansanm nan.

Pou tímoun nan minm ki poko rivé nan laj sèvi ak rézon-an, y-a bay Konfirmasion-an antan yo obsèvé minm prinsip ak règléman ki établi pou bay Batèm nan.

53. Chak foua sikonstans yo pèmèt sa, sé pou yo konsèvé rit la an antié, jan yo dékri-l pi ro-a.

54. Si gin nésésité présé, minis Konfirmasion-an mété min-l sou malad la, antan-l di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-a résévoua yon nouvo nésans
nan dlo ak Éspri-Sin-an,
antan-ou libéré-l sot nan péché-a,
ou minm, Granmèt, voyé Éspri-Sin Paraklè-a nan li
ba li éspri sajès ak intèlijans,**

éspri konsèy ak fòs,
 éspri sians ak piété ;
 ranpli-l ak éspri krint ou-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

R. Amèn.

55. Apré sa, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa l-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., résévoua sign Kado Éspri-Sin-an.

Épi konfirmé-a, si-l kapab, li réponn :

Amèn.

Dòt éléman préparasion ak finisman yo kapab ajouté yo nan chak ka, antan yo fè atansion tout sikonstans yo.

56. Nan ka dènié nésésité, li kont pou pè-a fè krismasion-an avèk fòmul sakramantèl la :

N., résévoua Kado Éspri-Sin-an.

CHAPIT V

TÈKS POU YO SÈVI AVÈK YO LÈ Y-AP BAY KONFIRMASION-AN

I. MÈS POU LÈ Y-AP BAY KONFIRMASION-AN

57. Mès sa-a, yo sèvi avèk li, avèk koulè rouj, oubyin blan, lè sé nan Mès la minm oubyin tousuit anvan oubyin apré Mès la minm yo bay Konfirmasion-an.

Min yo kapab sèvi avèk li tout jou yo, sof dimanch Avan, Karèm ak Pak, solanité yo épi mèkrédi Sann yo ak tout Sémèn sint la.

A

58.

Réf. pou antré

Ézékièl 36, 25-26

Granmèt la di: M-ap vidé yon dlo pròp sou nou,
m-ap ba nou yon nouvo kè,
épi m-ap mété yon nouvo éspri anndan nou.

• Priyè

**Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua
épi ki gin mizérikòd,
pou, antan Éspri-Sin-an vini, li fè nou fi-n tounin
tanp gloua li-a nèt,
pou-l aksépté abité ladan-l.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

Oubyin :

**Promès ou-a, tanpri, Granmèt,
akonpli-l sou nou antan-ou padonnin nou,
pou, antan Éspri-Sin-an vini,
li fè nou tounin dévan moun yo
témouin Évanjil Granmèt nou Jézu-Kri.
Li minm ki vivan.**

Lèt priyè yo kapab chouazi, nn. 59, 60.

• **Sou ofrann yo**

Sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt,
résévoua demann yo ak bon kè, épi fè nou favè,
pou, antan yo konfigiré yon fason pi kòrèk ak Pitit ou-a,
yo dévlopé san rété nan témouagnaj li-a,
antan yo patisipé nan rapèl rédanmsion li-a,
rédiànmsion sa-a, gras a li, li minm li té mérité Éspri-ou la pou
nou.

Li minm ki vivan.

Lè yo sèvi ak **Kanon romin-an**, yo di Hanc igitur **pròp** (Granmèt, tanpri,
aksépté sa n-ap ofri-ou la) :

Ofrann sèvis nou sa-a,
min tou pa tout fanmiy ou-an,
li minm n-ap ofri pou sa yo tou,
yo minm antan yo réfèt gras a Batèm nan,
ou aksépté asiré yo ak kado Éspri-Sin-an,
n-ap priyé-ou Granmèt, pou-ou aksépté-l antan-ou padonnin,
épi pou-ou kinbé gras ou-a nan yo ak bon kè.
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an. Amèn).

Réf. pou kominion

Cf. Ébré 6, 4

Ninpòt kilès nan nou ki résévoua limiè-a, ki té gouté kado sièl la,
épi ki patisipé nan Éspri-Sin-an,
sé pou nou kontan nou tout nan Granmèt la.

• **Apré kominion**

Sa yo ki sakré ak Éspri-Sin-an, Granmèt,
épi ki nourri ak sakréman Pitit ou-a,
kontinué suiv yo ak bénédiksion-ou nan apré,
pou, antan yo dépasé tout kontrariété,
yo fè Égliz ou-a kontan ak sinteté,
épi yo travay pou dévlopman-l sou tè-a
ak travay yo, ak charité yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

B

59.

Réf. pou antré

Cf. Romin 5, 5; 8, 11

Charité Bondié-a vidé nan kè nou yo
pa lintèmediè Éspri-l la ki abité nan nou.

- Priyè

Éspri Sin-ou nan, tanpri, Granmèt,
aksépté vidé-l sou nou,
pou nou tout, antan n-ap maché nan yon sèl lafoua-a,
épi nou jouinn solidité nan fòs charité-l la,
nou rivé nan mézi laj Kris la ki plin-an.
Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Dòt priyè yo kapab chouazi, nn. 58, 60.

- Sou ofrann yo

Sèvitè-ou sa yo, Granmèt,
résévoua yo ak bon kè ansanm ak Sèl Pitit ou-a,
pou, yo minm ki maké ak koua-l la épi avèk onksion spirituèl li-a,
antan y-ap ofri pròp tèt yo ba ou avèk li san rété,
yo mérité résévoua Éspri-ou la pi plis chak jou.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè yo sèvi ak Kanon romin-an, yo di Hanc igitur pròp (Granmèt, tanpri,
aksépté sa n-ap ofri-ou la), tankou nan Mès ki vi-n anvan-an.

Réf. pou kominion

Psòm 33, 6. 9

Proché kot Granmèt la épi n-ap kléré ;
gouté épi konsidéré kijan Granmèt la dou.

- Apré kominion

Sa yo ou konblé ak kado Éspri-ou la, Granmèt,
épi ou dévlopé avèk manjé Sèl Pitit ou-a,
fè yo instoui tou nan tout laloua-a,
pou dévan tè-a libèté adopsion-ou nan yo montré-l san rété,
épi ròl profétik pèp ou-a
yo gin kouraj montré-l nan fason y-ap viv sin.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

60. II. DÒT PRIYÈ, YO KAPAB ANPLOUAYÉ DAPRÉ KONVANS**• Priyè**

Éspri nou yo, tanpri, Granmèt,
sé pou Paraklè-a ki sot nan ou-a kléré yo,
épi sé pou-l mété vérité-a nan tout moun,
jan Pitit ou-a té promèt la.

Li minm ki vivan é ki roua avèk ou.

• Sou ofrann yo

Résévoua ofrann fanmiy ou-an, tanpri, Granmèt,
pou, sa yo ki té résévoua kado Éspri-Sin-an,
yo konsèvé sa yo résévoua yo, épi yo rivé nan promès tout tan yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

• Apré kominion

Éspri charité-ou la, vidé-l nan nou, Granmèt,
pou, sa yo ou satisfè ak yon sèl pin-an,
ou fè yo akòdé nan yon minm santiman rélijjié.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

III. LÉKTU BIBLIK YO**61. LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN**

1. **Izayi 11, 1-4 a** : « Éspri Granmèt la ap pozé sou li ». Jou sa-a : Yon ramo ap soti nan rasi-n Jésé... **4 jous** pòv yo sou tè-a. [p. 423]
2. **Izayi 42, 1-3** : « Mouin té mété Éspri-m sou sèvitè-m nan ». Min paròl Granmèt la : Min sèvitè-m nan... [p. 423]
3. **Izayi 61, 1-3 a. 6 a. 8 b-9** : « Granmèt la sakré-m, li voyé-m anonsé pòv yo Bòn Nouvèl la, ba yo losion kè kontan-an ». Éspri Granmèt la sou mouin... **3 jous** éspri chagrin. **6 jous** y-ap di nou « sèvitè Bondié nou-an ». **8** M-ap ba yo rézilta travay yo... [p. 423]
4. **Ézékièl 36, 24-28** : « M-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou ». Min paròl Granmèt la : M-ap pran nou sot nan nasion yo... [p. 424]

5. Joèl 2, 23 a. 26-30 a (Ébré 2, 23 a ; 3, 1-3 a) : « Sou sèvitè-m yo ak sèvant mouin yo m-ap vidé Éspri-m ».
Pitit fi Siyon, fété épi fè kè nou kontan nan Granmèt Bondié nou-an. N-ap manjé byin manjé... **30 jous** ak sou tè-a ». [p. 424]

62. LÉKTU NAN NOUVO TÈSTAMAN-AN

1. **Travay Apot yo 1, 3-8** : « N-ap résévoua fòs Éspri-Sin-an k-ap vini sou nou, n-ap sèvi-m témouin ».
Jézu té parèt dévan apot li yo byin vivan apré soufrans li-a... [p. 425]

2. **Travay Apot yo 2, 1-6. 14. 22 b-23. 32-33** : « Tout moun vi-n plin ak Éspri-Sin-an épi yo kòmansé palé ».
Lè jou Pantkot yo rivé bout... **22** Jézu moun Nazarèt la... [p. 425]

3. **Travay Apot yo 8, 1. 4. 14-17** : « Yo pozé min sou yo, yo résévoua Éspri-Sin-an ».
Jou sa yo vi-n gin yon gran pèsékision... [p. 426]

4. **Travay Apot yo 10, 1. 33-34 a. 37-44** : « Éspri-Sin-an tonbé sou tout moun ki t-ap kouté paròl la ».
Jou sa yo : Té gin yon mésié nan Sézaré... **33** Li di Piè... **34 jous** li di : [p. 426]

5. **Travay Apot yo 19, 1 b-6 a** : « Èské nou té résévoua Éspri-Sin-an lè nou té kouè-a ? »
Jou sa yo : Pòl rivé Éfèz... **6 jous** sou yo. [p. 427]

6. **Romin 5, 1-2. 5-8** : « Rinmin Bondié-a vidé nan kè nou palintèmedié Éspri-Sin-an yo ba nou-an ».
Frè-m yo : Kòm nou vi-n kòrèk gras a lafoua-a, sé pou nou gin lapè... [p. 427]

7. **Romin 8, 14-17** : « Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé ti pitit Bondié ».
Frè-m yo : Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé... [p. 428]

8. **Romin 8, 26-27** : « Éspri-a ap priyé pou nou antan l-ap plinn ak mo yo pa kapab déklaré ».
Frè-m yo : Éspri-a édé féblès nou... [p. 428]

9. **1 Korintyin 12, 4-13** : « Yon sèl ak minm Éspri-a k-ap séparé bay chak moun jan-l vlé-a ».

Frè-m yo : Gin divès kalité gras, min sé yon sèl Éspri-a... [p. 428]

10. **Galat 5, 16-17. 22-23 a. 24-25** : « Si sé Éspri-a k-ap fè nou viv, sé dapré Éspri-a tou pou nou maché ».

Frè-m yo : Maché nan Éspri-a... **23 jous** réglé plézi kò-a. [p. 429]

11. **Éfézyin 1, 3 a. 4 a. 13-19 a** : « Nou té maké ak mak Éspri-Sin yo té promèt nou-an ».

Konpliman pou Bondié Papa Granmèt nou Jézu-Kri : **4** li minm ki té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la. **13** Nan li minm nou minm tou... **19 jous** nan nou minm ki kouè yo. [p. 429]

12. **Éfézyin 4, 1-6** : « Yon sèl kò, yon sèl Éspri, yon sèl batèm ».

Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la... [p. 430]

63.

PSÒM RÉPONS YO

1. **Ps 21, 23-24. 26-27. 28 é 31-32**

℞ (23 a) : M-ap rakonté non-ou bay frè mouin yo.

oubyin (Jn 15, 26) : Lè Avoka-a ap rivé, nou minm tou n-ap sèvi-m témouin. [p. 430]

2. **Ps 22, 1-3 a. 3 b-4. 5-6**

℞ (1) : Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin. [p. 431]

3. **Ps 95, 1-2 a. 2 b-3. 9-10 a. 11-12**

℞ (3) : Anonsé nan tout pèp yo mèvèy Bondié yo. [p. 431]

4. **Ps 103, 1 ab é 24. 27-28. 30-31. 33-34**

℞ (30) : Voyé Éspri-ou la, Granmèt, épi rénouvle fas tè-a. [p. 432]

5. **Ps 116, 1. 2**

℞ (Travay Apot yo 11, 8) : N-ap sèvi-m jous nan bout tè-a.

oubyin : Alélouya. [p. 432]

6. **Ps 144, 2-3. 4-5. 8-9. 10-11. 15-16. 21**

℞ (1 b) : M-ap fè konpliman pou non-ou, Granmèt, pou tout tan. [p. 433]

64.

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1. **Jan 14, 16** : Papa-a ap ba nou yon lòt Avoka, pou-l rété avèk nou pou tout tan. [p. 403]
2. **Jan 15, 26 b. 27 a** : Éspri vérité-a ap sèvi-m témouin, sé sa Granmèt la di ; nou minm tou n-ap sèvi-m témouin. [p. 434]
3. **Jan 16, 13 a ; 14, 26 d** : Min lè Éspri vérité sa-a ap vini, l-ap aprann nou tout vérité-a, l-ap soufflé nou tou sa-m té di nou yo. [p. 434]
4. **Apokalips 1, 5 a. 6 a** : Jézu-Kri, ou sé témouin fidèl, premié pitit nan pami mò yo ; ou fè nou vi-n tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié Papa nou. [p. 434]
5. Vini, Éspri-Sin, plin kè fidèl ou yo ; épi limin difé rinmin-ou nan nan yo. [p. 434]
6. Vini Éspri-Sin, épi voyé réyon limiè-ou la ki sot nan sièl la. [p. 434]

65.

ÉVANJIL YO

1. **Matié 5, 1-12 a** : « Sé pou yo péyi-roua sièl yo yé ». Lè sa-a : Jézu ouè foul yo... **12 jous** anpil nan sièl yo. [p. 434]
2. **Matié 16, 24-27** : « Si yon moun vlé vi-n apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li ». Lè sa-a : Jézu di disip li yo... [p. 435]
3. **Matié 25, 14-30** : « Poutèt ou té fidèl sou yon ti bagay, antré nan kè kontan mèt ou-a ». Lè sa-a : Jézu di disip li yo parabòl sa-a : Yon mésié t-ap pati al nan vouayaj... [p. 435]
4. **Mark 1, 9-11** : « Li ouè Éspri-a k-ap désann pozé sou li ». Jou sa yo, Jézu vini sot Nazarèt Galilé-a... [p. 436]
5. **Luk 4, 16-22 a** : « Éspri Granmèt la sou mouin ». Lè sa-a : Jézu rivé Nazarèt... **22 jous** sòti nan bouch li-a. [p. 436]
6. **Luk 8, 4-10 a. 11 b-15** : « Sa-k nan bon tè-a, sé sa yo ki kinbé paròl la, ki donnin frui nan pasians ». Lè sa-a : Kòm anpil foul té rasanblé, yo té vi-n sot nan vil yo pou yo proché kot Jézu, li di... **10** Li di yo : **11** Sémans la sé paròl Bondié-a... [p. 437]

7. **Luk 10, 21-24** : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, paské ou té révélé yo bay sa ki tou piti yo ».

Lè sa-a : Jézu trésayi nan Éspri-Sin-an... [p. 438]

8. **Jan 7, 37 b-39** : « Riviè dlo lavi ap koulé ».

Lè sa-a : Jézu rélé byin fò, li di : Si yon moun souaf... [p. 438]

9. **Jan 14, 15-17** : « Éspri vérité-a ap rété lakay nou ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Si nou rinmin-m... [p. 438]

10. **Jan 14, 23-26** : « Éspri-Sin-an ap aprann nou tout bagay ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Si yon moun rinmin-m... [p. 439]

11. **Jan 15, 18-21. 26-27** : « Éspri vérité-a ki soti nan Papa-a, sé li minm k-ap sèvi-m témouin ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Si tè-a rayi nou... [p. 439]

12. **Jan 16, 5 b-7. 12-13 a (Gr 5-7. 12-13 a)** : « Éspri vérité sa-a ap aprann nou tout vérité-a ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Koulié-a m-apral jouinn sa-a ki té voyé-m nan... **13 jous** tout vérité-a. [p. 439]

GID

Dékètè Sakrè Kongrègasyon pou Kult Divin-an	99
KONSTITISYON APOSTOLIK OSIJÈ SAKRÉMAN KONFIRMASYON-AN	100
Sa pou yo noté anvan	107
CHAPIT I Òrdò pou bay Konfirmasyon-an anndan Mès la	114
CHAPIT II Òrdò pou bay Konfirmasyon-an san Mès	122
CHAPIT III Sa yo doué obsèvé chak foua sé yon minis ékstraòdinè ki bay Konfirmasyon-an	131
CHAPIT IV Fason pou administré Konfirmasyon-an pou malad ki nan danjé lanmò	131
CHAPIT V Tèks pou yo sèvi ak yo lè y-ap bay Konfirmasyon-an	133

RITUÈL ROMIN

ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ TRÈ SIN KONSIL VATIKAN II-A
PROMILGÉ ANBA OTORITÉ PAP PÒL VI

ÒRDO INISIASION KRÉTIÈN ADULT YO

ÉDISION TIPIK

1972





Gian Luigi Uboldi



SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 15/72.

DÉKRÈ

Konsil ékuménik Vatikan II té pasé lòd pou révizé òrdo Batèm adult yo, li mandé pou fikse katékuména adult yo ki séparé nan plizyé degré, ki pèmèt yo kapab sanktifé tan katékuména-a, ki mandé fòmasyon ki adapté, avèk rit sakré, yo doué sélébré nan divès tan youn apré lòt. Minm Konsil la tou té fikse pou, dapré katékuména yo rétabli-a, yo doué révizé ni rit pi solanèl ni rit pi sinp pou yo batizé adult yo.

Antan l-ap obéyi dékrè sa yo, Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an té fè yon nouvo Òrdo inisiasion krétièn adult yo, li té jouinn aprobasyon Souvèrin Pontif Pòl VI. Sakré Kongrégasyon-an té okipé pibliyé-l, li minm yo prezanté koulié-a é li déklaré sé modèl la, li minm pou yo pran nan plas Òrdo Batèm adult yo ki égzisté koulié-a nan Rituèl Romin-an. Li établi tou pou nouvo Òrdo sa-a yo kapab anlouayé-l tousuit nan lang latin-an, pou lang nasion yo minm apati jou Konfèrans Épiskopal la ap indiké-a, apré li fi-n fè tradiksyon pou pèp la épi li fè-l ginyin konfirmasyon Sièj Apostolik la.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa.

Nan kay Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an, jou 6 janvié 1972, nan solanité Épifani Granmèt la.

ARTURUS Card. TABERA

Préfè

A. BUGNINI

Sékrète

INISIASION KRÉTIÈN ADULT YO

SA POU NOTÉ ANVAN *

1. Òrdo inisiasion krétièn nan, sa yo prezanté pi louin-an sé pou adult yo li destiné, yo ki fi-n tandé anons mistè Kris-la, antan yo louvri kè yo bay Èspri-Sin-an, y-ap chèché Bondié vivan-an ak tout konésans yo épi yon fason lib épi yo kòmansé maché nan chemin lafoua-a ak konvèsion-an. Yo jouinn fòs sèkou spirituèl gras a mouayin sa-a ak nan préparasion li-a épi, nan tan favorab la, yo résévoua sakréman-an minm avèk frui.
2. Òrdo-a réyèlman pa répozé sou sèl sélébrasion sakréman Batèm, Konfirmasion avèk Ékaristi, min tou apati tout rit Katékuména-a ki bay prèv li antan Égliz la té sèvi avèk li dépi byin lontan, yo adapté-l nan tout réjion yo gras a bon jan souin misionè jodi-a, atèl pouin tout koté yo mandé-l, ki fè Konsil Vatikan II-a désidé pou yo mété-l, pou yo révizé-l épi pou yo adapté-l nan tradision péyi yo ¹.
3. Pou li konpozé bi byin avèk travay Égliz la épi avèk kondision chak moun yo, parouas yo avèk nasion yo, Òrdo inisiasion-an prezanté dabò fòm konplè-a oubyin komin-an, adapté pou préparasion anpil moun (cf. nn. 68-239), apati li pastè yo ap jouinn yon fòm ki korésponn ak yon sèl moun avèk yon sinp aranjanman. Aprè sa, pou ka patikilié yo, yo prezanté soua yon fòm ki pi sinp, ki séparé oubyin nan yon sèl mouvman (cf. nn. 240-273) oubyin nan plizyè sélébrasion (cf. nn. 274-277), soua yon fòm pi kout pou sa yo ki panché nan danjé lanmò-a (cf. nn. 278-294).

I

DISPOZISION INISIASION ADULT YO

4. Inisiasion katékumèn yo fèt dapré yon sètèn progrésion nan mitan kominoté fidèl yo, yo minm ansanm avèk katékumèn yo, antan y-ap konsidéré pri mistè paskal la épi y-ap rénouvélè pròp konvèsion pa yo, dapré égzanp yo y-ap minnin katékumèn yo pou yo obéyi Èspri-Sin-an avèk plis dosilité.

* Yo jouinn *Sa pou yo noté anvan* an jénéral (*Rémak jénéral*) osijè inisiasion krétièn nan, nan *Ordo Baptismi parvulorum*, Typis Polyglottis Vaticani 1969, pp. 7-13 [cf. tradikson kréyòl *Rémak jénéral* yo pi ro-a nan liv sa-a p. 9].

¹ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, nn. 64-66 ; Decr. de activitate missionali Ecclesiae, *Ad gentes*, n. 14 ; Decr. de pastorali Episcoporum munere, *Christus Dominus*, n. 14.

5. Òrdo inisiasion-an adapté pou chémin spirituèl adult yo, ki divès dapré gras Bondié-a ki gin anpil fòm nan, dapré angajman lib katékumèn yo, dapré aksion Égliz la épi dapré sikonstans tan ak péyi.

6. Nan chémin sa-a, apa tan réchèch ak plin dévlopman-an (cf. pi louin n. 7), gin « degré » oubyin pa, katékumèn nan franchi tankou pòt li travèsé oubyin machéskalié li monté.

a) Prémie-a sé là, antan li rivé nan kòmansman konvèsion-an, li vlé vi-n krétyin épi Égliz la résévoua-l kòm katékumèn.

b) Dézièm nan, là, antan lafoua-a fè progrè épi katékuména-a prèské réalizé, yo admèt li nan pi gran préparasion sakréman yo.

c) Touazièm nan, sé là, apré préparasion spirituèl la fi-n réalizé nèt, li résévoua sakréman yo ki fè li kòmansé krétyin.

Konsa sé toua degré oubyin pa oubyin pòt pou yo konsidéré kòm moman ki pi gran oubyin ki pi inpòtan nan inisiasion-an. Degré sa yo, yo maké yo avèk toua rit litijik, prémie-a sé Òrdo pou fè katékumèn nan, dézièm nan sé choua-a, touazièm nan sé sélébrasion sakréman yo.

7. Degré yo minm yo minnin nan « tan » réchèch la avèk dévlopman-an oubyin tan sa yo préparé yo :

a) Prémie tan-an, ki égzijé réchèch sou bò kandida-a, yo résévoua-l sou bò évanjélizasion Égliz la avèk « prékatékuména-a », épi li fèmin avèk antré nan òrdo katékumèn yo.

b) Dézièm tan-an, ki kòmansé apati antré nan òrdo katékumèn yo épi ki kapab diré pliziè ané, li réalizé nan katéchèz la avèk rit yo ki kolé avèk li-a, épi li fini jou choua-a.

c) Touazièm tan-an, an réalité pi brèf, ki tonbé dòdinè nan préparasion solanité paskal yo ak sakréman yo ki fèt nan Karèm nan, li maké ak purifikasion épi iluminasion.

d) Dènié tan-an, ki diré nan tout tan paskal la, li konsakré pou « mistagoji », sa vlé di ni pou ranmasé ékspérians ak frui yo ni pou antré nan échanj ak rélasyon avèk sosiété fidèl yo yon fason pi séré.

Konsa sé toua tan youn dèyè lòt : « prékatékuména », ki séparé avèk prémie évanjélizasion-an, « katékuména », ki déstiné pou katéchèz total la, « purifikasion ak iluminasion » pou résévoua yon préparasion spirituèl pi gran, « mistagoji » ki maké ak yon nouvo ékspérians ni sakréman yo ni kominoté-a.

8. An plis, kòm inisiasion krétyin yo pa lòt bagay pasé prémie patisipasion sakramantèl lanmò ak réziréksion Kris la, kòm pi plis toujou tan purifikasion-an avèk iluminasion-an tonbé dòdinè nan tan Karèm, épi « mistagoji-a » nan tan paskal, konsa tout inisiasion-an doué prézanté yon

karaktè paskal. Sé poua Karèm nan doué gin tout fòs pou préparé pi byin moun yo chouazi yo épi Vijil paskal la li minm doué rété tan nòmàl inisiasion sakréman yo, sèlman sa pa anpéché yo sélébré sakréman sa yo andéyò tan sa yo, poutèt nésésité pastoral.

A. Osijè évanjélizasion-an épi osijè « prékatékuména-a »

9. Minm si Òrdo inisiasion-an kòmansé nan Katékuména-a, tan ki présédé-a sa vlé di « prékatékuména-a » gin gran inpòtans épi yo pa doué soté-l dòdinè. Ladan-l réyèlman évanjélizasion sa-a fèt koté yo anonsé Bondié vivan-an avèk konfians épi san rété épi sa-a li voyé pou sovè tout moun nan, Jézu-Kri, pou sa-k pa krétyin yo, antan Éspri-Sin-an ouvri kè yo, antan yo kouè nan Granmèt la ak libèté, yo konvèti, épi yo kolé kò yo avèk sinsérité sou sa-a ki chémin-an, vérité-a ak lavi-a, ki konblé tout atant spirituèl yo, pi plis minm ki dépasé yo san limit.

10. Apati évanjélizasion-an ki réalizé avèk sékou Bondié, lafoua ak kòmansman konvèsion-an pran nésans, koté chak moun santi li réponsé péché-a épi li panché nan mistè amou Bondié-a. Évanjélizasion sa-a, tout katékuména-a ba-l tan pou yon véritab volonté suiv Kris la épi résévoua Batèm nan dévlopé.

11. Nan tan sa-a donk katéchist yo, diak yo, prèt yo, épi ata minm layik yo, yo adapté éksplikasion Évanjil la bay kandida yo, yo ofri sékou avèk atansyon, pou yo minm yo poté kolaborasion yo nan yon intansyon nètouayé épi klè avèk gras Bondié-a, anfin rankont kandida-a avèk fanmi épi asanblé krétyin yo ap fèt pi fasil.

12. Konfèrans Épiskopal yo gin pou okipé prévoua, an déyò évanjélizasion sa-a ki rézèvé pou tan sa-a, si ka-a prezanté épi dapré sikonstans péyi yo, yon prémié fason pou résévoua patizan yo (sa yo di nan langaj òdinè-a « sinpatizan » yo), sa vlé di sa yo ki, minm si yo pa kouè, yo montré yon panchan kanminm pou lafoua krétyin-an.

1) Résépsion yo-a ki fèt yon fason lib épi san rit, li montré intansyon douat yo, min sé pako lafoua-a.

2) Yo kapab adapté-l nan kondision péyi yo ak sikonstans yo. Gin kandida réyèlman, sa-k prezanté dévan yo sé éspri krétyin yo y-ap chèchè konnin épi éséyé ; gin dèt minm katékuména pa yo diféran pou divès rézon, sé prémié aksion ékstériè pa yo oubyin pa kominoté-a ki alé ak yo.

3) Sé pou résépsion-an fèt nan réyinion avèk asanblé kominoté koté-a, dapré tan favorab amitié-a avèk dialòg yo. Antan yon zanmi prezanté-l, patizan-an (« sinpatizan »-an) li minm yo salué-l avèk paròl ki sot nan fon kè épi yon prèt résévoua-l oubyin yon manb kominoté-a ki respéktab épi ki la pou sa.

13. Pandan minm tan « prékatékuména » sa-a, sé pou pastè yo édé « sinpatizan » yo avèk priyè ki adapté.

B. Osijè Katékuména-a

14. Sé yon gran inpòtans rit yo rélé « pou fè katékumèn yo » ginyin, paské lè sa-a, antan yo rivé an publik pou premié foua, ni kandida yo louvri volonté yo bay Égliz la, ni Égliz la, antan l-ap égzèsé pouvoua apostolik li, li résévoua yo, yo minm ki gin intansion vi-n tounin manb li yo. Bondié ba yo gras li, lè li montré klèman sa yo anvi-a nan sélébrasion sa-a épi li maké résépsion yo avèk premié konsékrasion yo.

15. Pou fè démach sa-a, fò premié fondman vi spirituèl ak doktri-n krétyin-an byin planté nan kandida yo : donk premié lafoua ki kòmansé pran nésans nan tan « prékatékuména-a », kòmansman konvèsion-an avèk volonté chanjé lavi-a épi antré nan rélasion avèk Bondié nan Kris la, konsa tou premié sans pénitans épi kòmansman abitud rélé Bondié épi priyé, épitou premié ékspérians sosiété avèk éspri krétyin yo.

16. Avèk konkou garan yo (cf. pi louin n. 42), katéchist yo avèk diak yo, pastè yo gin pou yo jijé sign ékstériè dispozision sa yo. Sé ròl yo tou pou, antan yo fè atansion sou puisans sakrèman yo yo déja résévoua validman-an (cf. *Rémak jénéral* yo, n. 4), yo évité pou yon moun, ki déja batizé, pa vlé batizé yon lòt foua ankò, pou yon kòz kèlkonk.

17. Apré sélébrasion rit la, sé pou yo pran tan ékri nan yon liv ki fèt pou sa non katékumèn yo, antan yo ajouté non minis la avèk garan yo, jou avèk koté yo fè admision-an.

18. Apati moman sa-a katékumèn yo, Manman Égliz la déja anbrasé kòm afè pa-l avèk rinmin épi avèk souin épi ki fè youn avèk li, yo déja fè pati kay Kris la : Égliz la réyèlman nourri yo avèk paròl Bondié-a épi yo réchofé avèk sékou litijik. Konsa y-ap mété tout kè yo pou yo patisipé nan litiji paròl la épi pou yo résévoua bénédikcion yo avèk sakramantèl yo. Chak foua yo angajé mariaj, soua dé katékumèn antré yo, soua yon katékumèn avèk yon pati ki pa batizé, y-a sèvi avèk rit ki adapté. Si anfin yo mouri pandan katékuména-a, sé pou yo résévoua antèman krétyin-an.

19. Katékuména-a sé tan antrénman, koté kandida yo rinnèt tèt yo bay fòmasyon pastoral la épi yo suiv yon disipli-n favorab ki pèmèt dispozision nanm nan, ki manifésté nan antré-a, rivé nan plin dévlopman-an. Yo rivé jouinn sa nan kat chémin :

1) Yon katéchèz ki adapté, sa prèt yo, diak yo oubyin katéchèt yo avèk lòt layik yo transmèt ki dispozé dapré degré épi ki ékspozé yon fason antié, ki kolé sou ané litijik la épi ki jouinn soutyin nan sélébrasion paròl la, li kondui yo non sèlman nan yon nosion konvnab dògm yo avèk kòmandman

yo, min minm nan yon konésans profon mistè sovè nou sovè-a, sa yo anvè apliké-a.

2) Antan y-ap palé tankou nan fanmiy pandan y-ap égzèsè lavi krétyin-an, antan yo jouinn konkou égzanp avèk sèkou garan-an épi parinn-marinn yo, byin plis minm tout kominoté fidèl yo, yo pran abitud priyé Bondié pi fasil, sèvi lafoua-a témouin, kinbé atant Kris la nan tout okazion, suiv inspirasion ki soti anlè-a nan aksion yo, travay pou charité prochin-an jous rénonsman pròp tèt pa yo. Antan yo jouinn instruksion konsa, « sa-k fèk konvèti yo » ap suiv yon chémin spirituèl, koté yo kominiké déja atravè lafoua nan mistè lanmò-a ak rézireksion-an, yo travèsé sot nan moun ansyin-an al nan moun nouvo-a ki rivé nan dènié dégré-l nan Kris la. Pasaj sa-a, antan li antréné yon chanjman progrésif santiman yo ak mès yo, li doué parèt klè avèk konsékans sosial li yo épi nan tan katékuména-a li doué évolué piti-piti. Kòm Granmèt la, nan li li kouè-a, sé yon sign kontradiksion, moun ki konvèti-a ap fè ékspérians byin souvan déchirman avèk séparasion, min an minm tan kè kontan Bondié bay la san méziré.

3) Égliz la ki Manman édé yo nan chéminman yo avèk rit litijik konvtab épi ofiamézi rit litijik sa yo ap nètouayé yo épi bénédiksjon Bondié-a ap soutni yo. Pou sèvis yo, yo mété an anvan yon fason favorab sélébrasion Paròl la, pi plis minm yo déja kapab antré nan litiji paròl la ansanm avèk fidèl yo, ki pèmèt yo préparé yo pi byin pou patisipasion Ékaristi-a ki gin pou-l vini-an. Dabitud kanminm, lè yo prézan nan asanblé fidèl yo, fò anvan sélébrasion ékaristik la kòmansé, sof si gin difikilté k-ap pousé, yo ranvouayé yo avèk byinvéyans : yo doué réyèlman tann Batèm nan, koté, antan yo antré nan pèp sasèrdotal la, yo dézignin yo pou yo patisipé nan nouvo kult Kris la.

4) Kòm lavi Égliz la, li apostolik, katékunèn nan aprann tou nan témouagnaj lavi-a avèk déklarasion lafoua-a pou-l kolaboré avèk énéji nan Évanjélizasion-an avèk konstriksion Égliz la.

20. Éspas tan-an ki konvtab pou katékuména-a sé gras Bondié-a ki réglé-l, ni divès sikonstans bagay yo, sa vlé di sistèm fòmasyon katékuména-a li minm, kantité katéchist yo, diak yo avèk prèt yo, épi kolaborasion chak katékumèn, sèkou nésèsè pou réalizé sièj katékuména-a épi pou rété koté sa-a ni konkou kominoté lokal la. Konsa pa gin anyin yo kapab fiksé « davans ». Konsa sé Évèk la ki pou konsidéré tan-an pou fiksé-a épi sé li minm tou ki pou réglé aprantisaj katékuména-a. Li t-a bon tou pou Konfèrans Épiskopal yo présizé bagay la pi byin, dapré kondision pèp yo avèk réjion yo.

C. Osijè tan purifikasion-an ak iluminasion-an

21. Tan purifikasion ak iluminasion katékumèn yo korésponn dòdinè avèk Karèm nan, paské Karèm nan, gras a souvni oubyin préparasion Batèm nan épi gras a pénitans la, li rénovlé kominoté fidèl yo, ansanm avèk katékumèn yo, épi li dispozé yo pou yo raplé mistè paskal la, sa sakréman inisiasion yo apliké bay chak moun nan.

22. Nan dézièm degré-a sé tan purifikasion-an ak iluminasion-an ki kòmansé, ki konsakré pou yon préparasion pi séré éspri-a ak kò-a. Nan degré sa-a Égliz la fè « éléksion »-an sa vlé di choua avèk admision katékumèn yo, ki gin kapasité dapré dispozision yo pou yo jouinn pòsion nan prochin sélébrasion sakréman inisiasion yo. Yo rélé-l « éléksion », paské sé yon admision Égliz la fè, ki bazé sou éléksion Bondié-a, li minm Égliz la ap aji onon-l nan ; yo rélé-l tou « inskripsion non yo », antan non kandida yo inskri nan liv moun yo chouazi yo kòm gaj fidélité.

23. Anvan yo sélébré « éléksion »-an, yo mandé pou katékumèn yo ginyin sa-k konsèné konvèsion éspri ak konduit, asé konésans doktri-n krétyin-an, sans lafoua ak charité ; yo mandé tou pou gin réfléksion sou kapasité yo. Apré sa nan sélébrasion rit la li minm maniféstasion volonté yo épi désizyon Évèk la oubyin sa-a li délégé dévan kominoté-a. Sé poussa éléksion-an, ki anbéli avèk tout kalité solanité sa-a, li montré klè li tankou gon tout katékuména-a.

24. Apati jou « éléksion »-l nan épi admision-l nan, yo rélé katékumèn yo « chouazi ». Yo rélé yo tou « konpétan », paské yo mét ansanm fè yon sèl pou yo éséyé résévoua sakréman Kris yo ak kado Éspri-Sin-an. Yo rélé yo tou « sa yo gin pou kléré yo », paské Batèm nan li minm yo rélé-l « klèté » épi palintèmediè-l yo anvayi néofit la ak limiè lafoua-a. Nan jou nou yo minm, yo pèmèt nou anplouayé dèt mo ki akòdé pi fasil avèk posibilité tout moun ginyin pou konprann épi avèk karaktè lang yo, akòz divèsité réjion yo épi mantalité sosisié-a.

25. Pandan tan sa-a, préparasion nanm nan ki fèt yon fason pi séré-a, li minm ki konsèné pi plis rékoléksion spirituèl pasé katéchèz, li orianté ni pou nètouayé kè yo ak éspri yo atravè égzamin konsians ak pénitans ni pou kléré yo atravè yon konésans pi profon sou Kris Sovè-a. Yo réalizé-l nèt avèk divès rit, sitou atravè skrutin yo ak tradision yo.

1) « Skrutin » yo, yo sélébré solanèlman nan jou dimanch yo, yo konsèné dé intansion yo té palé pi ro yo, sa vlé di pou révéle sa-k fèb nan kè sa yo chouazi yo, sa-k malad, sa-k sal, pou yo nètouayé yo ; épi sa-k gin bon kalité, ki solid, épi ki sin, pou konsolidé yo. Skrutin yo réyéلمان yo orianté pou libérasion sot nan péché-a ak nan djab la, épi yo bay fòs nan Kris la, li minm ki chémin, vérité ak lavi sa yo chouazi yo.

2) « Tradision » yo, palintèmèdiè yo-a Égliz la konfié sa yo chouazi yo dokiman lafoua ak lapriyé ki la lontan anpil la, sa vlé di Sinbòl la avèk priyé Granmèt la, yo orianté pou iluminasion yo. Sinbòl la, koté yo fè sonjé mèvèy Bondié yo pou moun yo, fè yo anvayi ak lafoua épi ak lajoua. Nan Priyé Granmèt la minm, yo aprann yon fason pi profon nouvo éspri pitit yo, ki pèmèt yo rélé Bondié Papa, sitou nan mitan asanblé ékaristik la.

26. Pou prochin préparasion sakréman yo :

1) Sé pou yo avèti sa yo chouazi yo pou samdi sin-an nan mézi yo kapab, antan yo libéré anba travay yo abitué fè, yo konsakré tan-an nan priyé ak rékoléksion éspri-a épi yo konsévè jèn nan dapré fòs yo.

2) Nan minm jou sa-a, si gin yon asanblé élékté k-ap fèt, kapab ginyin kèk rit toupré pou préparé, parégzanp rémiz Sinbòl la, « Éfata », choua non krétyin-an épi, si ka-a prezanté, onksion luil katékumèn yo.

D. Osijè sakréman inisiasion yo, yo minm

27. Sakréman sa yo, sa vlé di Batèm, Konfirmasion ak Ékaristi sé dènié dégré, koté antan sa yo chouazi yo rivé, antan yo rinmèt péché yo, yo fè pati pèp Bondié-a, yo résévoua adoption pitit Bondié yo, Éspri-Sin-an fè yo antré nan promès tout tan yo, pi plis ankò gras a sakrifis ékaristik la épi résépsion ékaristik la yo gouté davans péyi-roua Bondié-a.

a) Sélébrasion Batèm adult yo

28. Sélébrasion Batèm nan, ki kondui tankou nan pouint tèt la gras a lavaj dlo-a avèk invokasion Trè Sint Trinité-a, yo préparé-l avèk bénédiksion dlo-a épi déklarasion lafoua-a, ki kolé séré avèk rit dlo-a.

29. Réyèlman atravè bénédiksion dlo-a, koté yo raplé distribision mistè paskal la avèk choua dlo-a pou réalizé-l yon fason sakramantèl épi koté yo invoké Trè Sint Trinité-a pou premié foua-a, créatu dlo-a jouinn sans rélijijé épi mistè Bondié ki kòmansé-a, li parèt klè pou tout moun.

30. Nan rit rénonman-an avèk profésion lafoua-a, sé minm mistè paskal la, sa yo raplé sou dlo-a, épi sélébran-an gin pou déklaré tou kout apré sa nan paròl Batèm nan, sé li minm ki déklaré nan lafoua énéjik sa yo k-ap résévoua Batèm nan. Adult yo réyèlman yo pa sové, sof si yo vlé résévoua kado Bondié-a antan yo kouè-l, antan yo proche ak pròp volonté yo. Lafoua-a, ki fè yo résévoua sakréman-an, sé pa lafoua Égliz la sèlman, min sé pròp lafoua pa yo tou, épi y-ap tann li aji anndan yo. Pandan y-ap batizé-a yo pa doué résévoua sakréman-an yon fason pasif sèlman, sé yon aliens yo angajé avèk Kris la ak pròp volonté yo, antan yo rénonse èrè yo, épi yo kolé kò yo okontrè sou Bondié.

31. Minm lè-a, apré yo fi-n déklaré ak yon lafoua vivan mistè paskal Kris la, antan yo proché, yo résévoua mistè sa-a lavaj dlo-a montré-a épi apré yo fi-n fè profésion la Trè Sint Trinité-a. Trinité-a li minm sélébran-an invoké-a, aji, antan li mété sa yo li chouazi-a nan pami pitit adoptif yo épi antan li fè yo antré nan pèp li-a.

32. Sé poua lavaj dlo-a, montré patisipasion mistik lanmò ak rézéréksion Kris la, palintèmediè-l sa yo ki kouè nan non-l nan yo mouri parapò a péché yo épi yo résisité nan lavi tout tan-an, li résévoua tout inpòtans li nan sélébrasion Batèm nan : Konsa yo chouazi rit soua imèsion (plonjé nan dlo) soua infuzion (vidé dlo), ki pi adapté nan chak ka, pou, dapré divès tradision épi dapré sikonstans bagay yo, yo konprann pi byin lavaj sa-a sé pa sèlman yon rit purifikasion, min sé sakrèman aliens avèk Kris la.

33. Onksion Krèm nan apré Batèm nan signifíé sasèrdòs rouayal batizé yo avèk admision yo nan fanmiy nouvo dignité yo-a. Chandèl la minm ki limin-an, li montré vokasion yo pou yo maché jan sa doué fèt pou pitit limiè-a.

b) Sélébrasion Konfirmasion adult

34. Dapré yon abitud trè ansyin ki konsèvé nan Litiji Romèn nan, yo pa batizé yon adult san, osito aprè Batèm nan, li pa résévoua Konfirmasion (cf. n. 44), sof si rézon ki grav anpil anpéché (cf. n. 44). Atravè konéksion sa-a yo montré unité mistè paskal-la, konéksion ant mision Pitit-la avèk éfuzion Éspri-Sin-an, épi liézon sakrèman yo, koté chak nan dé Pèrsòn divi-n yo vini ansanm avèk Papa-a.

35. Sé poua, apré rit konplémantè Batèm nan (n. 224) yo bay Konfirmasion.

c) Prèmié patisipasion ékaristik nouvo batizé yo.

36. Anfin yo fè sélébrasion Ékaristi-a, koté néofit yo jodi-a pou prèmié foua, épi ak plin doua, yo patisipé ladan-l épi ladan-l yo jouinn dènié bout inisiasion yo-a. Ladan-l réyèlman néofit sa yo minm, antan yo rivé nan dignité sasèrdòs rouayal la, yo gin patisipasion aktif ni nan priyè fidèl yo, ni, nan mézi sa kapab fèt, nan rit pou poté obla yo sou lotèl la ; avèk tout kominoté-a yo patisipé nan aksion sakrifis la épi yo rinnèt Priyè Granmèt la, koté yo montré éspri adopsion pitit yo, sa yo té résévoua nan Batèm nan. Anfin antan yo kominié nan Kò-a yo rinnèt la ak San-an ki vidé-a, yo asiré kado yo résévoua yo épi yo gouté davans sa ki la pou tout tan yo.

E. Tan « mistagoji-a »

37. Apré dènié dégré sa-a fi-n réalizé, kominoté-a ansanm avèk néofit yo, ni nan méditation Èvanjil la, ni nan patisipasion Èkaristi-a, ni nan égzèsis charité-a, yo avansé nan mistè paskal la antan yo résévoua-l pi fon épi yo tradui-l tout tan pi plis nan pratik lavi-a. Sa-a sé dènié tan inisiasion-an, sa vlé di tan « mistagoji » néofit yo.

38. Yo jouinn yon konpréansion « mistè yo » ki pi gran épi ki donnin plis frui gras a nouvo éksplikasion-an épi sitou gras a ékspérians sakréman yo résévoua yo. Nouvo batizé yo réyèlman, yo rénovlé nan éspri-a, yo gouté bon paròl Bondié-a pi fon, yo kominiké nan Èspri-Sin-an épi yo sondé kijan Granmèt la dous. Apati ékspérians sa-a, ki spésial pou moun krétyin-an épi ki dévlopé nan égzèsis lavi-a, yo tiré yon nouvo sans lafoua-a, Égliz la ak tè-a.

39. Nouvo frékantasion sakréman yo, minm jan li kléré konpréansion Ékritu sakré yo, konsa tou, pi plis minm, li dévlopé sians moun yo épi li débòdé nan ékspérians kominoté-a, atèl pouin rélasyon avèk rès fidèl yo vi-n pi fasil épi pi util pou néofit yo. Sé poua tan mistagoji-a doué gin yon trè gran inpòtans atèl pouin néofit yo, antan parinn-marinn édé yo, yo antré nan rélasyon pi profon avèk fidèl yo épi yo poté pou yo yon vizion bagay yo ki rénovlé épi tou yon mouvman nouvo.

40. Kòm karaktéristik avèk fòs ki spésial pou tan sa-a, yo sòti nan ékspérians sa-a ki pèsònèl épi ki nouvo ni parapò a sakréman yo ni parapò a kominoté-a, prinsipal koté « mistagoji-a » sé sa yo rélé « Mès pou néofit yo », sa vlé di Mès dimanch paskal yo, paské nan yo, an plis kominoté-a ki rasanblé-a épi patisipasion mistè yo, néofit yo jouinn, sitou nan ané « A » Léksionè-a, léktu ki akòdé yon fason spésial pou yo. Sé poua nan Mès sa yo tout kominoté koté-a invité ansanm avèk néofit yo épi parinn-marinn yo, épi yo kapab sèvi avèk tèks yo, minm lè inisiasion-an sélébré andéyò tan yo.

II. MINISTÈ YO AVÈK OFIS YO

41. An plis sa yo di nan *Rémak jénéral* yo (n. 7), pèp Bondié-a, Égliz lokal la réprézanté-a, doué konprann tout tan épi doué montré inisiasion adult yo sé afè pa-l épi okipasion tout batizé yo. Konsa li doué gin tèt byin paré pou, antan l-ap réalizé vokasion apostolik li, li ofri sékou bay sa yo k-ap chèché Kris la. Nan divès sikonstans lavi chak jou-a, tankou nan apostola-a, ninpòt disip Kris la gin dévoua sou bò pa-l pou-l simin lafoua-a tout koté. Pakonsékan li doué édé kandida yo ak katékumèn yo pandan tout chémin inisiasion-an, nan prékatékuména-a, nan katékuména-a épi nan tan mistagoji-a. An dépay donk :

1) Pandan tan évanjélizasyon-an avèk prékatékuména-a fidèl yo doue sonjé apostola Égliz la, avèk tout manb li yo, gin pou yo dirijé an prémié pou yo montré tè-a anons Kris la nan paròl avèk nan aksion épi pou yo kominiké-l gras li-a. Konsa sé pou yo ofri tèt yo fasil pou louvri éspri kominoté krétyin yo, pou yo résévoua kandida yo nan fanmiy yo, nan konvèsasyon an privé, byin plis nan kèk réyinion kominoté-a.

2) Nan sélébrasyon katékuména-a, dapré okazion favorab sé pou yo chèché prézan épi sé pou yo ofri tèt yo yon fason aktif nan répons yo, priyé, chan avèk aklamasyon.

3) Jou éléksion-an, kòm sé késion dévlopman kominoté-a li minm minm, sé pou yo pran souin rann yon témouagnaj jis, byin balansé yon fason konvab sou katékumèn yo.

4) Nan tan Karèm nan, sa vlé di tan purifikasyon-an avèk iluminasyon-an, sé pou yo prézan abituèlman nan rit skrutin yo avèk tradision yo, épi sé pou yo bay katékumèn yo égzanp pròp rénovèlman nan éspri pénitans, lafoua avèk charité. Nan Vijil paskal la sé pou yo mété tout kè yo nan rénovlé promès Batèm yo.

5) Nan tan mistagoji-a sé pou yo patisipé nan Mès pou néofit yo, sé pou yo vlopé yo avèk charité épi sé pou yo ofri yo sékou k-ap pèmèt yo santi yo pi alèz nan kominoté batizé yo.

42. Kandida-a, ki mandé pou yo résévoua-l nan pami katékumèn yo, sé pou yon garan akonpagné-l, sa vlé di yon gason oubyin yon fi ki konnin-l, ki édé-l épi ki sèvi témouin osijè konduit li, lafoua-l avèk volonté li. Sa kapab rivé pou résponsab sa-a pa ranpli ròl parinn nan nan tan purifikasyon-an avèk iluminasyon-an épi mistagoji-a, min pou lè sa-a sé yon lòt ki ranplasé-l nan dévoua sa-a.

43. Parinn ak marinn nan minm, katékumèn nan chouazi-a poutèt égzanp, kalité avèk amitié-a, li minm kominoté krétyèn koté-a délégé-a, li minm prèt la aprouvé-a, sé pou-l akonpagné kandida-a jous éléksion-an, nan sélébrasyon sakréman yo épi nan tan mistagoji-a. Sé li minm ki gin pou montré katékumèn nan avèk familiarité ékspérians Évanjil la nan pròp lavi pa-l épi nan rélasyon sosiété-a, édé-l nan dout yo ak kè séré yo, rann li témouagnaj, véyé sou dévlopman lavi batèm li. Li minm yo déjà chouazi anvan « éléksion »-an, li égzèsè ròl li piblikman apati jou « éléksion »-an, lè dévan kominoté-a li bay témouagnaj osijè katékumèn nan ; fonksion li-a kinbé inpòtans li, lè néofit la, ki fi-n résévoua sakréman yo, bézouin yo édé-l pou-l rét fidèl nan promès Batèm nan.

44. Évèk la, li minm pèsònèlman oubyin palintèmediè yon délégé, li gin pou établi fomasyon pastoral katékumèn yo, dirijé li, ankourajé li épi résévoua kandida yo nan éléksion-an avèk sakréman yo. Li souétab pou, nan mézi sa kapab fèt, antan li présidè litiji Karèm nan, li minm li sélébré rit éléksion-an

épi nan Vijil paskal la sakréman inisiasion yo. Anfin, pou souin pastoral li, Èvèk la rimmèt délégasion pou sélébré égzòsis minè yo bay katéchist ki réyèlman gin mérit épi ki gin préparasion konvtab.

45. Prèt yo, an plis ministè òdinè yo gin pou okipé nan ninpòt sélébrasion Batèm, Konfirmasion avèk Èkaristi, yo gin pou fè atansion nan souin pastoral ak souin pèsonèl katékumèn yo, sé pou yo okipé sitou sa yo ouè k-ap ézité yo épi ki nan tray yo, pou, antan diak yo avèk katéchist yo ap poté yo sékou, yo voyé jé sou katéchèz yo ; pou yo aprouvé éléksion parinn-marinn yo épi pou yo kouté yo épi édé yo ak tout bòn volonté yo ; pou anfin yo mété atansion pou yo sèvi avèk rit yo yon fason kòrèk épi yon fason konvtab pandan tout déroulman Òrdo inisiasion-an (cf. pi louin, n. 67).

46. Pè-a, k-ap batizé yon adult oubyin yon timoun ki gin laj katéchist, antan Èvèk la pa prézan, sé pou-l ba-l Konfirmasion tou, sof si sakréman sa-a yo gin pou bay li yon lòt moman (cf. n. 56). Lè moun ki gin pou résévoua Konfirmasion yo anpil, minis Konfirmasion-an kapab mété prèt avèk li pou administré sakréman-an.

Li nésèsè pou prèt sa yo :

a) oubyin okipé yon ròl oubyin yon fonksion patikilié nan diosèz la, sa vlé di pou yo soua Vikè jénéral, soua Vikè oubyin Délégé épiskopal, soua Vikè distrikt oubyin réjion, ki égal avèk yo nan fonksion-an, dapré manda Òrdinè-a ;

b) oubyin yo Kuré koté y-ap bay Konfirmasion-an, soua Kuré koté moun k-ap résévoua Konfirmasion-an dépan nan, soua prèt ki té bay konkou spésial nan préparasion katéchétik moun k-ap résévoua Konfirmasion yo.

47. Diak yo, si yo prézan, sé pou yo paré pou bay konkou toupré. Si Konférans Épiskopal la jijé bon pou institué diak pèmanan, sé pou-l prévoua tou pou kantité yo kapab sifizan pou dégré, tan avèk égzèsis katékuména-a kapab réalizé nan tout koté nésésité pastoral yo mandé.

48. Katéchist yo, sèvis yo gin inpòtans pou progrè katékumèn yo épi dévlopman kominoté-a, sé pou yo gin yon patisipasion aktif nan rit yo, chak fousa sa kapab fèt. Pandan y-ap bay ansègnman, sé pou yo fè atansion pou doktri-n yo gin rélasyon avèk éspri évanjélik la, pou-l akòdé avèk sinbòl litijik yo épi avèk déroulman ané-a, pou-l adapté avèk katékumèn yo, épi pou-l anrichi avèk tradision koté-a, nan mézi sa kapab fèt. An plis, antan Èvèk la délégé yo, yo kapab fè égzòsism minè yo (cf. pi ro n. 44) avèk bénédiksion yo, sa yo palé sou yo nan Rituèl la nn. 113-124.

III. TAN AK KOTÉ INISIASION-AN

49. Osijè Òrdo inisiasion-an pastè yo sèvi avèk li dòdinè yon fason, pou yo sélébré sakrèman yo nan Vijil paskal la épi pou éléksion-an fèt nan premié dimanch Karèm nan. Lòt rit yo minm yo distribiyé yo antan yo konsidéré dispozision yo palé sou li pi ro-a (nn. 6-8, 14-40). Sèlman, poutèt grav nésésité pastoral, yo pèmèt dispozé déroulman tout Òrdo-a yon lòt fason, jan yo di yon fason pi détayé pi louin-an (nn. 58-62).

A. Tan léjitim, sa vlé di abituèl

50. Kanta tan pou sélébré rit pou fè katékumèn yo, sé pou yo konsidéré bagay sa yo :

1) Fò yo pa fè-l anvan lè : sé pou yo tann joutan kandida yo, dapré dispozision yo épi kondision-an, éspas tan nésésè-a prezanté pou kòmansman lafoua-a pran nésans sou paranndan épi pou premié mak konvèsion-an parèt (cf. n. 20).

2) Koté kantité kandida yo abitué pi plis, sé pou yo tann joutan yon group sifizan fòmé pou katéchèz la avèk rit litijik yo.

3) Sé pou yo fiksé nan ané-a dé oubyin, dapré nésésité, toua jou, sa vlé di toua ki pi favorab, koté dòdinè yo réalizé rit yo.

51. Rit « éléksion »-an, sa vlé di « inskripsion non yo » dòdinè yo sélébré-l premié dimanch Karèm. Sèlon bézouin yo kapab fè-l yon ti kras anvan oubyin minm yo kapab sélébré-l anndan sémèn.

52. « Skrutin » yo, yo fèt touazièm, katriyèm avèk sinkièm dimanch nan Karèm nan, dapré nésésité lòt dimanch nan minm Karèm nan, plis minm nan jou sémèn nan ki pi adapté. Yo doué sélébré toua « skrutin » ; sèlman poutèt anpèchman grav Évèk la kapab rétiré youn oubyin minm dé nan sikonstans ékstraòdinè. Si pa gin tan minm, antan yo fè éléksion-an davans, yo fè premié skrutin-an minm anvan ; sé pou yo fè atansyon sèlman nan ka sa-a pou « tan purifikasyon avèk iluminasyon »-an pa dépasé plis pasé uit sémèn.

53. Dépi nan tan byin lontan, « tradision » yo, lè yo fèt apré skrutin yo, yo konsèné minm tan purifikasyon-an avèk iluminasyon-an ; min yo sélébré yo anndan sémèn nan. Sinbòl la yo rinmèt li nan sémèn apré premié skrutin-an ; Priyè Granmèt la minm apré touazièm sémèn nan. Sèlman pou avantaj pastoral, pou anrichi litiji tan katékuména-a, yo kapab déplasé tradision yo épi sélébré yo anndan katékuména-a sou mòd « rit pasaj » (cf. nn. 125-126).

- 54.** Samdi sin, kòm sa yo chouazi yo, antan yo sispann travay (cf. pi ro n. 26), yo konsakré tèt yo nan méditation, yo kapab fè divès rit k-ap préparé tousuit : rinnèt Sinbòl la, rit « Éfata »-a, choua non krétyin-an, minm onksion avèk luil katékumèn yo (cf. nn. 193-207).
- 55.** Nan Vijil paskal la minm yo sélébré sakréman inisiasion adult yo (cf. nn. 8 ak 49). Min si katékumèn yo anpil, yo bay pi fò nan yo sakréman yo nan nuit sa-a minm, rès yo minm yo kapab ranvouayé yo pou jou anndan oktav Pak la épi rénovlé sakréman yo oubyin nan égliz prinsipal yo oubyin minm nan stasion sékondè yo : nan ka sa-a yo sèvi oubyin avèk Mès pròp jou-a oubyin avèk Mès rituèl pou inisiasion krétièn yo, antan yo anplouayé léktu Vijil paskal yo.
- 56.** Nan tout ka yo, yo kapab ranvouayé sérémoni Konfirmasion-an alantou finisman tan mistagoji-a, parégzanp nan dimanch Pantkot la (cf. n. 237).
- 57.** Tout avèk chak dimanch apré premié dimanch Pak la sé pou gin sa yo rélé « Mès pou néofit yo », koté ni kominoté-a ni sa-k fèk batizé yo avèk parinn-marinn yo, yo invité avèk insistans (cf. pi ro n. 40).

B. An déyò tan yo

- 58.** Min si Òrdo inisiasion-an dispozé dòdinè yon fason pou yo sélébré sakréman yo nan Vijil paskal la, kanminm poutèt sikonstans ékstraòdinè avèk nésésité pastoral, yo pèmèt pou sélébré rit éléksion-an épi tan purifikasion-an avèk iluminasion-an andéyò Karèm nan épi Sakréman yo minm andéyò Vijil la oubyin jou Pak la. Nan sikonstans minm òdinè, sèlman kanminm poutèt grav nésésité pastoral, parégzanp koté sa pou yo batizé yo tròp, yo pèmèt chouazi an plis déroulman inisiasion-an ki konn réalizé dòdinè nan Karèm, yon lòt tan, anvan tan paskal la, pou sélébré sakréman inisiasion yo. Nan ka sa yo, antan inpòtans pou yo antré nan ané litijik la chanjé, dispozision tout Òrdo-a li minm rété minm jan-an, avèk intèval konvnan. Yo kapab fè aranjanman kanminm dapré sa-k vi-n apré-a.
- 59.** Sakréman inisiasion yo, yo minm, nan mézi sa kapab fèt, yo doué sélébré yo dimanch, antan yo sèvi, dapré sikonstans la soua avèk Mès dimanch la soua avèk Mès rituèl pròp la (cf. pi ro n. 55).
- 60.** Rit pou fè katékumèn yo doué gin plas li nan tan konvnan, jan yo di nan n. 50 la.
- 61.** « Éléksion »-an yo sélébré-l apéprè sis sémèn anvan sakréman inisiasion-an, pou gin kont tan pou skrutin yo avèk tradision yo. Sé pou yo fè atansyon pou sélébrasion éléksion-an pa tonbé nan yon solanité ané litijik la. Pou rit la, yo sèvi avèk léktu ki préparé nan Rituèl la. Fòmulè Mès la minm doué fomulè jou-a oubyin Mès rituèl la.

62. « Skrutin » yo, yo pa doué sélébré yo nan solanité yo, min nan jou dimanch yo, oubyin anndan sémèn nan antan yo konsèvé intèval òdinè yo, y-a sèw avèk léktu ki dézignin nan Rituèl la. Fòmülè Mès la doué oubyin sa-k pou jou-a oubyin sa-k pou Mès rituèl la, tankou pi plouin n. 374 bis.

C. Koté inisiasion-an

63. Sé pou rit yo fèt nan koté ki konvnan, jan yo indiké-l nan Rituèl la. Sé pou yo konsidéré nésésité patikilié, ki soti nan stasion sékondè réjion mision-an.

IV. ADAPTASION KONFÉRANS ÉPISKOPAL YO K-AP SÈVI AK RITUÈL ROMIN-AN, YO KAPAB FÈ

64. Anplis adaptasion yo prévoua nan Rémak jénéral yo (nn. 30-33), Òrdo inisiasion adult yo admèt dòt aranjanman Konfèrans Épiskopal yo kapab réglé.

65. Daprè volonté Konfèrans sa yo, yo kapab fiksé bagay sa yo :

1) Anvan katékuména-a, koté yo ouè sa prezanté yon avantaj, fiksé yon sètèn fason pou résévoua patizan yo (« sinpatizan » yo) (cf. pi ro n. 12).

2) Si kèk foua kilti yon nasion fléri isi ou la, mété nan Òrdo pou fè katékumèn yo, nn. 79 ak 80, premié égzòsism avèk premié rénonnman.

3) Fiksé pou jès fè sign lakoua sou fron-an fèt anlè fron-an, koté touché-a pa konsidéré konvnan (n. 83).

4) Koté, daprè ékspérians rélijion ki pa krétyin yo, yo bay inisié yo yon non nouvo minm lè-a, fiksé pou yo mété yon nouvo non pou kandida yo nan Òrdo pou fè katékumèn yo (n. 88).

5) Daprè abitud koté yo, admèt nan minm Òrdo-a, n. 89, rit k-ap édé pou montré résépsion nan kominoté-a.

6) Pandan tan katékuména-a minm, an plis rit abituèl yo (nn. 106-124), mété « rit tranzision », tankou fè « tradision » yo anvan tan-an, rit « Éféta »-a, rémiz Sinbòl la oubyin minm onksion avèk luil katékumèn yo (nn. 127-129).

7) Konsidéré posibilité pou siprimé onksion luil katékumèn yo (n. 218) oubyin pou transféré-l anndan rit yo k-ap préparé tousuit yo (n. 206-207) oubyin sèvi avèk li anndan tan katékuména-a sou fòm « rit tranzision » (nn. 127-132).

8) Fè fòmül rénonnman yo vi-n pi klè épi pi rich (cf. nn. 217 ak 80).

V. BAGAY KI KONSÈNÉ ÉVÈK LA

66. Évèk la minm, pou diosèz li-a, li doué :

1) Établi fòmasyon katékuména-a épi dapré nésésité fikse règ konvtab (cf. n. 44).

2) Dapré sikonstans ki rivé, fikse si épi kilè Òrdo inisiasion-an kapab sélébré andéyò tan yo (cf. n. 58).

3) Bay posibilité pou kite poutèt anpèchman grav yon skrutin oubyin minm, nan sikonstans ékstraòdinè, dé (cf. n. 240).

4) Pèmèt pou yo sèvi an pati oubyin toutantié avèk Rit pi sinp la (cf. n. 240).

5) Katéchist ki vrèman mérité yo épi ki résévoua préparasion konvtab yo, ba yo délégasion pou fè égzòsism yo avèk bénédiksion yo (cf. nn. 44 avèk 47).

6) Prézidé rit « éléksion »-an épi gin rapò pèsonèlman oubyin palintèmedie yon délége sou admision sa yo chouazi yo (cf. n. 44).

VI. ARANJMAN YON MINIS KAPAB FÈ

67. Sélébran-an kapab sèvi an plin épi avèk intélijans avèk libète yo ba li soua nan Rémak jénéral yo, n. 34, soua nan rubrik Òrdo-a ansuit. Nan anpil koté éksprè fason pou aji-a épi pou priyé-a pa fikse oubyin yo ofri dé solision, pou sélébran-an, dapré jijman saj li kapab adapté rit la parapò a kondision pastoral kandida yo épi asistan yo. Yo kite pi gran libète nan avètisman yo épi aplikasion yo, yo toujou kapab fè pi kout dapré sikonstans yo oubyin chanjé yo oubyin minm anrichi avèk intansyon, pou yo koréponn avèk kondision spésial soua kandida yo (parégzanp dèy oubyin kontantman ki rivé nan fanmiy kèk nan yo) soua asistan yo (parégzanp dèy oubyin kontantman parouas la oubyin vil la patajé).

Sélébran-an li minm kapab ranjé tèks la, antan-l chanjé janr avèk kantité, jan sa konvtab pou chak sikonstans.

CHAPIT I

ÒRDO KATÉKUMÉNA-A DISPOZÉ DAPRÉ DÉGRÉ

PRÉMIÉ DÉGRÉ : RIT POU FÈ KATÉKUMÈN YO

68. Òrdo-a, koté sa-k vlé vi-n krétyin yo, yo konté yo nan pami katékumèn yo, yo sélébré-l lè, apré yo fi-n résévoua premié anons Bondié vivan-an, yo déja gin kòmansman lafoua nan Kris Sovè-a. Sé poua yo sipozé davans réalizasion premié « évanjélizasion »-an, kòmansman konvè-sion-an ak lafoua-a épi sans Égliz la, épi rélasion ki la déja avèk yon prèt oubyin avèk kèk manb kominoté-a épi préparasion pou òrdo litijik sa-a.

69. Anvan yo résévoua kandida yo nan pami katékumèn yo, sa yo fè nan jou ki fiksé anndan ané-a, dapré kondision koté-a, sé pou yo tann yon tan konvnab épi nésésè pou divès ka yo, pou yo kapab fouyé motif konvè-sion-an, épi, si sa nésésè, pou yo kapab nétouayé yo.

70. Yo souété pou oubyin tout kominoté-a oubyin kèk pati ladan-l, nan zanmi yo épi fanmiy yo, katéchist yo avèk prèt yo ki prézan yo gin yon ròl aktif nan sélébrasion-an.

71. Sé pou « garan » yo la tou, yo minm k-ap prezanté bay Égliz la koulié-a kandida yo té minnin yo.

72. Ékaristi-a tou kapab suiv rit la, ki jouinn achèvmman-l nan résépsion kandida yo, litiji paròl la épi ranvoua yo.

RIT INTRODIKSION

73. Kandida yo ansanm avèk « garan » yo épi asanblé fidèl yo, yo rasanblé soua déyò papòt Égliz la, soua nan galri-a oubyin nan antré-a soua ata nan yon koté nan Égliz la li minm ki konvnab ; soua anfin nan yon lòt koté andéyò Égliz la ki respéktab. Koté sa-a prèt la oubyin diak la abiyé avèk ob oubyin surpli oubyin chap koulèt fèt, li rivé, pandan fidèl yo ap chanté psòm oubyin inn ki adapté dapré sikonstans la.

Avètisman ki présédé

74. Sélébran-an salué kandida yo avèk jantiyès. Antan l-ap palé avèk yo apré sa ni avèk garan yo ni avèk tout moun yo ki prézan yo, li montré kontantman Égliz la épi rékonésans nanm yo épi li fè garan yo avèk zanmi

yo sonjé alokasion pròp ékspérian avèk sans rélijyé kandida yo suiv kòm chemin spirituèl yo, pou yo rivé nan etap jodi-a.

Apré sa li invité garan yo avèk kandida yo pou yo proché. Pandan y-ap vini épi y-ap pran plas dévan prèt la, yo chanté yon chan adapté alokasion, parégzanp Ps 62, 1-9 [p. 383].

Dialòg

75. Lè sa-a atò sélébran-an intèrojé chak kandida toudabò, si ka-a prezanté, osijè non sivil sa vlé di non fanmiy nan, sof si, yo déja konnin non yo, poutèt ti kantité kandida yo. Li fè sa konsa oubyin yon fason ki sanblé ak sa :

Kijan yo rélé-ou ?

Kandida-a :

N.

Yo chak toujou réponn, minm si intèrogasion-an sélébran-an fè-l yon sèl foua poutèt kantité kandida yo.

Si sa fè plis plézi, sélébran-an rélé chak moun sou non-l ; sa yo rélé yo minm, yo réponn :

Prézan.

Rès intèrogasion yo, akoz gran kantité-a yo kapab fè yo pou tout moun ansanm.

Sélébran-an :

Sa nou mandé Égliz Bondié-a ?

Kandida-a :

Lafoua.

Sélébran-an :

Lafoua-a, sa-l ba ou ?

Kandida-a :

Lavi tout tan-an.

Sélébran-an kapab anplouyé dòt paròl tou pou-l intèrojé kandida yo sou projè yo épi li kapab résévoua répons ki lib : parégzanp apré premié intèrogasion-an : Kisa-ou mandé ? Ki sa-ou vlé ? Poukisa ? yo kapab admèt paròl yo : Gras Kris la, oubyin Antré nan Égliz la, oubyin Lavi tout tan, oubyin dòt paròl konvnab, apré sa sélébran-an adapté késion-l yo sou yo.

Prémié akò-a

76. Apré sa, sélébran-an, yon lòt fouda ankò dapré nésésité antan li akòde paròl li-a sou répons li résévoua yo, li palé ankò ak kandida yo, avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Tout moun ki vi-n sou tè-a, Bondié kléré-l, épi li montré-l apati kréatu-l yo sou tè-a, sa yo pa kapab ouè yo, pou-l aprann rann gras bay Kréatè-l. Konsa nou minm, ki suiv limiè-l la, min koulié-a chémin Évanjil la louvri : pou, antan fondasyon yo pozé, nou rékonèt Bondié vivan-an ki vrèman palé ak moun yo ; épi, antan n-ap maché nan limiè Kris la, nou mét konfians nan sa jès li, épi antan chak jou nou dépozé lavi nou nan li, nou mérité kouè nan li ak tout kè nou. Sa-a sé chémin lafoua-a, koté Kris la ap kondui nou nan charité-a, pou nou gin lavi tout tan-an. Èské nou paré, antan l-ap kondui nou, pou nou antré nan lavi-a jodi-a ?

Kandida yo :

Nou paré.

Gin fòmül ochoua ki pou adapté dapré dòt sikonstans, n. 370.

77. Apré sa, antan-l viré kot garan yo ak tout fidèl yo, li intèrojé yo avèk paròl sa yo oubyin ak paròl ki sanblé ak yo :

Nou minm tou, frè yo, ki antouré yo-a, èské nou paré pou édé sa yo pou yo jouinn Kris la épi pou yo suiv li ?

Tout moun :

Nou paré.

Égzòsism avèk rénoniasion dapré kilti moun péyi yo

[78]. Tout koté kilti yo fléri bò isit bò lòt bò soua pou adoré puisans spirituèl, osoua pou rélé lonbraj moun ki mouri yo, soua pou jouinn avantaj nan pratik majik yo, yo kapab, dapré jijman Konfèrans Épiskopal yo, introdui, an totalité oubyin an pati, prémié égzòsism nan avèk prémié rénoniasion-an, koté ki suiv la. Nan ka sa-a y-a soté n. 76 la.

[79]. Apré yon avètisman tou kout ki adapté, sélébran-an souflé dousman nan diréksion fas chak Kandida antan-l di :

Ak Éspri bouch ou, Granmèt, chasé mové éspri yo : kòmandé yo pou yo rékilé paské péyi roua-ou la proché.

Si kanminm souf la, minm si li tou dou, li sanblé mouin konvnab, yo siprimé-l ; min sélébran-an di fòmul la ki pi ro-a antan li lonjé min douat li nan diréksion kandida yo, oubyin yon lòt fason ki adapté avèk fòm yo abitué fè nan réjion-an, oubyin minm san okinn jès.

Si minm kantité kandida yo anpil, sélébran-an di fòmul la yon sèl foua pou tout moun, antan li siprimé souf la.

[80]. Si Konfèrans Épiskopal la jijé li konvnab pou déja koulié-a kandida yo réponsé klèman kilti rélijion ki pa krétyin yo épi éspri oubyin pratik majik, sé li minm ki pou bay fòmul întèrogasion-an avèk rénonnsiasion-an, ki adapté avèk sikonstans koté yo, sa yo déklaré avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé avèk yo (yon foua paròl la pa blésé pròp kilti rélijion ki pa krétyin yo).

Kandida yo nou rinmin anpil yo, kòm nou minm Bondié rélé-a épi li édé-a, nou désidé onoré épi adoré li minm sèl avèk Kris li-a, épi déja nou vlé sèvi li minm Bondié sèl épi Kris li-a, koulié-a li lè pou an piblik nou réponsé pouvoua sa yo, ki pa Bondié yo, épi kilti yo koté vénèrasion pou Bondié pa parèt. Sa pa doué fèt donk pou bò koté pa nou nou abandoné Bondié avèk Kris li-a épi nou sèvi pouvoua étranjé.

Kandida yo :

Sa pa doué fèt bò koté pa nou.

Sélébran-an :

Sa pa doué fèt pou nou sèvi N. avèk N.

Kandida yo :

Sa pa doué fèt.

Épi konsa minm jan-an pou chak kult yo gin pou réponsé.

Dòt fòmul ochoua n. 371.

[81]. Sélébran-an, apré sa, antan-l viré kot garan yo avèk tout fidèl yo, li întèrojé yo avèk paròl sa yo oubyin avèk dòt paròl ki sanblé ak yo :

Nou minm, ki prézanté kandida yo ba nou koulié-a, garan yo, épi nou minm tout frè yo ki alantou yo, ki tandé yo, nou témouin kandida sa yo chouazi Granmèt Kris la épi yo vlé sèvi li minm sèl ?

Tout moun :

Nou témouin.

Sélébran-an :

Èské nou paré pou édé yo jouinn Kris la épi suiv li ?

Tout moun :

Nou paré.

82. Sélébran-an, dé min kontré, li di :

**Ou minm Papa ki bon anpil
pou sèvitè-ou sa yo n-ap di-ou mèsì
paské ou minm, antan ou pran dévan épi ou-ap pousé,
yo té déjà ap chèché-ou
jodi-a, antan-ou rélé yo, dévan nou yo réponn ou.
Konsa nou tout
n-ap fè louanj ou épi n-ap fè konpliman pou ou, Granmèt.**

Tout moun :

N-ap fè louanj épi n-ap fè konpliman pou ou Granmèt.

Mak sou fron-an ak sans yo

83. Lè sa-a atò, sélébran-an invité kandida yo (si yo yon ti kras) avèk garan yo ak paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

Koulié-a donk, kandida yo nou rinmin anpil la, proche avèk garan nou yo, pou nou résévoua sign nouvo kondision nou-an.

Épi yo chak youn apré lòt yo proche ansanm avèk garan yo kot sélébran-an. Avèk pous li, li fè yon koua sou fron (oubyin dévan fron-an, si Konfèrans Èvèk yo désidé touché-a pa konvnan akòz sikonstans yo) chak katékumèn antan-l di :

N. résévoua koua-a nan fron :

**Kris la li minm ap fòtifé-ou
ak sign charité-l la (oubyin : viktoua-l la).
Koulié-a aprann rékonèt li épi suiv li.**

Apré sélébran-an fi-n maké katékumèn yo. Katéchist yo oubyin garan yo tou, dapré sikonstans favorab yo fè minm bagay, sof si apré sa yo gin pou maké yo, jan sa yé nan n. 85 la.

[84.] Si kanminm kantité kandida yo anpil, sélébran-an palé avèk yo, avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

Kandida yo nou rinmin anpil la, antan nou bay konsantman nou avèk nou (si anvan sa yo té fè rénoniasion-an épi yo té rénonse fo-kult yo) nou fè ékspérians lavi ak éspérans nou nan Kris la, koulié-a nou minm, pou nou vi-n tounin katékumèn, ansanm avèk katéchist yo épi garan nou yo, m-ap maké nou avèk sign koua Kris la ; épi tout kominoté-a ap anbrasé nou avèk amou li épi l-ap pran dévan nou avèk konkou li.

Lè sa-a atò sélébran-an fè sign koua-a sou yo tout ansanm, antan katéchist yo oubyin garan yo apliké yo sou yo chak, pandan l-ap di :

**Résévoua koua-a nan fron :
Kris la li minm ap fòtifé-ou
ak sign charité-l la (oubyin : viktoua-l la).
Koulié-a aprann rékonèt li épi suiv li.**

Apré sélébran-an fi-n maké katékumèn yo. Katéchist yo oubyin garan yo tou, dapré sikonstans favorab yo fè minm bagay, sof si apré sa yo gin pou maké yo, jan sa yé nan n. 85 la.

85. Apré sa li fè mak sou sans yo (sèlman dapré jijman sélébran-an li kapab siprimé-l an pati oubyin totalman).

Sign yo katéchist yo kapab fè yo oubyin garan yo (épi, si sé nésèsè nan sikonstans patikilié, anpil prèt kapab fè yo oubyin diak).

Fòmül la li minm sé toujou sélébran-an ki déklaré-l ki di :

Pandan y-ap maké zòrèy yo :

**Résévoua mak koua-a nan zòrèy yo,
pou nou kouté voua Granmèt la.**

Pandan y-ap maké jé yo :

Résévoua mak koua-a nan jé yo, pou nou ouè klèté Bondié-a.

Pandan y-ap maké bouch la :

**Résévoua mak koua-a nan bouch la,
pou nou réponn Paròl Bondié-a.**

Pandan y-ap maké pouatri-n nan :

**Résévoua mak koua-a nan pouatri-n nan,
pou Kris la abité nan kè nou palintèmediè lafoua-a.**

Pandan y-ap maké zépòl yo :

**Résévoua mak koua-a nan zépòl yo,
pou nou poté jouk Kris la ki fasil la.**

Sélébran-an apré sa pou kont li maké tout katékumèn yo ansanm, san-l pa touché yo, min antan-l fè sign koua-a sou yo, pandan l-ap di :

Mouin maké nou tout o non Papa-a, ak Pitit la, ✠ ak Éspri-Sin-an, pou nou viv pou tout tan gin tan.

Kandida yo :

Amèn.

Rit pou maké ak koua-a, sitou si katékumèn yo yon ti kras, sélébran-an k-ap déklaré fòmul yo sou chak moun an patikilié, li kapab fè-l sou yo chak.

86. Mak yo minm, chak foua yo fè yo (nn. 83, 84, 85), yo kapab fini yo, dapré sikonstans, antan yo fè louanj ansanm pou Kris la, parégzanp :

Gloua pou ou, Granmèt.

87. Apré sa, sélébran-an di :

An nou lapriyè.

**Priyè nou yo, tanpri, Granmèt, kouté yo avèk bon kè épi katékumèn sa yo N. avèk N.,
yo minm, nou signin avèk mak koua Granmèt la konsèvé yo avèk puisans li-a,
pou, antan yo kinbé premié baz gloua-ou la,
pandan yo konsèvé kòmandman-ou yo yo mérité rivé nan gloua ki fè yo réfèt la.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

R: Amèn.

Oubyin yon lòt priyè ochoua :

An nou lapriyè.

**Bondié ki gin tout pouvoua,
ou minm ki palintèmediè koua ak réziréksion Pitit ou-a,
té bay pèp ou-a lavi
fè nou favè, tanpri,
pou sèvitè-ou yo, nou té maké ak koua-a,
antan y-ap suiv tras Kris la,
yo kinbé puisans koua-a k-ap sovè yo-a pandan y-ap viv la
épi yo montré-l pandan y-ap aji-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

R. Amèn.

Inpozision nouvo non-an

[88.] Si yon koté rélijion ki pa krétièn yo gin fòs, ki bay inisié yo yon nouvo non tout-suit, Konfèrans Évèk yo kapab désidé pou yo bay nouvo katékumèn yo dépi koulié-a oubyin yon non krétyin oubyin yon non yo anplouayé nan kilti koté yo, san yo pa alé kont préskripsion kanonik 761 nan C.I.C., yon foua li réyisi montré sans krétyin-an (nan ka sa-a yo siprimé nn. 203-205 nan tan pa-l).

Sélébran-an :

N., apati koulié-a y-ap rélé-ou ankò N.

Katékomèn nan :

Amèn (oubyin yon lòt paròl konvnanb).

Ap gin yon éspas tan kont pou ékspliké sans krétyin non-an paran yo déjà aksépté.

Rit ki akonpagné

89. Si yo ouè abitud ki adapté pou montré résépsion nan kominoté-a, parégzanp ofrann sèl oubyin yon lòt jès sinbolik oubyin minm rémiz koua-a oubyin yon méday sakré, yo kapab admèt yo, dapré jijman Konfèrans Épiskopal la, épi yo glisé-l soua anvan soua apré antré nan légliz la.

Introdiksyon nan légliz la

90. Lè bagay sa yo fini, sélébran-an invité katékumèn yo pou yo antré nan légliz la oubyin nan koté ki adapté-a ansanm avèk garan yo, antan-l di paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

[N. avèk N.] an nou antré nan légliz la, pou nou jouinn pòsion pa nou avèk nou minm nan tab paròl Bondié-a.

Lè sa-a avèk yon jès li invité katékumèn yo pou yo antré avèk garan yo nan légliz la, oubyin nan koté ki adapté-a.

Pantan tan sa-a yo chanté réfrin-an :

Vini, pitit yo, kouté-m, m-ap aprann nou krint Granmèt la,

avèk Psòm 33, 2. 3. 6. 9. 10. 11. 16 [p. 321] oubyin yon lòt chan konv nab.

SÉLÉBRASION SAKRÉ PARÒL BONDIÉ-A

91. Apré katékumèn yo fi-n rivé nan plas yo, sélébran-an palé avèk yo yon ti kras, antan-l montré grandè paròl Bondié-a yo anonsé épi yo kouté nan égliz la.

Apré sa, yo poté liv Ékritu sakré yo nan prosésion, yo dispozé-l avèk onè, épi, dapré sikonstans, yo ansansé-l.

Sélébrasyon sakré paròl Bondié-a vi-n apré.

Léktu yo avèk oméli-a

92. Yo chouazi youn oubyin pliziè léktu ki pi adapté pou nouvo katékumèn yo nan sa yo dézignin nan Òrdo léktu Mès la, n. 743. Yo kapab chouazi tou dèt tèks ki adapté épi dèt psòm répons yo propozé nan n. 372.

Apré sa yo fè oméli-a.

Rémiz Évanjil yo

93. Apré sa, si sa fè sélébran-an plézi, li distribiyé liv Évanjil yo bay katékumèn yo, antan-l sèvi, dapré sikonstans avèk fòmul ki adapté, parégzanp :

Résévoua Évanjil Jézu-Kri, Pitit Bondié-a.

Yo kapab bay koua yo tou, sof si, anvan sa, yo té transmèt yo nan sign rézéspsion-an.

Katékumèn nan réponn kado ak paròl sélébran-an yon fason konv nab avèk paròl ki adapté.

Priyè pou katékumèn yo

94. Apré sa, tout asanblé fidèl yo ansanm avèk garan yo fè priyè sa-a oubyin yon lòt ki sanblé avèk li pou katékumèn yo.

Sélébran-an :

Pou frè nou yo katékumèn yo, ki déjà fè yon chémin ki long, antan n-ap di mési pou bonté Bondié, ki fè yo rivé nan jou sa-a, an nou priyé pou yo, pou gran rout ki rété ankò-a, yo réyisi fè-l joustan yo patisipé nèt nan lavi nou-an.

Yon léktè :

Pou Papa ki nan sièl la révéle Kris li-a ba yo pi plis chak jou, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Yon léktè :

Pou volonté Bondié toutantié avèk yon kè ki gran épi yon nanm ki vlé, yo anbrasé-l, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Yon léktè :

Pou nan chémin y-ap suiv la nou soutni yo avèk konkou sinsè épi kominoté, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Yon léktè :

Pou yo jouinn kominoté nou-an vizib antan nou fè yon sèl kè épi rich ak charité, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Yon léktè :

Pou kè yo ak kè pa nou pi plis tout tan vi-n sansib nan bézouin moun yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Yon léktè :

**Pou, nan tan li, yo rivé alarotè byin ki réfè yo-a épi ki fè yo vi-
n tou nèt la, sa Éspri-Sin-an ba yo-a, an nou priyé Granmèt la.**

R: Kouté Granmèt.

Nan priyé ki pi ro yo, yo kapab ajouté démann abituèl pou nésésité Égliz la ak tout tè-a, si anfin, yo ranvouyé katékumèn yo, y-a soté priyé inivèsèl la nan sélébrasion ékaristik la (cf. n. 97).

Dènié priyé

95. Lè priyé-a fini, sélébran-an, antan min-l lonjé nan diréksion katékumèn yo, li di priyé ki suiv la.

An nou lapriyé.

**(Bondié papa nou yo), Bondié ki kréyé tout créatu yo,
n-ap priyé-ou antan n-ap sipliyé,
pou sévité-ou sa yo N. épi N.
ou aksépté voyé jé sou yo ak bon kè,
pou yo toujou cho nan éspri-a,
kontan nan espérans la,
pou yo ap sèvi non-ou tout tan.
Kondui yo, Granmèt, tanpri,
nan bingn nouvo nésans la,
pou, antan yo sèvi ak lavi ki réyisi-a ansanm avèk fidèl ou yo,
yo réyisi jouinn rékonpans tout tan promès ou yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

R: Amèn.

Oubyin yon lòt priyé ochoua.

An nou lapriyé.

**Bondié ki gin tout pouvoua, ki la dépi tout tan é pou tout tan,
papa tout créatu,
ou minm ki té kréyé moun nan sou pòtré-ou
résévoua avèk bon kè sa yo ou rinmin yo k-ap proche yo,
épi fè pou, yo minm ki té kouté paròl Kris ou-a nan mitan nou-an,
ki renouvle pa pouvoua li,
yo rivé avèk gras ou anfin nan plin konfòmité avèk li.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou.**

R: Amèn.

Ranvoua katékumèn yo

96. Lè sa-a atò, sélébran-an, antan li raplé yon fason tou kout kijan yo té résévoua katékumèn yo avèk kè kontan, li avèti yo pou yo chèché viv an konsékans dapré paròl la yo té tandé-a, li ranvouayé yo antan-l anplouayé paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé avèk yo :

**Katékumèn yo, alé ak kè pozé,
épi sé pou Granmèt la rété avèk nou.**

Katékumèn yo :

Mèsi Bondié, mèsi.

Asanblé katékumèn yo, apré yo fi-n soti, yo pa gayé tousuit, min antan kèk fidèl kondui yo, yo rété ansanm pou yo kapab patajé antré yo kè kontan yo ginyin kòm frè épi ékspérians spirituèl yo.

Si poutan akòz rézon trè grav yo pa soti (cf. Sa pou yo noté anvan, n. 19, § 3) épi yo blijé rété avèk fidèl yo, sé pou yo fè atansion, minmsi y-ap asisté sélébrasion Ékaristi-a, pou yo pa patisipé nan fason batizé yo.

Min si yo pa sélébré Ékaristi-a yo ajouté yon chan adapté, dapré sikonstans épi yo ranvouayé fidèl yo ansanm avèk katékumèn yo.

Sélébrasion Ékaristi-a

97. Apré katékumèn yo fi-n soti, si Ékaristi-a vi-n apré, osito yo kòmansé priyè inivèsèl la pou Égliz la avèk pou nésésité tout tè-a, apré sa yo di **Credo**-a, si ka-a prezanté, épi yo fè préparasion kado yo. Sèlman, pou rézon pastoral, yo kapab soté **Credo**-a avèk priyè inivèsèl la.

TAN KATÉKUMÉNA-A AVÈK RIT LI YO

98. Katékuména-a, sa vlé di disipli-n pastoral katékumèn yo, li déroulè yo fason pou konvèsion yo ak lafoua yo kapab dévlopé épi, si sa nésèsè, minm pandan pliziyè ané. Réyéلمان gras a fòmasyon tout vi krétyin-an épi gras a aprantisaj ki fèt yon fason nòmral la, katékumèn yo inisié yon fason konvab nan mistè yo ki sovè nou yo épi nan égzèsis konduit Évanjil la mandé-a avèk rit sakré yo, ki gin pou sélébré nan tan k-ap suiv yo, épi yo antré nan lavi lafoua-a, litiji-a ak charité pèp Bondié-a.

Nan ka patikilié yo, antan yo konsidéré préparasion spirituèl kandida-a, dapré jijman Òrdinè koté-a, tan katékuména-a kapab pi kout, minm, nan sikonstans toutafè spésyal, li kapab réalizé nan yon sèl trè (cf. n. 240).

99. Anndan tan sa-a, yo bay katékumèn yo instriksion, pandan y-ap ofri yo doktri-n katolik la nan tout pati-l, lafoua-a vi-n kléré, kè-a dirijé nan diréksion Bondié ; patisipasion mistè litijik la chofé, aksion apostolik la révéyé épi tout lavi dapré Kris la jouinn nouriti.

100. Gin sélébrasion paròl Bondié-a, nan tan litijik adapté, ki sèvi ni pou instriksion katékumèn yo, ni pou nésésité kominoté-a (cf. pi louin, nn. 106-108).

101. Prémie égzèsism yo, sa vlé di égzèsism pi piti yo, antan yo anségné yo sou fòm lapriyé ak yon fason pozitif, sé pou yo prezanté dévan jé katékumèn yo vrè kondision lavi spirituèl la, batay ant chè-a ak éspri-a, inpotans rénonman-an pou jouinn péyi-roua Bondié-a épi nésésité sékou Bondié san rété (cf. pi louin nn. 109-118).

102. Bénédiksion yo minm, ki montré charité Bondié-a avèk préokipasion Égliz la, sé pou yo ofri yo bay katékumèn yo, pou, malgré yo manké gras sakramantèl la toujou, yo jouinn kanminm nan min Égliz la kouraj avèk kontantman épi lapè antan y-ap pèsévéré nan travay la ak nan chémin-an (cf. pi louin nn. 119-124).

103. Atravè minm ané sa yo, pandan katékumèn yo k-ap avansé yo ap monté sot nan premié asanblé katéchetik la al nan lòt yo, yo kapab manifésté pasaj yo ki rivé yo pliziyè foua avèk rit. Dapré sikonstans konsa yo kapab rimmèt Sinbòl la davans. Minm Priyé Granmèt la, épi rit « Éféta »-a ; pou bagay sa yo tan-an manké kèk foua nan dènié préparasion moun yo k-ap mandé batèm nan (nn. 125-126). Yo kapab minm prévoua pou bezouin ak dézi koté yo, sélébrasion rit onksion avèk luil katékumèn yo (cf. pi louin nn. 127-132).

104. Katékumèn yo nan tan sa-a doué réfléchi sou parinn ak marinn sa yo, yo gin pou yo jouinn, yo minm k-ap prezanté yo bay Égliz la jou yo chouazi yo-a (cf. *Rémak jénéral* osijè inisiasion krétyèn nan, nn. 8-10, épi pi ro n. 43).

105. Pandan tan sa-a nan ané-a, sé pou yo fè atansyon pou nan kèk sélébrasyon katékumèna-a avèk nan rit tranzisyon yo (cf. nn. 125-132), yo rasanblé tout kominoté-a k-ap patisipé nan inisiasion katékumèn yo, sa vlé di prèt yo, diak yo, katéchist yo, garan yo, épi parinn ak marinn, zanmi ak konésans.

SÉLÉBRASION PARÒL BONDIÉ-A

106. Pou sèvis katékumèn yo, sé pou yo préparé sélébrasyon spésyal paròl Bondié-a, pou sélébrasyon sa yo, toudabò, min sa yo propozé :

a) sé pou doktri-n nan yo transmèt la antré fon nan nanm yo, parégzanp moral ki konsèné Nouvo Téstaman-an, padon jouman ak blésu, sans péché-a ak pénitans la, dévoua krétyin yo akonpli sou tè-a, etc ;

b) pou yo anségné aspè priyè-a ak lavi-a yon fason pou fè santi yo ;

c) pou yo ékspliké katékumèn yo sign, aksyon avèk tan mistè litijik la ;

d) pou yo minm ofiamézi yo antré nan kult tout kominoté-a.

107. Pou sanktifé jou Dimanch la, kòm déja dépi nan tan katékumèna-a, yo gin pou prévoua kèk dispozisyon :

a) sélébrasyon yo raplé nan n. 106 la épi ki pròp pou katékumèn yo, jou sa-a sé pou yo fè yo avèk souin pou yo abitué patisipé nan yo yon fason aktif épi avèk adrès ;

b) premié pati sélébrasyon Mès dimanch la ofiamézi sé pou yo louvri-l ba yo, nan li y-a fè, si yo kapab, ranvoua katékumèn yo apré litiji paròl la épi y-a ajouté démann pou yo nan priyè inivèsèl la.

108. Sélébrasyon paròl Bondié-a yo kapab fè yo apré katéchèz la épi yo mété ladan-l ti égzòsism yo ; yo kapab fini yo minm avèk bénédiksyon yo jan yo di pi louin (cf. nn. 110 épi 119).

TI ÉGZÒSISM YO

109. Ti égzòsism yo, pè-a sélébré yo oubyin diak la oubyin minm katéchist la ki gin mérit la ak kapasité-a, sa Évèk la délégé pou akonpli ministè sa-a. Yo tout antan yo lonjé min yo sou katékumèn yo ki bésé tèt yo oubyin ki ajénou, yo di youn ou lòt nan priyè yo ki ékri pi louin-an (nn. 113-118).

110. Nan légliz la oubyin nan chapèl la oubyin nan kay katékumèna-a, yo fè yo anndan sélébrasyon paròl la ; minm dapré sikonstans, nan kòmansman

oubyin nan finisman asanblé-a ki fèt pou katéchèz la ; anfin dapré nésésité spésial, an privé pou chak katékumèn.

111. Déja anvan katékuména-a, nan tan évanjélizasion-an, yo kapab fè ti égzòsism yo pou byin spirituèl moun ki mandé batèm yo (sa yo rélé « sinpatizan yo » òdinèman).

112. Anyin pa anpéché yo anplouayé fòmul yo ki dézigné pou ti égzòsism yo pliziè foua nan divès sikonstans.

Priyè égzòsism nan

113. An nou lapriyè.

**Bondié ki gin tout pouvoua ki égzisté tout tan,
ou minm ki té promèt nou Éspri-Sin-an,
palintèmediè sèl Pitit ou-a,
pou katékumèn sa yo ki ofri tèt yo ba ou-a,
n-ap priyé-ou avèk siplikasion :
ouété louin yo tout mové éspri,
tout aksion éré ak péché,
pou yo minm yo mérité vi-n tounin tanp Éspri-Sin-an,
épi, antan ou asiré paròl lafoua nou-an,
fè nou pa palé pou anyin
min nan fòs sa-a ak gras sa-a,
ki té fè sèl Pitit ou-a libéré tè-a anba mal la.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

114. An nou lapriyè.

**Granmèt, Bondié nou, ou minm palintèmediè-ou vré lavi-a révéle,
sa-k gaté-a pati, lafoua-a ranfòsé,
éspérans la drésé épi charité-a réchofé,
n-ap priyé-ou onon Pitit ou-a ou rinmin-an,
Granmèt nou Jézu-kri,
épi nan fòs Éspri-Sin-an :
ouété nan sèvitè-ou sa yo inkrédulité avèk dout,
(sèvis zidòl épi maji,
ouanga épi invokasion mò),**

souaf lajan épi atirans mové anvi,
 fè lènmi épi dézakò,
 ak ninpòt ki fòm imoralité.
 Épi puiské ou té rélé yo,
 pou yo vi-n sin épi san tach,
 nan fas ou,
 rénovlé nan yo éspri lafoua épi dévosion,
 charité épi lapè.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

115. An nou lapriyè.

Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua,
 ou minm ki té kréyé moun nan pou-l sin épi pou-l kòrèk,
 dapré pòtré-ou ak résanblans ou,
 épi antan-l fè péché ou pa lagé-l
 ou té okipé pou sovè li avèk sa jès
 antan Pitit ou-a vi-n pran chè,
 sovè sèvitè-ou sa yo,
 épi libéré yo anba tout mal avèk ésklavaj ènmi-an ;
 ouété sot nan yo éspri mansonj, profitè ak méchansté.
 Résévoua yo nan péyi koté ou roua-a,
 louvri jé kè yo
 pou yo konprann bòn nouvèl ou-a,
 pou, antan yo vi-n tounin pitit limiè,
 yo vi-n manb Égliz ou-a ki sin-an,
 yo rann vérité-a témouagnaj,
 épi pou yo fè travay dapré kòmandman charité-ou la.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

116. An nou lapriyé.

Granmèt Jézu-Kri,
 ou minm ki, antan-ou monté sou mòn nan,
 ou té vlé fè disip ou yo viré do yo bay ront péché-a,
 épi révéle yo kontantman péyi-roua sièl yo,
 fè sèvitè-ou sa yo,
 ki kouté paròl bòn nouvèl la,
 yo kinbé kò yo san tach louin éspri profitè ak souaf lajan,
 dévègondaj ak arogans.
Tankou disip ou,
 sé pou yo konsidéré sé kontantman sa yé pou yo
 antan yo pòv épi yo grangou,
 antan yo gin mizérikòd épi yo gin kè yo pròp :
 pou yo poté lapè épi sibi pèsékision ak kè kontan,
 pou yo kapab patisipé nan péyi koté ou roua-a,
 épi antan yo résévoua mizérikòd yo té promèt yo-a,
 yo joui kontantman nan sièl la pou yo ouè Bondié :
 ou minm ki vivan é ki roua pou tout tan gin tan.

Tout moun :

Amèn.

117. An nou lapriyé.

Bondié, ou minm ki kréyé épi sové tout chè,
 ou minm ki té fòmé sa yo ou rinmin avèk amou-ou nan,
 ou minm ki té résévoua yo avèk mizérikòd
 épi ki té aksépté rélé yo vi-n jouinn ou,
 jodi-a, antan ou sondé intansion yo
 yo minm k-ap espéré pou Pitit ou-a voyé jé sou yo-a,
 konsèvé yo gras a providans ou-a,
 épi antan konsèy charité-ou la kondui yo jouskalafin,
 fè yo favè pou yo minm antan yo kolé kò yo séré sou Kris la,
 yo inskri sou tè-a nan pami disip li yo
 épi, nan sièl yo, yo jouinn kè kontan antan yo tandé li rékonèt yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

118. An nou lapriyè.

**Bondié ki konsidéré kè yo épi ki rékonpansé travay yo,
 gadé ak bon kè èfò ak progrè sèvitè-ou yo.
 Asiré démach yo, dévlopé lafoua yo, résévoua pénitans yo,
 épi antan ou louvri jistis ou ak bonté-ou byin laj,
 fè yo favè, pou yo mérité patisipé nan sakréman-ou yo sou tè-a,
 épi pou yo joui konpagni-ou pandan tout tan.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt priyè égzòsism, n. 371.

BÉNÉDIKSION KATÉKUMÈN YO

119. Bénédiksion yo indiké nan n. 102-a, prèt la kapab bay yo oubyin diak la oubyin minm katéchist la (cf. n. 48) antan yo lonjé min yo nan diréksion katékumèn yo, yo prononsé youn oubyin lòt nan priyè yo ki ékri pi louin-an (nn. 121-124). Lè yo fini priyè-a, katékumèn yo, si sa kapab fèt fasilman, yo proché kot sélébran-an, li pozé min sou yo chak. Apré sa yo pati.

Bénédiksion yo, dòdinè, yo bay yo sitou nan finisman sélébrasion parèl Bondié-a ; minm, dapré sikonstans, nan finisman asanblé katéchétik la ; anfin, pou nésésité spésial, an privé pou chak katékumèn.

120. Déja anvan katékuména-a, nan tan évanjélizasion-an, nan minm fason-an, yo kapab béni moun ki mandé batèm yo (« sinpatizan yo ») pou byin spirituèl yo.

121. An nou lapriyè.

**Fè katékumèn nou yo favè, tanpri Granmèt,
 pou, antan yo instoui avèk mistè yo ki sin yo
 yo rénouvlé nan fontèn batèm nan,
 épi yo konté yo nan pami manb Égliz ou-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

122. An nou lapriyè.

Bondié, ou minm ki palintèmediè profèt ou yo ki sin yo
 té anonsé pou moun k-ap proche koté-ou yo :
 « Lavé nou, sé pou nou vi-n pròp »,
 épi palintèmediè Kris la ou té préparé nouvo nésans spirituèl la,
 voyé jé koulié-a sou sèvitè-ou sa yo,
 yo minm ki préparé tèt yo ak anprèsman pou batèm nan,
 béni yo,
 épi, antan ou fidèl nan promès ou yo, préparé yo épi sanktififié yo,
 pou, antan yo vi-n kapab résévoua kado-ou yo,
 yo mérité résévoua adopsion pitit yo
 épi konpagni Égliz ou-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

123. An nou lapriyè.

Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua, voyé jé sou sèvitè-ou yo,
 yo minm ki té aprann bòn nouvèl Kris ou-a,
 fè antan yo konnin ou épi yo rinmin ou,
 yo toujou fè volonté-ou ak tout kè yo épi avèk yon éspri vif.
 Aksépté fòmé yo ak yon inisiasion ki sin ;
 fè yo antré nan Égliz ou-a
 pou yo patisipé nan mistè Bondié yo sou tè-a
 épi nan déstiné pou tout tan-an.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

124. An nou lapriyè.

Bondié, ou minm ki, gras a sèl Pitit ou-a Jézu-Kri ki té vini-an,
 ou té libéré tè-a anba èrè-a nan prévouayans ou,
 kouté nou, épi katékumèn ou yo ba yo intèlijans,
 fè yo vi-n apouin, ba yo yon lafoua ki pa gin dout
 épi fè yo admèt vérité-a avèk asirans,
 pou, jou an jou, yo monté sot nan bèl kalité al nan bèl kalité ;

**lè tan-an va rivé, y-a résévoua nouvo nésans la
nan padon péché yo,
épi y-a fè gloua pou non-ou ansanm avèk nou.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt priyè bénédiksyon, n. 374.

RIT PANDAN TAN KATÉKUMÉNA-A

125. Transmision yo, sa yo kapab fè davans yo, soua pou avantaj « tan katékuména-a », soua akòz « tan purifikasyon-an avèk iluminasyon-an » ki trò kout, yo kapab sélébré yo lè yo konsidéré katékumèn yo rivé apouin, otreman yo pa doué fè yo.

126. Sélébrasyon-an gin pou fèt nan fason yo dékri pi louin-an : transmision Sinbòl la nn. 183-187 ; transmision Priyè Granmèt la nn. 188-192. Yon fwa transmision-an fi-n fèt, yo kapab fini sélébrasyon-an avèk rit « Éféta-a » (cf. nn. 200-202), sof si nan « rit transmision-an » gin rémiz sinbòl la (cf. nn. 194-199), ki kòmansé avèk rit « Éféta-a ». Nan ka sa yo, sé pou yo fè atansyon nan fòmul yo pou yo pa anplouyé mo « *electi* », « *chouazi* » : y-a di sinpléman « katékumèn ».

127. Si yo ouè sa gin avantaj pou yo fòtifé katékumèn yo avèk yon premié onksyon, prèt la oubyin diak la fè onksyon sa-a.

128. Onksyon-an, sa yo administré nan finisman sélébrasyon paròl Bondié-a sé tout katékumèn yo pou yo bay li. Pou rézon spésyal, yo kapab administré-l minm an privé bay chak moun, an plis, dapré sikonstans, yo kapab fè onksyon-an pliziè fwa sou katékumèn yo.

129. Nan rit la li-minm yo anplouyé luil katékumèn yo, sa Évèk la té béni nan Mès Krismal la oubyin pou rézon pastoral sa prèt la béni osito anvan onksyon-an.¹

Rit onksyon-an

130. Si y-ap sèvi avèk Luil Évèk la béni anvan kòm dòdinè, sélébran-an di youn oubyin lòt nan fòmul ti égzòsism yo anvan sa (nn. 113-118). Apré sa :

¹ Cf. *Ordo benedicendi Oleum catechumenorum et infirmorum et conficiendi Chrisma*, Praenotanda, n. 7. Typis Polyglottis Vaticanis 1971, p. 8.

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifié nou,
li minm, nan sign li-an nou maké nou avèk luil ki sovè nou-an,
nan minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Katékumèn yo :

Amèn.

Yo maké chak katékumèn yo avèk luil katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan chak min oubyin minm nan lòt pati kò-a, si yo ouè sa konvnab. Si katékumèn yo anpil yo kapab anplouayé plizìè minis.

[131]. **Min si prèt la gin pou-l béni luil la, li béni li antan li di priyè sa-a :**

**Bondié, fòs ak sékou pèp ou-a,
ou minm ki té mété sign fòs nan créatu luil la,
aksépté béni ✠ luil sa-a ;
épi katékumèn yo, yo maké avèk li-a,
ba yo fòs pou antan yo résévoua sajès ak puisans Bondié-a,
yo konprann Évanjil Kris ou-a pi afon,
yo kòmansé antré avèk gran kouraj
nan travay lavi krétyin-an,
épi antan ou fè yo mérité vi-n pitit adoptif,
yo kontan jouinn nouvo nésans épi viv nan Égliz ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

[132]. **Apré sa, sélébran-an, antan-l viré nan diréksion katékumèn yo, li di :**

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifié nou,
li minm, nan sign li-an nou maké nou avèk luil ki sovè nou-an,
nan minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Katékumèn yo :

Amèn.

Yo maké chak katékumèn yo avèk luil katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan chak min oubyin minm nan lòt pati kò-a, si yo ouè sa konvnab. Si katékumèn yo anpil yo kapab anplouayé plizìè minis.

DÉZIÈM DÉGRÉ : RIT ÉLÉKSION OUBYIN INSKRIPSION NON-AN

133. Antan Karèm nan rivé, sa-k toupré préparasion inisasion sakramantèl la, yo sélébré « éléksion »-an oubyin « inskripsion non-an », koté lè-l fi-n tandé témouagnaj parinn-marinn yo avèk katéchist yo, antan katékumèn yo konfirmé volonté yo, Égliz la jijé éta préparasion yo épi désidé si yo kapab proché nan sakréman paskal la.

134. Katékuména-a minm fini avèk sélébrasion « éléksion »-an, sé sa-k fè sé nan yon disipli-n léspri ak kè ki long. Sé pou sa pou yo kapab inskri yon moun nan pami « sa yo chouazi yo », li nésèsè pou li ginyin yon lafoua ki kléré épi yon volonté byin pézé pou résévoua sakréman Égliz la. Lè yo fi-n fè éléksion-an, yo ankourajé-l pou-l suiv Kris la avèk yon pi gran jénérozité.

135. Pou sa-k konsènè Égliz la minm, éléksion-an sé tankou sant yon préokipasion atantif aléga katékumèn sa yo. Évèk la, prèt la, diak yo, katéchist yo, parinn-marinn yo avèk tout kominoté lokal la, chak moun dapré ran-l ak fonksion-l gin pou bay yon jijman osijè fòmasyon ak progrè katékumèn yo antan yo byin réfléchi avèk souin. Apré sa, sé pou yo vlopé moun yo chouazi yo avèk priyé, pou tout Égliz la kondui yo dévan Kris la ansanm avèk yo.

136. Lè sa-a atò, an piblik, parinn-marinn yo, sa katékumèn yo té chouazi davans avèk konsantman prèt la, épi nan mézi sa kapab fèt, kominoté lokal la té aksépté yo, yo égzèsè prémié ministè yo : déja yo nonmin non yo nan kòmansman rit la épi yo avansé avèk katékumèn yo (n. 143), pou yo bay témouagnaj dévan kominoté-a (n. 144), épi dapré sikonstans yo ékri non-an ansanm avèk yo (n. 146).

137. Pou satisfè vérité bagay yo minm, li nésèsè pou, anvan rit litijik la, ginyin yon réfléksion pou pran désizyon osijè kapasité kandida yo, bò koté moun yo bagay sa-a régadé, sètadi an prémié moun yo ki résponsab fòmasyon katékuména-a, prèt yo, diak yo avèk katéchist yo, san yo pa bliyé parinn-marinn yo avèk moun yo kominoté lokal la délégé ; an plis, si ka-a prezanté, avèk patisipasyon asanblé katékumèn yo. Réfléksion sa-a, dapré kondision réjion-an épi égzijans pastoral yo, li kapab prezanté divès fòm. Kanta akséptasyon-an minm, apré sa, sé pou sélébran-an fè konnin-l anndan rit litijik la.

138. Fonksion sélébran-an, min kisa-l yé : Évèk la oubyin ranplasan li, kit li té patisipé yon fason toupré oubyin louin nan réfléksion-an, li montré soua nan oméli-a soua anndan rit la, kijan sé yon karaktè rélijyé épi eklézial mòd jan choua sa-a ginyin. Sé li minm donk ki gin pou déklaré désizyon Égliz la dévan moun ki prézan yo épi tandé jijman yo alokasion, soua égzaminé maniféstasyon pèsonel volonté katékumèn nan, soua, antan l-ap aji onon Kris la avèk Égliz la, fè admision sa yo chouazi yo. An plis, sé pou-l louvri bay

tout moun mistè Bondié-a ki anndan apèl Égliz la avèk nan sélébrasion litijik la ; sé pou-l avèti fidèl yo pou ansanm avèk sa yo chouazi yo, yo minm yo gin pou yo ofri égzanp ba yo-a, pou yo préparé yo pou solanité paskal yo.

139. Kòm sakréman inisiasion yo, yo sélébré yo nan solanité paskal yo épi kòm préparasion yo konsèné pròp karaktè Karèm nan, yo fè rit éléksion-an dòdinè nan premié dimanch Karèm, épi tan dènié préparasion sa k-ap mandé batèm yo akòdé avèk tan Karèm nan paské déroulman étap li yo, soua poutèt aranjanman litijik li-a soua poutèt patisipasion kominoté-a, li nan avantaj sa yo chouazi yo. Sèlman, pou rézon pastoral ki présé (sitou nan pòs mision ki pi piti yo), yo pèmèt sélébré rit la nan sémèn ki vi-n anvan-an oubyin sa-k vi-n apré-a.

140. Rit la, yo fè-l nan légliz la oubyin si gin nésésité nan yon koté ki konvnbab épi adapté. Yo sélébré-l anndan Mès premié dimanch Karèm nan aprè oméli-a.

141. Si paraza yo sélébré-l andéyò dimanch sa-a, kòmansman-an ap fèt apati litiji paròl la. Nan ka sa-a, si léktu jou-a pa adapté avèk bagay la, y-a chouazi léktu yo apati sa yo ki fiksé pou premié dimanch Karèm nan (cf. Òrdo léktu Mès la, n. 22-24), oubyin dèt ki adapté. Mès pròp rituèl la (n. 374 bis) yo toujou kapab sélébré-l. Min si yo pa sélébré Ékaristi-a, rit la fini avèk ranvoua tout moun yo ansanm avèk katékumèn yo.

142. Oméli-a antan yo ranjé-l dapré sikonstans, li konsèné, anplis katékumèn yo, minm tout kominoté fidèl yo, atèl pouin, pou yo minm yo chèché ofri bon égzanp ba yo, antan y-ap chèché suiv chémin mistè paskal la ansanm avèk sa yo chouazi yo.

Prézentasion kandida yo

143. Lè Oméli-a fini, prèt la ki réponsab inisiasion katékumèn yo, oubyin diak la oubyin katéchist la oubyin délégé kominoté-a, prézanté sa yo gin pou yo chouazi yo avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé avèk yo :

Révèran Pèr, antan solanité paskal yo prèské tounin, katékumèn yo ki prézan isit la, antan yo apuiyé sou gras Bondié-a épi antan priyé avèk égzanp kominoté-a ap édé yo, yo mandé avèk kè pòv pou apré préparasion yo té gin pou fè-a épi sélébrasion skrutin yo, yo admèt yo patisipé nan sakréman Batèm nan, Konfirmasion-an avèk Ékaristi-a.

Sélébran-an réponn :

Sa yo gin pou chouazi yo, sé pou yo proché ansanm ak parinn (marinn) yo.

Lè sa-a atò, yo rélé yo chak dapré non yo épi youn apré lòt avèk parinn (marinn) antan yo proché, yo kanpé dévan sélébran-an.

Si yo anpil, yo fè prezantasyon yo tout ansanm, parézanp chak katéchist kapab fè-l pou moun pa-l yo, yo konsyéyé katéchist sa yo pou nan yon lòt sélébrasyon anvan yo té rélé yo chak dapré non yo, anvan pou yo proché nan rit komin-an.

144. Sélébran-an, si li pa-t gin okinn patisipasyon nan réfléksion ki té fèt anvan-an (cf. n. 137) li palé avèk sa-k kanpé yo antan li anplouayé paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Égliz Bondié-a ki sin-an souété koulié-a pou-l pi sètin si katékumèn sa yo, yo konsidéré yo gin kapasité, yo minm yo pral résévoua nan ran sa yo chouazi yo pou sélébré solanité Pak la k-ap vini-an.

Antan-l viré nan diréksion parinn yo :

Konsa nou minm parinn yo (marinn yo) mouin mandé pou nou bay témouagnaj : Èské yo té kouté paròl Bondié-a avèk fidéлитé, sa Égliz la anonsé-a ?

Parinn yo :

Yo té kouté avèk fidéлитé.

Sélébran-an :

Èské yo té kòmansé maché dévan Bondié, kinbé paròl la yo té résévoua-a ?

Parinn yo :

Yo té kòmansé.

Sélébran-an :

Èské yo té kinbé fèm nan viv ansanm avèk frè yo épi nan priyé yo ?

Parinn yo :

Yo té kinbé fèm.

Apré sa, si ka-a prezanté, sélébran-an intèrojé tout asanblé-a sou konsantman-l.

[145.] Min si sélébran-an pito, li minm ki té patisipé nan réfléksion yo té fè anvan-an sou kapasité kandida yo (cf. n. 137) li kapab déklaré paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Frè-m yo, nou minm mouin rinmin anpil yo, katékumèn sa yo té mandé pou nan prochin fèt paskal yo, yo inisié nan sakréman Égliz la. Moun yo ki abitué ak yo, té jijé dézi yo-a sinsè. Parò Jézu-Kri-a réyèlman sa fè lontan déjà yo té kouté-l, y-ap fè éfò pou viv dapré kòmandman-l yo, yo té patisipé nan vi fratènèl la avèk priyè yo. Koulié-a sé tout asanblé-a mouin fè gin plis asirans sou désizyon kominoté-a pran pou rélé yo nan sakréman yo. Désizyon sa-a antan mouin fè nou konnin-l épi antan mouin palé ak parinn yo, mouin mandé yo pou yon lòt foua ankò dévan nou, yo prezanté apui yo.

Antan-l viré nan diréksion parinn yo :

Èské nou jijé dévan Bondié kandida yo mérité, yo minm yo admèt nan sakréman inisiasion krétyin yo ?

Parinn yo :

Nou jijé yo mérité.

Apré sa, si ka-a prezanté, sélébran-an întèrojé tout asanblé-a sou pròp konsantman pa-l.

146. Lè sa-a atò sélébran-an, antan-l gadé katékumèn yo, li ba yo avètisman épi li întèrojé yo avèk paròl sa yo oubyin dèt ki sanblé avèk yo :

Koulié-a, nou minm katékumèn yo nou rinmin-an, n-ap palé avèk nou. Parinn nou yo avèk katéchist nou yo (épi tout kominoté-a) yo bay bon témouagnaj osijè nou. Antan li konfié sou aprobasion yo-a, Égliz la, onon Kris la, rélé nou nan sakréman paskal yo. Koulié-a donk nou minm ki té déjà tandé voua Kris la dépi lontan déjà, nou gin pou nou bay répons dévan Égliz la antan nou fè konnin intansion nou.

Èské nou vlé inisié nan sakréman Kris yo, Batèm, Konfirmasion avèk Ékaristi ?

Katécumèn yo :

Nou vlé.

Sélébran-an :

Konsa, silvouplè, bay non nou.

Kandida yo, soua antan yo proché kot sélébran-an avèk parinn yo, soua antan yo rété nan plas yo, yo bay non yo ; yo kapab inskri yo dapré divès

maniè. Non-an, soua sé kandida-a li minm minm ki ékri-l, soua parinn nan, oubyin prèt la ékri li apré yo fi-n prononsé-l klèman. Si kandida yo tròp, lis non yo, yo kapab poté-l bay sélébran-an antan yo di paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé avèk yo : Min non moun ki mandé Batèm yo.

Pandan y-ap ékri non yo, yo kapab chanté yon kantik ki adapté, parégzanp Ps 15 [p. 331].

Admision oubyin choua

147. Lè yo fi-n inskri non yo nèt, sélébran-an apré li fi-n ékspliké signifikasyon rit k-ap fèt la bay moun ki la yo yon fason tou kout, li viré nan diréksion kandida yo antan-l di avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé avèk yo :

N. épi N., yo chouazi nou pou nan prochain Vijil paskal la nou inisié nan mistè sakré yo.

Katékumèn yo :

Mèsi Bondié, mèsi.

Li kontinué :

Koulié-a minm, dévoua nou, minm jan avèk dévoua nou tout, min li : antan Bondié ap édé nou, li-minm ki fidèl nan rélé li rélé nou-an, sé pou nou ofri-l fidélité nou épi avèk gran kè pou nou chèché fè éfò rivé nan dènié bout vérité choua nou-an.

Apré sa, antan-l viré nan diréksion parinn yo, sélébran-an ba yo avètisman avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo.

Katékumèn yo, osijè yo nou té rann témouagnaj la, sé pou nou rékòmandé yo bay Grammèt la, antan n-ap suiv yo ak sékou nou ba yo kòm frè épi égzanp nou jous nan sakréman lavi Bondié-a.

Épi li invité yo pou yo pozé min yo sou zépòl kandida yo, sa yo pran rèsponsabilité yo-a, oubyin pou yo fè yon lòt jès ki vlé di minm bagay.

Priyè pou sa yo chouazi yo

148. Apré sa, kominoté-a fè priyè avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Sélébran-an :

Frè-yo nou rinmin anpil la, antan n-ap tann mistè soufrans-la ak réziréksion-an ki sovè nou yo, jodi-a n-ap antré nan chémin Karèm nan. Sa yo chouazi yo, yo minm n-ap kondui avèk nou nan

sakrèman paskal yo, yo bezouin égzanp rénouvèlman nou, konsa pou yo minm avèk nou minm n-ap priyé Granmèt la pou, antan youn soutni lòt, nou rivé mérité jouinn gras paskal yo.

Léktè :

Pou katékumèn yo, pou antan yo sonjé jou yo té chouazi yo-a, pou yo kapab rété ap di Bondié mèsi tout tan pou bédiksyon ki sot nan sièl la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou antan yo profité tan favorab la, yo sipòté éfò rénonnman-an épi yo suiv travay sanktifikasyon-an ansanm avèk nou, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou katéchist pa yo, pou yo montré dousè paròl Bondié-a bay sa k-ap chèché yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou parinn pa yo, pou yo montré katékumèn yo pou yo sèvi ak Évanjil la san rété nan lavi privé-a ak nan rélasyon sosiété-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou fanmi pa yo, pou antan yo pa sèvi okinn anpèchman nan baré rout la dévan yo, min pito pou yo édé yo suiv Éspri-a k-ap pousé yo-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou asanblé nou-an, pou nan tan Karèm sa-a li kléré an plin nan charité-a avèk pèsévérans nan priyé-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou tout moun dout yo kinbé yo toujou, pou antan yo mét lafoua nan Kris la, yo rivé fè youn avèk nou kòm frè nan kè kontan, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Nan priyé ki anro-a, yo kapab ajouté démann òdinè pou nésésité Égliz la ak tout tè-a, si apré sa, antan yo ranvouayé katékumèn yo, yo siprimé priyé inivèsèl la nan Mès la (cf. n. 151).

Dòt fòm priyé si yo vlé, n. 375.

140. Sélébran-an, antan li lonjé min sou sa yo chouazi yo, li fini démann nan avèk priyé sa-a :

**Bondié, ou minm ki kréatè ras moun nan
yon fason pou fômé-l minm yon lòt foua ankò,
fè kè-ou sansib pou pitit adopsion-ou yo,
épi inskri boujon nouvo désandans la nan nouvo alians la
pou, antan yo vi-n tounin pitit promès la,
sa yo pa-t kapab rivé jouinn dapré nati-a,
yo kontan résévoua li palintèmediè gras la.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

R: Amèn.

Oubyin yon lòt priyé pou fini, si yo vlé :

**Papa ki gin tout pouvoua, ki rinmin anpil,
ou minm ki vlé mét tout bagay kanpé nan Kris la
épi rédi moun yo vi-n jouinn li,
sa yo Égliz la chouazi-a aksépté dirijé yo épi fè nou favè,
pou, antan yo fidèl nan vokasion yo résévoua-a,
yo mérité yo fè yo antré nan konstriksion péyi-roua Pitit ou-a,
épi pou Éspri-Sin yo promèt la maké yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

R: Amèn.

Ranvoua sa yo chouazi yo

150. Apré sa, sélébran-an ranvouayé sa yo chouazi yo antan-l sèvi ak avètisman sa-a oubyin youn lòt ki sanblé ak li :

Nou minm yo chouazi yo nou rinmin anpil la, nou antré ansanm avèk nou nan chemin Karèm nan. Kris la ap sèvi nou chemin, vérité ak lavi, sitou nan prochin skrutin yo, yo minm koté n-ap rivé ansanm avèk nou-an. Koulié-a alé ak kè pozé.

Sa yo chouazi yo :

Amèn.

Sa yo chouazi yo soti. Min, si pou rézon ki trè grav yo pa kapab al déyò (cf. *Sa pou yo noté anvan*, 19, § 3) épi yo oblijé rété avèk fidèl yo, sé pou yo fè atansion, minmsi yo prézan nan Ékaristi-a pou yo pa patisipé nan fason moun ki batizé yo.

Min, si yo pa sélébré Ékaristi-a, y-a ajouté yon kantik ki adapté pou sikonstans la, épi fidèl yo ansanm avèk sa yo chouazi yo, yo ranvouayé yo.

Sélébrasion Ékaristi-a

151. Apré sa yo chouazi yo fi-n alé, yo sélébré Ékaristi-a. La minm, yo kòmansé priyè inivèsèl la pou Égliz la avèk nésésité tout tè-a. Apré sa yo di, si gin nésésité, Credo-a épi yo fè préparasion kado yo. Sèlman, pou rézon pastoral, priyè inivèsèl la épi Credo-a yo kapab soté yo.

TAN PURIFIKASION-AN AVÈK ILUMINASION-AN ÉPI RIT YO

152. Nan tan sa-a ki dòdinè tonbé nan Karèm nan épi ki kòmansé avèk choua-a, katékumèn yo, ansanm avèk kominoté lokal la, yo konsakré tèt yo nan yon rékoléksion spirituèl pou yo préparé yo pou fèt paskal yo avèk inisiasion sakréman yo. Pou sa yo ofri yo skrutin yo, transmisyon yo, avèk rit pou préparasyon k-ap fèt tousuit la.

SKRUTIN YO AVÈK TRANSMISION YO

153. Nan Karèm nan ki présédé sakréman inisiasion yo, yo fè skrutin yo avèk transmisyon yo. Palintèmédiè rit sa yo, préparasyon spirituèl la avèk katéchèz moun yo chouazi yo, sa vlé di « sa k-ap mandé batèm yo », yo konplété yo épi li kontinué pandan tout tan Karèm nan.

I. SKRUTIN YO

154. Ròl skrutin yo, li prinsipalman spirituèl, yo konplété yo nèt gras a égzòsism yo. Skrutin yo réyèlman, fonksion yo sé nétouayé éspri yo avèk kè yo, fòtifyé yo kont tantasion yo, konvèti intansyon yo, pousé volonté yo pou yo kapab kolé pi plis sou Kris la épi pou katékumèn yo kontinué avèk plis fòs éfò y-ap fè pou rinmin Bondié.

155. Pou moun k-ap mandé batèm yo, yo mandé pou yo gin volonté rivé afon nan mantalité Kris la avèk Égliz la, épi, pou yo fè progrè pi byin nan konésans sinsè pròp tèt yo, y-ap tann yon égzamin sérié konsians yo épi yon véritab pénitans.

156. Nan rit égzòsism nan, sa prèt la oubyin diak la sélébré-a, moun yo chouazi yo jouinn ansègnman nan min Égliz la ki manman osijè mistè Kris la ki libéré yo anba péché-a, yo dégajé anba konsékans péché-a épi anba influyans djab la, yo fòtifyé nan chémin spirituèl yo-a épi yo louvri kè yo pou yo résévoua kado Sovè-a.

157. Pou révyé anvi purifikasyon avèk rédanmsion Kris la, gin toua skrutin, soua pou katékumèn yo ofiamézi yo aprann osijè mistè péché-a, sa tout moun ansanm épi chak moun an patikilié souété pou yo délivré sot nan li-a, pou yo kapab libéré anba konsékans li koulié-a épi pou lavni ; soua pou nanm yo vi-n plin ak mantalité Kris la ki rachté nou, li minm ki dlo vivan-an (cf. Évanjil madam Samaritèn nan), limiè-a (cf. Évanjil moun ki fèt avèg la), rézirkéksion ak lavi-a (cf. Évanjil Lazar ki résisité-a). Sot nan prémié skrutin-an rivé nan dènié-a fòk gin yon progrè nan konésans péché-a épi nan anvi rivé nan sovè nou gin pou sovè-a.

158. Skrutin yo sé pè-a oubyin diak la ki sélébré yo antan yo prézidé kominoté-a, pou apati litiji skrutin yo ata fidèl yo tiré itilite épi yo intèsédé nan priyè pou moun yo chouazi yo.

159. Skrutin yo, yo fè yo nan mès skrutin yo, sa yo fè nan touazièm, katriyèm ak sinkiyèm dimanch Karèm ; yo chouazi léktu séri « A » avèk kantik yo, jan yo dézigné nan Òrdo léktu Mès la (nn. 745, 746, 747). Si nan dimanch sa yo poutèt rézon pastoral yo pa kapab fè yo, y-a chouazi dèt jou dimanch nan Karèm nan, oubyin minm dèt jou sémèn ki pi adapté yo, sèlman premié Mès skrutin yo doué toujou Mès osijè madam Samaritèn-nan, dézièm-nan osijè moun ki fèt avèg la, touazièm nan osijè Lazar.

PRÉMIÉ SKRUTIN

160. Premié skrutin-an, yo sélébré-l touazièm dimanch Karèm antan yo sèvi avèk fòmul yo prézanté nan Misèl la avèk Lékisionè-a (cf. pi louin tou, nn. 376-377).

Oméli

161. Nan oméli-a, sélébran-an, antan li apuiyé sou léktu Ékritu sakré yo, li ékspozé rézon premié skrutin-an, antan li fè atansyon ni litiji Karèm nan ni chémin spirituèl moun yo chouazi yo.

Priyé an silans

162. Apré oméli-a, moun yo chouazi yo ansanm ak parinn yo épi marinn yo, yo kanpé dévan sélébran-an.

Sélébran-an, li minm, antan li gadé nan dirèksyon fidèl yo dabò, li invité yo priyé an silans pou moun yo chouazi yo, antan y-ap mandé avèk siplikasyon éspri pénitans, sans péché-a épi véritab libètè pitit Bondié yo.

Apré sa, antan-l viré sou bò katékumèn yo, li invité yo tou pou yo priyé an silans épi li avèti yo pou yo montré sans pénitans la minm nan kò-a soua antan yo bésé tèt yo soua antan yo mét ajénou. Anfin li fini avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo :

Nou minm Bondié chouazi yo, antan nou bésé tèt nou (oubyin : antan nou mét ajénou) an nou lapriyé.

Lè sa-a atò, sa yo chouazi yo, yo bésé tèt yo oubyin yo mét ajénou épi tout moun lapriyé pou yon ti moman an silans. Apré sa, dapré sikonstans, tout moun lèvé.

Priyé pou moun yo chouazi yo

163. Pandan y-ap fè priyé pou moun yo chouazi yo, parinn yo ak marinn yo pozé min douat sou zépòl chak moun yo chouazi-a.

Sélébran-an :

An nou priyé pou sa yo, yo chouazi-a, yo minm avèk konfians Égliz la té chouazi apré yon chémin ki long, pou apré préparasion ki fi-n réalizé nèt la, nan fèt paskal yo, yo rankontré Kris la nan sakréman yo.

Léktè :

Pou paròl Bondié yo, yo poté yo nan kè yo épi jou an jou yo gouté yo pi fon, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou yo konnin Kris la, li minm ki vi-n sové sa-k t-ap péri-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou yo minm, avèk yon kè ki pòv, yo konfésé yo sé péchè, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou avèk sinsérité, yo répusé nan konduit yo, sa ki pa fè Kris la plézi épi ki kontrè ak li, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou Éspri-Sin-an ki sondé kè tout moun yo, fòtifii féblès yo avèk puisans li, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nan min minm Éspri-a yo aprann sa ki pou Bondié épi sa-k fè Bondié plézi, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou fanmi yo tou, yo mété éspérans yo nan Kris la épi nan li minm yo jouinn lapè avèk sinteté, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nou minm tou, pou nou préparé fèt Pak yo nan nétouayé éspri nou, nan drésé kè nou épi nan fè aksion charité, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou sou tout tè-a sa-k fèb yo, yo jouinn fòs, sa-k krazé yo, yo drésé, sa-k pèdi yo, yo jouinn yo, épi sa yo jouinn yo, yo rachté yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Nan divès sikonstans, yo kapab adapté avètisman sélébran-an épi invokasyon yo. An plis, yo kapab ajouté démann yo abitué fè pou nésésité Égliz la ak tout tè-a si, apré sa, antan yo ranvouayé katékumèn yo, yo siprimé priyé inivèsèl la nan Ékaristi-a (cf. n. 166).

Dòt fòmul priyé ochoua, n. 378.

Égzòsism

164. Apré priyé-a, sélébran-an ki viré nan diréksion sa yo chouazi yo antan-l mété dé min-l ansanm, li di :

An nou lapriyé.

Bondié, ou minm ki té voyé Pitit ou-a kòm sovè ba nou, fè nou favè, pou katékumèn sa yo, yo minm ki anvi tiré dlo vivan-an tankou madam Samaritèn nan, antan yo viré nan diréksion paròl Granmèt la, fè yo rékonèt yo antravé avèk pròp péché pa yo avèk féblès yo. Pa pèmèt yo, tanpri, pou yo apuiyé sou pròp tèt yo nan yon konfians san konsistans,

pou puisans démon-an troupé yo,
 min, libéré yo anba éspri mansonj la,
 pou antan yo rékonèt sa ki mal nan yo,
 yo mérité géri sou paranndan
 épi antré nan chémin k-ap sové yo-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Apré sa chak moun yo chouazi, si sa kapab fèt fasilman, sélébran-an
 pozé min sou li an silans.

Apré, antan-l lonjé dé min-l sou sa yo chouazi yo, sélébran-an kontinué :

**Granmèt Jézu, sé ou minm ki sous la
 koté sa yo vi-n pasé souaf yo-a
 épi mèt la y-ap chèché-a.
 Dévan-ou, ou minm ki sèl sin,
 yo pa gin odas di yo inosan,
 yo louvri kè yo avèk konfians,
 sa ki sal yo, yo déklaré yo,
 blès yo, sa moun pa konnin yo, yo dékouvri yo,
 ou minm donk libéré yo avèk bon kè-ou anba féblès yo,
 sa-k malad yo réfè yo, sa-k souaf yo ba yo bouè, épi ba yo lapè.
 Nan puisans non-ou nan, sa n-ap rélé nan lafoua-a,
 sé pou prézan koulié-a épi sové yo.
 Kòmandé mové éspri-a,
 sa-ou té ranpòté viktoua sou li-a antan-ou té résisité-a.
 Sa yo ou chouazi-a montré yo chémin-an nan Éspri-Sin-an,
 pou antan y-ap dirijé kot Papa-a, yo adoré-l nan vérité-a.
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt fòmül égzòsism ochoua, n. 378.

Dapré sikonstans, yo chanté yon kantik adapté yo chouazi parégzanp nan
 pami Psòm yo 6, 25, 31, 37, 38, 39, 50, 114, 129, 138, 141 [pp. 351-361].

Ranvoua sa yo chouazi yo

165. Apré sa, sélébran-an ranvouayé sa yo chouazi yo antan-l di :

Alé ak kè pozé, épi pou prochin skrutin-an yo ba nou randévous, sé pou Granmèt la toujou avèk nou.

Sa yo chouazi yo :

Amèn.

Sa yo chouazi yo soti. Min si poutèt rézon trè grav yo pa kapab soti, y-a fè tankou nan òrdo pou fè katémunèn yo, n. 96.

Min si yo pa sélébré Ékaristi-a, y-a ajouté yon kantik ki adapté pou sikonstans la, épi fidèl yo ansanm avèk sa yo chouazi yo y-a ranvouayé yo.

Sélébrasion Ékaristi-a

166. Apré sa yo chouazi yo fi-n alé, yo sélébré Ékaristi-a. Tousuit yo kòmansé priyè inivèsèl la pou Égliz la avèk nésésité tout tè-a. Apré sa yo di Credo-a épi yo fè préparasion kado yo. Sèlman, pou rézon pastoral, priyè inivèsèl la avèk Credo-a yo kapab soté yo. Nan priyè ékaristik la y-a fè sonjé sa yo chouazi yo épi parinn yo (cf. nn. 377 épi 412).

DÉZIÈM SKRUTIN

167. Dézièm skrutin-an, yo sélébré-l nan katriyèm dimanch Karèm antan yo sèvi avèk fòmul yo prezanté nan Misèl la avèk Léksionè-a (cf. pi louin tou, nn. 380-381).

Oméli

168. Nan oméli-a, sélébran-an, antan-l apuiyé sou léktu Ékritu sint la, li ékspozé rézon dézièm skrutin-an, antan-l fè atansyon ni litiji Karèm nan ni chémin spirituèl sa yo chouazi yo.

Priyè an silans

169. Apré oméli-a, moun yo chouazi yo ansanm avèk parinn yo épi marinn yo, yo kanpé dévan sélébran-an.

Sélébran-an, antan-l gadé fidèl yo toudabò, li invité yo pou yo priyé an silans pou sa yo chouazi yo, antan yo mandé avèk siplikasion éspri pénitans, sans péché-a, avèk vrè libètè pitit Bondié yo.

Apré sa, antan-l viré nan diréksion katékumèn yo, li invité yo tou pou yo priyé an silans épi li avèti yo pou yo montré minm nan kò yo sans pénitans la, soua antan yo bésé tèt yo soua antan yo mét ajénou. Alafin li fini avèk paròl sa yo oubyin dèt ki sanblé avèk yo :

Nou minm Bondié chouazi yo, antan nou bésé tèt nou (oubyin : antan nou mét ajénou) an nou lapriyé.

Lè sa-a atò, sa yo chouazi yo, yo bésé tèt yo oubyin yo mét ajénou. Épi tout moun priyé yon ti moman an silans. Apré sa, dapré sikonstans, tout moun kanpé.

Priyé pou sa yo chouazi yo

170. Pandan y-ap fè priyé pou sa yo chouazi yo, parinn ak marinn yo pozé min douat sou zépòl chak moun yo chouazi.

Sélébran-an :

An nou priyé pou sa yo, yo chouazi-a, yo minm Bondié rélé, pou yo rété sin nan li épi pou yo rann yon témouagnaj solid osijè paròl lavi tout tan-an.

Léktè :

Pou yo minm, antan yo mét lafoua nan vérité Kris la, yo rivé jouinn libèté éspri-a avèk kè-a épi yo kinbé-l tout tan, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou antan y-ap kontanplé sajès koua-a, yo chèché jouinn gloua yo nan Bondié, li minm ki fè sajès tan sa-a ront, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou antan yo libéré nan puisans Éspri Sin-an, yo konvèti sot nan krint al nan konfians, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou antan yo vi-n tounin moun spirituèl, sé bagay ki kòrèk yo épi ki sin yo y-ap chèché gouté, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou tout moun k-ap sibi pèsékision pou non Kris la, yo jouinn sékou nan min li, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou fanmi yo avèk pèp yo, yo minm ki pè dévan lafoua yo gin pou anbrasé-a, pou yo jouinn favè kouè nan Évanjil la libréman, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nou minm ki abitué ak konésans tè-a, nou rété fidèl nan éspri Évanjil la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou tout tè-a Papa-a rinmin-an, pou li rivé jouinn tout libèté spirituèl la nan Égliz la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Daprè divès sikonstans, yo kapab adapté avètisman sélébran-an épi invokasion priyè yo. Anplis yo ajouté demann òdinè pou nésésité Égliz la avèk tout tè-a si, aprè sa, antan yo ranvouayé sa yo chouazi yo, yo siprimé priyè inivèsèl la nan Ékaristi-a (cf. n. 173).

Dòt fòmul priyè ochoua, n. 382.

Égzòsism

171. Aprè priyè-a, sélébran-an antan-l viré nan diréksion sa yo chouazi yo antan-l mété dé min-l ansanm, li di :

An nou lapriyè.

**Papa ki gin bon kè anpil,
ou minm ki té bay moun ki fèt tou avèg la gras
pou-l té kouè nan Pitit ou-a**

épi pou gras a lafoua sa-a li té rivé nan ringn limiè-ou la,
 fè sa yo ou chouazi yo ki prézan isit la,
 yo libéré anba mansonj yo ki avéglé yo antan yo vlopé yo
 épi fè yo favè pou antan yo anrasinin yon fason solid nan vérité-a,
 yo vi-n tounin pitit limiè-a
 épi yo rété sa pou tout tan.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Apré sa, si sa kapab fèt fasilman, sélébran-an pozé min an silans sou chak moun yo chouazi.

Apré, antan min-l louvri sou sa yo chouazi yo, sélébran-an kontinué :

**Granmèt Jézu, vrè limiè-a, sa ki kléré tout moun nan,
 gras a Éspri vérité-a, libéré
 tout moun k-ap pasé traka anba jouk papa mansonj la,
 épi nan yo minm ou chouazi pou sakréman-ou yo,
 drésé bòn volonté-a,
 pou antan y-ap joui kè kontan limiè-ou la,
 minm jan avèk avèk la ki té rétrouvé klèté-a lontan-an,
 yo rivé tounin témouin vérité-a yon fason solid épi san yo pa pè.
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt fòmül égzòsism ochoua, n. 383.

Dapré sikonstans, yo chanté yon kantik adapté yo chouazi parégzanp nan pami Psòm yo 6, 25, 31, 37, 38, 39, 50, 114, 129, 138, 141 [pp. 351-361].

Ranvoua sa yo chouazi yo

172. Apré sa, sélébran-an ranvouayé sa yo chouazi yo antan-l di :

Alé ak kè pozé, épi pou prochin skrutin-an yo ba nou randévous, sé pou Granmèt la toujou avèk nou.

Sa yo chouazi yo :

Amèn.

Sa yo chouazi yo soti. Min si poutèt rézon trè grav yo pa kapab soti, y-a fè tankou nan òrdo pou fè katémunèn yo, n. 96.

Min si yo pa sélébré Ékaristi-a, y-a ajouté yon kantik ki adapté pou sikonstans la, épi y-a ranvouyé fidèl yo ansanm avèk sa yo chouazi yo.

Sélébrasion Ékaristi-a

173. Apré sa yo chouazi yo fi-n alé, yo sélébré Ékaristi-a. Tousuit yo kòmansé priyè inivèsèl la pou Égliz la avèk nésésité tout tè-a. Apré sa yo di Credo-a épi yo fè préparasion kado yo. Sèlman, pou rézon pastoral, priyè inivèsèl la avèk Credo-a yo kapab soté yo. Nan priyè ékaristik la y-a fè sonjé sa yo chouazi yo épi parinn yo (cf. nn. 377 épi 412).

TOUAZIÈM SKRUTIN

174. Touazièm skrutin-an, yo sélébré-l nan sinkièm dimanch Karèm antan yo sèvi avèk fòmul yo prezanté nan Misèl la avèk Léksionè-a (cf. pi louin tou, nn. 384-385).

Oméli

175. Nan oméli-a, sélébran-an, antan-l apuiyé sou léktu Ékritu sakré-a, li ékspliké rézon touazièm skrutin-an, antan-l fè atansion ni litiji Karèm nan ni chémin spirituèl sa yo chouazi yo.

Priyè an silans

176. Apré oméli-a, sa yo chouazi yo ansanm avèk parinn yo épi marinn yo, yo kanpé dévan sélébran-an.

Sélébran-an, antan-l gadé fidèl yo anvan, li invité yo pou yo priyé an silans pou sa yo chouazi yo, antan yo mandé éspri pénitans, sans mistè péché-a ak lanmò-a, éspérans lavi tout tan-an pou pitit Bondié yo.

Apré sa, antan-l viré nan diréksion katékumèn yo, yo minm tou li invité yo pou yo priyé an silans épi li avèti yo pou yo montré sans pénitans la minm nan kò yo, soua antan yo bésé tèt yo, soua antan yo mét ajénou. Alafin li fini avèk paròl sa yo oubyin dèt ki sanblé avèk yo :

Sa Bondié chouazi yo, antan nou bésé tèt nou (oubyin : antan nou mét ajénou) an nou lapriyé.

Lè sa-a atò, sa yo chouazi yo, yo bésé tèt yo oubyin yo mét ajénou. Épi tout moun priyé yon ti moman an silans. Apré sa, dapré sikonstans, tout moun kanpé.

Priyé pou sa yo chouazi yo

177. Pandan y-ap fè priyé pou sa yo chouazi yo, parinn ak marinn yo pozé min douat sou zépòl chak moun yo chouazi.

Sélébran-an :

An nou priyé pou sèvitè sa yo, yo minm Bondié té chouazi-a, pou antan yo vi-n konfòm avèk lanmò ak réziréksion Kris la, yo rivé dépasé, gras a Sakréman yo, éritaj anmè lanmò-a.

Léktè :

Pou, kont kèlkésoua mansonj tè-a, yo jouinn fòs nan lafoua-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou yo rété ap di mèsi poutèt antan gras a choua Bondié-a yo dégajé anba ignorans éspérans tout tan-an, yo antré nan chémin ki sovè-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou gras a égzanp avèk intèsésion katékumèn yo ki té vidé san yo pou Kris la, yo drésé nan éspérans lavi tout tan-an, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou tout moun viré do bay péché-a, li minm ki kòz lavi-a viré tèt anba, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou moun yo ki gin lapinn poutèt lanmò moun pa yo-a, yo jouinn konsolasion nan Kris la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nou minm minm, antan solanité paskal yo rétounin-an, nou jouinn asirans nan éspérans résisité ansanm ak Kris la, an nou priyé Granmèt la.

℟: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou tout tè-a Bondié té kréyé avèk rinmin-an, li jouinn plis lavi antan-l fè progrè nan lafoua-a avèk charité-a, an nou priyé Granmèt la.

℟: Kouté nou Granmèt.

Daprè divès sikonstans, yo kapab adapté avètisman sélébran-an avèk invokasion lapriyè-a. Anplis yo ajouté demann òdinè pou nésésité Égliz la avèk tout tè-a si, apré sa, antan yo ranvouayé sa yo chouazi yo, yo siprimé priyé inivèsèl la nan Ékaristi-a (cf. n. 180).

Dòt fòmul priyé ochoua, n. 386.

Égzòsism

178. Apré priyè-a, sélébran-an antan-l viré nan diréksion sa yo chouazi yo, li di avèk dé min-l kontré :

An nou lapriyè.

**Papa lavi tout tan-an,
ou minm ki pa Bondié moun mouri yo
min Bondié moun vivan yo,
épi ki té voyé Pitit ou-a anonsé lavi-a,
pou moun yo ki soti anba péyi-roua lanmò-a,
ou té fè yo rantré nan réziréksion-an,
sa yo ou chouazi yo, libéré yo, tanpri,
anba pouvoua mové éspri-a k-ap bay lanmò-a
pou yo réyisi résévoua nouvo lavi Kris la ki résisité-a,
épi mérité témouagné-l.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Apré sa, chak moun yo chouazi yo, si sa kapab fèt avèk fasilité, sélébran-an pozé min sou yo.

Apré, dé min-l lonjé sou sa yo chouazi yo, sélébran-an kontinué :

**Granmèt Jézu, ou minm ki antan-ou té résisité Lazar
sot nan pami mò yo,
ou té montré davans ou t-ap vini pou moun yo jouinn lavi
épi pou yo résévoua-l an kantité k-ap débòdé,
libéré anba lanmò-a sa yo k-ap tann lavi-a
gras a sakréman-ou yo,
dégajé yo anba éspri méchansté-a
épi, pa pouvoua Éspri-ou la k-ap bay lavi-a
ba yo lafoua-a, éspérans la ak charité-a,
pou, antan y-ap viv tout tan avèk ou,
yo patisipé nan gloua réziréksion-ou nan.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt fòmül égzòsism ochoua, n. 387.

Dapré sikonstans, yo chanté yon kantik adapté yo chouazi parégzanp nan pami Psòm yo 6, 25, 31, 37, 38, 39, 50, 114, 129, 138, 141 [pp. 351-361].

Ranvoua sa yo chouazi yo

178. Apré sa, sélébran-an ranvouayé sa yo chouazi yo antan-l di :

Alé ak kè pozé, épi sé pou Granmèt la toujou avèk nou.

Sa yo chouazi yo :

Amèn.

Sa yo chouazi yo soti. Min si poutèt rézon trè grav yo pa kapab soti, y-a fè tankou nan òrdo pou fè katémunèn yo, n. 96.

Min si yo pa sélébré Ékaristi-a, y-a ajouté yon kantik ki adapté pou sikonstans la, épi y-a ranvouayé fidèl yo ansanm avèk sa yo chouazi yo.

Sélébrasion Ékaristi-a

179. Apré sa yo chouazi yo fi-n alé, yo sélébré Ékaristi-a. Tousuit yo kòmansé priyè inivèsèl la pou Égliz la avèk nésésité tout tè-a. Apré sa yo di Credo-a épi yo fè préparasion kado yo. Sèlman, pou rézon pastoral, priyè inivèsèl la avèk Credo-a yo kapab soté yo. Nan priyè ékaristik la y-a fè sonjé sa yo chouazi yo épi parinn yo (cf. nn. 377 épi 412).

II. « TRADISION » YO (TRANSMISION YO)

181. Si yo pa-t ko fè sa anvan (cf. nn. 125-126) yo sélébré « Tradision » yo (Transmission yo) apré skrutin yo. Palintèmédiè yo, antan fòmasyon katékumèn yo fi-n réalizé oubyin kòmansé nan tan konvnan la, Égliz la avèk anpil rinmin konfié ansègnman ba yo ki gin rézimé lafoua li avèk priyé li dépi lontan.

182. Li souétab pou dévan kominoté fidèl yo, apré litiji paròl Mès sémèn nan, yo fè yo avèk léktu ki adapté pou « Tradision » yo.

TRANSMISION SINBÒL LA

183. Toudabò sé transmision Sinbòl la ki vini. Sa yo chouazi yo gin pou aprann li pakè, apré sa pou yo résité-l an piblik (cf. nn. 194-199), anvan yo déklaré lafoua yo jou batèm nan dapré li.

184. Transmision Sinbòl la, yo fè-l anndan sémèn apré premié skrutin-an. Dapré sikonstans, yo kapab sélébré-l tou nan tan katékuména-a (cf. nn. 125-126).

Léktu yo avèk oméli-a

185. Nan plas léktu yo, sa yo dézignin pou jou sémèn nan, y-a li pasaj ki adapté, parérganp :

Premié léktu : Détéronòm 6,1-7 : « Kouté Israèl : rinmin Granmèt la ak tout kè-ou ».

Moyiz palé ak pèp la antan-l di : Min kòmandman... [p. 347].

Psòm répons. Psòm 18, 8. 9. 10.11.

Ꝛ (Jan 6,68) : Granmèt, ou gin paròl lavi tout tan-an. [p. 347]

Dézièm léktu : Romin 10,8-13 : Déklarasion lafoua moun ki kouè nan Bondié.

Frè-m yo : Kisa Ékriti-a di ? ... [p. 347]

Oubyin : 1 Korintyin 15,1-8a (pi long) oubyin 1-4 (pi kout) : « Sé pa pouvoua Bòn Nouvèl la nou té sovè, si nou kinbé-l nan fason mouin té anonsé-l ba nou-an »...

Mouin fè nou konnnin frè-m yo, bòn nouvèl la... 8 an dènié minm nan tout moun, li parèt dévan-m. [p. 348]

Vèsè anvan Évanjil la. Jan 3,16 : Bondié té tèlman rinmin tè-a li bay Pitit li-a, sèl Pitit li-a ; tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. [p. 349]

Évanjil : Matié 16,13-18 : « Sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an »

Lè sa-a : Jézu rivé nan réjion Sézaré Filip la... [p. 367]

Oubyin : Jan 12,44-50 : « Mouin minm limiè-a, mouin vini sou tè-a pou tout moun ki kouè nan mouin pa rété nan fènoua ».

Lè sa-a : Jézu rélé byin fò, li di... [p. 390]

Oméli-a vini apré, ladan-l, sélébran-an, antan-l apuiyé sou tèks sakré-a, li ékspliké sans avèk inpòtans Sinbòl la, ni parapò a katéchèz la y-ap transmèt la ni pou déklarasion lafoua-a, sa y-ap chouazi nan batèm nan épi y-ap kinbé nan tout lavi-a.

Transmision Sinbòl la

186. Apré oméli-a, diak la di :

Sé pou sa yo chouazi yo proché pou yo résévoua nan min Égliz la Sinbòl lafoua-a.

Lè sa-a atò, sélébran-an palé avèk yo nan paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Nou minm nou rinmin anpil la, kouté paròl lafoua-a, sa nou té résévoua jistifikasion-an palintèmediè-l la. Yo pa anpil, sé vré, min yo kinbé gran mistè, avèk kè sinsè résévoua yo épi kinbé yo.

Apré sa, sélébran-an kòmansé Sinbòl la antan-l di :

Mouin kouè nan Bondié

Épi li kontinué soua pou kont li soua ansanm avèk kominoté fidèl yo :

Papa-a ki gin tout Pouvoua.

Li kréyé sièl la ak tè-a.

Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a.

Li sé Granmèt nou-an.

Sé pa pouvoua Léspri Sin-an kò li vi-n fèt nan vant Mari ki vièj é li tounin yon moun.

Li soufri sou ringn Pons Pilat, yo klouré-l sou koua-a,

Li mouri é yo antéré li.

Li désann koté mò yo té yé-a.

Sou touazièm jou li lévé byin vivan sot nan pami mò yo.

Li monté nan sièl la é li chita adouat Papa-a ki gin tout pouvoua.

Li gin pou-l rétounin pou jijé ni moun k-ap viv, ni moun ki mouri.

Mouin kouè nan Léspri Sin-an.

Mouin kouè Légliz la Sin é li la pou tout moun.

Mouin kouè tout byin zanmi Bondié yo fè, sèvi lòt yo.

Mouin kouè péché yo jouinn padon.

Mouin kouè kò moun ki mouri yo va lèvé byin vivan.
 Mouin kouè nan lavi ki pap janm fini-an.
 Amèn.

Dapré sikonstans, yo kapab sèvi tou avèk Sinbòl Nisé-Konstantinòpl la :

Mouin kouè gin yon sèl Bondié.
 Sé Papa-a, li gin tout pouvoua.
 Li kréyé sièl la ak tè-a,
 Li fè tou sa moun ouè ak tou sa moun pa ouè.
 Mouin kouè gin yon sèl Granmèt
 Sé Jézu-kri, sèl Pitit Bondié-a.
 Li sé Pitit Papa-a dépi anvan tout tan.
 Li sé Bondié nan Bondié-a, Limiè nan limiè-a
 Bondié tout bon vré nan Bondié tout bon vré-a,
 Li sé Pitit, min sé pa kréyé yo kréyé li.
 Li sé minm Bondié ak Papa-a.
 Sé pa pouvoua li tout bagay fèt.
 Sé pou tout moun, sé pou-l vi-n sovè nou, li désann sòt nan sièl.
 Sé pa pouvoua Léspri sin-an kò li vi-n fèt nan vant Mari ki vièj,
 é li tounin yon moun.
 Sé poutèt nou toujou, yo klouré li sou yon koua.
 Li soufri, sou ringn Pons Pilat, é yo antéré li.
 Sou toua jou li lèvé, jan labib la té di,
 Li monté nan sièl, é li chita adouat Papa-a.
 Li gin pou-l rétownin avèk tout pouvoua li,
 pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri,
 É li va roua pou tout tan.
 Mouin kouè gin Léspri Sin-an.
 Li sé Granmèt é li bay lavi.
 Li sé Léspri Papa-a ansanm ak Pitit-la.
 Yo adoré-l ansanm ak Papa-a, ansanm ak Pitit la,
 é li jouinn minm louanj avèk yo.
 Sé li ki t-ap palé, lè profèt yo t-ap palé.
 Mouin kouè gin you sèl Légliz, ki fè yon sèl kò-d-fanmiy.
 Li sin. Li la pou tout moun. Sé sou Apòt yo li bati.
 Mouin rékonèt gin you sèl batèm pou padoné péché.
 M-ap tann tout mò lèvé, m-ap tann lavi k-ap vini-an.
 Amèn.

Priyè pou sa yo chouazi yo

187. Apré sa, sélébran-an invité fidèl yo pou yo priyé avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

**An nou priyé pou sa nou chouazi yo,
pou Bondié ak Granmèt nou-an
louvri zòrèy kè yo
épi pòt mizèrikòd la,
pou palintèmédiè bingn nouvo nésans la
antan yo résévoua padon tout péché yo,
yo vi-n trouvé yo nan Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun priyé an silans.

Apré sa sélébran-an, antan min-l lonjé sou sa yo chouazi yo, li di :

**Sé bon kè-ou ki la tout tan-an épi ki kòrèk nèt la
n-ap priyé, Granmèt,
sous limiè-a ak vérité-a,
pou sèvitè-ou sa yo N. avèk N. :
pròpté yo, fè yo vi-n sin ; ba yo véritab sians la,
éspérans solid la, ansègnman ki sin-an,
pou yo rivé mérité proché kot gras batèm nan.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

TRANSMISION PRIYÈ GRANMÈT LA

188. Yo transmèt tou bay sa yo chouazi yo « Priyè Granmèt la », li minm ki dépi lontan lontan propriété sa yo ki résévoua éspri pitit adopsion yo gras a batèm nan, épi sa moun ki fèk batizé yo ap di ansanm avèk lòt batizé yo nan premié sélébrasion Ékaristi y-ap patisipé ladan-l nan.

189. Transmision « Priyè Granmèt la », yo fè-l anndan sémèn apré touazièm skrutin-an. Dapré sikonstans yo kapab sélébré-l tou anndan tan katékuména-a (cf. nn. 125-126). Dapré nésésité, an plis, yo kapab fè-l apré, ansanm avèk rit yo k-ap préparé tousuit la (cf. 193 ss).

Léktu yo avèk chan yo

190. Nan plas léktu yo ki indiké pou jou sémèn nan, y-a li pasaj ki adapté yo, parégzanp :

Prémié léktu : Ozé 11, 1b. 3-4. 8c.-9 : « M-ap rédi nou avèk chinn rinmin-an ».

Min sa Grammèt la di : Lè Israèl té piti mouin té rinmin-l... [p. 362]

Psòm répons. Psòm 22, 1-3a. 3b-4. 5. 6

R: (1) : Grammèt la ap kondui-m anyin pap manké-m. [p. 362]

Oubyin Psòm 102, 1-2. 8 é 10. 11-12. 13 é 18.

R: (13) : Tankou yon papa sansib pou pitit li yo, konsa Grammèt la sansib pou sa ki krinn li yo. [p. 363]

Dézièm léktu : Romin 8, 14-17. 26-27 : « Nou té résévoua éspri pitit adoptif yo ki fè nou rélé : Abba, Papa ! »

Frè-m yo : Ninpòt moun ki kité Éspri Bondié-a pousé yo sé pitit Bondié yo yé... [p. 363]

Oubyin : Galat 4,4-7 : Bondié té voyé Éspri Pitit li-a nan kè nou k-ap rélé : Abba, Papa !

Frè-m yo, lè tan-an rivé bout li nèt... [p. 364]

Vèsè anvan Évanjil la. Romin 8,15 : Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la ankò nan krint, min nou té résévoua éspri adopsion-an ki pèmèt nou rélé : « Abba, Papa ! ». [p. 364]

Évanjil la

192. Diak la di :

Sé pou yo proché, sa ki gin pou résévoua Priyè Grammèt la.

Lè sa-a atò, sélébran-an palé avèk sa yo chouazi yo nan paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Koulié-a, kouté kijan Grammèt la té aprann disip li yo priyé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié 6, 9-13

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : « Min kijan pou nou priyé :

**Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.**

**Pin nou bézouin chak jou-a,
ba nou li jodi-a.
Padoné sa nou fè ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj,
min délivré nou ak sa ki mal ».**

Oméli-a suiv koté sélébran-an ékspliké sans avèk inpòtans priyè Granmèt la.

Priyè sou sa yo chouazi yo

192. Apré sa, sélébran-an, avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo invité fidèl yo pou yo priyé :

**An nou priyé pou sa nou chouazi yo,
pou Bondié ak Granmèt nou-an
louvri zòrèy kè yo
avèk pòt mizèrikòd la,
pou palintèmédiè bingn nouvo nésans la
antan yo résévoua padon pou tout péché yo
yo vi-n trouvé yo nan Kris Jézu, Granmèt nou-an.**

Tout moun priyé an silans.

Apré sa, sélébran-an, antan min-l lonjé sou sa yo chouazi yo, li di :

**Bondié ki gin tout pouvoua épi ki la pou tout tan,
ou minm ki toujou ap fè Égliz ou-a donnin avèk nouvo frui,
ogmanté lafoua avèk intèlijans sa yo nou chouazi yo,
pou, antan yo fèt yon lòt foua nan sous batèm nan,
yo antré nan pami pitit adoptif ou yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

RIT DÈNIÉ PRÉPARASION-AN

193. Si nan samdi sin, sa yo chouazi yo kapab rasanblé pou yo dispozé yo gras a yon rékoléksion éspri-a avèk priyè pou yo préparé pou yo résévoua sakréman yo, yo propozé rit sa yo ki suiv la, yo kapab anplouayé yo, dapré okazion, oubyin yo tout oubyin yon pati.

I. RÉMIZ SINBÒL LA

194. Avèk rit sa-a, sa yo chouazi yo, yo préparé yo pou déklarasion lafoua nan batèm nan épi yo ba yo ansègnman osijè dévoua yo ginyin pou anonsé paròl Évanjil la.

195. Si poutèt nésésité yo pa kapab transmèt Sinbòl la, yo pa rimmèt li.

Léktu yo ak oméli-a

196. Nan kòmansman yo chanté yon kantik ki adapté, apré sa yo li youn nan pasaj sa yo ki suiv la oubyin yon lòt ki korésponn :

Matié 16, 13-17 : « Ou sé Kris la, Pitit Bondié vivan-an ». [p. 349]

Jan 6, 35. 63-71 : « Kot kilès pou nou alé ? Ou gin paròl lavi tout tan-an ». [p. 350]

Mark 7, 31-37 : « Éféta, sa vlé di louvri » (a kondision rit « Éféta »-a yo sélébré-l ansanm). [p. 365]

Yo fè yon oméli ki tou kout.

197. Si an minm tan yo fè rit « Éféta »-a, yo kòmansé sélébrasion-an avèk bagay sa yo yo jouinn pi louin-an, nn. 200-202.

Priyè pou rinmèt Sinbòl la

198. Antan min-l lonjé dévan pouatri-n li, sélébran-an di priyè sa-a :

An nou lapriyè.

**Fè sa nou chouazi yo favè, tanpri Granmèt,
yo minm ki té résévoua konsèy charité ou-a
avèk mistè lavi Kris ou-a,
pou bagay sa yo,**

**yo déklaré yo ak bouch la épi yo kinbé yo avèk lafoua-a,
épi yo akonpli volonté-ou la nan aksion yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Rémiz Sinbòl la

199. Apré sa, sa yo chouazi yo rinmèt Sinbòl la :

**Mouin kouè nan Bondié
Papa-a ki gin tout Pouvoua.
Li kréyé sièl la ak tè-a.
Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a.
Li sé Granmèt nou-an.**

**Sé pa pouvoua Léspri Sin-an kò li vi-n fèt nan vant Mari ki vièj
é li tounin yon moun.**

Li soufri sou ringn Pons Pilat, yo klouré-l sou koua-a,

Li mouri é yo antéré li.

Li désann koté mò yo té yé-a.

Sou touazièm jou li lévé byin vivan sot nan pami mò yo.

Li monté nan sièl la é li chita adouat Papa-a ki gin tout pouvoua.

Li gin pou-l rétounin pou jijé ni moun k-ap viv, ni moun ki mouri.

Mouin kouè nan Léspri Sin-an.

Mouin kouè Légliz la Sin é li la pou tout moun.

Mouin kouè tout byin zanmi Bondié yo fè sèvi lòt yo.

Mouin kouè péché yo jouinn padon.

Mouin kouè kò moun ki mouri yo va lévé byin vivan.

Mouin kouè nan lavi ki pap janm fini-an.

Amèn.

Si nan Transmision Sinbòl la yo té anplouayé Sinbòl Nisé-Konstantinòpl la, yo di minm bagay la nan rémiz la (cf. p. 205).

II. RIT « ÉFÉTA »-A

200. Avèk rit sa-a, poutèt sa sign li yo vlé di-a, yo byin fè konprann nésésité gras la pou yon moun réyisi kouté paròl Bondié-a épi déklaré-l pou-l sové.

Léktu yo ak oméli-a

201. Apré chan ki adapté-a, yo li : Mark 7, 31-37 [p. 365], sa sélébran-an ékspliké yon fason tou kout la.

Rit « Éféta »-a

202. Lè sa-a atò, sélébran-an, antan ak pous li, li touché zòrèy douat avèk zòrèy goch chak moun yo chouazi yo épi bouch yo, antan po-bouch yo fèmin, li di :

Éféta, sa vlé di louvri,

pou déklaré lafoua-a ou té tandé-a

pou louanj avèk gloua Bondié-a.

Min si yo tròp, li anplouayé tout fòmül la pou premié-a sèlman nan sa yo chouazi yo ; pou lòt yo, l-a di sèlman :

Éféta, sa vlé di louvri.

III. CHOUA NON KRÉTYIN-AN

203. Non nouvo-a, si yo pa-t bay li anvan, dapré règ n. 88 la, yo kapab bay li koulié-a : oubyin yon non krétyin oubyin yon non sitouayin réjion-an itilizé yon foua yo kapab dédui sans krétyin ladan-l. An atandan, si ka-a prezanté épi si sa yo chouazi yo pa anpil, sa ap kont pou yo ékspliké sa yo chouazi yo sans krétyin non-an yo té résévoua anvan-an nan min paran yo.

Léktu

204. Apré chan adapté-a, dapré sikonstans, yo fè léktu-a, sa sélébran-an ékspliké yon fason tou kout la, parégzanp :

Jénèz 17, 1-7 : « Y-ap rélé-ou Abraam ». [p. 366]

Izayi 62, 1-5 : « Y-ap ba ou yon non nouvo ». [p. 366]

Apokalips 3, 11-13 : « Sou li m-ap ékri non nouvo mouin-an ». [p. 367]

Matié 16, 13-18 : « Ou sé Piè ». [p. 367]

Jan 1, 40-42 : « Ou minm y-ap rélé-ou Séfas ». [p. 367]

Choua non-an

205. Sélébran-an intèrojé sa yo chouazi-a osijè non-an, sa li minm pétèt li t-a chouazi-a. Apré sa, dapré sikonstans (cf. n. 203), li di :

N., apati koulié-a y-ap rélé-ou N.

Sa yo chouazi-a :

Amèn (oubyin yon lòt paròl ki konv nab).

Min si ka-a prezanté, li ékspliké sans krétyin non-an, sa-l té résévoua anvan-an nan min paran yo.

IV. ONKSION LUIL KATÉKUMÈN YO

206. Luil sint katékumèn yo, si dapré jijman Konfèrans épiskopal la yo doué kinbé-l, épi poutèt ti kras tan yo pa kapab sélébré-l nan pròp Vijil Paskal la, yo kapab bay li jou samdi sin-an. Yo pèmèt administré li yon fason séparé oubyin minm ansanm avèk rémiz Sinbòl la soua anvan, pou préparé li, soua aprè, pou asiré li.

207. Sé ak luil Évèk la béni nan Mès krismal la pou yo sèvi. Pou rézon pastoral pè-a béni-l antan-l di priyè ki suiv la :

**Bondié, fòs avèk sékou pèp ou-a,
ou minm ki té mété sign fòs nan kréatu luil la,
aksépté béni ✠ luil sa-a,
épi katékumèn yo y-ap maké avèk li-a,
ba yo fòs,
pou, antan yo résévoua sajès ak puisans Bondié-a,
yo konprann Évanjil Kris ou-a pi afon,
yo kòmansé antré ak gran kouraj nan travay lavi krétyin-an,
épi, antan ou fè yo mérité vi-n pitit adoptif,
yo kontan jouinn nouvo nésans épi viv nan Égliz ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Apré sa, sélébran-an, antan-l viré nan diréksion sa yo chouazi yo, li di :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifíé nou,
li minm, nan sign li-a nou maké nou avèk luil k-ap sové nou-an.
Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Sa yo chouazi yo :

Amèn.

Chak moun yo chouazi, yo maké yo avèk luil katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan dé min, oubyin nan dèt pati kò-a si yo ouè sa gin yon avantaj. Si sa yo chouazi yo tròp, yo kapab anplouayé pliziè minis.

TOUAZIÈM DÉGRÉ :
SÉLÉBRASION SAKRÉMAN INISIASION YO

208. Kòm dòdinè inisiasion adult yo sé nan nuit Vijil Paskal la ki sin-an yo sélébré-l, sakréman yo minm yo bay yo apré bénédiksion dlo-a, jan sa indiké nan òrdo Vijil Paskal la, n. 44.

209. Min si sé andéyò tan abituèl la yo fè-l (cf. *Sa pou yo noté anvan yo*, nn. 58-59), sé pou yo fè atansion pou sélébrasion-an kléré avèk karaktè paskal la (cf. *Rémak jénéral* osijè inisiasion krétièn nan, n. 6), antan yo sèvi avèk Mès rituèl la yo prezanté nan Misèl la p. 732 (cf. *tou pi louin* n. 388).

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

210. Minm lè yo sélébré sakréman inisiasion yo andéyò solanité paskal la, sé pou yo fè rit bénédiksion dlo-a (cf. *Rémak jénéral* osijè inisiasion krétièn nan, n. 21), ladan-l antan, gras a souvni gran aksion Bondié yo, yo fè sonjè mistè rinmin Bondié-a dépi apati kòmansman tè-a avèk kréasion ras moun nan ; épi, apré sa, antan yo rélé Éspri-Sin-an épi yo anonsé lanmò ak rézireksion Kris la, yo montré nouvo té bingn nouvo nésans Grammèt la, li minm nou patisipé nan lanmò-l ak rézireksion-l nan épi nou résévoua sanktifikasyon Bondié-a.

211. Rénonisman Satan-an avèk déklarasion lafoua-a, sé yon sèl rit yo yé, ki vi-n gin tout fòs li nan Batèm adult yo. Kòm réyèlman Batèm nan sé sakréman lafoua-a koté katékumèn yo kolé kò yo sou Bondié épi an minm tan yo jouinn nouvo lavi nan li, sé sa-k fè, anvan démach yo chak, yo mété bingn nan koté tankou sa té réprésanté anvan nan premié aliens Patriarch yo, konsa kounié-a yo rénonse péché-a ak Satan totalman, pou yo kolé kò yo pou tout tan nan promès Sovè-a avèk mistè Trinité-a. Gras a déklarasion sa-a yo fè dévan sélébran-an avèk kominoté-a, yo montré volonté pou yo antré nan yon aliens avèk Kris la, volonté sa-a ki té dévlopé rivé apouin nan tan katékuména-a. Nan lafoua sa-a, sa adult yo té résévoua nan min Égliz la sot nan Bondié-a, sé ladan-l yo batizé.

212. Onksion luil katékumèn yo ki rivé ant rénonsiasiion-an avèk déklarasion lafoua-a, yo kapab fè-l anvan, pou nésésité pastoral avèk avantaj litijik (cf. nn. 206-207).

Nan ka sa-a, sé pou yo fè atansion pou palintèmediè-l yo byin montré nésésité puisans Bondié-a pou moun k-ap résévoua Batèm nan, antan chinn yo ki té maré-l nan lavi pasé-l pa baré-l ankò épi antan-l pasé anlè kontrariété djab la, li antré avèk kouraj nan démach déklarasion lafoua-a épi li kinbé-l san mank pandan tout tan lavi-l.

Sint Pèpétu é Félisité,	lapriyè pou nou.
Sint Agnès,	lapriyè pou nou.
Sin Grégoua,	lapriyè pou nou.
Sint Ogustin,	lapriyè pou nou.
Sint Atanaz,	lapriyè pou nou.
Sin Bazil,	lapriyè pou nou.
Sin Martin,	lapriyè pou nou.
Sin Benoua,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua é Dominik,	lapriyè pou nou.
Sin Fransoua (Gzavié),	lapriyè pou nou.
Sin Jan-Mari (Viané),	lapriyè pou nou.
Sint Katri-n (de Sièn),	lapriyè pou nou.
Sint Tèrèz d-Avila,	lapriyè pou nou.
Tout sin ak sint Bondié yo,	lapriyè pou nou.
Fè kè-ou sansib pou nou,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout mal,	délivré nou, Granmèt.
Anba tout péché,	délivré nou, Granmèt.
Anba lanmò k-ap diré tout tan-an,	délivré nou, Granmèt.
Gras a Inkarnasion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a lanmò-ou la ak réziréksion-ou nan,	délivré nou, Granmèt.
Gras a vidé ou vidé Éspri Sin-an,	délivré nou, Granmèt.
Nou minm péchè yo,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Pou sa yo ou chouazi yo,	
ou aksépté ba yo nouvo nésans	
palantrémiz gras Batèm nan,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Jézu, Pitit Bondié vivan-an,	n-ap lapriyè-ou, kouté nou.
Kris, kouté nou.	Kris, kouté nou.
Kris, réponn nou.	Kris, réponn nou.

Bénédikcion dlo-a

215. Lè sa-a atò, sélébran-an, antan-l viré nan diréksion fontèn nan, li di benédikcion sa-a :

Bondié, ki réalizé rézilta éstraòdinè
 palantrémiz sign sakréman yo
 gras a pouvoua yo pa kapab ouè,
 épi ki té préparé kréatu dlo-a anpil fason,
 pou-l té kapab montré gras batèm nan ;

Bondié, ou minm Éspri-ou t-ap plané sou dlo yo
 nan pami prémié bagay yo ki té parèt sou tè-a,
 pou sa dlo yo yé natirèlman-an
 té déjà kapab produi pouvoua pou fè moun vi-n sin ;

Bondié, ki té montré pòtré nouvo nésans la
 nan dlo délij la ki té vidé-a,
 pou gras a mistè yon sèl ak minm matiè-a,
 sé finisman pou mové kalité yo ak sous bon kalité yo ;

Bondié, ki té fè pitit Abraam yo
 travèsé nan lanmè Rouj la ak tras pié yo sèk,
 pou pèp la, ki délivré anba ésklavaj Faraon-an,
 té kapab sèvi davans kòm modèl pèp batizé yo ;

Bondié, ou minm Pitit ou-a té maké nan Éspri-Sin-an
 lè-l té batizé nan dlo Joudin-an nan min Jan-an,
 épi, lè-l té pandié sou koua-a,
 li té fè san ak dlo soti bò kòt li,
 apré sa, lè-l té fi-n résisité-a, li té pasé disip li yo lòd :
 « Alé, bay tout nasion yo ansègnman, batizé yo
 o non Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an » :

Voyé jé-ou sou fas Égliz ou-a,
 épi aksépté louvri fontèn batèm nan pou li.

Sé pou dlo sa-a résévoua gras Sèl Pitit ou-a
 ki sot nan Éspri-Sin-an,
 pou moun nan, ki kréyé dapré pòtré-ou la,
 li lavé sot nan tou sa-k té sal li lontan,
 gras a sakréman batèm nan,
 pou-l mérité résisité nan yon nouvo nésans
 pa pouvoua dlo-a ak Éspri-Sin-an.

Sélébran-an ak min douat li, li touché dlo-a épi-l kontinué :

Sé pou-l désann, tanpri, Granmèt,
 nan tout profondè fontèn sa-a,
 pa pouvoua Pitit ou-a, puisans Éspri-Sin-an,
 pou tout moun, ki antéré avèk Kris la
 palantrémiz batèm nan, nan lanmò-a,
 yo résisité avèk li pou lavi-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Dòt fòmul ochoua, n. 389.

216. Min nan tan paskal la, si dlo batèm nan déja fi-n béni nan Vijil Paskal la, pou Batèm nan pa manké éléman aksion-d-gras avèk priyè-a, sé pou yo fè bénédiksyon avèk invokasyon Bondié sou dlo-a dapré fòmul yo y-a jouinn nan n. 389, antan yo konsidéyé divèsité tèks yo nan finisman minm fòmul yo.

Rénonsman

217. Apré konsékration fontèn nan fini, sélébran-an intèrojé tout moun yo chouazi yo ansanm :

Fòmul A

Èské nou rénonse Satan ak tout travay li yo ak tout atirans li yo?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Oubyin :

Fòmul B

Èské nou rénonse Satan ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

É tout travay li yo ?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

É tout atirans li yo?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Oubyin:

Fòmul C

Èské nou rénonse péché-a, pou nou viv nan libète pitit Bondié yo?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

Èské nou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou nou?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

Èské nou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?

Sa yo chouazi yo :

Mouin rénonse.

Daprè sikonstans, sélébran-an, antan li chèché jouinn asirans osijè non moun ki gin pou résévoua batèm yo nan min parinn yo (oubyin nan min marinn yo), li intèrojé yo chak antan li chouazi jan-l vlé youn nan toua fòmul yo ki pi ro yo.

An plis toua fòmul sa yo, si ka-a prezanté, Konfèrans Épiskopal yo kapab adapté yo pi byin, sitou koté li nésèsè pou sa yo chouazi yo rénonse sipèstision, divinasion avèk pratik majik (cf. pi ro n. 80).

Onksion luil katékumèn yo

218. Si onksion avèk luil katékumèn yo pa-t fè-l anvan, anndan rit ki préparé tousuit yo (nn. 206-207), sélébran-an di :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifé nou,
li minm, nan sign li-a nou maké nou avèk luil k-ap sovè nou-an.
Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Sa yo chouazi yo :

Amèn.

Chak moun yo chouazi, yo maké yo avèk lui katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan dé min, oubyin minm nan dèt pati kò-a si yo ouè sa gin yon avantaj. Si sa yo chouazi yo anpil, yo kapab anplouayé pliziè minis.

Yo kapab siprimé onksion sa-a dapré jijman Konfèrans Évèk yo.

Déklarasion lafoua-a

219. Apré sa, sélébran-an, antan-l chèché jouinn asirans ankò, atan, nan min parinn nan (oubyin nan min marinn nan) osijè non chak moun ki gin pou résévoua batèm nan, li intèrojé yo chak :

Èské ou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Sa yo chouazi-a :

Mouin kouè.

Sélébran-an :

Èské ou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisitè sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Sa yo chouazi-a :

Mouin kouè.

Sélébran-an :

Èské ou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan rézirkéssion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

Sa yo chouazi-a :

Mouin kouè.

Apré déklarasion lafoua-a yo plonjé chak moun tousuit oubyin yo vidé dlo sou li.

Lè moun ki gin pou résévoua batèm yo anpil, yo kapab fè yo fè déklarasion lafoua-a tout moun ansanm oubyin anpil moun ansanm.

Rit Batèm nan

220. Si yo fè batèm nan antan yo plonjé moun nan soua tout kò li soua tèt la sèlman, sé pou yo fè atansyon pou sa fèt dapré prinsip ki kinbé respè avèk konvans.

Sélébran-an, antan-l kinbé moun yo chouazi-a pou-l plonjé moun nan minm oubyin tèt li toua fousa épi pou-l lèvé-l otan fousa, li batizé-l antan li rélé Trè Sint Trinité-a yon fousa sèlman :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li plonjé-l yon premié fousa

ak Pitit la

li plonjé-l yon dézièm fousa

ak Éspri-Sin-an.

li plonjé-l yon touazièm fousa

Parinn nan oubyin marinn nan oubyin yo toulèdé ansanm, yo kinbé moun nan k-ap résevoua batèm nan.

Apré batèm chak adult, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (nn. 391-411).

221. Min, si yo fè batèm nan antan yo vidé dlo-a, sélébran-an tiré dlo batèm nan sot nan fontèn nan épi antan-l vidé-l toua fousa sou tèt moun yo chouazi-a ki bésé, li batizé-l onon Trè Sint Trinité-a :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li vidé yon premié fousa

ak Pitit la

li vidé yon dézièm fousa

ak Éspri-Sin-an.

li vidé yon touazièm fousa

Parinn nan oubyin marinn nan oubyin yo toulèdé, yo pozé min douat yo sou zépòl douat moun yo chouazi-a.

Apré batèm chak adult, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (nn. 391-411).

222. Lè moun yo chouazi yo anpil, si gin anpil prèt oubyin diak, yo kapab distribiyé moun ki gin pou résévoua batèm yo ant chak minis yo, yo plonjé yo oubyin yo vidé dlo sou yo, yo chak yo prononsé fòmul la pou chak moun pandan y-ap fè aksion-an.

Pandan, y-ap fè rit la, li souétab pou pèp la fè yon chan. Yo kapab minm fè yon léktu oubyin obsèvé yon silans sakré.

RIT POU ÉKSPLIKÉ

223. Apré Batèm nan, tousuit yo fè rit ki pou ékspliké yo (nn. 224-226). Lè yo fini yo, dabitud yo sélébré Konfirmasion-an jan sa yé pi louin-an (nn. 227-231), nan ka sa-a yo siprimé onksion apré Batèm nan.

Onksion apré Batèm nan

[224]. Min si sélébrasion Konfirmasion-an pou yon rézon spésial séparé avèk Batèm nan, lè sa-a atò, apré yo fi-n plonjé oubyin yo fi-n vidé dlo-a, sélébran-an administré onksion krèm nan, nan fason òdinè, antan li di sou tout batizé yo ansanm :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans sot nan dlo-a
ak nan Éspri-Sin-an,
épi ki té ba nou padon tout péché yo,
sé pou-l maké nou avèk krèm ki sové nou-an,
pou, antan nou antré nan pèp li-a,
nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt,
profèt avèk roua.**

Moun ki sot batizé yo :

Amèn.

Apré sa, sélébran-an maké chak moun avèk sin krèm nan sou fron yo san-l pa di anyin.

Min si moun ki batizé yo anpil épi gin pliziè prèt oubyin diak ki prézan, yo chak kapab maké kèk batizé avèk krèm nan.

Abiyman avèk rad blan-an

225. Sélébran-an di :

N. ak N., nou vi-n tounin yon nouvo créatu épi nou abiyé ak Kris la. Résévoua donk rad blan-an li minm n-a poté san tach dévan tribinal Granmèt nou-an Jézu-Kri pou nou gin lavi tout tan-an.

Batizé yo :

Amèn.

Nan paròl « Résévoua donk rad blan-an », parinn yo ak marinn yo pozé yon rad blan sou sa-k fèk batizé yo, sof si abitud koté-a nésésité yon koulè ki pi adapté.

Dapré kondision, yo kapab soté rit sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

226. Apré sa, sélébran-an résévoua sièj paskal la nan min-l oubyin li touché-l antan-l di :

Proché, parinn yo ak marinn yo, pou nou transmèt limiè-a bay sa-k fèk batizé yo.

Parinn ak marinn yo proche épi yo limin yon chandèl nan sièj paskal la épi yo rinmèt li bay sa ki fèk batizé-a. Apré sa sélébran-an di :

Nou vi-n tounin limiè nan Kris la. Sé pou nou maché san rété tankou pitit limiè, pou, antan nou pèsévéré nan lafoua-a, nou réyisi al rankontré Granmèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palè sièl la.

Moun ki batizé yo :

Amèn.

SÉLÉBRASION KONFIRMASION-AN

227. Ant sélébrasion Batèm nan avèk Konfirmasion-an, dapré avantaj, asanblé-a chanté yon kantik ki adapté.

Yo kapab fè sélébrasion Konfirmasion-an oubyin nan éspas koté prèt yo yé-a, oubyin nan batistè-a minm, dapré jan kondision koté yo invité fè-a.

228. Si Batèm nan sé Évèk la ki fè-l, li bon pou sé li minm ki administré Konfirmasion-an tou, tousuit.

Min si Évèk la pa la, prèt la ki té fè Batèm nan kapab bay Konfirmasion-an. Lè moun ki gin pou yo konfirmé yo anpil, yo kapab asosié kòm minis pou administré sakrèman Konfirmasion-an prèt yo ki mérité yo dézigné yo pou fonksion sa-a (cf. n. 46).

229. Sélébran-an palé avèk moun ki fèk batizé yo yon fason tou kout avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Nou minm ki fèk batizé yo nou rinmin anpil la, ki jouinn nouvo nésans nan Kris la épi ki vi-n tounin manb Kris la avèk pèp sasèrdotal li-a, koulié-a sa-k rété pou fèt pou nou-an sé pou nou résévoua Éspri-Sin-an ki vidé nan nou-an, li minm Granmèt la té voyé sou Apot yo jou Pantkot la, li minm yo minm avèk sa-k vi-n apré yo-a té bay sa-k batizé yo.

Nou minm donk minm jan-an n-ap résévoua puisans Éspri-Sin-an yo té promèt la, li minm, pa pouvoua li, antan nou konfòmé avèk Kris la pi byin, nou vi-n sèvi témouin soufrans avèk réziréksion Granmèt la épi nou vi-n tounin manb aktif Égliz la pou bati Kò Kris la nan lafoua-a ak charité-a.

Apré sa, sélébran-an (antan li gin bò koté-l prèt yo ki té asosié avèk li yo) antan-l kanpé, dé min-l kontré, li di antan-l viré nan diréksion pèp la :

An nou lapriyé, nou minm nou rinmin anpil la,

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,

pou sou sa yo ki fèk batizé-a

li vidé Éspri-Sin-an ak bon kè,

li minm k-ap fòtififé yo avèk kantité kado-l yo k-ap débòdé-a,

épi avèk onksion li-an k-ap fè yo fi-n konfòm nèt ak Kris la,

Pitit Bondié-a.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan yo lapriyé an silans.

230. Apré sa, sélébran-an (avèk prèt yo ki asosié avèk li-a) pozé min sou tout sa k-ap résévoua Konfirmasion yo. Poutan sé sélébran-an sèl ki di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-yo résévoua yon nouvo nésans
nan dlo ak Éspri-Sin-an,
antan-ou libéré yo sot nan péché-a,
ou minm, Granmèt, voyé Éspri-Sin Paraklè-a nan yo
ba yo éspri sajès ak intèlijans,
éspri konsèy ak fòs,
éspri sians ak piété ;
ranpli yo ak éspri krint ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

Tout moun :

Amèn.

Lè sa-a atò, minis la prezanté sin Krèm nan bay sélébran-an. Chak moun ki gin pou konfirmé yo proche kot sélébran-an oubyin, dapré nésésité, sélébran-an li minm proche kot chak moun ki gin pou konfirmé yo. Parinn nan minm (oubyin marinn nan) mété min douat li sou zépòl li épi li di non li bay sélébran-an, oubyin sa-k gin pou résévoua Konfirmasion-an li minm pou kont li déklaré non-an.

Sélébran-an, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa k-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., résévoua sign kado Éspri Sin-an.

Konfirmé-a :

Amèn.

Sélébran-an ajouté :

Lapè avèk ou.

Konfirmé-a :

É avèk éspri-ou tou.

Min si dèt prèt asosié avèk sélébran-an pou bay sakréman-an, Évèk la, si-l la, prezanté yo tout véso sin Krèm yo.

Sa k-ap konfirmé yo, yo proche kot sélébran-an oubyin kot prèt yo ; oubyin, dapré sikonstans, sélébran-an avèk prèt yo proche kot moun k-ap konfirmé yo. Yo maké yo nan fason yo dékri pi ro-a.

Pandan aksion-an yo kapab chanté kèk kantik ki adapté.

SÉLÉBRASION ÉKARISTI-A

232. Antan yo soté Sinbòl la, osito yo fè priyè inivèsèl la koté sa-k fèk batizé yo patisipé pou prémié foua.

Pandan y-ap poté ofrann yo sou lotèl la, kèk nan yo transpòté yo.

233. Nan Priyè ékaristik I-an yo fè sonjé sa-k fèk batizé yo nan Hanc igitur la (Granmèt, tanpri aksépté sa n-ap ofri-ou la) épi parinn yo nan Memento-a (Granmèt sonjé) (n. 377). Si yo pran Priyè ékaristik II-a, III-a oubyin IV la, y-a ajouté paròl pou yo mété anndan yo pou sa-k fèk batizé yo, sa yo jouinn nan n. 391.

234. Li bon pou sa-k fèk batizé yo résévoua sint Kominion-an sou toulèdé éspès, ansanm ak parinn yo, marinn yo, paran yo avèk mari oubyin madanm yo, épi katéchist layik yo.

Anvan Kominion-an, sa vlé di anvan Ecce Agnus Dei (Min Mouton Bondié-a), sélébran-an kapab bay moun ki fèk batizé yo yon avètisman tou kout osijè valè mistè ki si gran-an ki pouint tèt inisiasion-an épi sant tout vi krétyin-an.

TAN MISTAGOJI-A

- 235.** Pou prémié pa moun ki fèk batizé yo kapab pi asiré, yo souété pou yo jouinn konkou nan min kominoté fidèl yo, nan min parinn yo épi nan min pastè yo avèk atansyon épi jantiyès nan tout sikonstans. Sé pou yo byin fè atansyon pou yo jouinn plas yo nèt épi ak kè kontan nan kominoté-a.
- 236.** Pou tout tan paskal la, nan Mès dimanch yo, sé pou yo kinbé yon koté spésial ki rézèvé pou moun ki fèk batizé yo nan mitan fidèl yo. Tout moun ki fèk batizé yo va fè éfò pou yo patisipé nan Mès yo avèk parinn yo. Nan oméli-a, épi dapré sikonstans minm nan priyé inivèsèl la sé pou yo konsidéré prezans yo.
- 237.** Pou fèmin tan mistagoji-a, nan finisman tan paskal la, alantou dimanch Pantkot la, y-a fè yon sélébrasyon antan yo ajouté minm fèt sou pa déyò dapré abitud réjion-an.
- 238.** Nan anivèsè batèm nan, li souétab pou moun ki fèk batizé yo rasanblé yon lòt foua ankò pou di Bondié mès, pou yo patajé ékspérians spirituèl antré yo épi pou yo jouinn nouvo fòs.
- 239.** Pou kòmansé échanj pastoral avèk nouvo manb Égliz li-a, Évèk la va fè atansyon, sitou si li-minm li pa-t kapab prezidé sakrèman inisiasion yo pou yon foua omouin nan ané-a, nan mézi sa kapab fèt, li rasanblé sa-k té fèk batizé yo épi li prezidé yon sélébrasyon ékaristik koté li pèmèt yo résévoua kominion-an sou toulèdé éspès.

CHAPIT II

ÒRDO KI PI SINP POU INISIASION ADULT YO

240. Nan sikonstans ékstraòdinè, lè kandida-a pa kapab travèsé tout degré inisiasion yo oubyin lè Òrdinè koté-a antan-l jijé sinsérité konvèsion krétièn kandida-a épi maturité rélijijé li, li désidé pou san réta li résévoua batèm, li minm li kapab pèmèt nan chak ka pou yo anplouayé rit sa-a ki pi sinp, koté oubyin tout bagay réglé nan yon sèl trè (nn. 245-273) oubyin yo kapab minm bay posibilite pou, nan plas sélébrasion sakréman yo, yo gin youn oubyin lòt rit soua katékuména-a soua tan purifikasion-an avèk iluminasion-an (nn. 274-277).

241. Anvan kandida-a batizé, li-minm ki té chouazi parinn (oubyin marinn) (cf. *Sa pou yo noté anvan*, n. 43) épi ki té vini souvan nan kominoté koté-a (cf. *ibid.* n. 12, 19 § 2), fò nan tan konvnab li jouinn instriksion avèk préparasion koté rézon ki fè li mandé batèm nan yo purifié pi byin épi konvèsion li avèk lafoua li kapab dévlopé.

242. Apré prézantasion avèk résépsion kandida-a, rit la montré volonté klè épi solid li ginyin pou mandé inisiasion krétièn nan épi konsantman Égliz la ; ansuit, aprè litiji paròl la ki adapté, sélébrasion tout sakréman inisiasion yo kontinué.

243. Rit la dòdiné yo sélébré-l anndan Mès la, léktu Mès la, yo chouazi yo yon fason konvnab, fòmul la minm yo pran-l nan Mès inisiasion-an oubyin yon lòt. Apré Batèm nan épi Konfirmasion-an, sa-k fèk batizé-a patisipé pou prémié foua nan sélébrasion Ékaristi-a.

244. Sélébrasion-an fèt, nan mézi sa posib, jou dimanch (cf. *Sa pou yo noté anvan*, n. 59) avèk patisipasion aktif kominoté koté-a.

RIT RÉSÉPSION-AN

245. Antan fidèl yo chanté yon Psòm oubyin yon imn ki adapté pou sikonstans la, prêt la ki abiyé avèk rad sakré yo avansé déyò papòt la oubyin sou galri-a oubyin nan antré-a oubyin minm nan yon koté ki adapté nan légliz la koté kandida-a avèk parinn nan (marinn nan) kanpé anvan litiji paròl la.

246. Sélébran-an salué kandida-a avèk jantiyès. Antan li palé ansuit avèk li épi avèk parinn li épi moun yo ki la-a, li montré lajoua Égliz la avèk rékonésans nanm li, épi li fè parinn nan avèk zanmi yo sonjé, alokasion, pròp ékspérians avèk sans rélijijé kandida-a té suiv kòm chémin spirituèl li, pou-l rivé nan jounin jodi-a.

Apré sa li invité kandida-a avèk parinn li (marinn li) pou yo proché. Pandan y-ap vini pou yo okipé plas la dévan prèt la, yo chanté yon chan adapté si posib, parégzanp Ps 62, 1-9 [p. 383].

247. Apré sa, sélébran-an, antan-li viré nan diréksion kandida-a, li intèrojé-l :

N., kisa ou mandé Égliz Bondié-a ?

Kandida-a :

Lafoua.

Sélébran-an :

Lafoua-a kisa-l ba ou ?

Kandida-a :

Lavi tout tan-an.

Sélébran-an kapab anplouayé dèt paròl tou pou-l intèrojé kandida-a sou projè li épi li kapab résévoua répons ki lib : parégzanp apré prémié intèrogasion-an : Kisa-ou mandé ? Ki sa-ou vlé ? Poukisa ? yo kapab admèt paròl yo : Gras Kris la, *oubyin* Antré nan Égliz la, *oubyin* Lavi tout tan, *oubyin* dèt paròl konvnab, apré sa sélébran-an adapté késion-l yo sou yo.

248. Apré sa, sélébran-an, sou bò pa-l, jan sa nésèsè, antan li akòdé paròl li-a sou répons yo li résévoua yo, li palé ankò ak kandida-a, avèk paròl sa yo *oubyin* dèt ki sanblé ak yo :

Lavi tout tan-an, min li : sé konnin vré Bondié-a épi sa-a li té voyé-a, Jézu-Kri. Li minm réyèlman ki résisité sot nan pami mò yo, sé li minm Bondié mété kòm chèf lavi-a épi kòm Granmèt tout bagay, sa yo ouè yo avèk sa yo pa ouè yo.

Vi sa-a minm, ansanm avèk batèm nan jodi-a, ou pa t-a mandé li si ou pa-t déjà konnin Kris la épi si ou pa-t vlé tounin disip li. Parò li-a, donk, èské ou té tandé-l anvan, kòmandman-l yo èské ou té vlé kinbé yo épi èské ou té viv ansanm ak frè yo épi èské ou té patisipé nan priyè-a ? Tout bagay sa yo, pou té ka vi-n krétyin-an, èské ou té déjà fè yo ?

Kandida-a :

Mouin fè yo.

249. **Antan-l viré nan diréksion parinn nan (marinn nan) li mandé :**

Ou minm ki vini kòm parinn (marinn) kandida sa-a, èské ou jijé dévan Bondié li mérité sa pou jodi-a yo admèt li nan sakréman inisiasion krétièn nan ?

Parinn :

Mouin jijé li mérité.

Sélébran-an :

Èské ou paré pou kandida-a (oubyin N.), li minm ou rann témouagnaj pou li-a, pou édé-l ankò avèk paròl épi avèk égzanp pou-l sèvi Kris la ?

Parinn :

Mouin paré.

250. Lè sa-a atò, sélébran-an fini, dé min-l kontré antan-l di :

An nou lapriyè.

**Ou minm Papa ki bon anpil la
n-ap di-ou mési pou sèvitè-ou sa-a,
paské ou minm déjà, antan-ou té pran dévan nan anpil fason,
li t-ap chèché-ou,
épi antan-ou rélé-l jodi-a dévan Égliz la, li réponn.
Koulié-a donk, ak bon kè, fè nou favè
pou li rivé ak kè kontan nan pèfeksion konsèy charité-ou la.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

Tout moun :

Amèn.

Antré nan légliz la

251. Apré sa, sélébran-an, avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo, li invité kandida-a :

N., antré nan légliz la, pou patisipé avèk nou nan tab paròl Bondié-a.

Épi kandida-a avèk parinn li (marinn li) antré nan légliz la. Pandan tan sa-a yo chanté yon kantik adapté.

LITIJI PARÒL LA

252. Lè kandida-a avèk parinn (marinn) rivé nan plas li épi sélébran-an rivé nan plas koté prèt yo yé-a, antan yo soté rit pou kòmansé Mès la, yo kòmansé litiji paròl la.

Léktu yo avèk oméli-a

253. Léktu yo avèk Psòm répons yo épi vèsè anvan Évanjil la, yo chouazi yo nan sa yo indiké nan n. 388 la ; yo kapab pran yo tou nan léktu dimanch yo oubyin fèt ki rivé-a. Apré sa yo fè oméli-a.

Priyè avèk rit pénitansièl

254. Apré oméli-a, kandida-a proché avèk parinn (marinn) dévan sélébran-an. Lè sa-a atò tout asanblé-a fè priyè sa-a oubyin yon lòt ki sanblé ak li :

An nou priyé pou sa-a nou rinmin-an, k-ap mandé sakréman Kris la, épi pou nou minm tou péché yo, pou, antan nou proché avèk yon kè ki kouè nan Kris la épi ki régrèt fot li, nou maché san rété nan nouvo té lavi-a.

Léktè :

Pou nan nou tout li rivé rénouvle épi limin sans vré pénitans la, an nou priyé Granmèt la.

℟. Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nou minm ki té mouri parapò a péché-a gras a Batèm nan, ki sovè gras a Kris la, nou rivé montré gras li, an nou priyé Granmèt la.

℟. Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou sèvitè sa-a ki gin konfians nan bon kè Bondié-a épi ki avèk kè-l krazé dispozé kò-l pou-l rankontré Kris Sovè-a, an nou priyé Granmèt la.

℟. Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou antan l-ap suiv Kris la, ki ouété péché tè-a, li géri anba kontaminasion péché sa-a épi li dégajé anba jinnin l-ap jinnin-l nan, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou Éspri-Sin-an géri-l épi dirijé-l antan l-ap kondui-l nan dènié dégré ki pou fè-l vi-n sin nèl la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou palintèmediè sakréman Batèm nan, antan-l antéré ak Kris la, li mouri parapò a péché-a épi li viv tout tan pou Bondié, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou antan l-ap proché kot Papa-a, li donnin frui sinteté avèk charité, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou tout tè-a, li minm Papa-a té rinmèt Pitit li rinmin-an pou li-a, li kouè nan rinmin li-a épi li viré vi-n koté-l, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Apré priyé-a, kandida-a, antan li bésé tèt li oubyin li mét ajénou, ansanm avèk asanblé-a li fè konfèsion jénéral, dapré sikonstans yo kapab soté-l.

Priyé égzòsism nan épi onksion katékumèn nan

255. **Antan yo soté « Miseratur » la** (« Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a gin pitié pou nou »-an) **sélébran-an fini, antan li di priyé sa-a :**

**Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a,
ou minm ki té voyé sèl Pitit ou-a
pou moun nan, ki té prizonié nan ésklavaj péché-a,
ou té padoné-l nan libèté pitit ou yo,**

ou minm, ak kè nou byin ba n-ap priyé-ou pou sèvitè-ou sa,
 pou li minm ki antan li té fè ékspérians mové atirans tè sa-a
 épi ki antan li té jouinn tantasion nan pièj djab la,
 li rékonèt dévan-ou sé péchè li yé,
 ou raché-l sot nan pouvoua fènoua yo
 gras a soufrans épi réziréksion Pitit ou-a
 épi antan-ou fòtifié-l avèk gras minm Kris la
 ou kinbé-l san rété nan chémin lavi li-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

256. *Sélébran-an continué :*

Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifié ou,
 li minm, nan sign li-a nou maké ou avèk luil k-ap sovè-ou la.
 Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,
 li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

Tout moun :

Amèn.

Li maké kandida-a avèk luil katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan dé
 min, oubyin nan dòt pati kò-a si yo ouè sa gin yon avantaj.

Yo kapab siprimé onksion sa-a dapré jijman Konférans Évèk yo. Nan ka
 sa-a sélébran-an di :

Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifié ou,
 li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

Tout moun :

Amèn.

Épi minm là-a li pozé min sou kandida-a san-l pa di anyin.

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

Avètisman sélébran-an

257. **Apré sa, kandida-a avèk parinn (marinn) proché kot fontèn nan. Sélébran-an, antan l-ap palé avèk moun yo ki la-a, li bay avètisman sa-a oubyin youn ki sanblé avèk li :**

Frè-m yo nou rinmin anpil la, an nou priyé mizérikòd Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou sèvitè Bondié sa-a, N. ki mandé batèm ki sin-an. Li minm li té rélé-a, épi li minnin nan lè sa-a, sé pou-l ba li limiè ak fòs pou avèk yon nanm ki fò li kolé kò-l sou Kris la épi li déklaré lafoua Égliz la. Épi sé pou-l ba li rénouvèlman Éspri-Sin-an, li minm nou pral rélé sou dlo sa-a.

Bénédikcion dlo-a

258. **Lè sa-a atò, sélébran-an, antan-l viré nan diréksion fontèn nan, li déklaré bénédikcion sa-a :**

**Bondié, ki réalizé rézilta éstraòdinè
palantrémiz sign sakréman yo
gras a pouvoua yo pa kapab ouè,
épi ki té préparé kréatu dlo-a anpil fason,
pou-l té kapab montré gras batèm nan ;**

**Bondié, ou minm Éspri-ou t-ap plané sou dlo yo
nan pami premié bagay yo ki té parèt sou tè-a,
pou sa dlo yo yé natirèlman-an té déjà kapab produi pouvoua pou
fè moun vi-n sin ;**

**Bondié, ki té montré pòtré nouvo nésans la
nan dlo délij la ki té vidé-a,
pou gras a mistè yon sèl ak minm matiè-a,
sé finisman pou mové kalité yo ak sous bon kalité yo ;**

**Bondié, ki té fè pitit Abraam yo
travèsè nan lanmè Rouj la ak tras pié yo sèk,
pou pèp la, ki délivré anba ésklavaj Faraon-an,
té kapab sèvi davans kòm modèl pèp batizé yo ;**

**Bondié, ou minm Pitit ou-a té maké nan Éspri-Sin-an
lè-l té batizé nan dlo Joudin-an nan min Jan-an,
épi, lè-l té pandié sou koua-a,
li té fè san ak dlo soti bò kòt li,
aprè sa, lè-l té fi-n résisité-a, li té pasé disip li yo lòd :
« Alé, bay tout nasion yo ansègnman, batizé yo
o non Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an » :**

**Voyé jé-ou sou fas Égliz ou-a,
épi aksépté louvri fontèn batèm nan pou li.**

**Sé pou dlo sa-a résévoua gras Sèl Pitit ou-a
ki sot nan Éspri-Sin-an,
pou moun nan, ki kréyé dapré pòtré-ou la,
li lavé sot nan tou sa-k té sal li lontan,
gras a sakréman batèm nan,
pou-l mérité résisité nan yon nouvo nésans
pa pouvoua dlo-a ak Éspri-Sin-an.**

Sélébran-an ak min douat li, li touché dlo-a épi-l kontinué :

**Sé pou-l désann, tanpri, Granmèt,
nan tout profondè fontèn sa-a,
pa pouvoua Pitit ou-a, puisans Éspri-Sin-an,
pou tout moun, ki antéré avèk Kris la
pa lantrémiz batèm nan, nan lanmò-a,
yo résisité avèk li pou lavi-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt fòmül ochoua, n. 389.

Min nan tan paskal la, si dlo batèm nan déjà fi-n béni nan Vijil Paskal la, pou Batèm nan pa manké éléman aksion-d-gras avèk priyè-a, sé pou yo fè bénédiksyon avèk invokasyon Bondié sou dlo-a dapré fòmül yo y-a joiinn nan n. 389 la, antan yo konsidéyé divèsité tèks yo nan finisman minm fòmül yo.

Rénonsman

259. Apré konsékrasyon fontèn nan fini, sélébran-an intèrojé kandida-a :

Fòmul A

Èské ou rénonse Satan ak tout travay li yo ak tout atirans li yo?

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Oubyin :

Fòmul B

Èské ou rénonse Satan ?

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

É tout travay li yo

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

É tout atirans li yo?

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Oubyin:

Fòmul C

Èské ou rénonse péché-a, pou-ou viv nan libète pitit Bondié-yo?

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

Èské ou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou ou?

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

Èské ou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?

Kandida-a :

Mouin rénonse.

Fòmul sa-yo, dapré sikonstans, Konfèrans Épiskopal yo kapab adapté yo pi byin, sitou koté li nésèsè ou sa yo chouazi yo rénonse sipèstision, divination avèk pratik majik (cf. pi ro n. 80).

Déklarasion lafoua-a

260. Apré sa, sélébran-an intèrojé kandida-a :

Èské ou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Kandida-a :

Mouin kouè.

Sélébran-an :

Èské ou kouè nan Jezu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisté sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Kandida-a :

Mouin kouè.

Sélébran-an :

Èské ou kouè nan Éspri Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

Kandida-a :

Mouin kouè.

Apré déklarasyon lafoua li-a yo plonjé kandida-a tousuit oubyin yo vidé dlo sou li.

Rit Batèm nan

261. Si yo fè batèm nan antan yo plonjé moun nan soua tout kò li soua tèt la sèlman, sé pou yo fè atansion pou sa fèt dapré prinsip ki kinbé respè avèk konvans.

Sélébran-an, antan-l kinbé kandida-a pou-l plonjé moun nan minm oubyin tèt li toua foua épi pou-l lévé-l otan foua, li batizé-l antan li rélé Trè Sint Trinité-a yon foua sèlman :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li plonjé-l yon premié foua

ak Pitit la

li plonjé-l yon dézièm foua

ak Éspri-Sin-an.

li plonjé-l yon touazièm foua

Parinn nan oubyin marinn nan oubyin yo toulèdé ansanm, yo kinbé moun nan k-ap résévoua batèm nan.

Apré batèm nan, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (nn. 391-411).

262. Min, si yo fè batèm nan antan yo vidé dlo-a, sélébran-an tiré dlo batèm nan sot nan fontèn nan épi antan-l vidé-l toua foua sou tèt kandida-a ki bésé, li batizé-l onon Trè Sint Trinité-a :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li vidé yon premié foua

ak Pitit la

li vidé yon dézièm foua

ak Éspri-Sin-an.

li vidé yon touazièm foua

Parinn nan oubyin marinn nan oubyin yo toulèdé, yo pozé min douat yo sou zépòl douat moun nan k-ap résévoua batèm nan.

Apré batèm nan, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (n. 390).

RIT POU ÉKSPLIKÉ

Onksion apré Batèm nan

[263]. Min si sélébrasyon Konfirmasyon-an pou yon rézon spésyal séparé avèk Batèm nan, lè sa-a atò, apré yo fi-n plonjé oubyin yo fi-n vidé dlo-a, sélébran-an administré onksion krèm nan nan fason òdinè, antan li di sou batizé-a :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans
sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an,
épi ki té ba nou padon tout péché yo,
sé pou-l maké nou avèk krèm ki sové nou-an,
pou, antan nou antré nan pèp li-a,
nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prèt,
profèt avèk roua.**

Moun ki sot batizé-a :

Amèn.

Apré sa, sélébran-an maké moun ki sot batizé-a avèk sin krèm nan sou fron li san-l pa di anyin.

Abiyman avèk rad blan-an

264. Sélébran-an di :

**N., ou vi-n tounin yon nouvo créatu
épi ou abiyé ak Kris la.
Résévoua donk rad blan-an
li minm ou-a poté san tach
dévan tribinal Granmèt nou-an Jézu-Kri
pou-ou gin lavi tout tan-an.**

Batizé-a :

Amèn.

Nan paròl « Résévoua donk rad blan-an », parinn nan ak marinn nan pozé yon rad blan sou sa-k fèk batizé-a, sof si abitud koté-a nésésité yon koulè ki pi adapté.

Daprè kondision, yo kapab soté rit sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

265. Apré sa, sélébran-an résévoua sièrj paskal la nan min-l oubyin li touché-l antan-l di :

Proché, parinn (marinn), pou nou transmèt limiè-a bay sa-k fèk batizé-a.

Parinn (marinn) nan proche épi li limin yon chandèl nan sièrj paskal la épi li rinmèt li bay sa ki fèk batizé-a. Apré sa sélébran-an di :

**Ou vi-n tounin limiè nan Kris la.
Sé pou-ou maché san rété tankou pitit limiè,
pou, antan ou pèsévéré nan lafoua-a,
ou réyisi al rankontré Grammèt la k-ap vini-an
avèk tout sin yo
nan palè sièl la.**

Moun ki batizé-a :

Amèn.

SÉLÉBRASION KONFIRMASION-AN

266. Ant sélébrasion Batèm nan avèk Konfirmasion-an, daprè avantaj, asanblé-a chanté yon kantik ki adapté.

267. Si Batèm nan sé Évèk la ki fè-l, li bon pou sé li minm ki administré Konfirmasion-an tou, tousuit.

Min si Évèk la pa la, prêt la ki té fè Batèm nan kapab bay Konfirmasion-an.

268. Antan moun ki fèk batizé-a kanpé dévan li, sélébran-an palé avèk li yon fason tou kout avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

N., ou jouinn nouvo nésans nan Kris la épi ou vi-n tounin manb Kris la avèk pèp sasèrdotal li-a, koulié-a sa-k rété pou fèt pou ou-a sé pou-ou résévoua Éspri-Sin-an ki vidé nan nou-an, li minm Grammèt la té voyé sou Apot yo jou Pantkot la, li minm yo minm avèk sa-k vi-n apré yo-a té bay sa-k batizé yo.

Ou minm donk, minm jan-an, ou-ap réservoua puisans Éspri-Sin-an yo té promèt la, li minm, pa pouvoua li, antan ou konfòmé avèk Kris la pi byin, ou vi-n sèvi témouin soufrans avèk rézéréksion Granmèt la épi ou vi-n tounin manb aktif Égliz la pou bati Kò Kris la nan lafoua-a ak charité-a.

Apré sa, sélébran-an antan-l kanpé, dé min-l kontré, li di antan-l viré nan diréksion pèp la :

**An nou lapriyè, nou minm nou rinmin anpil la,
Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,
pou sou sa-a ki fèk batizé-a
li vidé Éspri-Sin-an ak bon kè,
li minm k-ap fòtififé li avèk kantité kado-l yo k-ap débodé-a,
épi avèk onksion li-an k-ap fè-l fi-n konfòm nèt ak Kris la,
Pitit Bondié-a.**

Épi tout moun, pandan kèk éspas tan, yo lapriyè an silans.

269. Apré sa, sélébran-an antan-l pozé min sou sa k-ap réservoua Konfirmasion-an, li di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-a réservoua yon nouvo nésans
nan dlo ak Éspri-Sin-an,
antan-ou libéré-l sot nan péché-a,
ou minm, Granmèt, voyé Éspri-Sin Paraklè-a nan li
ba li éspri sajès ak intèlijans,
éspri konsèy ak fòs,
éspri sians ak piété ;
ranpli li ak éspri krint ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

Tout moun :

Amèn.

270. Lè sa-a atò sa ki gin pou konfirmé-a proché kot sélébran-an. Parinn nan minm (oubyin marinn nan) mété min douat li sou zépòl li épi li di non li bay sélébran-an, oubyin sa-k gin pou réservoua Konfirmasion-an li minm pou kont li déklaré non-an.

Sélébran-an, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa k-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., résévoua sign kado Éspri Sin-an.

Konfirmé-a :

Amèn.

Sélébran-an ajouté :

Lapè avèk ou.

Konfirmé-a :

É avèk éspri-ou tou.

SÉLÉBRASION ÉKARISTI-A

271. Antan yo soté Sinbòl la, osito yo fè priyè inivèsèl la koté sa-k fèk batizé-a patisipé pou prémié foua.

Sa-k fèk batizé-a transpoté ofrann yo sou lotèl la.

272. Nan Priyè ékaristik I-an yo fè sonjé sa-k fèk batizé-a nan Hanc igitur la (Granmèt, tanpri aksépté sa n-ap ofri-ou la) épi parinn yo nan Memento-a (Granmèt sonjé) (n. 377). Si yo pran Priyè ékaristik II-a, III-a oubyin IV la, y-a ajouté paròl pou yo mété anndan yo pou sa-k fèk batizé-a, sa yo jouinn nan n. 391.

273. Li bon pou sa-k fèk batizé-a résévoua sint Kominion-an sou toulèdé éspès, ansanm ak parinn li, marinn li, paran li avèk mari oubyin madanm li, épi katéchist layik yo.

Anvan Kominion-an, sa vlé di anvan Ecce Agnus Dei (Min Mouton Bondié-a), sélébran-an kapab bay moun ki fèk batizé yo yon avètisman tou kout osijè valè mistè ki si gran-an ki pouint tèt inisiasion-an épi sant tout vi krétyin-an.

274. Nan sikonstans ékstraòdinè yo, tankou maladi, viyéyès, chanjman domisil, vouayaj long, etc. lè :

a) kandida-a pa-t kapab kòmansé tout katékuména-a oubyin kontinué sa-l té kòmansé-a ansanm avèk tout rit yo ;

b) épi yon lòt koté sa t-a yon domaj pou byin spirituèl li si antan yo anplouayé rit ki pi ro-a li t-a manké avantaj préparasion ki pi long nan,

lè sa-a atò li t-a bon pi plis pou avèk pèmision Èvèk la, yo ogmanté rit ki pi ro-a avèk youn oubyin pliziè éléman nan òrdo ki konplè-a.

275. Rit sa-a, antan li ogmanté-a, li bay avantaj soua pou fè yon nouvo kandida suiv dèt ki pi avansé, antan yo ajouté, dapré avantaj, rit kòmansman òrdo ki konplè-a (antré nan katékuména-a, ti égzòsism yo, bénédiksyon yo, etc.), soua pou fini pou kont li sa-l té kòmansé avèk lòt yo ki pa-t fi-n fèt nèt (parégzanp : choua-a, rit purifikasyon-an avèk iluminasyon-an, sakréman yo yo minm).

276. Aranjman yo, sa pastè yo doué fè yo avèk ladrès la, yo kapab prévoua yo antan yo fè aranjman ant rit ki pi ro-a avèk rit ki ogmanté-a nan fason sa-a :

1. Antan yo ajouté tou sinpléman : rit tan katékuména-a (nn. 106-132), transmission yo (nn. 183-192).

2. Antan yo séparé épi yo élaji soua rit pou résévoua-a (nn. 245-251), soua litiji paròl la nan minm fason ak rit pou fè katékumèn yo (nn. 73-97) ; antan minm, pou avantaj, yo siprimé nn. 246-247, niméro ki vi-n apré yo 248-249 kapab sèvi okazyon pou rit choua-a. Nan litiji paròl la, yo kapab adapté nn. 253-255 yo nan youn oubyin lòt skrutin (nn. 160-179), etc.

3. Antan yo anplouayé pati rit ki pi simp sa-a nan plas kèk rit òrdo komin-an, sa vlé di sa ki konplè-a, oubyin, lè y-ap résévoua sa k-ap mandé batèm yo, sa yo rélé an jénéral « sinpatizan »-an (cf. *Sa pou yo noté avan*, 12 § 3), antan yo mété ansanm rit pou fè katékumèn yo (nn. 73-97) avèk sa yo chouazi-a (143-151).

277. Nan itilizasyon rit sa-a ki ogmanté-a, sé pou yo fè atansyon :

1. Pou katéchèz kandida-a li konplè.
2. Pou rit la yo sélébré-l avèk patispasyon aktif yon asanblé.
3. Pou lè-l fi-n résévoua sakréman yo, yo bay moun ki fèk batizé-a, nan mézi sa kapab fèt, tan mistagoji-a.

CHAPIT III

ÒRDO KI PI KOUT POU INISIASION ADULT POU YO ANPLOUAYÉ NAN DANJÉ PRÒCH LANMÒ-A OUBYIN LÈ MOUN NAN AP ANTRÉ NAN LANMÒ-A

278. Moun nan ki panché nan danjé pròch lanmò-a soua li katékumèn soua li pa katékumèn, yo kapab batizé-l nan rit ki pi kout la yo inskri pi louin-an (nn. 283-294) yon foua, antan li pako fi-n antré nan lanmò-a, li minm li kapab tandé késion yo épi réponn yo.

279. Si yo déjà résévoua-l kòm katékumèn li doué promèt, apré li fi-n réprann fòs li l-ap fini katéchèz abituèl la. Si-l pa katékumèn, sé pou li montré kèk sign sérié li konvèti nan diréksion Kris la épi li rénonse abitud payin yo, épi li pa doué parèt li maré avèk bagay ki sèvi anpèchman pou vi moral la (pliziè madanm « an minm tan », etc.), an plis fò-l promèt pou apré li fi-n rétrouvé santé-a, l-ap suiv tout chémin inisiasion-an ki korésponn pou li.

280. Rit sa-a li adapté pou katéchist yo épi layik yo sitou.

Poutan minm prèt la épi diak la nan ka nésésité ki présé yo kapab anplouayé rit sa-a. Sèlman dòdinè prèt la avèk diak la yo anplouayé rit yo rélé « pi simp la » (nn. 240-273), antan yo introdui adaptasion nésésè dapré koté-a avèk tan-an.

Prèt la minm ki batizé-a, sé pou-l ginyin sin krèm nan épi fò-l gin plis tan, pou apré batèm nan li pa néglijé bay konfirmasion-an antan-l soté nan ka sa-a onksion luil apré batèm nan (n. 263).

Minm jan-an tou, si sa kapab fèt, ni prèt la ni diak la épi, dapré sikonstans, katéchist la li-minm minm oubyin yon layik ki gin pèmision bay sint kominion-an, yo bay moun ki fèk batizé-a Ékaristi-a. Nan ka sa-a, yo kapab poté Sin Sakréman-an anvan sélébrasion rit la épi nan moman sélébrasion-an minm, sou yon tab ki kouvri avèk yon nap blanch, yo dépozé-l avèk respè.

281. Min, lè moun nan ap antré nan lanmò-a sa vlé di lè li prèt pou-l mouri, lè tan-an présé, minis la, antan-l soté tout lòt bagay yo, li vidé sou tèt malad la dlo natirèl minm si-l pa béni, antan li di fòmul abituèl la (cf. *Rémak jénéral* sou inisiasion krétièn nan, n. 23).

282. Pou sa yo ki batizé soua antan danjé lanmò-a toupré soua lè l-ap antré nan lanmò-a, sé pou yo prévoua si yo rétonin an santé pou yo ba yo fòmasyon ak yon katéchèz adapté, épi antan yo résévoua yo nan légliz la nan tan favorab, yo ba yo lòt sakréman inisiasion yo. Nan ka sa-a sé pou yo obsèvé, avèk aranjanman nésésè, prinsip yo ki fiksé nan nn. 295-305 yo.

Kòmansman rit la

283. Katéchist la oubyin layik la, apré li fi-n salué fanmiy nan avèk jantiyès épi yon fason tou kout, osito li palé avèk malad la osijè demann li-a épi si-l pa katékumèn, osijè rézon konvèsion-l nan ; apré sa, apré li fi-n bay indikasyon osijè avantaj batèm nan li ba-l yon katéchèz tou kout dapré nésésité.

284. Apré sa, alantou malad la li invité fanmiy li, parinn (marinn), kèk pròch épi zanmi, yo minm nan mitan yo li chouazi youn ou lòt témouin. Épi yo préparé dlo-a, minm si-l pa béni.

Dialòg

285. Apré sa, antan-l rétownin kot malad la, minis la pozé-l kèsion yon lòt foua ankò avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Ou minm nou rinmin anpil, ou té mandé batèm nan paské tankou krétyin yo ou vlé gin lavi tout tan-an. Lavi tout tan-an minm, min li, sé pou-ou konnin vré Bondié-a épi sa-a li té voyé-a Jézu-Kri. Sa-a sé lafoua krétyin yo : Bagay sa-a èské ou konnin-l ?

Malad la :

Mouin konnin.

Minis la :

Épi ansanm avèk lafoua nan Jézu-Kri-a ou-ap ginyin pou aksépté kinbé ata kòmandman-l yo jan krétyin yo fè-a : Sa-a tou èské ou konnin-l ?

Malad la :

Mouin konnin.

Minis la :

Konsa èské ou vlé viv nan minm fason ak krétyin yo ?

Malad la :

Mouin vlé.

Minis la :

Promèt donk ou minm apré ou fi-n rétrouvé fòs yo, pou suiv tan ki nésèsè pou konnin Kris la pi byin avèk chémin fòmasyon krétyèn nan.

Malad la :

Mouin promèt.

286. Lè sa-a atò, antan li viré kot parinn nan épi témouin yo, minis la pozé yo késion avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Ou minm, parinn, ki té tandé promès li-a (oubyin N.) èské ou promèt pou raplé li sa épi pou édé-l pou-l aprann ansègnman Kris la, pou-l fidèl nan patisipé nan kominoté-a épi pou-l prezanté-l kòm bon krétyin.

Parinn :

Mouin promèt.

Minis la :

Épi nou minm ki kanpé la-a kòm témouin èské nou bay garanti osijè promès li-a ?

Témouin yo :

Nou bay garanti.

287. Antan-l viré yon lòt foua ankò kot malad la, minis la di :

Konsa, dapré kòmandman Granmèt Jézu-a ou-ap résévoua batèm pou lavi tout tan-an.

Dapré tan-an épi sikonstans, li li kèk paròl nan Évanjil la, si sa kapab li ékspliké yo, parégzanp :

Jan 3, 1-6 : « Si yon moun pa jouinn nouvo nésans li pa kapab ouè péyi roua Bondié-a ». [p. 389]

Jan 6, 44-46 : « Moun ki kouè-a l-ap gin lavi tout tan-an ». [p. 407]

Matié 22, 35-40 : « Sa-a sé pi gran-an épi prémié kòmandman-an ». [p. 404]

Matié 28, 18-20 : « Bay tout nasion yo ansègnman, batizé yo ». [p. 404]

Mark 1, 9-11 : « Li résévoua batèm nan min Jan nan Joudin-an ». [p. 404]

Siplikasyon

288. **Apré sa li invité moun ki prézan yo pou yo prononsé priyè sa-a avèk li :**

Pou malad sa-a, li minm ki mandé gras batèm nan, pou parinn li, pou tout fanmiy nan avèk zanmi yo, an nou mandé mizèrikòd Bondié ki gin tout pouvoua-a.

Minis la (oubyin youn nan sa-k prézan yo) déklaré youn ou lòt nan invokasion ki suiv yo :

Pou lafoua li-a nan Kris la, Pitit ou-a épi sovè nou-an, ou aksépté ogmanté-l :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou anvì li anvì pou-l gin lavi tout tan-an épi pou-l antré nan péyi-roua sièl yo, ou aksépté ba li-l :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou éspérans li ginyin pou konnin ou, Kréatè sièl ak tè-a épi Papa moun yo, ou aksépté konblé-l :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou li minm, pou aksépté dégajé-l sot nan péché-l yo épi sanktifíé-l gras a batèm nan :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou li minm, pou sovè Kris la té promèt li t-ap sovè nou-an gras a soufrans li épi réziréksion-l nan ou aksépté ba li-l an kantité :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou nan charité-ou la ou aksépté adopté-l nan pami pitit ou yo :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou aksépté rinnèt li santé-a épi pou ba-l tan pou-l konnin Kris la pi plis épi pou-l imité-l :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Pou nou tout, disip Kris la ki batizé nan yon sèl kò-a, ou aksépté konsèvé nou tout tan nan yon sèl lafoua-a ak charité-a :

R: N-ap lapriyè ou, kouté nou.

Invokasion sa yo sot di-a yo kapab adapté yo dapré sikonstans.

289. Minis la fini siplikasyon-an avèk priyè sa-a :

Kouté priyè nou-an tanpri Granmèt,
épi antan-ou konsidéré lafoua avèk anvì N. ou rinmin-an,
fè nou favè pou nan dlo sa-a,
li minm ou té chouazi pou bay moun yo nésans ki sot anro-a,
ou fè-l vi-n konfòm ak soufrans épi rézéréksion Kris la
pou li réservoua padon pou tout péché-l yo,
li vi-n tounin pitit adoptif ou
épi li fè pati pèp ou-a ki sin-an,
[fè-l favè an plis pou antan li rétrouvé santé-a,
li rann ou gras nan Égliz la
épi antan li kolé kò-l avèk fidéлитé sou kòmandman Kris yo,
li vi-n tounin disip li ki kòrèk nè].
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Rénonzman épi déklarasion lafoua-a

290. **Apré sa, minis la, antan-l gadé malad la, mandé-l pou fè rénonzman-an ak déklarasion lafoua-a :**

Èské ou rénonse Satan ak tout travay li yo ak tout atirans li yo?

Malad la :

Mouin rénonse.

Dapré sikonstans, minis la kapab anplouayé fòmul ki pi laj (cf. n. 217)
 épi ranjé sa yo di nan n. 80-an. Épi li kontinué :

Èské ou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Malad la :

Mouin kouè.

Minis la :

Èské ou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Malad la :

Mouin kouè.

Minis la :

Èské ou kouè nan Èspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

Malad la :

Mouin kouè.

Rit Batèm nan

291. Apré sa, minis la, antan-l prononsé non malad la vlé poté-a, li batizé-l antan-l di :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li vidé dlo yon prémié fous

ak Pitit la

li vidé dlo yon dézièm fous

ak Èspri-Sin-an.

li vidé dlo yon touazièm fous

Si minis Batèm nan diak, apré li fi-n vidé dlo-a, li kapab administré onksion krèm nan apré batèm nan, nan fason ak nan fòmul òdinè-a (n. 263).

292. Si yo pa kapab bay ni Konfirmasion-an ni sint Kominion-an, osito apré batèm nan, minis la di :

N., antan ou libéré anba péché-ou yo épi ou jouinn yon nouvo nésans sot nan Bondié Papa-a, ou vi-n tounin pitit li nan Kris la. Talè konsa, si Bondié dakò, ou-ap résévoua plénitud Èspri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an épi antan ou-ap proché kot lotèl Bondié-a, ou-ap patisipé nan tab sakrifis li-a. Koulié-a minm nan Èspri pitit adoptif yo, sa-ou résévoua jodi-a, ansanm avèk nou ou-ap lapriyé jan Granmèt la té montré nou priyé-a.

Épi nouvo batizé-a ni tout sa-k kanpé la yo, ansanm avèk minis la yo di priyé Granmèt la (cf. pi louin n. 294).

Rit Konfirmasion-an

293. Si sé yon prèt ki bay Batèm nan, li kapab bay Konfirmasion-an (cf. pi ro n. 280), antan li bay dabò avètisman avèk paròl sa yo oubyin lòt ki sanblé ak yo :

N., ou jouinn nouvo nésans nan Kris la épi ou vi-n tounin manb Kris la avèk pèp sasèrdotal li-a, koulié-a sa-k rété pou fèt pou ou-a sé pou-ou résévoua Éspri-Sin-an ki vidé nan nou-an, li minm Granmèt la té voyé sou Apot yo jou Pantkot la, li minm yo minm avèk sa-k vi-n apré yo-a té bay sa-k batizé yo.

Apré sa, dapré sikonstans, li invité moun ki la yo pou pandan kèk éspas tan yo priyé an silans. Yon fouda priyè-a fini, prèt la, antan li pozé min sou moun k-ap konfirmé-a, li di :

Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, ou minm ki té fè sèvitè-ou sa-a résévoua yon nouvo nésans nan dlo ak Éspri-Sin-an, antan-ou libéré-l sot nan péché-a, ou minm, Granmèt, voyé Éspri-Sin Paraklè-a nan li ba li éspri sajès ak intèlijans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak piété ; ranpli li ak éspri krint ou-a. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

Tout moun :

Amèn.

Lè sa-a atò, prèt la, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa k-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., résévoua sign kado Éspri-Sin-an.

Konfirmé-a :

Amèn.

Prèt la ajouté :

Lapè avèk ou.

Konfirmé-a :

É avèk éspri-ou tou.

Min nan ka nésésité présé, li kont pou-l fi-n fè krismasion-an avèk paròl « Résévoua sign kado Éspri-Sin-an », antan li fè inpozision min-an anvan, si sa posib, avèk priyè « Bondié ki gin tout pouvoua-a ».

Apré Konfirmasion-an, yo kapab bay moun ki fèk batizé-a sint kominion-an antan yo obsèvé rit la yo montré pi louin-an, n. 294. Otréman yo fini sélébrasion-an avèk résitasion priyè Granmèt la.

Kominion sakré-a

294. Si yo bay sint Kominion-an tousuit apré Konfirmasion-an, oubyin apré Batèm nan, lè yo pa kapab bay Konfirmasion-an, minis la kapab di avètisman ki suiv la oubyin youn ki sanblé avèk li, antan li soté paròl yo, yo mété ant parantèz yo, lè yo bay Konfirmasion-an :

N., antan ou libéré anba péché-ou yo épi ou jouinn yon nouvo nésans sot nan Bondié Papa-a, ou vi-n tounin pitit li nan Kris la. (Talè konsa, si Bondié dakò, ou-ap résévoua plénitud Éspri-Sin-an palintèmediè Konfirmasion-an). Koulié-a minm, anvan ou résévoua Kò Kris la, nan éspri pitit adoptif yo, sa-ou résévoua jodi-a, ansanm avèk nou, ou-ap priyé jan Granmèt la té aprann nou priyé-a.

Épi moun ki fèk batizé-a ni tout sa-k kanpé la yo, ansanm avèk minis la yo di priyé Granmèt la :

Papa nou, ki nan sièl la :
sé pou yo réspékté non-ou ;
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua ;
sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a ;
padoné sa nou fè-ou,
tankou nou padoné moun ki fè nou kichòy ;
pa kité nou pran nan pièj ;
min délivré nou ak sa ki mal.

Minis la résévoua Osti-a, épi antan-l kinbé-l anlè yon ti moman, antan-l viré nan diréksion moun ki fèk batizé-a, li di :

Min Mouton Bondié-a, min li ki ouété péché tè-a.
Ala kontantman pou sa yo, yo rélé nan soupé Mouton-an.

Nouvo batizé-a épi sa-k kanpé la yo, ansanm yo di :

Granmèt, mouin pa mérité pou-ou antré lakay mouin ;
min di yon paròl sèlman, é nanm mouin va géri.

Minis la bay nouvo batizé-a kominion, antan-l di :

Kò Jézu-Kri.

Nouvo batizé-a réponn :

Amèn.

Épi li kominié. Moun ki la yo ki anvè kominié, yo kapab résévoua Sakréman-an.

Lè kominion-an fini, minis la di priyé ki fini-an :

**Granmèt ki sin, Papa ki gin tout pouvoua, Bondié ki la tout tan,
n-ap priyé-ou, avèk fidélité, pou frè nou-an ki résévoua
Kò trè sin Granmèt nou Jézu-Kri, Pitit ou-a,
sa profité-l kòm rémèd tout tan ni pou kò li ni nou nanm li.
Li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Tout moun :

Amèn.

Malad la ki antan li té toupré danjé lanmò-a, té résévoua tout oubyin kèk sakréman inisiasion, si li réprann fòs, pétèt, li doué fini katéchèz òdinè-a, sakréman yo oubyin rit, li pa-t kapab akonpli (cf. n. 279, 295-305).

CHAPIT IV

PRÉPARASION POU KONFIRMASION AK ÉKARISTI POU ADULT YO KI BATIZÉ TOUPITI KI PA-T RÉSÉVOUA KATÉCHÈZ

295. Désizion pastoral ki suiv yo, yo konsèné adult yo ki antan yo té batizé ti bébé yo pa-t résévoUA katéchèz apré sa épi poutèt sa yo pa-t admèt yo nan Konfirmasion avèk Ékaristi. Yo kapab adapté yo tou pou ka ki sanblé avèk yo, sitou pou adult ki batizé nan danjé lanmò oubyin antan y-ap antré nan lanmò.

Minmsi adult sa yo, yo pako tandé anons mistè Kris la, kondision yo poutan pa minm avèk kondision katékumèn yo, paské yo déja antré nan Égliz la épi yo pitit Bondié palintèmediè Batèm nan. Konvèsion pa yo-a, poutèt sa, li bazé sou Batèm nan yo déja résévoUA-a, sa yo doué déplouayé fès li apati la-a.

296. Pou minm rézon-an avèk pou katékumèn yo, préparasion adult sa yo mandé yon tan prolongé (cf. *Sa pou yo noté avan*, n. 21), ki doué pèmèt lafoua-a ki vidé nan yo nan Batèm nan li dévloPé, li rivé apouin nèt épi gravé an plin palintèmediè fòmasyon pastoral la yo transmèt yo-a ; lavi krétièn yo-a, yo doué ranfòsé-l gras a yon ansègnman konvnab yo propozé yo palintèmediè katéchèz ki adapté pou yo-a antan yo vini souvan nan kominoté fidèl yo épi yo patisipé nan rit litijik yo.

297. Pi souvan òrdo katéchèz la doué korésponn a òrdo yo propozé pou katékumèn yo (cf. *Sa pou yo noté avan*, n. 19 § 1), nan fason y-ap transmèt li-a kanminm, prèt la, diak la oubyin katéchist la doué pran an konsidérasion kondision spésial adult sa yo ki déja résévoUA kado Batèm nan.

298. Minm jan pou katékumèn yo, konsa tou pou adult sa yo, kominoté fidèl yo gin pou poté konkou li nan charité fratènèl avèk priyè, épi pou li rann témouagnaj osijè kapasie yo lè yo gin pou yo admèt yo nan sakréman yo (cf. *Sa pou yo noté avan*, nn. 4, 19 § 2, 23).

299. Adult yo, sé garan yo ki prezanté yo bay kominoté-a, nan tan fòmasyon yo-a kanminm, chak nan yo chouazi avèk konsantman prèt la yon parinn ki aji koté-l kòm délégé kominoté-a épi k-ap ginyin minm ròl aléga li avèk parinn nan parapò a katékumèn nan (cf. *Sa pou yo noté avan*, n. 43). Parinn nan minm yo chouazi nan tan sa-a, li kapab minm vi-n tounin parinn Batèm nan yon foua, réyèlman, li alarotè pou-l ranpli ròl sa-a.

300. Tan préparasion-an, sé pou-l sanktifé avèk aksion litijik yo, premié-a sé rit koté yo résévoUA adult yo nan kominoté-a épi yo rékonèt yo gin patisipasion nan li antan Batèm nan déja maké yo.

- 301.** Konsa y-ap patisipé nan sélébrasion litiji paròl la, soua sa-k réyini asanblé fidèl yo, soua sa-k déstiné dirèktéman pou katékumèn yo.
- 302.** Pou montré aksion Bondié minm nan travay préparasion sa-a, yo kapab anplouayé avèk avantaj kèk rit spésial katékuména-a ki korésponn avèk kondision adult sa yo épi ak itililité spirituèl yo, parégzanp : transmision Sinbòl la, Priyè Granmèt la, oubyin minm Évanjil yo.
- 303.** Sé pou yo fè tan katéchèz la antré yon fason adapté nan ané litijik la, sitou sa ki konsèné dènié pati-a, ki nòmman korésponn avèk Karèm nan. Nan éspas tan sa-a minm sé pou yo kontribiyé jan sa konvnan pou òganizé aksion pénitansièl sakré k-ap kondui nan sélébrasion sakréman pénitans la.
- 304.** Pouint tèt tout fòmasyon-an réyèlman dòdinè l-ap Vijil paskal la, koté adult yo déklaré lafoua Batèm nan, yo résévoua sakréman Konfirmasion-an épi yo patisipé nan Ékaristi-a. Si Konfirmasion-an yo pa kapab bay li nan Vijil paskal la minm poutèt Évèk la oubyin minis ékstraòdinè Konfirmasion-an absan, y-a bay li pi vit yo kapab, épitou nan mézi sa kapab fèt, nan tan paskal la.
- 305.** Anfin, adult yo konplété fòmasyon krétièn yo-a épi yo antré nèt nan kominoté-a antan y-ap viv tan mistagoji-a ansanm avèk nouvo batizé yo.

CHAPIT V

ÒRDO INISIASION TIMOUN YO KI RIVÉ NAN LAJ POU RÉSÉVOUA KATÉCHÈZ

306. Rit sa-a li déstiné pou timoun yo ki nan tan yo té ti bébé yo pa-t batizé épi antan yo rivé nan laj pou yo konprann épi pou yo résévoUA katéchèz, yo vini nan inisiasion krétièn, soua sé paran yo oubyin moun ki résponsab yo ki minnin yo, soua sé yo minm ki fè démach pou kont yo avèk pèmision paran yo oubyin résponsab yo, yo déjà kapab konsévoUA pròp lafoua yo épi nourri li épi yo minm yo résévoUA nan yo kichòy pou dévoUA konsians la. Sèlman yo poko kapab trété yo tankou adult yo, paské antan yo gin mantalité timoun, yo dépann dé paran yo oubyin résponsab yo épi an plis yo aji anpil dapré influyans zanmi yo avèk sosiété-a.

307. Inisiasion pa yo-a toudabò mandé ni pròp konvèsion yo épi, dapré kondision laj la, k-ap dévloUé ofiamézi, ni konkou édikasion ki nésésè pou laj sa-a. Apati sa, sé pou yo adapté ni chémin spirituèl kandida yo, sètadi dévloUman yo nan lafoua-a, ni fòmasyon katéchèz la, sa yo tandé-a. Sé poutè sa, sou modèl pa adult yo, inisiasion yo-a, minm sou pliziè ané, si sa nésésè, sé pou-l prolonjé, anvan yo proché kot sakréman yo, épi sé pou-l distingé dapré diféran dégré yo avèk tan yo, épi pou-l òganizé avèk rit yo.

308. Kòm progrè timoun yo nan fòmasyon yo résévoUA-a li dépann ni dé konkou avèk égzanp konpagnon yo ni dé paran yo, sé pou yo pran yo toulèdé an konsidération.

a) Réyèlman kòm timoun yo ki gin pou résévoUA inisiasion-an dòdinè yo fè pati yon group konpagnon ki déjà batizé y-ap préparé avèk katéchèz pou Konfirmasion avèk Ékaristi, inisiasion-an doué gin nan li yon dévloUman ki apuiyé sou group katéchétik sa-a minm tankou yon fondasyon.

b) Yo souété tou pou minm timoun sa yo, nan mézi sa kapab fèt, yo jouinn konkou ak modèl minm jan-an kot paran yo, yo minm yo té bézouin pèmision yo pou inisiasion-an fèt épi pou yo kondui lavi krétièn yo apré. An plis, tan inisiasion-an byin tonbé pou ofri fanmiy nan avantaj pou palé avèk prèt yo épi avèk katéchist la.

309. Poutè sikonstans ki rivé, sé pa yon bagay ki ra pou anpil timoun ki nan minm kondision sa-a yo mété yo ansanm nan sélébrasion òrdo sa-a pou youn kapab édé lòt nan bay égzanp nan chémin katékuména-a.

310. Kanta sa-k konsèné tan sélébrasion yo, li souétab pou, nan mézi sa kapab fèt, dènié tan préparasion-an korésponn avèk Karèm nan épi sakréman yo, yo minm, yo sélébré yo nan Vijil paskal la (cf. *Sa pou yo noté anvan*, n.

8). Min, anvan yo admèt timoun yo nan sakrèman yo nan fèt paskal yo, sé pou yo konsidéré ni si yo minm minm yo gin kapasité ni si tan-an konvni avèk òrdo fòmasyon katéchetik la, sa y-ap frékanté-a. Réyèlman, nan mézi sa kapab fèt, sé pou yo fè atansyon pou kandida yo proché nan sakrèman inisiation yo pandan konpagnon yo ki déjà batizé yo admèt yo pou Konfirmasyon-an oubyin Ékaristi-a.

311. Sélébrasyon yo, sé pou yo fè yo avèk patisipasyon aktif yon asanblé ki antan li ginyin yon kantité konvnab fidèl, li konpozé avèk paran yo épi fanmi yo épitou konpagnon group katéchetik la épi kèk zanmi ki adult. Dòdinè, réyèlman, lè timoun yo nan laj sa-a, y-ap inisié yo, li souétab pou pa gin prezans tout kominoté parouas la : li kont pou parouas la réprésanté.

312. Nan mézi yo anonsé-l, òrdo sa-a kapab résévoua nan min Konférans épiskopal yo adaptasyon konvnab épi bagay yo ajouté, ki réponn pi byin aléga nésésité avèk patikilarité réjion-an épi avantaj pastoral. Yo kapab glisé ladan-l, antan yo adapté-l pou laj timoun yo, rit « transmission » yo, sa yo sèvi avèk yo pou adult yo (cf. n. 103, 125, 181-192). An plis, lè yo tradui òrdo sa-a nan lang pèp yo, sé pou yo fè atansyon pou avètisman yo épi démann yo ak priyé yo, yo adapté yo pou timoun yo konprann yo. Pou avantaj parégzanp, lè yo tradui kèk priyé Rituèl Romin-an nan lang yo palé koté-a, Konférans épiskopal la kapab an plis aprouvé yon lòt priyé ki propozé minm sijè yo yon fason konvnab pou timoun yo (cf. *Rémak jénéral* osijè inisiation krétièn yo, n. 32).

313. Minis yo k-ap anplouayé òrdo sa-a, sé pou yo sèvi yon fason lib épi intèlijan avèk pèmision yo ba yo-a, soua nan *Rémak jénéral* yo (n. 34 é 35), soua nan *Rémak patikilié* (*Sa pou yo noté anvan*) Òrdo Batèm Timoun yo (n. 31) épi Inisiation adult yo (n. 67).

PRÉMIÉ DÉGRÉ : RIT POU FÈ KATÉKUMÈN YO

314. Rit sa-a toudabò yo sélébré-l dévan yon asanblé ki piti min ki aktif pou léspri timoun yo pa troublé poutèt pakèt moun yo (cf. n. 311). Paran oubyin garan kandida yo, nan mézi sa kapab fèt, sé pou yo prézan. Min si yo pa kapab vini, sé pou yo montré konsantman yo bay timoun yo épi nan plas yo sé pou « garan » yo prézan (cf. n. 42) sètadi fidèl ki gin kapasité ki alokasion nan plas paran yo minn timoun yo épi prezanté yo.

315. Sélébrasion-an yo fè-l nan yon égliz oubyin nan yon koté ki tèlman adapté pou, dapré laj kandida yo avèk konpréansyon yo, li favorizé ékspérians yon akèy spésial. Premyé pati-a oubyin rit introdiksyon-an, sé pou yo fè-l dapré sikonstans yo nan papòt légliz la oubyin yon lòt koté. Dézièm pati-a, sa vlé di litiji paròl la, nan légliz la minm oubyin nan yon koté yo chouazi pou sa.

RIT RÉSÉPSION-AN

316. Sélébran-an, antan li abiyé avèk vètman litijik yo, li proché bò koté-a timoun yo épi paran yo oubyin réponsab yo, oubyin minm, si ka-a prezanté, garan yo, rasanblé, épi li minm li salué yo ansanm avèk asanblé moun yo ki prézan-an avèk sinplisité épi jantiyès.

Avètisman ki présédé

317. Lè sa-a ato, antan-l palé avèk kandida yo épi paran yo, li montré lajoua Égliz la avèk rékonésans nanm li, apré sa li invité yo, yo minm avèk garan yo si yo prézan, pou yo proché dévan-l.

Dialòg

318. Apré sa, chak timoun yo, sof si yo anpil, sélébran-an intèrojé yo avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé ak yo :

Sélébran-an :

N., kisa ou vlé tounin ?

Timoun nan :

Krétyin.

Sélébran-an :

Poukisa ou vlé vi-n tounin krétyin ?

Timoun nan :

Paské mouin kouè nan Kris la.

Sélébran-an :

Lafoua nan Kris la kisa-l ba ou ?

Timoun nan :

Lavi tout tan-an.

Sèlman yo pèmèt sélébran-an sèvi avèk dèt paròl pou intèrojé épi pou résévoua répons ki lib : Mouin vlé fè volonté Bondié, Mouin vlé suiv paròl Bondié-a, Mouin vlé résévoua batèm, Mouin vlé lafoua, Mouin vlé vi-n tounin zanmi Jézu, Mouin vlé antré nan fanmiy krétyin yo, etc.

Min si timoun yo anpil, sélébran-an kapab intèrojé yo tout ansanm, pousé répons kèk nan yo épi, apré sa, mandé lòt yo si yo konsanti.

319. Apré sa, sélébran-an fini dialòg la avèk yon katéchèz tou kout, ki adapté nan sikonstans yo avèk laj ti moun yo, li déklaré-l avèk paròl sa yo oubyin paròl ki sanblé avèk yo :

Kòm nou déjà kouè nan Kris la épi nou vlé yo préparé nou pou Batèm nan, nou minm nou résévoua nou avèk gran kontantman nan fanmiy krétyin yo koté n-ap konnin Kris la pi byin jou apré jou épi ansanm avèk nou n-ap chèché viv nan fason pitit Bondié yo, jan Kris la té aprann nou-an : Sé pou rinmin Bondié ak tout kè-ou. Sé pou nou youn rinmin lòt jan li té rinmin nou-an.

Dènié paròl Kris-la, dapré avantaj, timoun yo kapab répété yo pou yo montré konsantman yo.

Dialòg avèk paran yo épi asanblé-a

320. Apré sa, sélébran-an, antan l-ap palé ankò ak timoun yo, li mandé yo pou yo jouinn konsantman nan min paran yo oubyin nan min garan yo ki prezanté yo-a. Li kapab fè sa fason sa-a oubyin nan fason ki sanblé avèk li :

N. ak N., pou résévoua konsantman paran nou yo, alé koulié-a koté yo épi mandé yo pou yo vini isit la ansanm avèk nou.

Timoun yo alé kot paran yo oubyin garan yo épi yo minnin yo dévan sélébran-an ki kontinué :

Paran yo, nou rinmin anpil yo, timoun nou yo N. épi N., mandé pou yo préparé yo pou Batèm. Nou minm minm, èské nou bay konsantman pou sa yo vlé-a ?

Paran yo :

Nou bay konsantman.

Sélébran-an :

Konsa èské nou paré pou nou bay patisipasyon pa nou nan préparasion yo-a pou Batèm nan ?

Paran yo :

Nou paré.

321. Apré sa, sélébran-an intèrojé tout moun ki la yo avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Kòm donk timoun sa yo, pou yo kapab kontinué chémin yo kòmansé jodi-a, yo bézouin konkou lafoua nou ak charité nou, mouin mandé nou tou, nou minm zanmi ak paran yo : èské nou paré pou nou édé yo pou ofiamézi yo rivé nan Batèm nan ?

Tout moun :

Nou paré.

Mak la

322. Apré sa, sélébran-an, antan-l viré nan diréksion timoun yo, li di :

Kris la, li minm ki té rélé nou, nou minm N. ak N., pou nou vi-n tounin zanmi-l, sé pou nou toujou sonjé li, épi pou nou rété kolé sou li ak fidélimité.

Sé poua mouin maké nou ak sign koua Kris la ki sign krétyin yo.

Gras a sign sa-a k-ap avèti nou apati koulié-a, sé pou nou sonjé Kris la avèk rinmin li-an.

Minm là-a, sélébran-an, antan-l pasé dévan timoun yo, li trasé sign koua-a sou fron yo chak san-l pa di anyin.

Dapré avantaj (cf. n. 323), li invité paran yo avèk katéchist yo pou yo minm tou an silans yo fè sign koua-a sou fron timoun yo :

Nou minm tou, paran yo avèk katéchist yo (N. é N.) puiské nou sé moun Kris la, maké yo avèk sign lakoua-a.

[323.] Si yo ouè sa prezanté yon avantaj sitou pou timoun yo ki gin yon ti laj pi ro, yo kapab ajouté mak dèt pati kò-a. Sa-a sé prèt la ki fè-l, li minm sèl ki di parol yo épi ki réalizé sign nan.

Sélébran-an di pandan y-ap maké zòrèy yo :

Mouin maké ou ak sign koua-a nan zòrèy yo, pou ou kapab kouté paròl Kris la.

Pandan l-ap maké jé yo :

Mouin maké ou ak sign koua-a nan jé-ou yo, pou ou ouè aksion Kris la.

Pandan l-ap maké bouch la :

Mouin maké ou ak sign koua-a nan po-bouch, pou palé tankou Kris la.

Pandan l-ap maké pouatri-n nan :

Mouin maké ou ak sign koua-a nan pouatri-n, pou palintèmediè lafoua-a ou résévoua Kris la nan kè ou.

Pandan l-ap maké zépòl yo :

Mouin maké ou ak sign koua-a nan zépòl yo, pou ou gin fòs Kris la.

Pandan l-ap maké tout kò-a :

Mouin maké ou toutantié ak sign koua Kris la o non Papa-a, ak Pitit la, la ✠ ak Éspri-Sin-an, pou tankou Jézu ou viv koulié-a épi tout tan.

Timoun nan :

Amèn.

Daprè avantaj, minm mak sans yo paran yo kapab akonpli yo (oubyin minm garan yo) oubyin katéchist yo ; sèlman paròl yo sé prèt la sèl ki di yo oplirièl tankou pi ro-a n. 85.

Antré nan légliz la

324. Apré sa, sélébran-an invité katékumèn yo pou yo avansé avèk paròl sa yo oubyin dòt ki sanblé ak yo :

Koulié-a nou kapab pran plas nan mitan krétyin yo ki rasanblé. Konsa nou mèt vini, pou Granmèt la k-ap palé avèk nou-an, nou kouté-l épi nou lapriyé ansanm avèk nou.

Lè yo fi-n tandé sa, timoun yo proché nan asanblé-a épi yo pran plas oubyin ansanm avèk paran yo (garan yo) oubyin nan mitan konpagnon yo yon fason pou sa parèt klè pou tout moun koulié-a yo gin plas nan asanblé-a.

Pandan tan sa-a yo chanté Ps 94 oubyin 121 [p. 332 oubyin 393], oubyin minm yo égzékité yon lòt kantik ki adapté.

LITIJI PARÒL LA

325. Liv Ékritu Sint la, yo poté-l épi yo dépozé-l avèk onè. Sélébran-an avèk kèk mo, li kapab ékspliké dignité Parol Bondié-a, sa yo anonsé-a épi yo kouté-a nan asanblé krétyin yo.

Épi osito yo kòmansé yon litiji Paròl ki kout.

Léktu yo avèk oméli-a

326. Yo chouazi léktu yo, yo kapab adapté ni pou katékumèn yo kapab konprann ni pou katéchèz la kapab progressé, sa yo minm avèk konpagnon yo ap résévoua-a.

Parégzanp :

Jénèz 12, 1-14a : Abraam Bondié rélé-a. [p. 322]

Ps 32, 4-5. 12-13. 18-19. 20 é 22 [p. 322]

Jan 1, 35-42 (oubyin 35-39) : Min Mouton Bondié-a. Nou jouinn Mési-a. [p. 323]

Oubyin ankò :

Ézékièl 36, 25-28 : Kè nouvo-a épi rétou nan péyi-a. [p. 372]

Éfézyin 4, 1-6a : Apèl yo doué suiv la : yon sèl lafoua, yon sèl Batèm. [p. 376]

Galat 5, 13-17. 22-23a. 24-25 : Yon sèl kòmandman épi yon sèl Éspri. [p. 429]

Mark 12, 28c-31 : Prémie kòmandman-an. [p. 406]

Luk 8, 4-9. 11-15 : Parabòl moun k-ap simin-an. [p. 437]

Luk 19, 1-10 : Zaché. [p. 392]

Jan 6, 44-47 : « Pèsòn pa kab vi-n jouinn mouin, si Papa-m pa ralé-l ». [p. 407]

Jan 13, 34-35 : Kòmandman nouvo-a. [p. 393]

Jan 15, 9-11 (oubyin 12-17) : « Sé pou nou youn rinmin lòt ». [p. 350 oubyin 351]

Dòt léktu, psòm répons avèk vèsè anvan Évanjil la, n. 388.

Apré léktu yo, sélébran-an fè yon oméli tou kout, koté li ékspliké sa yo sot li yo.

327. Yo rékòmandé yon tan silans, koté timoun yo, antan sélébran-an invité yo, yo tout yo priyé nan kè yo. Yon chan adapté vi-n apré.

Rémiz liv Évanjil yo

328. Pandan y-ap chanté yon kantik oubyin osito apré, dapré avantaj, yo bay timoun yo liv Évanjil yo antan yo préparé yo yon fason tou kout avèk yon avètisman ki adapté oubyin avèk yon oméli.

Priyè

329. Apré sa, avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé avèk yo, yo fè priyè ki suiv la.

Sélébran-an :

An nou priyé pou timoun sa yo nou rinmin-an, yo minm ki pitit nou, konpagnon nou avèk zanmi nou, épi k-ap proche koulié-a kot Bondié.

Léktè :

Pou anvi yo ginyin pou viv avèk Jézu-a li ogmanté pi plis chak jou :

℟. Ou minm, Granmèt, n-ap priyé ou.

Léktè :

Pou antan y-ap viv nan Égliz la yo jouinn kontantman nan li :

R: Ou minm, Granmèt, n-ap priyé ou.

Léktè :

Pou nan préparasion Batèm nan ou fè yo favè fòs avèk pèsévérans :

R: Ou minm, Granmèt, n-ap priyé ou.

Léktè :

Pou anba tantasion krint épi dékourajman ou rétiré yo sot nan yo avèk bon kè-ou :

R: Ou minm, Granmèt, n-ap priyé ou.

Léktè :

Pou kontantman résévoua Batèm, Konfirmasion épi Ékaristi-a ou ba yo-l :

R: Ou minm, Granmèt, n-ap priyé ou.

Sélébran-an fini ak priyé sa-a :

Granmèt, ou minm ki té pousé anvi nan timoun sa yo
 pou yo vi-n tounin krétyin ki fi-n bon nèt,
 fè, pou, antan y-ap monté koté-ou avèk pèsévérans,
 yo ouè ou réponn sa yo souété-a épi priyé nou-an.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

Alafin yo chanté yon kantik.

Min si apré sa y-ap sélébré Ékaristi-a, yo ranvouyé katékumèn yo.

DÉZIÈM DÉGRÉ :
SKRUTIN YO SA VLÉ DI RIT PÉNITANSIÈL YO

330. Rit pénitansièl sa yo, ki nan pami tan prinsipal katékuména timoun yo, yo fè pati janr skrutin yo, sa yo jouinn nan òrdo inisiasion adult yo (nn. 152-180). Sé pou sa, kòm y-ap gadé nan minm diréksion final la, yo kapab sèvi épi adapté règ yo, sa yo propozé pou skrutin yo (nn. 25 § 1, 154-159).

331. Kòm skrutin yo dòdinè yo fè pati dènié tan préparasion pou Batèm nan, rit pénitansièl yo pou timoun yo, yo égzijé pou lafoua yo épi konpréansion nanm yo déja proche nan sa yo mandé pou Batèm nan.

332. Rit sa yo, koté ansanm avèk katékumèn yo, parinn yo (marinn yo) épi konpagnon group katéchetik la patisipé nan yo-a, sé pou yo adapté yo pou tout moun ki la yo, yon fason pou sélébrasion pénitansièl yo fèt pou izaj minm moun yo ki pa katékumèn yo. Réyèlman, anndan sélébrasion sa-a, kèk timoun ki déja batizé, ki inskri nan group katéchetik la, yo kapab admèt yo dabò nan sakréman pénitans la. Nan ka sa-a, y-a fè atansyon pou nan sélébrasion-an yo glisé avètisman ki byin tonbé, intansyon priyè yo épi aksion yo ki konsèné mòd jan timoun sa yo.

333. Rit pénitansièl yo, yo sélébré yo nan Karèm si yo gin pou inisié katékumèn yo nan solanité paskal yo ; otréman, sé nan tan ki bay plis avantaj. Y-ap ginyin omouin yon sèl rit. Si réyèlman sa kapab fèt, y-a ajouté yon lòt. Fòmul yo, y-ap konpozé yo dapré modèl premié-a. Pou démann la minm avèk priyè égzòsism nan y-ap sèvi avèk tèks yo prezanté nan nn. 164, 171, 178, antan yo adapté yo yon fason konvnb.

Introdiksyon rit la

334. Sélébran-an, apré li fi-n résévoua moun yo ki rasanblé-a, avèk kèk mo li ékspliké signifikasyon rit la gin pou-l montré dapré kondision chak moun, sa vlé di pou timoun yo ki katékumèn yo, pou sa-k batizé yo, sa yo sitou ki jodi-a ap proche pou premié foua nan sakréman pénitans la, pou paran yo avèk zanmi yo, katéchist yo avèk prèt yo, etc. Yo tout réyèlman y-ap kouté Bòn Nouvèl padon péché yo pou yo minm épi y-ap déklaré mizérikòd Bondié Papa-a.

Yo kapab chouazi yon kantik ki adapté pou montré lafoua ak kontantman osijè mizérikòd Bondié Papa-a.

335. Sélébran-an fini avèk priyè sa-a :

An nou lapriyè.

**Bondié ki bon épi ki gin mizérikòd,
ki révéle sa-ou yé antan-ou padoné**

épi ki fè ouè gloua ou antan-ou fè moun vi-n sin,
 fè nou favè, nou minm k-ap fè pénitans,
 pou lavé sa nou ginyin ki sal yo
 épi pou rétabli kè nou nan lavi-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Oubyin :

Fè nou favè, Granmèt, kado padon-an avèk lapè-a,
 pou antan nou pròpté anba péché nou yo,
 nou sèvi-ou avèk yon kè ki trankil.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Léktu yo avèk oméli-a

336. Yo kapab fè youn oubyin pliziè léktu.

Parégzanp :

Ézékièl 36, 25-28 : Yon kè nouvo épi yon éspri nouvo. [p. 372]

Izayi 1, 16-18 : Chanjman kè yo. [p. 393]

Mark 1, 1-5. 14-15 : « Fè pénitans épi kouè nan Bòn Nouvèl la ». [p. 394]

Mark 2, 1-12 : Paralitik la ki géri-a. [p. 394]

Luk 15, 1-7 : Ti mouton-an yo té pèdi-a épi yo jouinn nan. [p. 395]

1 Jan 1, 8 - 2, 2 : Jézu-Kri, Sovè nou-an. [p. 395]

Yo kapab sèvi tou avèk lòt léktu yo, sa yo indiké dòdinè nan skrutin yo :

Jan 4, 1-14 : Madanm samaritèn nan. [p. 396]

Jan 9, 1. 6-9. 13-17. 34-39 : Moun ki fèt tou avèg la, li géri. [p. 340]

Jan 11, 3-7. 17. 20-27. 33b-45 : Yo résisité Lazar sot nan pami mò yo. [p. 345]

Si ginyin dé oubyin pliziè léktu, y-a mété Psòm oubyin Kantik antré yo (n. 388).

Apré léktu yo, sélébran-an, pou ékspliké tèks sakré yo, li fè yon oméli tou kout.

Priyè

337. Anndan oubyin apré oméli-a, sélébran-an propozé moun yo ki rasanblé-a, antan li mété kèk tan silans nan mitan, paròl épi sijè koté li préparé yo pou pénitans la avèk rénouvelman kè yo.

Min si nan pami moun ki prézan yo gin timoun ki déjà batizé ki inskri nan group katéchetik la, sélébran-an viré nan diréksion yo tou, épi li invité yo pou yo montré sou pa déyò lafoua yo nan Kris Sovè-a épi doulè osijè pròp péché pa yo.

338. Apré kèk tan silans, koté tout moun préparé pou kontrision kè-a, sélébran-an invité asanblé-a pou priyè-a :

An nou priyé pou **N.** avèk **N.**, k-ap préparé tèt yo pou sakréman iniasion krétièn yo : pou **N.** ak **N.** k-ap résévoua pou premié fous padon Bondié-a nan sakréman pénitans la, épi pou nou minm k-ap mandé mizérikòd Kris la.

Léktè :

Pou, dévan Granmèt Jézu, nou rivé montré santiman nanm nou ki gin rékonésans épi sans lafoua, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nou mandé avèk sinsérite souvni féblès ak péché nou yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nan léspri pitit Bondié yo frajilité nou avèk fot nou yo nou déklaré yo avèk simplisité, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou osijè péché nou yo nou kité doulè-a parèt dévan Kris Jézu, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou anba mal yo ki la koulié-a nou libéré épi pou anba sa k-ap vini yo nou prézèvé avèk mizérikòd, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Léktè :

Pou nou aprann nan min Papa nou ki nan sièl la, gras a rinmin pa-l la ki nan Bondié-a, dépasé tout péché moun yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté nou Granmèt.

Yo kapab ranjé dapré sikonstans avètisman sélébrasion-an épi intansion yo antan yo sèvi avèk adaptasion ki nésésè ak fòmul nn. 378, 382 épi 386.

Égzòsism

339. Apré sa, sélébran-an, antan li lonjé min li sou timoun yo, li lapriyé :

An nou lapriyé.

**Papa mizérikòd yo,
ou minm ki té rinnèt Pitit ou-a ou rinmin-an,
pou moun nan ki té prizonié akòz ésklavaj péché-a,
ou té padonnin-l pou libèté pitit ou yo,
sèvitè-ou sa yo, ki déjà fè ékspérians tantasion yo,
épi ki ouè pròp fot yo,
voyé jé sou yo avèk bon kè épi réponn éspérans yo,
fè yo favè pou yo travèsé sot nan fènoua yo
al nan limiè ki pap janm étinn nan,
pou yo nétouayé anba péché yo,
épi antan yo jouinn kè kontan nan lapè-a,
yo konsèvé intak nan chémin lavi yo-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

Dòt fòm égzòsism, n. 392.

Onksion katékumèn yo oubyin inpozision min

340. Sélébran-an kontinué, antan-l di :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifé nou,
li minm, nan sign li-a nou maké nou avèk luil k-ap sovè nou-an.
Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Timoun yo :

Amèn.

Yo maké yo chak avèk luil katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan dé min, oubyin nan dèt pati kò-a si yo ouè sa gin yon avantaj.

Daprè jijman Konfèrans Évèk yo, yo kapab siprimé onksion sa-a oubyin répoté-l pou jou sélébrasion Batèm nan (cf. n. 218). Nan ka sa-a, antan-l palé ak tout katékumèn yo, sélébran-an di :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifé ou,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Timoun yo :

Amèn.

Épi minm lè-a sélébran-an pozé min sou chak katékumèn san-l pa di anyin.

Ranvova katékumèn yo

341. Osito sélébran-an ranvouayé yo avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Granmèt Jézu louvri mizérikòd li-a nan pami nou pou nou minm N. avèk N.. Nou mèt alé koulié-a nan lapè.

Timoun yo :

Mèsi Bondié, mèsi.

Oubyin li voyé yo al nan plas yo ; min yo minm yo pa soti nan légliz la. Nan ka sa-a sélébran-an di :

Granmèt Jézu louvri mizérikòd li-a nan pami nou pou nou minm N. avèk N.. Koulié-a minm nou mèt tounin al nan plas nou épi lapriyé la ansanm avèk nou.

342. Lè sa-a atò yo kontinué litiji pénitansièl la antan yo konsidéré dirèktéman sa-k konsèné timoun ki déjà batizé yo. Apré avètisman sélébran-an, chak moun ki gin pou résévoua sakréman pénitans pou premié foua épi apré sa rès yo, yo proché kot konfésional la. Apré yon kantik oubyin priyé aksion-d-gras, tout moun soti.

**TOUAZIÈM DÉGRÉ :
SÉLÉBRASION SAKRÉMAN INISIASION YO**

- 343.** Pou montré karaktè paskal batèm nan, li souétab pou sakréman sa-a yo sélébré-l nan Vijil paskal la oubyin yon jou dimanch koté Égliz la ap fè sonjé rézireksion Granmèt la (cf. Òdo Batèm timoun yo, n. 9), antan yo fè atansyon pou sa yo propozé nan n. 310 la.
- 344.** Yo sélébré Batèm nan nan Mès koté nouvo batizé yo ap patisipé pou premié foua nan Ékaristi-a. Sé pou yo bay Konfirmasion-an an minm tan, soua Évèk la soua Prèt la ki administré Batèm nan.
- 345.** Si Batèm nan yo sélébré-l andéyò Vijil la oubyin jou Pak la y-a sèvi oubyin ak Mès jou-a oubyin ak Mès rituèl inisiasion krétièn nan. Léktu yo y-a chouazi yo nan pami sa yo propozé nan n. 388 ; yo kapab sèvi tou avèk léktu dimanch yo oubyin fèt yo.
- 346.** Chak timoun ki katékumèn, parinn (marinn) yo minm minm yo chouazi yo épi prèt la aprouvé, akonpagné yo (*Sa pou yo noté anvan*, n. 43).

SÉLÉBRASION BATÈM NAN

- 347.** Antan timoun ki katékumèn yo rasanblé avèk paran yo (résponsab yo) avèk parinn yo (marinn yo), konpagnon yo épi zanmi yo épi tout rès fidèl yo, Mès la kòmansé, épi yo fè litiji paròl la avèk léktu yo, sa yo palé pi ro-a.

Apré sa yo fè oméli-a.

Avètisman sélébran-an

- 348.** Apré oméli-a, katékumèn yo avèk paran yo épi parinn yo, yo proché kot fontèn nan. Sélébran-an, antan-l palé avèk fanmiy nan, konpagnon yo ki prézan-an épi tout fidèl yo, li anplouayé avètisman sa-a oubyin sa-k sanblé avèk li pou yo.

Gras Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, frè-m yo nou rinmin anpil la, an nou mandé li avèk siplikasyon, pou sèvitè sa yo N. ak N. ki mandé Batèm nan antan paran yo dakò-a, pou yo fè pati pitit adoptif yo nan Kris la.

Bénédiksion dlo-a

349. Lè sa-a atò, sélébran-an, antan-l viré nan diréksion fontèn nan, li di **bénédiksion sa-a :**

**Bondié, ki réalizé rézilta ékstraòdinè
pa lantrémiz sign sakréman yo
gras a pouvoua yo pa kapab ouè,
épi ki té préparé kréatu dlo-a anpil fason,
pou-l té kapab montré gras batèm nan ;**

**Bondié, ou minm Éspri-ou t-ap plané sou dlo yo
nan pami premié bagay yo ki té parèt sou tè-a,
pou sa dlo yo yé natirèlman-an
té déjà kapab produi pouvoua pou fè moun vi-n sin ;**

**Bondié, ki té montré pòtré nouvo nésans la
nan dlo délij la ki té vidé-a,
pou gras a mistè yon sèl ak minm matiè-a,
sé finisman pou mové kalité yo ak sous bon kalité yo ;**

**Bondié, ki té fè pitit Abraam yo
travèsé nan lanmè Rouj la ak tras pié yo sèk,
pou pèp la, ki délivré anba ésklavaj Faraon-an,
té kapab sèvi davans kòm modèl pèp batizé yo ;**

**Bondié, ou minm Pitit ou-a té maké nan Éspri-Sin-an
lè-l té batizé nan dlo Joudin-an nan min Jan-an,
épi, lè-l té pandié sou koua-a,
li té fè san ak dlo soti bò kòt li,
aprè sa, lè-l té fi-n résisité-a, li té pasé disip li yo lòd :
« Alé, bay tout nasion yo ansègnman, batizé yo
o non Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an » :**

**Voyé jé-ou sou fas Égliz ou-a,
épi aksépté louvri fontèn batèm nan pou li.**

**Sé pou dlo sa-a résévoua gras Sèl Pitit ou-a
ki sot nan Éspri-Sin-an,
pou moun nan, ki kréyé dapré pòtré-ou la,
li lavé sot nan tou sa-k té sal li lontan,
gras a sakréman batèm nan,
pou-l mérité résisité nan yon nouvo nésans
pa pouvoua dlo-a ak Éspri-Sin-an.**

Sélébran-an ak min douat li, li touché dlo-a épi-l kontinué :

**Sé pou-l désann, tanpri, Granmèt,
nan tout profondè fontèn sa-a,
pa pouvoua Pitit ou-a, puisans Éspri-Sin-an,
pou tout moun, ki antéré avèk Kris la
pa lantrémiz batèm nan, nan lanmò-a,
yo résisité avèk li pou lavi-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Tout moun :
Amèn.

Dòt fòmul ochoua, n. 389.

350. Min nan tan paskal la, si dlo batèm nan déjà fi-n béni nan Vijil Paskal la, pou Batèm nan pa manké éléman aksion-d-gras avèk priyè-a, sé pou yo fè bénédiksyon avèk invokasyon Bondié sou dlo-a dapré fòmul yo y-a jouinn nan n. 389, antan yo konsidé rédivèsité tèks yo nan finisman minm fòmul yo.

Déklarasyon lafoua

Déklarasyon lafoua kominoté-a

351. Apré sa, anvan rénonnman avèk déklarasyon lafoua timoun yo ki katékumèn yo, sélébran-an kapab, dapré sikonstans, invité paran yo avèk parinn yo épi tout moun ki prézan yo pou profésion lafoua-a :

N. ak N., apré yo fi-n préparé yo pandan lontan, koulié-a y-ap batizé épi antan yo réservoua lavi nouvo-a ak bon kè sot nan Bondié, y-ap vi-n tounin krétyin. Apré sa nou minm plis ankò pasé anvan, n-ap gin pou nou ba yo konkou. Nou minm an premié, paran yo ki té konsanti pou Batèm yo-a épi nou gin souin pou fè édikasyon yo plis pasé tout moun, épi nou minm tou nou ginyin minm dévoua, nou ki té préparé yo pou jodi-a yo vi-n rankontré Kris la.

Sé pou sa, anvan yo minm yo déklaré lafoua-a dévan nou, nou tout, antan nou apuiyé sou konsians nou, profésion lafoua nou-an ki lafoua Égliz la n-ap rénouvlé-l dévan yo.

Lè sa-a atò, tout moun ansanm avèk sélébran-an yo di :

Mouin kouè nan Bondié
Papa-a ki gin tout Pouvoua.
Li kréyé sièl la ak tè-a.
Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a.
Li sé Granmèt nou-an.
Sé pa pouvoua Léspri Sin-an kò li vi-n fèt nan vant Mari ki vièj
é li tounin yon moun.
Li soufri sou ringn Pons Pilat, yo klouré-l sou koua-a,
Li mouri é yo antéré li.
Li désann koté mò yo té yé-a.
Sou touazièm jou li lévé byin vivan sot nan pami mò yo.
Li monté nan sièl la é li chita adouat Papa-a ki gin tout pouvoua.
Li gin pou-l rétounin pou jijé ni moun k-ap viv, ni moun ki mouri.
Mouin kouè nan Léspri Sin-an.
Mouin kouè Légliz la Sin é li la pou tout moun.
Mouin kouè tout byin zanmi Bondié yo fè sèvi lòt yo.
Mouin kouè péché yo jouinn padon.
Mouin kouè kò moun ki mouri yo va lévé byin vivan.
Mouin kouè nan lavi ki pap janm fini-an.
Amèn.

Dapré avantaj, yo kapab sèvi tou avèk simbòl Nisé-Konstantinòpl la (cf. p. 205).

Apré sa, sélébran-an antan-l viré nan diréksion katékumèn yo, li di :

Koulié-a minm, N. avèk N., anvan nou batizé, dévan Égliz la, rénonse Satan épi déklaré lafoua nou.

Déklarasion lafoua timoun ki katékumèn yo

352. Sélébran-an, antan-l viré nan diréksion timoun ki katékumèn yo, li palé ak yo yon fason tou kout, avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

N. avèk N., nou mandé Batèm épi nou té pasé anpil tan pou préparasion nou, paran nou yo té dakò avèk désizion-an ; katéchist yo, konpagnon yo avèk zanmi yo té édé nou épi tout moun jodi-a promèt nou égzanp lafoua yo avèk konkou yo kòm frè.

Nou minm minm, dévan Égliz la, di profésion lafoua-a épi résévoua Batèm nan.

Rénonsman

353. Sélébran-an intèrojé tout katékumèn yo :

Fòmül A

Èské nou rénonse Satan ak tout travay li yo ak tout atirans li yo?

Timoun yo :

Mouin rénonse.

Oubyin :

Fòmül B

Èské nou rénonse péché-a, pou nou viv nan libète pitit Bondié yo?

Timoun yo :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

Èské nou rénonse flatri méchansté-a pou péché-a pa pran fòs sou nou?

Timoun yo :

Mouin rénonse.

Sélébran-an :

Èské nou rénonse Satan, ki koz ak sous péché-a?

Timoun yo :

Mouin rénonse.

Onksion luil katékumèn yo

354. Si onksion avèk luil katékumèn yo Konfèrans Évèk yo konsèvé-l épi yo pa-t fè-l anvan, sélébran-an di :

**Sé pou puisans Kris Sovè-a fòtifé nou,
li minm, nan sign li-a nou maké nou avèk luil k-ap sovè nou-an.
Pa pouvoua minm Kris Granmèt nou-an,
li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

Timoun yo :

Amèn.

Chak timoun, yo maké yo avèk luil katékumèn yo nan pouatri-n oubyin nan dé min, oubyin minm nan dèt pati kò-a si yo ouè sa gin yon avantaj.

Si sa yo chouazi yo anpil, yo kapab anplouayé plizie minis.

Déklarasion lafoua-a

355. Apré sa, sélébran-an, antan-l chèché jouinn asirans ankò, atan, nan min parinn nan (oubyin nan min marinm nan) osijè non chak moun ki gin pou résévoua batèm nan, li intèrojé yo chak :

N., èské ou kouè nan Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ki kréyé sièl la ak tè-a?

Timoun nan :

Mouin kouè.

Sélébran-an :

Èské ou kouè nan Jézu-Kri, Sèl Pitit li-a, Granmèt nou-an, ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj, ki soufri, ki antéré, ki résisité sot nan pami mò yo, épi ki chita adouat Papa-a?

Timoun nan :

Mouin kouè.

Sélébran-an :

Èské ou kouè nan Éspri-Sin-an, nan Égliz katolik la ki sin-an, nan kò-d-fanmi sin yo, nan padon péché yo, nan réziréksion chè-a, ak nan lavi tout tan-an?

Timoun nan :

Mouin kouè.

Apré déklarasion lafoua pa-l la, yo vidé dlo sou chak moun tousuit oubyin yo plonjé li.

Rit Batèm nan

356. Sélébran-an tiré dlo batèm nan sot nan fontèn nan épi antan-l vidé-l toua fousou tèt moun yo chouazi-a ki bésé, li batizé-l onon Trè Sint Trinité-a :

N., mouin batizé-ou onon Papa-a

li vidé yon premié fousou

ak Pitit la

li vidé yon dézièm fousou

ak Éspri-Sin-an.

li vidé yon touazièm fousou

Parinn nan oubyin marinn nan pozé min douat li sou zépòl douat chak moun ki gin pou résévoua Batèm.

Si Batèm nan yo fè-l antan yo plonjé moun nan, sélébran-an, antan li plonjé timoun nan oubyin tèt li nan dlo-a toua fousou épi li retiré-l otan fousou, li batizé-l antan li di minm paròl yo. Sé pou yo fè atansion pou sa fèt dapré prinsip ki kinbé respè avèk konvnsans.

Apré batèm chak timoun, li bon pou pèp la fè yon aklamasyon ki tou kout (nn. 391-411).

357. Si nouvo batizé yo y-ap konfirmé yo tousuit, yo siprimé onksyon krèm nan apré Batèm nan (n. 358) épi osito yo fè lòt rit ki pou ékspliké yo (nn. 359-360).

RIT POU ÉKSPLIKÉ

Onksyon apré Batèm nan

[358]. Min si sélébrasyon Konfirmasyon-an pou yon rézon spésial séparé avèk Batèm nan, lè sa-a atò, apré yo fi-n vidé dlo-a, sélébran-an administré onksyon krèm nan nan fason òdinè, antan li di sou tout batizé yo ansanm :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
li minm ki té fè nou jouinn yon nouvo nésans
sot nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an,
épi ki té ba nou padon tout péché yo,
sé pou-l maké nou avèk krèm ki sové nou-an,
pou, antan nou antré nan pèp li-a,
nou rété pou lavi tout tan-an manb Kris la ki prêt,
profèt avèk roua.**

Moun ki sot batizé yo :

Amèn.

Apré sa, sélébran-an maké chak moun avèk sin krèm nan sou fron yo san-l pa di anyin.

Min si moun ki batizé yo anpil épi gin pliziè prèt oubyin diak ki prézan, yo chak kapab maké kèk batizé avèk krèm nan.

Abiyman avèk rad blan-an

359. Sélébran-an di :

N. ak N., nou vi-n tounin yon nouvo kréatu épi nou abiyé ak Kris la. Résévoua donk rad blan-an li minm n-a poté san tach dévan tribinal Granmèt nou-an Jézu-Kri pou nou gin lavi tout tan-an.

Batizé yo :

Amèn.

Nan paròl « Résévoua donk rad blan-an », parinn yo ak marinn yo pozé yon rad blan sou sa-k fèk batizé yo, sof si abitud koté-a nésésité yon koulè ki pi adapté.

Daprè kondision, yo kapab soté rit sa-a.

Rémiz chandèl ki limin-an

360. Apré sa, sélébran-an résévoua sièrj paskal la nan min-l oubyin li touché-l antan-l di :

Proché, parinn yo ak marinn yo, pou nou transmèt limiè-a bay nouvo batizé yo.

Parinn ak marinn yo proche épi yo limin yon chandèl nan sièrj paskal la épi yo rinnèt li bay nouvo batizé-a. Apré sa sélébran-an di :

Nou vi-n tounin limiè nan Kris la. Sé pou nou maché san rété tankou pitit limiè, pou, antan nou pèsévéré nan lafoua-a, nou réyisi al rankontré Granmèt la k-ap vini-an avèk tout sin yo nan palè sièl la.

Moun ki batizé yo :

Amèn.

SÉLÉBRASION KONFIRMASION-AN

361. Ant sélébrasion Batèm nan avèk Konfirmasion-an, dapré avantaj, asanblé-a chanté yon kantik ki adapté.

362. Yo kapab fè sélébrasion Konfirmasion-an oubyin nan éspas koté prèt yo yé-a, oubyin nan batistè-a minm, dapré jan kondision koté yo invité fè-a.

Si Batèm nan sé Évèk la ki fè-l, li bon pou sé li minm ki administré Konfirmasion-an tou, tousuit.

Min si Évèk la pa la, prèt la ki té fè Batèm nan kapab bay Konfirmasion-an. Lè moun ki gin pou yo konfirmé yo anpil, yo kapab asosié kòm minis pou administré sakrèman Konfirmasion-an prèt yo ki mérité yo dézigné yo pou fonksion sa-a (cf. n. 46).

363. Lè sa-a atò, sélébran-an palé avèk moun ki gin pou konfirmé yo yon fason tou kout avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Nou minm nou rinmin anpil la, ki jouinn nouvo nésans nan Kris la épi ki vi-n tounin manb Kris la avèk pèp sasèrdotal li-a, koulié-a sa-k rété pou fèt pou nou-an sé pou nou résévoua Éspri-Sin-an ki vidé nan nou-an, li minm Grammèt la té voyé sou Apot yo jou Pantkot la, li minm yo minm avèk sa-k vi-n apré yo-a té bay sa-k batizé yo.

Nou minm donk minm jan-an n-ap résévoua puisans Éspri-Sin-an yo té promèt la, li minm, pa pouvoua li, antan nou konfòmé avèk Kris la pi byin, nou vi-n sèvi témouin soufrans avèk réziréksion Grammèt la épi nou vi-n tounin manb aktif Égliz la pou bati Kò Kris la nan lafoua-a ak charité-a.

Apré sa, sélébran-an (antan li gin bò koté-l prèt yo ki té asosié avèk li yo) antan-l kanpé, dé min-l kontré, li di antan-l viré nan diréksion pèp la :

An nou lapriyè, nou minm nou rinmin anpil la,

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a,

pou, sou sa yo ki fèk batizé-a,

li vidé Éspri-Sin-an ak bon kè,

li minm k-ap fòtifé yo avèk kantité kado-l yo k-ap débodé-a,

épi avèk onksion li-an k-ap fè yo fi-n konfòm nèt ak Kris la,

Pitit Bondié-a.

Épi tout moun pandan kèk éspas tan yo lapriyè an silans.

364. Apré sa, sélébran-an (avèk prèt yo ki asosié avèk li-a) pozé min sou tout sa k-ap résévoua Konfirmasion yo. Poutan sé sélébran-an sèl ki di :

**Bondié ki gin tout pouvoua, Papa Granmèt nou Jézu-Kri,
ou minm ki té fè sèvitè-ou sa yo résévoua yon nouvo nésans
nan dlo ak Éspri-Sin-an,
antan-ou libéré yo sot nan péché-a,
ou minm, Granmèt, voyé Éspri-Sin Paraklè-a nan yo
ba yo éspri sajès ak intèlijans,
éspri konsèy ak fòs,
éspri sians ak piété ;
ranpli yo ak éspri krint ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.**

Tout moun :

Amèn.

365. Lè sa-a atò, minis la prezanté sin Krèm nan bay sélébran-an. Chak moun ki gin pou konfirmé yo proché kot sélébran-an oubyin dapré nésésité sélébran-an li minm proché kot chak moun ki gin pou konfirmé yo. Parinn nan minm (oubyin marinn nan) mété min douat li sou zépòl li épi li di non li bay sélébran-an, oubyin sa-k gin pou résévoua Konfirmasion-an li minm pou kont li déklaré non-an.

Sélébran-an, antan pouint pous min douat li tranpé nan Krèm nan, ak pous la li trasé sign koua-a sou fron sa k-ap konfirmé-a, antan-l di :

N., résévoua sign kado Éspri-Sin-an.

Konfirmé-a :

Amèn.

Sélébran-an ajouté :

Lapè avèk ou.

Konfirmé-a :

É avèk éspri-ou tou.

Min si dèt prèt asosié avèk sélébran-an pou bay sakréman-an, Évèk la, si-l la, prezanté yo tout véso sin Krèm yo.

Sa k-ap konfirmé yo, yo proché kot sélébran-an oubyin kot prèt yo ; oubyin dapré sikonstans, sélébran-an avèk prèt yo proché kot moun k-ap konfirmé yo. Yo maké yo nan fason yo dékri pi ro-a.

Pandan aksion-an yo kapab chanté kèk kantik ki adapté.

SÉLÉBRASION ÉKARISTI-A

366. Antan yo soté Sinbòl la, osito yo fè priyè inivèsèl la koté sa-k fèk batizé yo patisipé pou premié foua.

Pandan y-ap poté ofrann yo sou lotèl la, kèk nan yo transpòté yo.

367. Nan Priyè ékaristik I-an yo fè sonjé nouvo batizé yo nan Hanc igitur la (Granmèt, tanpri aksépté sa n-ap ofri-ou la) épi parinn yo (marinn yo) nan Memento-a (Granmèt sonjé) (n. 377). Si yo pran Priyè ékaristik II-a, III-a oubyin IV la, y-a ajouté paròl pou yo mété anndan yo pou nouvo batizé yo, sa yo jouinn nan n. 391.

368. Li bon pou sa-k fèk batizé yo résévoua sint Kominion-an sou toulèdé espès, ansanm ak paran yo, parinn yo, marinn yo, épitou katéchist layik yo.

Anvan Kominion-an, sa vlé di anvan Ecce Agnus Dei (Min Mouton Bondié-a), sélébran-an kapab bay moun ki fèk batizé yo yon avètisman tou kout osijè valè mistè ki si gran-an ki pouint tèt inisiasion-an épi sant tout vi krétyin-an. Sètènman li fè atansion tou pou sa-k té déjà batizé lontan yo k-ap proché pou premié foua pou kominié nan tab Bondié-a.

TAN MISTAGOJI-A

369. Pou avantaj timoun yo ki fèk batizé yo, sé pou yo prévoua yon tan sifizan mistagoji, koté l-ap bon pou adapté règ ki konsèné adult yo (nn. 235-239).

CHAPIT VI
DIVÈS TÈKS
YO KAPAB SÈVI AVÈK YO
NAN SÉLÉBRASION INISIASION ADULT YO

POU RIT POU FÈ KATÉKUMÈN YO

370. Pou n. 76 : Fòmul avètisman-an anvan prémié akò kandida-a ki vi-n tounin katékumèn nan.

1

Sélébran-an :

Bondié ki té kréyé tè-a avèk nou minm lèzòm épi koté sa-k vivan yo an mouvman, li kléré éspri nou yo, pou nou rékonèt li épi adoré li. Li voyé tou Jézu-Kri, témouin fidèl li-a, pou bagay yo li té ouè-a, sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè yo, li anonsé nou yo.

Nou minm donk k-ap réjouï osijè vini Kris la vini-an, li lè pou nou tandé li, pou ansanm avèk nou, antan nou kòmansé konnin Bondié épi rinmin prochin nou, nou ginyin lavi sièl la. Èské nou paré avèk sékou Bondié pou nou minnin lavi sa-a ?

Kandida yo :

Mouin paré.

2

Sélébran-an :

Lavi tout tan-an, min li, pou nou konnin vrè Bondié-a épi sa-a li té voyé-a Jézu-Kri. Li minm réyèlman ki résisité sot nan pami mò yo, Bondié mété li chèf lavi-a avèk Granmèt tout bagay, sa yo ouè yo avèk sa yo pa ouè yo.

Si donk nou anvi vi-n tounin disip li épi manb Égliz la, sé pou nou kité yo kondui nou nan tout vérité-a li té révéle nou-an pou nou kapab aprann ékspérimanté nan nou sa-k nan Kris Jézu tou épi fè éfò konfòmé konduit nou dapré kòmandman Bòn Nouvèl la

épi konsa rinmin Granmèt Bondié-a épi prochin nou jan Kris la té kòmandé nou-an épi té montré nou-an.

Tout bagay sa yo èské nou chak nou aprouvé-l ak konsantman nou ?

Kandida yo :

Mouin aprouvé.

371. Pou n. 80 : Yon lòt fòm rénonnman rélijyon payin yo :

Sélébran-an :

Kandida yo, nou rinmin anpil la : vré Bondié-a ki té rélé nou-an épi ki té kondui nou jous isit la, nou té souété adoré li épi sèvi li-minm sèl ak Pitit li-a Jézu-Kri. Koulié-a donk, dévan tout asanblé-a, rénonné rit yo épi rélijyon yo koté yo pa adoré vré Bondié-a. Li minm minm ni Pitit li-a, Jézu-Kri, pa kité-l pou nou sèvi dèt mèl ankò.

Kandida yo :

Sa pa doué fèt pou nou sèvi dèt mèl pasé vré Bondié-a.

Sélébran-an :

Kris Jézu-a, mèl vivan yo ak mò yo, ki kòmandé tout éspri yo ak démon yo, pa abandoné-l pou nou rékòmansé adoré N. (isit la yo fè sonjé éspri yo adoré nan fo rit yo, parégzanp « fétich yo »).

Kandida yo :

Sa pa doué fèt.

Sélébran-an :

Kris Jézu ki li minm sèl gin pouvoua protéjé lèzòm, pa abandoné-l pou nou rékòmansé chèché (oubyin : poté, sèvi avèk) N. (isit la yo nonmin bagay yo konn sèvi avèk yo nan mantalite sipèstision, parégzanp ouanga).

Kandida yo :

Sa pa doué fèt.

Sélébran-an :

Kris Jézu, li minm sèl ki vérité-a, pa abandoné-l pou nou rékòmansé alé kot divinò, majisyin ak chalatan.

Kandida yo :

Sa pa doué fèt.

Fòmül yo di anro yo, dapré sikonstans yo kapab adapté yo.

372. Pou n. 92 : Léktu bibliik yo pou òrdo pou fè katékumèn yo.

Jénèz 12, 1-14a : « Soti nan péyi-ou la, épi vini nan péyi-a, sa m-ap montré-ou-la ».

Nan jou sa yo : Granmèt la di Abraam... 4 jouska Granmèt la. [p. 322]

Jan 1, 35-42 : « Min Mouton Bondié-a. Nou jouinn Mési-a ».

Lè sa-a : Jan té kanpé épi dé nan pami disip li yo. [p. 323]

Yo kapab chouazi tou dòt tèks ki adapté.

Psòm répons yo

Ps 32, 4-5. 12-13. 18-19. 20 é 22

R (12b) : Ala kontantman pou pèp la, sa Granmèt la chouazi kòm éritaj pou li-a.

Oubyin (22) : Sé pou mizérikòd ou-a, Granmèt, sou nou, minm jan nou té éspéré nan ou-a. [p. 322]

373. Pou nn. 113-118 : Dòt priyè égzòsism yo kapab chouazi.

1

An nou lapriyè.

Granmèt Jézu-Kri, ou minm ki rinmin moun yo épi ki rachté yo,
ou minm sé nan non-ou nan tout moun doué sové-a,
ou minm tout jénou plouayé dévan-ou nan
sa-k nan sièl yo, sa-k sou tè yo épi sa-k anba tè yo,
pou sévité-ou sa yo,
k-ap adoré ou minm vré Bondié-a,
n-ap priyé-ou avèk siplikasion :
kléré kè yo épi voyé jé-ou sou yo ;
tout tantasion avèk anvè ènmi-an ouété yo sot nan yo ;
péché yo épi féblès yo géri yo,
pou antan yo ékspérimanté volonté-ou la ki bon-an
épi ki kòrèk nèt la, yo obéyi Bòn Nouvèl ou-a avèk pèsévérans

épi yo rivé mérité vi-n tounin abitasion Éspri-Sin-an.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

R: Amèn.

2

An nou lapriyè.

Granmèt Jézu-Kri,
ou minm, antan Papa-a té voyé-ou la
épi Éspri-Sin-an té sakré-ou la,
ou té vlé akonpli promès profèt la nan sinagòg la
antan ou préché libètè bay prizonié yo
épi yon ané koté Bondié montré bon kè li,
n-ap priyé ou antan n-ap sipliyé pou sèvitè-ou sa yo
ki dirijé zòrèy yo avèk kè yo koté-ou :
fè yo favè, pou yo résévoua tan favorab gras la.
Sé pa pou yo rété avèk kè séré,
ni antan y-ap tonbé nan anvi chè-a,
yo vi-n étranjé parapò a éspérans promès yo
épi antan y-ap obéyi éspri méfians la,
min pito, antan yo kouè nan ou,
ou minm Papa-a mété tout bagay anba lòd ou-a
épi li mété-ou anlè tout bagay la,
yo soumèt tèt yo anba éspri lafoua-a avèk gras la,
pou antan yo konsèvé éspérans vokasion yo-a
yo rivé jouinn dignité pèp sasèrdotal la,
épi yo fété nan débòdman kè kontan nouvo Jérusalèm nan.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

R: Amèn.

3

An nou lapriyè.

Granmèt Jézu-Kri,
antan ou kalmé tanpèt la épi ou délivré moun yo ki té posédé
ak démon yo,
ou té rélé Matié piblikin-an vi-n jouinn ou
pou té fè-l tounin égzanp mizèrikòd ou-a
épi pou tout tan yo té sonjé kòmandman-ou nan
pou anségné tout nasion yo,
n-ap priyé ou avèk siplikasion pou sèvitè-ou sa yo,

yo minm ki rékonèt yo sé péchè.
 Aksépté frinnin pouvoua ènmi-an k-ap kontrarié-a,
 épi fè yo favè pou yo minm, ki fè ékspérians mizérikòd ou-a,
 yo géri anba blès péché-a épi yo jouinn lapè kè-a,
 yo jouinn plézi yo nan nouvo Bòn Nouvèl la
 épi yo suiv apèl ou-a avèk tout kè yo.
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

R: Amèn.

4

An nou lapriyè.

Bondié, sajès ki anlè nèl la,
 ou minm ki té rélé Pòl apot la,
 pou nan pami nasion yo li té poté Bòn Nouvèl Pitit ou-a,
 n-ap priyé-ou avèk siplikasion pou sèvitè-ou sa yo,
 yo minm ki anvi Batèm ki sin-an :
 fè yo favè pou, antan y-ap pran modèl sou Apot nasion yo,
 yo pa dakò avèk chè-a avèk san-an,
 min yo rivé mété yo dakò avèk gras ou-a.
 Sondé kè yo donk épi nétouayé yo,
 pou, antan yo libéré anba tout mansonj,
 antan yo bliyé sa-k té pasé anvan épi antan tout yo minm
 ap avansé nan diréksion sa k-ap vini yo
 yo konsidéré tout bagay tankou fatra
 akòz konésans Kris la Pitit ou-a ki dépasé tout bagay la
 épi yo fè-l donnin frui.
 Li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

R: Amèn.

5

An nou lapriyè.

Bondié ou minm ki kréyé épi rachté pèp ou-a ki sin-an,
 ou minm ki té rédi katékumèn sa yo vi-n jouinn ou
 antan ou rinmin yo yon fason ékstraòdinè-a,
 jodi-a antan ou-ap gadé yo,
 épi antan ou-ap nétouayé kè yo,
 mistè-ou la ou-ap vidé-a, réalizé-l nan yo nèl,
 pou antan y-ap suiv Kris la avèk yon kè sinsè

yo mérité tiré dlo-a k-ap sové yo-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

374. Pou n. 121-124 : Dòt priyè bénédiksion katékumèn yo.

1

An nou lapriyè.

Granmèt Bondié nou,
ou minm ki abité anro yo épi k-ap gadé sa ki anba yo,
ou minm ki pou sové ras lèzòm té voyé Pitit ou-a,
Bondié ak Granmèt nou Jézu-Kri,
voyé jé sou sèvitè-ou yo ki katékumèn yo,
ki bésé tèt yo avèk umilité dévan-ou :
fè yo mérité bingn nouvo nésans la
nan padon péché yo épi antan yo abiyé avèk sa-k pap gaté-a
fè yo antré nan sint Égliz katolik épi apostolik ou-a
pou yo minm ansanm avèk nou yo fè gloua pou non ou.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

2

An nou lapriyè.

Bondié, Granmèt tout bagay,
ou minm ki pa pouvoua sèl Pitit ou-a té chaviré satan
épi antan-ou kasé chinn li yo
ou té libéré moun yo ki té prizonié yo,
n-ap di-ou mési pou katékumèn yo ou té rélé yo :
sé pou yo vi-n solid nan lafoua-a,
pou yo konnin ou minm ki sèl vré Bondié-a
épi sa-a ou té voyé-a, Jézu-Kri,
pou yo rété pròp nan kè épi pou yo fè progrè nan kalité,
pou yo mérité bingn nouvo nésans la épi mistè yo ki sin-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

3

An nou lapriyè.

Bondié, ou minm ki vlé pou tout moun sovè,
 épi pou yo rivé nan konésans vérité-a,
 lafoua-ou la, vidé-l ak bon kè nan kè moun yo
 k-ap préparé pou Batèm nan
 épi fè yo antré nan Égliz ou-a ki sin-an antan ou pran pitié,
 pou yo rivé mérité kado pou yo pa janm mouri-a.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

✠ Amèn.

4

An nou lapriyè.

Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua,
 Papa Sovè nou Jézu-Kri,
 pou sèvitè-ou sa yo, ak bon kè voyé jé-ou :
 tout rès idolatri, chasé yo sot nan léspri yo ;
 nan kè yo, laloua-ou la avèk kòmandman ou yo, fè yo solid ;
 kondui yo nan tout konésans vérité-a,
 épi préparé yo, pou palantrémiz nouvo nésans Batèm nan,
 yo vi-n tounin tanp Èspri-Sin-an.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

✠ Amèn.

5

An nou lapriyè.

Voyé jé, Granmèt, sou sèvitè-ou yo,
 ki kolé kò yo sou non-ou nan ki sin-an
 épi ki bésé tèt yo dévan-ou :
 édé yo nan tout bon aksion ;
 révéyé kè yo,
 pou antan yo sonjé aksion-ou yo avèk kòmandman-ou yo,
 nan tout bagay ki pou ou yo, yo gin anprésman ak kè kontan.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

✠ Amèn.

374 bis. Pou n. 141 : Tèks Mès rituèl pou choua-a.

Réf. pou antré

Psòm 104, 3-4

Sé pou-l kontan, kè moun yo k-ap chèché Granmèt la.
Chèché Granmèt la épi n-ap jouinn fòs.
Chèché fas li tout tan.

• **Priyè**

Bondié, ou minm,
malgré sovè ou sovè moun yo sé tout tan ou réalizé-l,
koulié-a minm pèp ou-a sé ak gras k-ap débodé pi plis
ou fè-l kontan,
voyé jé tanpri sou éléksion-ou nan,
pou sékou protéksion bon kè-ou
bay asirans pou ni sa ki gin pou yo rétrouvé lavi yo
ni sa-k réfèt yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

• **Sou ofrann yo**

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan,
ou minm ki rétabli nou pou lavi tout tan-an,
nan déklarasion non-ou gras a sakréman batèm nan,
résévoua kado ak priyè sèvitè-ou yo,
pou moun yo ki éspéré nan ou-a,
ou pasé lòd pou anvi yo réalizé épi pou péché yo éfasé.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

Réf. pou kominion

Éfézyin 1, 7

Nan Kris la nou gin rédanmsion pa pouvoua san li,
rémision péché yo, dapré richès gras li-a.

• **Apré kominion**

Sé pou yo pròpté nou, tanpri, Granmèt,
sakréman yo nou résévoua-a,
épi sèvitè-ou yo, fè yo favè libéré anba tout fot,
pou yo minm ki krazé antan yo koupab nan konsians la,
yo jouinn gloua nan plénitud rémèd sièl la.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

Yo kapab pran tou Mès vandrédi katriyèm sémèn Karèm nan.

375. Pou n. 148 : Yon lòt fòm priyè apré choua-a :

Pou sa yo nou chouazi yo, yo tiré kontantman nan priyè chak jou :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou, antan y-ap lapriyè-ou souvan, yo viv antan yo fè youn pi plis avèk ou :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou Paròl ou-a yo kontan li-l épi médité-l nan kè yo :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou antan yo rékonèt défo yo avèk umilité, yo kòmansé korijé pròp tèt yo antan y-ap fè éfò :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou travay y-ap fè chak jou-a yo viré-l nan diréksion-ou, nan yon ofrann ki fè-ou plézi :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou chak jou Karèm nan yo konsakré kichòy ba ou :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou anba ninpòt ki kalité tach, ki sal pròpté kè-a, yo rété louin yo avèk gran kouraj :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou bon kalité avèk sinteté lavi-a yo pran abitud rinmin yo épi konsèvé yo :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou antan yo rénonse amou pròp tèt pa yo, sé lòt yo plis pasé yo minm yo sonjé :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou fanmi pa yo avèk bon kè ou konsèvé yo épi ou béni yo :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

Pou kontantman-an yo jouinn ki soti nan lafoua-a, yo patajé-l avèk lòt yo :

R: N-ap lapriyè-ou kouté nou.

376. Pou n. 160 : Léktu pou prémié skrutin-an :

Léktu I. Égzòd 17, 3-7 : Ba nou dlo pou-n bouè.

Nan jou sa yo : Pèp la souaf paské té manké dlo... [p. 332]

Psòm répons. Ps 94, 1-2. 6-7. 8-9

Ⲁ (8) : Si jodi-a nou té kapab tandé voua li, pa fè kè nou du. [p. 332]

Léktu II. Romin 5, 1-2. 5-8 : Rinmin Bondié-a vidé nan nou palantrémiz Èspri-Sin-an yo ba nou-an.

Frè-m yo : Antan nou kòrèk nèt gras a lafoua-a, nou gin lapè kot Bondié... [p. 333]

Vèsè anvan Évanil la. Jan 4, 42 é 15 : Granmèt sé ou minm ki sovè tè-a tout bon vré. Ban-m dlo vivan-an pou-m pa souaf. [p. 333]

Évanjil. Jan 4, 5-42 (pi long) oubyin 5-15. 19b-26. 39a. 40-42 (pi kout) : « Sous dlo-a k-ap vòltijé pou lavi tout tan-an ».

Lè sa-a : Jézu rivé nan yon vil Samari... [p. 333, 335]

377. Pou n. 160 : Tèks pou Mès koté yo sélébré prémié skrutin-an.**• Priyè**

**Fè moun nou chouazi yo favè, tanpri Granmèt,
pou yo rivé nan déklarasion louanj ou
yon fason kòrèk épi avèk sajès
pou gras a kondision dignité lontan-an,
sa yo té pèdi akòz fot orijinèl la,
yo réfòmé pa pouvoua gloua-ou.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

• Sou ofrann yo

**Sé pou pitié-ou, Bondié, tanpri,
pran dévan sèvitè-ou yo jan sa doué fèt,
pou yo konsidéré mistè sa yo,
épi sé pou-l kondui yo nan konpòtman ki dévoué.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

Memento (Granmèt, sonjé) **parinn yo (nan Kanon romin-an) :**

**Sonjé, Granmèt, sèvitè-ou yo ak sèvant ou yo,
ki gin pou yo soutni sa-ou chouazi yo
pou gras Batèm ou-an ki sin-an,**

épi yo résité non parinn yo ak marinn yo

**ak tout moun ki kanpé alantou yo,
yo minm ou konnin lafoua yo-a...**

Hanc igitur (Granmèt, tanpri aksépté sa n-ap ofri-ou la) **pròp :**

**Ofrann sa-a donk, Granmèt,
n-ap priyé pou-ou résévoua-l ak bon kè,
li minm nou ofri pou sèvitè-ou yo ak sèvant ou yo,
yo minm ou aksépté kouté, chouazi épi rélé
pou lavi tout tan-an
ak pou kado gras ou-a ki sin-an
(Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an. Amèn).**

• **Apré kominion**

**Sé pou-ou prézan, Granmèt, tanpri,
gras a rézilta rédanmsion-an,
pou, sa yo ou mété kanpé gras a sakréman tout tan yo,
yo minm tou ou protéjé yo antan ou adapté yo kòrèk.
Pa pouvoua Jézu-Kri.**

378. Pou n. 163 : Yon lòt fòm priyé ochoua pou premié skrutin-an :

Pou sa yo nou chouazi yo, tankou madam Samaritèn nan, yo répasé lavi yo dévan Kris la épi yo rékonèt pròp péché yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou éspri méfians la k-ap dévié démach lèzòm sot nan chémin Kris la, yo libéré sot anba-l, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou antan y-ap tann kado Bondié-a, yo anvi ak tout kè yo dlo vivan-an k-ap vòltijé pou lavi tout tan-an, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou, antan yo résévoua Pitit Bondié-a kòm mèt, yo vi-n tounin vrè adoratè Bondié Papa-a nan éspri ak nan vérité, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou tout moun ki pòv sou fas tè-a épi ki pa gin paròl Bondié-a, yo réyisi rivé nan Bòn Nouvèl Kris la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou nou tout, nou kité Kris la anségné nou épi antan nou rinmin volonté Papa-a nou réalizé aksion li avèk amou, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

379. Pou n. 164 : Yon lòt fòm égzòsism pou premié skrutin-an :

An nou lapriyé.

Papa mizèrikòd yo,

ou minm ki palintèmédiè Pitit ou-a

pran pitié ak bon kè pou Samaritèn nan

épi antan ou kité minm préokipasion ou gin pou nou

kòm papa-a touché-ou,

ou té ofri tout péchè yo pou yo sovè

avèk rinmin-ou nan ki ékstraòdinè-a,

voyé jé gadé sa yo nou chouazi yo,

yo minm ki souété palantrémiz sakrèman yo

résévoua adopsion pitit yo :

dégajé yo sot nan ésklavaj péché-a épi anba jouk satan ki lou-a

pou yo résévoua jouk Jézu-a ki léjé.

Protéjé yo nan tout danjé yo,

pou antan y-ap sèvi-ou yon fason fidèl nan lapè avèk kontantman,

yo rivé rann ou gras tou pou tout tan.

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

**Granmèt Jézu, ou minm ki nan plan mizèrikòd ou-a
 ki ékstraòdinè-a
 ou té konvèti madanm nan ki té péchrès la,
 pou li té kapab adoré Papa-a apré sa nan éspri ak vérité,
 koulié-a, anba ruz satan ki mové yo
 sa yo nou chouazi yo libéré yo avèk puisans,
 yo minm k-ap proché kot sous dlo vivan-an ;
 viré kè yo nan pouvoua Éspri-Sin-an,
 pou nan yon lafoua sinsè ki aji palantrémiz charité-a
 yo rékonèt Papa-ou.
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.
 R: Amèn.**

380. Pou n. 167 : Léktu pou dézièm skrutin-an.

Léktu I. 1 Samuèl 16, 1b. 6-7. 10-13a : Yo sakré David kòm roua sou Israèl.

Nan jou sa yo : Granmèt la di Samuèl : Plin kòn ou-an avèk lui... **6** Lè-l antré, li ouè Éliab... [p. 337]

Psòm répons. Ps 22, 1-3a. 3b-4. 5. 6

R: (1) : Granmèt la kondui-m, anyin pap manké-m. [p. 338]

Léktu II. Éfézyin 5, 8-14 : Lévé sot nan pami mò yo épi Kris la ap kléré-ou.

Frè-m yo : Lontan nou té fènoua... [p. 338]

Vèsè anvan Évanil la. Jan 8, 12b : Mouin sé limiè tè-a, sé sa Granmèt la di, moun ki suiv mouin, l-ap gin limiè lavi-a. [p. 339]

Évanjil. Jan 9, 1-41 (pi long) oubyin 1. 6-9. 13-17. 34-38 (pi kout) : « L-alé épi li lavé kò li, épi li vini antan li ouè ».

Lè sa-a : Antan l-ap pasé, Jézu ouè yon moun avèg... **6** épi li kraché atè-a... [p. 322]

Yo kapab chouazi tou si yo vlé Égzòd 13, 21-22 [p. 337].

381. Pou n. 167 : Tèks pou Mès koté yo sélébré dézièm skrutin-an.

• Priyè

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan,
 dévlopé Égliz ou-a ak plézi spirituèl,
 pou, sa yo ki réglé sou tè-a nan nésans la,
 yo réglé nan sièl la nan rénésans la.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

• Sou ofrann yo

Kado rémèd tout tan yo, Granmèt,
 n-ap ofri yo ak kè kontan, antan n-ap priyé ak siplikasion,
 pou-ou fè nou vénéré yo yon fason kòrèk
 épi ofri yo jan sa doué fèt pou sa yo ki gin pou yo sovè yo.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

Memento (Granmèt, sonjé) pou parinn yo, épi Hanc igitur (Granmèt, tanpri aksépté sa n-ap ofri-ou la) pròp tankou pi ro-a, n. 377.

• Apré kominion

Ou minm tout tan, tanpri, Granmèt,
 soutni fanmiy ou-an ak bon kè,
 dispozé-l pou-l rédrésé,
 protéjé-l antan-ou panché sou li, li minm ki anba lòd ou,
 kòmandé-l ak bonté tout tan pou-ou sovè-l.
 Pa pouvoua Jézu-Kri.

382. Pou n. 170 : Yon lòt fòm priyè pou dézièm skrutin-an :

Pou, antan fènoua yo ralé kò yo, li minm li kléré kè sa yo nou chouazi yo, an nou priyé Granmèt la.

✠ Kouté Granmèt.

Pou, li minm li kondui yo avèk bon kè kot Kris li-a, ki vi-n tounin limiè tè sa-a, an nou priyé Granmèt la.

✠ Kouté Granmèt.

Pou sa yo nou chouazi yo, antan yo louvri kè yo, yo déklaré Bondié sé sous limiè-a épi témouin vérité-a, an nou priyé Granmèt la.

✠ Kouté Granmèt.

Pou antan li géri yo, li konsèvé yo anba inkrédulité tè sa-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou antan li sovè yo, li minm ki ouété péché tè-a, li libéré yo anba kontajion péché sa-a épi anba krazé l-ap krazé yo-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou antan Éspri-Sin-an kléré yo, yo déklaré san rété Bòn Nouvèl ki sovè nou-an épi yo transmèt li bay lòt yo, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou nou tout, gras a égzanp konduit nou, nou vi-n tounin, nou minm tou, limiè tè-a nan Kris la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou tout moun ki abité tè-a yo rékonèt vrè Bondié-a kréatè tout bagay yo, li minm ki ba nou, nou minm lèzòm, éspri avèk lavi, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

383. Pou n. 171 : Yon lòt fòm égzòsism pou dézièm skrutin-an :

An nou lapriyé.

Bondié, limiè ki pa kapab étinn épi Papa limiè yo,
 ou minm ki palantrémiz lanmò ak réziréksion Kris ou-a,
 ou té chasé fènoua manti-a avèk rayisans la
 épi ou té vidé limiè vérité-a avèk rinmin-an
 nan fanmiy ras moun nan,
 fè nou favè, tanpri, pou sa yo ou chouazi yo
 yo minm ou té rélé nan pami pitit adoptif yo,
 yo rivé travèsé sot nan fènoua yo al nan klèté-a
 épi, antan yo libéré sot anba tout pouvoua chèf fènoua yo,
 yo kontinué rété pitit limiè.
 Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Granmèt Jézu,

**ou minm ki antan ou té résévoua Batèm ou minm minm,
ou té résévoua Éspri-Sin-an sot nan sièl yo ki louvri-a,
pou nan li ou té poté Bòn Nouvèl la bay pòv yo
épi ou té fè avèg yo rétounin ouè,
Éspri sa-a, vidé-l nan sa yo ki anvì sakréman-ou yo
pou antan yo prézèvé anba kontajion èrè-a,
dout la avèk inkrédulité-a
épi antan lafoua douat la kondui yo,
avèk jé yo géri épi k-ap gadé anlè yo rivé kontanplé-ou.
Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.**

℞ Amèn.

384. Pou n. 174 : Léktu pou touazièm skrutin-an.

Léktu I. Ézékièl 37, 12-14 : « M-ap mété Éspri-m nan nou épi n-ap viv ». Min sa Granmèt Bondié-a di : Min m-ap louvri tonm nou yo... [p. 342]

Psòm répons. Ps 129, 1-2. 3-4ab. 4c-6. 7-8

℞ (7) : Kot Granmèt la sé mizérikòd épi koté-l sé rédanmsion an kantité. [p. 342]

Léktu II. Romin 8, 8-11 : « Éspri sa-a ki résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou ».

Frè-m yo : Moun yo ki nan chè-a, yo pa kapab fè Bondié plézi... [p. 343]

Vèsè anvan Évanil la. Jan 11, 25a é 26 : Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ; moun ki kouè nan mouin li pap mouri pou tout tan. [p. 343]

Évanjil. Jan 11, 1-45 (pi long) oubyin 3-7. 17. 20-27. 33b-45 (pi kout) : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a ».

Lè sa-a : Té gin yon moun yo rélé Lazar ki té malad...

(pi kout) Lè sa-a : Sè Lazar yo té voyé kot Jézu antan yo di... **33** Jézu donk tranblé... [p. 343, 345]

385. Pou n. 174 : Tèks pou Mès koté yo sélébré touazièm skrutin-an.

• **Priyè**

**Fè sa nou chouazi yo favè, Granmèt,
pou, antan yo fi-n résévoua ansègnman sou mistè yo ki sin yo,**

yo réfèt tou nèf nan fontèn batèm nan,
épi yo antré nan pami manb Égliz ou-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

• **Sou ofrann yo**

Kouté nou, Bondié ki gin tout pouvoua,
épi sèvitè-ou yo,
ou té plin ak prémié frui lafoua krétyin-an,
fè yo favè nétouayé gras a aktivité sakrifis sa-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

Memento (Granmèt, sonjé) pou parinn yo, épi Hanc igitur (Granmèt, tanpri aksépte sa n-ap ofri-ou la) pròp tankou pi ro-a, n. 377.

• **Apré kominion**

Sé pou-l rasanblé, Granmèt tanpri, pèp ou-a,
épi nan soumison-ou ak tout kè-l sé pou-l jouinn favè
pou, antan-l asiré anba tou sa k-ap trakasé-l,
li joui kontantman byin vit poutèt ou sové-l la
épi li priyé ak bon kè pou sa yo ki gin pou yo rétrouvé lavi-a.
Pa pouvoua Jézu-Kri.

386. **Pou n. 177 : Yon lòt fòm priyé pou touazièm skrutin-an :**

Pou sa yo chouazi yo, yo ba yo lafoua k-ap fè yo déklaré Kris la sé réziréksion-an ak lavi-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou antan yo libéré anba péché yo, yo gin frui nan sanktifikasion-an ak lavi tout tan-an, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou antan chinn péché yo kasé palantrémiz pénitans la, yo vi-
n sanblé ak Kris la pa pouvoua Batèm nan épi antan yo mouri
parapò a péché-a, yo viv tout tan pou Bondié, an nou priyé
Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou antan yo gin éspérans Éspri-a k-ap fè viv la, yo fè éfò dispozé tèt yo pou yon rénouvèlman lavi, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou gras a nouriti ékaristik la, sa yo pral gouté prochènman-an, yo asosié avèk pròp otè lavi-a ak réziréksion-an, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou nou tout, antan n-ap maché nan nouvoité lavi-a, nou montré tè-a puisans réziréksion Kris la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou tout moun ki abité tè-a, antan yo jouinn Kris la, yo rékonèt nan li-minm promès lavi tout tan-an, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

387. **Pou n. 178 : Yon lòt fòm égzòsism pou touazièm skrutin-an :**
An nou lapriyé.

Papa, sous tout vi, ou minm k-ap chèché gloua-ou
nan moun nan ki vivan-an,
épi ki révéle tout puisans ou nan réziréksion mò yo,
aksépté délivré sa yo nou chouazi yo sot anba pouvoua lanmò-a
yo minm ki anvèi proché kot lavi-a palantrémiz Batèm nan.
Libéré yo anba ésklavaj djab la,
li minm ki té minnin lanmò-a palantrémiz péché-a
épi ki té chèché gaté tè-a ou té kréyé bon-an.
Mété yo anba pouvoua Pítit ou-a ou rinmin-an
pou yo résévoua puisans réziréksion-an nan min li
épi pou yo sèvi gloua-ou la témouin dévan moun yo.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

R: Amèn.

Granmèt Jézu-Kri, ou minm ki té kòmandé Lazar pou-l soti vivan
sot nan tonm nan épi ki té libéré tout moun anba lanmò
gras a réziréksion-ou nan,

n-ap priyé ou avèk umilité pou sèvitè-ou yo,
 yo minm k-ap fè vit proché kot dlo nouvo nésans la
 épi kot tab lavi-a :
 pa pèmèt yo rété anba pouvoua lanmò-a,
 yo minm ki gras a lafoua yo
 ap patisipé nan viktoua rézirkéksion-ou nan.
 Ou minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.
R: Amèn.

POU SÉLÉBRASION BATÈM NAN

388. Pou nn. 253 épi 345 : Léktu bibliik pou inisiasion krétièn andéyò Vijil paskal la :

LÉKTU NAN ANSYIN TÈSTAMAN-AN

1. **Jénèz 15, 1-6. 18a :** « Sé konsa désandans ou ap yé. Sé désandans ou m-ap bay tè sa-a ». Jou sa yo : Paròl Granmèt la rivé kot Abram... [p. 368]
2. **Jénèz 17, 1-8 :** « M-ap mété aliens mouin ant mouin minm ak ou minm épi désandans ou apré-ou nan jénérasyon-l yo, aliens pou tout tan ». Apré Abram té kòmansé gin katrévin-diznèf ané... [p. 368]
3. **Jénèz 35, 1-4. 6-7a :** « Ouété dié étranjé yo ki nan mitan nou yo ». Nan jou sa yo : Bondié palé ak Jakòb... 7 jous Kay Bondié. [p. 369]
4. **Détéronòm 30, 15-20 :** « Chouazi lavi-a, pou-ou viv ansanm ak désandans ou ». Moyiz palé ak pèp la, antan-l di : Konsidéré sa-m prezanté dévan-ou jodi-a... [p. 369]
5. **Jozué 24, 1-2a. 15-17. 18b-25a :** « N-ap sèvi Granmèt la, paské sé li minm ki Bondié nou ». Jou sa yo : Jozué rasanblé tout ras Israèl yo... 2 jous li palé... 15 « Si nou konsidéré sa mal... 25 jous Jou sa-a, Jozué pasé yon aliens. [p. 370]

6. **2 Roua 5, 9-15a** : « Naaman désann, li lavé kò-l nan Joudin-an sèt foua, épi li géri »
 Jou sa yo : Naaman, [chèf lamé roua Siri-a], rivé ak choual li, ak chario li... [p. 371]
7. **Izayi 44, 1-3** : « M-ap vidé éspri-m sou désandans ou-a ».
 Kouté, Jakòb, sèvitè-m... [p. 371]
8. **Jérémi 31, 31-34** : « M-ap ékri laloua-m nan nan kè yo ».
 Min jou k-ap rivé, sé sa Granmèt la di... [p. 372]
9. **Ézékièl 36, 24-28** : « M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, épi n-ap vi-n pròp, sot nan tou sa-k té sal nou yo ».
 Min sa paròl Granmèt la di : « M-ap pran nou sot nan nasion yo... [p. 372]

Oubyin léktu Ansyin Téstaman yo propozé pou Vyéyé paskal la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1. **Travay Apot yo 2, 14a. 36-40a. 41-42** : « Sé pou chak moun nan nou batizé o non Jézu-Kri ».
 [Jou Pannkot la,] Piè kanpé avèk onz yo, li lévé voua-l, li déklaré : Sètènman sé pou tout kay Israèl la konn sa... **40 jous** ankourajé yo. [p. 373]
2. **Travay Apot yo 8, 26-38** : « Min dlo ; ki sa-k anpéché-m batizé ? ».
 Jou sa yo : Anj Granmèt la palé ak Filip... [p. 373]
3. **Romin 6, 3-11 (pi long) oubyin 3-4. 8-11 (pi kout)** : « Nou antéré ansanm avèk li nan batèm nan pou nou maché nan nouvo lavi-a ».
 Frè-m yo : Nou tout ki batizé nan Kris Jézu... [p. 374, 374]
4. **Romin 8, 28-32. 35. 37-39** : « Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ? ».
 Frè-m yo : Nou konnin pou moun yo Bondié rinmin yo... [p. 375]
5. **1 Korintyin 12, 12-13** : « Nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò ».
 Frè-m yo : Minm jan kò-a li yon sèl... [p. 375]
6. **Galat 3, 26-28** : « Nou tout ki batizé, nou abiyé ak Kris la ».
 Frè-m yo : Nou tout nou sé pitit Bondié... [p. 376]

7. **Éfézyin 1, 3-10. 13-14** : « Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif palintèmédiè Jézu ».

Frè-m yo : Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri... [p. 376]

8. **Éfézyin 4, 1-6** : « Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ».

Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la... [p. 376]

9. **Kolosyin 3, 9b-17** : « Antan nou abiyé ak moun nouvo-a, tankou sa yo Bondié rinmin-an ».

Frè-m yo : Nou ouété moun ansyin-an ak tout aksion-l yo ki té abiyé nou-an, nou abiyé ak moun nouvo-a... [p. 377]

10. **Tit 3, 4-7** : « Li sovè nou, nan bingn ki réfè nou-an, ki fè nou vi-n tou nèf gras a Éspri-Sin-an ».

Nou minm mouin rinmin anpil la : Lè bon kè Bondié Sovè nou-an té parèt, avèk jan-l sansib pou lèzòm... [p. 377]

11. **Ébré 10, 22-25** : « Antan kè nou fi-n pròpté sot nan mové konsians la, antan kò nou fi-n lavé ak dlo ki pròp ».

Frè-m yo : Sé pou nou proché avèk yon kè sinsè... [p. 378]

12. **1 Piè 2, 4-5. 9-10** : « Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt ».

Nou minm mouin rinmin anpil la : Sé pou nou proché koté Granmèt la... [p. 378]

13. **Apokalips 19, 1. 5-9 a** : « Ala kontantman pou moun yo invité nan nòs Mouton-an ».

Mouin minm, Jan, mouin tandé tankou gran voua... **9 jous** yo invité nan résepsion mariaj mouton-an. [p. 378]

PSÒM RÉPONS YO

1. **Ps 8, 4-5. 6-7. 8-9**

R: (2 a) : Granmèt, Granmèt nou, ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

oubyin (Éfézyin 5, 14) : Lévé, ou minm k-ap dòmi, épi drésé sot nan pami mò yo, épi Kris la ap kléré-ou. [p. 379]

2. **Ps 22, 1-3a. 3b-4. 5. 6**

R: (1) : Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin.

oubyin (1 Piè 2, 25) : Nou té pèdi rout tankou mouton, min nou tounin vi-n jouinn gadyin nanm nou yo koulié-a. [p. 379]

3. Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14

℞ (1a) : Granmèt la sé klèté-m, sé sa-k sové-m nan.
oubyin (Éfézyin 5, 14) tankou pi ro, n. 1. [p. 380]

4. Ps 31, 1-2. 5. 11

℞ (1a) : Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li-a.
(oubyin 11 a) : Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk yo. [p. 381]

5. Ps 33, 2-3. 6-7. 8-9. 14-15. 16-17. 18-19

℞ (6 a) : Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré. [p. 381]

6. Ps 41, 2-3 ; 42, 3. 4

℞ (Ps 41, 3a) : Nanm mouin souaf kot Bondié vivan-an. [p. 382]

7. Ps 50, 3-4. 8-9. 12-13. 14 é 17

℞ (12 a) : Kréyé yon kè nèt nan mouin, Bondié.
(oubyin Ézékièl 36, 26) : M-ap ba nou yon kè nouvo ak yon éspri nouvo nan mitan nou. [p. 382]

8. Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9a

℞ (2 b) : Nanm mouin souaf ou, Granmèt, Bondié mouin. [p. 383]

9. Ps 65, 1-3 a. 8-9. 16-17

℞ (1) : Bat bravo pou Bondié, tout tè-a. [p. 383]

10. Ps 88, 3-4. 16-17. 21-22. 25 é 27

℞ (2 a) : Mizérikòd Granmèt la, sé tout tan m-ap chanté yo. [p. 384]

11. Ps 125, 1-2 ab. 2 cd-3. 4-5. 6

℞ (3) : Granmèt la fè mèvèy avèk nou ; nou vi-n gin kè kontan. [p. 384]

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1. Jan 3, 16 : Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ; pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. [p. 385]

2. **Jan 8, 12** : Mouin sé limiè tè-a, sé sa Grammèt la di ; moun k-ap suiv mouin ap gin limiè lavi-a. [p. 385]
3. **Jan 14, 6** : Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a, sé sa Grammèt la di ; pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé palintèmediè mouin. [p. 385]
4. **Éfézyin 4, 5-6** : Yon sèl Grammèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa. [p. 385]
5. **Kolosyin 2, 12** : Nou antéré avèk Kris la nan batèm nan, li minm nou résisité tou avèk li-a. [p. 385]
6. **Kolosyin 3, 1** : Si nou résisité avèk Kris la, sé sa-k anlè yo pou nou chèché, koté Kris la chita adouat Bondié-a. [p. 386]
7. **2 Timoté 1, 10b** : Sovè nou-an Jézu-Kri, té détoui lanmò-a, épi li té kléré lavi-a gras a bòn nouvèl la. [p. 386]
8. **1 Piè 2, 9** : Nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt, yon nasion ki sin ; sé pou nou anonsé pouvoua sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo pou nou vi-n nan bèl limiè-l la. [p. 386]

ÉVANJIL YO

1. **Matié 16, 24-27** : « Si yon moun vlé vi-n apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo... [p. 386]
2. **Matié 28, 18-20** : « Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri Sin-an ».

Lè sa-a : Jézu minm antan-l proché, li palé avèk [douz] disip yo, antan-l di... [p. 386]
3. **Mark 1, 9-11** : « Li résévoua batèm nan min Jan nan Joudin-an ».

Lè sa-a : Rivé, jou sa yo, Jézu vini sot Nazarèt Galilé-a... [p. 387]
4. **Mark 10, 13-16** : « Tout moun ki pa résévoua péyi-roua Bondié-a tankou yon timoun piti, li pap antré ladan-l.

Lè sa-a : Yo té prezanté timoun piti bay Jézu... [p. 387]
5. **Mark 16, 15-16. 19-20** : « Moun k-ap kouè épi k-ap batizé, l-ap sovè ».

Lè sa-a : [Antan Jézu parèt dévan onz yo,] li di yo : Alé sou tout tè-a... [p. 387]

6. **Luk 24, 44-53** : « Yo té gin pou yo préché pénitans o non-l ak padon péché yo nan tout nasion yo ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Sé paròl sa yo... [p. 388]

7. **Jan 1, 1-5. 9-14. 16-18** : « Li ba yo pouvoua pou yo vi-n tounin pitit Bondié, yo minm ki kouè o non-l ».

Nan kòmansman sé té Paròl la... [p. 388]

8. **Jan 1, 29-34** : « Min Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a ».

Lè sa-a : Jan ouè Jézu k-ap vi-n koté-l... [p. 389]

9. **Jan 3, 1-6** : « Si yon moun pa réfèt nan dlo-a ak Éspri-a, li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a ».

Té gin yon mésié nan pami Farizyin yo... [p. 389]

10. **Jan 3, 16-21** : « Pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an ».

Lè sa-a : Jézu di Nikodèm : Bondié tèlman rinmin tè-a... [p. 390]

11. **Jan 12, 44-50** : « Mouin minm limiè-a mouin vi-n sou tè-a ».

Lè sa-a : Jézu rélé byin fò, li di... [p. 390]

12. **Jan 15, 1-11** : « Moun ki rété nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a poté anpil frui ».

Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Mouin sé véritab pié rézin-an... [p. 391]

389. Pou nn. 215, 216, 258, 349 : Dòt fòmul bénédiksion dlo :

1

Sélébran-an :

Konpliman pou ou Bondié, Papa ki gin tout pouvoua, ou minm ki té kréyé dlo-a pou nétouayé épi pou bay lavi.

Tout moun :

Konpliman pou Bondié. (Oubyin yon lòt aklamasyon ki adapté).

Sélébran-an :

Konpliman pou ou Bondié, sèl Pitit la, Jézu-Kri, ou minm ki té fè dlo ak san koulé sot nan kòt ou, pou apati lanmò-ou ak réziréksion-ou nan Égliz la té kapab jouinn nésans.

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an :

Konpliman pou ou Bondié Éspri-Sin, ou minm ki té sakré Kris la ki té batizé nan dlo Joudin-an, pou nou tout nou té batizé nan ou.

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an :

*** Sé pou prézan koté nou, Granmèt, sèl Papa, épi sanktifé kréatu dlo-a, pou, antan yo batizé nan li, moun yo lavé sot nan péché yo épi yo jouinn yon nouvo nésans nan lavi pitit adoptif ou yo.**

Tout moun :

Kouté nou Granmèt. (Oubyin lòt invokasion ki adapté).

Sélébran-an :

Sanktifé kréatu dlo-a, pou, sa yo ki batizé palintèmediè-l la nan lanmò ak réziréksion Kris la, yo vi-n pran fòm nan pròp pòtré Pitit ou-a.

Tout moun :

Kouté nou Granmèt.

Sélébran-an avèk min douat touché dlo-a épi li kontinué :

Sanktifé kréatu dlo sa-a, pou gras a Éspri-Sin-an yo jouinn yon lòt nésans sa yo ou té chouazi yo épi yo jouinn pòsion nan pèp ou-a ki sin-an.

Tout moun :

Kouté nou Granmèt.

*** Chak foua gin dlo Batèm nan ki déjà béni, yo soté invokasion Sé pou prézan koté nou épi sa yo ki suiv la.**

Sélébran-an di :

**Gras a mistè dlo béni sa-a,
aksépté fè sèvitè-ou yo (N. ak N.) épi sèvant ou yo (N. ak N.)
yo minm ou té rélé vi-n nan bingn sa-a,
antré nan nouvo nésans spirituèl la, pou yo gin lavi tout tan-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

Tout moun :

Amèn.

2

Sélébran-an :

**Papa ki bon anpil, ou minm ki apati sous Batèm nan té fè
nouvo lavi pitit ou yo jayi nan nou,**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié. (Oubyin yon lòt aklamasyon ki adapté).

Sélébran-an :

**Ou minm ki apati dlo-a ak Éspri-Sin-an ou aksépté rasanblé
tout sa ki batizé nan Pitit ou Jézu-Kri-a nan yon sèl pèp.**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an :

**Ou minm ki gras a Éspri rinmin-ou nan, li minm ou té vidé
nan kè yo, ou libéré nou, pou nou joui lapè-ou la.**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an :

**Ou minm ki té chouazi batizé yo pou nan tout nasion yo, yo
anonsé Évanjil Kris la ak kè kontan.**

Tout moun :

Konpliman pou Bondié.

Sélébran-an :

*** Dlo sa-a, koulié-a aksépté béni-l ✠**
li minm sèvitè-ou yo (N. ak N.) épi sèvant ou yo (N. ak N.)
gin pou batizé ladan-l nan,
yo minm ou té rélé pou bingn nouvo nésans la,
pou yo gin lavi tout tan-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt la.

Tout moun :

Amèn.

*** Chak foua gin dlo Batèm nan ki déjà béni, yo soté invokasion Dlo sa-a koulié-a aksépté béni-l, sélébran-an di :**

Gras a mistè dlo sa-a ki béni-an,
aksépté fè sèvitè-ou yo (N. ak N.)
antré nan nouvo nésans spirituèl la,
yo minm ou té rélé vi-n nan bingn sa-a
pou yo gin lavi tout tan-an.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Tout moun :

Amèn.

AKLAMASION, IMN AK TROPÈR

390.

Aklamasion yo pran nan liv sakré yo :

1. **Kilès ki sanblé avèk ou nan pami sa-k fò yo, Granmèt ?**
Kilès ki sanblé avèk ou, ki fè bagay ékstraòdinè nan sinteté,
ki fè tranblé épi ki mérité louanj, ki fè mèvèy ? (Égzòd 15,11).

2. **Bondié sé limiè :**
fènoua yo nan li pa gin okinn (1 Jan 1, 5).

3. **Bondié sé rinmin :**
épi moun ki rété nan rinmin-an sé nan Bondié li rété (1 Jan 4, 16).

4. **Yon sèl Bondié épi Papa tout moun, ki anlè tout moun épi ki atravè tout bagay épi ki nan nou tout** (Éfézyin 4, 6).
5. **Gadé nan diréksion-l épi n-a kléré** (Psòm 33, 6).
6. **Konpliman pou Bondié, li minm ki té chouazi nou nan Kris la** (cf. Éfézyin 1, 3-4).
7. **Nou sé bagay Bondié fè, kréyè nan Kris Jézu** (Éfézyin 2, 10).
8. **Nou minm nou rinmin anpil la, koulié-a sé Pitit Bondié nou yé : épi li pako parèt klè sa n-ap yé-a** (1 Jan 3, 2).
9. **Bondié té ba nou yon rinmin sitèlman gran :**
Sé pitit Bondié yo rélé nou é sé sa nou yé (1 Jan 3, 1).
10. **Ala kontantman pou sa yo ki lavé rad yo nan san Mouton-an** (Apokalips 22, 14).
11. **Nou tout sé yon sèl nou yé nan Kris Jézu** (Galat 3, 28).
12. **Sé pou nou imité Bondié, sé pou nou maché nan rinmin-an minm jan Kris la té rinmin nou-an** (Éfézyin 5, 1-2).

Imn dapré stil Nouvo Téstaman-an

13. **Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri**
Li minm ki dapré gran mizérikòd li-a té ba nou yon lòt nésans
nan éspérans ki vivan-an
gras a réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo,
nan éritaj ki pap gaté,
ki konsèvé nan sièl yo poutèt nou minm
pou sovè y-ap sovè nou-an ki gin pou yo révéle-l nan dènié tan-an
(1 Piè 1, 3-5).

14. **Li gran sakréman piété-a,**
 sa yo té konnin davans la anvan tè-a fèt la,
 sa ki parèt klè nan dènié tan yo :
Kris Jézu,
 ki soufri épi ki mouri nan chè-a,
 ki jouinn lavi nan Éspri-a,
 li minm yo préché bay nasion yo,
 li minm yo kouè sou tè-a,
 li minm ki pati nan sièl la,
 li minm k-ap bay moun yo kado yo,
 li minm yo pran nan gloua-a anlè tout sièl yo,
 pou-l té kapab ranpli tout bagay ! (cf. 1 Timoté 3, 16).

Tropèr yo chouazi sot nan sa ki la lontan yo épi nan litiji yo

15. **Nan ou nou kouè Kris :**
 limiè-ou la vidé-l nan kè yo, pou nou vi-n tounin pitit limiè.

16. **Koté-ou nou vini, Granmèt :**
 lavi-ou la vidé-l nan nanm yo, pou nou vi-n tounin pitit adoptif
 nan ou.

17. **Nan kòt ou-a, Kris,** sous dlo té éklaté,
 koté tach tè-a té lavé épi lavi-a té rénouvélé.

18. **Anlè dlo yo voua Papa-a palé,** gloua Pitit la kléré,
 épi rinmin Éspri-Sin-an bay lavi.

19. **Égliz la ki sin-an,** lonjé min
 épi résévoua sa yo ki pran nésans yo,
 yo minm Éspri-Sin Bondié-a fè réviv la sot nan dlo yo.

20. **Sé pou kè nou kontan,** nou minm batizé yo,
 véso yo chouazi nan péyi-roua-a,
 nou ki antéré avèk li nan lanmò-a,
 ki jouinn nouvo nésans gras a lafoua Kris la.

21. **Sa-a sé fontèn lavi-a ki té lavé tout tè-a antan-l réservoua kòmansman sot nan blès Kris la. Éspéré péyi-roua sièl yo, antan nou jouinn nouvo nésans nan fontèn sa-a.**

391. **Pou n. 233 : Pou fè sonjé nouvo batizé yo nan Priyè Ékaristik yo :**

a) NAN PRIYÈ ÉKARISTIK II

Apré paròl ...et universo clero (ansanm ak tout moun ki responsab patizan-ou yo) yo ajouté:

**Sonjé tou, Granmèt, néofit yo,
ki antré nan fanmiy ou-an jodi-a
gras a Batèm nan (ak Konfirmasion-an),
pou yo suiv Kris la, Pitit ou-a,
avèk yon kè ki gran épi yon nanm ki vlé.**

Sonjé tou tout frè nou yo.....

b) NAN PRIYÈ ÉKARISTIK III

Apré mo ...adesto propitius (...k-ap lapriyè nan pié-ou, jan-ou té vlé-a) yo ajouté:

**Asiré sèvitè-ou yo, tanpri,
nan désizion ki sin-an,
yo minm ou fè antré nan pèp ou-a jodi-a
gras a bingn nouvo nésans la
(avèk kado Éspri-Sin-an),
épi fè yo favè pou yo toujou maché nan nouvo té lavi-a.
Tout pitit ou yo ki gayé tout koté yo...**

c) NAN PRIYÈ ÉKARISTIK IV LA

Apré paròl ...et circumstantium, (...tout moun ki la-a ansanm avèk nou) yo ajouté :

**épi néofit yo,
yo minm jodi-a ou bay lavi ankò apati dlo-a ak Éspri-Sin-an,
épi tout pèp ou-a.**

392. Pou n. 339 : Dòt fòm priyè égzòsism yo ékspriyé tankou dialòg :

Sélébran-an, antan l-ap avèti timoun yo pou yo priyé Bondié ansanm avèk li, li di :

**Papa ki bon anpil,
voyé jé sou N. ak N., ki gin pou yo résévoua Batèm nan
prochènman.**

Timoun yo :

Nou té tandé paròl Jézu yo épi nou té rinmin yo.

Sélébran-an :

Y-ap éséyé vrèman viv tankou pitit ou yo, min yo konstaté sé yon bagay ki difisil :

Timoun yo :

**Oui, Papa, nou vlé fè tout tan sa-k fè-ou plézi,
min nou santi gin mouvman kontrè nan nou.**

Sélébran-an :

**Papa ki bon anpil,
timoun sa yo libéré yo anba éspri parès la ak mal la épi fè yo favè
pou tout tan yo maché nan limiè-ou la.**

Timoun yo :

**Nou vlé maché avèk Jézu,
li minm ki té bay lavi-l pou nou :
Papa édé nou.**

Sélébran-an :

**Si sa rivé, yo tonbé sou rout la, antan yo fè sa-k déplè-ou,
ba yo kado fòs ou-a ou prévoua davans la
pou yo kapab lévé kanpé.**

**Lè sa-a atò, yon lòt foua ankò y-a maché vi-n jouinn ou avèk
Jézu-Kri Granmèt nou-an.**

Timoun yo :

Ba nou fòs ou-a Papa.

APINDIS

ÒRDO ADMISION MOUN KI DÉJA BATIZÉ VALIDMAN NAN PLÈN KOMINION ÉGLIZ KATOLIK LA

SA POU YO NOTÉ ANVAN

1. Rit koté yon moun ki fèt épi ki batizé nan yon kominoté éklézial ki séparé, yo résévoua-l nan plèn kominion Égliz katolik la, dapré rit latin-an,¹ li dispozé yon fason pou nan réalizé kominion-an avèk inité-a yo pa inpozé okinn lòt chaj pasé sa-k nésésè yo ² (cf. Travay Apot yo 15, 28).

2. Kanta pou krétyin oriental yo ki vini nan plénitud kominion katolik la, yo pa égzijé plis pasé sinp profésion lafoua katolik la, minmsi sé palintèmedyé yon rékou nan Sièj Apostolik la yo pèmèt yo travèsé nan rit latin-an.³

3. a) Rit sélébrasion-an sé pou-l parèt tankou yon sélébrasion Égliz la épi sé pou-l abouti nan kominion ékaristik la. Sé pou sa an jénéral yo fè admision-an anndan Mès la.

b) Avèk souin poutan sé pou yo évité nan tout fason bagay sa yo ki bay inprésion chèché fè grandizè. Avèk présizion sé pou yo détèminé kijan Mès sa-a ap sélébré antan yo fè atansyon avèk sikonstans yo. Sé pou yo konsidéré ni byin ékuménik la ni rapò ant kandida-a avèk kominoté parouasial la. Souvan sa ap bay plis avantaj pou sélébré Mès la avèk sèlman kèk pròch ak zanmi. Si poutan pou yon rézon grav yo pa kapab sélébré yon Mès, y-a fè admision-an anndan litiji Paròl la, chak foua omouin sa posib. Osijè fòm nan minm pou yo chouazi-a, y-a kouté moun yo pral admèt la minm.

4. Si yo sélébré admision-an andéyò yon Mès, rapò li avèk kominoté ékaristik la doué parèt antan sélébrasion ékaristik la suiv tousuit, sélébrasion sa-a koté sa yo fèk résévoua-a ap patisipé plènman pou premié foua nan pami frè katolik yo.

5. Pou admision sa-k déjà batizé-a vi-n nan plèn kominion Égliz katolik la, yo égzijé préparasion kandida-a ni sou pouin doktri-n nan ni sou pouin

¹ Cf. Conc. Vat. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 69b ; Decr. de OEcumenismo, *Unitatis redintegratio*, n. 3 ; Secr. ad unitatem Christianorum fovendam, *Directorium*, n. 19 : A.A.S. 59 (1967), p. 581.

² Cf. Conc. Vat. II, Decr. de OEcumenismo, *Unitatis redintegratio*, n. 18.

³ Cf. Conc. Vat. II, Decr. de Ecclesiis Orientalibus catholicis, *Orientalium Ecclesiarum*, nn. 25 et 4.

spirituèl la dapré nésésité pastoral ki adapté pou chak ka. Sé pou kandida-a aprann ofiamézi rété kolé pi plis ak tout kè sou Égliz la koté l-ap jouinn plénitud Batèm li-an.

Nan tan préparasion sa-a, yo kapab déja fè yon sètin kominion nan byin spirituèl yo dapré règléman ki fiksé nan Diréktoua osijè bagay ékuménik yo.

Sé pou yo évité toutafè mété kandida yo sou minm pié avèk katékumèn yo.

6. Pou sa ki fèt épi ki batizé andéyò kominion Égliz katolik ki vizib la, yo pa égzijé ankò rénonnman érézi, min sèlman profésion lafoua.⁴

7. Sakréman Batèm nan, yo pa kapab bay li yon lòt foua, sé poua Batèm sou kondision-an, yo pa pèmèt yo bay li yon lòt foua ankò sof si ginyin yon dout prudan osijè réalizasion oubyin osijè validité Batèm nan yo déja fè-a. Si apré yo fi-n fè réchèch sérié, akòz yon dout prudan sou réalizasion oubyin sou validité Batèm yo déja bay la, yo ouè li nésésè pou yo bay Batèm sou kondision yon lòt foua, minis la ap ékspliké jan sa konvab rézon yo ki fè yo bay Batèm nan sou kondision-an nan ka sa-a épi l-ap administré-l an privé.⁵

Òdinè koté-a doué ouè nan chak ka ki rit pou yo konsèvé nan Batèm y-ap bay sou kondision-an, kisa yo doué soté.

8. Sé Évèk la ki pou admèt kandida-a, prèt la kanminm yo rinmèt posibilite sélébrasion-an, li gin pèmision pou konfirmé kandida-a nan rit admision-an li-minm,⁶ sof si moun yo gin pou admèt la té déja résévoua Konfirmasion-an validman.

9. Si profésion avèk admision-an fèt anndan Mès la, moun y-ap résévoua-a antan yo fè atansyon sou kondision pèsonèl li, li gin pou-l konfésé péché li, apré konfèsè-a fi-n sètin yo pral admèt li tousuit. Konfésion sa-a, tout konfèsè ki gin aprobasyon nòmral kapab résévoua-l.

10. Moun nan y-ap admèt la, yon garan akonpagné-l si ka-a prézanté, nan admision-an minm (sètadi yon mésié oubyin yon madanm) ki té joué yon ròl pi gran pasé lòt yo nan kondui oubyin préparé kandida-a ; yo kapab admèt dé garan tou.

11. Nan sélébrasion ékaristik la minm, koté yo fè admision-an oubyin si sa fèt andéyò solanité Mès yo, nan Mès ki suiv li-a, yo pèmèt non sèlman moun nan y-ap résévoua-a résévoua sakré kominion-an sou toulèdé espès, min ni garan yo, paran yo, madanm nan oubyin mari-a si yo katolik, katéchist layik

⁴ Cf. Secr. ad unitatem Christianorum fovendam, *Directorium*, nn. 19 et 20 : A.A.S. 59 (1967), p. 581.

⁵ Cf. *ibid.*, nn. 14-15 : A.A.S. 59 (1967), p. 580.

⁶ Cf. *Ordo Confirmationis*, Praenotanda, n. 7.

yo ki pètèt té anségné moun y-ap admèt la, minm tout katolik yo ki prézan-an si kantité-a oubyin dèt sikontans konséyé sa.

12. Rit admision-an, Konfèrans Évèk yo, dapré Konstitision sou sakré Litiji-a (n. 63), kapab adapté-l dapré divès sikonstans. An plis, Òrdinè koté-a, antan-l konsidéré kondision spésial moun yo oubyin koté yo, li kapab adapté rit la li-minm dapré kondision sa yo, antan li ogmanté oubyin li rakousi rit la dapré avantaj.⁷

13. Non moun yo, yo admèt yo, sé pou yo noté yo nan yon liv spésial antan yo ajouté jou avèk koté Batèm nan fèt.

⁷ Cf. *Secr. ad unitatem Christianorum fovendam, Directorium*, n. 19, A.A.S. 59 (1967), p. 581.

CHAPIT I

ADMISION ANNDAN LAMÈS

14. a) Si yo fè admision-an nan yon solanité oubyin yon dimanch, y-a sélébré Mès jou-a, min si yo fè-l dèt jou, yo kapab sèvi avèk Mès pou unité krétyin yo.

b) Yo fè admision-an apré oméli-a koté avèk aksion-d-gras yo doué raplé Batèm nan tankou fondman admision-an, Konfirmasion-an yo gin pou résévoua-a oubyin yo té résévoua-a épi Trè Sint Ékaristi-a yo gin pou sélébré pou premié fousa-a avèk katolik yo.

c) Alafin oméli-a nan yon avètisman tou kout, sélébran-an invité kandida-a avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo, pou-l proche avèk garan-an pou-l déklaré lafousa-a avèk kominoté-a :

N., kòm apré yon réfléksion ki fèt avèk maturité nan Éspri-Sin-an ou mandé ak tout kè-ou pou yo admèt ou nan plèn kominion Égliz katolik la, mouin invité-ou pou, avèk garan-ou nan, ou avansé épi dévan kominoté-a ou déklaré lafousa-a katolik la. Nan lafousa-a pou premié fousa-a jodi-a ansanm avèk nou ou-ap patisipé nan tab ékaristik Granmèt Jézu-a koté unité Égliz la parèt la.

15. Lè sa-a atò, moun y-ap résévoua-a ansanm ak fidèl yo ki prézan yo, li résité Sinbòl Nisé-Konstantinòpl la (cf. p. 205), sa yo toujou di nan Mès sa-a.

Apré sa moun y-ap admèt la, li minm sèl, antan sélébran-an invité-l, li ajouté paròl sa yo :

Mouin kouè épi mouin déklaré tout bagay Sint Égliz katolik la kouè, anségné épi anonsé sé Bondié ki révéle yo.

16. Lè sa-a atò, sélébran-an pozé min douat sou tèt moun y-ap admèt la, sof si Konfirmasion-an suiv tousuit, antan-l di :

Sé pou Granmèt la résévoua-ou, N., nan Égliz katolik la, li minm ki té minnin-ou isit la nan mizérikòd li-a, pou nan Éspri-Sin-an ou ginyin plèn kominion avèk nou nan lafousa-a, sa-ou déklaré-a dévan fanmiy sa-a.

17. Si moun y-ap admèt la pa ko confirmé, sélébran-an minm lè-a pozé min sou tèt kandida-a épi li kòmansé rit Konfirmasion-an avèk priyé Deus omnipotens [Bondié ki gin tout pouvoua] (cf. n. 269-270).

18. Apré Konfirmasion-an sélébran-an salué sa yo fèk admèt la antan li résévoua min li anndan min pa-l kòm sign yo résévoua-l tankou yon zanmi. Nan plas jès sa-a dapré réjion yo épi sikonstans yo avèk pèmision Òrdinè-a yo kapab mété yon lòt jès ki adapté.

Min si moun yo admèt la pa konfirmé, salutasion sa-a vini imédiatman apré fòmul admision-an (n. 16).

19. Lè admision-an (épi Konfirmasion-an) fini, sé priyè inivèsèl la ki vini. Nan introdiksyon li, yo fè sonjé Batèm nan, Konfirmasion-an épi Ékaristi-a épi yo montré aksion-d-gras la. Nan kòmansman intèsésion yo, sé pou yo raplé yon sètèn fason moun yo admèt la (cf. n. 30, p. 318).

20. Apré priyè inivèsèl la, garan-an épi, si sé yon ti kras moun sèlman ki asisté rit admision-an, tout moun ki la yo, yo salué jan sa konvtab moun yo fèk admèt la avèk jantiyès, nan ka sa-a, nan Mès la yo soté bézé-de-pè-a. Lè sa-a atò moun yo admèt la rétounin nan plas li.

21. Mès la kontinué apré sa. Li konvtab pou ladan-l moun yo fèk admèt la, épi lòt yo, sa yo palé osijè yo-a nan n. 11 la, yo résévoua Trè Sint Ékaristi-a sou toulèdé espès.

CHAPIT II

ADMISION AN DÉYÒ LAMÈS

22. Si admision-an, pou yon kòz grav, yo sélébré-l andéyò Mès la, sé pou yo fè litiji paròl la.
23. Sélébran-an, antan-l abiyé avèk ob oubyin omouin surpli épi étòl koulè fèt, li salué moun ki prézan yo.
24. Sélébran-an, apré sa, kòmansé avèk (chan adapté épi) léktu Sint Ékritu-a, sa oméli-a ékspliké (cf. n. 14b).
25. Admision-an vini apré, sé pou-l réalizé nan fason yo té indiké pi ro-a (n. 14c-19).
26. Priyè inivèsèl la fini avèk Priyè Granmèt la tout moun chanté oubyin résité ansanm. Bénédiksion prèt la suiv li.
27. Lè sa-a atò, garan-an épi, si sé yon ti kras moun sèlman ki prézan nan rit la, tout moun ki prézan yo, yo salué jan sa konvnan moun yo fèk admèt la avèj jantiyès. Lè yo fi-n fè sa, tout moun alé anpè.
28. Si poutèt sikonstans ékstraòdinè admision-an yo konsidéré pou yo sélébré-l minm san litiji paròl la, yo fè tout bagay tankou pi ro-a, antan yo kòmansé avèk avètisman sélébran-an. Avètisman sa-a doué kòmansé avèk kèk paròl Ékriti Sint la ki montré, parégzanp, mizérikòd Bondié-a sa-k té kondui moun y-ap admèt la, épi yo raplé kominion ékaristik la li gin pou-l résévoua prochènman-an.

CHAPIT III

TÈKS YO DOUÉ ANPLOUAYÉ NAN RIT ADMISION-AN

29.

I. LÉKTU BIBLIK YO

Léktu biblik yo, ni nan Mès la, ni nan litiji paròl la, yo kapab pran yo, soua toutantié soua an pati, oubyin nan Mès jou-a oubyin nan Mès pou unité krétyin yo (cf. Òrdo Léktu Mès yo, n. 850-854), oubyin nan Mès inisiation krétièn nan (cf. minm koté, n. 752-756). Min lè y-ap sélébré rit la san Mès, yo kapab anplouayé sitou tèks ki suiv yo.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1. **Romin 8,28-39** : « Li paré plas yo davans tou, pou yo vi-n moulé nan pòtré Pitit li-a ».

Frè-m yo : Nou konnin pou moun yo Bondié rinmin yo... [p. 413]

2. **1 Korintyin 12, 31 - 13, 13** : « Charité-a pap janm pasé ».

Frè-m yo : Sé pou nou chèché kado ki pi bon yo... [p. 414]

3. **Éfézyin 1, 3-14** : « Bondié chouazi nou nan Kris la pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-an ».

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri... [p. 414]

4. **Éfézyin 4, 1-7. 11-13** : « Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun ».

Frè-m yo : Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la... [p. 415]

5. **Filipyin 4, 4-8** : « Tou sa-k sin, sé bagay sa yo pou nou kalkilé ».

Frè-m yo : Fè kè nou kontan nan Granmèt la tout tan... [p. 416]

6. **1 Tésalonisyin 5, 16-24** : « Éspri nou ak nanm nou ak kò nou, ap konsèvé pou lè Granmèt la rivé ».

Frè-m yo : Sé pou nou kontan tout tan... [p. 416]

PSÒM RÉPONS YO

1. **Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14**

℞ (1a) : Granmèt la sé limiè-m k-ap sovè-m. [p. 416]

2. Ps 41, 2. 3 ; Ps 42, 3. 4
R: (Ps 41, 3 a) : Nanm mouin souaf Bondié vivan-an. [p. 417]
3. Ps 60, 2-3 a. 3 bc-4. 5-6. 9
R: (4 a) : Ou sé espérans mouin, Granmèt. [p. 417]
4. Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9
R: (2b) : Nanm mouin souaf ou, Granmèt, Bondié mouin. [p. 418]
5. Ps 64, 2-3 a. 3 b-4. 5. 6
R: (2a) : Nou doué-ou kantik, Bondié, nan Siyon. [p. 418]
6. Ps 120, 1-2. 3-4. 5-6. 7-8
R: (2a) : Sèkou-m ap vi-n sot nan Granmèt la. [p. 419]

ÉVANJIL YO

1. **Matié 5, 2-12a** : « Fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo ».
Lè sa-a : Jézu t-ap anségné disip li yo, antan l-ap di... [p. 419]
2. **Matié 5, 13-16** : « Sé konsa pou limiè nou kléré dévan moun yo ».
Lè sa-a : Jézu té di disip li yo : Nou sé sèl tè-a... [p. 420]
3. **Matié 11, 25-30** : « Ou té kaché bagay sa yo pou saj yo épi ou té révéle yo bay timoun piti yo »
Lè sa-a Jézu pran laparòl, li di... [p. 420]
4. **Jan 3, 16-21** : « Pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an ».
Lè sa-a : Jézu di Nikodèm : Bondié tèlman rinmin tè-a... [p. 421]
5. **Jan 14, 15-23. 26-27** : « N-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li ».
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Si nou rinmin-m... [p. 421]
6. **Jan 15, 1-6** : « Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo ».
Lè sa-a : Jézu di disip li yo : Mouin sé véritab pié rézin-an... [p. 422]

30.

II. MODÈL PRIYÈ INIVÈSÈL

Frè-m yo mouin rinmin anpil la : avèk aksion-d-gras aléga Bondié, frè nou sa-a ki té déjà angajé nan Kris la gras a Batèm nan (épi Konfirmasion-an), nou té résévoua li nan plèn kominion Égliz katolik la (épi nou konfirmé-l avèk kado Éspri-Sin-an), pou prochènman, ansanm avèk nou, li patisipé nan tab Granmèt la. Antan nou kontan pou yon manb yo fèk admèt nan Égliz katolik la, n-ap inploré gras ansanm avèk li épi mizérikòd Sovè-a.

Pou frè nou-an, li minm nou résévoua jodi-a nan pami nou-an, pou, antan Éspri-Sin-an ap édé, li pèsévéré fidèlman nan désizyon li-an, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou tout krétyin nan Kris la épi kominoté yo, pou yo rivé nan unité ki kòrèk nèt la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou Égliz la (kominoté sa-a) koté sa nou fèk sot admèt la té batizé anvan-an épi té résévoua édikasion-an, pou-l konnin Kris la toujou pi afon épi pou-l anonsé-l avèk plis rézilta, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou tout moun anvi gras sièl la déjà boulé yo-a, yo rivé nan plèn vérité-a nan Kris la, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou sa yo ki poko kouè nan Kris Granmèt la, pou, antan Éspri-Sin-an kléré yo, yo rivé antré yo minm tou nan chémin k-ap sové yo-a, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou tout moun yo, pou antan yo libéré anba grangou avèk lagè, yo viv san rété nan lapé ak trankilité, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Pou nou minm minm, pou nan lafoua-a, sa nou té résévoua gratis la, nou pèsévéré ladan-l jouskalafin, an nou priyé Granmèt la.

R: Kouté Granmèt.

Priyè

**Bondié ki gin tout pouvoua ki égzisté tout tan,
kouté priyè yo n-ap vidé koté-ou yo
pou nou sèvi-ou san rété avèk yon dévouman ki fè-ou plézi.
Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.**

✠ Amèn.

31. Si admision-an yo sélébré-l andéyò Mès la, yo travèsé sot nan priyè komin-an al nan priyè Granmèt la (cf. n. 26), yo kapab fè-l avèk paròl sa yo oubyin sa-k sanblé ak yo :

Sélébran-an :

**Priyè nou yo, an nou mété yo ansanm,
frè-m yo mouin rinmin anpil la,
épi an nou déklaré yo
jan Granmèt nou Jézu-Kri té montré nou priyé-a.**

Tout moun :

Papa nou...

Si moun yo admèt la li té abitué nan kominoté pa-l la ajouté nan Priyè Granmèt la doksoloji final la : Paské sé ou minm sèl ki roua etc, y-a ajouté-l nan koté sa-a.

GID
ÒRDO INISIASION KRÉTIÈN ADULT YO

Dèkrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an	145
Sa pou yo noté anvan	146
CHAPIT I Òrdo Katékuména-a dispozé dapré dégré	161
Prémié dégré : Rit pou fè Katékumèn yo	161
Tan katékuména-a avèk rit li yo	173
Dézièm dégré : Rit éléksion oubyin inskripsion non-an	182
Tan purifikasion-an avèk iluminasion-an épi rit yo	190
Touazièm dégré : Sélébrasion sakréman inisiasion yo	213
Tan mistagoji-a	226
CHAPIT II Òrdo ki pi sinp pou inisiasion adult yo	227
CHAPIT III Òrdo ki pi kout pou inisiasion adult pou yo anplouayé nan danjé pròch lanmò-a oubyin lè moun nan ap antré nan lanmò-a	243
CHAPIT IV Préparasion pou Konfirmasion ak Ékaristi pou adult yo ki batizé toupiti ki pa-t résévoua katéchèz	252
CHAPIT V Òrdo inisiasion timoun yo ki rivé nan laj pou résévoua katéchèz	254
- Prémié dégré : Rit pou fè katékumèn yo	256
- Dézièm dégré : Skrutin yo sa vlé di rit pénitansièl yo	263
- Touazièm dégré : Sélébrasion sakréman inisiasion yo	268
CHAPIT VI Divès tèks yo kapab sèvi avèk yo nan sélébrasion inisiasion adult yo	279
APINDIS ÒRDO ADMISION MOUN KI DÉJA BATIZÉ VALIDMAN NAN PLÈN KOMINION ÉGLIZ KATOLIK LA	310
Sa pou yo noté anvan	310
CHAPIT I Admision anndan lamès	313
CHAPIT II Admision an déyò lamès	315
CHAPIT III Tèks yo doué anplouayé nan rit admision-an	316

DÉGI

LÉKTU AK CHAN BIBLIK YO

ANTAN Y-AP ADMINISTRÉ SAKRÉMAN INISIASION KRÉTIÈN YO

1. POU KATÉKUMÉNA-A ÉPI POU SAKRÉMAN INISIASION ADULT YO

Pou fè vi-n katékumèn

PSÒM POU ANTRÉ NAN ÉGLIZ LA

Ps 33, 2. 3. 6. 9. 10. 11. 16 (R̄ : 12)

- R̄: Vini, pitit yo, kouté-m, m-ap aprann nou krint Granmèt la.
- ² M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
tout tan louanj li nan bouch mouin. R̄
- ³ Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua,
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. R̄
- ⁶ Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront. R̄
- ⁹ Gouté, n-a ouè jan Granmèt la dou ;
ala kontantman pou moun ki espéré nan li yo. R̄
- ¹⁰ Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo,
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo. R̄
- ¹¹ Rich yo nan bézouin, yo grangou,
min sa k-ap chèché Granmèt la yo pap manké okinn byin. R̄
- ¹⁶ Jé Granmèt la sou moun kòrèk yo,
zòrèy li nan rèl yo. R̄

PRÉMIÉ LÉKTU

*Pati sot nan péyi-ou, épi vini
nan péyi-a m-a montré-ou la.*

Léktu liv Jénèz la

12, 1-4 a

Jou sa yo : Granmèt la di Abram :

« Pati sot nan péyi-ou, ak nan fanmi-ou, ak nan kay papa-ou, vini nan péyi-a m-a montré-ou la. M-ap fè-ou vi-n tounin yon gran nasion, m-ap béni-ou, m-ap fè non-ou vi-n gran, ou-ap béni. M-ap béni moun ki béni-ou yo ; m-ap madichonnin moun ki madichonnin-ou yo ; tout fanmi sou tè-a ap béni nan ou ».

Abram pati, jan Granmèt la té pasé-l lòd la.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS Ps 32, 4-5. 12-13. 18-19. 20 é 22 (R: 12 b oubyin 22)

R: Sé kontantman pou pèp sa-a Granmèt la chouazi kòm éritaj li-a.

oubyin : Sé pou mizérikòd ou vi-n sou nou, Granmèt,
tankou nou té espéré nan ou.

⁴ Sèké paròl Granmèt la douat,
tout aksion-l yo nan fidélité.

⁵ Li rinmin jistis ak jijman,
mizérikòd Granmèt la plin tè-a. **R:**

¹² Ala kontantman pou nasion-an, ki gin Granmèt la pou Bondié-l,
pèp la li chouazi kòm éritaj li-a.

¹³ Antan-l nan sièl la Granmèt la voyé jé-l,
li ouè tout pitit moun yo. **R:**

¹⁸ Min jé Granmèt la sou moun ki krinn li yo,

sou moun ki espéré sou mizérikòd li,
¹⁹ pou-l délivré nanm yo sot nan lanmò,
pou-l ba yo manjé nan grangou. **R:**

²⁰ Nanm nou ap konté sou Granmèt la,

paské sé sékou nou ak protéksion nou li yé.
²² Sé pou mizérikòd ou vi-n sou nou, Granmèt,
tankou nou té espéré sou ou. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Jan 1, 41 é 17 b

R: Alélouya. Nou jouinn Mési-a, sé Kris la.

Gras la ak vérité-a sé palintèmediè-l li rivé. **R:** Alélouya.

Min Mouton Bondié-a. Nou jouinn Mési-a.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

1, 35-42

Lè sa-a :

Jan té kanpé épi dé nan disip li yo avèk li. Li gadé Jézu k-ap maché, li di : « Min Mouton Bondié-a ». Dé disip yo tandé l-ap palé, yo suiv Jézu. Jézu minm viré, li ouè y-ap suiv li, li di yo : « Ki sa n-ap chèché » ?

Yo minm yo di-l : « Rabi (sa vlé di Mèt), koté ou abité » ?

Li di yo : « Vini, n-a ouè ». Yo vini, yo ouè koté-l té rété, yo rété lakay li jou sa-a ; lè sa-a, sé té apéprè dizièm è-a.

Té gin André, frè Simon Piè-a, youn nan dé yo, ki té tandé Jan-an, épi ki té suiv li-a. Sa-a rankontré toudabò frè-l la Simon, li di-l : « Nou jouinn Mési-a (sa vlé di Kris la) ». Li minnin-l bay Jézu.

Jézu minm gadé-l, li di : « Ou sé Simon, pitit Jona : y-ap rélé-ou Séfas (sa vlé di Piè) ».

Paròl Granmèt la.

Yo kapab chouazi tou dèt tèks ki adapté.

Pou éléksion-an otréman di pou inskripsion non-an

Si yo fè-l nan prémié Dimanch Karèm, yo kapab pran léktu ninpòt séri Dimanch sa-a.

Si yo fè-l andéyò Dimanch sa-a, épi si léktu jou-a pa adapté, yo kapab chouazi égalman léktu yo nan pami sa yo dézignin nan prémié Dimanch Karèm nan, oubyin dòt ki adapté.

Prémié Dimanch Karèm, ané A

PRÉMIÉ LÉKTU

Kréasion ak péché prémié paran yo.

Léktu liv Jénèz la

2, 7-9 ; 3, 1-7

Granmèt Bondié fòmé moun nan ak labou tè-a, li souflé yon souf lavi nan fas li, moun nan vi-n tounin yon nanm vivan.

Granmèt Bondié planté yon paradi plézi dépi nan kòmansman, li mété moun nan li té fòmé-a ladan-l. Ak tè rouzé-a, Granmèt Bondié fè tout kalité pié-boua pousé, ki bèl pou gadé, ki dous pou manjé ; pié-boua lavi-a tou té nan mitan paradi-a ak pié-boua sians byin ak mal la.

Min sèpan-an sé té pi rizèz nan tout bèt yo sou tè-a, sa Granmèt Bondié té fè yo. Li di madanm nan : « Pouki sa Bondié pasé nou lòd, pou nou pa manjé nan okinn pié-boua paradi-a ? »

Madanm nan réponn : « Nan frui pié-boua yo, ki nan paradi-a, nou gin doua manjé ; min nan frui pié-boua, ki nan mitan paradi-a, Bondié pasé nou lòd pou nou pa manjé ladan-l, pou nou pa minm touché-l, otréman nou kapab mouri ».

Sèpan-an minm di madanm nan : « Sé pa vré ditou, nou pap mouri okinn. Sé paské Bondié konnin jou n-ap manjé ladan-l nan, jé nou ap louvri, n-ap vi-n tankou dié yo ki konnin ni byin ni mal ».

Madanm nan ouè kijan pié-boua-a té bon pou manjé, li té bèl pou jé, aspè-l té bay plézi, li pran nan frui-l, li manjé, li bay mari-l la tou, ki manjé. Jé yo tou lè dé vi-n louvri. Lè yo rékonèt yo té nu-kò, yo koud fèy figié, yo fè rad pou pasé nan sinti yo.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 50, 3-4. 5-6 a. 12-13. 14 é 17 (R: : cf. 3 a)

- R: Pitié, Granmèt, paské nou fè péché.
- 3 Pitié pou mouin, Bondié, dapré mizérikòd ou ;
épi dapré kantité kè sansib ou yo,
éfasé fot mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an,
pròpté-m sot nan péché-m nan. R:
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l,
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché,
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l. R:
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié,
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin.
- 13 Pa jété-m louin fas ou,
Éspri-Sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin. R:
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè-m nan,
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin,
bouch mouin ap anonsé louanj ou. R:

DÉZIÈM LÉKTU

*Koté fot la té anpil la, gras la vi-n anpil pi plis toujou.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo**

5, 12-19

Frè-m yo :

Minm jan akoz yon sèl moun péché té antré sou tè sa-a, épi avèk péché-a lanmò-a, sé konsa lanmò-a pasé nan tout moun, paské tout moun fè péché-a. Sèké jouska laloua-a, péché-a té sou tè-a, min yo pa-t akizé moun pou péché-a, paské pa-t gin laloua. Min lanmò-a té kòmandé kòm roua dépi Adan jouska Moyiz minm nan sa yo ki pa-t fè péché tankou dezobéyisans Adan-an, ki sèvi modèl pou sa-k vi-n apré-a.

Sèlman kado-a pa suiv minm filiè avèk fot la ; réyèlman si akoz fot yon sèl moun tout foul moun yo mouri, gras Bondié-a ak kado nan yon sèl moun nan, Jézu-Kri, li vidé laj pi plis ankò nan pakèt foul moun yo. Sé pa tankou sa-k té rivé poutèt yon sèl péché-a sa ap rivé konsa pou kado-a ; sèké jijman-an té abouti nan kondanasion akoz yon sèl la, min gras la minm li fè nou vi-n kòrèk sot nan pakèt fot yo.

Réyèlman si akoz fot yon sèl moun lanmò-a té kòmandé palintèmediè yon sèl la, moun yo ki résévoua chaj gras ak kado ak jistis palintèmediè yon sèl moun nan, Jézu-Kri, y-ap kòmandé pi plis toujou kòm roua nan lavi-a.

Konsa, minm jan palintèmediè fot yon sèl moun nan, tout moun té pasé anba kondanasion, konsa tou palintèmediè jistis yon sèl moun nan, tout moun vi-n kòrèk pou lavi-a. Minm jan akoz dézobéyisans yon sèl moun nan, tout foul moun yo té vi-n gin péché, konsa tou akoz obéyisans yon sèl la, foul moun yo vi-n kòrèk.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

5, 12. 17-19

Frè-m yo :

Minm jan akoz yon sèl moun péché té antré sou tè sa-a, épi avèk péché-a lanmò-a, sé konsa lanmò pasé nan tout moun, paské tout moun fè péché-a.

Réyèlman si akoz fot yon sèl moun lanmò-a té kòmandé palintèmediè yon sèl la, moun yo ki résévoua chaj gras ak kado ak jistis palintèmediè yon sèl moun nan, Jézu-Kri, y-ap kòmandé pi plis toujou kòm roua nan lavi-a.

Konsa, minm jan palintèmediè fot yon sèl moun nan, tout moun té pasé anba kondanasion, konsa tou palintèmediè jistis yon sèl moun nan, tout moun vi-n kòrèk pou lavi-a. Minm jan akoz dézobéyisans yon sèl moun nan, tout foul moun yo té vi-n gin péché, konsa tou akoz obéyisans yon sèl la, foul moun yo vi-n kòrèk.

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Mt 4, 4 b

Sé pa ak pin sèlman moun viv,
min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié.

ÉVANJIL

Jézu fè jèn, li kité yo tanté-l pandan karant jou.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

4, 1-11

Lè sa-a :

Éspri-a kondui Jézu nan dézè-a, pou djab la tanté-l ; apré-l fi-n fè jèn pandan karant jou ak karant nuit, li vi-n grangou.

Sa-a k-ap tanté-a proché, li di-l : « Si-ou sé Pitit Bondié-a, di pou ròch sa yo vi-n tounin pin ».

Li réponn, li di : « Min sa ki ékri : “Sé pa ak pin sèlman moun viv, min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié” ».

Apré sa djab la pran-l li transpòté-l nan vil ki sin-an, li pozé-l anlè tèt tanp la, li di-l : « Si sé Pitit Bondié ou yé, lagé kò-ou anba ; sèké min sa ki ékri : “Li pasé anj li yo lòd osijè-ou, pou yo poté-ou sou min, pou-ou pa riské frapé pié-ou nan ròch” ».

Jézu di-l : « Min sa ki ékri tou : “Ou pap tanté Granmèt Bondié-ou la” ».

Apré sa ankò djab la pran-l li poté-l sou yon mòn ki ro anpil, li montré-l tout péyi-roua sou tè-a ak richès yo, li di-l : « Tout bagay sa yo, m-ap ba ou yo, si-ou tonbé atè, ou adoré-m ».

Lè sa-a atò, Jézu di-l : « Al fè rout ou, Satan ; sèké min sa ki ékri : “Sé Granmèt Bondié-ou la pou-ou adoré, sé li minm sèl pou-ou sèvi” ».

Lè sa-a atò djab la kite-l, épi anj yo proché, yo sèvi-l.

Paròl Granmèt la.

Prémié Dimanch Karèm, ané B

PRÉMIÉ LÉKTU

Alians Bondié avèk Noé lè-l fi-n délivré-l sot anba dlo délij la.

Léktu liv Jénèz la

9, 8-15

Min sa Bondié di Noé ak pitit li yo avèk li : « Min m-ap pasé aliens mouin avèk nou, épi avèk ras nou apré nou, ni ak tout vivan ki avèk nou, ni ak zouazo ni ak bèt chay ni ak bèt gadinaj sou tè-a, yo tout, sa-k soti nan arch la, ni ak tout bèt sou tè-a. M-ap pasé aliens mouin avèk nou, dlo délij la pa gin doua janm touyé tout chè ankò, ni pap gin délij k-ap détoui tè-a ».

Bondié di : « Min sign aliens la, sa mouin bay ant mouin minm ak nou minm nan pou tout vivan ki avèk nou nan jénérasyon tout tan yo : m-ap mété ark mouin-an nan nuaj yo, l-ap sèvi sign aliens la ant mouin minm ak tè-a. Lè m-a kouvri sièl la ak nuaj yo, ark mouin-an ap parèt nan nuaj yo, m-ap sonjé aliens mouin-an avèk nou épi avèk tout vivan ki gin lavi chè ; pap gin dlo délij yo ankò pou détoui tout chè ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 24, 4 bc-5 ab. 6-7 bc. 8-9 (R: cf. 10)

R: Tout chémin-ou, Granmèt, sé mizérikòd ak vérité pou moun ki obsèvé téstaman-ou nan.

- 4 Montré-m chémin-ou yo, Granmèt,
apranm mouin santié-ou yo.
- 5 Kondui-m nan vérité-ou la, ban-m léson,
paské sé ou minm ki Bondié k-ap sové-m nan. **R:**
- 6 Sonjé bon kè-ou la, Granmèt,
ak mizérikòd ou yo, paské sé dépi tout tan yo égzisté,
7 dapré mizérikòd ou, sonjé-m,
poutèt bon kè-ou, Granmèt. **R:**
- 8 Granmèt la bon, li douat,
sé pou sa l-ap aprann moun ki nan péché yo chémin-an ;
9 l-ap kondui moun ki dosil yo nan jijman-an,
l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo. **R:**

DÉZIÈM LÉKTU

Nou minm koulié-a, batèm nan sové nou.

Léktu prémié lèt apot sin Piè

3, 18-22

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Kris la mouri yon foua pou tout poutèt péché nou yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab ofri nou bay Bondié, li mouri nan chè-a, li vivan nan éspri-a ; sé nan éspri-a minm li t-al préché éspri yo ki té nan prizon-an, yo minm ki té réfizé kouè lontan, lè moun yo t-ap tann pasians Bondié nan tan Noé-a, lè-l t-ap bati arch la, koté sé yon ti kras ki té sové nan dlo-a, an tou uit moun nan.

Nou minm tou koulié-a batèm nan sové nou sou minm fòm sa-a, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié gras a rézirkéksion Jézu-Kri-a, ki adouat Bondié, ki anglouti lanmò-a, pou nou té kapab vi-n éritié lavi tout tan-an, li pati nan sièl la, apré-l fi-n mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Mt 4, 4 b

Sé pa ak pin sèlman moun viv,
min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié.

ÉVANJIL

Satan t-ap tanté-l, anj yo t-ap sèvi-l.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

1, 12-15

Lè sa-a :

Éspri-a pousé Jézu nan dézè-a, li té nan dézè-a pandan karant jou ak karant nuit, Satan t-ap tanté-l, li té avèk bèt sovaj yo, anj yo t-ap sèvi-l.

Apré yo fi-n arété Jan, Jézu rivé nan Galilé, l-ap préché bòn nouvèl péyi-roua Bondié-a, l-ap di : « Tan-an rivé, péyi-roua Bondié-a proché : fè pénitans, kouè nan bòn nouvèl la ».

Paròl Granmèt la.

Prémié Dimanch Karèm, ané C

PRÉMIÉ LÉKTU

Déklarasion lafoua pèp ki chouazi-a.

Léktu liv Détéronòm

26, 4-10

Moyiz palé ak pèp la, li di :

« Prèt la ap résévoua prémié frui yo nan min-ou, l-ap pozé yo dévan lotèl Granmèt Bondié-ou la, ou-a di dévan fas Granmèt Bondié-ou la :

“Siri té pèsékité papa-m, ki désann nan Éjip, lè-l rivé la, li vouayajé kòm pèlrin, yo té yon ti kras kantité moun, min li vi-n dévlopé nan yon nasyon ki gran, ki gin fòs, ki vi-n yon kantité yo pa kapab konté.

Éjipsyin yo fè nou pasé tray, yo pèsékité nou, yo mét chaj ki lou anpil sou do nou, nou rélé kot Granmèt Bondié papa nou yo, ki tandé nou, ki ouè mizè nou ak lapinn nou, ak kè séré nou ; li fè nou soti Éjip ak min-l plin fòs, ak bra-l lévé, ak sézisman éstraòdinè, ak prodij, li fè nou antré nan koté sa-a, li rinmèt nou tè-a koté sé lèt ak mièl k-ap koulé-a.

Konsa koulié-a m-ap ofri prémié frui tè-a, sa Granmèt la ban mouin-an. Ou-a kité yo dévan fas Granmèt Bondié-ou la, ou-a adoré Granmèt Bondié-ou la” ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS.

Ps 90, 1-2. 10-11. 12-13. 14-15 (R: cf. 15 b)

R: Rét avèk mouin, Granmèt, nan tribilasyon-an.

¹ Moun ki abité nan protéksion Sa-a ki anro nèt la, l-ap rété anba lonbraj Sa-a ki gin tout pouvoua-a.

² L-ap di Granmèt la : « Kachèt mouin, ak fòs mouin, Bondié mouin, m-ap éspéré nan ou ». R:

¹⁰ Malè pap proché koté-ou, chatiman pap proché nan tant ou.

¹¹ Paské l-ap pasé anj li yo lòd osijè-ou, pou yo véyé sou ou nan tout chémin-ou yo. R:

- 12 Sé sou min yo y-ap poté-ou,
pou pié-ou pa riské frapé sou ròch.
- 13 Sou aspik ak bazilik ou-ap maché,
ou-ap foulé lion ak dragon anba pié-ou. **R**
- 14 Paské li kolé kò-l sou mouin, m-ap délivré-l ;
m-ap résévoua-l, paské li konnin non-m.
- 15 L-ap rélé-m, m-ap kouté-l ;
m-ap avèk li nan tribilasyon-an,
m-ap délivré-l, m-ap fè-l jouinn gloua. **R**

DÉZIÈM LÉKTU

Déklarasion lafoua moun ki kouè nan Jézu-Kri yo.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romìn yo

10, 8-13

Frè-m yo :

Ki sa sa-k ékri-a di ? « Paròl la toupré nan bouch ou ak nan kè-ou » ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Sèké, si-ou rékonèt ak bouch ou Jézu sé Granmèt la, épi nan kè-ou ou kouè Bondié lévé-l sot nan pami mò yo, ou-ap sové. Ak kè-ou, ou kouè pou jistis la, ak bouch ou minm ou fè déklarasion pou sové nou sové-a. Sèké sa-k ékri-a di : « Tout moun ki kouè nan li, yo pap ront ».

Pa gin distinksiyon ant Juif ak Grèk, sèké sé minm Granmèt tout moun yo, li rich pou tout moun k-ap rélé-l yo. « Sèké ninpòt ki moun k-ap rélé non Granmèt la, l-ap sové ».

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Mt 4, 4 b

Sé pa ak pin sèlman moun viv,
min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié.

ÉVANJIL

Éspri-a t-ap pousé-l nan dézè-a, yo t-ap tanté-l.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

4, 1-13

Lè sa-a :

Jézu plin ak Éspri-Sin-an, li tounin sot nan Joudin-an, Éspri-a t-ap pousé-l nan dézè-a pandan karant jou, djab la t-ap tanté-l. Li pa manjé anyin jou sa yo ; lè jou yo fi-n rivé bout yo, li grangou. Djab la di-l : « Si-ou sé Pitit Bondié, di ròch sa-a pou-l tounin pin ».

Jézu réponn li : « Li ékri : “Sé pa ak pin sèlman moun viv, min ak tout paròl Bondié” ».

Djab la kondui-l sou yon mòn ki ro anpil, li montré-l tout péyi roua ki sou fas tè-a nan yon moman-tan, li di-l : « M-ap ba-ou tout pouvoua sa-a ak gloua yo, paské sé mouin minm yo rimèt yo épi sé moun mouin vlé mouin bay yo. Ou minm, si-ou adoré-m, yo tout ap pou ou ».

Jézu réponn, li di-l : « Li ékri : “Sé Granmèt Bondié-ou pou-ou adoré, sé li minm sèl pou-ou sèvi” ».

Li kondui-l Jérusalèm, li mété-l kanpé sou tèt kouin tanp la, li di-l : « Si sé Pitit Bondié ou yé, lagé kò-ou la-a anba-a. Li ékri “li pasé anj li yo lòd osijè-ou, pou yo protéjé-ou”, épi “sé sou min yo y-ap poté-ou, pou-ou pa riské frapé pié-ou sou ròch” ».

Jézu réponn, li di-l : « Yo di : “Pa tanté Granmèt Bondié-ou” ».

Lè tout kalité mòd jan tantasion fini, djab la pati kité-l jous pou tan-an.

Paròl Granmèt la.

PSÒM APRÉ INSKRIPSION NON-AN

Ps 15, 1-2. 3-4. 5. 7-8. 9-10. 11 (R: cf. 5 a)

R: Sé ou minm, Granmèt, ki pòsion éritaj mouin.

¹ Prézèvé-m, Bondié, paské mouin espéré nan ou.

² Mouin té di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin ou yé, mouin pa gin byin san ou minm ».

³ Nan sin yo ki sou tè-a, moun ki gin rénomé yo, tout volonté-m sou yo. **R:**

⁴ Y-ap multipliye souffrans yo, sa k-ap kouri dèyè dié étranjé yo. Mouin pap vidé sakrifis yo ki sot nan san yo ni mouin pap pran non yo nan po bouch mouin. **R:**

⁵ Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin sé ou minm ki kinbé déstiné mouin. **R:**

⁷ M-ap fè konpliman pou Granmèt la ki ban-m intéljans ; minm nannuit rin-m ban-m léson.

⁸ Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan, paské li adouat mouin, mouin pap souké. **R:**

⁹ Sé poua kè-m kontan, tout anndan fon kè-m ap fété ; minm chè-m pozé nan espérans.

¹⁰ Paské ou pap lagé nanm mouin nan lanfè-a, ni ou pap kité sin-ou nan ouè dékonpozision. **R:**

¹¹ ou-ap fè-m konnin rout lavi yo, kè kontan k-ap plin nèt dévan fas ou, plézi adouat ou jous pou tout tan. **R:**

Pou prémié skrutin-an

Yo toujou pran léktu touazièm Dimanch Karèm, séri A, avèk chan-l yo.

Touazièm Dimanch Karèm, ané A

PRÉMIÉ LÉKTU

Ba nou dlo pou nou bouè.

Léktu liv Égzòd

17, 3-7

Jou sa yo :

Pèp la té souaf poutèt pa-t gin dlo, li bougonnin kont Moyiz, li di : « Pouki sa ou té fè nou pati kité Éjip la, pou-ou touyé nou avèk pitit nou yo avèk bèt yo ak souaf ? » Moyiz minm rélé kot Granmèt la, li di : « Ki sa-ou fè pèp sa-a ? yon ti kras ankò épi l-ap kalonnin-m ».

Granmèt la di Moyiz : « Pran dévan pèp la, pran nan ansyin Israèl yo avèk ou, ni baton-an, sa-ou té frapé riviè-a, pran-l nan min-ou, épi alé. Min m-ap kanpé laba-a dévan-ou sou ròch Orèb la ; ou-ap frapé ròch la, dlo ap soté ladan-l, pou pèp la bouè ».

Moyiz fè konsa dévan ansyin Israèl yo.

Yo rélé non koté sa-a « Tansion » poutèt kont pitit Israèl yo, épi paské yo té tanté Granmèt la, yo t-ap di : « Èské Granmèt la nan mitan nou oubyin non ? »

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 94, 1-2. 6-7. 8-9 (R : 8)

R: Si jodi-a nou té kapab kouté voua Granmèt la : « Pa fèmin kè nou ».

- ¹ Vini, an nou fété pou Granmèt la ;
an nou fè fèt pou Bondié sovè nou-an.
- ² An nou proché dévan fas li avèk louanj,
avèk kantik, an nou fè fèt pou li. R:
- ⁶ Vini, an nou adoré-l, an nou bésé atè,
an nou ajénu dévan Granmèt la ki fè nou-an,
- ⁷ paské sé li minm ki Bondié nou,
nou sé pèp pak li ak mouton min-l. R:

- ⁸ Si jodi-a nou té kapab tandé voua-l :
« Pa fèmin kè nou,
⁹ tankou nan Mériba, dapré jou Masa nan dézè-a,
koté zansèt nou yo té tanté-m nan ;
yo té chèché-m kont, malgré yo té ouè travay mouin yo ». **R:**

DÉZIÈM LÉKTU

Rinmin-an vidé nan nou gras a Éspri-a yo ba nou-an.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

5, 1-2. 5-8

Frè-m yo :

Kòm nou vi-n kòrèk gras a lafoua-a, sé pou nou gin lapè k-ap fè nou proche kot Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, sé palintèmediè-l tou nou gin posibilité proche nan gras sa-a palintèmediè lafoua-a, gras sa-a ki pèmèt nou jouinn konsidèrasion nou, antan n-ap éspéré gloua pitit Bondié yo.

Éspérans la minm pa fè nou ront, paské rinmin Bondié-a vidé nan kè nou palintèmediè Éspri-Sin-an yo ba nou-an. Réyèlman, Kris la, sé antan nou té fèb ankò-a, dapré tan-an li mouri pou péchè yo. Apèn yon moun kapab aksépté mouri pou yon lòt ki kòrèk ; sèké pou yon moun débyin, pètèt yon moun t-a riské mouri ? Min Bondié montré jan-l rinmin nou, paské, malgré sé péchè nou té yé, Jézu-Kri mouri pou nou nan tan fiksé-a.

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Cf. Jan 4, 42. 15

Granmèt, ou sé Sovè tè-a tout bon vré,
ban-m dlo vivan-an, pou-m pa souaf.

ÉVANJIL

Sous dlo k-ap vòltijé pou lavi ki pap janm fini-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

4, 5-42

Lè sa-a :

Jézu rivé nan vil Samari-a, sa yo rélé Sikar la, toupré propriété-a Jakòb té bay Jozèf pitit li-a. Té gin pui Jakòb la koté sa-a. Jézu minm fatigé ak rout la, li té chita konsa sou bò pui-a. Sé té apéprè midi.

Yon madanm Samari vi-n pou tiré dlo. Jézu di-l : « Ban-m bouè ». Disip li yo té pati nan vil la, pou yo achté manjé.

Madanm Samaritèn nan di-l konsa : « Kijan ou minm ki Juif, ou kapab mandé-m bouè, mouin minm yon madanm Samaritèn ? » Réyèlman Juif yo pa frékanté Samaritin yo.

Jézu réponn, li di-l : « Si-ou té konn kado Bondié-a épi kilès k-ap di-ou : “Ban-m bouè”-a sé ou minm ki t-a mandé-l, épi li t-a ba-ou dlo vivan-an ».

Madanm nan di-l : « Mèt, ou pa minm gin dékoua pou-ou tiré dlo, épi pui-a fon ; koté ou kapab jouinn dlo vivan-an ? Èské ou pi gran pasé Jakòb papa nou-an, ki té ba nou pui-a, épi li té bouè ladan-l, ni pitit li yo ni bèt li yo ? »

Jézu réponn, li di-l : « Tout moun ki bouè nan dlo sa-a l-ap souaf ankò ; min moun ki bouè nan dlo m-ap ba li-a, li pap souaf pou tout tan ; min dlo m-ap ba li-a, l-ap vi-n tounin yon sous dlo nan li, k-ap jayi pou lavi tout tan-an ».

Madanm nan di-l : « Mèt, ban-m dlo sa-a, pou-m pa souaf, ni pou-m pa vi-n tiré dlo isit la ».

Jézu di-l : « Al rélé mari-ou, épi vini isit la ».

Madanm nan di : « Mouin pa gin mari ».

Jézu di-l : « Ou fè byin di : “Mouin pa gin mari” ; sèké sé sink mari ou té ginyin, épi koulié-a, sa-a ou ginyin-an, sé pa mari-ou li yé : sa-a sé vérité ou di ».

Madanm nan di-l : « Mèt, mouin ouè sé yon profèt ou yé. Papa nou yo té adoré sou mòn sa-a, épi nou minm nou di sé Jérusalèm koté pou nou adoré-a ».

Jézu di-l : « Madanm, kouè-m, lè-a rivé, sé pa ni sou mòn sa-a, ni Jérusalèm n-ap adoré Papa-a. Nou minm n-ap adoré sa nou pa konnin, nou minm minm nou adoré sa nou konnin, paské sové-a sé nan Juif yo li soti. Min lè-a rivé, épi sé koulié-a, koté véritab moun k-ap adoré yo, y-ap adoré Papa-a nan éspri ak vérité. Réyèlman sé kalité moun sa yo Papa-a ap chèché, pou adoré-l. Bondié sé Éspri, moun ki adoré-l yo, sé nan Éspri ak vérité pou yo adoré ».

Madanm nan di-l : « Mouin konnin Mési-a ap vini, sa-a yo rélé Kris la ; lè-l vini, l-ap anonsé nou tout bagay ».

Jézu di-l : « Sé mouin minm, sa-a k-ap palé avèk ou-a ».

Minm lè-a disip li yo rivé, yo té sézi poutèt li t-ap palé avèk yon madanm nan ; min pèsòn pa-t di : « Ki sa-ou bézouin ? » Oubyin : « Pouki sa ou-ap palé avèk li-a ? » Madanm nan minm kité krich li-a, li pati nan vil la, li di moun yo : « Vi-n ouè yon moun ki di-m tou sa-m té fè : èské sé pa li minm ki Kris la ? » Konsa yo soti nan vil la, yo vi-n koté-l.

Pandan tan sa-a, disip li yo t-ap priyé-l, yo t-ap di : « Rabi, manjé ».

Li minm li di yo : « Mouin gin yon manjé pou-m manjé, nou pa konnin-l ».

Konsa disip yo youn t-ap di lòt : « Èské yon moun t-a poté manjé ba li ? »

Jézu di yo : « Manjé-m sé fè volonté sa-a ki voyé-m nan, pou-m réalizé travay li. Èské nou minm nou pa di nan kat moua ankò, rékòlt la rivé ? Gadé, mouin di nou, lévé jé nou, gadé réjion yo, paské yo déja tou blan pou rékòlt la. Moun ki té simin-an, li résevoua rékonpans li, l-ap ranmasé frui pou lavi ki pap janm fini-an, pou moun k-ap rékòlté-a kontan ansanm ak sa-a ki simin-an. Nan sa réyèlman paròl la vré : youn simin, lòt la rékòlté. Mouin minm mouin té voyé nou rékòlté, koté nou pa-t travay ; dèt té travay, épi nou minm nou antré nan frui travay yo ».

Nan vil la anpil moun té kouè nan li nan pami Samaritin yo, poutèt paròl madanm nan ki té sèvi témouin-an : « Li di-m tou sa-m té fè ! » Konsa lè yo vi-n koté-l, Samaritin yo mandé-l pou-l rété la-a. Li rété la-a dé jou. Gin plis moun ki kouè nan li toujou poutèt paròl li. Yo t-ap di madanm nan : « Koulié-a sé pa poutèt paròl ou nou kouè ankò ; sèké nou tandé-l li minm, épi nou konnin sa-a sé Sovè tè-a tout bon vré ».

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

4, 5-15. 19 b-26. 39 a. 40-42

Lè sa-a :

Jézu rivé nan vil Samari-a, sa yo rélé Sikar la, toupré propriété-a, Jakòb té bay Jozèf pitit li-a. Té gin pui Jakòb la koté sa-a. Jézu minm fatigé ak rout la, li té chita konsa sou bò pui-a. Sé té apéprè midi.

Yon madanm Samari vi-n pou tiré dlo. Jézu di-l : « Ban-m bouè ». Disip li yo té pati nan vil la, pou yo achté manjé.

Konsa madanm Samaritèn nan di-l : « Kijan ou minm ki Juif, ou kapab mandé-m bouè, mouin minm yon madanm Samaritèn ? » Réyèlman Juif yo pa frékanbé Samaritin yo.

Jézu réponn, li di-l : « Si-ou té konn kado Bondié-a épi kilès k-ap di-ou : “Ban-m bouè”-a, pétèt sé ou minm ki t-a mandé-l, épi li t-a ba-ou dlo vivan-an ».

Madanm nan di-l : « Mèt, ou pa minm gin dékoua pou-ou tiré dlo, épi pui-a fon ; koté ou kapab jouinn dlo vivan-an ? Èské ou pi gran pasé Jakòb papa nou-an, ki té ba nou pui-a, épi li té bouè ladan-l, ni pitit li yo ni bèt li yo ? »

Jézu réponn, li di-l : « Tout moun ki bouè nan dlo sa-a, l-ap souaf ankò ; min moun ki bouè nan dlo m-ap ba li-a, li pap souaf pou tout tan ; min dlo

m-ap ba li-a, l-ap vi-n tounin yon sous dlo nan li, k-ap jayi pou lavi ki pap janm fini-an ».

Madanm nan di-l : « Mèt, ban-m dlo sa-a, pou-m pa souaf, ni pou-m pa vi-n tiré dlo isit la. Mouin ouè sé yon profèt ou yé. Papa nou yo té adoré sou mòn sa-a, épi nou minm nou di sé Jérusalèm koté pou nou adoré-a ».

Jézu di-l : « Madanm, kouè-m, lè-a rivé, sé pa ni sou mòn sa-a ni Jérusalèm n-ap adoré Papa-a. Nou minm n-ap adoré sa nou pa konnin, nou minm minm nou adoré sa nou konnin, paské sovè-a sé nan Juif yo li soti. Min lè-a rivé, épi sé koulié-a koté véritab moun k-ap adoré yo, y-ap adoré Papa-a nan éspri ak vérité. Réyèlman sé kalité moun sa yo Papa-a ap chèché, pou adoré-l. Bondié sé Éspri, moun ki adoré-l yo, sé nan éspri ak vérité pou yo adoré ».

Madanm nan di-l : « Mouin konnin Mési-a ap vini, sa-a yo rélé Kris la ; lè-l vini, l-ap anonsé nou tout bagay ».

Jézu di-l : « Sé mouin minm, sa-a k-ap palé avèk ou-a ».

Nan vil la anpil moun té kouè nan li. Konsa lè yo vi-n koté-l, Samaritin yo mandé-l pou-l rété la-a. Li rété la-a dé jou. Gin plis moun ki kouè nan li toujou poutèt paròl li. Yo t-ap di madanm nan : « Koulié-a sé pa poutèt paròl ou nou kouè ankò ; sèké nou tandé-l li minm, épi nou konnin sa-a sé Sovè tè-a tout bon vré ».

Paròl Granmèt la.

Pou dézièm skrutin-an

Yo toujou pran léktu katriyèm Dimanch Karèm, séri A, avèk chan-l yo.
Yo kapab chouazi tou si yo vlé Égzòd 13, 21-22 [p. 337].

Katriyèm Dimanch Karèm, ané A

PRÉMIÉ LÉKTU

Yo sakré David kòm roua sou Israèl.

Léktu premié liv Samuèl

16, 1 b. 6-7. 10-13 a

Jou sa yo :

Granmèt la di Samuèl : « Plin kòn ou-an ak luil, épi vini, pou-m voyé-ou kot Jésé moun Bétléèm nan : sèkè mouin déja chouazi davans nan pitit li yo yon roua pou mouin ».

Lè-l antré, li ouè Éliab, li di : « Èské kris Granmèt la pa dévan-l ? » Granmèt la di Samuèl : « Pa gadé fas li, ni roté tay li, paské mouin réjité-l ; sé pa dapré konsidérasion lézòm mouin jijé : moun ouè sa-k sou déyò, Granmèt la minm konsidéré kè-a ».

Konsa Jésé minnin sèt pitit li yo dévan Samuèl, Samuèl di Jésé : « Granmèt la pa chouazi okinn nan sa yo », Samuèl di Jésé : « Èské sé tout pitit ou yo sa ? » Li réponn : « Gin yon ti pitit ki rété ankò, l-ap gadiyin mouton yo ». Samuèl di Jésé : « Voyé chèché-l ; sèkè nou pap lonjé kò nou pou nou manjé anvan li vi-n isit la ». Konsa li voyé chèché-l, li minnin-l. Li té rouj, li té gin bèl aparans ak bèl figi. Granmèt la di : « Lévé, sakré-l : sé li minm minm ».

Konsa Samuèl pran kòn luil la, li sakré-l nan mitan frè-l yo ; éspri Granmèt la rivé tou douat nan David dépi jou sa-a pou jous apré.

Paròl Granmèt la.

Oubyin :

PRÉMIÉ LÉKTU

Kolòn nuaj la ak kolòn difé-a akonpagné pèp la.

Léktu liv Égzòd

13, 21-22

Jou sa yo :

Granmèt la minm t-ap maché dévan yo pou montré rout la lajounin nan yon kolòn nuaj épi nan nuit nan yon kolòn difé, pou-l sèvi gid chémin-an nan toulédé tan yo.

Kolòn nuaj la pa-t janm sispann lajounin, ni kolòn difé-a nan nuit dévan pèp la.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3 a. 3 b-4. 5. 6 (R : 1)

R: Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin.

1 Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin :
2 nan zèb vèt li instalé-m, sou dlo kalm li kondui-m,
3 li réfè nanm mouin.

Li minnin-m sou santié jistis poutèt non-l. R:

4 Sèké si m-ap maché nan tè fon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou
sé yo k-ap konsolé-m. R:

5 Ou paré tab dévan-m
an fas sa yo k-ap fè-m pasé tray la ;
ou anbomé tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. R:

6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
touléjou lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou longè jou yo. R:

DÉZIÈM LÉKTU

*Lévé sot nan pami mò yo,
Kris la ap kléré-ou.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

5, 8-14

Frè-m yo :

Lontan nou té fènoua, koulié-a minm nou sé limiè nan Granmèt la : sé pou nou maché kòm pitit limiè. Frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité ; sé pou nou chèche fè sa-k fè Bondié plézi. Pa patisipé nan aksion fènoua yo ki pa donnin frui yo, okontrè sé pou nou reproché yo. Sèké sa y-ap fè an kachèt yo, yo ront minm di yo. Min lè yo dénonse tout bagay sa yo, sé nan limiè yo parèt klè, sèké tou sa-k parèt klè sé limiè li yé.

Sé pousa li di : « Lévé, ou minm k-ap dòmi, lévé sot nan pami mò yo, Kris la ap kléré-ou ».

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Jan 8, 12

Mouin sé limiè tè-a, sé sa Granmèt la di :
moun k-ap suiv mouin, l-ap gin limiè lavi-a.

ÉVANJIL

L-alé, li lavé kò-l, li vini, li ouè.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

9, 1-41

Lè sa-a :

Pandan Jézu ap pasé, li ouè yon moun ki avèg dépi-l té fèt. Disip li yo pozé-l késion : « Rabi, kilès ki fè péché, sa-a oubyin paran-l yo, pou-l fèt tou avèg la ? »

Jézu réponn : « Ni li minm li pa fè péché, ni paran-l yo ; min sé pou travay Bondié kapab parèt klè nan li. Mouin gin pou-m réalizé travay sa-a ki voyé-m nan, toutotan li jou ; lannuit la ap rivé, koté pèsòn pa kapab travay, toutotan mouin sou tè-a, mouin sé limiè tè-a ».

Kon-l fi-n di sa, li kraché atè-a, li fè labou ak saliv la, li pasé labou-a sou jé-l, li di-l : « Alé, lavé kò-ou, nan basin Siloé-a », sa vlé di « Sa-a yo voyé-a ». Konsa, l-alé, li lavé kò-l, li tounin antan-l ouè.

Sé pousa vouazin yo ak moun ki té konn ouè-l anvan, paské sé charité li té konn mandé, yo t-ap di : « Èské sa-a sé pa li minm ki té konn chita ap mandé-a ? » Yon pati t-ap di : « Sé li minm minm ». Lòt yo minm : « Pa ditou, min sé youn ki sanblé ak li ». Li minm minm li t-ap di : « Sé mouin minm minm ».

Yo t-ap di-l : « Kijan jé-ou fè louvri ? »

Li réponn : « Moun sa-a yo rélé Jézu-a, li fè labou, li pasé sou jé-m, li di-m : “Al nan basin Siloé-a, épi lavé kò-ou”. M-alé, mouin lavé kò-m, mouin ouè ». Yo di-l : « Koté-l ? » Li di : « Mouin pa konnin ».

Yo minnin-l kot Farizyin yo, sa-a ki té avèg anvan-an. Min sé té jou saba, lè Jézu té fè labou épi li té louvri jé-l la. Konsa Farizyin yo mandé-l ankò kijan li té fè ouè-a. Li minm minm li di yo : « Sé labou li mété sou jé-m, mouin lavé kò-m mouin ouè ». Gin kèk nan Farizyin yo ki t-ap di : « Moun sa-a pa vi-n sot nan Bondié, paské li pa obsèvé saba-a », Dòt minm t-ap di : « Kòman yon moun ki péchè kapab fè sign sa yo ? » Té gin divizion nan pami yo. Yo di avèg la ankò : « Ou minm sa-ou di osijè sa-a ki louvri jé-ou la ? » Li minm li di : « Sé yon profèt ».

Juif yo pa-t kouè mesié-a té avèg épi li té vi-n ouè, joutan yo rélé paran mesié-a ki té vi-n ouè-a. Yo pozé yo késion, yo di : « Sa-a sé pitit nou-an, sa nou di ki fèt tou avèg la ? Kijan-l fè ouè koulié-a ? » Paran-l yo réponn, yo di : « Nou konnin sa-a sé pitit nou-an, épi li té fèt avèg. Kijan li fè ouè

koulié-a, nou pa konnin, oubyin kilès ki louvri jé-l, nou pa konnin ; mandé-l : li gin laj, l-a palé pou kont li ». Paran-l yo té di sa, paské yo té pè Juif yo ; sèké Juif yo té déjà fè konplo pou si yon moun rékonèt li sé Kris la, y-ap mété-l déyò sot nan sinagòg la. Sé poua paran-l yo di : « Li gin laj, pozé-l késion ».

Konsa yo rélé moun nan ki té avèg la, yo di-l : « Fè konpliman pou Bondié. Nou minm nou konnin mésié sa-a sé yon péchè ». Li minm li di yo : « Si sé yon péchè, mouin pa konnin ; yon sèl bagay mouin konnin : sèké mouin té avèg, koulié-a mouin ouè ». Yo di-l. « Ki sa-l fè-ou ? » Li réponn yo : « Mouin té déjà di nou, épi nou pa-t kouté : kisa nou vlé tandé ankò ? Èské nou minm tou nou vlé vi-n disip li ? »

Yo madichonnin-l, yo di : « Ou minm ou mèt disip li ; nou minm minm sé disip Moyiz nou yé. Nou minm nou konnin Bondié té palé ak Moyiz, sa-a minm, nou pa konn koté-l soti ».

Mésié-a réponn, li di yo : « Sé sa-a ki dròl la, nou pa konn koté-l soti, épi li louvri jé-m. Nou konnin Bondié pa kouté péchè yo ; min, si yon moun krinn Bondié, épi li fè volonté-l, Bondié kouté-l. Dépi tout tan yo pa janm tandé yon moun louvri jé yon moun ki fèt tou avèg. Si mésié sa-a pa-t sot nan Bondié, li pa t-a kapab fè anyin ».

Yo réponn, yo di-l : « Sé nan péchè ou fèt toutantié, épi ou-ap anségné nou ? » Yo jété-l déyò.

Jézu tandé yo té jété-l déyò, lè-l jouinn li, li di-l : « Èské ou kouè nan Pitit Bondié-a ? » Li réponn, li di : « Kilès li yé, Granmèt, pou-m kouè nan li ? » Jézu di-l : « Ou ouè-l, sé li minm k-ap palé avèk ou-a ». Li minm li di : « Mouin kouè, Granmèt ». Li bésé, li adoré-l.

Jézu di : « Sé pou yon jijman mouin vini sou tè sa-a, pou moun ki pa ouè yo vi-n ouè, épi pou sa-k ouè yo vi-n avèg ». Kèk nan Farizyin yo tandé, sa-k té bò koté-l yo, yo di-l : « Èské nou minm tou nou avèg ? » Jézu di yo : « Si nou té avèg, nou pa t-a gin péché : min koulié-a nou di : “Nou ouè”. Péché nou-an rété ».

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

9, 1. 6-9. 13-17. 34-38

Lè sa-a :

Pandan Jézu ap pasé, li ouè yon moun ki avèg dépi-l té fèt. Li kraché atè-a, li fè labou ak saliv la, li pasé labou-a sou jé-l, li di-l : « Alé, lavé kò-ou nan basin Siloé-a », sa vlé di « Sa-a yo voyé-a ». Konsa, l-alé, li lavé kò-l, li

tounin antan-l ouè. Sé poua vouazin yo ak moun ki té konn ouè-l anvan, paské sé charité li té konn mandé, yo t-ap di : « Èské sa-a sé pa li minm ki té konn chita ap mandé-a ? » Yon pati t-ap di : « Sé li minm minm ». Lòt yo minm : « Pa ditou, min sé youn ki sanblé ak li ». Li minm minm li t-ap di : « Sé mouin minm minm ».

Yo minnin-l kot Farizyin yo, sa-a ki té avèg anvan-an. Min sé té jou saba, lè Jézu té fè labou épi li té louvri jé-l la. Konsa Farizyin yo mandé-l ankò kijan li té fè ouè-a. Li minm minm li di yo : « Sé labou li mété sou jé-m, mouin lavé kò-m, mouin ouè ».

Gin kèk nan Farizyin yo ki t-ap di : « Moun sa-a pa vi-n sot nan Bondié, paské li pa obsèvé saba-a ». Dòt minm t-ap di : « Kòman yon moun ki péchè kapab fè sign sa yo ? » Té gin divizion nan pami yo. Yo di avèg la ankò : « Ou minm sa-ou di osijè sa-a ki louvri jé-ou la ? » Li minm li di : « Sé yon profèt ».

Yo réponn, yo di-l : « Sé nan péché ou fèt toutantié, épi ou-ap anségné nou ? » Yo jété-l déyò.

Jézu tandé yo té jété-l déyò, lè-l jouinn li, li di-l : « Èské ou kouè nan Pitit Bondié-a ? » Li réponn, li di : « Kilès li yé, Granmèt, pou-m kouè nan li ? » Jézu di-l : « Ou ouè-l, sé li minm k-ap palé avèk ou-a ». Li minm li di : « Mouin kouè, Granmèt ». Li bésé, li adoré-l.

Paròl Granmèt la.

Pou touazièm skrutin-an

Yo toujou pran léktu sinkièm Dimanch Karèm, séri A, avèk chan-l yo.

Sinkièm Dimanch Karèm, ané A

PRÉMIÉ LÉKTU

M-ap mété Éspri-m nan nou, n-ap viv.

Léktu liv profèt Ézékièl

37, 12-14

Min paròl Granmèt Bondié :

« Min m-ap louvri tonbo nou yo, m-ap fè nou soti nan tonbo nou yo, pèp mouin, m-ap fè nou antré nan tè Israèl la ; n-ap konnin sé mouin minm Granmèt la, lè m-ap louvri tonbo nou yo, épi m-ap fè nou soti nan kavo nou yo, pèp mouin, lè m-ap mété Éspri-m nan nou, pou nou viv la, lè m-ap fè nou répozé sou tè nou-an, n-ap konnin sé mouin minm Granmèt la, mouin palé, épi mouin aji », sé sa Granmèt Bondié di.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 129, 1-2. 3-4 ab. 5-6. 7-8 (R: : 7)

R: Kot Granmèt la sé mizérikòd,
épi sé rédanmsion an kantité koté-l.

¹ Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt ;

² Granmèt, kouté voua-m.

Sé pou zòrèy ou panché
nan voua priyè-m nan. R:

³ Si-ou kinbé fot yo, Granmèt,
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?

⁴ Paské koté-ou sé padon,
épi nou krinn-ou. R:

⁵ M-ap tann ou, Granmèt ;

nanm mouin ap tann nan paròl li,

⁶ nanm mouin éspéré nan Granmèt la.

Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou,

⁷ sé pou Israèl éspéré nan Granmèt la. R:

Paské kot Granmèt la sé mizérikòd,
sé rédanmsion an kantité koté-l.

⁸ Sé li minm k-ap rachté Israèl
sot nan tout fot li yo. **R**

DÉZIÈM LÉKTU

*Éspri sa-a ki résisité Jézu sot nan pami mò yo,
li abité nan nou.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 8-11

Frè-m yo :

Moun yo ki réglé dapré chè-a, yo pa kapab fè Bondié plézi. Nou minm nou pa réglé nan chè-a, min nan Éspri-a, si réyèlman Éspri Bondié-a abité nan nou.

Si yon moun pa gin Éspri Jézu-Kri-a, moun sa-a pa pou li. Si Jézu-Kri nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a, Éspri-a viv poutèt sa-k fè-l vi-n sin-an. Si Éspri sa-a ki résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, sa-a ki résisité Jézu-Kri sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tout poutèt Éspri-a ki abité nan nou-an.

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Jan 11, 25 a. 26

Mouin sé rézireksion-an ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ;
moun ki kouè nan mouin li pap janm mouri.

ÉVANJIL

Mouin sé rézireksion-an ak lavi-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

11, 1-45

Lè sa-a :

Lazar té malad, moun Bétani-a, vil Mari ak Mart sè-l la. (Mari minm sé sa-a ki té mété losion sou Granmèt la, épi ki té suiyé pié-l ak chévé-l la, sé frè-l ki té malad la). Sè-l yo voyé koté-l, yo di : « Granmèt, min sa-a ou rinmin-an malad ». Lè Jézu minm tandé sa, li di yo : « Maladi sa-a pa pou lanmò, min pou gloua Bondié, pou Pitit Bondié-a jouinn gloua gras a li ».

Jézu minm té rinmin Mart ak sè-l la Mari, ak Lazar.

Konsa lè-l tandé li té malad, lè sa-a li rété koté-l té yé-a pandan dé jou. Apré sa, li di disip li yo : « An-alé nan Judé ankò ».

Disip li yo di-l : « Rabi, koulié-a Juif yo t-ap chèché kalonnin-ou, épi ou-apralé laba-a ankò ? »

Jézu réponn : « Èské pa gin douzèd-tan nan jounin-an ? Si yon moun ap maché nan jounin, li pap kasé pié, paské li ouè limiè tè sa-a ; min si l-ap maché nan fènoua, l-ap kasé pié, paské limiè-a pa nan li ».

Li di sa, apré sa, li di yo : « Lazar, zanmi nou-an, ap dòmi ; min m-apralé pou-m révéyé-l sot nan dòmi-an ».

Disip yo di : « Granmèt, si l-ap dòmi, l-ap sové ». Jézu minm palé yo osijè lanmò-l ; yo minm minm yo té konprann sé osijè dòmi somèy la li t-ap palé.

Lè sa-a atò Jézu di yo karéman : « Lazar mouri, mouin kontan poutèt nou, pou nou kapab kouè paské mouin pa-t la. Min an-alé koté-l ».

Toma, sa yo rélé Didim nan, li di lòt disip yo : « An-alé nou minm tou, pou nou mouri ansanm avèk li ».

Konsa Jézu rivé, li jouinn li dépi kat jou nan kavo. Bétani té pré Jérusalèm, apéprè toua kilomèt. Anpil nan Juif yo té vi-n kot Mart ak Mari, pou yo konsolé-l pou frè-l la.

Mart minm, lè-l tandé Jézu vini, li kouri al rankontré-l ; kanta Mari li minm, li té rét chita lakay la. Mart minm di Jézu : « Granmèt, si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ; min koulié-a mouin konnin tousa-ou mandé Bondié, Bondié ap ba ou li ».

Jézu di-l : « Frè-ou la ap résisité ».

Mart di-l : « Mouin konnin l-ap résisité nan rézireksion nan dènié jou-a ».

Jézu di-l : « Mouin sé rézireksion-an ak lavi-a ; moun ki kouè nan mouin, minm si-l mouri, l-ap viv, épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin, li pap janm mouri. Èské ou kouè sa ? »

Li di-l : « Oui, Granmèt, mouin kouè ou sé Kris Pitit Bondié vivan-an, ki té vi-n sou tè sa-a ».

Kon-l fi-n di sa, li pati l-al rélé Mari sè-l la an kachèt, li di : « Mèt la la épi l-ap rélé-ou ». Li minm kon-l tandé sa, li lévé byin vit, li vi-n koté-l ; Jézu pa-t ko rivé nan bouk la ; min li té koté Mart té rankontré-l la toujou. Juif yo minm, ki té avèk li nan kay la, épi ki t-ap konsolé-l yo, lè yo ouè Mari, ki lévé byin vit, li soti, yo suiv li, yo di : « L-al nan kavo-a, pou-l kriyé laba-a ».

Mari minm, lè-l rivé koté Jézu té yé-a, kon-l ouè-l, li tonbé nan pié-l, li di-l : « Granmèt si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ».

Jézu minm, lè-l ouè l-ap kriyé, ni Juif yo tou ki té vi-n avèk li-a ki t-ap kriyé, li santi éspri-l trésayi li troublé anndan li minm, li di : « Koté nou té dépozé-l ? »

Yo di-l : « Granmèt vini, ou-a ouè ». Jézu kriyé. Juif yo di : « Gadé kijan li té rinmin-l ! » Kèk nan yo minm té di : « Èské li pa-t kapab fè pou sa-a pa mouri, li minm ki té louvri jé moun ki té fèt tou avèk la ».

Jézu minm trésayi ankò anndan li minm, li rivé nan kavou-a. Sé té yon trou ròch, yon ròch té pozé sou li. Jézu di : « Ouété ròch la ».

Mart, sè mò-a, di-l : « Granmèt, li déjà gin mové sant, sa fè katriyèm jou li la ».

Jézu di-l : « Èské-m pa di-ou, si-ou kouè, ou-ap ouè gloua Bondié-a ? »

Yo ouété ròch la. Jézu minm lévé jé-l anlè, li di : « Papa, mouin fè konpliman pou ou, poutèt ou kouté-m. Mouin té konnin ou toujou kouté-m ; min sé poutèt pèp la ki entouré-m nan mouin palé, pou yo kouè sé ou minm ki voyé-m ». Kon-l fi-n di sa, li rélé byin fò : « Lazar, vini déyò ». Minm lè-a li sòti, pié-l ak min-l byin maré ak bann toual, figi-l té maré ak yon mouchoua. Jézu di yo : « Lagé-l, kité-l alé ».

Anpil nan Juif yo ki té vi-n kot Mari ak Mart la, lè yo ouè sa Jézu fè, yo vi-n kouè nan li.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

11, 3-7. 20-27. 33 b-45

Lè sa-a :

Sè Lazar yo voyé kot Jézu, yo di : « Granmèt, min sa-a ou rinmin-an malad ». Lè Jézu minm tandé sa, li di yo : « Maladi sa-a pa pou lanmò, min pou gloua Bondié, pou Pitit Bondié-a jouinn gloua gras a li ».

Jézu minm té rinmin Mart ak sè-l la Mari, ak Lazar.

Konsa lè-l tandé li té malad, lè sa-a li rété koté-l té yé-a pandan dé jou. Aprè sa, li di disip li yo : « An-alé Judé ankò ».

Jézu rivé, li jouinn li dépi kat jou nan kavou.

Mart minm, lè-l tandé Jézu vini, li kouri al rankontré-l ; kanta Mari li minm, li té rét chita lakay la. Mart minm di Jézu : « Granmèt, si-ou té isit la, frè-m nan pa t-ap mouri ; min koulié-a mouin konnin tou sa-ou mandé Bondié, Bondié ap ba-ou li ».

Jézu di-l : « Frè-ou la ap résisité ».

Mart di-l : « Mouin konnin l-ap résisité nan réziréksion nan dènié jou-a ».

Jézu di : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a : moun ki kouè nan mouin, minm si-l mouri, l-ap viv, épi tout moun k-ap viv épi ki kouè nan mouin, li pap janm mouri, Èské-ou kouè sa ? »

Jézu minm santi éspri-l trésayi, li troublé anndan li minm li di : « Koté nou té dépozé-l ? »

Yo di-l : « Granmèt, vini, ou-a ouè ». Jézu kriyé. Juif yo di : « Gadé kijan li té rinmin-l ! » Kèk nan yo minm té di : « Èské li pa-t kapab fè pou sa-a pa mouri, li minm ki té louvri jé moun ki té fèt tou avèg la ? »

Jézu minm trésayi ankò anndan li minm, li rivé nan kavo-a. Sé té yon trou ròch, yon ròch té pozé sou li

Jézu di : « Ouété ròch la ».

Mart, sè mò-a, di-l : « Granmèt, li déjà gin mové sant, sa fè katriyèm jou li la ».

Jézu di-l : « Èské-m pa di ou, si-ou kouè ou-ap ouè gloua Bondié-a ? »

Yo ouété ròch la. Jézu minm lévé jé-l anlè, li di : « Papa, mouin fè konpliman pou ou, poutèt ou kouté-m. Mouin té konnin ou toujou kouté-m ; min sé poutèt pèp la ki antouré-m nan, mouin palé, pou yo kouè sé ou minm ki voyé-m ». Kon-l fi-n di sa li rélé byin fò : « Lazar, vini déyò ». Minm lè-a mò-a sòti, pié-l ak min-l byin maré ak bann toul, figi-l té maré ak yon mouchoua. Jézu di yo : « Lagé-l, kité-l alé ».

Anpil nan Juif yo ki té vi-n kot Mari ak Mart la, lè yo ouè sa Jézu fè, yo vi-n kouè nan li.

Paròl Granmèt la.

Nan rimmèt sinbòl la

PRÉMIÉ LÉKTU

Kouté, Israèl : Sé pou-ou rinmin Granmèt la ak tout kè-ou.

Léktu liv Détéronòm

6, 1-7

Moyiz palé ak pèp la, li di : « Min kòmandman ak sérémoni ak jijman Granmèt Bondié nou-an té kòmandé pou aprann nou épi pou nou fè yo sou tè-a koté li t-ap fè nou travèsé pou nou posédé-l la, pou-ou krinn Granmèt la Bondié-ou la, pou-ou kinbé tout kòmandman-l yo ak lòd li yo mouin pasé-ou, ou minm ak pitit ou yo, ak désandans ou yo, pou tout tan ou-ap viv, pou-ou kapab viv lontan.

Kouté, Israèl, obsèvé, pou-ou kapab fè sa Granmèt la kòmandé ou yo, sa ap bon pou ou, ou-ap vi-n anpil, jan Granmèt Bondié papa ou yo promèt ou-a, nan péyi koté sé lèt ak mièl k-ap koulé-a.

Kouté, Israèl : Granmèt la Bondié nou-an sé yon sèl Granmèt la. Sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou ak tout nanm ou, ak tout fòs ou. Sé pou paròl sa yo mouin kòmandé-ou jodi-a, rét nan kè-ou, sé pou-ou rakonté yo bay pitit ou yo, sé pou-ou médité sou yo antan-ou chita nan kay ou épi antan ou-ap maché nan chémin, antan ou-ap dòmi épi antan ou-ap lévé ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 18, 8. 9. 10. 11 (R̄ : Jan 6, 69)

R̄ : Granmèt, ou gin paròl lavi ki pap janm fini-an.

- 8 Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm,
témouagnaj Granmèt la fidèl, li bay timoun yo sajàs. R̄
- 9 Jistis Granmèt la douat, yo fè kè kontan,
kòmandman Granmèt la klè, li kléré jé yo. R̄
- 10 Krint Granmèt la nèt, li diré pou tout tan gin tan,
jijman Granmèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm. R̄
- 11 Yo pi chè pasé lò, ak bijou ki gin anpil pri,
yo pi dous pasé mièl, ak réyon mièl k-ap koulé. R̄

DÉZIÈM LÉKTU

Déklarasion lafoua moun ki kouè nan Bondié.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romìn yo

10, 8-13

Frè-m yo :

Ki sa sa-k ékri-a di ? « Paròl la toupré nan bouch ou ak nan kè-ou » ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Sèké, si-ou rékonèt ak bouch ou Jézu sé

Granmèt la, épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sovè. Ak kè-ou, ou kouè pou jistis la, ak bouch ou minm ou fè déklarasion pou sovè nou sovè-a.

Sèké sa-k ékri-a di : « Tout moun ki kouè nan li, yo pap ront ». Pa gin distinksiyon ant Juif ak Grèk, sèké sé minm Granmèt tout moun yo, li rich pou tout moun k-ap rélé-l yo. « Sèké ninpòt ki moun k-ap rélé non Granmèt la, l-ap sovè ».

Paròl Granmèt la.

oubyin

*Palintèmediè Bòn Nouvèl la n-ap sovè,
si nou kinbé-l jan mouin té anonsé nou li-a.*

Léktu premié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo 15, 1-8

Mouin fè nou sonjé frè-m yo, Bòn Nouvèl la mouin té préché nou-an, li minm nou té résévoua-a, nan li nou rété-a, palintèmediè-l nou sovè-a, si nou kinbé-l jan mouin té anonsé nou li-a, otréman, sé pou granmési nou t-a kouè.

Réyèlman mouin té transmèt nou toudabò sa mouin minm mouin té résévoua-a : Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan onz yo ; apré sa li parèt dévan plis pasé sink-san frè ansanm, nan pami yo gin anpil ki la jous koulié-a, kèk minm mouri ; apré sa li parèt dévan Jak, apré sa dévan tout Apot yo ; apré tout moun, li parèt dévan-m tou, mouin minm ki tankou yon pitit ki fèt anvan tèm.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

Léktu premié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo 15, 1-4

Mouin fè nou sonjé frè-m yo, Bòn Nouvèl la mouin té préché nou-an, li minm nou té résévoua-a, nan li nou rété-a, palintèmediè-l nou sovè-a, si nou kinbé-l jan mouin té anonsé nou li-a, otréman, sé pou granmési nou t-a kouè.

Réyèlman mouin té transmèt nou toudabò sa mouin minm mouin té résévoua-a : Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k ékri yo.

Paròl Granmèt la.

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Jan 3, 16

(R: Alélouya). Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ;
pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. (R: Alélouya).

ÉVANJIL

Ou sé Kris, Pitit Bondié vivan-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

16, 13-17

Lè sa-a :

Jézu rivé nan réjion Sézaré Filip la, li pozé disip li yo késion, li di : « Ki sa moun yo di Pitit moun nan yé ? »

Yo minm yo di : « Ginyin sé Jan-Batis, dèt minm sé Éli, dèt ankò sé Jérémi oubyin youn nan profèt yo ».

Jézu di yo : « É nou minm ki sa nou di mouin yé ? »

Simon Piè pran laparòl, li di : « Ou sé Kris, Pitit Bondié vivan-an ».

Jézu pran laparòl, li di-l : « Ala kontantman pou ou, Simon, pitit Jan, paské sé pa ni chè ni san ki fè ou konn sa, min Papa-m ki nan sièl la ».

Paròl Granmèt la.

oubyin

*Mouin minm limiè-a mouin vi-n sou tè-a,
pou tout moun ki kouè nan mouin, yo pa rété nan fènoua.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

12, 44-50

Lè sa-a : Jézu rélé byin fò, li di :

« Moun ki kouè nan mouin, sé pa nan mouin minm li kouè, min nan sa-a ki voyé-m nan. Moun ki ouè-m, li ouè sa-a ki voyé-m nan.

Mouin limiè-a mouin vi-n sou tè-a, pou tout moun ki kouè nan mouin, yo pa rété nan fènoua. Si yon moun tandé paròl mouin yo, li pa kinbé yo, sé pa mouin minm k-ap jijé-l ; mouin pa vini pou-m jijé tè-a, min pou-m sovè tè-a.

Moun ki méprizé-m, ki pa résévoua paròl mouin yo, li gin sa-a k-ap jijé-l. Paròl la mouin palé-a, sé li minm k-ap jijé-l nan dènié jou-a.

Paské mouin minm sé pa nan mouin minm mouin pran pou-m palé ; min sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sé li minm ki ban-m kòmandman ki sa pou-m di, épi ki sa pou-m palé.

Mouin konnin kòmandman-l nan sé lavi tout tan-an. Sa-m palé yo, sé jan Papa-a di-m nan, sé konsa mouin palé ».

Paròl Granmèt la.

Yo kapab chouazi tou dòt tèks ki adapté tankou :

Kot kilès pou-n alé ? Ou gin paròl lavi tout tan-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 35. 63-71

Lè sa-a :

Jézu di yo : « Mouin minm mouin sé pin lavi-a ; moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, moun ki kouè nan mouin pap janm souaf ».

Sé « Éspri-a ki bay lavi, chè-a pa kapab sèvi anyin. Paròl yo mouin palé nou-an, sé éspri ak lavi yo yé. Min ginyin nan nou ki pa kouè ». Jézu té konnin dépi nan kòmansman kilès ki pa-t kouè, épi kilès ki t-ap rinnèt li-a.

Li di : « Sé pousa mouin té di nou, pèsòn pa kapab vi-n jouinn mouin, si sé pa Papa-m ki ba-l posibilite sa-a ».

Dépi lè sa-a anpil nan disp li yo pati kite-l, yo pa maché avèk li ankò.

Jézu di douz yo : « Èské nou minm tou nou vlé pati ? »

Simon Piè réponn : « Granmèt, kot kilès pou-n alé ? Ou gin paròl lavi tout tan-an. Nou minm nou kouè, nou konnin ou sé Kris la Pitit Bondié-a ».

Jézu réponn yo : « Èské mouin minm mouin pa-t chouazi nou minm Douz yo ? Époutan nan pami nou gin youn sé djab li yé.

Li t-ap palé minm osijè Juda pitit Simon Iskariòt la ; sa-a réyèlman sé li minm ki t-ap rinnèt li-a, malgré li té youn nan Douz yo.

Paròl Granmèt la.

oubyin :

Sé pou nou youn rinmin lòt.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 9-11

Lè sa-a :

Jézu di disp li yo : « Minm jan Papa-a rinmin-m nan, sé konsa tou mouin rinmin nou. Sé pou nou rété nan rinmin-m nan. Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan, minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan. Mouin di nou bagay sa yo, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, pou kè kontan nou-an réyalizé nèt ».

Paròl Granmèt la.

oubyin :

Sé pou nou youn rinmin lòt.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 12-17

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Min kòmandman-m, sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin rinmin nou-an. Pèsòn pa rinmin pi plis pasé moun ki bay lavi-l pou zanmi-l nan. Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou yo.

Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, paské sèvitè-a pa konnin sa mèt li ap fè ; min mouin rélé nou zanmi, paské tou sa-m tandé kot Papa-m, mouin fè nou konnin yo.

Sé pa nou minm ki chouazi-m ; min sé mouin minm ki chouazi nou, mouin mété nou, pou nou alé, pou nou poté frui, pou frui nou-an duré ; konsa, pou ninpòt ki sa nou mandé Papa-a o non-m, li ba nou-l. Min sa-m kòmandé nou, sé pou nou youn rinmin lòt ».

Paròl Granmèt la.

LÒT PSÒM POU SKRUTIN YO

1

Ps 6, 2-4 a. 4 b-6. 7-8. 9-10 (R: 3 a)

- R: Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb.
- 2 Granmèt, pa réproché-m nan mové san-ou, ni pa korijé-m nan kòlè-ou.
- 3 Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb ; géri-m, Granmèt, paské zo-m yo fi-n krazé.
- 4 Nanm mouin troublé anpil. R:
- Min ou minm, Granmèt, jouskilè?
- 5 Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin, sové-m poutèt mizérikòd ou-a.
- 6 Sèkè pa gin pèsòn nan lanmò, k-ap sonjé-ou ; anba tè-a minm kilès k-ap fè louanj ou ? R:
- 7 Mouin té rédi nan jémisman mouin, mouin t-ap lavé kabann mouin chak nuit ; ak dlo k-ap sot nan jé-m yo mouin t-ap rouzé koté mouin té kouché-a.
- 8 Jé-m troublé ak chagrin, mouin té viéyi nan pami ènmi-m yo. R:

- 9 Ralé kò nou sot sou mouin, nou tout k-ap fè péché-a,
paské Granmèt la kouté voua dlo jé-m.
- 10 Granmèt la kouté démann mouin-an,
Granmèt la résévoua priyè-m nan. **R:**
- 11 Sé pou yo ront épi sé pou yo troublé anpil, tout ènmi-m yo ;
sé pou yo tounin épi sé pou yo ront byin pròp avèk rapidité. **R:**

2

Ps 25, 1-3. 4-5. 6-8. 9-10. 11-12 (**R:** 3 a)

- R:** Mizérikòd ou-a, Granmèt, li dévan jé-m.
- 1 Jijé-m, Granmèt, paské sé nan inosans mouin m-ap maché
épi antan-m éspéré nan Granmèt la mouin pap fébli.
- 2 Éséyé-m, Granmèt, sondé-m ;
boulé rin-m ak kè-m.
- 3 Paské mizérikòd ou-a li dévan jé-m,
mouin maché nan vérité-ou la. **R:**
- 4 Mouin pa-t chita ak moun vanité
épi moun k-ap aji an kachèt yo mouin pa-t antré koté yo.
- 5 Mouin té rayi asanblé méchansté yo
épi avèk péchè yo mouin pap chita. **R:**
- 6 M-ap lavé min-m nan inosans
épi m-ap fè tout tou lotèl ou-a, Granmèt,
- 7 pou-m fè tandé voua louanj
épi pou-m rakonté tout mèvèy ou yo.
- 8 Granmèt, mouin té rinmin chanm kay ou-a
épi koté gloua-ou la abité-a. **R:**
- 9 Pa ranmasé mouin ansanm avèk méchan yo,
lavi-m avèk moun san yo.
- 10 Nan min yo sé péché,
min douat yo plin kado. **R:**
- 11 Mouin minm minm sé nan inosans mouin m-ap maché,
rachte-m, pran pitié pou mouin.
- 12 Pié-m kanpé nan chémin douat,
nan asanblé yo m-ap fè louanj pou Granmèt la. **R:**

3

Ps 31, 1-2. 5. 7. 8-9. 10-11 (R: cf. 11)

- R: Fété nan Granmèt la, éklaté ak kontantman, nou minm ki kòrèk yo.
Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li,
yo kouvri péché-l la.
- 2 Ala kontantman pou moun Granmèt la pa konsidéré kòm koupab la,
ki pa gin riz nan léspri-l la. R:
- 3 Poutèt mouin té pé bouch mouin, zo-m t-ap viéyi,
pandan mouin t-ap rélé tout lajounin.
- 4 Sèké lajounin kon lannuit min-ou té lou sou mouin,
fòs mouin chanjé nan chalè tan cho-a. R:
- 5 Mouin fè-ou konnin péché-m nan,
mouin pa kaché fot mouin-an.
Mouin di : « M-ap déklaré fot mouin-an dévan Granmèt la ».
Ou minm ou padonnin fot péché-m nan. R:
- 6 Poutèt sa tout sin ap priyé-ou nan tan favorab la.
Épi nan délij anpil dlo yo,
yo pap proche koté-l. R:
- 7 Ou sé kachèt mouin, ou-ap protéjé-m sot nan tray la ;
ou-ap vlopé-m ak fèt sové ou sové-m nan. R:
- 8 M-ap ba-ou intèlijans épi m-ap aprann ou nan ki rout pou-ou maché ;
m-ap fikse jé-m sou ou.
- 9 Pa vi-n tounin tankou choual ak milèt,
ki pa gin intèlijans ;
avèk brid épi mò si-ou avansé pou-ou kinbé yo,
yo pap proche koté-ou. R:
- 10 Anpil doulè pou péchè-a,
sa-k éspéré nan Granmèt la nan mizérikòd li vlopé-l. R:
- 11 Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk yo.
Lévé tèt nou, nou tout ki gin kè nou douat yo. R:

4

Ps 37

- 2 Granmèt, pa pini-m nan kòlè-ou
épi nan mové san-ou pa korijé-m,
- 3 paské flèch ou yo anfonse nan mouin,
épi min-ou désann sou mouin. R:

- 4 Pa gin koté ki an-santé nan chè-m dévan kontrariété-ou,
pa gin lapè nan zo-m yo dévan péché-m yo.
- 5 Sèké fot mouin yo dépasé tèt mouin
épi tankou yon poua lou yo pézé-m anpil. **R:**
- 6 Foua-m pouri épi dékonpozé
dévan mank-sajès mouin-an.
- 7 Mouin plouayé épi mouin koubé anpil ;
tout jounin m-ap maché ak chagrin. **R:**
- 8 Sèké rin-m plin ak chalè,
épi pa gin koté ki an-santé nan chè-m.
- 9 Mouin nan lapinn épi mouin rabésé anpil,
mouin t-ap rélé poutèt jémisman kè-m. **R:**
- 10 Granmèt, dévan-m tout anvi-m,
jémisman-m pa kaché pou ou.
- 11 Kè-m ap bat, fòs mouin abandoné-m,
épi limiè jé-m, épi li minm li pa avè-m. **R:**
- 12 Zanmi-m yo épi prochin mouin yo
sé louin blès mouin yo kanpé,
pròch mouin yo sé byin louin yo kanpé.
- 13 Yo té mété pièj, sa ki t-ap chèché nanm mouin yo,
épi sa-k t-ap chèché mal pou mouin yo, yo t-ap palé pièj
épi sé riz tout jounin yo t-ap médité. **R:**
- 14 Mouin minm minm tankou yon moun ki soud mouin pa-t kouté
épi tankou moun ki bèbè ki pa louvri bouch li ;
- 15 Mouin té tankou yon moun ki pa tandé,
épi ki pa ginyin réplik nan bouch li. **R:**
- 16 Paské nan ou, Granmèt, mouin té éspéré,
ou minm ou té kouté Granmèt Bondié mouin.
- 17 Sèké mouin té di : « Pi-nga lè y-ap pran plézi osijè-m nan ;
pandan pié-m ap tranblé,
y-ap fè grandizè sou tèt mouin ». **R:**
- 18 Sèké mouin minm mouin prêt pou-m tonbé,
épi doulè mouin-an li dévan-m tout tan.
- 19 Paské fot mouin-an m-ap anonsé-l
épi mouin pran tèt chajé osijè péché-m. **R:**
- 20 Ènmi-m yo minm, y-ap viv épi yo gin asirans ;
épi yo multiplié, sa yo ki rayi-m yo avèk méchansté.
- 21 Antan y-ap rinnèt mal pou byin, yo t-ap palé-m mal,
poutèt mouin t-ap suiv sa ki bon-an. **R:**

- 22 Pa lagé-m, Granmèt ;
Bondié mouin, pa alé louin-m.
23 Fè vit poté-m sékou, Granmèt, sovè mouin. **R:**

5

Ps 38

- 2 Mouin té di : « M-ap véyé sou rout mouin yo,
pou-m pa fè fot nan lang mouin ;
m-ap mété yon santinèl sou bouch mouin,
toutotan péchè-a kanpé an fas mouin ». **R:**
- 3 Antan mouin pé bouch mouin, mouin pa-t palé,
épi mouin té fè silans san anyin ki bon,
épi doulè mouin-an rékòmansé.
- 4 Kè-m chofé anndan mouin
épi nan méditation-m nan difé-a flanbé. **R:**
- 5 Mouin palé nan lang mouin :
« Fè-m konnin Granmèt, finisman mouin ;
épi kantité jou mouin yo, ki sa-l yé,
pou-m konnin kijan li kout lavi mouin ».
- 6 Min sé kèk pla min ou té fè jou mouin yo,
épi éspas lavi mouin tankou anyin dévan-ou.
Réyèlman sé vanité toutantié tout moun yé.
- 7 Réyèlman tankou yon pòtré moun nan pasé,
réyèlman sé vanité li yé épi l-ap éksité ;
l-ap ranmasé épi li pa konnin kilès k-ap rasanblé. **R:**
- 8 Épi koulié-a, sa m-ap tann, Granmèt ?
Éspérans mouin sé lakay ou li yé.
- 9 Anba tout fot mouin yo dégajé-m,
pa mété-m tankou on répròch pou moun ki san sajès la. **R:**
- 10 Mouin pap palé épi mouin pap louvri bouch mouin,
paské sé ou minm ki té aji.
- 11 Rétiré sot nan mouin mak kou-ou yo :
anba frap min-ou nan mouin tonbé. **R:**
- 12 Nan répròch poutèt fot, ou té korijé moun nan,
ou fè sa-l anvi yo dékonpozé tankou larouy.
Réyèlman tout moun sé vanité. **R:**
- 13 Kouté priyè-m nan, Granmèt,
épi rèl mouin-an résévoua-l ak zòrèy ou.
Dévan dlo k-ap koulé sot nan jé-m yo, pa rété soud,
paské sé étranjé mouin yé koté-ou, pèlrin tankou tout papa mouin yo. **R:**

- 14 Viré sot koté-m, pou-m ka rafréchi,
anvan m-alé épi mouin pa égzisté ankò. **R:**

6

Ps 39

- 2 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la,
li panché sou mouin.
- 4 Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin
yon chanté pou Bondié nou-an. **R:**
- 5 Ala kontantman pou moun ki mété éspérans li nan Granmèt la,
ki pa gadé moun k-ap fè logèy, k-ap panché nan manti. **R:**
- 6 Ou té fè yo anpil, Granmèt Bondié mouin, mèvèy ou yo,
épi pansé-ou yo pou nou : pa gin ki sanblé avèk ou. **R:**
- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa,
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa,
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini. **R:**
- Nan roulo liv la yo ékri osijè-m
9 pou-m fè volonté-ou.
Bondié mouin, mouin dakò,
laloua-ou la nan zantray mouin ». **R:**
- 10 Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ;
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin. **R:**
- 12 Kanta ou minm Granmèt, pa ouété pitié-ou yo soti sou mouin ;
sé pou mizèrikòd ou-a ak vérité-ou la toujou soutni mouin,
13 paské mal yo antouré-m, sa yo pa kapab konté yo ;
yo vlopé-m, péché-m yo,
m-pa kapab ouè.
Yo multiplié pi plis passé chévé tèt mouin,
kè-m lagé-m. **R:**
- 14 Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ;
Granmèt, présé vi-n poté-m sékou.
- 15 Sé pou yo ront épi sé pou yo krinn ansanm,
sa yo k-ap chèché nanm mouin-an pou yo ouété-l la.
Sé pou yo ralé kò yo dèyè épi sé pou yo ront,
sa yo ki vlé mal pou mouin-an. **R:**
- 16 Sé pou yo sézi akoz ront yo ront la,
sa yo k-ap di-m : « Avansé, avansé ».
- 17 Sé pou yo fété, sé pou yo kontan nan ou tout sa k-ap chèché-ou yo :

épi y-ap di tout tan : « Sé pou ouè jan Granmèt la gran »,
sa yo ki rinmin sovè ou sovè nou-an. **R**

- 18 Kanta mouin minm mouin maléré épi pòv ;
sé Granmèt la k-ap okipé-m.
Sékou-m ak libératè-m sé ou minm ;
Bondié mouin, pa mizé. **R**

7

Ps 50

- 3 Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
Dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an : *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l : *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché,
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l : *
Sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizyon-ou, douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans : *
nan péché manman-m té ansint mouin.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè : *
nan sékrè ou fè-m ouè sajès.
- 9 Lavé-m avèk izòp, m-ap vi-n pròp : *
lavé-m, m-a vi-n blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua : *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo : *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié : *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou : *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinnèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an : *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo : *
méchan yo ap tounin vi-n jouinn ou.

- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin : *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin : *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis : *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé : *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt nan bòn volonté-ou : *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis, kado avèk sakrifis antié : *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

8

Ps 114

- 1 Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m.
- 2 Paské li té panché zòrèy li sou mouin : *
nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- 3 Pièj lanmò yo té antouré-m : *
kè séré lanfè-a té rivé sou mouin.
Tribilasyon ak doulè, sé sa mouin té jouinn : *
- 4 épi sé non Granmèt la mouin té rélé.
« Granmèt, o, délivré nanm mouin » : †
- 5 Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- 6 Antan Granmèt la protéjé ti piti yo : *
mouin rabésé, l-ap sové-m.
- 8 Tounin, nanm mouin, nan répo-ou : *
paské Granmèt la fè-ou di byin.
Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò : †
jé-m sot nan dlo, *
pié-m sot nan fo-pa.
- 9 M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo.

9

Ps 129

- 1 Nan bafon yo m-ap rélé koté-ou, Granmèt : *
- 2 Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou panché *
nan voua priyè-m nan.
- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt : *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon : *
épi nou krinn ou.
- 5 M-ap tann ou, Granmèt : *
nanm mouin ap tann nan paròl li.
- 6 nanm mouin éspéré nan Granmèt la : *
plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou.
Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou : *
- 7 sé pou Israël éspéré nan Granmèt la.
Paské kot Granmèt la sé mizérikòd : *
sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israël *
sot nan tout fot li yo.

10

Ps 138

- 1 Granmèt, ou sondé-m, ou konnin-m,
2 ou konnin chita-m ak lévé-m.
Ou sézi pansé-m byin louin,
3 koté-m maché ak koté-m kouché, ou fouyé yo. R:
- 4 Tout rout mouin yo, ou ouè yo klè,
paské paròl la pa ko sou lang mouin,
gadé, Granmèt, ou konnin tout bagay. R:
- 5 Dèyè kon dévan ou séré-m,
ou pozé min-ou sou mouin.
- 6 Sé mèvèy éstraòdinè sians ou-a yé anlè-m ;
li ro, mouin pa kapab touché-l. R:
- 7 Ki koté pou-m alé louin éspri-ou,
ki koté pou-m sovè kò-m louin fas ou ?
- 8 Si-m monté nan sièl la, ou la ;
si-m désann anba tè-a, ou prézan. R:

- 9 Si-m pran zèl dévan jou-a,
pou-m al abité nan fon lanmè,
10 minm la, min-ou ap kondui-m,
min douat ou kinbé-m. **R:**
- 11 Si-m di : « Pètèt fènoua yo ap fèmin-m,
lannuit la ap sèl klèté alantou-m ».
12 Minm fènoua yo pa fènoua dévan-ou,
lannuit la ap kléré tankou lajounin. **R:**
- 13 Paské sé ou minm ki té fòmé rin-m,
ou té trésé-m nan vant manman-m.
14 M-ap fè louanj ou, paské ou té fòmé-m yon fason éstraòdinè,
aksion-ou yo éstraòdinè. **R:**
- Nanm mouin konnin yon ti kras.
15 Zo-m pa-t kaché louin-ou,
lè mouin té fèt nan sékrè,
lè mouin t-ap fòmé tankou yon toual nan fon tè-a. **R:**
- 16 Mouin pa-t ko fèt, jé-ou té déjà ouè-m,
épi nan liv ou-a tout jou yo té ékri :
yo té an fòmasyon, épi yon sèl nan yo pa-t ko manké.
17 Kanta pou mouin minm, pansé-ou gin tròp valè, Bondié ;
li trò lou kantité yo-a. **R:**
- 18 Si-m konté yo, y-ap multipliye plis pasé sab ;
si-m rivé nan finisman, mouin toujou avèk ou.
19 Si ou té ka touyé péchè yo, Bondié ;
Moun san yo, ralé kò nou sot sou mouin. **R:**
- 20 Sa yo k-ap palé kont ou-a avèk méchansté-a :
y-ap lévé tèt yo pou anyin kont ou minm.
21 Èské moun ki rayi-ou yo, Granmèt, mouin pa rayi yo
épi sa-k drésé kont ou yo, èské yo pa ban-m répignans ?
22 Ak yon rayisans dènié bout mouin té rayi yo,
épi yo vi-n tounin ènmi-m. **R:**
- 23 Sondé-m, Bondié, konnin kè-m ;
éséyé-m, konnin tras rout mouin yo :
24 gadé, si gin rout ki pa vo anyin nan mouin ;
kondui-m nan chémin tout tan-an. **R:**

11

Ps 141

- 2 Avèk voua-m kot Granmèt la mouin rélé,
avèk voua-m kot Granmèt la mouin priyé ;
- 3 mouin vidé lamantasion mouin dévan-l
épi tribilasion mouin, dévan-l mouin fè konnin-l. **R:**
- 4 Pandan éspri-m t-ap fébli nan mouin,
ou té konnin santié-m yo.
Nan chémin-an, koté-m t-ap maché-a,
yo té kaché pièj pou mouin. **R:**
- 5 Mouin té égzaminé adouat épi mouin té ouè,
pa-t gin pèsonn ki té konnin-m.
Mouin pa-t kapab sové kò-m
pa-t gin pèsonn ki t-ap réklamé nanm mouin. **R:**
- 6 Mouin té rélé koté-ou, Granmèt ;
mouin té di : « Sé ou minm ki kachèt mouin,
pòsion pa-m sou tè vivan yo. . **R:**
- 7 Panché sou priyé-m nan paské yo rabésé-m tròp,
libéré-m anba sa k-ap pèsékité-m yo,
paské yo vi-n pi ranfòsé pasé-m.
- 8 Fè nanm mouin soti nan prizon-an
pou-l déklaré non-ou ;
sa-k kòrèk yo y-a antouré-m
lè ou-ap ban-m rékonpans ». **R:**

Nan rinnèt priyè Granmèt la

PRÉMIÉ LÉKTU

Mouin t-ap minnin nou avèk kòd rinmin-an.

Léktu liv profèt Ozé

11, 1. 3-4. 8 c-9

Min paròl Granmèt la :

« Israël té piti, mouin té rinmin-l, mouin rélé pitit mouin-an sot Éjip. Yo rélé yo, sé konsa yo pati sot dévan fas yo ; yo t-ap ofri sakrifis bay Baal yo, yo t-ap sakrifé bay zidòl yo.

Mouin minm mouin tankou yon nouris pou Éfrayim, mouin t-ap poté yo sou bra-m, min yo pa-t konnin mouin t-ap souin yo. Avèk kòd Adan mouin t-ap minnin yo, avèk kòd rinmin-an ; pou yo mouin té tankou yon moun k-ap lévé jouk la sou zépòl yo, mouin t-ap panché sou li pou-m fè-l manjé.

Kè-m ap boulvèsé anndan-m, konsa mouin trublé tèlman mouin régrèt. Mouin pap kité kòlè-m éklaté, mouin pap chanjé pou-m gayé Éfrayim, paské sé Bondié mouin yé, sé pa moun ; nan mitan-ou sin-an, mouin pap anvayi lavil la ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R: : 1)

R: Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin.

¹ Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;

² nan zèb vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,

³ li réfè nanm mouin.

Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. **R:**

⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.

Baton-ou ak bagèt ou sé yo k-ap konsolé-m. **R:**

⁵ Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon yo ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. **R:**

⁶ Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. **R:**

oubyin

PSÒM RÉPONS

Ps 102, 1-2. 8 é 10. 11-12. 13 é 18 (R: 13)

R: Tankou papa gin pitié pou pitit li yo,
Granmèt la gin pitié pou moun ki krinn li yo.

¹ Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin ;
tou sa-k anndan-m, fè konpliman pou non-l ki sin.

² Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin,
pa bliyé tousa-l fè yo. R:

⁸ Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd,
li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.

¹⁰ Sé pa dapré péché nou yo li trété nou,
ni dapré fot nou yo li rinnèt nou. R:

¹¹ Sèké otan sièl la ro anlè tè-a,
mizérikòd li débòdé sou sa yo ki krinn li yo ;

¹² otan olévan louin okouchan,
li ranvouayé péché nou yo louin nou. R:

¹³ Tankou papa pran pitié pou pitit li yo,
Granmèt la pran pitié pou moun ki krinn li yo,

¹⁸ nan sa yo ki kinbé alians li-a,
épi ki sonjé kòmandman-l yo pou réalizé yo. R:

DÉZIÈM LÉKTU

*Nou té résévoua éspri pitit adoptif yo,
li minm nan li nou rélé : Abba, Papa-a.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 14-17. 26-27

Frè-m yo :

Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé.

Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la yon lòt fous anklò pou nou nan kè soté, min nou té résévoua éspri pitit adoptif, li minm nan li nou rélé : « Abba, Papa »-a.

Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé ti pitit Bondié. Si nou sé ti pitit, nou sé éritié tou. Si nou sé éritié Bondié, nou éritié ansanm ak Kris la, paské n-ap soufri ansanm avèk li pou nou jouinn gloua pouvoua-a ansanm avèk li.

Minm jan tou, Éspri-a édé féblès nou : sèké nou pa konnin kijan pou nou priyé ; min sé Éspri-a li minm k-ap priyé pou nou ak mo yo pa kapab palé.

Sa-a k-ap sondé kè yo, li konnin sa Éspri-a anvi-a, paské sé dapré Bondié li priyé pou sin yo.

Paròl Granmèt la.

oubyin

Bondié voyé Éspri Pitit li-a nan kè nou, k-ap rélé : Abba, Papa.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Galat yo

4, 4-7

Frè-m yo :

Lè tan-an rivé bout li, Bondié voyé Pitit li-a ki fèt sot nan madanm nan, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té kapab rachté yo, pou nou té kapab vi-n tounin pitit adoptif.

Laprèv nou sé pitit, sèké Bondié voyé Éspri Pitit li-a nan kè nou, k-ap rélé : « Abba, Papa ». Konsa pa gin ésklav ankò, min sé pitit ki ginyin. Si sé pitit, sé éritié pa pouvoua Bondié.

Paròl Granmèt la.

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Rm 8, 15

℞ Alélouya. Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la ankò, nan krint, min nou té résévoua éspri pitit adoptif yo, li minm nan li nou rélé : Abba, Papa. **℞** Alélouya.

ÉVANJIL

Sé konsa pou nou lapriyé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

6, 9-13

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Min kijan pou nou priyé :

Papa nou ki nan sièl la, sé pou yo réspékté non-ou, sé pou yo rékonèt sé ou ki roua, sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la. Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a, padonnin nou sa nou fè-ou, tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy, pa kité nou pran nan pièj, min délivré nou anba sa ki mal ».

Paròl Granmèt la.

Yo kapab chouazi tou dòt tèks ki adapté.

Nan rit « Éfata »-a

ÉVANJIL

« Éféta », sa vlé di « Louvri ».

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

7, 31-37

Lè sa-a :

Jézu soti nan téritoua Tir la, li travèsé Sidon, li rivé jous nan lanmè Galilé-a, nan mitan téritoua Dékapòl la.

Yo minnin yon moun soud ba li, moun nan té bèbè tou, yo t-ap priyé-l pou-l pozé min sou li. Li pran-l apa sot nan foul la, li mét douèt li nan zòrèy li, li kraché, li touché lang li ; li lévé jé nan sièl la, li pousé yon ti souf, li di-l : « Éféta », sa vlé di « Louvri ». Minm lè-a zòrèy li louvri, kòd lang li lagé, li t-ap palé kòrèk.

Li pasé yo lòd pou yo pa di pèsòn sa. Min plis li t-ap pasé lòd, sé plis yo t-ap préché sa.

Moun yo té sézi anpil, yo t-ap di : « Li fè tout bagay byin : li fè moun soud yo tandé, li fè bèbè yo palé ».

Paròl Granmèt la.

Nan choua non krétyin-an

1

Y-ap rélé-ou « Abraam ».

Léktu liv Jénèz la

17, 1-7

Apré Abram té kòmansé gin katrévin-diznèf ané, Granmèt la parèt koté-l épi li di-l : « Mouin sé Bondié ki gin tout pouvoua-a ; maché dévan-m, épi sé pou-ou kòrèk nèt. M-ap mété aliens mouin ant mouin minm avèk ou minm, m-ap fè-ou vi-n anpil anpil ». Abram tonbé atè sou fas li.

Bondié di-l : « Sé mouin minm, min aliens mouin avèk ou, ou-ap papa anpil nasion. Yo pap rélé non-ou “Abram” ankò, min y-ap rélé-ou “Abraam”, paské m-ap fè-ou vi-n tounin papa anpil nasion. M-ap fè-ou vi-n anpil anpil, m-ap fè-ou vi-n tounin nasion, gin roua k-ap soti nan ou.

M-ap pasé aliens mouin ant mouin minm ak ou minm, avèk ras ou apré-ou, pou jénérasion yo, aliens pou tout tan, pou-m Bondié-ou ak Bondié ras ou apré-ou ».

Paròl Granmèt la.

2

Y-ap rélé-ou ak yon non nouvo.

Léktu liv profèt Izayi

62, 1-5

Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, épi poutèt Jérusalèm mouin pap rét trankil joutan moun kòrèk li-a soti tankou klèté, épi sovè-l la kléré tankou lanp.

Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a, épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la, y-ap rélé-l yon non nouvo, sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l. Ou-ap vi-n tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la, yon kouròn roua nan min Bondié-ou la.

Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò, yo pap rélé tè-ou la « Dézolé » ankò ; min y-ap rélé-ou « Volonté-m nan li », épi tè-ou la « Sa-a yo abité-a », paské Granmèt la jouinn plézi-l nan ou, épi y-ap abité nan péyi-ou la.

Jèn jan-an ap abité avèk vièj la, pitit ou yo ap abité nan ou, mesié k-ap marié-a ap kontan poutèt madanm li k-ap marié-a, Bondié-ou la ap kontan poutèt ou.

Paròl Granmèt la.

3

*M-ap ékri nouvo non mouin-an sou li.***Léktu liv Apokalips apot sin Jan****3, 11-13**

M-ap vini byin vit ; kinbé sa-ou ginyin-an, pou pèsonn pa pran kouròn ou-an. Sa-k ranpòté viktoua-a, m-ap fè-l vi-n tounin kolòn nan tanp Bondié mouin-an, épi li pap maché déyò ankò ; m-ap ékri sou li non Bondié mouin-an épi non vil Bondié mouin-an, Jérusalèm nouvo-a, sa-k désann sot nan sièl la, sot kot Bondié mouin-an, épi non nouvo mouin-an.

Sa-k gin zòrèy, sé pou-l tandé sa Éspri-a di Égliz yo.

Paròl Granmèt la.

4

*Ou sé Piè.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié****16, 13-18**

Lè sa-a :

Jézu rivé nan réjion Sézaré Filip la, li pozé disip li yo késion, li di : « Ki sa moun yo di Pitit moun nan yé ? »

Yo minm yo di : « Ginyin sé Jan-Batis, dèt minm sé Éli, dèt ankò sé Jérémi oubyin youn nan profèt yo ».

Jézu di yo : « É nou minm ki sa nou di mouin yé ? »

Simon Piè pran laparòl, li di : « Ou sé Kris, Pitit Bondié vivan-an ».

Jézu pran laparòl, li di-l : « Ala kontantman pou ou, Simon, pitit Jan, paské sé pa ni chè ni san ki fè ou konn sa, min Papa-m ki nan sièl la. Mouin minm mouin di-ou ou sé Piè, sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an, pòt lanfè yo pap ranpòté viktoua kont li ».

Paròl Granmèt la.

5

*Y-ap rélé-ou Séfas (sa vlé di Piè)***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan****1, 40-42**

Lè sa-a :

Té gin André, frè Simon Piè-a, youn nan dé yo, ki té tandé Jan-an, épi ki té suiv li-a. Sa-a rankontré toudabò frè-l la Simon, li di-l : « Nou jouinn Mési-a (sa vlé di Kris la) ». Li minnin-l bay Jézu.

Jézu minm gadé-l, li di : « Ou sé Simon, pitit Jona : y-ap rélé-ou Séfas (sa vlé di Piè) ».

Paròl Granmèt la.

Antan y-ap bay sakréman inisiasion krétièn yo

Nan Vyéyè paskal la

Lè y-ap fè inisiasion krétièn nan nan vyéyè paskal la, nan léktu yo, sa yo prezanté pou minm vijil la an plis Égzòd 14 (touazièm léktu-a), y-a chouazi Izayi 55 (sinkièm léktu-a) épi Ézékièl 36 (sésièm léktu-a).

An déyò Vyéyè paskal la

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Sé konsa désandans ou ap yé. Sé ras ou m-ap bay tè sa-a.

Léktu liv Jénèz la

15, 1-6. 18 a

Jou sa yo :

Paròl Granmèt la rivé kot Abram nan yon vizion, li di : « Pa pè, Abram : Mouin sé protéksion-ou, rékonpans ou ap gran anpil ».

Abram di : « Granmèt Bondié, ki sa ou-ap ban mouin ? M-apralé san pitit, (sa k-ap rété) sé pitit jéran lakay mouin-an, Éliézèr moun Damas la ». Abram di ankò : « Kanta mouin minm ou pa ban-m désandans ; min sé yon ésklav k-ap éritié-m ».

Minm lè-a paròl Granmèt la rivé koté-l, li di : « Sé pa sa-a k-ap éritié-ou, min sé sa-a k-ap soti nan vant ou-a, sé li minm ou-ap ginyin kòm éritié ».

Li kondui-l, déyò, li di-l : « Gadé sièl la, konté zétoual yo, si-ou kapab ». Li di-l : « Sé konsa désandans ou ap yé ». Abram kouè nan Bondié, li konté sa pou li kòm jistis.

Jou sa-a, Granmèt la pasé aliens avèk Abram, li di : « Sé ras ou m-ap bay tè sa-a, sot dépi rivière Éjip la rivé jous nan gran rivière Éfrat la ».

Paròl Granmèt la.

2

M-ap mété aliens mouin ant mouin minm ak ou minm épi désandans ou apré-ou nan jénérasyon-l yo, aliens pou tout tan.

Léktu liv Jénèz la

17, 1-8

Apré Abram té kòmansé gin katrévin-diznèf ané, Granmèt la parèt koté-l épi li di-l : « Mouin sé Bondié ki gin tout pouvoua-a ; maché dévan-m, épi sé

pou-ou kòrèk nè. M-ap mété aliens mouin ant mouin minm avèk ou minm, m-ap fè-ou vi-n anpil anpil anpil ». Abram tonbé atè sou fas li.

Bondié di-l : « Sé mouin minm, min aliens mouin avèk ou, ou-ap papa anpil nasion. Yo pap rélé non-ou “Abram” ankò, min y-ap rélé-ou “Abraam”, paské m-ap fè-ou vi-n tounin papa anpil nasion. M-ap fè-ou vi-n anpil anpil, m-ap fè-ou vi-n tounin nasion, gin roua k-ap soti nan ou.

M-ap pasé aliens mouin ant mouin minm ak ou minm, avèk ras ou apré-ou, pou jénérasyon yo, aliens pou tout tan, pou-m Bondié-ou ak Bondié ras ou apré-ou. M-ap ba-ou ni ou minm ni ras ou-a péyi koté-ou yé kòm étranjé-a, tout péyi Kanaan-an, kòm posésion pou tout tan, m-ap Bondié yo ».

Paròl Granmèt la.

3

Ouété dié étranjé yo ki nan mitan nou yo.

Léktu liv Jénèz la

35, 1-4. 6-7 a

Nan jou sa yo :

Bondié palé ak Jakòb : « Lévé, épi monté Bètèl, épi abité la. Fè yon lotèl pou Bondié, ki té parèt ba ou-a, lè-ou t-ap sovè kò-ou sot kot Ézayu frè-ou la ».

Jakòb réyèlman, lè-l fi-n rasanblé tout kay li-a, li di : « Ouété dié étranjé yo, ki nan mitan nou yo, épi pròpté kò nou épi chanjé rad nou. Lévé, n-ap monté Bètèl, pou nou fè yon lotèl koté sa-a pou Bondié, ki té réponn mouin nan jou tribilasyon-m nan, épi ki té akonpagné-m nan chémin-m nan ». Yo rimmèt li réyèlman tout dié étranjé yo, yo té ginyin yo, ni zanno ki té nan zòrèy yo, li minm minm li antéré yo anba térébint la ki apré vil Sikèm nan.

Jakòb rivé donk Louz, ki nan péyi Kanaan-an, sé li minm yo rélé Bètèl la, li minm ak tout pèp ki té avèk li-a. Li bati yon lotèl koté sa-a, li rélé non koté sa-a : Kay Bondié.

Paròl Granmèt la.

4

Chouazi lavi-a, pou-ou viv ansanm ak désandans ou.

Léktu liv Détéronòm

30, 15-20

Moyiz palé ak pèp la, li di :

« Konsidéré sa-m prézanté dévan-ou jodi-a : lavi-a ak byin-an, épi an fas : lanmò-a ak malè-a, pou-ou kapab rinmin Granmèt Bondié-ou la, pou-ou maché nan chémin-l yo, pou-ou kinbé kòmandman-l yo ak sérémoni yo, ak

jijman yo, pou-ou kapab viv : konsa l-ap fè-ou vi-n anpil, l-ap béni-ou nan péyi-a, koté ou-apral antré pou-ou posédé-l la.

Sèlman si kè-ou viré, ou pa vlé kouté, ou kité mové lidé tronpé-ou, ou adoré dié étranjé, ou sèvi yo, mouin déklaré-ou davans jodi-a ou-ap péri, nan yon ti moman ou-ap mouri nan péyi-a, lòt bò Joudin-an, koté ou-ap antré pou-ou posédé-l la.

Jodi-a mouin pran sièl la ak tè-a pou témouin, mouin prézanté dévan nou lavi-a ak lanmò-a, bénédiksion-an ak malédiksion-an. Chouazi lavi-a, pou-ou viv ansanm ak ras ou ; pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la, pou-ou obéyi voua-l, pou-ou kolé sou li (sé li minm vréman ki lavi-ou ak longè jou-ou yo), pou-ou abité nan péyi-a, sa Granmèt la té fè sèman bay papa-ou yo, Abraam, Izaak ak Jakòb, li t-ap ba yo-a ».

Paròl Granmèt la.

5

N-ap sèvi Granmèt la, paské sé li minm ki Bondié nou.

Léktu liv Jozué

24, 1-2 a. 15-17. 18 b-25 a

Jou sa yo :

Jozué rasanblé tout ras Israèl yo Sikèm, li rélé ansyin yo ak chèf yo ak jij yo ak majistra yo, yo kanpé dévan fas Granmèt la, li palé ak pèp la, li di : « Si nou konsidéré sa mal pou nou sèvi Granmèt la, nou mèt chouazi : jodi-a minm chouazi sa nou pito, sa nou pi pito sèvi, oubyin sé zidòl yo papa nou yo té konn sèvi nan Mézopotami-a, oubyin zidòl Amoréyin yo, nan péyi yo koté nou abité-a ; kanta mouin minm ak kay mouin, n-ap sèvi Granmèt la ».

Pèp la réponn, li di : « Sé pou lidé sa-a rét louin nou, pou nou t-a abandoné Granmèt la pou nou t-a sèvi dié étranjé. Granmèt la Bondié nou-an sé li minm ki minnin nou, ni papa nou yo, sot nan péyi Éjip la, sot nan kay ésklavaj la, li fè nou ouè mèvèy éstraòdinè, li protéjé nou sou tout rout koté nou pasé, ak nan pèp koté nou travèsé. Konsa sé Granmèt la n-ap sèvi, paské sé li minm ki Bondié nou ».

Jozué di pèp la : « Nou pa kapab sèvi Granmèt la. Sèké sé yon Bondié ki sin, ki fò, ki jalou, li pap padonnin fot nou ak péché nou. Si nou lagé Granmèt la pou nou sèvi dié étranjé yo, l-ap viré, l-ap pini nou, l-ap détoui nou, apré-l fi-n fè nou dibyin-an ».

Pèp la di Jozué : « Ou pa doué palé konsa, sé Granmèt la n-ap sèvi ».

Jozué di pèp la : « Nou témouin, sé nou minm ki chouazi Granmèt la pou nou sèvi-l ».

Yo réponn : « Nou témouin ».

Li di : « Koulié-a, ouété dié étranjé yo sot nan mitan nou, viré kè nou kot Granmèt Bondié Israèl la ».

Pèp la di Jozué : « Sé Granmèt Bondié nou n-ap sèvi, n-ap obéyi lòd li yo ».

Jou sa-a, Jozué pasé yon alians.

Paròl Granmèt la.

6

Naaman désann, li lavé kò-l nan Joudin-an sèt foua, épi li géri.

Léktu dézièm liv Roua yo

5, 9-15 a

Jou sa yo :

Naaman, chèf lamé roua Siri-a, rivé ak choual li, ak chario li, li kanpé dévan pòt kay Élizé.

Élizé voyé yon mèsajé koté-l pou-l di : « Al lavé kò-ou sèt foua nan Joudin-an, chè-ou ap rékòmansé jouinn santé, ou-ap géri ».

Naaman faché li kòmansé rékilé pou-l al fè rout li, li di : « Mouin té pansé li t-ap soti vi-n jouinn mouin, li t-ap kanpé pou-l rélé non Granmèt Bondié-l la, li t-ap touché koté-m gin lalèp la ak min-l li t-ap géri-m. Èské gran riviè Damas yo Abana ak Farfar pa pi bon pasé tout dlo Israèl yo, pou-m t-a lavé kò-m nan yo, pou-m t-a géri ? »

Kòm li t-ap viré pou-l al fè rout li byin faché, sèvitè-l yo proché koté-l, yo di-l : « Papa, si sé yon gran bagay profèt la té di-ou, sètènman ou t-ap fè-l ; ou gin plis rézon pou-ou fè sa-l di-ou koulié-a : “Lavé kò-ou, ou-ap géri” ».

Li désann, li lavé kò-l nan Joudin-an sèt foua dapré paròl moun Bondié-a, chè-l vi-n an santé tankou chè yon timoun piti, li géri.

Li tounin kot moun Bondié-a ansanm ak tout group li-a, li rivé, li kanpé dévan-l, li di : « Vrèman mouin konnin pa gin Bondié nan tout tè-a, sof sèlman nan Israèl ! »

Paròl Granmèt la.

7

M-ap vidé éspri-m sou désandans ou-a.

Léktu liv profèt Izayi

44, 1-3

Kouté, Jakòb, sèvitè-m, épi Israèl, sa-m chouazi-a. Min sa Granmèt la di, li minm ki fè-ou, ki fòmé-ou, dépi nan vant mouin poté-ou sékou :

« Pa pè, sèvitè-m Jakòb, ou minm ki douat anpil, ou minm mouin té chouazi-a. M-ap vidé dlo réyèlman sou sa-k souaf la, avèk kouran dlo sou sa-k sèk la ; m-ap vidé éspri-m sou ras ou-a, ak bénédiksion-m sou désandans ou-a ».

Paròl Granmèt la.

8

M-ap ékri laloua-m nan nan kè yo.

Léktu liv profèt Jérémi

31, 31-34

« Min jou k-ap rivé, sé sa Granmèt la di, m-ap pasé yon aliens nouvo avèk kay Israël la, avèk kay Juda-a ; sé pa tankou aliens la mouin té pasé avèk papa yo-a, jou mouin té pran min yo-a, pou-m kondui yo sot nan péyi Éjip la, aliens sa-a, sé yo minm ki té kasé-l, mouin minm mouin té fè yo santi pouvoua-m, sé sa Granmèt la di.

M-ap mété laloua-m nan nan zantray yo, m-ap ékri-l nan kè yo, m-ap Bondié yo, y-ap pèp mouin, pèsonn pap anségné prochin-l ak frè-l ankò, antan l-ap di : “Sé pou-ou konnin Granmèt la” ; sèké tout moun ap konnin-m, dépi pi piti nan yo jous nan pi gran-an, sé sa Granmèt la di ; paské m-ap padonnin fòt yo, mouin pap sonjé péché yo ankò ».

Paròl Granmèt la.

9

M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, épi n-ap vi-n pròp, sot nan tou sa-k té sal nou yo.

Léktu liv profèt Ézékièl

36, 24-28

Min paròl Granmèt la :

« M-ap pran nou sot nan nasion yo, m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, m-ap minnin nou nan péyi nou-an, m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap nétouayé sot nan tou sa-k té sal nou, anba tout zidòl nou yo m-ap nétouayé nou.

M-ap ba nou yon kè nouvo, m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou, m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo.

N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, n-ap pèp mouin, m-ap Bondié nou ».

Paròl Granmèt la.

Oubyin léktu Ansyin Téstaman yo propozé pou Véyé paskal la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

*Bondié fè-l Granmèt ak Kris.***Léktu Travay Apot yo**

2, 14 a. 36-40 a. 41-42

Jou Pannkot la, Piè kanpé avèk onz yo, li lévé voua-l, li déklaré : « Sètènman sé pou tout kay Israèl la komn sa, Bondié fè-l Granmèt ak Kris, Jézu sa-a nou té klouré sou koua-a ».

Lè yo tandé paròl sa yo, yo pran lapinn nan kè yo, yo di Piè ak lòt Apot yo : « Ki sa pou nou fè, mesié frè nou yo ? »

Piè minm di yo : « Sé pou nou konvèti, sé pou chak moun nan nou batizé o non Jézu, pou padon péché nou yo, n-a résévoua kado Éspri-Sin-an. Sèké, sé pou nou promès la yé, ansanm ak pitit nou yo, ak tout moun ki louin yo, tou sa Granmèt Bondié nou-an rélé yo ».

Ak anpil dèt paròl ankò li t-ap sèvi témouin, li t-ap ankourajé yo. Moun yo ki té résévoua paròl li-a, yo batizé. Jou sa-a té gin apéprè toua mil moun ki vi-n tounin disip. Yo minm yo té pèsévéré nan ansègnman Apot yo, nan kominion séparé pin-an ak nan priyé yo.

Paròl Granmèt la.

2

*Si-ou kouè ak tout kè-ou, ou kapab batizé.***Léktu Travay Apot yo**

8, 26-38

Jou sa yo :

Anj Granmèt la palé ak Filip, li di : « Lévé, al nan sid, sou rout ki désann sot Jérusalèm al Gaza-a : li pa gin pèsòn ». Li lévé, l-alé. Té gin yon mesié Étiopi, yon intandan Kandas, rèn Étiopi-a, li té gin gro pouvoua, sé li minm ki té résponsab tout richès li yo, li té vi-n adoré Jérusalèm. Pandan l-ap tounin, li té chita nan chario li, l-ap li profèt Izayi.

Éspri-a di Filip : « Proché, rivé kot chario sa-a ». Filip proche, li tandé l-ap li profèt Izayi-a ; li di : « Èské ou kouè ou konprann sa ou-ap li-a ? »

Li di : « Épi, kijan mouin t-a kapab, si pèsòn pa montré-m ? » Li mandé Filip pou-l monté, pou-l chita avèk li.

Pasaj sa-k ékri-a li t-ap li-a, min li : « Tankou yon mouton yo kondui labatoua, tankou yon mouton dévan moun k-ap koupé linn li, san voua, sé konsa li pa louvri bouch li. Yo rabésé-l, yo ouété jijman-l. Ras li, ki moun k-ap rakonté-l ? paské yo ouété lavi-l sot sou tè-a ».

Intandan-an pran laparòl, li di Filip : « Tanpri, osijè ki moun profèt la ap di sa-a ? èské sé osijè pròp tèt pa-l oubyin osijè yon lòt ? » Filip ouvri bouch li, li kòmansé dépi nan pasaj sa-k ékri la-a, li ba-l bòn nouvèl Jézu-a.

Pandan yo t-ap vouayajé sou rout la, yo rivé nan yon dlo, intandan-an di :
« Min dlo ; ki sa-k anpéché-m batizé ? »

Filip minm di : « Si-ou kouè ak tout kè-ou, ou kapab ».

Li réponn, li di : « Mouin kouè Jézu-Kri sé Pitit Bondié ». Li pasé lòd pou yo fè rété chario-a. Yo toulédé désann nan dlo-a, ni Filip, ni intandan-an, li batizé-l.

Paròl Granmèt la.

3

*Nou antéré ansanm avèk li nan batèm nan,
pou nou maché nan nouvo lavi-a.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

6, 3-11

Frè-m yo :

Nou tout ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé.

Nou antéré réyéلمان ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a. Sèké si nou planté ansanm avèk li pou nou sanblé avèk li nan lanmò-l la, konsa tou n-ap ansanm avèk li nan réziréksion-l nan.

Nou konnin moun ansyin nou-an klouré sou koua-a ansanm avèk li, pou kò péché-a kapab détoui, pou nou pa sèvi péché-a ankò. Sa-a ki mouri-a, li kòrèk parapò a péché-a.

Konsa si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk Kris la tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri aléga péché-a, li mouri yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv.

Sé konsa nou minm sé pou nou konsidéré nou mouri aléga péché-a, n-ap viv pou Bondié nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

6, 3-4. 8-11

Frè-m yo :

Nou tout ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé. Nou antéré réyéلمان ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk Kris la tou ; antan nou konnin Kris la ki lèvé sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri parapò a péché-a, li mouri yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Sé konsa nou minm sé pou nou konsidéré nou mouri parapò a péché-a, n-ap viv pou Bondié nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

4

Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ?

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 28-32. 35. 37-39

Frè-m yo :

Nou konnin pou moun yo Bondié rinmin yo, tout bagay sèvi pou byin yo, yo minm li rélé pou yo vi-n sin, dapré désizion li pran davans. Réyéلمان, sa yo li chouazi davans yo, li paré plas yo davans tou, pou yo vi-n moulé nan pòtrè Pitit li-a, pou li minm li vi-n tounin prémié pitit nan pami tout foul frè yo. Sa yo li fi-n paré plas yo-a, li rélé yo tou ; sa yo li rélé-a, li fè yo vi-n sin tou ; sa yo li fè vi-n sin-an, li ba yo gloua-a tou.

Kisa donk pou nou di sou bagay sa yo ? Si Bondié pou nou, kilès ki kapab kont nou ? Èské sé sa-a ki pa-t minm ménajé pròp Pitit li-a min ki té rinnèt li pou nou tout la, kijan fè avèk li li pa t-a ba nou tout bagay ?

Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ? Èské sé tribilasyon ? oubyin kè séré ? oubyin grangou ? oubyin manké rad ? oubyin danjé ? oubyin pèsékision ? oubyin épé ?

Min nan tout bagay sa yo nou ranpòté viktoua poutèt sa-a ki rinmin nou-an. Mouin sètin réyéلمان ni lanmò, ni lavi, ni anj yo, ni péyi roua, ni puisans, ni sa k-ap rivé koulié-a, ni sa k-ap vini apré, ni fòs, ni rotè, ni profondè, ni lòt kréatu pap kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

5

Nan yon sèl Èspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò.

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

12, 12-13

Frè-m yo :

Minm jan kò-a li yon sèl, min li gin anpil manb, tout manb kò-a, malgré yo anpil la, sé yon sèl kò yo fè : sé konsa tou pou Kris la. Réyéلمان sé nan yon sèl Èspri-a nou tout nou té batizé nan yon sèl kò, soua Juif, soua nasion

yo, soua ésklav, soua moun lib ; épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou té pasé souaf nou.

Paròl Granmèt la.

6

Nou tout ki batizé, nou abiyé ak Kris la.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Galat yo

3, 26-28

Frè-m yo :

Nou tout nou sé pitit Bondié gras a lafoua-a, ki nan Kris Jézu-a. Réyèlman nou tout ki batizé nan Kris la, nou abiyé ak Kris la. Pa gin késion Juif ni Grèk, nan pouin ni ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : sèké nou tout sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

Paròl Granmèt la.

7

Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif palintèmédiè Jézu.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

1, 3-10. 13-14

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki béni nou ak tout kalité bénédiksion spirituèl nan sièl la nan Kris la. Jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-an. Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif pou li palintèmédiè Jézu-Kri, dapré désizion volonté-l, pou louanj gloua gras li. Sé nan gras sa-a li ba nou avantaj nan Pitit li-a li rinmin-an.

Nan li nou gin rédanmsion-an gras a sa-n, padon péché yo dapré richès gras li-a, ki débòdé sou nou nan tout kalité sajès ak sians, pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, dapré bon plézi-l la, sa-l té ranjé davans nan li pou fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo, fè tout bagay kanpé nan Kris la, sa-k nan sièl la ak sa-k sou tè-a, nan li.

Nan li minm nou minm tou, lè nou té tandé paròl vérité-a, Bòn Nouvèl sovè nou sovè-a, nou té kouè, nou té maké ak mak Éspri-Sin-an yo té promèt nou-an, li minm ki garanti éritaj nou-an, pou rédanmsion n-ap jouinn nan, pou louanj gloua li-a.

Paròl Granmèt la.

8

Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-6

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché dapré diréksion koté yo té rélé nou-an ; antan nou tou piti, tou dou, nan kè-n,

sé pou nou pran pasians pou nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a. Tankou yo réfè nou nan yon sèl éspérans, sé yon sèl kò ak yon sèl Éspri ki ginyin ; yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

Paròl Granmèt la.

9

Antan nou abiyé ak moun nouvo-a, tankou sa yo Bondié rinmin-an.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo

3, 9 b-17

Frè-m yo :

Nou ouété moun ansyin-an ak tout aksion-l yo ki té abiyé nou-an, nou abiyé ak moun nouvo-a, ki réfèt tou nèf nan konésans la, dapré pòtré sa-a ki té kréyé-l la ; koté sa-a pa gin nasion ak Juif, ni sikonsizion ak pa-sikonsizion, ni moun sòt ak moun savan, ni ésklav ak moun lib, min sé Kris la ki tout bagay nan tout moun.

Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, tankou moun li rinmin, abiyé nou ak zantray mizérikòd, ak bon kè, rabésé tèt nou, fè kè nou tou dou, pran pasians, sipòté nou youn lòt, sé pou youn padonnin lòt, si youn gin kichòy kont lòt : jan Granmèt la padonnin nou-an, konsa nou minm tou.

Anlè tout bagay sa yo, sé pou nou gin charité, li minm ki kòd ki maré sa ki fi-n kòrèk nèt la ; sé pou lapè Kris la fété nan kè nou, sé nan li yo té rélé nou pou nou fè yon sèl kò ; sé pou nou rét ap di Bondié mèsì.

Paròl Kris la, sé pou-l abité nan nou jous li plin nou, antan youn ap bay lòt ansègnman antan youn ap réprann lòt nan tout kalité sajès, avèk Psòm, kantik avèk chanté spirituèl, antan nan gras la n-ap chanté pou Bondié nan kè nou. Tousa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu-Kri, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsì palintèmediè-l.

Paròl Granmèt la.

10

*Li sovè nou, nan bingn ki réfè nou-an,
ki fè nou vi-n tou nèf gras a Éspri-Sin-an.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Tit

3, 4-7

Lè bon kè Bondié Sovè nou-an té parèt, avèk jan-l sansib pou lézòm, sé pa sou aksion jistis nou fè li gadé, pou-l sovè nou, min sé mizérikòd li li konsidéré ki fè-l sovè nou, nan bingn ki réfè nou-an, ki fè nou vi-n tou nèf gras a Éspri-Sin-an, Éspri sa-a li vidé nan nou k-ap débòdé-a, pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an ; pou nou vi-n kòrèk akòz gras li-a, pou nou vi-n éritié lavi tout tan-an dapré éspérans la.

Paròl Granmèt la.

11

*Antan kè nou fi-n pròpté sot nan mové konsians la,
antan kò nou fi-n lavé ak dlo ki pròp.*

Léktu lèt Ébré yo

10, 22-25

Frè-m yo :

Sé pou nou proché avèk yon kè sènsè nan tout lafoua-a, antan kè nou fi-n pròpté sot nan mové konsians la, antan kò nou fi-n lavé ak dlo ki pròp ; sé pou nou kinbé déklarasyon lafoua nou-an san fébli (sa-a ki té promèt la, li fidèl) ; sé pou nou youn fè atansyon lòt la pou nou youn ankourajé lòt nan charité-a ak bon aksion yo, san nou pa lagé asanblé nou-an, jan kèk gin abitud fè-a, min sé pou nou youn konsolé lòt, sitou antan nou ouè kijan jou-a ap proché.

Paròl Granmèt la.

12

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt.

Léktu prémié lèt apot sin Piè

2, 4-5. 9-10

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou nou proché koté Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo réjité-a, min sa Bondié minm chouazi-a, sa-l bay konsidération-an, nou minm tou tankou ròch ki vivan, sé pou nou kité yo bati nou, pou nou vi-n tounin yon kay spirituèl, yon réyinion prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri-a.

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt, yon nasion ki sin, yon pèp Bondié pran pou li, pou nou anonsé mèvèy Sa-a ki rélé nou vi-n nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min nou résévoua mizérikòd koulié-a.

Paròl Granmèt la.

13

Ala kontantman pou moun yo invité nan nòs Mouton-an.

Léktu liv Apokalips apot sin Jan

19, 1. 5-9 a

Mouin minm, Jan, mouin tandé tankou gran voua anpil foul nan sièl la k-ap di : « Alélouya, Bondié nou-an sovè nou, konpliman ak otorité pou li ».

Yon voua soti nan tro-n nan, li di : « Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran ».

Mouin tandé tankou voua anpil foul, tankou brui gran dlo yo, tankou brui gro loraj, k-ap di : « Alélouya, li roua, Granmèt la, Bondié nou-an, li minm ki plin pouvoua-a. Sé pou kè nou kontan, sé pou nou dansé, sé pou nou fè louanj pou li, paské mariaj mouton-an rivé, madanm li paré byin-abiyé. Sé

mouton-an ki ba-l sa pou-l abiyé, sé toual koton fin ki kléré, tèlman li nèt ». Toual koton fin sa-a, sé lavi sin yo ki kòrèk la.

Li di-m : « Ékri : “Ala kontantman pou sa yo yo invité nan résépsion mariaj mouton-an” ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 8, 4-5. 6-7. 8-9 (R̥ : 2 a oubyin Éf 5, 14)

R̥ Granmèt, Granmèt nou, ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

oubyin :

R̥ Lévé, ou minm k-ap dòmi, épi drésé sot nan pami mò yo, épi Kris la ap kléré-ou.

⁴ Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, lali-n ak zétoual yo fiksé,

⁵ sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l ?
oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ? R̥

⁶ Ou fè-l vi-n pi ba yon ti kras anba anj yo,
⁷ ak gloua ak konsidérasion ou kouronnin-l ;
ou instalé-l anlè travay min-ou yo,
tout bagay, ou mété yo anba pié-l. R̥

⁸ Ni mouton, ni bèf, yo tout,
⁹ minm bèt nan rak boua yo,
zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo,
tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo. R̥

2

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R̥ : 1 oubyin 1 P 2, 25)

R̥ Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin.

oubyin :

R̥ Nou té pèdi rout tankou mouton,
min nou tounin vi-n jouinn gadyin nanm nou yo koulié-a.

¹ Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;

² Nan zèb vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,

³ li réfè nanm mouin.

Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R̥

- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou
sé yo k-ap konsolé-m. **R:**
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon yo ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. **R:**
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. **R:**

3

PSÒM RÉPONS Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14 (**R:** : 1 a oubyin Éf 5, 14)

R: Granmèt la sé klèté-m, sé sa-k sové-m nan.

oubyin :

R: Lévé ou minm k-ap dòmi, épi drésé sot nan pami mò yo,
épi Kris la ap kléré-ou.

- 1 Granmèt la sé klèté-m, sé sa-k sové-m nan, kilès pou-m pè ?
Granmèt la sé protéksion lavi-m, dévan kilès pou-m tranblé ? **R:**
- 4 Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché :
abité kay Granmèt la tout tan lavi-m,
pou-m ouè dousè Granmèt la,
pou-m vizité tanp li-a. **R:**
- 8 Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
- 9 Pa viré fas ou louin-m,
pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè.
Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m. **R:**
- 13 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la nan péyi vivan yo
- 14 Tann Granmèt la, aji avèk kouraj,
asiré kè-ou, sé pou-ou tann Granmèt la. **R:**

4

PSÒM RÉPONS

Ps 31, 1-2. 5. 11 (R: 1 a oubyin 11 a)

R: Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li-a.

oubyin :

R: Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk yo.

- 1 Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li-a,
yo kouvri péché-l la.
- 2 Ala kontantman pou moun Granmèt la pa konsidéré kòm koupab la,
ki pa gin riz nan éspri-l la. R:
- 5 Mouin fè-ou konnin péché-m nan,
mouin pa kaché fot mouin-an.
Mouin di : « M-ap rékonèt fot mouin-an dévan Granmèt la ».
Ou minm ou padonnin fot péché-m nan. R:
- 11 Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk yo.
Lévé tèt nou, nou tout ki gin kè nou douat yo. R:

5

PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 14-15. 16-17. 18-19 (R: 6 a)

R: Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré.

- 2 M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
tout tan louanj li nan bouch mouin.
- 3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua,
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. R:
- 4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin,
sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.
- 5 Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ;
anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. R:
- 6 Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.
- 7 Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,
anba tout tribilasyon-l yo li sovè-l. R:
- 8 Anj Granmèt la ap véyé alantou moun ki krinn li yo,
épi l-ap délivré yo.
- 9 Gouté, n-a ouè jan Granmèt la dou ;
ala kontantman pou moun ki éspéré nan li yo. R:
- 14 Pa kité lang ou fè sa-k mal,
pa kité po bouch ou palé manti.

- 15 Viré do bay mal, fè byin,
chèché lapè, rapousuiv li. **R**
- 16 Jé Granmèt la sou moun ki kòrèk yo,
zòrèy li sou rèl yo.
- 17 Fas Granmèt la sou moun k-ap fè mal yo,
pou-l fè souvni yo disparèt sot sou tè-a. **R**
- 18 Yo rélé, Granmèt la tandé,
nan tout tribilasyon yo li libéré yo.
- 19 Granmèt la toupré moun ki gin kè yo krazé,
l-ap sovè sa-k gin éspri yo sakajé yo. **R**

6

PSÒM RÉPONS

Ps 41, 2-3 ; 42, 3. 4 (**R** : cf. 41, 3 a)

- R** Nanm mouin souaf kot Bondié vivan-an.
- 2 Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo,
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié.
- 3 Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ;
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ? **R**
- 3 Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la,
pou yo kondui-m, pou yo minnin-m
sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a. **R**
- 4 M-ap antré kot lotèl Bondié-a,
kot Bondié kè kontan mouin-an.
M-ap fè louanj ou sou gita, Bondié, Bondié-m. **R**

7

PSÒM RÉPONS

Ps 50, 3-4. 8-9. 12-13. 14 é 17 (**R** : 12 a oubyin Éz 36, 26)

- R** Kréyé yon kè nèt nan mouin, Bondié.
- oubyin :
- R** M-ap ba nou yon kè nouvo ak yon éspri nouvo nan mitan nou.
- 3 Pitié pou mouin, Bondié, dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fòt mouin-an,
pròpté-m sot nan péché-m nan. **R**
- 8 Gadé sé vérité ou rinmin nan kè,
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Lavé-m avèk izòp, m-ap vi-n pròp ;
lavé-m, m-a vi-n blan pasé lanèj. **R**

- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié,
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou,
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin. **R:**
- 14 Rinnèt mouin kè kontan poutèt ou sové-m nan,
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin,
bouch mouin ap anonsé louanj ou. **R:**

8

PSÒM RÉPONS

Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (**R:** 2 a)

- R:** Nanm mouin souaf ou, Granmèt, Bondié mouin.
- 2 Bondié, sé Bondié-m ou yé.
sé koté-ou m-ap véyé dépi granmatin.
Nanm mouin souaf ou, chè mouin anvi-ou. **R:**
- Nan tè dézè-a, ki sèk la, ki san dlo-a,
- 3 sé konsa mouin té parèt dévan-ou nan tanp la,
pou-m ouè puisans ou ak gloua-ou.
- 4 Sèké mizérikòd ou pi bon pasé lavi yo,
bouch mouin ap fè louanj ou. **R:**
- 5 Konsa m-ap fè konpliman pou ou nan lavi-m,
o non-ou m-ap lévé minm.
- 6 Tankou ak viann ak bon manjé gra nanm mouin plin,
ak paròl fèt bouch mouin ap fè louanj ou. **R:**
- 8 Paské ou poté-m sékou,
anba voual zèl ou m-ap fété.
- 9 Nanm mouin kolé apré-ou,
min douat ou soutni-m. **R:**

9

PSÒM RÉPONS

Ps 65, 1-3 a. 5-6. 8-9. 16-17 (**R:** 1)

- R:** Bat bravo pou Bondié, tout tè-a.
- 1 Bat bravo pou Bondié, tout tè-a,
2 chanté kantik gloua non-l,
fè gloua louanj li.
- 3 Di Bondié : « Ala krint travay ou yo mérité. **R:**
- 5 Vini, n-a ouè travay Bondié yo,
li mérité respè nan aksion li fè pou pitit moun yo.
- 6 Li fè lanmè-a vi-n tounin tè sèk,

épi y-ap pasé riviè-a apié ;
n-ap kontan nan li koté sa-a. **R:**

⁸ Fè konpliman pou Bondié nou-an, nasion yo,
fè tandé voua louanj li,

⁹ li minm ki mété nanm nou nan lavi,
épi ki pa kité pié nou tranblé. **R:**

¹⁶ Vini, kouté, m-ap rakonté, nou tout ki krinn Bondié,
tou sa-l fè pou nanm mouin.

¹⁷ Koté-l mouin rélé ak bouch mouin
mouin lévé-l anlè ak lang mouin. **R:**

10

PSÒM RÉPONS

Ps 88, 3-4. 16-17. 21-22. 25 é 27 (R: 2 a)

R: Mizérikòd ou, Granmèt, sé tout tan m-ap chanté-l.

³ Sèké mouin té di : « Pou tout tan mizérikòd la bati »,
nan sièl la vérité-ou la asiré.

⁴ « Mouin té réglé aliens avèk sa-a mouin chouazi-a,
mouin té fè sèman bay David, sèvitè-m nan ». **R:**

¹⁶ Ala kontantman pou pèp la ki konn fété-a ;
Granmèt, nan limiè fas ou y-ap maché,
¹⁷ o non-ou y-ap fété tout jounin,
épi nan jistis ou-a y-ap lévé tèt yo. **R:**

²¹ Mouin jouinn David sèvitè-m nan ;
ak luil mouin ki sin-an mouin sakré-l.

²² Min-m ap rét fèm avèk li,
bra-m ap ba li fòs. **R:**

²⁵ Vérité-m ak mizérikòd mouin ap avèk li,
o non-m l-ap lévé kòn li.

²⁷ Li minm l-ap rélé-m : « Sé Papa-m ou yé,
Bondié-m ak kachèt k-ap sové-m nan ». **R:**

11

PSÒM RÉPONS

Ps 125, 1-2 ab. 2 cd-3. 4-5. 6 (R: 3)

R: Granmèt la fè mèvèy avèk nou ; nou vi-n gin kè kontan.

¹ Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an,
nou té tankou nan rèv.

² Lè sa-a bouch nou té plin ak kè kontan
épi lang nou ak fèt. **R:**

Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo :
« Granmèt la fè mèvèy avèk yo ».

- 3 Granmèt la fè mèvèy avèk nou ;
nou vi-n gin kè kontan. **R:**
- 4 Granmèt, fè prizonié nou yo tounin
tankou ravi-n nan sid yo.
- 5 Moun ki simin ak dlo nan jé,
yo ranmasé ak fèt. **R:**
- 6 Yo t-apralé, yo t-ap kriyé,
antan y-ap poté sémans pou simin-an,
y-ap vini sou rout la ak fèt,
pandan y-ap poté zépi yo. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Mk 16, 15

(**R:** Alélouya). Antan nou alé sou tout tè-a,
préché Bòn Nouvèl la bay tout créatu. (**R:** Alélouya).

2

Jan 3, 16

(**R:** Alélouya). Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ;
pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. (**R:** Alélouya).

3

Jan 8, 12

(**R:** Alélouya). Mouin sé limiè tè-a, sé sa Granmèt la di ;
moun k-ap suiv mouin ap gin limiè lavi-a. (**R:** Alélouya).

4

Jan 14, 6

(**R:** Alélouya). Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ;
pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé palintèmediè mouin. (**R:** Alélouya).

5

Éf 4, 5-6 a

(**R:** Alélouya). Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ;
yon sèl Bondié ak Papa tout moun. (**R:** Alélouya).

6

Cf. Kol 2, 12

(**R:** Alélouya). Nou antéré avèk Kris la nan batèm nan,
nan li tou nou té résisité avèk li. (**R:** Alélouya).

7

Kol 3, 1

(R: Alélouya). Si nou résisité avèk Kris la,
sé sa-k anlè yo pou nou chèché,
koté Kris la chita adouat Bondié-a. (R: Alélouya).

8

Cf. 2 Tim 1, 10

(R: Alélouya). Sovè nou Jézu-Kri, détoui lanmò-a,
épi li kléré lavi-a gras a bòn nouvèl la. (R: Alélouya).

9

1 P 2, 9

(R: Alélouya). Nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt,
yon nasion ki sin ;
sé pou nou anonsé pouvoua sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo
pou nou vi-n nan bèl limiè-l la. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Si yon moun vlé vi-n apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

16, 24-27

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Si yon moun vlé vi-n apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li, pou-l pran koua-l, pou-l suiv mouin. Moun ki vlé sovè lavi-l, l-ap pèdi-l ; moun ki vlé pèdi lavi-l poutèt mouin, l-ap jouinn li.

Sa sa ap sèvi yon moun si-l posédé tout tè-a, min li péyé sa ak lavi-l ? Oubyin ki sa yon moun kapab bay pou-l péyé lavi-l ?

Pitit moun nan gin pou-l vini nan gloua Papa-l avèk anj li yo, lè sa-a l-ap rinnèt chak moun dapré travay li ».

Paròl Granmèt la.

2

*Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo
o non Papa-a ak Pitit la ak Èspri-Sin-an.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

28, 18-20

Jou sa yo :

Jézu minm antan-l proché, li palé avèk douz disip yo, li di : « Yo rinnèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a. Alé, fè tout nasion yo vi-n tounin

disip. Batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. Aprann yo obsèvé tou sa mouin té kòmandé nou.

Min mouin avèk nou touléjou, jous longè tan-an fi-n rivé bout li ».

Paròl Granmèt la.

3

Li résévoua batèm nan min Jan nan Joudin-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

1, 9-11

Lè sa-a :

Rivé, jou sa yo, Jézu vini sot Nazarèt Galilé-a, li résévoua batèm nan min Jan nan Joudin-an.

Minm lè-a antan l-ap monté sot nan dlo-a, li ouè sièl yo louvri épi Éspri-a tankou yon kolonb k-ap désann pozé sou li ; yon voua soti nan sièl yo : « Ou sé Pitit mouin-an sa-m rinmin-an, nan ou mouin jouinn plézi-m ».

Paròl Granmèt la.

4

Tout moun ki pa résévoua péyi-roua Bondié-a tankou yon timoun piti, li pap antré ladan-l.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

10, 13-16

Lè sa-a :

Yo té prézanté timoun piti bay Jézu pou-l té touché yo ; disip yo minm t-ap ménasé moun yo ki t-ap vi-n prézanté yo-a.

Lè Jézu ouè sa, li faché, li di yo : « Kité timoun yo vi-n jouinn mouin, pa anpéché yo ; sé pou sa-k sanblé ak yo péyi-roua Bondié-a yé. Amèn mouin di nou, tout moun ki pa résévoua péyi-roua Bondié-a tankou yon timoun piti, li pap antré ladan-l ». Li anbrasé yo, li pozé min sou yo, li béni yo.

Paròl Granmèt la.

5

Moun k-ap kouè épi k-ap batizé, l-ap sové.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

16, 15-16. 19-20

Lè sa-a :

Jézu parèt dévan onz yo, li di yo : « Alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la bay tout kréatu. Moun k-ap kouè épi k-ap batizé, l-ap sové ; min moun ki pa kouè, l-ap kondané ».

Granmèt Jézu, lè-l fi-n di yo sa, li monté nan sièl la, li chita adouat Bondié.

Yo minm minm yo pati, y-ap préché tout koté, pandan Granmèt la ap ba yo konkou, ap asiré paròl yo ak sign l-ap fè rivé.

Paròl Granmèt la.

6

Yo té gin pou yo préché pénitans o non-l ak padon péché yo nan tout nasion.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 44-53

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Sé paròl sa yo mouin té palé nou-an, lè-m té avèk nou toujou-a, li té nésèsè pou tou sa-k ékri sou mouin nan laloua Moyiz la ni profèt yo ni psòm yo, pou yo té réalizé ».

Lè sa-a li louvri intéljans yo, pou yo konprann sa-k ékri yo.

Li di yo : « Sé konsa sa té ékri, sé konsa Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo sou touazièm jou-a, pou yo préché pénitans nan non-l ak padon péché yo nan tout nasion, kòmansé sou Jérusalèm. Nou minm nou témouin bagay sa yo.

Mouin minm minm, sa Papa-a té promèt la, mouin voyé-l nan nou ; nou minm minm, rété nan vil la, joutan nou abiyé avèk puisans ki sot anro-a ».

Li kondui yo déyò, nan Bétani ; antan li lévé min-l, li béni yo.

Rivé, pandan l-ap béni yo, li rékilé sot koté yo, épi yo poté-l nan sièl la. Yo minm minm antan yo adoré, yo tounin Jérusalèm avèk anpil kontantman ; tout tan yo té nan tanp la antan y-ap fè louanj épi y-ap fè konpliman pou Bondié.

Paròl Granmèt la.

7

Li ba yo pouvoua pou yo vi-n tounin pitit Bondié, yo minm ki kouè o non-l.

✠ Kòmansman sint Évanjil la dapré Jan

1, 1-5. 9-14. 16-18

Nan kòmansman sé té Paròl la, Paròl la té kot Bondié, sé Bondié Paròl la té yé. Li té kot Bondié nan kòmansman. Tout bagay té fèt palintèmediè-l, san li minm anyin pa-t fèt nan sa-k té fèt.

Nan li sé té lavi, lavi-a sé té limiè lézòm ; limiè-a kléré nan fènoua, fènoua yo pa vlopé-l.

Té gin vré limiè-a, sa-k kléré tout moun k-ap vi-n sou tè sa-a.

Li té sou tè-a, sé palintèmediè-l tè-a té fèt, min tè-a pa-t rékonèt li ; li vi-n lakay li, moun lakay li pa-t résévoua-l ; min tout moun ki té résévoua-l, li ba yo pouvoua pou yo vi-n tounin pitit Bondié, yo minm ki kouè o non-l, ki pa

fèt sot nan san yo, ni nan volonté chè-a, ni nan volonté gason, min ki fèt sot nan Bondié.

Paròl la vi-n tounin chè, li abité nan nou ; nou ouè gloua li, gloua tankou pa Sèl Pitit la ki sot nan Papa-a, plin gras ak vérité.

Nan sa-l plin-an, nou tout nou résévoua, épi gras sou gras. Sèké laloua-a yo té bay li palintèmediè Moyiz, gras la ak vérité-a minm sé palintèmediè Jézu-Kri li rivé.

Bondié, pèsòn pa janm ouè-l ; Sèl Pitit la, ki nan vant Papa-a, li minm li montré-l.

Paròl Granmèt la.

8

Min Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

1, 29-34

Lè sa-a :

Jan ouè Jézu k-ap vi-n koté-l li di : « Min Mouton Bondié-a, min sa-a ki ouété péché tè-a.

Sa-a sé osijè-l mouin té di : “Apré-m, gin yon moun k-ap vini, li plasé dévan-m, paské li té égzisté anvan-m”. Mouin minm, mouin pa-t konnin-l ; min sé pou-l té kapab parèt klè nan Israèl, sé poua mouin vini mouin minm m-ap batizé nan dlo-a ».

Jan sèvi-l témouin, li di : « Mouin ouè Éspri-a k-ap désann tankou yon kolonb sot nan sièl la, li rété sou li.

Mouin minm mouin pa-t konnin-l ; min sa-a ki voyé-m batizé nan dlo-a, li minm minm li di-m : “Sou moun nan ou-a ouè Éspri-a désann li rété sou li-a, sé li minm k-ap batizé nan Éspri-Sin-an”.

Mouin minm mouin ouè, mouin sèvi témouin, sa-a sé Pitit Bondié-a ».

Paròl Granmèt la.

9

*Si yon moun pa réfèt nan dlo-a ak Éspri-a,
li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

3, 1-6

Té gin yon mésié nan pami Farizyin yo, yo té rélé Nikodèm, yon chèh Juif yo.

Li vi-n kot Jézu nannuit, li di-l : « Rabi, nou konnin ou vi-n sot kot Bondié kòm mèt ; pèsòn réyèlman pa kapab fè sign sa yo ou-ap fè-a, si Bondié pa avèk li ».

Jézu réponn, li di-l : « Amèn, amèn mouin di-ou, si yon moun pa réfèt ankò, li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a ».

Nikodèm di-l : « Kijan yon moun kapab fè fèt, lè-l fi-n vié ? Èské li kapab antré ankò nan vant manman-l pou réfèt ».

Jézu réponn : « Amèn, amèn mouin di-ou, si yon moun pa réfèt sot nan dlo ak Éspri-Sin-an, li pa kapab antré nan péyi-roua Bondié-a.

Sa-k fèt sot nan chè-a, sé chè li yé, sa-k fèt sot nan Éspri-a, sé éspri li yé ».

Paròl Granmèt la.

10

Pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

3, 16-21

Lè sa-a :

Jézu di Nikodèm : « Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Pitit li-a, sèl Pitit li-a, pou tout moun ki kouè nan li pa péri, min pou-l gin lavi tout tan-an. Sèkè Bondié pa-t voyé Pitit li-a sou tè-a pou-l jijé tè-a, min pou tè-a té kapab sovè palintèmédiè li.

Moun ki kouè nan li, yo pap jijé-l ; moun ki pa kouè-a minm, li déja jijé, paské li pa kouè o non sèl Pitit Bondié-a.

Min jijman-an : limiè-a vi-n sou tè-a, min moun yo té pi rinmin fènoua yo pasé limiè-a ; sèké travay yo té mové. Réyèlman tout moun k-ap aji mal, li rayi limiè-a, li pa vi-n nan limiè-a, pou yo pa réproché travay li yo.

Min moun ki fè vérité-a, li vi-n nan limiè, pou yo kapab ouè travay li klè, sé nan Bondié yo fèt ».

Paròl Granmèt la.

11

Mouin minm limiè-a mouin vi-n sou tè-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

12, 44-50

Lè sa-a :

Jézu rélé byin fò, li di : « Moun ki kouè nan mouin, sé pa nan mouin minm li kouè, min nan sa-a ki voyé-m nan. Moun ki ouè-m, li ouè sa-a ki voyé-m nan.

Mouin limiè-a mouin vi-n sou tè-a, pou tout moun ki kouè nan mouin, yo pa rété nan fènoua. Si yon moun tandé paròl mouin yo, li pa kinbé yo, sé pa mouin minm k-ap jijé-l ; mouin pa vini pou-m jijé tè-a, min pou-m sovè tè-a.

Moun ki méprizé-m, ki pa résévoua paròl mouin yo, li gin sa-a k-ap jijé-l. Paròl la mouin palé-a, sé li minm k-ap jijé-l nan dènié jou-a.

Paské mouin minm sé pa nan mouin minm mouin pran pou-m palé ; min sa-a ki voyé-m nan, Papa-a, sé li minm ki ban-m kòmandman ki sa pou-m di, épi ki sa pou-m palé.

Mouin konnin kòmandman-l nan sé lavi tout tan-an. Sa-m palé yo, sé jan Papa-a di-m nan, sé konsa mouin palé ».

Paròl Granmèt la.

12

*Moun ki rété nan mouin, épi mouin minm nan li,
moun sa-a poté anpil frui.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 1-11

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Mouin sé véritab pié rézin-an, Papa-m sé kiltivatè-a. Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; tout branch ki donnin frui, l-ap nètouayé-l pou-l donnin plis frui. Nou minm nou déja pròp gras a paròl la mouin té palé nou-an.

Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou. Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a, si-l pa rét nan pié rézin-an, konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo ; moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, paské san mouin minm nou pa kapab fè anyin. Si yon moun pa rét nan mouin, y-ap jété-l déyò, tankou branch la, l-ap séché, y-ap ranmasé-l y-ap jété-l nan difé, l-ap boulé.

Si nou rét nan mouin, épi paròl mouin yo rété nan nou, tou sa nou vlé, nou mèt mandé-l, l-ap rivé pou nou.

Sé nan sa Papa-m jouinn gloua-l, pou nou donnin anpil frui, pou nou vi-n disip mouin. Minm jan Papa-a rinmin-m nan, mouin minm tou mouin rinmin-l. Rét nan rinmin-m nan.

Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan ; minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan.

Mouin di nou sa, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, épi pou kè nou kapab kontan nèt ».

Paròl Granmèt la.

2. NAN BATÈM TIMOUN PITI YO

Rit résépsion-an

PSÒM RÉPONS

Ps 84, 7-8. 9 ab (R̄ : 9 b)

- R̄ Sé lapè Granmèt la ap palé pou pèp li-a.
- 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vi-n ba nou lavi,
épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
- 8 Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt,
sové ou sové nou-an ba nou li. R̄
- 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di,
sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo. R̄

Yo kapab fè youn oubyin pliziè léktu, parégzanp :

Jénèz 12, 1-4 a [p. 322].

oubyin :

Jodi-a sové-a rivé pou kay sa-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

19, 1-10

Lè sa-a :

Jézu antré Jériko, l-ap travèsé vil la. Yon mésié yo rélé Zaché, ki té chèf kolèktè yo, li té rich, li t-ap chèché ouè Jézu, kilès li yé, li pa-t kapab akòz foul la, paské li té tou kout. Li kouri dévan, li monté sou yon pié figié, pou-l ouè-l, paské li té gin pou-l pasé la.

Lè Jézu rivé koté sa-a, li lévé jé-l, li ouè-l, li di-l : « Zaché, fè vit, désann, paské jodi-a sé lakay ou mouin gin pou-m rété ». Li fè vit, li désann, li résévoua-l avèk kè kontan. Lè tout moun ouè sa, yo t-ap kritiké, yo t-ap di sé kay yon péchè l-al manjé.

Zaché minm kanpé, li di Granmèt la : « Min mouatié byin-m yo, Granmèt, mouin bay pòv yo ; si-m té vòlè yon moun, mouin rinnèt li kat foua plis ».

Jézu minm di-l : « Jodi-a sové-a rivé pou kay sa-a, paské li minm tou sé yon pitit Abraam. Sèké Pitit moun nan vini pou-l chèché, pou-l sové sa-k té pèdi ».

Paròl Granmèt la.

oubyin :

Yon kòmandman nouvo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

13, 34-35

Lè sa-a, Jézu di :

Mouin ba nou yon kòmandman nouvo, pou nou youn rinmin lòt minm jan mouin rinmin nou-an, sé konsa pou nou youn rinmin lòt. Sé konsa tout moun ap rékonèt nou sé disip mouin, si nou youn gin bon kè pou lòt.

Paròl Granmèt la.

Pou skrutin yo

PSÒM RÉPONS

Ps 121, 1-2. 4-5. 6-7. 8-9 (R̄ : cf. 1)

R̄ : Nan kay Granmèt la ak kè kontan n-apralé.

¹ Mouin kontan, lè yo té di-m :

« Nan kay Granmèt la n-apralé. »

² Pié nou déjà kanpé

nan pòt ou yo, Jérusalèm. **R̄**

⁴ Sé la réyèlman fanmiy yo ap monté, fanmiy Granmèt la, témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.

⁵ Paské sé la tro-n yo ap pozé pou jijman-an, tro-n kay David la. **R̄**

⁶ Mandé sa k-ap sèvi pou lapè Jérusalèm, sé pou yo gin asirans, sa yo ki rinmin-ou nan.

⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo avèk sékirité nan sitadèl ou yo. **R̄**

⁸ Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo m-ap di : « Lapè nan ou ! »

⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an m-ap mandé byin pou ou. **R̄**

Yo kapab fè youn oubyin pliziè léktu, parégzanp :

Ézékièl 36, 25-28 [p. 372].

oubyin :

Nétouayaj péché yo.

Léktu liv profèt Izayi

1, 16-18

Lavé nou, pròpté nou, ouété mové pansé nou yo sot dévan jé-m ; sispann aji mal, aprann fè byin : chèché sa ki douat, poté sékou bay sa yo fè pasé mati-a, pran ka òfélin-an, défann vèv la.

Vini, n-ap korésonn nan jijman, sé sa Grammèt la di. Si péché nou yo t-a tankou roukou, tankou nèj y-ap blanchi, épi si yo t-a rouj tankou vlou, tankou linn y-ap vini.

Paròl Grammèt la.

oubyin :

Fè pénitans, kouè nan Bòn Nouvèl la.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

1, 1-5. 14-15

Kòmansman Évanjil Jézu-Kri Pitit Bondié.

Jan sa ékri nan profèt Izayi-a : « Min mouin voyé anj mouin-an dévan fas ou, sé li minm k-ap préparé chémin-ou nan dévan-ou. Voua moun nan k-ap rélé nan dézè-a : “Paré chémin Grammèt la, drésé santié-l yo douat” ».

Jan té nan dézè-a, antan l-ap batizé, antan l-ap préché yon batèm pénitans pou padon péché yo. Tout réjion Judé-a té soti vi-n jouinn li, ak tout moun Jérusalèm, yo t-ap résévoua batèm nan min-l nan rivè Joudin-an, antan y-ap konfésé péché yo.

Apré yo fi-n arété Jan, Jézu rivé nan Galilé, l-ap préché bòn nouvèl péyi-roua Bondié-a, l-ap di : « Tan-an rivé, péyi-roua Bondié-a proché : fè pénitans, kouè nan bòn nouvèl la ».

Paròl Grammèt la.

oubyin :

Lè Jézu ouè lafoua yo, li di : « Péché-ou yo éfasé ».

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

2, 1-12

Apré kèk jou, Jézu tounin ankò Kafarnaòm. Lè yo té tandé li té nan kay la, anpil moun rasanblé, atèl pouin kay la pa-t kapab kinbé moun minm nan pòt la, li t-ap anonsé yo paròl la.

Yo vi-n koté-l, antan y-ap poté yon moun ki pa-t kapab maché, sé kat moun ki t-ap poté-l. Kòm yo pa-t kapab prezanté-l ba li akoz foul la, yo défèt plafon-an koté-l té yé-a, yo louvri-l, yo glisé kabann nan koté moun nan ki pa-t kapab maché-a té kouché-a. Lè Jézu ouè lafoua yo, li di moun nan ki pa-t kapab maché-a : « Pitit mouin, péché-ou yo éfasé ».

Té gin kèk skrib la, yo té chita, yo t-ap kalkilé nan kè yo : « Ki sa sa-a ap di konsa-a ? L-ap blasfémé. Kilès ki kapab padonnin péché, si sé pa Bondié sèl ? »

Minm lè-a Jézu konnin nan éspri-l, sé konsa yo t-ap kalkilé anndan kè yo, li di yo : « Ki sa n-ap kalkilé nan kè nou-an ? Ki sa ki pi fasil pou di

moun nan ki pa kapab maché-a : “Péché-ou yo éfasé” oubyin : “Lévé, pran kabann ou, maché ?” Ébyin pou nou kapab konnin, Pitit moun nan gin pouvoua sou tè-a pou-l padonnin péché yo, (li di moun nan ki pa-t kapab maché-a) : “Mouin di-ou : Lévé, pran kabann ou, al lakay ou” ».

Minm lè-a li lévé, li pran kabann nan, li pati dévan tout moun, atèl pouin tout moun té sézi, yo t-ap fè konpliman pou Bondié, yo t-ap di : « Nou pa-t janm ouè bagay konsa ».

Paròl Granmèt la.

oubyin :

Ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon sèl péchè ki fè pénitans.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

15, 1-7

Lè sa-a :

Piblikin yo ak péchè yo t-ap proche kot Jézu, pou yo kouté-l.

Farizyin yo ak skrib yo t-ap plinyin, yo t-ap di : « Sa-a résévoua péchè yo, li manjé avèk yo ».

Li bay parabòl sa-a pou yo, li di : « Kilès nan nou, si-l gin san mouton épi, si-l pèdi youn nan yo, pou-l pa kite katrévindsnèf yo nan dezè-a pou-l al chèché sa-k pèdi-a joutan li jouinn li ?

Épi, lè-l jouinn li, li mété-l sou zépòl li ak kè kontan, li rivé lakay li, li rasanblé zanmi ak vouazin yo, li di yo : “Fè kè nou kontan avèk mouin, paské mouin jouinn mouton-m nan ki té pèdi-a”.

Mouin di nou ap gin plis kè kontan nan sièl la pou yon péchè ki fè pénitans, pasé pou katrévindsnèf moun kòrèk ki pa bézouin pénitans ».

Paròl Granmèt la.

oubyin :

San Jézu-Kri pròpté nou anba tout péché.

Léktu premié lèt apot sin Jan

1, 8-2, 2

Nou minm nou rinmin anpil la :

Si nou di nou pa gin péché, nou pran pròp tèt pa nou nan pièj, épi vérité-a pa nan nou.

Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nétouayé nou sot nan tout fot. Si nou di nou pa fè péché, nou fè-l tounin mantè, épi paròl li-a pa nan nou.

Ti pitit mouin yo, mouin ékri nou bagay sa yo pou nou pa fè péché ; min si yon moun fè péché, nou gin yon avoka bò kot Papa-a, Jézu-Kri ki kòrèk la, li minm minm li sé padon pou péché nou yo ; pa pou pa nou yo sèlman, min tou pou pa tout tè-a.

Paròl Granmèt la.

Yo kapab anplouayé tou léktu ki dézigné dòdinè pou skrutin yo :

Sous dlo k-ap jayi pou lavi ki pap janm fini-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

4, 1-14

Lè sa-a :

Kòm donk Jézu té konnin farizyin yo té tandé Jézu té fè plis disip épi li té batizé plis pasé Jan - malgré sé pa Jézu li minm ki té batizé min sé disip li yo - li kité Judé-a épi li alé ankò nan Galilé. Li té gin kanminm pou-l té travèsé Samari.

Jézu rivé nan vil Samari-a, sa yo rélé Sikar la, toupré propriété-a, Jakòb té bay Jozèf pitit li-a. Té gin pui Jakòb la koté sa-a. Jézu minm fatigé ak rout la, li té chita konsa sou bò pui-a.

Sé té apèprè midi. Yon madanm Samari vi-n pou tiré dlo.

Jézu di-l : « Ban-m bouè ». Disip li yo té pati nan vil la, pou yo achté manjé.

Konsa madanm Samaritèn nan di-l : « Kijan ou minm ki Juif, ou kapab mandé-m bouè, mouin minm yon madanm Samaritèn ? » Réyéلمان Juif yo pa frékané Samaritin yo.

Jézu réponn, li di-l : « Si-ou té konn kado Bondié-a épi kilès k-ap di-ou : “Ban-m bouè”-a, pétèt sé ou minm ki t-a mandé-l, épi li t-a ba-ou dlo vivan-an ».

Madanm nan di-l : « Mèt, ou pa minm gin anyin pou-ou tiré dlo-a ladan-l, épi pui-a fon ; koté ou kapab jouinn dlo vivan-an ? Èské ou pi gran pasé Jakòb papa nou-an, ki té ba nou pui-a, épi li té bouè ladan-l, ni pitit li yo ni bèt li yo ? »

Jézu réponn, li di-l : « Tout moun ki bouè nan dlo sa-a, l-ap souaf ankò ; min moun ki bouè nan dlo m-ap ba li-a, li pap souaf pou tout tan ; min dlo m-ap ba li-a, l-ap vi-n tounin yon sous dlo nan li, k-ap jayi pou lavi ki pap janm fini-an ».

Paròl Granmèt la.

Pou Batèm-nan

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Ba nou dlo pou nou bouè.

Léktu liv Égzòd

17, 3-7

Jou sa yo :

Pèp la té souaf poutèt pa-t gin dlo, li plinyin kont Moyiz, li di : « Pouki sa ou té fè nou pati kité Éjip la, pou-ou touyé nou avèk pitit nou yo avèk bèt yo ak souaf ? »

Moyiz minm rélé kot Granmèt la, li di : « Ki sa-ou fè pèp sa-a ? yon ti kras ankò épi l-ap kalonnin-m ».

Granmèt la di Moyiz : « Pran dévan pèp la, pran nan ansyin Israèl yo avèk ou, ni baton-an, sa-ou té frapé gran riviè-a, pran-l nan min-ou, épi alé. Min m-ap kanpé laba-a dévan-ou sou ròch Orèb la ; ou-ap frapé ròch la, dlo ap soti ladan-l, pou pèp la bouè ».

Moyiz fè konsa dévan ansyin Israèl yo.

Yo rélé non koté sa-a « Tansion » poutèt kont pitit Israèl yo, épi paské yo té tanté Granmèt la, yo t-ap di : « Èské Granmèt la nan mitan nou oubyin non ? »

Paròl Granmèt la.

2

M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap pròpté sot nan tou sa-k sal nou.

Léktu liv profèt Ézékièl

36, 24-28

Min paròl Granmèt la :

« M-ap pran nou sot nan nasion yo, m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, m-ap minnin nou nan péyi nou-an, m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap pròpté sot nan tou sa-k sal nou, anba tout zidòl nou yo m-ap pròpté nou.

M-ap ba nou yon kè nouvo, m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou, m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo.

N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, n-ap pèp mouin, m-ap Bondié nou ».

Paròl Granmèt la.

3

*Mouin ouè yon dlo k-ap soti nan tanp la,
tout moun li rivé sou yo, dlo sa-a sové yo.*

Léktu liv profèt Ézékièl

47, 1-9. 12

Jou sa yo :

Anj la fè-m viré jous nan pòt kay Granmèt la, min dlo t-ap soti anba papòt la nan diréksion olévan tanp la, sèké fas kay la t-ap gadé nan diréksion olévan, dlo yo minm t-ap désann bò koté douat nan mitan lotèl la. Li fè-m soti nan chémin ki t-ap gadé nan diréksion olévan-an ; té gin dlo ki t-ap koulé anpil sot nan koté douat la.

Lè mésié-a soti nan diréksion olévan-an, li té gin yon mèt nan min-l, li konté sink-san mèt, li fè-m travèsé nan dlo-a, jous nan talon. Apré sa, li konté sink san mèt, li fè-m travèsé nan dlo-a jous nan jénou ; li konté sink-san épi li fè-m travèsé nan dlo-a jous nan rin. Li konté sink-san, sé té yon ravi-n mouin pa-t kapab travèsé, paské dlo ravi-n fon-an t-ap bouyi, yo pa-t kapab travèsé-l. Li di-m : « Sètènman ou ouè, piti moun ». Li kondui-m, li fè-m travèsé jous sou bò ravi-n nan.

Lè-m viré, mouin ouè anpil pié boua sou bò ravi-n nan, sou chak koté. Li di-m : « Dlo sa yo, k-ap soti pou y-al nan réjion olévan-an, y-ap désann nan plinn dézè-a, y-ap antré nan lanmè-a ; y-ap soti, dlo yo ap sèvi rémèd : tout bèt vivan k-ap mouvmanaté, y-ap viv, tout koté ravi-n nan ap rivé, ap gin anpil pouason, lè dlo sa yo rivé koté sa-a, tout bagay koté ravi-n nan rivé-a, y-ap géri, y-ap viv.

Anlè ravi-n nan, sou bò-l chak bò, ap gin pié boua k-ap lévé, y-ap donnin frui ; fèy yo pap tonbé, yo pap manké frui ; chak moua l-ap donnin prémié frui, paské dlo ravi-n nan sé nan tanp la y-ap soti, frui-l yo ap sèvi manjé, fèy li yo ap sèvi rémèd ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

*Nou antéré réyèlman ansanm avèk li gras a batèm nan,
pou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

6, 3-5

Frè-m yo :

Nou tout ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé.

Nou antéré réyèlman ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la lévé sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

Sèké si nou planté ansanm avèk li pou nou sanblé avèk li nan lanmò-l la, konsa tou n-ap ansanm avèk li nan réziréksion-l nan.

Paròl Granmèt la.

2

Pou nou pran fòm pòtré Pitit li-a.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 28-32

Frè-m yo :

Nou konnin pou moun yo Bondié rinmin yo, tout bagay sèvi pou byin yo, yo minm li rélé pou yo vi-n sin, dapré désizion li pran davans. Réyèlman, sa yo li chouazi davans yo, li paré plas yo davans tou, pou yo vi-n moulé nan pòtré Pitit li-a, pou li minm li vi-n tounin premié pitit nan pami tout foul frè yo.

Sa yo li fi-n paré plas yo-a, li rélé yo tou ; sa yo li rélé-a, li fè yo vi-n sin tou ; sa yo li fè vi-n sin-an, li ba yo gloua-a tou.

Kisa donk n-ap di pou bagay sa yo ? Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? Li minm ki pa minm ménajé pròp Pitit li-a, min li rinmèt li pou nou tout, kijan pou-l pa t-a ba nou tout bagay ansanm avèk li ?

Paròl Granmèt la.

3

Sé nan yon sèl Éspri nou tout nou batizé nan yon sèl kò.

Léktu premié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

12, 12-13

Frè-m yo :

Minm jan kò-a fè yon sèl, min li gin anpil manb, tout manb kò-a, malgré yo anpil la, sé yon sèl kò yo fè kanminm : sé konsa tou pou Kris la.

Réyèlman sé nan yon sèl Éspri nou tout nou batizé pou nou fè yon sèl kò, soua Juif, soua nasion, soua ésklav, soua moun lib ; épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

Paròl Granmèt la.

4

Nou tout ki batizé, nou abiyé ak Kris la.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Galat yo

3, 26-28

Frè-m yo :

Nou tout nou sé pitit Bondié gras a lafoua-a, ki nan Kris Jézu-a. Réyéyman nou tout ki batizé nan Kris la, nou abiyé ak Kris la.

Pa gin késion Juif ni Grèk, nan pouin ni ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : sèké nou tout sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

Paròl Granmèt la.

5

Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-6

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché dapré diréksion koté yo rélé nou-an, antan nou tou piti nan kè-n, nou tou dou ; sé pou nou pran pasians pou nou youn sipòté lòt nan charité-a ; fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a : yon sèl kò ak yon sèl éspri, minm jan sé nan yon sèl éspérans yo rélé nou koté yo rélé nou-an ; yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

Paròl Granmèt la.

6

Nou minm nou sé yon ras ki chouazi, yon péyi-roua prèt.

Léktu premié lèt apot sin Piè

2, 4-5. 9-10

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Sé pou nou proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa lézòm yo réjté-a, min sa Bondié minm chouazi-a, sa-l bay konsidérasion-an, nou minm tou tankou ròch ki vivan, sé pou nou kité yo bati nou pou nou vi-n tounin yon kay spirituèl, yon réyinion prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmedyé Jézu-Kri.

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon péyi roua prèt, yon nasion ki sin, yon pèp Bondié posédé, pou nou anonsé puisans sa-a ki rélé nou vi-n nan bèl limiyè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min nou résévoua mizérikòd koulié-a.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R: 1)

- R: Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin.
- 1 Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;
- 2 Nan zèb vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,
- 3 li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. R:
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou
sé yo k-ap konsolé-m. R:
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. R:
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. R:

2

PSÒM RÉPONS

Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14 (R: 1 a oubyin Éf 5, 14)

- R: Granmèt la sé klèté-m, épi li sovè-m, kilès pou-m pè ?
oubyin :
- R: Lévé, ou minm k-ap dòmi, lévé sot nan pami mò yo,
Jézu-Kri ap kléré-ou.
- 1 Granmèt la sé klèté-m, épi li sovè-m, kilès pou-m pè ?
Granmèt la sé protéksion lavi-m, dévan kilès pou-m tranblé ? R:
- 4 Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché :
abité kay Granmèt la
tout tan lavi-m,
pou-m ouè dousè Granmèt la,
pou-m vizité tanp li-a. R:
- 8 Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
- 9 Pa viré fas ou louin-m,

pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè.

Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m. **R:**

¹³ Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la nan péyi vivan yo

¹⁴ Tann Granmèt la, aji avèk kouraj,
asiré kè-ou, sé pou-ou tann Granmèt la. **R:**

3

PSÒM RÉPONS Ps 33, 2-3. 6-7. 8-9. 14-15. 16-17 (**R:** : 6 a oubyin 9 a)

R: Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré.

oubyin :

R: Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la dou.

² M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
tout tan louanj li nan bouch mouin.

³ Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua,
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. **R:**

⁶ Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.

⁷ Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,
anba tout tribilasyon-l yo li sovè-l. **R:**

⁸ Anj Granmèt la ap véyé alantou moun ki krinn li yo,
épi l-ap délivré yo.

⁹ Gouté, n-a ouè jan Granmèt la dou ;
ala kontantman pou moun ki éspéré nan li yo. **R:**

¹⁴ Kinbé lang ou sot nan mal
épi po bouch ou pou yo pa palé riz.

¹⁵ Viré do bay mal épi fè byin
chèché lapè épi rapousuiv li. **R:**

¹⁶ Jé Granmèt la sou moun kòrèk yo,
zòrèy li nan rèl yo.

¹⁷ Figi Granmèt la sou moun k-ap fè sa-k mal yo,
pou-l pèdi souvni yo sot sou tè-a. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Jan 3, 16

(R: Alélouya). Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Sèl Pitit li-a ;
pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an. (R: Alélouya).

2

Jan 8, 12

(R: Alélouya). Mouin sé limiè tè-a, sé sa Granmèt la di ;
moun k-ap suiv mouin, l-ap gin limiè lavi-a. (R: Alélouya).

3

Jan 14, 6

(R: Alélouya). Mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a, sé sa Granmèt la di ;
pèsòn pa vi-n kot Papa-a, sof si-l pasé palintèmediè mouin. (R: Alélouya).

4

Éf 4, 5-6 a

(R: Alélouya). Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ;
yon sèl Bondié ak Papa tout moun. (R: Alélouya).

5

Cf. 2 Tim 1, 10

(R: Alélouya). Sovè nou Jézu-Kri, détoui lanmò-a,
épi li kléré lavi-a gras a Bòn Nouvèl la. (R: Alélouya).

6

1 P 2, 9

(R: Alélouya). Nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt,
yon nasion ki sin ;
sé pou nou anonsé pouvoua sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo
pou nou vi-n nan bèl limiè-l la. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Sa-a sé pi gran, sé prémié kòmandman-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

22, 35-40

Lè sa-a :

Youn nan Farizyin yo ki té savan nan laloua-a pozé Jézu késion, pou-l tanté-l : « Mèt, kilès ki gran kòmandman-an nan laloua-a ? »

Jézu di-l : « “Sé pou-ou rinmin Granmèt Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou”. Sa-a sé pi gran, sé prémié kòmandman-an. Dézièm nan minm sanblé avèk li : “Sé pou-ou rinmin prochin-an tankou pròp tèt ou”. Sé nan dé kòmandman sa yo tout laloua-a pandié ansanm ak profèt yo ».

Paròl Granmèt la.

2

Fè tout nasion yo vi-n tounin disip, batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

28, 18-20

Jézu minm antan-l proché, li palé avèk onz disip yo, li di : « Yo rinmèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a. Alé, fè tout nasion yo vi-n tounin disip. Batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. Aprann yo obsèvé tou sa mouin té kòmandé nou.

Min mouin avèk nou touléjou, jous longè tan-an fi-n rivé bout li ».

Paròl Granmèt la.

3

Li réservoua batèm nan min Jan nan Joudin-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

1, 9-11

Jou sa yo, Jézu vini sot Nazarèt Galilé-a, li réservoua batèm nan min Jan nan Joudin-an.

Minm lè-a antan l-ap monté sot nan dlo-a, li ouè sièl yo louvri épi Éspri-a tankou yon kolonb k-ap désann pozé sou li ; yon voua soti nan sièl yo : « Ou sé Pitit mouin-an sa-m rinmin-an, nan ou mouin jouinn plézi-m ».

Paròl Granmèt la.

4

*Kité timoun yo vi-n jouinn mouin.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark****10, 13-16**

Lè sa-a :

Yo té prezanté timoun piti bay Jézu pou-l té touché yo ; disip yo minm t-ap ménasé moun yo ki t-ap vi-n prezanté yo-a.

Lè Jézu ouè sa, li faché, li di yo : « Kité timoun yo vi-n jouinn mouin, pa anpéché yo ; sé pou sa-k sanblé ak yo péyi-roua Bondié-a yé. Amèn mouin di nou, tout moun ki pa résévoua péyi-roua Bondié-a tankou yon timoun piti, li pap antré ladan-l ».

Li anbrasé yo, li pozé min sou yo, li béni yo.

Paròl Granmèt la.

5

*Kouté, Israèl, rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark****12, 28 b-34**

Lè sa-a :

Youn nan skrib yo té proché kot Jézu, épi li té pozé-l késion kilès ki premié nan tout kòmandman yo.

Jézu minm té réponn li : « Premié nan tout kòmandman yo, sé : “Kouté, Israèl : Granmèt la Bondié-ou la sé yon sèl Bondié-a. Épi sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou épi ak tout fòs ou”. Sa-a sé premié kòmandman-an. Dézièm nan sanblé ak li : “Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm”. Pa gin lòt kòmandman ki pi gran pasé sa yo ».

Skrib la di-l : « Sé byin, Mèt, ou gin rézon di sé yon sèl Bondié-a, épi pa gin lòt andéyò-l, épi sé pou yon moun rinmin-l ak tout kè-l, ak tout intéljans li, ak tout nanm li, épi ak tout fòs li, épi rinmin prochin-an tankou pròp tèt li, sa pi gran pasé tout kalité sakrifis antié ak kado yo ».

Jézu minm ouè li té réponn ak sajès, li di-l : « Ou pa louin péyi-roua Bondié-a ». Épi pèsòn pa-t ozé pozé-l késion ankò.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

12, 28 b-31

Lè sa-a :

Youn nan skrib yo té proché kot Jézu, épi li té pozé-l késion kilès ki prémié nan tout kòmandman yo.

Jézu minm té réponn li : « Prémié nan tout kòmandman yo, sé : “Kouté, Israël : Granmèt la Bondié-ou la sé yon sèl Bondié-a. Épi sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou, ak tout nanm ou, ak tout éspri-ou épi ak tout fòs ou”. Sa-a sé prémié kòmandman-an.

Dézièm nan sanblé ak li : “Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm”. Pa gin lòt kòmandman ki pi gran pasé sa yo ».

Paròl Granmèt la.

6

Si yon moun pa réfèt, li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

3, 1-6

Té gin yon mésié nan pami Farizyin yo, yo té rélé Nikodèm, yon chèf Juif yo.

Li vi-n kot Jézu nannuit, li di-l : « Rabi, nou konnin ou vi-n sot kot Bondié kòm mèt ; pèsòn réyèlman pa kapab fè sign sa yo ou-ap fè-a, si Bondié pa avèk li ».

Jézu réponn, li di-l : « Amèn, amèn mouin di-ou, si yon moun pa réfèt ankò, li pa kapab ouè péyi-roua Bondié-a ».

Nikodèm di-l : « Kijan yon moun kapab fè fèt, lè-l fi-n vié ? Èské li kapab antré ankò nan vant manman-l pou réfèt ».

Jézu réponn : « Amèn, amèn mouin di-ou, si yon moun pa réfèt sot nan dlo ak Éspri-Sin-an, li pa kapab antré nan péyi-roua Bondié-a.

Sa-k fèt sot nan chè-a, sé chè li yé, sa-k fèt sot nan Éspri-a, sé éspri li yé.

Paròl Granmèt la.

7

Sous dlo k-ap jayi pou lavi ki pap janm fini-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

4, 5-14

Lè sa-a :

Jézu rivé nan vil Samari-a, sa yo rélé Sikar la, toupré propriété-a, Jakòb té bay Jozèf pitit li-a. Té gin pui Jakòb la koté sa-a. Jézu minm fatigé ak rout la, li té chita konsa sou bò pui-a.

Sé té apéprè midi. Yon madanm Samari vi-n pou tiré dlo.

Jézu di-l : « Ban-m bouè ». Disip li yo té pati nan vil la, pou yo achté manjé.

Konsa madanm Samaritèn nan di-l : « Kijan ou minm ki Juif, ou kapab mandé-m bouè, moun minm yon madanm Samaritèn ? » Réyèlman Juif yo pa frékanté Samaritin yo.

Jézu réponn, li di-l : « Si-ou té konn kado Bondié-a épi kilès k-ap di-ou : “Ban-m bouè”-a, pétèt sé ou minm ki t-a mandé-l, épi li t-a ba-ou dlo vivan-an ».

Madanm nan di-l : « Mèt, ou pa minm gin anyin pou-ou tiré dlo-a ladan-l, épi pui-a fon ; koté ou kapab jouinn dlo vivan-an ? Èské ou pi gran pasé Jakòb papa nou-an, ki té ba nou pui-a, épi li té bouè ladan-l, ni pitit li yo ni bèt li yo ? »

Jézu réponn, li di-l : « Tout moun ki bouè nan dlo sa-a, l-ap souaf ankò ; min moun ki bouè nan dlo m-ap ba li-a, li pap souaf pou tout tan ; min dlo m-ap ba li-a, l-ap vi-n tounin yon sous dlo nan li, k-ap jayi pou lavi ki pap janm fini-an ».

Paròl Granmèt la.

8

Moun ki kouè nan moun, li gin lavi tout tan-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 44-47

Lè sa-a :

Jézu di fowl yo : « Pèsòn pa kapab vi-n jouinn moun, si Papa-a ki voyé-m nan pa ralé-l ; épi moun minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Min sa ki ékri nan profèt yo : “Yo tout ap jouinn ansègnman nan min Bondié”. Tout moun ki kouté Papa-a épi ki kité-l ba-l ansègnman, l-ap vi-n jouinn moun. Sé pa paské gin moun ki ouè Papa-a, sof sa-a ki sot nan Bondié-a, sé li minm ki ouè Papa-a.

Amèn, amèn moun di nou, moun ki kouè nan moun, li gin lavi tout tan-an ».

Paròl Granmèt la.

9

Riviè dlo lavi ap koulé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

7, 37 b-39 a

Lè sa-a :

Jézu kanpé, li rélé byin fò, li di : « Si yon moun souaf, sé pou-l vi-n jouinn moun pou-l bouè. Moun ki kouè nan moun, dapré sa sa-k ékri-a di-a, sé riviè dlo lavi k-ap koulé sot nan vant li ».

Li t-ap di sa sou Éspri-a moun ki kouè nan li yo té gin pou yo résévoua-a.
Paròl Granmèt la.

10

L-alé, li lavé kò-l, li vini, li ouè.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

9, 1-7

Lè sa-a ;

Pandan Jézu ap pasé, li ouè yon moun ki avèg dépi-l té fèt.

Disip li yo pozé-l késion : « Rabi, kilès ki fè péché, sa-a oubyin paran-l yo, pou-l fèt tou avèg la ? »

Jézu réponn : « Ni li minm li pa fè péché, ni paran-l yo ; min sé pou travay Bondié kapab parèt klè nan li. Mouin gin pou-m réalizé travay sa-a ki voyé-m nan, toutotan li jou ; lannuit la ap rivé, koté pèsòn pa kapab travay, toutotan mouin sou tè-a, mouin sé limiè tè-a ».

Kon-l fi-n di sa, li kraché atè-a, li fè labou ak saliv la, li pasé labou-a sou jé-l, li di-l : « Alé, lavé kò-ou, nan basin Siloé-a », sa vlé di « Sa-a yo voyé-a ». Konsa, l-alé, li lavé kò-l, li tounin antan-l ouè.

Paròl Granmèt la.

11

*Moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li,
moun sa-a donnin anpil frui.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 1-11

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Mouin sé véritab pié rézin-an, Papa-m sé kiltivatè-a. Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; tout branch ki donnin frui, l-ap nétouayé-l pou-l donnin plis frui. Nou minm nou déjà pròp gras a paròl la mouin té palé nou-an.

Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou. Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a, si-l pa rét nan pié rézin-an, konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo ; moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, paské san mouin minm nou pa kapab fè anyin. Si yon moun pa rét nan mouin, y-ap jété-l déyò, tankou branch la, l-ap séché, y-ap ranmasé-l y-ap jété-l nan difé, l-ap boulé.

Si nou rét nan mouin, épi paròl mouin yo rété nan nou, tou sa nou vlé, nou mèt mandé-l, l-ap rivé pou nou.

Sé nan sa Papa-m jouinn gloua-l, pou nou donnin anpil frui, pou nou vi-n disip mouin. Minm jan Papa-a rinmin-m nan, mouin minm tou mouin rinmin-l. Rét nan rinmin-m nan.

Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan ; minm jan mouin minm mouin kinbé kòmandman Papa-m yo, épi mouin rété nan rinmin-l nan.

Mouin di nou sa, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, épi pou kè nou kapab kontan nèt ».

Paròl Granmèt la.

12

Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

19, 31-35

Kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa-t rété sou koua-a jou saba-a (sèké jou sa-a sé té gran jou saba-a), Juif yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo.

Sòlda yo rivé, yo krazé janm prémié-a ak lòt la ki té klouré sou koua-a avèk Jézu-a.

Min lè yo rivé sou Jézu, yo ouè li té déjà mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri bò kòt li avèk pik li, minm lè-a san ak dlo koulé.

Moun ki ouè-a, li sèvi témouin, témouagnaj li-a vré. Li minm li konnin li di vérité, pou nou minm tou nou kapab kouè.

Paròl Granmèt la.

Pou minnin nan Égliz la timoun piti ki déjà batizé

DÒT LÉKTU NAN ANSYIN TÊSTAMAN-AN

1

Min pitit ou-a vivan.

Léktu prémié liv Roua yo

17, 17-24

Jou sa yo :

Pitit yon madanm mè-dfanmi té malad ; maladi-a té grav atèl pouin li pa-t rété souf nan li. Madanm nan di Éli : « Sa-k ginyin ant mouin ak ou minm, moun Bondié ? Ou antré lakay mouin pou-ou fè-m sonjé fot mouin yo, pou ou touyé pitit mouin-an ? »

Éli di-l : « Ban-m pitit ou-a ». Li pran-l sot nan léstomak li, li poté-l nan chanmòt la, koté-l té fè ladésant la. Li mété-l sou kabann li-a, li rélé kot Granmèt la, li di : « Granmèt Bondié mouin, èské minm vèv sa-a, ki résévoua-m lakay li-a, k-ap souin-m nan, ou-ap fè-l lapinn pou-ou touyé pitit li-a ? » Li lonjé kò-l, li rété sou pitit la pandan toua foua, li rélé kot Granmèt la, li di : « Granmèt Bondié, tanpri, fè nanm pitit sa-a tounin nan zantray li ».

Granmèt la kouté voua Éli, nanm pitit la tounin nan li, li réviv. Éli pran pitit la, li poté-l sot nan chanmòt la, li mété-l nan réd-chosé-a ; li rinmèt manman-l li, li di-l : « Min pitit ou-a vivan ».

Madanm nan di Éli : « Koulié-a nan bagay sa-a mouin rékonèt ou sé moun Bondié, paròl Granmèt la ki nan bouch ou-a sé vérité ».

Paròl Granmèt la.

2

Li panché sou li, kò ti pitit la vi-n réchofé.

Léktu dézièm liv Roua yo

4, 8-37

Rivé yon jou konsa, Élizé t-ap pasé Sunam. Koté sa-a, té gin yon madanm ki té rich, li fè-l rété pou-l manjé pin. Chak foua li té konn ap pasé la, li té konn fè yon ti détou koté-l pou-l manjé pin. Li té di mari-l : « Mouin sètèn sé yon moun Bondié, yon sin, mésié sa-a yé, li minm k-ap pasé souvan bò koté nou-an. An nou fè yon ti chanm pou li, n-ap mét yon kabann pou li ladan-l, ak yon tab, ak yon chèz, ak yon lanp ; pou, lè-l vi-n lakay nou, li kapab rété isit la ».

Rivé konsa yon sètèn jou, antan-l vini, li té fè yon ti détou nan chanm nan, épi li té répozé la. Li té di Giézi sèvitè-l la : « Rélé Sunamit sa-a ». Li té rélé-l, épi madanm nan té kanpé an fas li, li té di sèvitè-a : « Palé avèk li :

Min sé avèk souin ou sèvi nou nan tout bagay ; kisa ou vlé pou-m fè pou ou ? Èské ou gin yon problèm épi ou vlé pou-m t-a palé ak roua-a oubyin ak chèf lamé-a ? ». Li minm li réponn : « Sé nan mitan pèp mouin mouin rété ».

Épi li té di : « Ki sa-l vlé donk pou-m fè pou li ? » Giézi té di : « Pa chèché, li pa gin pitit, épi mari-l fi-n vié ». Li té pasé lòd pou yo rélé-l ; lè yo té rélé-l, épi li té kanpé dévan pòt la, li té di-l : « Nan tan sa-a, nan minm lè sa-a, si lavi-a ap sèvi konpagnon, ou-ap gin yon pitit nan vant ».

Madanm nan minm réponn : « Tanpri, mèt mouin, moun Bondié, tanpri pa bay sèvant ou-a manti ». Épi madanm nan vi-n ansint li akouché yon pitit gason nan tan sa-a minm lòt ané-a, jan Élizé té di-a.

Timoun nan minm grandi. Yon jou, li té soti al kot papa-l, pou-l al jouinn moun yo k-ap rékòlté yo, li di papa-l ; « Tèt mouin fè-m mal, tèt mouin fè-m mal ». Li minm li di sèvitè-a : « Pran-l minnin-l kot manman-l ». Lè-l pran-l, li minnin-l bay manman-l, manman-an mété-l sou jénou-l jous a midi, épi li mouri. Manman-an minm monté, li dépozé-l sou kabann moun Bondié-a, li fèmin pòt la.

Li rélé mari-l li di-l : « Tanpri, voyé youn nan sèvitè yo ak yon bourik ansanm avè-m pou-m kouri jous kot moun Bondié-a épi m-ap rétounin ». Li minm li di-l : « Pou ki rézon ou pral koté-l jodi-a ? Sé pa ni nouvèl lu-n ni saba ». Madanm nan réponn : « Salu ». Li sélé bourik la épi li bay sèvitè-a lòd : « Avansé épi fè vit, pa fè-m pran réta nan chémin-an, sof si-m ta ba-ou lòd ».

Li alé donk épi li vi-n kot moun Bondié-a nan mòn Karmèl la. Lè moun Bondié-a ouè-l ap vini an fas, li di Giézi, sèvitè-l la : « Min Sunamit la. Alé rankontré-l tousuit épi di-l : Èské mouin pa-t aji byin avèk ou, avèk mari-ou épi avèk pitit ou-a ? ». Li réponn : « Byin ». Lè-l rivé kot moun Bondié-a nan mòn nan, li kinbé pié-l ; Giézi rivé pou-l déplasé-l, épi moun Bondié-a di : « Kité-l ; nanm li réyèlman nan tristès anmè épi Granmèt la té kaché-m sa, li pa-t montré-m sa ».

Madanm nan di-l : « Èské mouin té mandé mèt mouin yon pitit ? Èské mouin pa-t di-ou : Pa tronpé-m ? » Épi li di Giézi : « Maré rin-ou, pran baton-m nan nan min-ou épi alé. Si yon moun vi-n rankontré-ou, pa salué-l épi si ninpòt moun salué-ou pa réponn li. Mété baton-m nan sou figi timoun nan ».

Min manman pitit la di : « Granmèt la vivan épi nanm ou vivan, mouin pap kité-ou ». Li lévé donk épi li suiv li. Giézi minm t-ap maché anvan yo épi li té dépozé baton-an sou figi pitit la, pa-t gin voua ni réaksion, li rétounin koté-l épi li anonsé-l antan-l di : « Timoun nan pa révéyé ».

Élizé minm antré nan kay la, li ouè ti pitit la mouri, kouché sou kabann li ; li antré, li fèmin pòt la sou li ak sou pitit la, li priyé Granmèt la. Li monté, li kouché sou ti pitit la ; li mété bouch li sou bouch li, jé-l sou jé-l, min-l sou

min-l, li pliyé kò-l anlè-l : kò ti pitit la vi-n réchofé. Li rékòmansé maché nan kay la yon foua nan yon sans, yon lòt foua nan yon lòt sans. Li monté, li kouché sou li ; pitit la èstènié sèt foua, li louvri jé-l.

Li rélé Giézi, li di-l : « Rélé Sunamit la ». Lè sèvitè-a rélé-l, li antré kot Élizé, Élizé di-l : « Pran pitit ou-a ». Li antré, li lagé kò-l nan pié-l, li adoré atè-a ; li pran pitit li-a, li pati.

Paròl Granmèt la.

3. POU ADMÈT MOUN KI DÉJA BATIZÉ VALIDMAN NAN KOMINION AN PLIN AK ÉGLIZ LA

Léktu yo, psòm répons yo épi vèsè anvan Évanjil la, yo kapab pran yo soua toutantié soua an pati oubyin nan Mès jou-a, oubyin nan Mès pou unité krétyin yo, oubyin nan Mès Inisiasion krétièn nan (pi ro, p. 321), oubyin nan sa-k suiv yo :

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

*Li paré plas yo davans tou,
pou yo vi-n moulé nan pòtré Pitit li-a.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 28-39

Frè-m yo :

Nou konnin pou moun yo Bondié rinmin yo, tout bagay sèvi pou byin yo, yo minm li rélé pou yo vi-n sin, dapré désizion li pran davans la. Réyèlman, sa-a yo li chouazi davans yo, li paré plas yo davans tou, pou yo vi-n moulé nan pòtré Pitit li-a, pou li minm li vi-n tounin prémié pitit nan pami tout foul frè yo. Sa-a yo li fi-n paré plas yo-a, li rélé yo tou ; sa-a yo li rélé-a, li fè yo vi-n sin tou ; sa-a yo li fè vi-n sin-an, li ba yo gloua-a tou.

Kisa donk pou nou di sou bagay sa yo ? Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? Li minm ki pa ménajé pròp Pitit li-a, min ki rinmèt li pou nou tout, kòman li pa t-ap ba nou tout bagay avèk li ? Kilès k-ap fè akizasion kont sa yo Bondié chouazi yo ? Èské sé Bondié, li ki fè nou vi-n kòrèk la ? Kilès k-ap kondané nou ? Kris Jézu, ki mouri, pi plis ki résisité, ki adouat Bondié, k-ap intèsédé pou nou-an ?

Kilès ki kapab séparé nou sot nan rinmin Kris la ? tribilasion, oubyin kè séré, oubyin grangou, oubyin manké rad, oubyin danjé, oubyin pèsékision, oubyin épe ? jan sa ékri-a : « Poutèt ou, n-ap mouri chak jou, yo konsidéré nou tankou mouton labatoua ».

Min nan tout bagay sa yo, nou sipoté poutèt sa-a ki rinmin nou-an. Mouin sètin réyèlman ni lanmò, ni lavi, ni anj, ni chèf, ni pouvoua, ni tan sa-a ni sa k-ap vini-an, ni fòs, ni rotè, ni profondè, okinn kréatu pa kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Paròl Granmèt la.

2

*Charité-a pap janm pasé.***Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin****12, 31-13, 13**

Frè-m yo :

Sé pou nou chèché kado ki pi bon yo. M-ap montré nou yon rout ki pi bon. Si mouin t-a palé langaj lézòm ak langaj Anj yo, épi mouin pa gin charité, mouin t-a vi-n tankou yon fè k-ap sonninn oubyin yon sinbal k-ap fè brui. Si-m t-a gin profési, si-m t-a konnin tout mistè ak tout sians, épi si-m t-a gin tout lafoua, joutan pou-m t-a déplasé mòn yo, épi mouin pa gin charité, mouin pa anyin. Si-m t-a séparé tout byin mouin yo pou bay pòv yo manjé, si-m t-a rinmèt kò-m pou yo boulé-m, épi mouin pa gin charité, sa pap sèvi-m anyin.

Charité-a gin pasians, li gin bon jan ; charité-a pa fè jalouzi, li pa aji pou-l vanté tèt li, li pa gonflé kò-l, li pa fè anbision, li pa chèché bagay ki pou li yo, li pa fè kòlè, li pa kalkilé sou sa-k mal, li pa kontan poutèt méchansté, okontrè li kontan pou lavérité : li sipôté nan tout okazion, li kouè nan tout okazion, li éspéré nan tout okazion, li andiré nan tout okazion.

Charité-a pap janm pasé, ni profési yo ap disparèt, ni lang yo ap sispann, ni sians yo ap détoui. Sé an mòso réyèlman nou konnin, sé an mòso nou profétizé. Lè sa-k kòrèk nèt la ap rivé, sa-k an mòso-a ap pasé.

Lè-m té timoun, mouin té palé tankou timoun piti, mouin té réfléchi tankou timoun, mouin té pansé tankou timoun ; min lè-m vi-n granmoun, mouin fè bagay timoun yo disparèt.

Nou ouè koulié-a tankou nan glas an parabòl, lè sa-a minm sé fas a fas ; koulié-a mouin konnin an mòso, lè sa-a minm m-ap konnin jan yo konnin mouin-an.

Koulié-a minm yo diré : lafoua-a, éspérans la ak charité-a, toua sa yo ; min pi gran nan yo-a sé charité-a.

Paròl Granmèt la.

3

*Bondié chouazi nou nan Kris la pou nou sin,
san répròch dévan-l nan rinmin-an.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo****1, 3-14**

Konpliman pou Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki béni nou ak tout kalité bénédikcion spirituèl nan sièl la nan Kris la. Jan li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la, pou nou sin, san répròch dévan-l nan rinmin-an. Li té déstiné nou davans pou nou vi-n tounin pitit adoptif pou li pa pouvoua Jézu-Kri, dapré désizion volonté-l, pou louanj gloua gras li, koté li fè nou jouinn gras nan Pitit li-a li rinmin-an.

Nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, padon péché yo dapré richès gras li-a, ki ranvèsé sou nou nan tout kalité sajès ak sians, pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l, dapré bon plézi-l, sa-l té ranjé davans nan li pou fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo, fè tout bagay instalé nan Kris la, sa-k nan sièl la ak sa-k sou tè-a, nan li.

Sé nan li minm tou yo chouazi nou, yo rélé nou, nou minm tou, pitit Israèl yo, yo déstiné nou davans dapré plan sa-a ki fè tout bagay gras a désizion volonté-l la, pou nou vi-n sèvi louanj gras li, nou minm ki té espéré davans nan Kris la. Nan li minm nou minm tou, lè nou té tandé paròl vérité-a, Bòn Nouvèl sa-k sovè nou-an, nou té kouè, nou té maké ak mak Èspri-Sin yo té promèt nou-an, li minm ki garanti éritaj nou-an, nan rédanmsion n-ap jouinn nan, pou louanj gras li-a.

Paròl Granmèt la.

4

*Yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ;
yon sèl Bondié ak Papa tout moun.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-7. 11-13

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché korèk dapré diréksion voua ki rélé nou-an, antan nou rété nan pòv ti kondision moun nou-an, antan nou tou dou, antan nou pran pasians pou nou youn sipòté lòt nan charité-a ; fè éfò pou nou konsèvé èspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

Yon sèl kò ak yon sèl èspri, minm jan yo rélé nou nan yon sèl espérans ki nan bout chémin koté yo rélé nou-an ; yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

Chak moun nan nou jouinn kado gras la dapré sa Kris la méziré pou li-a. Sé li minm ki bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé évanjélis, dèt yo minm sé pastè ak savan sakré : konsa sin yo kapab vi-n kòrèk nèt nan travay ministè-a, antan kò Kris la ap bati, joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua-a ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vi-n sèl moun sa-a ki kòrèk nèt la, nan mézi dènié dévlopman Kris la.

Paròl Granmèt la.

5

*Tou sa-k sin, sé bagay sa yo pou nou kalkilé.***Léktu lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo**

4, 4-8

Frè-m yo :

Fè kè nou kontan nan Granmèt la tout tan ; mouin tounin di nou sa ankò : fè kè nou kontan. Sé pou tout moun konnin kijan nou trankil : Granmèt la toupré.

Pa chajé tèt nou ak anyin ; min nan tout kalité priyé, lè n-ap mandé, avèk aksion-d-gras, sé pou nou fè Bondié konnin bézouin nou yo, épi lapè Bondié-a, ki dépasé tou sa nou kapab santi, sé pou-l kinbé kè nou ak intéljans nou yo nan Kris Jézu.

Pou rès la, frè-m yo, tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k sin, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, si gin yon bon kalité, si gin yon bagay ki mérité louanj, sé bagay sa yo pou nou kalkilé.

Paròl Granmèt la.

6

*Éspri nou ak nanm nou ak kò nou,
ap konsèvé pou lè Granmèt la rivé.***Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Tésalonisyin yo**

5, 16-24

Frè-m yo :

Sé pou nou kontan tout tan. San rété sé pou nou priyé. Nan tout okazion sé pou nou rann gras : sa-a sé volonté Bondié nan Kris Jézu pou nou tout. Pa étinn Éspri-a ; pa méprizé profési yo ; sèlman sé pou nou éséyé tout bagay, sé sa-k bon-an pou nou kinbé, sé pou nou rét louin tout kalité mal.

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vi-n sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a. Li fidèl, li minm ki rélé nou-an, sé li minm tou k-ap aji.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS

Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14 (R: 1 a)

R: Granmèt la sé limiè-m k-ap sové-m.

1 Granmèt la sé limiè-m k-ap sové-m, kilès pou-m pè ?

Granmèt la sé protéksion lavi-m, dévan kilès pou-m tranblé ? R:

- 4 Yon sèl bagay mouin té mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché,
pou-m abité kay Granmèt la tout jou lavi mouin,
pou-m ouè dousè Granmèt la,
épi pou-m vizité tanp li-a. **R:**
- 8 Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
- 9 Pa viré fas ou louin-m,
pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè.
Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m. **R:**
- 13 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la nan tè vivan yo.
- 14 Tann Granmèt la, pran kouraj,
épi asiré kè-ou, épi apuiyé sou Granmèt la. **R:**

2

PSÒM RÉPONS

Ps 41, 2. 3 ; Ps 42, 3. 4 (**R:** : Ps 41, 3 a)

- R:** Nanm mouin souaf Bondié vivan-an.
- 2 Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo,
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié. **R:**
- 3 Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ;
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ? **R:**
- 3 Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la, pou yo kondui-m,
pou yo minnin-m sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a. **R:**
- 4 M-ap antré kot lotèl Bondié-a,
kot Bondié kè kontan mouin-an.
M-ap fè louanj ou sou gita, Bondié, Bondié-m. **R:**

3

PSÒM RÉPONS

Ps 60, 2-3 a. 3 bc-4. 5-6. 9 (**R:** : 4 a)

- R:** Ou sé éspérans mouin, Granmèt.
- 2 Kouté démann mouin, Granmèt,
panché sou priyè-m.
- 3 Dépi nan bout tè-a m-ap rélé koté-ou. **R:**
Pandan kè-m séré.
Sou ròch yo pa kapab monté-a, kondui-m !
- 4 Paské ou sé éspérans mouin,
sitadèl fòs an fas ènmi-an. **R:**
- 5 M-ap abité nan tant ou-a pou tout tan,
m-ap jouinn protéksion nan voual zèl ou yo,
- 6 paské ou minm, Bondié mouin, ou kouté voua-m ;
ou bay éritaj moun ki krinn non-ou yo. **R:**

- 9 Konsa m-ap chanté psòm pou non-ou pou tout tan gin tan
pou-m rinmèt vé-m yo sot nan jou al nan jou. **R:**

4

PSÒM RÉPONS

Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (**R:** : 2 b)

- R:** Nanm mouin souaf ou, Granmèt, Bondié mouin.
- 2 Bondié, sé Bondié-m ou yé, dépi granmatin m-ap véyé koté-ou.
Nanm mouin souaf ou,
chè mouin anvi-ou. **R:**
- 3 Nan tè ki pa gin anyin-an, ki sèk la, ki san dlo-a,
sé konsa mouin parèt dévan-ou nan tanp la,
pou-m ouè puisans ou avèk gloua-ou.
- 4 Paské mizérikòd ou pi bon pasé lavi yo,
bouch mouin ap fè louanj ou. **R:**
- 5 Sé konsa m-ap fè konpliman pou ou nan lavi-m,
o non-ou m-ap lévé min-m.
- 6 Tankou ak grès, ak moual, nanm mouin ap plin,
ak kè kontan sou po bouch mouin m-ap fè louanj. **R:**
- 8 Sèké ou té poté-m sékou,
anba voual zèl ou yo m-ap dansé.
- 9 Nanm mouin kolé apré-ou,
min douat ou soutni-m. **R:**

5

PSÒM RÉPONS

Ps 64, 2-3 a. 3 b-4. 5. 6 (**R:** : 2 a)

- R:** Nou doué-ou kantik, Bondié, nan Siyon.
- 2 Nou doué-ou kantik, Bondié, nan Siyon ;
y-ap rinmèt ou vé nan Jérusalèm.
- 3 Ou minm ki kouté priyé. **R:**
Koté-ou tout chè vini poutèt péché.
- 4 Minm si fot nou yo dépasé anlè nou,
ou minm ou padonnin yo. **R:**
- 5 Ala kontantman pou sa-a ou chouazi-a épi ou pran-an;
l-ap abité nan lakou-ou yo.
Y-ap plin ak byin kay ou-a,
ak sinteté tanp ou-a. **R:**
- 6 Ou ékstraòdinè nan jistis,
ou kouté nou, Bondié ki sovè nou-an,
éspérans tout limit tè-a ak lanmè ki louin-an. **R:**

6

PSÒM RÉPONS

Ps 120, 1-2. 3-4. 5-6. 7-8 (R: 2 a)

R: Sékou-m ap vi-n sot nan Granmèt la.

- 1 M-ap lévé jé-m nan mòn yo :
koté sékou-m ap soti ?
- 2 Sékou-m ap vi-n sot nan Granmèt la,
ki té fè sièl la ak tè-a. R:
- 3 Li pap kite pié-ou bité,
li pap dòmi, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- 4 Gadé li pap dòmi, li pap fèmin jé-l,
li minm k-ap véyé sou Israël la. R:
- 5 Granmèt la ap véyé sou ou,
Granmèt la sé lonbraj ou,
li sou bò min douat ou.
- 6 Lajounin solèy pap frapé-ou,
ni lali-n pandan lannuit. R:
- 7 Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ;
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- 8 Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou,
dépi koulié-a jous pou tout tan. R:

ÉVANJIL YO

1

*Fè kè nou kontan, fété,
paské rékonpans nou anpil nan sièl yo.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 2-12 a

Lè sa-a :

Jézu t-ap anségné disip li yo, antan l-ap di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a.

Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé.

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap souffri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl la yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè y-ap di tout kalité mal kont nou, antan y-ap fè manti, akoz mouin ; fè kè nou kontan, fété, paské rékonpans nou anpil nan sièl la ».

Paròl Granmèt la.

2

Sé konsa pou limiè nou kléré dévan moun yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 13-16

Lè sa-a : Jézu té di disp li yo :

« Nou sé sèl tè-a. Si sèl la vi-n fad, ak ki sa y-ap salé-l ? Li pa vo anyin ankò, sof pou yo jété-l déyò, pou moun pilé-l.

Nou sé limiè tè-a. Yon vil ki pozé sou yon mòn pa kapab kaché. Yo pa limin yon lanp, pou yo mété-l anba bokit ; min sou yon étajè, pou-l kléré tout moun ki nan kay la.

Sé konsa pou limiè nou kléré dévan moun yo, pou yo ouè bon aksion nou yo, pou yo fè louanj pou Papa nou ki nan sièl la ».

Paròl Granmèt la.

3

Ou té kaché bagay sa yo pou saj yo épi ou té révéle yo bay timoun piti yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

11, 25-30

Lè sa-a Jézu pran laparòl, li di :

« Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou saj yo ak intélijan yo, ou té révéle yo bay timoun piti yo. Oui, Papa, paské sé konsa sa fè-ou plézi. Papa-m rinnèt mouin tout bagay, pèsòn pa konnin Pitit la, sof Papa-a ; ni pèsòn pa konnin Papa-a, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révéle sa.

Vi-n jouinn mouin, nou tout k-ap fatigé, k-ap rédi anba gro chaj, m-ap réfè fòs nou. Pran jouk mouin sou nou, pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pòv nan kè-m ; n-ap jouinn répo pou nanm nou ; jouk mouin fasil pou poté, chaj mouin léjé ».

Paròl Granmèt la.

4

Pou tout moun ki kouè nan li gin lavi tout tan-an.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

3, 16-21

Lè sa-a :

Jézu di Nikodèm : « Bondié tèlman rinmin tè-a, li bay Pitit li-a, sèl Pitit li-a, pou tout moun ki kouè nan li pa péri, min pou-l gin lavi tout tan-an. Sèké Bondié pa-t voyé Pitit li-a sou tè-a pou-l jijé tè-a, min pou tè-a té kapab sovè palintèmediè li.

Moun ki kouè nan li, yo pap jijé-l ; moun ki pa kouè-a minm, li déja jijé, paské li pa kouè o non sèl Pitit Bondié-a.

Min jijman-an, limiè-a vi-n sou tè-a, min moun yo té pi rinmin fènoua yo pasé limiè-a ; sèké travay yo té mové. Réyèlman tout moun k-ap aji mal, li rayi limiè-a, li pa vi-n nan limiè-a, pou yo pa réproché travay li yo.

Min moun ki fè vérité-a, li vi-n nan limiè, pou yo kapab ouè travay li klè, sé nan Bondié yo fèt ».

Paròl Granmèt la.

5

N-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

14, 15-23. 26-27

Lè sa-a : Jézu di disp li yo :

« Si nou rinmin-m kinbé kòmandman-m yo. M-ap priyé Papa-a, l-ap ba nou yon lòt Avoka, pou-l rété avèk nou pou tout tan : Éspri vérité-a, sa tè-a pa kapab résévoua-a, paské li pa ouè-l, ni li pa konnin-l ; min nou minm n-ap konnin-l, paské l-ap rété lakay nou, l-ap nan nou.

Mouin pap kite nou òfélin ; m-ap vi-n jouinn nou. Yon ti moman ankò, tè-a pap ouè-m ; min nou minm n-ap ouè-m, paské mouin vivan épi n-ap viv. Jou sa-a n-ap konnin mouin nan Papa-m, épi nou nan mouin, épi mouin nan nou. Moun ki gin kòmandman-m yo, épi ki kinbé yo, moun sa-a sé li minm ki rinmin-m. Moun ki rinmin-m nan minm, Papa-m ap rinmin-l tou ; m-ap rinmin-l, m-ap parèt dévan-l ».

Jud di-l, sé pa Iskariòt la : « Granmèt, pou ki rézon sé nou minm ou-ap fè ouè-ou, sé pa tè-a ? »

Jézu pran laparòl, li di-l : « Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin, Papa-m ap rinmin-l, n-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li.

Avoka-a minm, Éspri-Sin-an, sa Papa-a ap voyé o non-m nan, sé li minm k-ap aprann nou tout bagay, l-ap soufflé nou tou sa-m té di nou yo. Sé lapè mouin kité pou nou, sé lapè-m nan mouin ba nou ; sé pa tankou tè-a bay li-a mouin ba nou li. Pa kité kè nou troublé, pa kité-l soté ».

Paròl Granmèt la.

6

Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

15, 1-6

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Mouin sé véritab pié rézin-an, Papa-m sé kiltivatè-a. Tout branch nan mouin ki pa donnin frui, l-ap ouété-l ; tout branch ki donnin frui, l-ap nétouayé-l pou-l donnin plis frui. Nou minm nou déjà pròp gras a paròl la mouin té palé nou-an.

Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou. Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a, si-l pa rét nan pié rézin-an, konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin.

Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo ; moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, paské san mouin minm nou pa kapab fè anyin. Si yon moun pa rét nan mouin, y-ap jété-l déyò, tankou branch la, l-ap séché, y-ap ranmasé-l y-ap jété-l nan difé, l-ap boulé ».

Paròl Granmèt la.

4. ANTAN Y-AP ADMINISTRÉ KONFIRMASION-AN

LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Éspri Granmèt la ap pozé sou li.

Léktu liv profèt Izayi

11, 1-4 a

Jou sa-a :

Yon ramo ap soti nan rasi-n Jhésé, épi yon flè ap monté sot nan rasi-n li, épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajàs ak intélijans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak piété, épi éspri krint Granmèt la ap plin-l.

Sé pa dapré sa-k parèt dévan jé l-ap jijé, ni dapré brui ki rivé nan zòrèy l-ap fè répròch ; min l-ap jijé pòv yo nan jistis, épi l-ap fè répròch nan sa ki douat pou pòv yo sou tè-a.

Paròl Granmèt la.

2

Mouin té mété Éspri-m sou sèvitè-m nan.

Léktu liv profèt Izayi

42, 1-3

Mín paròl Granmèt la :

« Mín sèvitè-m nan, m-ap soutni-l, li minm mouin chouazi-a nanm mouin jouinn plézi nan li : mouin té mété Éspri-m sou li, l-ap poté jijman-an nan nasion yo.

Li pap rélé, li pap konsidéré figi moun, yo pap tandé voua-l déyò. Rozo ki félé-a, li pap krazé-l, mèch k-ap fè lafimin-an, li pap étinn li, sé nan vérité-a l-ap fè jijman-an soti.

Paròl Granmèt la.

3

Granmèt la sakré-m, li voyé-m anonsé pòv yo Bòn Nouvèl la, ba yo losion kè kontan-an.

Léktu liv profèt Izayi

61, 1-3 a. 6 a. 8 b-9

Éspri Granmèt la sou mouin, sé poussa Granmèt la sakré-m, li voyé-m poté bòn nouvèl bay pòv yo, pou-m pansé kè ki krazé yo, pou-m préché padon bay prizonié yo, délivrans bay sa-k fèmin yo, pou-m préché yon ané koté Granmèt la fè gras, yon jou vanjans pou Bondié nou-an, pou-m konsolé tout moun ki nan lapinn, pou-m mété yon kouròn nan plas sann pou moun

Siyon yo ki nan lapinn yo, losion kè kontan nan plas dèy, manto louanj nan plas éspri chagrin.

Nou minm y-ap rélé nou « prêt Granmèt la », y-ap di nou « sèvitè Bondié nou-an ».

M-ap ba yo rézilta travay yo nan vérité, m-ap passé yon aliens tout tan avèk yo. Y-ap rékonèt ras yo nan nasion yo, ak sa-k sot nan yo nan mitan pèp yo. Tout moun k-ap ouè yo ap rékonèt yo, paské yo sé sémans Granmèt la béni.

Paròl Granmèt la.

4

M-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou.

Léktu liv profèt Ézékièl

36, 24-28

Min paròl Granmèt la :

« M-ap pran nou sot nan nasion yo, m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, m-ap minnin nou nan péyi nou-an, m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap pròpté sot nan tou sa-k sal nou, anba tout zidòl nou yo m-ap pròpté nou.

M-ap ba nou yon kè nouvo, m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou, m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo.

N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, n-ap pèp mouin, m-ap Bondié nou ».

Paròl Granmèt la.

5

*Sou sèvitè-m yo ak sèvant mouin yo
m-ap vidé Éspri-m.*

Léktu liv profèt Joèl

2, 23 a. 26-3, 1-3 a

Min paròl Granmèt la :

« Ptitit fi Siyon, fété épi fè kè nou kontan nan Granmèt Bondié nou-an. N-ap manjé byin manjé épi n-ap satisfè ; épi n-ap fè louanj non Granmèt Bondié nou-an, ki té fè mèvèy pou nou-an, pèp mouin-an pap ront pou tout tan. N-ap konnin mouin nan mitan Israël, épi mouin minm Granmèt Bondié nou-an, épi pa gin dèt ; pèp mouin pap ront pou tout tan.

M-ap vidé éspri-m apré bagay sa yo sou tout chè, pitit gason nou yo ak pitit fi nou yo ap profétizé, granmoun nou yo ap gin mèsaj nan rèv, jèn jan nou yo ap ouè vizion ; minm sou sèvitè-m yo ak sèvant mouin yo jou sa yo m-ap vidé éspri-m. M-ap mété prodij nan sièl la ak sou tè-a ».

Paròl Granmèt la.

LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN

1

PRÉMIÉ LÉKTU

N-ap résévoua fòs Éspri-Sin-an k-ap vini sou nou, n-ap sèvi-m témouin.

Léktu Travay Apot yo

1, 3-8

Jézu té parèt dévan apot li yo byin vivan apré soufrans li-a avèk anpil prèv, pandan karant jou li parèt dévan yo, l-ap palé yo sou péyi-roua Bondié-a.

Pandan l-ap manjé, li pasé yo lòd pou yo pa kité Jérusalèm, min pou yo tann réalizasion promès Papa-a, li di : « Sa nou té tandé nan bouch mouin-an ; sèké Jan té batizé nan dlo, min nou minm sé nan Éspri-Sin-an n-ap résévoua batèm, nan kèk jou ».

Konsa, sa yo ki té rasanblé yo, yo t-ap pozé-l késion, yo t-ap di : « Granmèt, èské sé nan tan sa-a ou-ap réfè péyi-roua Israël la ? »

Li di yo : « Sé pa nou minm k-ap konnin tan ak moman Papa-a desidé nan pouvoua-l ; min n-ap résévoua puisans Éspri-Sin-an k-ap vini sou nou, n-ap sèvi-m témouin Jérusalèm, nan tout Judé-a ak Samari-a, épi jous nan bout tè-a ».

Paròl Granmèt la.

2

Tout moun vi-n plin ak Éspri-Sin-an épi yo kòmansé palé.

Léktu Travay Apot yo

2, 1-6. 14. 22 b-23. 32-33

Lè jou Pantkot yo rivé bout, tout moun té ansanm nan minm koté-a ; san-zatann, vi-n gin yon brui ki sot nan sièl la tankou brui van ki rivé byin fò, li plin tout kay la, koté yo té chita-a. Anpil ti mòso lang tankou difé vi-n parèt sou yo, li chita sou yo chak. Tout moun vi-n plin ak Éspri-Sin-an, épi yo kòmansé palé divès lang, dapré sa Éspri-Sin-an té pèmèt yo palé.

Jérusalèm minm té gin Juif yo ki abité péyi-a, ni moun rélijjié ki sot nan tout nasion ki anba sièl la. Lè voua-a rivé, foul la rasanblé, éspri yo troublé, paské chak moun t-ap tandé nan pròp lang li sa yo ki t-ap palé yo.

Piè kanpé avèk onz yo, li lévé voua-l, li déklaré : « Mésié Juif yo ak nou tout ki abité Jérusalèm, aprann sa, paré zòrèy nou nan paròl mouin yo. Mésié Israël yo, kouté paròl sa yo : Jézu moun Nazarèt la, mésié sa-a Bondié té sèvi-l témouin nan mitan nou-an, avèk mèvèy, prodij ak sign Bondié té fè palintèmediè li nan mitan nou, jan nou konnin-an, sé li minm nou té touyé-a,

lè nou fi-n rinnèt li nan min méchan yo pou yo fè-l pasé tribilasyon, dapré plan Bondié té fiksé ak prévouayans li.

Jézu sa-a, Bondié résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Antan-l lévé anlè réyèlman gras a min douat Bondié, épi li résévoua promès Éspri-Sin-an nan min Papa-a, li vidé-l, sa nou tandé-a épi nou ouè-a ».

Paròl Granmèt la.

3

Yo pozé min sou yo, yo résévoua Éspri-Sin-an.

Léktu Travay Apot yo

8, 1. 4. 14-17

Jou sa yo vi-n gin yon gran pèsékision kont Égliz la ki té Jérusalèm nan ; tout moun sé gayé nan réjion Judé ak Samari-a sof Apot yo.

Konsa sa yo ki té gayé yo, yo t-ap travèsé ap poté bòn nouvèl paròl Bondié-a.

Lè Apot yo ki té Jérusalèm yo tandé, kijan Samari té résévoua paròl Bondié-a, yo voyé Piè ak Jan lakay yo. Lè yo rivé, yo priyé pou yo, pou yo résévoua Éspri-Sin-an ; sèké li pa-t ko vini sou pèsòn nan yo, min sé o non Granmèt Jézu sèl yo té batizé.

Lè sa-a atò yo pozé min sou yo, yo résévoua Éspri-Sin-an.

Paròl Granmèt la.

4

Éspri-Sin-an tonbé sou tout moun ki t-ap kouté paròl la.

Léktu Travay Apot yo

10, 1. 33-34 a. 37-44

Jou sa yo :

Té gin yon mésié nan Sézaré yo rélé Kòrnèy, santirion lamé, sa yo rélé Italik la.

Li di Piè : « Mouin té voyé koté-ou, épi ou minm ou té byin fè vini ; koulié-a min nou tout nou kanpé dévan fas ou, pou nou kouté tout lòd ou-ap pasé nou sot nan Granmèt la ».

Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin, paròl ki rivé nan tout Judé-a, kòmansé dépi sot nan Galilé apré batèm nan, sa Jan té préché-a, Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié sakré-l ak Éspri-Sin-an avèk puisans, li minm ki travèsé antan l-ap fè sa-k byin, l-ap géri tout moun ki t-ap sibi tribilasyon anba pouvoua djab la, paské Bondié té avèk li.

Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm ; li minm yo té touyé antan yo pandié-l sou boua-a. Bondié résisité-l touazièm jou-a ; li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié

té chouazi davans yo : nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fin résisité sot nan pami mò yo.

Li pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin Bondié mété-l kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi-l témouin tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o-non-li ».

Pandan Piè ap palé toujou, Éspri-Sin-an tonbé sou tout moun ki t-ap kouté paròl la.

Paròl Granmèt la.

5

Èské nou té résévoua Éspri-Sin-an lè nou té kouè-a ?

Léktu Travay Apot yo

19, 1 b-6 a

Jou sa yo :

Pòl rivé Éfèz, li jouinn kèk disip.

Li di yo : « Èské nou té résévoua Éspri-Sin-an lè nou té kouè-a ? »

Yo di-l : « Nou pa minm tandé palé sou Éspri-Sin-an ».

Li di : « Nan ki sa nou té batizé ? »

Yo di : « Nan batèm Jan-an ».

Pòl di : « Jan té batizé pèp la nan batèm pénitans, antan li té di pou yo kouè nan sa-a ki gin pou-l vini apré-l la, sa-a minm sa vlé di nan Jézu ».

Lè yo tandé sa, yo batizé o non Granmèt Jézu. Lè Pòl pozé min sou yo, Éspri-Sin-an vi-n sou yo.

Paròl Granmèt la.

6

Rinmin Bondié-a vidé nan kè nou palintèmediè Éspri-Sin-an yo ba nou-an.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

5, 1-2. 5-8

Frè-m yo :

Kòm nou vi-n kòrèk gras a lafoua-a, sé pou nou gin lapè k-ap fè nou proche kot Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, sé palintèmediè-l tou nou gin posibilite proche nan gras sa-a palintèmediè lafoua-a, gras sa-a ki pèmèt nou jouinn konsidèrasion nou, antan n-ap espéré gloua pitit Bondié yo.

Éspérans la minm pa fè nou ront, paské rinmin Bondié-a vidé nan kè nou palintèmediè Éspri-Sin-an yo ba nou-an. Èské Kris la, malgré nou té fèb toujou-a, li pa-t mouri pou péchè yo lè tan-an rivé-a ? Apèn yon moun kapab

aksépté mouri pou yon lòt ki kòrèk ; pou yon moun débyin, apèn yon moun kapab riské mouri ?

Min Bondié montré jan-l rinmin nou, paské, malgré sé péchè nou té yé, Kris la mouri pou nou nan tan fiksé-a.

Paròl Granmèt la.

7

*Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou :
nou sé ti pitit Bondié.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 14-17

Frè-m yo :

Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé.

Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la yon lòt fouda ankò pou nou nan kè soté, min nou té résévoua éspri ki fè nou vi-n tounin pitit la. Sé nan li nou rélé : « Abba, Papa ».

Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé ti pitit Bondié. Si nou sé ti pitit, nou sé éritié tou. Si nou sé éritié Bondié, nou éritié ansanm ak Kris la, paské n-ap soufri ansanm avèk li pou nou jouinn gloua pouvoua-a ansanm avèk li.

Paròl Granmèt la.

8

*Éspri-a ap priyé pou nou antan l-ap plinn
ak mo yo pa kapab déklaré.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 26-27

Frè-m yo :

Éspri-a édé féblès nou : sèké nou pa konnin kijan pou nou priyé ; min sé Éspri-a li minm k-ap priyé pou nou ak mo yo pa kapab palé. Sa-a k-ap sondé kè yo, li konnin sa Éspri-a anvè-a, paské sé dapré Bondié li priyé pou sin yo.

Paròl Granmèt la.

9

*Yon sèl ak minm Éspri-a k-ap séparé
bay chak moun jan-l vlé-a.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

12, 4-13

Gin divès kalité gras, min sé yon sèl Éspri-a. Gin divès kalité sèvis, min sé yon sèl Granmèt la. Gin divès kalité aktivité, min sé yon sèl Bondié-a ki fè tout bagay nan tout moun. Sèlman yo bay chak moun maniféstasion Éspri-a pou bézouin-an.

Ginyin yon pòsion, palintèmediè Éspri-a yo ba yo paròl sajès, yon lòt pòsion minm sé paròl sians dapré minm Éspri-a, dòt sé lafoua nan minm Éspri-a, dòt sé gras gérizon nan yon sèl Éspri-a, dòt sé aktivité pouvoua, dòt sé profési, dòt sé rékonèt kalité éspri yo, dòt sé divès kalité lang, dòt sé bay sans paròl yo.

Tout bagay sa yo, sé yon sèl ak minm Éspri-a ki fè yo, antan li séparé bay chak moun jan-l vlé.

Minm jan kò-a li yon sèl, min li gin anpil manb, tout manb kò-a, malgré yo anpil la, sé yon sèl kò yo fè : sé konsa tou pou Kris la. Réyèlman sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua nasion yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo ; épi nou tout sé nan yon sèl Éspri, nou pasé souaf nou.

Paròl Granmèt la.

10

*Si sé Éspri-a k-ap fè nou viv,
sé dapré Éspri-a tou pou nou maché.*

Léktu lèt apot sin Pòl pou Galat yo

5, 13-17. 22-23 a. 24-25

Frè-m yo :

Nou minm réyèlman sé pou libèté-a yo té rélé nou, frè-m yo, sèlman pa fè libèté-a sèvi okazion pou chè-a ; min gras a rinmin ki nan Éspri-a, sé pou nou youn sèvi lòt. Tout laloua-a sé nan yon sèl paròl li réyalizé : « Sé pou-ou rinmin prochin-ou tankou ou minm ». Si nou youn ap mòdé lòt, ap manjé lòt, fè atansion pou nou youn pa fi-n touyé lòt.

Mouin di donk : Maché nan Éspri-a, épi nou pap réyalizé anvi chè-a. Chè-a réyèlman anvi kont éspri-a, éspri-a minm kont chè-a ; youn ap batay kont lòt, si byin sé pa sa nou vlé nou fè.

Min frui Éspri-a minm sé charité, kè kontan, lapè, pasians, bon jan, bon kè, padon, dousè, lafoua, sinplisité, kontrolé mové tandans, réglé plézi kò-a. Sa-k moun Kris la, yo klouré chè yo sou koua-a avèk mové défo yo ak vié lanvi yo.

Si sé Éspri-a k-ap fè nou viv, sé dapré Éspri-a tou pou nou maché.

Paròl Granmèt la.

11

Nou té maké ak mak Éspri-Sin yo té promèt nou-an.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

1, 3 a. 4 a. 13-19 a

Konpliman pou Bondié Papa Granmèt nou Jézu-Kri : li minm ki té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt la. Nan li-minm nou minm tou, lè nou té

tandé paròl vérité-a, Bòn Nouvèl sové nou sové-a, nou té kouè, nou té maké ak mak Éspri-Sin yo té promèt nou-an, li minm ki garanti éritaj nou-an, pou rédanmsion n-ap jouinn nan, pou louanj gloua li-a.

Lè-m tandé palé sou lafoua nou, ki nan Granmèt Jézu-a, ak sou rinmin nou ginyin pou tout sin yo, mouin pa sispann ap di Bondié mèsì pou nou, antan m-ap fè sonjé nou nan priyè-m yo :

Sé pou Bondié Granmèt nou Jézu-Kri, Papa gloua-a, ba nou éspri sajàs avèk révélasion ki fè nou konnin-l vré ; sé pou-l kléré jé kè nou, pou nou konnin ki éspérans ki ginyin nan rélé li rélé nou-an, ki richès gloua éritaj li-a ginyin nan sin yo, kijan pouvoua-l gran dépasé mézi nan nou minm ki kouè yo.

Paròl Granmèt la.

12

Yon sèl kò, yon sèl Éspri, yon sèl batèm.

Léktu lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-6

Frè-m yo :

Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché dapré diréksion yo té rélé nou-an ; antan nou tou piti, tou dou, nan kè-n, sé pou nou pran pasians pou nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

Tankou yo réfè nou nan yon sèl éspérans, sé yon sèl kò ak yon sèl Éspri ki ginyin ; yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS Ps 21, 23-24. 26-27. 28 é 31-32 (R̃ : 23 a oubyin Jn 15, 26-27)

R̃: M-ap rakonté non-ou bay frè mouin yo.

oubyin :

R̃: Lè Avoka-a ap rivé, nou minm tou n-ap sèvi-m témouin.

²³ M-ap rakonté non-ou bay frè mouin yo, nan mitan asanblé-a m-ap fè louanj ou.

²⁴ Nou minm ki krinn Granmèt la, sé pou nou fè louanj li, tout ras Jakòb, déklaré gloua li, sé pou tout ras Israèl krinn li. R̃:

- 26 Louanj mouin koté-ou, Granmèt, nan foul fidèl yo ;
M-ap réglé sa-m té promèt yo dévan moun ki krinn li yo ;
- 27 Sé pou pòv yo manjé, sé pou yo gin vant plin,
y-ap fè louanj Granmèt la, sa yo k-ap chèché-l yo.
« Sé pou kè yo viv pou tout tan gin tan ». **R:**
- 28 Y-ap sonjé, y-ap tounin kot Granmèt la
tout limit tè-a,
y-ap adoré dévan-l
tout fanmi nasion yo.
- 31 Épi ras mouin ap sèvi-l.
Y-ap palé sou Granmèt la bay jénérasion k-ap vini-an,
- 32 y-ap anonsé jistis li-a bay pèp la k-ap fèt la :
« Sé bagay yo Granmèt la té fè ». **R:**

2

PSÒM RÉPONS

Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R: 1)

- R:** Granmèt la souin-m, mouin pap manké anyin.
- 1 Granmèt la ap kondui-m, anyin pap manké-m ;
- 2 Nan zèb vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,
- 3 li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. **R:**
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou
sé yo k-ap konsolé-m. **R:**
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasion-an ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. **R:**
- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. **R:**

3

PSÒM RÉPONS

Ps 95, 1-2 a. 2 b-3. 9-10 a. 11-12 (R: 3)

- R:** Anonsé nan tout pèp yo mèvèy Bondié yo.
- 1 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo,
chanté pou Granmèt la, tout tè-a.

- 2 Chanté pou Granmèt la,
fè konpliman pou li. **R:**
- Anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.
- 3 Anonsé gloua li pou nasion yo,
nan tout pèp yo mèvèy li yo. **R:**
- 9 Adoré Granmèt la nan gloua-l ki sin-an.
Tranblé dévan fas li, tout tè-a.
- 10 Di nan nasion yo : « Granmèt la roua ». **R:**
- 11 Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a dansé,
pou lanmè-a sonnin ansanm ak tou sa-k plin-l,
- 12 jadin yo ap kontan ansanm ak tou sa ki nan yo.
Lè sa-a tout boua nan rak yo ap dansé. **R:**

4

PSÒM RÉPONS

Ps 103, 1 ab é 24. 27-28. 30-31. 33-34 (**R:** : 30)

- R:** Voyé Éspri-ou la, Granmèt, épi rénovlé fas tè-a.
- 1 Fè konpliman pou Granmèt la, nanm mouin :
Granmèt Bondié-m, ou gran anpil.
- 24 Ala anpil travay ou yo anpil, Granmèt
yo tout sé ak sajès ou fè yo,
tè-a plin ak créatu-ou. **R:**
- 27 Yo tout ap tann ou,
pou-ou ba yo manjé nan tan yo.
- 28 Antan-ou ba yo, yo ranmasé,
antan-ou louvri min-ou, yo plin ak byin. **R:**
- 30 Ou-ap voyé Éspri-ou, y-ap kréyé,
ou-ap réfè fas tè-a.
- 31 Sé pou gloua Granmèt la pou tout tan ;
sé pou Granmèt la kontan nan travay li yo. **R:**
- 33 M-ap chanté pou Granmèt la nan lavi mouin,
m-ap chanté psòm pou Bondié mouin-an toutotan mouin égzisté.
- 34 Sé pou paròl mouin yo fè-l plézi,
mouin minm minm m-ap kontan nan Granmèt la. **R:**

5

PSÒM RÉPONS

Ps 116, 1. 2 (**R:** : Tr 11, 8)

- R:** N-ap sèvi-m jous nan bout tè-a.
oubyin : Alélouya.

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo,
fè louanj li ansanm, tout pèp yo. **R:**
- ² Paské li asiré mizèrikòd li sou nou,
vérité Granmèt la diré pou tout tan. **R:**

6

PSÒM RÉPONS Ps 144, 2-3. 4-5. 8-9. 10-11. 15-16. 21 (**R:** : 1 b)

- R:** M-ap fè konpliman pou non-ou, Granmèt, pou tout tan.
- ² Chak jou m-ap fè konpliman pou ou,
m-ap fè konpliman pou non-ou,
pou tout tan ak tout tan gin tan.
- ³ Granmèt la gran, li mérité anpil louanj,
yo pa kapab sondé grandè-l. **R:**
- ⁴ Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li, bay yon lòt jénérasyon,
y-ap rakonté fòs pouvoua-ou.
- ⁵ Grandè gloua rotè-ou, y-ap déklaré-l,
mèvyè ou yo, y-ap détayé yo. **R:**
- ⁸ Granmèt la gin pitié, li gin mizèrikòd,
li gin pasians, li gin anpil mizèrikòd.
- ⁹ Granmèt la bon pou tout moun,
pitié li yo pou tou sa-l fè. **R:**
- ¹⁰ Sé pou yo fè louanj ou, Granmèt tou sa-ou fè yo ;
sé pou sin-ou yo fè konpliman pou ou.
- ¹¹ Sé pou yo déklaré gloua péyi-roua-ou la,
sé pou yo anonsé pouvoua-ou. **R:**
- ¹⁵ Jé tout moun ap éspéré sou ou,
épi ou ba yo manjé nan tan favorab la
- ¹⁶ Ou louvri min-ou,
épi ou plin tout vivan ak byinvéyans. **R:**
- ²¹ Sé pou bouch mouin fè louanj Granmèt la,
sé pou tout chè-m fè konpliman pou non-l ki sin
pou tout tan ak tout tan gin tan. **R:**

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Jan 14, 16

(**R:** Alélouya). M-ap priyé Papa-a, l-ap ba nou yon lòt Avoka,
pou-l rété avèk nou pou tout tan. (**R:** Alélouya).

2

Jan 15, 26 b. 27 a

(R: Alélouya). Éspri vérité-a ap sèvi-m témouin, sé sa Granmèt la di ;
nou minm tou n-ap sèvi-m témouin. (R: Alélouya).

3

Jan 16, 13 a ; 14, 26 d

(R: Alélouya). Min lè Éspri vérité sa-a ap vini, l-ap aprann nou tout vérité-a,
l-ap souflé nou tou sa-m té di nou yo. (R: Alélouya).

4

Ap 1, 5 a. 6 a

(R: Alélouya). Jézu-Kri, ou sé témouin fidèl, premié pitit nan pami mò yo :
ou fè nou vi-n tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié Papa nou.
(R: Alélouya).

5

(R: Alélouya). Vini Éspri Sin,
épi voyé réyon limiè-ou la ki sot nan sièl la. (R: Alélouya).

6

(R: Alélouya). Vini, Éspri Sin,
plin kè fidèl ou yo ;
épi limin difé rinmin-ou nan nan yo. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Matié

5, 1-12 a

Lè sa-a :

Jézu ouè foul yo, li monté sou mòn nan ; kon-l chita, disip li yo proché
koté-l. Li louvri bouch li, li kòmansé ba yo ansègnman, li di :

« Ala kontantman pou moun ki pòv yo nan éspri-a, paské sé pou yo péyi-
roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a,
Ala kontantman pou moun k-ap kriyé yo, paské y-ap konsolé,

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn kont yo.

Ala kontantman pou moun ki gin mizérikòd yo, paské y-ap jouinn mizérikòd.

Ala kontantman pou moun ki gin kè yo nèt yo, paské y-ap ouè Bondié,

Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié.

Ala kontantman pou moun k-ap souffri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

Ala kontantman pou nou, lè y-ap madichonnin nou, lè y-ap pèsékité nou, lè y-ap di tout kalité sa-k mal kont nou, antan y-ap fè manti, akoz mouin, fè kè nou kontan, dansé, paské rékonpans nou anpil nan sièl yo ».

Paròl Granmèt la.

2

Si yon moun vlé vi-n apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

16, 24-27

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Si yon moun vlé vi-n apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li, pou-l pran koua-l, pou-l suiv mouin. Moun ki vlé sovè lavi-l, l-ap pèdi-l ; moun ki vlé pèdi lavi-l poutèt mouin, l-ap jouinn li.

Sa sa ap sèvi yon moun si-l posédé tout tè-a, min li péyé sa ak lavi-l ? Oubyin ki sa yon moun kapab bay pou-l péyé lavi-l ?

Pitit moun nan gin pou-l vini nan gloua Papa-l avèk anj li yo, lè sa-a l-ap rinmèt chak moun dapré travay li ».

Paròl Granmèt la.

3

*Poutèt ou té fidèl sou yon ti bagay,
antré nan kè kontan mèt ou-a.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Matié**

25, 14-30

Lè sa-a : Jézu di disip li yo parabol sa-a :

« Yon mesié t-ap pati al nan vouayaj, li rélé sèvitè-l yo, li rinmèt yo byin-l yo : youn li ba-l sink talan, yon lòt minm dé, épi yon lòt yon sèl ; chak moun dapré kapasité pa-l ; apré sa li pati la minm. Sa-k té résevoua sink talan-an, l-alé, li travay avèk yo, li rapòté sink lòt. Min jan-an tou sa-k té résevoua dé talan-an, li rapòté dé lòt. Min sa-k té résevoua yon sèl la, l-al foyé tè-a, li kaché lajan mèt li-a.

Apré anpil tan, mèt sèvitè sa-a yo vini, li mandé yo kont.

Sa-k té résévoua sink talan-an, li proché, li prezanté sink lòt talan, li di : “Mèt, sé sink talan ou té ban mouin : min sink lòt mouin rapòté”. Mèt li di-l : “Sé byin, bon sèvitè ki fidèl : poutèt ou té fidèl sou yon ti kras, m-ap instalé-ou sou anpil : antré nan kè kontan mèt ou”.

Sa-k té résévoua dé talan-an proché tou, li di : “Mèt, sé dé talan ou té rinnèt mouin, min dé lòt mouin rapòté”. Mèt li di-l : “Sé byin, bon sèvitè ki fidèl : poutèt ou té fidèl sou yon ti kras, m-ap instalé-ou sou anpil : antré nan kè kontan mèt ou”.

Sa-k té résévoua yon sèl talan-an, li proché atò, li di : “Mèt, mouin konnin ou sé yon moun ki rèd : ou rékòlté koté ou pa simin, ou ranmasé koté-ou pa-t planté. Mouin té pè, m-alé, mouin kaché talan-ou nan nan tè-a ; min li, pran afè-ou”.

Mèt li réponn, li di-l : “Mové sèvitè, ou parésé ! Ou té konnin mouin rékòlté koté mouin pa simin, mouin ranmasé koté mouin pa planté : ou té doué rinnèt lajan-m nan labank, lè-m vini mouin t-a résévoua sa-m dépozé-a avèk bénéfis. Pran talan-an nan min-l, bay moun ki gin dis talan-an ; konsa tout moun ki ginyin, y-ap ba li, l-ap gin plis ; moun ki pa ginyin-an minm, sa-l konprann li ginyin-an minm, y-ap ouété-l sot nan min-l. Épi sèvitè sa-a ki pa vo anyin-an, jété-l nan fènoua déyò yo : koté sa-a ap gin rèl ak manjé dan” ».

Paròl Granmèt la.

4

Li ouè Éspri-a k-ap désann pozé sou li.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

1, 9-11

Lè sa-a :

Rivé, jou sa yo, Jézu vini sot Nazarèt Galilé-a, li résévoua batèm nan min Jan nan Joudin-an.

Minm lè-a antan l-ap monté sot nan dlo-a, li ouè sièl yo louvri épi Éspri-a tankou yon kolonb k-ap désann pozé sou li ; yon voua soti nan sièl yo : « Ou sé Pitit mouin-an sa-m rinmin-an, nan ou mouin jouinn plézi-m ».

Paròl Granmèt la.

5

Éspri Granmèt la sou mouin.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

4, 16-22 a

Lè sa-a :

Jézu rivé Nazarèt, koté yo fè édikasion-l nan, li antré nan sinagòg la, jan-l konn fè-a, yon jou saba, li lévé pou-l li. Yo rinnèt li liv profèt Izayi-a.

Kon-l louvri liv la, li jouinn plas la, koté ki té ékri : « Éspri Granmèt la sou mouin ; sé poua li sakré-m, li voyé-m anonsé pòv yo Bòn Nouvèl la, géri sa-k gin kè yo krazé yo, déklaré délivrans bay prizonié yo, limiè bay avèg yo, ranvouayé sa y-ap krazé yo pou yo lib, anonsé yon ané Granmèt la fè gras, yon jou li bay rékonpans ».

Kon-l roulé liv la, li rinmèt li nan min sèvitè-a, épi li chita. Jé tout moun nan sinagòg la té fiksé sou li.

Li minm li kòmansé di yo : « Sé jodi-a paròl sa-k ékri-a réalizé nan zòrèy nou yo ». Tout moun t-ap fè témouagnaj sou li, yo té sézi pou paròl yo ki t-ap sòti nan bouch li-a.

Paròl Granmèt la.

6

*Sa-k nan bon tè-a, sé sa yo ki kinbé paròl la,
ki donnin frui nan pasians.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

8, 4-10 a. 11 b-15

Lè sa-a :

Kòm anpil foul té rasanblé, yo té vi-n sot nan vil yo pou yo proché kot Jézu, li di sou fòm parabòl : « Sa-a ki konn simin-an soti pou simin sémans li. Pandan l-ap simin, yon pòsion tonbé bò chémin-an, yo foulé-l anba pié, zouazo sièl yo manjé-l. Yon lòt pòsion tonbé sou ròch, kon-l pousé, li séché, paské pa-t gin fréchè. Yon lòt pòsion tonbé nan pami pikan, pikan yo pousé ansanm avèk li, yo toufé-l. Yon lòt pòsion tonbé nan bon tè, li lévé, li bay frui san foua plis ».

Pandan l-ap di sa, li rélé byin fò : « Moun ki gin zòrèy pou kouté, sé pou-l kouté ».

Disip li yo pozé-l késion, sou sans parabòl sa-a.

Li di yo : « Sémans la sé paròl Bondié-a. Sa-k sou bò rout la, sé sa yo ki fi-n tandé, apré sa, djab la rivé, li ouété paròl la sot nan kè yo, pou yo pa kouè, pou yo pa sové. Sa-k sou ròch la, sé sa yo ki fi-n tandé, yo résévoua paròl la avèk kè kontan, min yo pa gin rasi-n, sé pou yon tan yo kouè, épi nan tan difikilté-a, yo rékilé.

Sa-k tonbé nan pikan yo, sé sa yo ki fi-n tandé, min antan y-ap travèsè tèt chajé ak richès ak plézi lavi-a, yo toufé, yo pa donnin frui.

Min sa-k nan bon tè-a, sé sa yo ki tandé paròl la nan yon kè ki bon, ki kòrèk nèt, yo donnin frui nan pasians ».

Paròl Granmèt la.

7

*Mouin fè konpliman pou ou, Papa,
paské ou té révéle yo bay sa ki tou piti yo.*

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

10, 21-24

Lè sa-a :

Jézu tréyayi nan Éspri-Sin-an épi li di : « Mouin fè konpliman pou ou, Papa, Granmèt sièl la ak tè-a, paské ou té kaché bagay sa yo pou saj yo ak sa-k gin ladrès yo, épi ou té révéle yo bay sa ki tou piti yo. Oui, Papa, paské sé konsa sa té fè-ou plézi. Papa-m rimmèt mouin tout bagay. Épi pèsonn pa konnin ki sa Pitit la yé, sof Papa-a ; épi ki sa Papa-a yé, sof Pitit la ak moun Pitit la vlé révéle sa ».

Li té viré kot disip li yo, li té di : « Ala kontantman pou jé yo ki ouè sa nou ouè yo. Mouin di nou anpil profèt ak roua té vlé ouè sa nou ouè yo, épi yo pa-t ouè ; épi tandé sa n-ap tandé yo, épi yo pa-t tandé ».

Paròl Granmèt la.

8

Riviè dlo lavi ap koulé.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

7, 37 b-39

Lè sa-a :

Jézu rélé byin fò, li di : « Si yon moun souaf, sé pou-l vi-n jouinn mouin pou-l bouè. Moun ki kouè nan mouin, dapré sa sa-k ékri-a di-a, sé riviè dlo lavi k-ap koulé sot nan vant li ».

Li t-ap di sa sou Éspri-a moun ki kouè nan li yo té gin pou yo résévoua-a ; yo pa-t ko bay Éspri-a, paské Jézu pa-t ko nan gloua-a.

Paròl Granmèt la.

9

Éspri vérité-a ap rété lakay nou.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

14, 15-17

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Si nou rinmin-m kinbé kòmandman-m yo. M-ap priyé Papa-a, l-ap ba nou yon lòt Avoka, pou-l rété avèk nou pou tout tan : Éspri vérité-a, sa tè-a pa kapab résévoua-a, paské li pa ouè-l, ni li pa konnin-l ; min nou minm n-ap konnin-l, paské l-ap rété lakay nou, l-ap nan nou ».

Paròl Granmèt la.

10

*Éspri-Sin-an ap aprann nou tout bagay.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

14, 23-26

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin, Papa-m ap rinmin-l, n-ap vi-n jouinn li, n-ap abité lakay li. Moun ki pa rinmin-m, li pa kinbé paròl mouin yo. Paròl la nou tandé-a, sé pa nan mouin li soti, min sé nan sa-a ki voyé-m nan, Papa-a.

Mouin di nou bagay sa yo, pandan-m ré t avèk nou toujou. Avoka-a minm, Éspri-Sin-an, sa Papa-a ap voyé o non-m nan, sé li minm k-ap aprann nou tout bagay, l-ap souflé nou tou sa-m té di nou yo ».

Paròl Granmèt la.

11

*Éspri vérité-a ki soti nan Papa-a, sé li minm k-ap sèvi-m témouin.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

15, 18-21. 26-27

Lè sa-a :

Jézu di disip li yo : « Si tè-a rayi nou, konnin li té rayi-m anvan nou. Si nou té fè pati tè-a, tè-a t-a rinmin sa-k pou li ; min paské nou pa fè pati tè-a, okontrè mouin chouazi nou sot sou tè-a, sé pou sa tè-a rayi nou-an.

Sonjé paròl mouin-an, sa-m té di nou-an : “Sèvitè-a pa pi gran pasé mèt li. Si yo té pèsékité-m, nou minm tou y-ap pèsékité nou ; si yo té kinbé paròl mouin yo, y-ap kinbé pa nou yo tou”. Min tout bagay sa yo, y-ap fè nou yo poutèt non mouin, paské yo pa konnin sa-a ki voyé-m nan.

Lè Avoka-a ap rivé, li minm m-ap voyé ba nou sot kot Papa-a, Éspri vérité-a ki soti nan Papa-a, sé li minm k-ap sèvi-m témouin. Nou minm tou n-ap sèvi-m témouin, paské sé dépi nan kòmansman nou avèk mouin ».

Paròl Granmèt la.

12

*Éspri vérité sa-a ap aprann nou tout vérité-a.***✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

16, 5-7. 12-13 a

Lè sa-a : Jézu di disip li yo :

« Koulié-a m-apral jouinn sa-a ki té voyé-m nan, épi pèsòn nan nou pa pozé-m késion : “Koté ou-apralé ?” Min, poutèt bagay sa yo mouin di nou-an, chagrin plin kè nou. Époutan sé vérité mouin di nou : li pi bon pou nou

pou-m alé ; sèké si-m pa alé, Avoka-a pap vi-n jouinn nou ; si-m alé, m-ap voyé-l vi-n jouinn nou.

Mouin gin anpil bagay ankò pou-m di nou ; min nou pa kapab poté yo koulié-a ; min lè Èsprì vérité sa-a ap vini, l-ap aprann nou tout vérité-a ».

Paròl Granmèt la.

5. NAN PRÉMIÉ KOMINION TIMOUN YO

Yo kapab pran léktu yo soua yo tout soua yon pati oubyin nan Mès jou-a, oubyin nan Mès Inisiasion krétièn nan (pi ro, p. 321), oubyin nan Mès votiv Trè Sint Ékaristi-a :

PRÉMIÉ LÉKTU NAN ANSYIN TÉSTAMAN-AN

1

Li ofri pin ak divin.

Léktu liv Jénèz la

14, 18-20

Jou sa yo :

Mèlkisédèk, roua Salèm, poté pin ak divin (li té prèt Bondié ki anro nèt la), li béni Abram, li di : « Konpliman pou Abram onon Bondié ki anro nèt la, li minm ki kréyé sièl la ak tè-a, konpliman pou Bondié ki anro nèt la, gras a protéksion-l, ènmi yo nan min-ou ». Abram ba li dizièm pòsion nan tout bagay.

Paròl Granmèt la.

2

Lè Granmèt la ap ouè san-an, l-ap pasé anlè papòt kay la.

Léktu liv Égzòd

12, 21-27

Jou sa yo :

Moyiz rélé tout ansyin pitit Israèl yo, li di yo : « Alé, antan nou pran yon bèt pou chak fanmiy nou yo, n-ap sakrifyé Pak la. N-a tranpé yon paké izòp nan san-an ki nan basi-n nan épi avèk li n-ap rouzé anlè papòt la avèk chak pantu yo.

Pèsonn nan nou pa doué soti déyò papòt kay li-a jous nan matin, Granmèt la ap travèsé réyèlman antan l-ap frapé Éjipsyin yo.

Lè l-ap ouè san-an anlè papòt la épi nan chak pantu yo, l-ap pasé anlè pòt kay la, li pap kité sa-a k-ap frapé-a antré nan kay nou yo épi frapé.

N-a kinbé paròl sa-a tankou yon loua pou ou minm ak pitit ou yo, jous pou tout tan. Lè ou-a antré nan tè-a, sa Granmèt la t-ap ba nou-an, jan-l té promèt la, nou-a obsèvé sérémoni sa yo.

Lè pitit nou yo ap di nou : “Ki rélijion sa-a ?”, n-a di yo : “Sé sakrifis pasaj Granmèt la li yé, lè-l té pasé anlè kay pitit Israël yo nan Éjip la, antan l-ap frapé Éjipsyin yo, épi l-ap libéré kay nou yo” ».

Pèp la plouayé kò-l, li adoré.

Paròl Granmèt la.

3

M-ap fè lapli pin tonbé sot nan sièl la pou nou.

Léktu liv Égzòd

16, 2-4. 12-15

Jou sa yo :

Tout foul pitit Israël yo pran plinyin kont Moyiz ak Aaron nan dézè-a ; pitit Israël yo di yo : « Pito nou té mouri nan min Granmèt la nan tè Éjip la, lè nou té chita dévan mamit viann yo, lè nou t-ap manjé pin kont kò nou-an ! Pouki sa nou té fè nou soti pou nou minnin nou nan dézè sa-a, pou nou touyé tout foul la avèk grangou-a ? »

Granmèt la di Moyiz : « Min m-ap fè lapli pin tonbé pou nou sot nan sièl la : pèp la ap soti, l-ap ranmasé sa yo bézouin pou chak jou. Konsa m-a sondé-l, pou-m ouè si l-ap maché nan laloua-m nan ou non.

Mouin tandé pitit Israël yo k-ap plinyin ; palé ak yo, di yo : “Asouè-a n-ap manjé viann, nan matin n-ap jouinn pin kont kò nou, n-ap konnin sé mouin minm Granmèt la Bondié nou-an” ».

Nan asouè vré, gin ti pintad ki volé, ki kouvri kan-an ; nan matin tou, té gin yon kouch larouzé ki kouvri tout alantou kan yo. Lè-l évaporé sot sou fas tè-a gin yon ti po tou mins ki parèt, yon bagay ki tou fin tankou lanèj sou tè-a.

Lè pitit Israël yo ouè sa, youn di lòt : « Ma-nou ? », sa vlé di : « Sa sa-a yé ? » Yo pa-t konnin sa-l té yé.

Moyiz di yo : « Sa-a sé pin, Granmèt la ba nou pou nou manjé ».

Paròl Granmèt la.

4

*Sa-a sé san aliens la,
sa Granmèt la pasé avèk nou-an.*

Léktu liv Égzòd

24, 3-8

Jou sa yo :

Moyiz rivé, li rakonté tout paròl Granmèt la ak jijman-l yo bay pèp la ; tout pèp la réponn avèk yon sèl voua : « Tout paròl Granmèt la di yo, n-ap fè yo ».

Moyiz ékri tout paròl Granmèt la ; granmatin li lévé, li bati yon lotèl nan pié mòn nan, ak douz tit pou douz fanmi Israèl yo. Li voyé jèn jan nan piti Israèl yo, yo ofri sakrifis antié ; yo sakrifié sakrifis lapè pou Granmèt la, sé té jèn ti toro.

Moyiz pran mouatié pòsion nan san-an, li mété nan basi-n ; pòsion ki rété-a, li vidé-l sou lotèl la.

Li pran roulo aliens la, li li-l, antan pèp la kouté, yo di : « Tout sa Granmèt la di, n-ap fè-l, n-ap obéyi-l ».

San-an li té pran-an, li vidé-l sou pèp la, li di : « Sa-a sé san aliens la, sa Granmèt la pasé avèk nou-an nan tout paròl sa yo ».

Paròl Granmèt la.

5

Li ba-ou manjé ou pa-t konnin, ni ou minm ni papa-ou yo.

Léktu liv Détéronòm

8, 2-3. 14 b-16 a

Jou sa yo :

Moyiz té palé ak pèp la, antan li di : « Ou-a sonjé tout chémin, koté Granmèt Bondié-ou la té kondui-ou pandan karant ané nan dézè-a, pou-l té krazé ògèy-ou, pou-l té sondé-ou, pou yo té kapab konnin ki sa-k t-ap brasé nan nanm ou : si-ou t-ap kinbé kòmandman-l yo oubyin si ou t-ap lagé yo.

Li té maltrété-ou ak grangou, li ba-ou lama-n kòm manjé, bagay ou pa-t konnin, ni papa-ou yo, pou-l té kapab montré-ou sé pa ak pin sèlman yon moun viv, min ak tout paròl ki soti nan bouch Bondié.

Ou-a sonjé Granmèt Bondié-ou la, li minm ki té fè-ou soti nan péyi Éjip la, sot nan kay ésklavaj la, li minm ki té kondui-ou nan dézè-a ki gran-an épi ki térib la, koté ki té gin sèpan ki mòdé boulé kon difé-a, ak skòpion, koté ki sèk la, ki pa gin yon ti tak dlo-a ; li minm ki fè riviè soti nan ròch ki pi di-a, li minm ki ba-ou manjé lama-n nan dézè-a, bagay papa-ou yo pa-t konnin-an ».

Paròl Granmèt la.

6

*Li maché ak fòs manjé sa-a
jous nan mòn Bondié-a.*

Léktu prémié liv Roua yo

19, 4-8

Jou sa yo :

Éli maché nan dézè-a pandan yon jou.

Li rivé anba yon ti pié jénèv, li chita, li mandé lanmò, li di : « Sa kont mouin, Granmèt ! Ou mèt pran lavi-m ; sèké mouin pa pi bon pasé papa mouin yo ». Li lagé kò-l atè, li dòmi anba pié jénèv la.

Min yon Anj Granmèt la ki touché-l, li di-l : « Lévé, manjé ».

Li gadé, li ouè yon pin ki té kuit nan sann ki pozé bò tèt li ak yon véso dlo ; li manjé, li bouè, épi li dòmi ankò.

Anj Granmèt la rétownin koté-l yon dézièm foua, li touché-l, li di-l : « Lévé, manjé, gin yon gran rout ki rété-ou ankò ».

Li lévé, li manjé, li bouè, li maché ak fòs manjé sa-a pandan karant jou ak karant nuit, jous nan mòn Bondié-a, Orèb.

Paròl Granmèt la.

7

Manjé pin-m, bouè divin-an mouin mélanjé pou nou-an.

Léktu liv Provèb yo

9, 1-6

Sajès la bati kay li, li drésé sèt kolòn li yo, li touyé bèt li yo pou sakrifis la, li mélanjé divin-an, li drésé tab li-a.

Li voyé sèvant li yo pou yo rélé nan pòtay la ak sou roté vil la : « Si yon moun tou piti, sé pou-l vi-n jouinn mouin ».

Pou moun ki pa gin sajès yo, li di : « Vini, manjé pin-m nan, bouè divin-m nan mouin mélanjé pou nou-an ; kité konduit timoun nan, vi-n aprann lavi, maché nan chémin intélijans la ».

Paròl Granmèt la

PRÉMIÉ LÉKTU NAN NOUVO TÉSTAMAN-AN POU TAN PASKAL LA

1

Yo té pèsévéré nan kominion pin-an yo séparé-a.

Léktu Travay Apot yo

2, 42-47

Nan jou sa yo :

Frè yo té pèsévéré nan ansègnman Apot yo, ak kominion pin-an yo séparé-a, ak priyè yo.

Krint té rivé nan tout kè. Té gin anpil prodij ak sign ki t-ap fèt palintè-médiè Apot yo nan Jérusalèm, té gin gro krintif nan tout moun.

Tout moun ki té kouè yo té ansanm, yo té gin tout bagay an komin : yo té vann propriété yo ak byin yo, yo té séparé yo pou tout moun, dapré sa chak moun té bézouin.

Chak jou yo té pèsévéré ansanm nan tanp la, yo té séparé pin-an lakay yo, yo té konn pran manjé-a avèk kontantman ak yon kè sinp, antan y-ap fè

louanj Bondié, yo té gin favè tout foul la. Chak jou Granmèt la té ajouté nan yo lòt moun, ki té sovè yo.

Paròl Granmèt la.

2

*Nou té manjé, nou té bouè avèk li,
aprè li té résisité sot nan pami mò yo.*

Léktu Travay Apot yo

10, 34 a. 37-43

Jou sa yo :

Antan Piè louvri bouch li, li di : « Nou konnin sa-k rivé nan tout Judé, kòmansé dépi Galilé aprè batèm nan Jan té préché-a : Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Éspri-Sin-an ak fòs : li minm ki travèsé antan l-ap fè byin, l-ap géri tout moun djab la t-ap maltréte, paské Bondié té avèk li.

Nou minm nou témouin tou sa-l té fè nan réjion Juif yo ak Jérusalèm ; li minm yo té touyé antan yo pandié-l sou boua-a. Bondié résisité-l touazièm jou-a ; li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo : nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, aprè-l té fin résisité sot nan pami mò yo.

Li pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin Bondié mété-l kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo.

Tout profèt yo sèvi-l témouin, tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon péché yo o non-l ».

Paròl Granmèt la.

3

*Li rinmin nou,
li lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l.*

Léktu liv Apokalips apot sin Jan

1, 5-8

Gras pou nou ak lapè sot nan Jézu-Kri, ki témouin fidèl la, prémié pitit nan pami mò yo, ak chèf roua yo ki sou tè-a, li minm ki rinmin nou, ki lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l, ki fè nou vi-n tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié Papa-l ; konpliman pou li ak otorité pou tout tan gin tan. Amèn.

Min l-ap vini avèk nuaj yo, tout jé ap ouè-l, minm sa-k té transpèsé-l yo ; tout ras sou tè-a ap plinn sou li. Oui. Amèn.

Sé mouin minm alfa-a ak oméga-a, kòmansman-an ak finisman-an, sé sa Granmèt la di, li minm ki la, ki té la, k-ap vini, li minm ki gin tout pouvoua-a.

Paròl Granmèt la.

4

Yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an.

Léktu liv Apokalips apot sin Jan**7, 9-14**

Mouin minm Jan, mouin ouè yon gran foul, pèsòn pa-t kapab konté-l, yo té soti nan tout kalité nasion, ras, pèp ak lang, yo té kanpé dévan tro-n la ak dévan fas Mouton-an, yo té abiyé ak rad blan, yo té gin branch nan min yo, yo t-ap rélé byin fò, yo t-ap di : « Sové nou sové-a sé gras a Bondié nou-an, li minm ki chita sou tro-n nan, épi gras a Mouton-an ».

Tout anj yo té kanpé toutotou tro-n nan ak ansyin yo ak kat vivan yo ; yo lagé kò yo sou fas yo dévan tro-n nan, yo adoré Bondié, yo di : « Amèn. Bénédiksion, gloua, sajès, rémèsiman, konsidérasion, pouvoua ak fòs pou Bondié nou-an pou tout tan k-ap gin tan. Amèn ».

Youn nan ansyin yo pran laparòl, li di-m : « Sa yo ki abiyé ak rad blan yo, kilès yo yé, épi koté yo soti ? »

Mouin di-l : « Granmèt mouin, ou konnin ».

Li di-m : « Sa yo sé sa-k vi-n soti nan gran tribilasion-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an ».

Paròl Granmèt la.

PSÒM RÉPONS YO

1

PSÒM RÉPONS**Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R : 1)**

R: Granmèt la ap souin-m, mouin pap manké anyin.

oubyin : Alélouya.

- ¹ Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m ;
- ² Nan zèb vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m,
- ³ li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis poutèt non-l. **R:**
- ⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou
sé yo k-ap konsolé-m. **R:**
- ⁵ Ou paré yon tab dévan fas mouin
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasion-an ;
ou souin tèt mouin ak losion,
kalis mouin ap débòdé. **R:**

- 6 Réyèlman sé bon kè ak mizérikòd k-ap rapousuiv mouin
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la
pou tout longè tan yo. R:

2

PSÒM RÉPONS

Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (R: 9 a)

R: Gouté, n-a ouè kijan Granmèt la dou.

oubyin : Alélouya.

- 2 M-ap fè konpliman pou Granmèt la tout tan,
tout tan louanj li nan bouch mouin.
- 3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn gloua,
sé pou pòv yo tandé, pou yo kontan. R:
- 4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin,
sé pou nou lévé non-l anlè ansanm,
- 5 mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin,
anba tou sa-k fè-m pè yo, li délivré-m. R:
- 6 Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré,
fas nou pap ront.
- 7 Pòv sa-a rélé, Granmèt la kouté-l,
anba tout tribilasyon li yo li sovè-l. R:
- 8 Anj Granmèt la ap véyé alantou moun ki krinn li yo,
épi l-ap délivré yo.
- 9 Gouté, n-a ouè jan Granmèt la dou ;
ala kontantman pou moun ki éspéré nan li yo. R:
- 10 Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo,
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo.
- 11 Rich yo nan bézouin, yo grangou,
min sa k-ap chèché Granmèt la yo pap manké okinn byin. R:

3

PSÒM RÉPONS

Ps 39, 2 é 4 ab. 7-8 a. 8 b-9. 10 (R: 8 a é 9 a)

- R: Min m-ap vini, Granmèt, pou-m fè volonté-ou.
- ² Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann Granmèt la,
li panché sou mouin.
- ^{4ab} Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin,
yon kantik pou Bondié-m nan. R:
- ⁷ Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa,
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa,
- ⁸ lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini. R:
- Nan roulo liv la yo ékri osijè-m
- ⁹ pou-m fè volonté-ou.
Bondié mouin, mouin dakò,
laloua-ou la nan zantray mouin ». R:
- ¹⁰ Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ;
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin. R:

4

PSÒM RÉPONS

Ps 77, 3 é 4 a é 7 ab. 23-24. 25 é 54 (R: 24 b)

- R: Granmèt la ba yo pin sièl la.
- ³ Sé pa ti kras bagay nou tandé, nou konnin,
épi papa nou yo rakonté nou,
- ⁴ nou pap kaché bay pitit yo,
- ⁷ pou yo mété éspérans yo nan Bondié,
pou yo pa bliyé aksion Bondié yo. R:
- ²³ Réyèlman li pasé nuaj anro yo lòd,
li louvri pòt sièl yo ;
- ²⁴ li fè lapli lama-n tonbé pou yo pou yo manjé,
li ba yo pin sièl la. R:
- ²⁵ Moun nan manjé pin anj Bondié yo,
li voyé manjé pou yo an kantité.
- ⁵⁴ Li kondui yo jous nan péyi-l ki sin-an,
sou mòn nan min douat li té pran-an. R:

5

PSÒM RÉPONS

Ps 109, 1. 2. 3. 4 (R: 4 bc)

R: Prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek, Kris Granmèt ofri pin ak divin.

oubyin :

R: Ou sé prèt pou tout tan
dapré ran Mèlkisédek.

- 1 Granmèt la di Granmèt mouin : « Chita adouat mouin, joustan mouin pozé ènmi-ou yo kòm éskalié pié-ou ». R:
- 2 Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : kòmandé nan mitan ènmi-ou yo. R:
- 3 Pouvoua-a avèk ou jou fòs ou-a, nan ékla limiè ki sin yo, nan vant granmatin tankou larouzé mouin anfanté-ou. R:
- 4 Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : « Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ». R:

6

PSÒM RÉPONS

Ps 115, 12-13. 15-16 b c. 17-18 (R: cf. 1 Kor 10, 16)

R: Kalis bénédiksion-an sé kominion San Kris la li yé.

oubyin : Alélouya.

- 12 Ki sa pou-m rinmèt Granmèt la pou tou sa-l fè pou mouin ?
- 13 M-ap pran kalis ki sovè nou-an, m-ap rélé non Granmèt la. R:
- 15 Li gin valè dévan jé Granmèt la lanmò sin-l yo.
- 16 Mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou. Ou kasé chinn mouin yo. R:
- 17 M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, m-ap rélé non Granmèt la.
- 18 M-ap rinmèt Granmèt la sa-m té promèt yo, dévan tout pèp li-a. R:

7

PSÒM RÉPONS

Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R: cf. 16)

- R: Ou louvri min-ou, Granmèt, ou ba nou manjé vant plin.
- 10 Tou sa ou fè yo, Granmèt, y-ap fè louanj ou ;
sin-ou yo ap fè konpliman pou ou.
- 11 Y-ap déklaré gloua péyi roua-ou la,
y-ap anonsé puisans ou. R:
- 15 Jé yo tout ap espéré sou ou,
ou minm ou ba yo manjé lè tan-an rivé.
- 16 Ou louvri min-ou,
ou plin tout vivan ak byin. R:
- 17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo,
li sin nan tout aksion li yo.
- 18 Granmèt la tou pré moun k-ap rélé-l yo,
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. R:

8

PSÒM RÉPONS

Ps 147, 12-13. 14-15. 19-20 (R: Jan 6, 58 b)

- R: Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan.
oubyin : Alélouya.
- 12 Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ;
fè louanj Bondié-ou, Siyon.
- 13 Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo,
li béni pitit ou yo nan ou. R:
- 14 Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè,
li ba-ou kont blé ki gra.
- 15 Li minm ki voyé paròl li sou tè-a,
avèk vitès paròl li-a kouri. R:
- 19 Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb,
jistis li ak jijman-l bay Israël.
- 20 Li pa fè konsa pou okinn nasion,
jijman-l yo, li pa fè konnin yo. R:

DÉZIÈM LÉKTU NAN NOUVO TÊSTAMAN-AN

1

*Yon sèl pin, yon sèl kò ;
sé sa nou minm ki anpil la nou fè.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo 10, 16-17

Frè-m yo :

Kalis bénédiksion-an n-ap béni-an, èské sé pa san Kris la n-ap kòminié ladan-l nan ? Épi, pin-an n-ap kasé-a, èské sé pa kò Granmèt la n-ap patisipé ladan-l nan ?

Kòm sé yon sèl pin, nou minm ki anpil la, nou fè yon sèl kò, nou tout ki patisipé nan yon sèl pin-an.

Paròl Granmèt la.

2

*Chak fousa n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a,
sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé.*

Léktu prémié lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo 11, 23-26

Frè-m yo :

Mouin té résévoua nan min Granmèt la sa-m té transmèt nou-an, sèkè Granmèt Jézu, nannuit yo té rinnèt li-a, li pran pin, épi antan li rann gras, li kasé-l, li di : « Pran, manjé : sa-a sé kò mouin, sa yo rinnèt pou nou-an ; fè sa pou fè sonjé mouin ».

Minm jan, apré li fi-n manjé, li pran kalis la tou, li di : « Kalis sa-a sé nouvo aliens la nan san mouin ; fè sa, chak fousa n-ap bouè, pou nou fè sonjé-m ».

Chak fousa réyelman n-ap manjé pin sa-a, n-ap bouè kalis sa-a, sé lanmò Granmèt la n-ap anonsé, joustan li vini.

Paròl Granmèt la.

3

San Kris la nètouayé konsians nou.

Léktu lèt pou Ébré yo 9, 11-15

Frè-m yo :

Kris la rivé kòm prêt an chèf pou byin ki gin pou vini yo. Li travèsé yon tant ki pi gran, ki pi kòrèk, ki pa fèt ak min moun, sa vlé di ki pa sot nan minm konpozision avèk sa Bondié kréyé yo. Li pa pran san bouk ak san ti toro, min sé ak pròp san pa-l li sèvi, yon sèl fousa pou tout li antré nan koté ki sin-an, li rachté nou pou tout tan.

Si réyèlman san bouk ak san toro ak san gazèl yo konn vidé sou moun ki gin tach yo, sa pròpté kò yo pou sèvis Bondié-a, san Kris la ap fè pi byin toujou, li minm ki fi-n ofri tèt li san tach bay Bondié pa pouvoua Éspri ki la pou tout tan-an. L-ap nétouayé konsians nou sot nan aktivité lanmò yo, pou nou kapab sèvi Bondié vivan-an.

É sé poua li sèvi intèmedié pou yon nouvo alians. Konsa, lanmò-l sèvi pou rachté nou sot nan péché ki té fèt parapò a premié alians la. Moun yo Bondié rélé-a, y-ap résévoua éritaj pou tout tan-an, sa Bondié té promèt la.

Paròl Granmèt la.

4

*Nou té proché kot san yo té vidé sou nou-an
k-ap palé pi byin pasé san Abèl la.*

Léktu lèt pou Ébré yo

12, 18-19. 22-24

Frè-m yo :

Nou pa-t proché kot yon mòn yo kapab touché ak min, ak yon difé k-ap flanbé, ak fènoua, ak brouya, ak tanpèt, ak son tronpèt, ak brui paròl, moun yo ki té tandé yo, yo té mandé padon, pou yo pa-t palé ak yo konsa. Sa yo té ouè-a té telman térib. Moyiz di : « Mouin sézi, m-ap tranblé ».

Min nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la, pakèt foul anj yo k-ap fété yo, avèk asanblé premié pittit yo, ki gin non yo ékri nan sièl la, nou té proché kot Bondié k-ap jijé tout moun nan, avèk éspri moun ki kòrèk yo, ki fi-n bon nèt yo, épi kot Jézu ki sèvi intèmedié nouvo téstaman-an, kot san yo té vidé sou nou-an k-ap palé pi byin pasé san Abèl la.

Paròl Granmèt la.

5

*Nou rachté ak yon san ki gin anpil valè, san Kris la
ki tankou san Mouton ki san tach la.*

Léktu premié lèt apot sin Piè

1, 17-21

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Si nou rélé sa-a Papa, li minm ki jijé dapré aksion chak moun nan, san-l pa gadé sou figi moun, sé pou nou viv nan krint Bondié pandan tan nou abité sou tè-a, antan nou konnin sé pa avèk bagay k-ap gaté, lò oubyin lajan, nou rachté sot nan konduit papa nou yo té transmèt nou-an, ki pa vo anyin-an, min sé ak san ki gin anpil valè-a, tankou san Mouton ki san tach la, Kris la, san sa-a ki pa sal la, li minm Bondié té prévoua dépi anvan tè-a fèt la, min li montré-l nan dènié tan yo poutèt nou, nou minm ki fidèl nan Bondié, Bondié minm ki résisitè-l sot nan pami mò yo, ki ba-l gloua, pou lafoua nou ak éspérans nou kapab nan Bondié.

Paròl Granmèt la.

6

Sé yo toua k-ap sèvi témouin : Éspri-a ak dlo-a ak san-an.

Léktu prémié lèt apot sin Jan

5, 4-8

Nou minm mouin rinmin anpil la :

Tout moun ki kouè Jézu sé Kris la, sé nan Bondié li fèt ; tout moun, ki rinmin sa-a ki bay nésans la, li rinmin sa-a ki fèt nan li-a tou.

Sé nan sa nou rékonèt nou rinmin sa yo ki fèt nan Bondié yo, sé lè nou rinmin Bondié épi nou fè kòmandman-l yo. Sa-a réyèlman sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo : épi kòmandman-l yo pa lou.

Sèké tout sa ki fèt nan Bondié li ranpòté viktoua sou tè-a, épi min viktoua-a ki ranpòté viktoua sou tè-a : sé lafoua nou.

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ?

Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an. Épi sé Éspri-a ki sèvi témouin, paské Éspri-a sé vérité. Sé yo toua k-ap sèvi témouin : Éspri-a ak dlo-a ak san-an, épi toua sa yo, sé yon sèl yo yé.

Si nou résévoua témouagnaj moun yo, témouagnaj Bondié-a pi gran ; paské min témouagnaj Bondié-a, ki pi gran-an, li sèvi témouin osijè Pitit li-a.

Paròl Granmèt la.

ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

1

Jan 6, 51

(**R**: Alélouya). Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la, sé sa Granmèt la di ;
si yon moun manjé nan pin sa-a,
l-ap viv pou tout tan. (**R**: Alélouya).

2

Jan 6, 56

(**R**: Alélouya). Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m,
li rét nan mouin, mouin nan li, sé sa Granmèt la di. (**R**: Alélouya).

3

Jan 6, 57

(R: Alélouya). Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan,
épi mouin viv akòz Papa-a ;
konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou,
sé sa Granmèt la di. (R: Alélouya).

4

Cf. Ap 1, 5 ab

(R: Alélouya). Jézu-Kri, ou sé témouin fidèl, premié Pitit nan pami mò yo ;
ou té rinmin nou, ou té lavé péché nou yo nan san-ou. (R: Alélouya).

5

Ap 5, 9

(R: Alélouya). Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la,
pou-ou ouété sélé-l yo,
paské yo té touyé-ou, épi ou rachté nou pou Bondié
nan san-ou. (R: Alélouya).

ÉVANJIL YO

1

Sa-a sé kò-m, sa-a sé san-m.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

14, 12-16. 22-26

Premié jou azim yo, lè yo t-ap fè sakrifis pak la, disip Jézu yo di-l : « Ki koté ou vlé n-al paré pou ou manjé pak la ? »

Li voyé dé nan disip li yo, li di yo : « Alé nan vil la, gin yon mesié k-ap poté yon krich dlo, l-ap rankontré nou, suiv li. Koté l-a antré-a, n-a di mètté kay la : “Mèt la di ki koté piès mouin-an yé, koté pou-m manjé pak la avèk disip mouin yo ?” L-a montré nou yon gran piès anro-a, ki paré, byin kouvri ak tapi ; sé la n-a paré pou nou ».

Disip yo soti, yo rivé nan vil la, yo jouinn jan-l té di yo-a, yo paré pak la.

Pandan y-ap manjé, Jézu pran pin-an, épi antan li béni-l, li kasé-l, li ba yo-l, li di : « Pran, sa-a sé kò mouin ». Antan li pran kalis la, antan li rann gras, li ba yo li, yo bouè ladan-l yo tout.

Li di yo : « Sa-a sé san mouin, nouvo aliens la, ki vidé pou pakèt moun yo. Amèn mouin di nou, mouin pa gin doua janm bouè ankò nan frui pié rézin sa-a jous jou sa-a lè m-a bouè-l tou nouvo nan péyi Bondié-a ».

Lè yo fi-n chanté imn yo, yo soti, y-al sou mòn pié oliv yo.

Paròl Granmèt la.

2

Yo abiyé-l avèk rad vlou rouj épi yo pozé kouròn yo trésé ak pikan sou tèt li.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Mark

15, 16-20

Lè sa-a :

Sòlda yo kondui Jézu nan lakou palè-a, épi yo rasanblé tout foul la. Yo abiyé-l avèk rad vlou rouj épi yo mété kouròn yo trésé ak pikan sou tèt li. Yo kòmansé salué-l : « Salu, roua Juif yo ». Yo t-ap frapé tèt li avèk yon rozo, yo t-ap kraché sou li, yo t-ap pozé jénou atè épi yo t-ap adoré-l.

Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt, yo rétiré rad vlou rouj la, yo abiyé-l ak rad li yo, épi yo kondui-l déyò pou yo klouré-l sou koua.

Paròl Granmèt la.

3

Yo tout manjé vant plin.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

9, 11 b-17

Lè sa-a :

Jézu t-ap palé ak foul yo sou péyi roua Bondié-a ; moun ki té bézouin souin, li géri yo.

Jou-a té kòmansé bésé, douz yo proché koté-l, yo di-l : « Voyé foul yo alé, pou y-al nan vil yo ak bouk yo, ki alantou yo, pou yo jouinn koté pou yo dòmi, épi pou yo jouinn manjé ; paské koté sa-a sé nan yon dézè nou yé ».

Li minm li di yo : « Nou minm, ba yo manjé ».

Yo di-l : « Nou pa gin plis pasé sink pin ak dé pouason ; sof si n-al achté manjé pou tout foul sa-a ». Yo té prèské sink mil gason.

Li di disip yo : « Fè yo lonjé kò yo sinkant pa sinkant nan dispozision pou yo manjé ». Yo fè sa, yo fè tout moun lonjé kò yo.

Li pran sink pin yo ak dé pouason yo, li lévé jé nan sièl la, li béni yo, li kasé yo, li séparé bay disip li yo, pou yo mét dévan foul yo.

Tout moun manjé vant plin. Yo ranmasé sa-k té an tròp pou yo, douz panié moso pin.

Paròl Granmèt la.

4

Suè li vi-n tankou gout san k-ap koulé tonbé atè.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

22, 39-44

Lè sa-a :

Jézu t-apralé jan-l té konn abitué fè-a sou mòn Oliv yo. Disip li yo té suiv li.

Lè-l rivé nan koté-a, li di yo : « Priyé, pou nou pa antré nan tantasion ».

Li minm minm li élouagné sot koté yo distans yo kapab voyé yon ròch ; antan-l mété jénou atè, li t-ap priyé antan l-ap di : « Papa, si-ou vlé, fè kalis sa-a pasé louin-m ; sèlman sé pa volonté pa-m, min sé pa-ou la ki pou fèt ».

Yon anj parèt koté-l sot nan sièl la antan l-ap ankourajé-l. Antan li antré nan agoni, li t-ap priyé pi plis.

Suè-l té tankou gout san k-ap koulé tonbé atè-a.

Paròl Granmèt la.

5

Yo rékonèt li nan kasé pin-an.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Luk**

24, 13-35

Té gin dé nan disip Jézu yo ki t-apral nan yon bouk, premié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans onz kilomèt parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé.

Rivé, pandan y-ap kozé, y-ap chèché antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a, épi ki fè nou gin lapinn nan ? »

Youn yo rélé Kléofas, di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? »

Li di yo : « Ki bagay ? »

Yo di : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinnèt li nan kondanasion lanmò, épi yo klouré-l sou koua.

Nou minm nou té espéré, sé li minm ki t-ap rachté Israèl ; koulié-a minm sou tout bagay sa yo jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé. Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, yo pa jouinn kò-l, yo vi-n di yo ouè vizion Anj yo, ki di yo li vivan. Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; min li minm yo pa jouinn li ».

Li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè nou kouè tou sa profèt yo té palé yo ! Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri, épi sé konsa pou-l antré nan

gloua-l la ? » Li kòmansé dépi sou Moyiz ak tout profèt yo, li ékspliké yo nan tout sa-k ékri yo sa-k té konsèné-l.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòmisi l-apral pi louin, yo fòsé-l, yo di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louvri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap ékspliké nou sa-k ékri yo ? »

Yo lévé minm là-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon. Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

oubyin pi kout

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-16. 28-35

Min dé nan disip Jézu yo t-apral nan yon bouk, prémié jou sémèn sa-a, bouk la té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé. Rivé, pandan y-ap chanjé nouvèl, y-ap chèché antré yo, Jézu minm proché, l-ap maché avèk yo. Jé yo té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li.

Yo proché bò bouk la koté yo t-apralé-a, li minm li fè kòmisi l-apral pi louin, yo fòsé-l, antan yo di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré avèk yo.

Pandan li lonjé kò-l avèk yo, li pran pin, li béni, li kasé, li ba yo. Jé yo louvri, yo rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo.

Youn di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé sou chémin-an, li t-ap ékspliké nou sa-k ékri yo ? » Yo lévé minm là-a, yo tounin Jérusalèm. Yo jouinn onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, yo di Granmèt la lévé vré, li parèt dévan Simon.

Yo rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

Paròl Granmèt la.

6

*Li séparé bay moun yo ki té lonjé kò yo,
toutotan yo té vlé.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 1-15

Lè sa-a :

Jézu al lòt bò lanmè Galilé-a, sé lanmè Tibériad la. Yon gran foul t-ap suiv li, paské yo té ouè sign li t-ap fè sou moun ki té malad yo. Konsa Jézu monté sou mòn nan, li chita la avèk disip li yo. Pak la, jou fèt Juif yo, té tou pré.

Lè Jézu lévé jé-l, li ouè té gin yon gran foul ki t-ap vi-n jouinn li, li di Filip : « Ki koté n-ap achté pin, pou moun sa yo manjé ? » Li té di sa pou-l sondé-l ; li minm minm, li té konnin ki sa-l t-apral fè.

Filip réponn li : « Désan dénié pin pap kont yo, pou chak moun jouinn yon ti moso ».

Youn nan disip li yo, André, frè Simon Piè-a, di-l : « Gin yon ti gason isit la, ki gin sink pin lòj ak dé pouason ; sèlman, ki sa bagay sa yo yé pou tout pakèt moun sa yo ? »

Jézu di : « Fè moun yo lonjé kò yo ». Té gin anpil zèb koté sa-a. Mésié yo lonjé kò yo, yo té sink mil.

Jézu pran pin yo, li fè aksion-gras, li séparé bay moun ki té lonjé kò yo-a, li fè minm jan pou pouason yo, otan yo té vlé.

Lè yo fi-n manjé kont kò yo, li di disip li yo : « Ranmasé moso ki rét an plis yo, pou yo pa pèdi ». Yo ranmasé yo, yo plin douz panié ak moso sink pin lòj yo, ki té rét an plis lè moun yo té fi-n manjé-a.

Moun yo minm, lè yo ouè sign Jézu té fè, yo t-ap di : « Sa-a sé profèt la tout bon vré, ki té gin pou-l vi-n sou tè-a ».

Jézu minm, kòm li té konnin yo t-ap vi-n pou yo pran-l, pou yo fè-l roua, li sovè kò-l ankò nan mòn nan, li minm pou kont li.

Paròl Granmèt la.

7

*Moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou,
moun ki kouè nan mouin pap souaf.*

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 24-35

Lè sa-a :

Lè foul la ouè Jézu pa-t la ni disip li yo, yo monté nan kannòt yo, yo rivé Kafarnaòm, y-ap chèché Jézu.

Lè yo jouinn li lòt bò lanmè-a, yo di-l : « Rabi, ki lè ou rivé isit la ? »

Jézu réponn yo, li di : « Amèn, amèn mouin di nou, n-ap chèché-m, sé pa paské nou té ouè sign, min paské nou té manjé nan pin yo, épi nou té satisfè. Sé pa pou nou travay pou manjé k-ap disparèt la, min sé pou nou travay pou manjé k-ap duré pou lavi tout tan-an, sa Pitit moun nan ap ba nou-an ; li minm Bondié Papa-a maké ak so-l la ».

Yo di-l : « Ki sa pou nou fè pou nou travay travay Bondié yo ? »

Jézu réponn, li di yo : « Min travay Bondié-a, sé pou nou kouè nan sa-a Bondié voyé-a ».

Yo di-l : « Ki sign ou fè, pou nou ouè, pou nou kouè nan ou ? Ki sa-ou fè ? Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, jan sa ékri-a : “Li ba yo pin sot nan sièl la pou yo manjé” ».

Jézu di yo : « Amèn, amèn mouin di nou, sé pa Moyiz ki té ba nou pin sot nan sièl la, min sé Papa-m ki ba nou pin ki sot nan sièl la, vrè pin-an. Pin Bondié-a sé sa-a ki désann sot nan sièl la épi ki bay tè-a lavi-a ».

Yo di-l : « Granmèt, toujou ba nou pin sa-a ».

Jézu di yo : « Mouin, mouin sé pin lavi-a ; moun ki vi-n jouinn mouin pap grangou, moun ki kouè nan mouin pap janm souaf ».

Paròl Granmèt la.

8

Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 41-51

Lè sa-a :

Juif yo t-ap plinyin osijè Jézu, paské li té di : « Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la ». Yo t-ap di : « Èské sa-a sé pa Jézu, pitit Jozèf la, sa nou rékonèt papa-l ak manman-l nan ? Kijan sa-a kapab di : “Sé nan sièl mouin désann sòti-a ?” »

Jézu réponn, li di yo : « Pa plinyin antré nou. Pèsòn pa kapab vi-n jouinn mouin, si Papa-a, ki voyé-m nan, pa atiré-l ; épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a. Min sa ki ékri nan profèt yo : “Yo tout ap jouinn ansègnman nan min Bondié”. Tout moun ki kouté sa Papa-a ap di, épi ki kite-l ansègné yo, l-ap vi-n jouinn mouin. Pèsòn pa janm ouè Papa-a, sof sa-a ki sot nan Bondié-a, sé li minm ki ouè Papa-a. Amèn, amèn mouin di nou, moun ki kouè nan mouin, li gin lavi tout tan-an.

Mouin sé pin lavi-a. Papa nou yo té manjé lama-n nan dézè-a, épi yo mouri. Sa-a sé pin ki désann sot nan sièl la, pou, si yon moun manjé ladan-l, li pa mouri. Mouin sé pin vivan-an ki désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv tout tan, épi pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Paròl Granmèt la.

*Chè-m sé manjé tout bon vré-a,
san-m sé bouason tout bon vré-a.*

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

6, 51-58

Lè sa-a :

Jézu té di fowl Juif yo :

« Mouin sé pin vivan-an, ki désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. Pin-an m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a ».

Juif yo minm t-ap diskité antré yo, yo t-ap di : « Kijan sa-a kapab ba nou chè-l pou nou manjé ? »

Jézu minm di yo : « Amèn, amèn mouin di nou : si nou pa manjé chè Pitit moun nan, si nou pa bouè san-l, nou pap gin lavi nan nou. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li gin lavi ki pap janm fini-an ; mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a.

Chè-m sé manjé tout bon vré-a, san-m sé bouason tout bon vré-a. Moun ki manjé chè-m, ki bouè san-m, li rét nan mouin, mouin minm nan li.

Minm jan Papa-a ki vivan-an voyé-m nan, épi mouin viv akòz Papa-a ; konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv akòz mouin tou. Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la. Sé pa tankou papa nou yo ki té manjé lama-n nan, épi ki té mouri yo. Moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan ».

Paròl Granmèt la.

Bò kòt li louvri, san ak dlo koulé.

✠ Léktu sint Évanjil la dapré Jan

19, 31-37

Lè sa-a :

Kòm sé té préparasion Pak la, pou kò yo pa-t rété sou koua-a jou saba-a (sèké jou sa-a sé té gran jou saba-a), Juif yo mandé Pilat pou yo krazé janm yo, pou yo ouété yo. Sòlda yo rivé, yo krazé janm prémié-a ak lòt la ki té klouré sou koua-a avèk li-a.

Min lè yo rivé sou Jézu, yo ouè li té déjà mouri, yo pa krazé janm li, min youn nan sòlda yo louvri bò kòt li avèk lans li, minm lè-a san ak dlo koulé.

Moun ki ouè-a, li sèvi témouin, témouagnaj li-a vré. Li minm li konnin li di vérité, pou nou minm tou nou kapab kouè.

Bagay sa yo fèt pou sa ki ékri-a té kapab réalizé : « Nou pap krazé zo nan li ». Épi tou yon lòt pasaj sa ki ékri-a di : « Y-ap gadé sa-a yo transpèsé-a ».

Paròl Granmèt la.

Jézu pran pin-an, li ba yo.

✠ **Léktu sint Évanjil la dapré Jan**

21, 1-14

Lè sa-a :

Jézu parèt ankò dévan disip yo bò lanmè Tibériad la. Min kijan li té parèt la. Sé té Simon Piè ak Toma, sa yo rélé Didim nan, ak Natanaël, moun Kana Galilé-a, ak pitit Zébédé yo ak dé lòt nan disip li yo, yo té ansanm.

Simon Piè di yo : « M-apral lapèch ».

Yo di-l : « N-apralé avèk ou tou ». Yo soti, yo monté nan batiman-an, min nan nuit sa-a yo pa pran anyin.

Lè granmatin rivé, Jézu té kanpé sou bò lanmè-a ; min disip yo pa-t rékonèt sé té Jézu.

Jézu di yo : « Timoun yo, èské nou gin pouason ? »

Yo réponn li : « Non ».

Li di yo : « Voyé filè-a adouat batiman-an, n-a jouinn ». Yo voyé-l, yo pa-t kapab soulvé li, tèlman té gin anpil pouason.

Disip Jézu té rinmin-an di Piè : « Sé Granmèt la ».

Lè Simon Piè tandé sé Granmèt la, li pasé rad li nan rin-l, (li té nu-kò), li lagé kò-l nan lanmè. Lòt disip yo rivé nan batiman-an (yo pa-t louin tè-a, sé té apéprè san mè) y-ap rémòké filè pouason yo. Lè yo désann atè-a, yo ouè chabon difé ki pozé, ak pin sou li.

Jézu di yo : « Poté nan pouason yo nou sot pran koulié-a ». Simon Piè monté, li soulvé filè-a vi-n sou tè-a plin ak gro pouason, san-sinkant-toua. Malgré yo té anpil la, filè-a pa-t chiré.

Jézu di yo : « Vi-n manjé ».

Pèsòn nan sa-k té lonjé kò yo-a pa-t gin odas mandé-l : « Kilès ou yé ? » yo té konnin sé Granmèt la.

Jézu rivé, li pran pin-an, li ba yo, ni pouason-an tou. Sa té fè touazièm foua Jézu té parèt dévan disip li yo, lè-l, té résisité sot nan pami mò yo.

Paròl Granmèt la.

* *
*

GID LÉKTU YO
dapré lòd Liv ki sin yo
 Rituèl sakrèman inisiasion krètièn yo
 (Batèm timoun piti yo - Konfirmasion - Inisiasion adult yo)

<i>Référans</i>	<i>Paj</i>
Jénèz 12, 1-4 a	322
Jénèz 14, 18-20	440
Jénèz 15, 1-6. 18 a	368
Jénèz 17, 1-7	366
Jénèz 17, 1-8	368
Jénèz 35, 1-4. 6-7 a	369
Égzòd 12, 21-27	440
Égzòd 13, 21-22	337
Égzòd 16, 2-4. 12-15	441
Égzòd 17, 3-7	397
Égzòd 24, 3-8	441
Détéronòm 6, 1-7	347
Détéronòm 8, 2-3. 14 b-16 a	442
Détéronòm 30, 15-20	369
Jozué 24, 1-2 a. 15-17. 18 b-25 a	370
1 Samuèl 16, 1 b. 6-7. 10-13 a	337
1 Roua 17, 17-24	410
1 Roua 19, 4-8	442
2 Roua 4, 8-37	410
2 Roua 5, 9-15 a	371
Provèb 9, 1-6	443
Izayi 1, 16-18	393
Izayi 11, 1-4 a	423
Izayi 42, 1-3	423
Izayi 44, 1-3	371
Izayi 61, 1-3 a. 6 a. 8 b-9	423
Izayi 62, 1-5	366
Jérémi 31, 31-34	372
Ézékièl 36, 24-28	372
Ézékièl 36, 24-28	397, 424
Ézékièl 37, 12-14	342
Ézékièl 47, 1-9. 12	398
Joèl 2, 23 a. 26-3, 1-3 a	424
Ozé 11, 1. 3-4. 8 c-9	362
Matié 5, 1-12 a	434

Matié 5, 2-12 a	419
Matié 5, 13-16	420
Matié 6, 9-13	364
Matié 11, 25-30	420
Matié 16, 13-17	349
Matié 16, 13-18	367
Matié 16, 24-27	386, 435
Matié 22, 35-40	404
Matié 25, 14-30	435
Matié 28, 18-20	386, 404
Mark 1, 1-5. 14-15	394
Mark 1, 9-11	387, 404, 436
Mark 2, 1-12	394
Mark 7, 31-37	365
Mark 10, 13-16	387, 405
Mark 12, 28 b-31	406
Mark 12, 28 b-34	405
Mark 14, 12-16. 22-26	453
Mark 15, 16-20	454
Mark 16, 15-16. 19-20	387
Luk 4, 16-22 a	436
Luk 8, 4-10 a. 11 b-15	437
Luk 9, 11 b-17	454
Luk 10, 21-24	438
Luk 15, 1-7	395
Luk 19, 1-10	392
Luk 22, 39-44	455
Luk 24, 13-35	455
Luk 24, 13-16. 28-35	456
Luk 24, 44-53	388
Jan 1, 1-5. 9-14. 16-18	388
Jan 1, 29-34	389
Jan 1, 35-42	323
Jan 1, 40-42	367
Jan 3, 1-6	389, 406
Jan 3, 16-21	390, 421
Jan 4, 1-14	396
Jan 4, 5-14	406
Jan 4, 5-42	333
Jan 4, 5-15. 19 b-26. 39 a. 40-42	335
Jan 6, 1-15	457
Jan 6, 24-35	457

Jan 6, 35. 63-71	350
Jan 6, 41-51	458
Jan 6, 44-47	407
Jan 6, 51-58	459
Jan 7, 37 b-39	438
Jan 7, 37 b-39 a	407
Jan 9, 1-7	408
Jan 9, 1-41	339
Jan 9, 1. 6-9. 13-17. 34-38	340
Jan 11, 1-45	343
Jan 11, 3-7. 20-27. 33 b-45	345
Jan 12, 44-50	349, 390
Jan 13, 34-35	393
Jan 14, 15-17	438
Jan 14, 15-23. 26-27	421
Jan 14, 23-26	439
Jan 15, 1-6	422
Jan 15, 1-11	391, 408
Jan 15, 9-11	350
Jan 15, 12-17	351
Jan 15, 18-21. 26-27	439
Jan 16, 5-7. 12-13 a	439
Jan 19, 31-35	409
Jan 19, 31-37	459
Jan 21, 1-14	460
Travay Apot yo 1, 3-8	425
Travay Apot yo 2, 1-6. 14. 22 b-23. 32-33	425
Travay Apot yo 2, 14 a. 36-40 a. 41-42	373
Travay Apot yo 2, 42-47	443
Travay Apot yo 8, 1. 4. 14-17	426
Travay Apot yo 8, 26-38	373
Travay Apot yo 10, 34 a. 37-43	444
Romin 5, 1-2. 5-8	427
Romin 6, 3-11	374
Romin 6, 3-4. 8-11	374
Romin 6, 3-5	398
Romin 8, 8-11	343
Romin 8, 14-17	428
Romin 8, 14-17. 26-27	363
Romin 8, 26-27	428
Romin 8, 28-32	399
Romin 8, 28-32. 35. 37-39	375

Romin 8, 28-39	413
Romin 10, 8-13	330, 347
1 Korintyin 10, 16-17	450
1 Korintyin 11, 23-26	450
1 Korintyin 12, 4-13	428
1 Korintyin 12, 12-13	375, 399
1 Korintyin 12, 31-13, 13	414
1 Korintyin 15, 1-4	348
1 Korintyin 15, 1-8	348
Galat 3, 26-28	376, 400
Galat 4, 4-7	364
Galat 5, 13-17. 22-23 a. 24-25	429
Éfézyin 1, 3-10. 13-14	376
Éfézyin 1, 3-14	414
Éfézyin 1, 3 a. 4 a. 13-19 a	429
Éfézyin 4, 1-6	376, 400, 430
Éfézyin 4, 1-7. 11-13	415
Éfézyin 5, 8-14	338
Filipyin 4, 4-8	416
Kolosyin 3, 9 b-17	377
1 Tésalonisyin 5, 16-24	416
Tit 3, 4-7	377
Ébré 9, 11-15	450
Ébré 10, 22-25	378
Ébré 12, 18-19. 22-24	451
1 Piè 1, 17-21	451
1 Piè 2, 4-5. 9-10	378, 400
1 Jan 1, 8 - 2, 2	395
1 Jan 5, 4-8	452
Apokalips 1, 5-8	444
Apokalips 3, 11-13	367
Apokalips 7, 9-14	445
Apokalips 19, 1. 5-9 a	378

GID PSÒM YO AK KANTIK YO

Ps 6, 2-4 a. 4 b-6. 7-8. 9-10 (R/ : 3 a)	351
Ps 8, 4-5. 6-7. 8-9 (R/ : 2 a oubyin Éf 5, 14)	379
Ps 15, 1-2. 3-4. 5. 7-8. 9-10. 11 (R/ : cf. 5 a)	331
Ps 18, 8. 9. 10. 11 (R/ : Jan 6, 69)	347

Ps 21, 23-24. 26-27. 28 é 31-32 (R/ : 23 a oubyin Jn 15, 26-27)	430
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 1)	362, 401, 431, 445
Ps 22, 1-3. 4. 5. 6 (R/ : 1 oubyin 1 P 2, 25)	379
Ps 25, 1-3. 4-5. 6-8. 9-10. 11-12 (R/ : 3 a)	352
Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14 (R/ : 1 a oubyin Ěf 5, 14)	380
Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14 (R/ : 1 a oubyin Ěf 5, 14)	401
Ps 26, 1. 4. 8 b-9 abc. 13-14 (R/ : 1 a)	416
Ps 31, 1-2. 5. 7. 8-9. 10-11 (R/ : cf. 11)	353
Ps 31, 1-2. 5. 11(R/ : 1 a oubyin 11 a)	381
Ps 32, 4-5. 12-13. 18-19. 20 é 22 (R/ : 12 b oubyin 22)	322
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 10-11 (R/ : 9 a)	446
Ps 33, 2-3. 4-5. 6-7. 8-9. 14-15. 16-17. 18-19 (R/ : 6 a)	381
Ps 33, 2-3. 6-7. 8-9. 14-15. 16-17 (R/ : 6 a oubyin 9 a)	402
Ps 33, 2. 3. 6. 9. 10. 11. 16 (R/ : 12)	321
Ps 37	353
Ps 38	355
Ps 39, 2 é 4 ab. 7-8 a. 8 b-9. 10 (R/ : 8 a é 9 a)	447
Ps 39	356
Ps 41, 2-3 ; 42, 3. 4 (R/ : cf. 41, 3 a)	382
Ps 41, 2. 3 ; Ps 42, 3. 4 (R/ : Ps 41, 3 a)	417
Ps 50, 3-4. 8-9. 12-13. 14 é 17 (R/ : 12 a oubyin Ěz 36, 26)	382
Ps 50	357
Ps 60, 2-3 a. 3 bc-4. 5-6. 9 (R/ : 4 a)	417
Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (R/ : 2 a)	383
Ps 62, 2. 3-4. 5-6. 8-9 (R/ : 2 b)	418
Ps 64, 2-3 a. 3 b-4. 5. 6 (R/ : 2 a)	418
Ps 65, 1-3 a. 5-6. 8-9. 16-17 (R/ : 1)	383
Ps 77, 3 é 4 a é 7 ab. 23-24. 25 é 54 (R/ : 24 b)	447
Ps 84, 7-8. 9 (R/ : 9 c)	392
Ps 88, 3-4. 16-17. 21-22. 25 é 27 (R/ : 2 a)	384
Ps 94, 1-2. 6-7. 8-9 (R/ : 8)	332
Ps 95, 1-2 a. 2 b-3. 9-10 a. 11-12 (R/ : 3)	431
Ps 102, 1-2. 8 é 10. 11-12. 13 é 18 (R/ : 13)	363
Ps 103, 1 ab é 24. 27-28. 30-31. 33-34 (R/ : 30)	432
Ps 109, 1. 2. 3. 4 (R/ : 4 bc)	448
Ps 114	358
Ps 115, 12-13. 15-16 b c. 17-18 (R/ : cf. 1 Kor 10, 16)	448

Ps 116, 1. 2 (R/ : Tr 11, 8)	432
Ps 120, 1-2. 3-4. 5-6. 7-8 (R/ : 2 a)	419
Ps 121, 1-2. 4-5. 6-7. 8-9 (R/ : cf. 1)	393
Ps 125, 1-2 ab. 2 cd-3. 4-5. 6 (R/ : 3)	384
Ps 129	359
Ps 138	359
Ps 141	361
Ps 144, 2-3. 4-5. 8-9. 10-11. 15-16. 21 (R/ : 1 b)	433
Ps 144, 10-11. 15-16. 17-18 (R/ : cf. 16)	449
Ps 147, 12-13. 14-15. 19-20 (R/ : Jan 6, 58 b)	449

GID ALÉLOUYA AK VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Mark 16, 15	385
Jan 1, 41 é 17 b	322
Jan 3, 16	349, 385, 403
Jan 4, 42 é 15	333
Jan 6, 51	452
Jan 6, 56	452
Jan 6, 57	453
Jan 8, 12	403, 385
Jan 11, 25a é 26	
Jan 14, 6	433, 385, 403
Jan 14, 16	385, 403
Jan 15, 26 b. 27 a	434
Jan 16, 13 a ; 14, 26 d	434
Romin 8, 15	364
Éfézyin 4, 5-6 a	386, 403
Cf. Kolosyin 2, 12	385
Kolosyin 3, 1	386
Cf. 2 Timoté 1, 10	386, 403
1 Piè 2, 9	386, 403
Cf. Apokalips 1, 5 ab	453
Apokalips 1, 5 a. 6 a	434
Apokalips 5, 9	453
Vini, Éspri Sin, plin kè fidèl ou yo	434
Vini Éspri Sin, épi voyé réyon limiè-ou la ki sot nan sièl la	434

GID JÉNÉRAL

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an7

Osijè dézièm édisyon tipik la8

OSIJÈ INISIASION KRÉTIÈN NAN

Rémak jénéral9

ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO

Sa pou yo noté anvan16

CHAPIT I Òrdo Batèm nan pou pliziè timoun piti24

CHAPIT II Òrdo Batèm nan pou yon sèl timoun piti37

CHAPIT III Òrdo Batèm nan pou yon gran kantité timoun piti49

CHAPIT IV Òrdo Batèm timoun piti yo, antan prèt la ak diak la absan,
pou katéchist la sèvi avèk li60

CHAPIT V Òrdo Batèm timoun piti yo ki nan danjé lanmò
oubyin k-ap antré nan lanmò-a,
pou yo anplouayé lè prèt la ak diak la absan70

CHAPIT VI Òrdo pou poté timoun ki déja batizé-a nan légliz la74

CHAPIT VII Diféran tèks yo kapab sèvi ak yo nan sélébrasion
Batèm timoun piti yo81

GID ÒRDO BATÈM TIMOUN PITI YO95

ÒRDO KONFIRMASION-AN

Dèkrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an	99
KONSTITISION APOSTOLIK OSIJÈ SAKRÉMAN KONFIRMASION-AN	100
Sa pou yo noté anvan	107
CHAPIT I Òdo pou bay Konfirmasion-an anndan Mès la	114
CHAPIT II Òdo pou bay Konfirmasion-an san Mès	122
CHAPIT III Sa yo doué obsèvé chak foua sé yon minis ékstraòdinè ki bay Konfirmasion-an	131
CHAPIT IV Fason pou administré Konfirmasion-an pou malad ki nan danjé lanmò	131
CHAPIT V Tèks pou yo sèvi ak yo lè y-ap bay Konfirmasion-an.....	133
GID ÒRDO KONFIRMASION-AN	141

ÒRDO INISIASION KRÉTIÈN ADULT YO

Dékèrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an	145
Sa pou yo noté anvan	146
CHAPIT I Òrdo Katékuména-a dispozé dapré dégré	161
Prémié dégré : Rit pou fè Katékumèn yo	161
Tan katékuména-a avèk rit li yo	173
Dézièm dégré : Rit éléksion oubyin inskripsion non-an	182
Tan purifikasion-an avèk iluminasion-an épi rit yo	190
Touazièm dégré : Sélébrasion sakréman inisiasion yo	213
Tan mistagoji-a	226
CHAPIT II Òrdo ki pi sinp pou inisiasion adult yo	227
CHAPIT III Òrdo ki pi kout pou inisiasion adult pou yo anplouayé nan danjé pròch lanmò-a oubyin lè moun nan ap antré nan lanmò-a	243
CHAPIT IV Préparasion pou Konfirmasion ak Ékaristi pou adult yo ki batizé toupiti ki pa-t résévoua katéchèz	252
CHAPIT V Òrdo inisiasion timoun yo ki rivé nan laj pou résévoua katéchèz	254
- Prémié dégré : Rit pou fè katékumèn yo	256
- Dézièm dégré : Skrutin yo sa vlé di rit pénitansièl yo	263
- Touazièm dégré : Sélébrasion sakréman inisiasion yo	268
CHAPIT VI Divès tèks yo kapab sèvi avèk yo nan sélébrasion inisiasion adult yo	279
APINDIS ÒRDO ADMISION MOUN KI DÉJA BATIZÉ VALIDMAN NAN PLÈN KOMINION ÉGLIZ KATOLIK LA	310
Sa pou yo noté anvan	310
CHAPIT I Admision anndan Mès la	313
CHAPIT II Admision an déyò Mès la	315
CHAPIT III Tèks yo doué anplouayé nan rit admision-an	316
GID ÒRDO INISIASION KRÉTIÈN ADULT YO	320

DÉGI	LÉKTU AK CHAN BIBLIK YO	321
	1. Pou Katékuména-a ak Sakréman inisiasion adult yo	321
	2. Nan Batèm timoun piti yo.....	392
	3. Pou admèt moun ki déjà batizé validman nan kominion an plin ak Égliz la	413
	4. Antan y-ap administré Konfirmasion-an	423
	5. Nan prémié kominion timoun yo	440
	GID JÉNÉRAL LÉKTU YO	461

	GID JÉNÉRAL RITUÈL SAKRÉMAN INISIASION KRÉTIÈN YO	467
--	--	-----

